Sujana: 'Wah sampun, tumplak blak, tetiyang ḍusun Kuwaron dalah kanan-kéringipun, ḍateng sadaya.'

Kyai Amad: 'O, he-eh, he-eh. Tontonané apa, lé?'

Sujana: 'Ringgit wacucal, lampahanipun Wahyu Cakraningrat.'

Kyai Amad: 'Wah, kok pinter anggoné milih lakon. Mesṭiné tumrap sedulur désa, milih lakon iku iya mawa karep. Apa kowé ngerti kareping Wahyu Cakraningrat?'

Sujana: 'Dèrèng, embah.'

Kyai Amad: 'Tak-dongèngi, mung cekakané baé. Lo, kuwi wédang apa, Truna?'

Truna: 'Wédang bubuk, kaliyan ketan.'

Kyai Amad: 'Kowé kuwi bisa nuju, kaya pasemon kaé: wédang bubuk sakriyuk, nggo tamba ngantuk. Kejaba aku ḍéwé ngantuk, iki Mas Jana iya ngantuk. Anu, Mas Jana, aku kepatuh kaya ḍèk isih enom, ḍemen sembranan. Kono wédangé ombénen, mupung isih panas, kumepyar. Truna, jupukna slepènku, kaé, ana ing bangku buri.'

Kyai Amad sasampunipun nampèni slepèn, lajeng menḍet srutu satunggal, dipunsukakaken Sujana tuwin wicanten: 'Ududen. Généya teka koiling-ilingi?'

Sujana: 'Punika srutu Sigago.'

Kyai: 'Ayah, kowé kuwi anggarap wong-tuwa. Kowé kuwi rak teges pitakon: sapa kang awèh? Berkahing priyayi akèh, ṭolé. Aku tak mbacutaké kanḍaku bab lakon Wahyu Cakraningrat. Kuwi cekakané mangkéné. Wahyu Cakraningrat iku wahyuning kamulyan, wahyuning kanugrahan, iya cekakané ratu-ratuning wahyu. Pancèn wahyu iku kang tansah dadi pangajapaning manungsa, nanging wahyu mau tumibané mung ana waḍah kang becik temenan, kareping becik iku: suci. Dadi kang ketiban, iku iya wong kang suci temenan. Mung tumraping panjangka, samubarang panjangka apa baé sok dilèrègaké, yèn kasembadané mau saka ketiban ing wahyu Cakraningrat. Nanging iya wis kena, awit sawarnaning panjangka iku iya wis nganggo lelambaran kabecikan, lan tékad kang mantep temenan. Mulané tumibaning wahyu menyang Radèn Angkawijaya, tegesé Radèn Angkawijaya kang wewaḍahé menang becik, tinimbang kang duwé karep liya-liyané. Yèn ngélingi lelakon kang kaya mangkono mau, anggoné Surasentika milih lakon mau, meṣṭi ana karepé. Ing kana ana lelakon apa ta?'

Sujana: 'Kados boten wonten lelampahan punapa-punapa.'

Kyai Amad: 'Aku krungu jaré lurah désa ing Kuwaron munggah kaji?'

Sujana: 'Inggih, malah wartosipun ngajal wonten ing purug.'

Kyai Amad: 'Innalillahi. O, yèn mangkono dadi lurah désa ing Kuwaron saiki lowong. Gèk sapa, ya, sing dadi?'

Sujana: 'Dèrèng wonten, embah. Anu, embah, sayektosipun anggèn kula sowan mriki baḍé nyuwun pangèstu, kula sageda kaḍawahan wahyu lurah ḍusun.'

Kyai Amad: 'Aku iki sok gumun menyang kekarepaning para nonoman, wong prakara ngono kok digolèkaké sarat, kuwi rak dudu anggoné. Lha, wong yèn bisa nyarati kang kaya ngono, tenèh ora ana tatanan kang bener. Anu, ṭolé, dadi saiki aku ngerti, meṣṭiné anggoné Surasentika

duwé perlu mau iya ana ambu-ambuné kepéngin katiban wahyu lurah désa, tanḍané nganggo nganakaké lakon Wahyu Cakraningrat, iku rak minangka pamuji menyang awaké. Kejaba iku iya perlu golèk daya supaya disuyudi ing wong akèh.'

Sujana: 'Sanadyan makatena, namanipun wahyu, inggih pundi ingkang kuwawi keḍawahan.'

Kyai Amad: 'Yèn ngélingi mangkono, dadi kowé iya kudu ngerti, yèn wahyuning drajat, iku kena disaranani saka tindak kenalaran, tegesé lahir. Ora liya mung kudu sarana lelabuhan kang becik. Lha kowé, anggonmu omah ana ing Patrarejan wis tau duwé lelabuhan apa? Lan manèh kowé kuwi rak dudu wong balabag Kuwaron ta?'

Sujana: 'Inggih sanès balabag Kuwaron, nanging kula gaḍah bengkok sabin wonten ing Kuwaron. Déné prakawis lelabetan, rumaos kula inggih sampun kaṭah.'

Kyai Amad: 'Yèn saka rumasamu ḍéwé, iku durung kanggo. Ala-becking lelakon, iku tinemu ana ing pamawasing liyan. Angèl, ṭolé, anjangka wahyu iku. Yèn gampangé becik disèlèhaké, iku gumantung ana ing kabegjan. Généya nganggo kogagas-gagas?'

Sujana: 'Boten, embah. Sayektosipun kula punika gaḍah kajeng sanès . . .'

Kyai Amad: 'Elo, karep apa manèh, ṭolé?'

Sujana wicanten seret: 'Anu, embah, sayektosipun kula punika kepéngin mengkoni anakipun pak Surasentika, ingkang namanipun Srikuning punika.'

Kyai Amad mireng ginemipun Sujana ingkang wedalipun seret wau, keraos ngeres ing manah, lajeng nyawang ḍateng Sujana, saha lajeng tumungkul kembeng-kembeng. Salajengipun wicanten: 'O, Sujana, bareng aku krungu gunemmu kang mangkono, atiku krasa ngeres, aku ngreti yèn ạtimu meṣṭi rusaké. Nanging kapriyé ta, mungguh ing jejoḍoan, iku iya luwih gawat. Yèn piandeling wong tuwa, joḍo iku dudu gawéaning manungsa. Saya tinemuné ing jaman saiki, jejoḍoan iku, tumraping wong-tuwa ora merdika temenan panguwasané menyang anak, iya ana rasané gumantung menyang bocah kang arep anglakoni, iku iya luwih gawat. Yèn aku ngélingi suwargi embahmu iku sadulurku tuwa, aku wajib milu ngembat apa kang dadi kekarepanmu. Nanging kepriyé, nggèr, éwuh anggonku minangkani, awit wong jejoḍoan iku kelakoné dudu bangsané sarat lan guna pangasihan, gampangané kudu ana kang nglakoni, wong-tuwa kari nerusi.'

Sujana: 'Embah, sayektosipun, manawi pun Srikuning makaten inggih sampun wonten sajak-sajakipun purun kula peṇḍet, nanging tiyang-

sepuhipun boten lila sanget manawi kula penḍet. Awit pangajeng-ajeng tiyang-sepuhipun sageda anakipun laki angsal anakipun tiyang sugih.'

Kyai Amad: 'Iki iya jeneng ora klèru, pancèn wis maṭuké mangkono, sugih paḍa sugih, dadi wong sugih ngepèk mantu wong mlarat iku jeneng nyalenèh. Lan manéh, ṭolé, kowé kuwi tumrapé karo Surasentika jeneng memungsuhan rangkep, sapisan paḍa rebutan ngarah drajat, kaping pinḍoné ngarah anaké. Rekasa kowé, nggèr. Wis ta, mangkéné baé, Sujana, kowé becik narimaa, prakara ngarahmu menyang anaké Surasentika iku prakara buri. Kang luwih perlu kowé saiki tumemena anggonmu nyambut gawé. Tinemuning kanugrahan iku, utamané ora kaya kang jalaran saka dilakoni kalawan tumemening gawé. Wis, nggèr, kowé muliha.'

Sujana tampi wewarahipun Kyai Amad wau, sanadyan namung lugu rembag, inggih adamel mareming manah, saha lajeng pamit wangsul. Kyai Amad nyawang ḍateng lampahipun Sujana ngantos tebih. Sareng sampun boten ketingal, lajeng ngucap: 'Muga kasembadana apa kang dadi karepé putuku Sujana.'

R. Hardjowirogo, Srikuning,
Jakarta, 1953.

2
PRING PAḌA PRING
(lagu kroncong)

Bapak pucung yèn digagas saya bingung,
dadi ngambra-ambra, ditambani malah ndadi,
sapa baya durung terang sangkanira.

Pring paḍa pring, ketan surikaya,
nyanḍing paḍa nyanḍing, aja gawé gela,
angger gela dadi lara,
kerep lara gelis tuwa.

Pring paḍa pring, ketan dipususi,
nyanḍing paḍa nyanḍing, aja dirusuhi,
yèn kepéngin ngati-ati,
golèkana sing gemati.

Pring paḍa pring, ketan gula batu,
nyanḍing paḍa nyanḍing, aja pijer nesu,
kerep nesu awak kuru,
ngguya-ngguyu dadi payu.

Pring paḍa pring, ketan iwak terik,
nyanḍing paḍa nyanḍing, aja nglirak-nglirik,
yèn dilirik munḍak serik,
salah siṭik dadi bengkrik.

3
NYUWUN PAMIT KYAI

Lakuné disengkakaké, daya-daya énggala tekan ngomah. Merga, kejaba wektuné wis mburu, liré seḍéla engkas wis mèh manjing Magrib, uga ana warta sing kudu ditekakaké marang Kyai. Warta iki yektiné dudu kabar anyar tumrap Kyai Idris. Wong kabar sepisanan bab sing gegayutan karo iki ḍèwèké krungu uga saka Kyai Idris mau. Ming baé, ḍèk semana isih capet-capet, durung jablas temenan. Ḍawuhé Kyai Idris marang para murid-muridé: 'Anu lo, lé, ing samengko Pamaréntah wus ngidinaké marang aku kabèh, para umat Islam, yasa barisan mirunggan, jenengé "Hizbu'llah", tegesé "Prajuriting Pangéran"...' Ḍek semana Iskak ya mèlu ngrungokaké. Wong ḍèwèké kapinujon ana kono. Ming baé nalika kuwi ḍèwèké durung ngreti temenan, apa preluné lan apa paédahé Barisan Hizbu'llah kuwi. Mula bareng Kyai Idris ndangu, sapa ing antarané para santriné sing kepéngin ngleboni Barisan Hizbu'llah, ḍèwèké ora ngacungaké utawa ora mangsuli.

Lha iki mau ḍèwèké mentas Jumuwahan saka mesjid. Adat sabené yén sembahyang Jumuwah ya nèng langgaré Kyai Idris kono, bebarengan karo santri pirang-pirang, kancané nunggal sapasuwitan. Mung baé iki mau diutus Kyai menyang kuṭa, tetuku bab kapreluané pesantrèn kono karo ana urusan uga sing gegayutan karo kantor Si babagan Sumuka (agama).

Mula ḍèwèké sing kapiji déning Kyai dadi duta, kuwi kejaba Iskak pancèn bocah sing mrojol ḍéwé mungguh ing kapinteran sarta kalantipané ing antarané para santri-santriné Kyai Idris, ḍèwèké kuwi uga kena diarani sing pinter sesrawungan ḍéwé. Nyang sapa-sapa bisa ngladèni. Pinter momong atiné liyan. Wataké tatag teteg. Nyang panggeḍé ora kiḍang ora kiḍung, nanging isih netepi tata-kramané.

Iya merga saka wataké kang kaya mengkono mau, Kyai Idris dalah kanca-kancané paḍa asih marang ḍèwèké. Malah-malah, saka kepénginé Kyai Idris nuduhaké sihé, Iskak katari, apa sekira gelem dadi kakangé Mujayanah, putrané Kyai Idris sing wuragil. Iskak sumanggem. Lha banjur kelakon Iskak bakal dadi putra mantuné Kyai. Kyai saya wuwuh tresnané.

Yèn ngélingi anggoné bakal dadi pengantèn, Iskak gojag-gajeg arep meḍaraké isining atiné marang Kyai Idris. Apa sakira rila yèn ḍèwèké lunga saka kono, ninggal pesantrèn, prelu . . .

Iskak isih kèlingan ceṭa apa sing dikutbahaké déning mas ketib anèng mesjid mau. Tetembungané mas ketib sing ceṭa wéla-wéla, ngégla, tansah cumiṭak ana ing angen-angen. Wong anggoné ngrungokaké Iskak ya nganti njinggleng temenan. Ḍèwèké rumangsa begja banget Jumuwahan ing mesjid mau.

Sarampungé urusané ana kantor Si, ndadak wis awan. Upama terus mulih, wis mesṭi kasèpé yèn arep sembahyang Jumuwah. Hya wis Jumuwahan nèng kuṭa baé. Ngono pamikiré.

Kutbahé mas ketib iki mau gegayutan karo anané Barisan Hizbu'llah kuwi. Kanṭi gamblang diceṭak-ceṭakaké, apa ta gunané Barisan Hizbu-'llah kuwi, lan kepriyé carané sarta sapa sing bisa ketampa mlebu dadi warganing Barisan Prajuriting Pangéran mau. Tumrap para nomnoman Muslimin, sing ginaḍuhan kekuwatan cukup utawa bisa nyukupi sarat-saraté wong dadi prajurit, diprayogakaké nyaṭetaké jenengé marang bebadan kang kapatah ngurus bab iki.

Mas ketib ḍawuh, iya ing wektu saiki kuwi mangsa sing apik banget tumrap para muḍa Islam kanggo mbuktèkaké marang donya yèn umaté Nabi Muhammad s.a.w. kuwi ora ming pinter tafakur anèng mesjid karo ḍikir ngétungi tasbèh baé, nanging yèn ana kapreluan sing mbutuhaké awaké, ora ming awaké baé, dalasan jiwané pisan, uga ora éman nyorohaké.

Mas ketib banjur nyebut-nyebut asmané para satriya Islam ḍèk jamané Kangjeng Nabi biyèn. Ana Anas bin Nadir, ana Sa'ad bin Mu'az lan liya-liyané manèh. Malah ingkang paman Kangjeng Rasul, Sayidina Hamzah, kuwi uga prajurit peng-pengan jaré. Yèn wong Jawa ngarani Sayidina Hamzah mau, Radèn Amir Ambyah, apa Radèn Jayèng Palugon, apa Wong Agung Ménak.

Para sakabat-sakabat dalah panḍèrèké Kangjeng Nabi mau kanṭi gumolonging ati lan rila legawa paḍa ngurbanaké jiwa raga, banḍa donya branané pisan kanggo kapreluané agamaning Pangéran, kanggo ngluhuraké agama dalem Gusti Allah.

Ḍèk jaman semana mungsuhé Islam para wong kapir saka golongan Kurès lan wong-wong sing musyrik. Kabèh mau paḍa arep ngalang-alangi rancaging lakuné agama Islam. Paḍa ngudi amrih agamané Pangéran mau cures, ilang saka bumi kéné. Wong-wong Muslimin tansah dikuya-kuya, dingèl-ngèl anggoné arep nindakaké paréntahing agamané. Mula, cobaning Pangéran marang umaté Nabi Muhammad

ora uwis-uwis. Ora biyèn ora saiki! Tansah ana baé. Ora lèrèn-lèrèn. Mula wong Islam didadar temenan déning Gusti.

Yèn ḍèk biyèn wong Islam ngaḍepaké kaum Kurès lan golongané wong sing paḍa musyrik, ing samengko, iya jaman saiki iki, kaum Muslimin ayun-ayunan karo bangsa Amérika lan Inggris dalah sakancuhané pisan.

Yèn disatitèkaké temenan, tindaké negara loro mau ana ing Asia panggonan kita nglakoni ngibadah iki, presasat ngepleki tindaké kaum sing arep ngalang-alangi ajuning agamané Pangéran ḍèk jaman Jahiliyah biyèn.

Karepé Amérika lan Inggris kuwi, arep dadi bendarané wong-wong Asia kéné. Sawisé kuwi, uga arep gawé ilangé agama kaprecayané wong-wong kéné kabèh. Mesṭiné ya ora terang-terangan. Saka seṭiṭik, sarana tindak sing alus, sing remit banget.

Pametuning bumi, banḍaning buwana Asia, arep diusung, digawa mulih menyang negarané ḍéwé kana. Kekuwataning rokhaniné bangsa Asia uga arep dipeper.

Dadi wosé baé, wong-wong Asia kuwi njaba njero, lahir batiné arep digawé mati. Mati sajroning urip kaé.

Wah, isih akèh manèh kutbahé mas ketib. Déné minangka panutuping kanḍa, mas ketib mrayogakaké supaya para nom-noman Muslimin paḍa bebarengan ngayati pagawéan iki, nyaṭetaké jenengé kanggo barisan Hizbu'llah, dadi Prajuriting Pangéran, tukang njaga asmané Gusti Allah, aja nganti disawiyah déning wong kapir.

Kutbahé mas ketib mau déning Iskak dilebokaké ati temenan. Sajaké ḍèwèké kebuka atiné. Iskak kepéngin dadi Prajuriting Pangéran, mbélani agamané, niru tindaké para sakabat-sakabat ḍèk jaman biyèn.

Iya warta iki sing arep ditekakaké marang ngarsané Kyai Idris. Ḍèwèké arep nyuwun pamit karo nyuwun pangèstu marang Kyai. Mulané anggoné mlaku kesusu, daya-daya énggal tekan ngomah.

Lakuné wis tekan ngarep pamulangan S.G.L. Dadi ngidul seṭiṭik, banjur ménggok ngiwa, wis tekan désané, désa Kuningan, iya panggonané pesantrèn kuwi.

Tanpa kajarag, Iskak ndeleng mengulon, tumenga menḍuwur. Srengéngéné wis mèh angslup. Katon alon banget. Sajak ketara abot arep ninggal bumi. Ketara durung taneg anggoné ndeleng kaéndahaning jagat saisiné kabèh. Katon anggoné owel.

Apa Iskak uga bakal owel ninggal papan padunungané? Apa Iskak krasa abot ninggal Kyai, kaya-déné pengrasané srengéngé abot arep pepisahan karo bumi? Sawah ing kiwané dalan kapinujon kebak pari.

Gagangé tumiyung, sajak kabotan isi, kena siliring angin kresak-kresek kaya tangising kenya mingseg-mingseg marga tininggal déning jaka kekasihé . . .

Apa Mujayanah mengko uga bakal mingseg-mingseg, nangis ngaruhara yèn dipamiti?

Kabèh mau tansah dadi gagasané Iskak. Nanging bareng kèlingan tembungé mas ketib: 'Ya saiki iki, mangsa sing apik banget tumrap para muḍa Islam kanggo mbuktèkaké marang donya yèn umaté Nabi Muhammad s.a.w. kuwi ora ming pinter tafakur anèng mesjid karo ḍikir ngitungi tasbèh baé,' ḍèwèké tetep arep ngugemi anḍemaning atiné: arep mlebu Barisan Hizbu'llah. Arep njaga kasuciané agamané sarta kahurmataning tanah wutah getihé.

Lakuné disengkakaké. Arep nyuwun pamit . . .

Soebagijo I. N.
(in: Pandji Pustaka no. 6, March 1945).

4
GEGAMBARAN

Cahya padma manguwung ing jumantara
Tanḍa rina arsa ginanti Hyang Ratri
Sajak owel Surya ninggal Arcapada
Kasengsem mawas kaéndahaning Bumi.

Tan béda lan angganing kalana muḍa
Kang arsa pepisahan lan kekasihé
Rumangsa kéwran arsa maluyèng kata
Kepéncut nyawang memaniking nétrané.

Mula nora gampang ninggal kasenengan
Kang baud mawèh kemaremaning driya
Karasa abot sumeḍot ing gagasan
Nggrantes nanḍes terus ing nala.

Mula begja wong kang baud amikani
Marang owah gingsiré kaanan donya
Sadurungé wus paḍa dèn mangertèni
Yèn tan ana barang kang langgeng lan lana.

Soebagijo I. N.
(in: Api Merdeka no. 4, January 1946).

5
NAYAKA LELANA

Kinanṭi

1. dereng ing tyas angengidung
   apa kang wus sun alami
   wiwit wadyabala Landa
   khianat cidra ing janji
   nyerang tan mawi wawarta
   Indonésia Républik

2. yèku ḍawah dinten Minggu
   kaping sangalas nyarengi
   Ḍésèmber ingkang wulannya
   warsa nut tahun Masèhi
   sèwu sangang atus miwah
   kawan dasa wolu nenggih

3. duk samana kang ginempur
   déning montor-mabur Wlandi
   lapanganing kapal-terbang
   Maguwa trus dèn ebroki
   lajeng sru nyerang Ngayogya
   ibukotaning Nagari

4. duk myarsa kang wus atempur
   énggal anggènnya baḍami
   Pak Santo lan Pak Kasimo
   yèku kakalihnya Menteri
   kang nuju wonten ing Sala
   samya tuwi kulawargi

5. kang dadi golonging rembug
   wangsul mring Yogya dèn aglis
   perlu netepi kwajiban
   wit pra Mentri rapat pasṭi
   jam wolu énjang gya biḍal
   numpak auto kalih sami

6. wau ta ingkang winuwus
   dupi praptèng Krapyak dèsi
   kidul kilèn Kartasura
   dwi kapal-terbang kaèksi
   anyerang sarwa sru hébat
   swaranya anggegirisi

7. auto kalih samya ancur
   pating complong kena mimis
   tujuné kang sami numpak
   begja taksih dèn ayomi
   ing Gusti kang Murbèng Alam
   wilujeng samya basuki

8. nuli numpak kréta wangsul
   ing Kartasura pinanggih
   Nayaka Ḍokter Sukiman
   yèku Mentri Ḍalam Negri
   ingkang ugi gaḍah sedya
   nuju Ngayogya nagari

9. Mentri tiga sami rujuk
   wangsul Surakarta nagri
   wit tan luput ing babaya
   yènna trus nglajengken kapti
   marga kapal-terbang Landa
   ganas kejem anḍanḍangi

Ḍanḍanggula

1. énjangira winursita nenggih
   dinten Senèn Ḍésèmber wulannya
   kaping dwi dasa tanggalé
   ing balékota kumpul
   Walikota Résḍèn, tri Mantri
   lan Pak Gaṭot Subroto

Militèr Gupernur
Jéndral Mayor Pak Suhardjo
Pak Suroso déné kang dadi penulis
Sumardi aranira

2. ingkang sampun dèn putusken sami
supaya ta Pemerintah Pusat
linajengken sayogyané
minangka ḍasaripun
putusan Kabinèt katiti
Ḍésèmber ping nembelas
nalika amutus
wit Présiḍèn baḍé tindak
mring India, Wakil Présḍèn sakit
gya baḍé istirahat

3. duk samana ingkang dipun srahi
pimpinané Pemerintah Pusat
minangka dadi wakilé
yèku Nayaka telu
Perhubungan lan Ḍalam Negri
katrinya Kehakiman
supaya sarujuk
rèhning kalih saking tiga
Mentri kempal wonten ing Sala nagari
kuwaos amranata

4. Kementrian sadaya binagi
antarané Nayaka tetiga
tan lali peprincènané
wusana dalunipun
wus prajanji arapat malih
nanging dupi jam lima
nungka warta drujug
bilih mungsuh sampun prapta
sangang kilo saking Surakarta nagri
antawis Kartasura

5. sanalika lajeng biḍal sami
datan saged ngwontenaken rapat
awit saking kesusuné
duk samana wus nusul
Mentri Supeno lagya prapti
angempal Mentri papat
nuju Tawangmangu
Pak Peno tuwin Pak Santo
Pak Mashadi Pak Salèh Susilowati
samya nunggil ponḍokan

6. Pak Mashadi kang sinebut nenggih
yèku ngasta pimpinan Jawatan
Pembangunan bagiané
lamun Pak Salèh iku
Perhubungan lan Ḍalam Negri
déné asma wanita
ingarsa winuwus
Anggota Badan Pekerja
ingkang uga mbyantu Pak Peno wus lami
Susilowati kenya

7. wisma ingkang samya dèn inepi
yèku villa Branḍaris namanya
kang pepak ubarampéné
nunggil wisma sadarum
Pak Sukiman Pak Mardi tuwin
Pak Kasimo Suroso
Pak Suhardjo kumpul
Meester Kasman lan Prawoto
lan Zainal Arifin katrinya sami
warga Badan Pekerja

8. gya dèn putus Mentri Ḍalam Negri
pinasrahan piḍato raḍio
supaya glis dèn umumké
bilih Pemrintah sampun
binagi pat Nayaka sami
cuwa tan kalaksanan
kang sinedya wurung
kesusul tampi pawarta
wadyabala Walandi sampun mèh prapti
gya biḍal gagancangan

9. duk samana dinten Rebo kaping
kalih likur sih nunggil wulannya
tabuh tiga antarané
wit sanget gugupipun
datan saged kencan baḍami
ḍateng pundi purugnya
nilar Tawangmangu
wusanané nganti peṭal
dados kalih rombongan kang nuli sami
umijil sesowangan

Mijil

1. nalikanya nèng villa Branḍaris
ngalad-alad katon
bumi angus ing Sala tanḍané
lajeng ènget maring kulawargi
kang dèn tinggal sami ing batos sru trenyuh

2. ḍuh ḍi ajeng Ibuné nak mami
lagi dadi lakon
ingsun kudu pisah lan slirané
anetepi kwajibaning Mentri
sumingkir mung amrih tan tinukup mungsuh

3. yèku bukti gunging sedya mami
nggayuh karahayon
tumrap Bangsa sarta Nagarané
amrih tetep anaa kang mimpin
mardika binudi unggul juritipun

4. kang sun télad Bagawan Ciptaning
Mintaraga lakon
dyan Arjuna anggentur tapané
lelana ing Indrakila wukir
amangun tetèki sumungkem Hyang Agung

5. kang sun pikir tumrenyuh ing ati
anakku kang anom
si wuragil Atmodjo arané
kulinané taksih dèn keloni
ugungan kepati nggulet rama ibu

6. mung sira jeng ywa pegat memuji
nyenyuwun Hyang Manon
dèn bisaa momong putra kabèh
sun tewakup Allah kang supadi
teguh datan gigrig nanggulangi kéwuh

7. nrusken crita rerombongan mami
gupuh numpak montor
sopiripun ya Mahrup arané
ngétan praptèng ḍukuh Gandasuli
wit rintangan margi kanḍeg datan terus

8. sigra kampir ing wisma kang alit
lowung antuk ponḍok
kanggo turu ngiras ngleremaké
badan lesu ruweting pamikir
datan wonten nasi kenṭang ḍaharipun

9. tuwan rumah pakaryanirèki
kepalaning grombol
jaman Jepang Azatyo arané
wus mangerti ingkang sami ngungsi
pemimpin pribadi gupuh dénya tulung

10. énjingipun nuli biḍal sami
nuju redi Mongkrong
yèku punṭuk kang sanget inggilé
muḍun jurang ngayat minggah ardi
turut lelunguring pèrèng wukir Lawu

11. tengah margi kang sami lumaris
dumadak kapregok
laré kalih kesasar lakuné
aran Mardjo akaliyan Kusni

menggabung tinari sagah sami
tumut

12. wanci sonten mèh jam gangsal
prapti
peḍukuhan Jeblok
sami kèndel wus sanget sayahé
pra penḍuḍuk katon sami ajrih
wit jaman P.K.I. kampyak sinom
kisruh

Sinom

1. jujug griya kamituwa
tetéla sampun anḍelik
amargi kita kinira
kadi P.K.I. rumiyin
anjarah rayah sami
ing sakajeng-kajengipun
jagung beras dèn rampas
dalah ayam tuwin kambing
rajakaya sampun mèh telas sadaya

2. sareng sampun tinerangna
kanṭi jelas saha tliti
anuli saweg pracaya
lamun ingkang rawuh ngungsi
yekti pangageng Nagri
ing Ngayogya sangkanipun
kang nedya alelana
mantep alabuh Nagari
wajib tinulung amrih samya
raharja

3. ḍukuh Jeblok iku nyata
hawané kaliwat atis
dunungé nèng pagunungan
ḍuwuré banget amencit
mula gya api-api
mrih nulak aḍem anjekut
néndra akasur merang
akèh pinjalé anggigit
dyan mengkono tilem pules marga
sayah

4. énjangipun nrusken lampah
dugi ḍusun Genilangit
sinugata kanṭi bingah
déning bapak Lurah dèsi
Pak Onder Poncol ugi
ḍateng merlokaken meṭuk
wanci sonten gya biḍal
ing onderan Poncol kampir
mung sakeḍap nuli pangkat nuju
Parang

5. dalu-dalu meksa mlampah
supados énggala dugi
kiṭa kaonderan Parang
obor blarak datan kari
mrih énggal tebih margi
Sarangan Cemarasèwu
peteng ḍeḍet limengan
menḍung riwut udan grimis
tengah dalu saweg praptèng kang
sinedya

6. nuli nyaré ing onderan
Pak Onder sanget gumati
nyegah kopi lan ḍaharan
nadyan bengi tengah wengi
Pak Magetan Bupati
Radèn Kodrat Samadikun
gya dèn kintuni serat
supaya ḍateng manggihi
wangsulannya cuwa datan saged
prapta

7. dalunipun pinḍah griya
wisma alit nanging asri
ingkang andarbèni wisma
ya konḍèktur kréta api
éman tan saged lami
wit klinteran montor-mabur

nedya trus mring Lémbéyan
kono uga mbebayani
mulanira prayogi tetep nèng
Parang

8. nadyan tetep tlatah Parang
prayogi kang radi tebih
saking kiṭa kaonderan
Pak Onder tur pamrayogi
manggèn ing Ngunut dèsi
saking Parang wolung kilo
bakda mahrib gya biḍal
Bapak Onder datan kari
dugi Ngunut sampun dalu jam
sadasa

9. cakap miwah bersemangat
Lurah désa Ngunut yekti
mangerti obahing jaman
tindaké tan nguciwani
Bok Lurah uga trampil
manyugata para tamu
Pak Lurah tur prayoga
pinḍah griya langkung sepi
wit klurahan lumrahé dadi jujugan

10. énjangipun nuli pinḍah
ḍateng Ḍlisem ḍukuh alit
taksih wengkon Ngunut krajan
saking klurahan tan tebih
ing kono wus pinanggih
kalawan Paḍeman Mayur
kang wus atinggal glanggang
Tawangmangu dèn oncati
datan nglawan sumingkir
ngungkurken mengsah

Pangkur

1. kocapa kang cinarita
nuju satunggal dinten bakda mahrip
ḍawah tanggal sangalikur
Ḍésèmber nunggil wulan
dumrojog prapti krenggosan
napasipun
Agèn Polisi Negara
mentas mlajeng sipat kuping

2. mlajeng menṭit saking Parang
prelu ngaturken glis pawarta penting
ḍusun Parang sonten wau
wus kaḍatengan mengsah
anumpak truk datan terang
cacahipun
pramila prayogi énggal
biḍal saking ḍusun ngriki

3. sigra sami tata-tata
Pak Anu lumajeng angrumiyini
wusana nganti kabentus
mripat ketatap séla
saka banget rikaté anggèné mlayu
tas sanḍal ḍawah tinilar
cineluk datan mangsuli

4. lampu sènter tlérap-tlérap
selot suwé selot parek nyelaki
awit wus tan bisa mlayu
mupus baḍé anyerah
hamdulillah ingkang prapta
dalu-dalu
jebulé Mayor Paḍeman
nedya meṭuk para Mentri

5. déné auto kang binekta
Bupati Panaraga kang nyambuti
Asistèn Wedana Sampung
Sumarto aranira
tumut meṭuk wah hébat
semangatipun
numpak auto nuli biḍal
nadyan bengi tengah wengi

6. sareng celak Sampung tlatah
autonipun kapeksa nyabrang kali

amargi jembatanipun
wus ancur dipun risak
minggahipun kapeksa tinarik lembu
sakeḍap kampir onderan
sinegah ḍahar lan kopi

7. bangun énjing nuli prapta
wisma pangungsènipun Pak Bupati
Gandawardaya ranipun
ing kiṭa Panaraga
mung sakeḍap datan dangu
leremipun
wit ngèngeti kapal-terbang
lamun siyang mbebayani

8. numpak auto nrusken lampah
turut margi mulat ngawasken
nginggil
manawa na montor-mabur
sukur slamet lampahnya
tabah pitu prapta kawedanan
Pulung
ing ngriku tetéla kaṭah
para pegawai kang ngungsi

9. Panitra Sarip Hutomo
lan ketuwaning Pangadilan Nagri
Pak Rochjani asmanipun
Jaksa aran Sunarjo
sanget kaṭah lamun sadaya sinebut
katon sami sanget bingah
pinanggih sami basuki

10. ugi mrangguli pra siswa
Hasan Basri Samodro kaṭah malih
sami sagah ambiyantu
samukawis pakaryan
datan wegah mring pundia dipun
utus
sanès dinten pinḍah Serak
ḍusun lèrèng redi Wilis

11. dupi wonten ḍusun Serak
prapta utusaning Mentri Agami
Pak Soléman asmanipun
prelu asung pawarta
bilih Nayaka Agama Kyai Masjkur
saged oncat saking Yogya
ing Gontor lerem angungsi

12. tan sagah ḍateng priyangga
margi sayah tur mbekta putra alit
awit sanget répotipun
mugi dipun makluma
énjangipun Pak Soléman nuli
wangsul
Pak Salèh pamitan késah
megat mring Mentri Agami.

Mr Susanto Tirtoprodjo, Nayaka Lelana, Jakarta, 1955.

6
LÉLA LÉḌUNG
(lagu kroncong)

Tak-léla, léla, léla, léḍung
cep meneng, aja pijer nangis
anakku kang ayu rupané
yèn nangis nḍak ilang ayuné

Tak-gaḍang bisa urip mulya
dadia wanita utama
ngluhurké asmané wong tuwa
dadia penḍékaring bangsa

Wis cep menenga anakku
kaé mbulané nḍaḍari
kaya nḍas buta nggilani
lagi nggolèki carané

Tak-léla, léla, léla, léḍung
énggal menenga ya cah ayu
tak-emban slénḍang baṭik klawu
yén nangis munḍak gawé bingung

7
ḌEḌEMITAN MLEBU KUṬA

Sawisé Wiranta ngandaraké kabar kang digawa Narna bab gerahing ibuné lan karepé arep sowan ibuné bengi iku perlu nentremaké panggalihé, sakanca paḍa sarujuk bengi iku mlebu kuṭa. Cacahé kabèh ana telulas wong. Sanadyan gegamané ora pati lengkap, ora kabèh nduwèni karabèn utawa beḍil adoh liyané, nanging kabèh duwé cekelan, ora kétang pistul utawa granat.

Wektu iku mangsa ketiga, sasi Juli 1949. Wis suwé ora ana udan, dalan-dalan ing padésan bledugé muleg, sawah-sawah paḍa garing lan kalèn-kalèn paḍa asat. Kang kaya mengkono mau mung ndadèkaké bisané gegancangan mengko anggoné paḍa lumaku ḍeḍemitan mlebu kuṭa. Kebeneran mengko bengi rembulané ora katon, dadi rada longgar anggoné paḍa singidan, ora perlu nḍepis-nḍepis banget.

Wayah bangbang-surup Wiranta sakanca paḍa mangan bebarengan ing omahé pak lurah, diladèni Waginah, anaké Sadikrama, lan Kartini, putrané dèn Wira, pyayi Bromantakan sing ngungsi mrono, sarta ditunggoni para sepuh kaya ta pak lurah sekaliyan lan bu Danu, paḍa rerembugan sing lucu-lucu. Mangan bebarengan mengkono iku dianakaké mung yèn arep mlebu kuṭa. Déné kaanan sadina-dinané mangan iku sakarepé bocahé ḍéwé-ḍéwé, ana sing wayah surup, ana sing wayah isa, nanging kabèh wis éntuk caḍongané ḍéwé-ḍéwé. Sanadyan mengkonoa ya isih ana bocah-bocah sing nakal, caḍongané kancané dikrowoki. Kang mengkono mau kaḍangkala dadi geguyon, nanging sok dadi ladakan, marga bab mangan bocah-bocah mau lagi paḍa dremba-drembané, mangka caḍongan lumrahé cumpèn. Mula panganan sing tinemu saka njaban caḍongan, kaya ngunḍuh katès, mancing érok-érok lan nawu iwak ing kali, mbakar pohung, dadi kareman lan kalegané bocah-bocah mau. Sok-sok ya mung dadi crita kang nengsemaké pengalaman-pengalaman kang anèh-anèh golèk sumbal pangan jaman perang ing padésan kuwi, kaya ta mbeḍil derkuku nganggo karabèn.

Sawisé rampung mangan kabèh paḍa pamitan sing paḍa ditinggal, banjur buḍalan. Lakuné ora liwat dalan, nanging nratas liwat galengan, marga yèn liwat dalan isih paḍa kuwatir yèn kepranggul patroli-patroli Landa sing nékad metu saka pos-pos penjagaan, saora-orané ya nyingkiri pangulaté mata-mata mungsuh. Déné bebayané liwat galengan kuwi

kejaba rada répot lakuné marga ciyut ora rata, kanggoné sing paḍa ora sepaton ya wedi Kyai Oyod, yaiku ula sing uga tlusuran liwat galengan. Mula, mumpung canḍik-ala isih maḍangi bumi, bocah-bocah paḍa gegancangan lakuné, mangulon parané.

'Kita liwat Puṭat apa Beton, mas?' pitakoné salah sijiné kanca kang lumaku pernah ngarep. Kanca kuwi pènḍèk dedegé, lakuné ora patia rekasa merga gawané ora abot. Ḍèwèké — Sukardiman jenengé — mung nggawa pistul otomatis karo granat telung iji diganḍul-ganḍulaké ing guluné kaya ketupat; dicencang ana gulu kuwi preluné yèn nyabrang Bengawan mengko bèn ora katut teles.

'Liwat Puṭat waé, sabrangané rada cèṭèk, terus Warungpelem mangulon,' wangsulané Wiranta sing mlaku kaprenah ana buriné.

'Mas! Sanadyan slamet ora ana kedadéyan apa-apa, mengko aja suwé-suwé anggoné rangkul-rangkulan karo ibu lho,' celaṭuné Narna saka mburi. Yèn bisa jam-jam siji ngono awaké ḍéwé wis paḍa bali.'

'Iyah, kena apa ta, lèh kok kesusu temen kang Narna kuwi?' pitakoné kanca liya semu guyon.

'Wetengku durung kena ditata,' wangsulané Narna.

'Wingènané olèhé lotisan ana ndalem rada kakèhan yaké, lha wong ditunggoni si ḍénok-ḍèbleng,' sauté kanca liya manèh.

'Heh, wong saiki weteng rasané kaya diuḍak ngéné jaré, wong lotisan disengguh ḍemenan,' celaṭuné Narna glenak-glenik.

'Marija mau sida nganggo sepatu ora, ca? Awas lho, Kyainé lagi waé ndlosor mlayu ngidul iki mau, mentas waé tak-langkahi,' celaṭuné Sukardiman clemang-clemong.

'Tenan pa piyé kuwi lho? Wong ula jaré dienggo sembranan,' wangsulané sing ana tengah barisan.

'Alah, si Sukardiman kuwi, yèn isih yah méné waé kumrecek mbéda kancané ora wis-wis. Mengko rada bengi siṭik yèn ora ngoplok golèk kanca merga wedi banaspati,' celaṭuné Wiranta ngelèhaké.

Sinambi guyon mengkono kuwi ora krasa yèn dedelengan wiwit ora ceṭa, lan saḍéla manèh bakal nyabrang Bengawan. Nyabrang Bengawan iku kudu ngati-ati, merga pemuḍa-pemuḍa iku kudu liwat panggonan kang sela. Déné kaanan sabrangé Bengawan ora ana sing weruh apa ana tèngé mungsuh sing nunggoni karo lampu sorot lan duabelas-koma-tujuh apa ora. Yèn lagi ana tengah Bengawan terus disoroti lampu mesṭi waé ora bisa obah apa-apa manèh.

Nalika Wiranta sakancané runḍak-runḍuk tekan sabrangan tepis-iringé Bengawan panjleḍoré beḍil bocah-bocah gerilya panṭa liya wis ana sing keprungu.

'É, wis ana sing nḍisiki bakdan merconan,' celaṭuné salah sijiné kanca isih tatag waé.
'Ssstt!! Aja grusa-grusu manèh, cah!' bisiké pemuḍa liyané.

Saiki lakuné paḍa rerunḍukan kaya kècu nḍeḍepi, pating jrunṭul kaya bocah jélungan. Narna kaya adat saben nguḍuni pèrèngé Bengawan ḍisik ḍéwé. Kanca-kancané paḍa ana tangguling kali ngentèni sasmitané, paḍa ngempet ambegan. Saḍéla dientèni, ora ana banèké. Dientèni rada suwé, isih ora ana sasmita apa-apa. Wiranta banjur nyingsoti mitrané, takon apa ḍèwèké slamet. Narna ora mangsuli. Kanca-kanca saya trataban atiné.
'Ayaké ḍik Narna klelep,' celaṭuné Wiradi bisik-bisik.
'Ah, wong ḍik Narna kok klelep, wong sabané Tirtamaya. Karo manèh wong ketiga ngerak ngéné, banyuné Bengawan rak mung kaya kalèn waé,' wangsulané Wiranta. Atiné ora jenjem. Ḍèwèké singsot-singsot manèh. Narna tetep ngilang meneng waé.
'Mas, jaré saiki Landa ya ngingu mata-mata sing wani gelut sesiḍeman, sumebar ana kampung-kampung. Mas Narna kuwi mengko gèk wis dirunḍuk mata-mata Landa . . . ?' celaṭuné Marija.
'Mas, iki tak-kira panggawéné peri keḍung kéné: mas Narna diumpetaké. Peri ki jaré nduwé kraton ana sangisoré banyu, mas. Yèn panggawéné jalma manungsa waé mesṭi ora ngilang sepi kaya ngéné iki . . .' celaṭuné Sukardiman kang tansah mikir bab memedi.
'Ah, aja mikir néka-néka!' Mangsuli ngono mau Wiranta gremet-gremet maju, nguḍuni plèngsèngan. 'Aja paḍa mèlu ḍisik yèn durung krungu suwarané manuk tuhu.'

Wiradi, sing keplepek critané Marija, manti-manti banget marang aḍiné: 'Sing prayitna lho, ḍi. Yèn ana bebaya ndang sentilen waé karabènmu, bèn kéné paḍa ngreti.'

Wiranta ora mangsuli, ilang ambles menyang petengan. Ḍèwèké grayang-grayang lemah kang bakal dipidak, gremetan cenunak-cenunuk, ing batin sumpeg atiné. Yèn ngantia kélangan Narna ḍèwèké mesṭi bakal coṭo, sebab Narna kejaba bocah kendel, graitané adoh lan mumpuni. Mula ḍèwèké anyel banget déné petengé kok ndumuk irung. Wiranta selak kepéngin weruh kedadéyané mitrané, mungguh matia ya kepéngin nemoni baṭangé.

Saya suwé ḍèwèké saya adoh anggoné nlusur ḍasaré kali Sala mangsa ketiga. Ḍasaré kali weḍi maléla kang wis pirang-pirang minggu ora kacak banyu, marga iliné banyu Bengawan mung prasasat kali cilik kang ora mingsra. Ing mangsa aman kali kang mengkono mau dienggo adus, weḍi atos iku dikeruki digawé belik.

Ing nḍuwur pinggir sabrangan bisa uga nalika iku ana tèng-tèngé Landa wis mangro ngincerakè sorot lan beḍilé tumuju marang Wiranta sakanca kang bakal nyabrang kali. Ing kadohan, ṭar ṭor suwarané beḍil saya ramé keprungu. Déné ing kali kono ḍéwé peteng nḍeḍet lelimengan. Kemriciking banyu mili mbangun sepi, sepi kang saya nambah peteng: peteng ing kali, peteng ing atiné Wiranta.

Tekan tepis iliné kali, Wiranta uga durung nemu abané Narna. Kelawan ati nok-nik ḍèwèké singsot alon-alon, nyasmitani mitrané yèn ḍèwèké ana kono.

Wiranta krungu suwarané wong sajak abot: 'Heh!' Suwarané Narna ketaton meṣṭi! Utawa mungsuhé Narna! Wiranta nyiyapaké karabèné. 'Ḍik Narna?' suwarané Wiranta bisik-bisik, diarah aja nganti keprungu liyan.

'Heh!'

'Ana ngendi kowé, ḍik? Rak ora apa-apa ta?'

'Heh! Mas! Mas Ranta? Nuwun sèwu, mas. Aku lagi éwuh.'

'Éwuh apa?'

'Anu, mas. Wetengku nuntut, mumpung ceḍak banyu jaré.'

'Oh! Gawé ḍeg-ḍegané atiné wong sak-kanca waé. Priyé kaanané?'

'Anu, aman kok. Aku wis nyabrang mrana kok mau. Aman.'

'Ngonoa kaé mbok ya mangsuli singsotku, dadi ora gawé tratabing ati.'

'Ah, lha aku rada isin kok. Karepku tak-rampungaké ḍisik kaperluanku iki . . .'

Ora let suwé banjur keprungu suwarané manuk tuhu saka sasmitané Wiranta. Narna bener. Kaanan sabrang kali aman, ora ana mungsuh. Wong-wong paḍa énggal nyabrang kali lan terus pating jrunṭul mlebu jroning kuṭa.

Saklébatan dalan-dalan ing kuṭa sajak sepi mamring, ora ana barang obah-mosik. Mung sliweré asu saba utawa kucing kerah sing gawé tenger yèn ing dalan-dalan mau isih ana sawenèhé barang urip. Déné suwarané beḍil pating jleḍor lan suwara métraliyur kang sajak diempet-empet ngratani kuṭa ora mratélakaké yèn akèh wong tangi: sing muni kuwi sajak mung barang mati, mbleḍos karepé ḍéwé. Nanging yèn ditamat-tamataké kanggoné wong kang wis kulina, énggal paḍa weruh yèn sawetarané dalan sing sepi mamring iku paḍa ana wong pating jrunṭul, wong obah-obah metu saka pangumpetan siji menyang panḍelikan sijiné.

Wiranta sakancané slamet ora nemu alangan sawiji apa nganti tekan Warungpelem. Nanging bareng wis arep nyabrang dalan Mesèn, ndadak paḍa krungu panggerengé tèng kang nganglang saka kidul. Wiranta énggal ngabani kanca-kancané dikon umpetan lan prayitna.

'Ora susah ditanggulangi, kanca, gaman kita muspra!'

Nanging durung suwé saka celaṭuné kuwi, ana suwarané pistul, ora ngerti sapa sing ngunèkaké. Tèng, sing isih ceḍak panggonan kono, banjur manḍeg. Sorot kang jembar lan paḍang ungalé dipanjer maḍangi saideré kono, tolah-tolèh kaya kéwan anèh kang nggegirisi. Kaanan dadi paḍang njingglang kaya raina, lan beḍil pating jleḍor campuh ing saindengé kono. Wiranta sabalané paḍa pating blesar mlayu ngétan sakarepé ḍéwé-ḍéwé, ora kena ditata lan ora kober nata.

Wiranta, kangmasé Narna, Sukardiman lan Marija paḍa pating ḍepipis nyilikaké awaké ḍéwé-ḍéwé ana ing sawenèhing pager urip, ambegané pating krenggos. Kabèh paḍa mikir pati-uripé ḍéwé-ḍéwé. Bareng disrantèkaké saḍéla, suwarané beḍil banjur rada menḍa. Wong-wong lagi paḍa kèlingan kanca-kancané.

'Aku ora ngreti sapa sing ngunèkaké pistul mau,' swarané Wiranta bisik-bisik. 'Swarané kok saka mburiné awaké ḍéwé.'

Wiradi krungu wong sesenggrukan nangis.

'Menenga, Ja! Iki mengko ora wurung kowé gawé cilakané wong seméné,' suwarané Sukardiman songol, nanging ora sora.

'Kita wis campuh ana daérahé mata-mata mungsuh iki, huh, huh,' wangsulané Marija sesenggrukan. 'Beḍilku kari ana njaban pager.'

'Ḍik Narna, pupuku panas aku ora wani ngemèk-emèk,' celaṭuné Wiranta gugup.

Narna kosot-kosot nyeḍaki mitrané. Swarané beḍil-beḍilan ndadra manèh, swarané mesin tèng ngeden mratanḍani arep mlaku. Soroté lampu clorat-clorot maḍangi daérahé sing paḍa nḍelik. Kucing asu sing kasorot paḍa pating blolong, matané melong-melong.

'Sing sisih endi sing panas, mas?' pitakoné Narna kang wis mengkureb ana sanḍingé mitrané.

Wiranta ora mangsuli apa-apa, mung nuduhaké tangané kang mentas ngemèk-emèk pupuné marang mitrané. Gluprut getih! Tinulung déning pentulané sorot, Narna weruh yèn mitrané pringisan nyakot lambéné ngisor. Kejaba miris weruh tangané ḍéwé kang gluprut getih, Wiranta meṣti mèh ora kuwat ngempet panasé pupuné.

'Kowé ketaton, mas,' celaṭuné Narna.

Wiranta mung manṭuk-manṭuk.

'Kira-kira kuwat ora mlaku ḍéwé?'

Wiranta gèḍèg-gèḍèg ngempet perih.

Tèng buḍalan mengalor parané. Sawisé tèng liwat, beḍil-beḍilan menḍa manèh. Wong-wong rumangsa bisa longgar, crita klesak-klesik rada wani. Kanca-kanca paḍa ngrubung sing ketaton, nanging ya ora

tinggal kaprayitnan.
'Iki mesṭi panggawéné mata-mata mungsuh,' bisiké Marija.
'Piyé, mas? Apa kita mundur ḍisik?' pitakoné Narna.
'Ora,' wangsulané Wiranta, 'kowé kudu ngeteraké kangmas tilik sibu. Sukardiman ajaken.'
'Ah, lha mas . . .' protèsé Narna.
'Tinggalen aku. Tinggalen kéné waé, karo Marija. Kanca-kanca liyané mengko rak ya mréné tulung aku. Ning kangmas Wiradi kudu ketemu sibu, wong wis diniyati saka ngomah.'

Wiranta yèn duwé karep pancèn angèl dieluk.

Sawisé paḍa usreg nata karep, akiré Narna manut usulé Wiranta. Dadi cah telu, Narna, Wiradi lan Sukardiman, nerusaké laku nyabrang dalan geḍé Mesèn. Lakuné gegancangan waé, slundap-slundup kaya bocah jélungan. Déné Wiranta lan Marija ngentèni kumpulé kanca-kanca kang bakal ngupakara Wiranta.

Ora kacarita lakuné prajurit telu mau ana ndalan. Kocapa bareng arep mlebu pekarangan dalemé pak Wiradad, Narna njarwani:
'Saḍéla waé, mas! Limalas menit utawa setengah jam suwé-suwéné, aja luwih. Aku nunggu kéné. Yèn ana bebaya aku ngunèkaké karabènku ping telu urut-urutan. Kardiman bèn ngeteraké tekan ngarep lawang.'

Wong loro manut, irid-iridan mlebu pekarangan. Wiradi nyasmitani supaya Sukardiman ngetutaké ḍèwèké liwat ngiringané omah, ngisor uwit sawo kecik. Wong loro kuwi kanca wiwit cilik, dadi bab kaanané omah kono ya wis paḍa kulina.

Greg. Sukardiman nggonḍèli Wiradi.
'Mas, awakku mrinding. Jaréné cah-cah wit sawoné iku ana weḍoné.'
'Ssstt!'
Karepé Wiradi ngélikaké supaya Sukardiman aja ngomong seru-seru. Nanging bareng ngerti sing dikarepaké Sukardiman wulu kalongé ya njegrik. Wiradi pancèn ya tau krungu critané bab weḍon ngisor wit sawoné kuwi, mulané nganti geḍé ḍèwèké ora tau wani liwat ceḍak kono ijèn bengi-bengi. Déné saiki bareng wis kebacut liwat lagi kèlingan, giṭoké terus mengkirig. Lakuné banjur setengah mlayu diganḍuli Sukardiman sing wis ngoplok. Lega atiné bareng bisa tekan lawang buri tanpa digilani weḍon.

Omah iku peteng, njenggereng kaya omah suwung panggonan sétan. Wiradi rada gojag-gajeg atiné, kuwatir mengko gèk wong tuwané wengi kuwi ora nyaré kono, nanging nyaré Njeronbètèng. Merga bisa waé ta jalaran gerah lan kijènan manggon dalem kono, banjur golèk réwang ngiras ngungsi ana Njeronbètèng. Lha yèn wong tuwané ora ana

ndalem, lha rak muspra anggoné keṭayalan tekan kono!

Nalar sing kaya ngono mau, dilalah kok ya kecanḍak saiki, bareng ḍèwèké wis rekasa nyabrangi bebaya udan pélor, bareng aḍiké wis nanḍang ketaton, bareng kèlingan yèn ingisor wit sawo ana memediné. Upama kang mengkono mau kagraita mau ésuk, mbokmanawa ora kaya ngéné lelakoné wengi iki. Lha upama suwung, gèk mengko omah kuwi mung isi memedi ṭok? Wah, piyé ya?

'Énggal diḍoḍog, mas,' bisiké Sukardiman durung oncat mrindingé. Wiradi nḍoḍog lawang, alon-alon. Sepisan. Ora ana banèké nyauti. Ping pinḍo . . . sepi waé.

'Mas, sing rada banter, bèn kupingé manungsa ya krungu. Yèn lirih rak mung lelembut waé sing tangi iki mengko,' celaṭuné Sukardiman gemeter karo tolah-tolèh maspadakaké ngisor wit sawo.

Wiradi manut, panḍoḍogé rada sora. Bareng diḍoḍog rada banter, Wiradi krungu suwarané krusek-krusek ing njero omah. Jès, ana wong nyumed damar. Lega atiné wong loro. Ora muspra anggoné paḍa keṭayalan mrono, ana gawéné. Luwih manèh Wiradi, adreng anggoné selak kepéngin ketemu ibu-bapaké.

Wiradi nguḍunaké tommy-guné, diulungaké Sukardiman. Sukardiman nampani. Wiradi njaluk pistulé Sukardiman, iya banjur diulungaké. Wong loro paḍa ngentèni dibukakaké lawang. Suwarané wong ḍèhèm-ḍèhèm ing njero omah sajak njanjèkaké arep ngengani lawang.

Bareng lawang menga Wiradi agahan meṭukaké wong sing ngengani lawang nganggo tembung:

'Pak, kula . . . eh!!!?'

Ora tutug ukarané. Kagèt, njenggirat! Klokap-klakep, gupuh! Sukardiman mengkono uga, njenggirat, cekèkèr-cekèkèr mlayu ketantingan ninggalaké panggonan kono. Playuné niba tangi ora iḍep isin, lali samubarang, lali yèn lanang, lali yèn diwasa dadi prajurit, tinggal glanggang nilap kancané tanpa rikuh-rikuh. Wiradi dijaraké ijèn ngaḍepi kagirisan.

Sing katon ing sela-selané lawang menga lan dicoloki damar iku dudu sabarang wong, nanging sirahé diblebed mori putih, mripaté mencereng ngawasi manungsa-manungsa sing paḍa nḍoḍogi lawang. Ya kuwi weḍon!

Wiradi sumlengeren. Ḍèngkèlen ora bisa oncat. Ora bisa mbengok. Embuh pirang sekon suwéné.

'Ènten napa, nak?' pitakoné memedi sing nggawa colok. Swarané serak, nambahi giris.

Embuh ping pira pitakonan kang mengkono mau keprungu Wiradi. Nanging bareng ḍèwèké wis ngulu idu kaping-kaping, wis keḍèp bola-

bali kanyatan yèn memedi mau uga manungsa. Ḍèwèké banjur umak-umik mocap:
'Anu, bapak Wiradad punapa wonten ngriki?'
'O, enggih, nak. Ènten. Ibu enggih ènten, gerah. Mangga mlebet.'

Suparto Brata, Lara-lapané Kaum Républik,
Panyebar Semangat, 1958/Surabaya, 1966.

8
AJA SEMBRANA
(lagu kroncong)

Aja sembrana wong dolan dudu wayahé,
aku wis kanḍa aja nganti salah gawé.
Aja sembrana wong urip akèh goḍané,
Jaré wis kanḍa paḍa nanggung akibaté.
Éé kaé dadi gawé! Éé kaé dadi gawé!

Aja sembrana wong kanḍa mung lamis waé,
jaré prasetya lair paḍa lan batiné.
Aja sembrana sing dadi apa nyatané,
muga raharja yèn wis paḍa dikarepké.
Éé kaé dadi gawé! Éé kaé dadi gawé!

9
KENYA ROK BIRU

Wis ana rong dina iki aku ana ing kuṭa Ngayojakarta, perlu jagong mantèn. Mantèné mitraku tunggal jawatan, Radèn Suparta, inspèktur pulisi saka Munṭilan, olèh Rara Tisnawati, putrané Radèn Penèwu Ranusuganda, ing kampung Tegalpanggung.

Ketemuning mantèn diramèkaké nganggo nanggap wayang kulit. Tamuné akèh, nganti tarubé mèh ora kamot. Apa manèh sing paḍa nonton, wah akèhé ora karu-karuwan, nganti paḍet, mblabar tekan dalan geḍé. Ḍasar ḍalangé pancèn wis konḍang apiké, mula ora anggumunaké banget yèn nganti semono akèhé sing paḍa nonton. Aku ḍéwé ya nganti ngebyar. Lungguhku ana sakburiné kelir, dadi ceṭa menyang critané. Lakoné Bagawan Mintaraga.

Bareng wayang wis bubar aku nembé krasa ngantuk lan kesel, mulané aku banjur mlebu ing kamar paseḍiyanku, turu kepati. Jam telu awan aku nembé tangi, ya rumangsa katog banget. Beneré dina iku aku arep terus mulih menyang Magelang, nanging banjur dicanḍet déning mantèné sekaliyan supaya bali bareng sésuk-ésuk. Aku nuruti. Tékadé wong enggonku nyuwun pamit isih rong dina manèh, dadi isih ana témpoku.

Soréné mas Suparta serimbit paḍa merlokaké sowan menyang dalemé para pamiliné sing putri, perlu pamitan, nanging aku ora mèlu, sengadi arep ana perlu liya lan arep nyatakaké benginé Malioboro, kang jaréné wis konḍang tekan endi-endi. Mula bareng mas Suparta sekaliyan wis tindak aku banjur dandan, terus lunga menyang Malioboro, ngiras-ngirus karo tuku bonékah kanggo ngolèh-olèhi aḍiku sing isih cilik ḍéwé, putrané pak cilik sing dak-ponḍoki. Bareng wis olèh aku mbanjuraké mlaku-mlaku, karo nyawang pasawangan kang ramé.

Mula nyata, Malioboro pancèn ramé banget, ing sadalan-dalan tansah kebak wong. Mengkono uga untabing tetunggangan, ora ana peḍoté, ngalor-ngidul pating sliri pirang-pirang, motor, anḍong, bécak lan sepéḍa, wis ora kena diétung. Tujuné peraturan lalu-lintas wis becik, mula arang ana kacilakan.

Toko-toko paḍa katon paḍet kebak wong sing lagi paḍa blanja, nganti ora kena dipiyak. Mangka ing wektu iku wis tanggal 13, teka raméné isih nganti kaya ngono, méndah yèn pinuju tanggal nom, mangsané para kaum buruh paḍa gajihan, kaya ngapa raméné. Aku ḍéwé mung tansah

sumlengeren weruh untabing wong sing kaya ngono mau. Sarèhning niyatku mung butuh mlaku-mlaku, mula aku terus ngalor. Tekan tetegan sepur Tugu aku manḍeg, awit kebener lagi ana sepur teka. Mengkono uga tetunggangan paḍa manḍeg kabèh, dawané nganti ana 1 km. ḍéwé. Bareng teteg sepur wis dibukak aku nerusaké lakuku ngalor terus. Niyatku arep tekan tugu, banjur bali, mampir Kedaulatan Rakyat arep nemoni mitraku mas Teguh sing dadi wartawan ana kono, yèn ketemu.

Nanging bareng lakuku tekan sangareping geḍong biyoskup 'Ratih' aku manḍeg, awit aku gumun weruh untabing wong sing arep paḍa nonton biyoskup nganti semono akèhé. Sangareping geḍong kebak, jejel riyel, apa manèh sangareping lokèt, sing urut karcis nganti dawa banget, banjur ménggok bali manèh, nganti mujudaké lèter S.

Ing bengi kuwi sing diputer film 'Niagara', sawijining karakterfilm rolé Joseph Cotten lan Marilyn Monroe, kang aksiné pancèn bisa gawé kepéncuting sing nonton. Mula ora nggumunaké yèn untabing wong nganti semono akèhé.

Apa manèh bareng weruh gambar réklamené sing dipasang ana sangareping lawang, mesṭi akèh sing paḍa kepéncut, awit gambaré pancèn rada 'luar biasa', mung kena kanggo umur 17 taun sapanḍuwur. Aku ḍéwé, sing niyaté mung arep mlaku-mlaku, bareng weruh kaya mengkono atiku teka banjur mèlu kesengsem, kepéngin nonton. Mulané aku banjur ménggok, arep golèk karcis. Nanging kepriyé enggonku bakal bisa olèh karcis, awit sing urut wis dawa banget. Mula niyatku yèn ora olèh karcis ya arep trima nglenṭung mulih, katimbang tuku karcis ana caṭutan, kang regané wis tikel tekuk, tur nglanggar larangan pisan. Pancèn ing wektu iku tukang caṭut karcis akèh banget, pating sliwer ngalor-ngidul, ngétan-ngulon, karo nawakaké karcisé kanṭi ḍeḍelikan kuwatir konangan pulisi. Éwadéné meksa isih akèh sing gelem tuku, nganti tukang caṭut karcis mau katon kendel, lan enggoné ngunḍakaké regané sakepénaké ḍéwé baé, ora trima mung munḍak, nanging malah tikel loro utawa telu saka reganing karcis sing resmi.

Sarèhning sesak lan ora ana pangarep-arepé enggonku bisa nonton, aku banjur ndeleng gambar réklamené kang dumunung ana étalage. Lagi énak-énak enggonku ndeleng, dumadakan punḍakku ana sing njawil. Bareng dak-tolèh jebulé mitraku lawas, mas Ngubaèni, kanca sekolah pulisi nalika ana Sukabumi, kang saiki wis dadi inspèktur pulisi kaya aku, ḍèwèké ana Bantul, aku ana Magelang.

'Suwé ra jejamu, jamu manèh ngombé setrup. Suwé ra ketemu, temu manèh ana ngarep biskup. Arep mriksani apa, ḍik As?' pitakoné mitraku karo ngepuk-ngepuk gegerku.

'O . . . tibané mas Ngub. Sugeng, mas?' wangsulanku karo gumuyu.
'Kuru-kuru, ḍik.'
'Kuru-kuru? Kurugan daging ya?'
'Iya, ḍik. Arep nonton apa piyé?'
'Hè . . . èh niyaté, yèn olèh karcis.'
'É, yèn ngono tiba begja kowé, ḍik. Iki lho, aku duwé karcis.'
'Tenan apa piyé, mas? Apa karcisé turah?'
'Yèn turahé ngono ya ora, wong mung siji ṭil iki. Niyatku mau ya arep nonton, ning banjur dadakan ana susulan saka Bantul, aku dikon bali, awit ana perlu penting. Kebeneran banget aku bisa ketemu sliramu, ḍik.'
'O . . . ngono ta. Yèn ngono begjaku.'
'Iya, ḍik. Lha sliramu karo sapa?'
'Ijèn baé kok, mas.'
'Rak isih tetep ana Magelang ta, ḍik?'
'Isih, mas.'
'Yèn ngono ayo mampir pisan, wong wis ceḍak ngéné, karo manèh mbakyumu ya wis kangen.'
'Matur nuwun, mas, liya dina baé mengko dak-perlokaké sowan mrana, wong iki mau aku mentas jagong mantèn jé.'
'Sapa sing dadi mantèn, ḍik?'
'Mas Suparta, kanca inspèktur saka Munṭilan.'
'O, apa ḍik Parta bocah Kroya kaé sing awaké lemu ginuk-ginuk?'
'Iya bener, mas.'
'O ya sukur. Ya wis ya, ḍik, aku selak kesusu. Galo wis dientèni jip ana dalan kaé. Enya iki karcisé.'
'Trima kasih, mas. Enya iki ijolé ḍuwit karcis.'
'Wis ora susah, ḍik. Mung kaya ngono baé teka arep diganti, tur kaya karo sapa!'
'Ya matur kesuwun banget lho, mas. Selamat berpisah, dan selamat bekerja.'

Mas Ngubaèni mung gumuyu, banjur terus lunga, marani jipé. Bareng aku wis nampani karcis — lan nomering kursi nomer 12 — aku banjur mlebu ing geḍong biyoskup, kang wis kebak. Aku banjur milang-miling, nggolèki pernahing kursiku. Nanging sepira kagètku bareng weruh kursiku mau wis ana sing nglungguhi, lan kiwa-tengené wis kebak priyayi putri ṭok. Aku rada rikuh lan isin, awit munḍak dikira sing ora-ora. Ananging kepriyé manèh, wong bab iki wis dadi aturané geḍong biyoskup kono: saben penonton olèh nomer kursi, perluné ora rebutan lan kanggo njaga tata-tentrem ing jero geḍong kono. Mulané aku banjur marani dununging kursiku mau, kang wis dilenggahi priyayi putri rada

sepuh, kang saka pangiraku klèru enggoné lenggah, awit sanḍingé kursi nomer 13 kosong, lan kursi nomer 14 dilungguhi sawijining kenya rok biru, kang rupané sulistya banget. Mak pyur panonku konang-konang bareng tempuk paḍa nyawangé. Atiku trataban. Kanṭi ngati-ati lan trapsila aku banjur pitakon karo priyayi putri mau mengkéné:
'Bu, mbokmenawi panjenengan klèntu anggènipun lenggah, awit kursi punika, nomer 12, kursi kula.'

Priyayi putri mau rada kagèt, banjur ngawasaké aku. Kanṭi mèsem banjur mangsuli mengkéné:
'O ... inggih leres, nak. Panjenengan boten klèntu. Dados punika kursi panjenengan ta? Yèn ngaten keleresan. Tukar kémawon inggih, nak, awit kula ajrih kaliyan nomering kursi kula punika, nomer 13. Rak kersa ta, nak?' ngendikané karo nudingi nomering kursi, nomer 13. Weruh kaya mengkono aku mèsem. Geli atiku déné ana nomer baé teka diwedèni.
'O ... mekaten ta, bu? Inggih kénging,' wangsulanku karo sajak rikuh, awit weruh sing nglungguhi kursi nomer 14 mau putri, mula aku durung wani lungguh. Mbokmenawa priyayi mau ngerti batinku, tanḍané banjur ngendika manèh:
'Sampun rikah-rikuh, nak. Laré èstri punika anak kula piyambak. Mangga ta, énggal lenggah.'
Krungu wangsulan kang kaya mengkono aku saya gumun banget, awit ora ngira yèn kenya rok biru mau putrané lan teka banjur téga temen, déné putrané mau kok ditégakaké dikon lungguh jèjèr karo aku, wong sing durung naté diweruhi, mung jalaran merga saka wedi karo nomer 13 baé. Apa tumon?

Atiku tambah saya ora kepénak, rikuh, ya ḍeg-ḍegan, awit kenya rok biru mau banjur mbalang liring karo aku. Aḍuh ... èsemé gawé kuwuring panonku, gawé tab-tabaning jiwaku.
'Mangga ta, nak, lenggah. Sampun nggalih pakèwed,' mengkono ngendikané priyayi sepuh mau sepisan manèh bareng weruh aku isih ngadeg. 'Inggih, bu.'

Gelem ora gelem aku kepeksa banjur lungguh ing jèjèré kenya rok biru mau. Dadi enggonku lungguh mau diapit-apit ibu lan putriné. Lungguhku tansah ora bisa jenjem. Atiku tansah gorèh baé, awit jiwaku tansah kagoḍa déning kasulistyané kenya rok biru mau, kang ayuné pancèn tanpa tanḍing. Apa manèh bareng aku ketaman èsemé kenya mau kang diincrit-incrit, aḍuh ... mati awakku. Awakku krasa lemes bules, ḍaḍaku geter terus, karo tumungkul. Ing sajroning aku tumungkul mripatku tansah nglirik, nyawang kenya mau, mula aku banjur ngerti

ceṭa wéla-wéla menyang citrané kenya mau, kang ayuné nyata mulus temenan, ora ana cacadé. Dedeg-piadegé pideksa, pawakané gilig wutuh, rada ramping tur singset. Pakulitané kuning nemu giring, rai bunder, aṭi-aṭiné nguḍup turi, nylekenṭik, alis njlirit ireng menges-menges. Mripaté gilar-gilar, lindri-lindri, irung ngrungih amerit, lambé tipis ciyut angembang blimbing, maya-maya abang, kaya gambaran pinulas. Anḍeng-anḍengé geḍé samrica, dumunung ana saceḍaking irung sisih kiwa, muwuhi pantesé lan manisé. Saya manèh yèn pinuju mèsem, bisa gawé gemes, sajak kaya nantang menyang sing lagi nyawang. Apa manèh bareng aku nglirik rerengganing ḍaḍané, kang ana gunungé sakembaran, atiku saya gonjing miring, angles, imanku kaya ora kuwat. Aḍuh . . . !

Kenya rok biru mau umur-umurané bangsaning 22 taunan. Kasulistyané kenya mau nyata gawé gonjinging jiwaku, ḍaḍaku tansah sirsiran ora lèrèn-lèrèn. Salawasé aku urip, ya nembé sepisan ji iki, atiku ketaman ing rasa kang kaya mengkono mau. Atiku nanḍang wuyung, nanḍang brangta asmara.

'Ah, apa iki dayaning nomer 13 kang nyata gawé apes, kaya pangandikané priyayi putri mau? Mula teka bener, akèh wong sing wedi karo nomer 13, awit jaréné nomer sing siyal, sing apes. Apa aku iki ya bakal nemoni siyal? Kiraku teka bener, buktiné aku banjur nanḍang kasmaran kaya ngéné iki. Gèk omahé ngendi kenya iki ya?' mengkono gagasanku karo tumungkul.

Mbokmenawa ora mung aku ḍéwé kang ketaman rasa kaya mengkono mau. Kenya rok biru sanḍingku ya semono uga ayaké, awit lungguhé uga banjur ora bisa jenjem lan seḍéla-seḍéla tansah katon ambekané kang munggah meḍun, karo tansah nglirik aku, banjur tumungkul, sajak isin. Tujuné bab iki ora ana sing weruh. Lan ora suwé biyoskup wiwit main. Ing jero geḍong malih dadi peteng. Sing katon mung soroting gambar kang tumuju menyang kelir.

Wosing crita biyoskup mau anggambaraké lelakoné sawijining wong jejoḍoan. Sing lanang banget tresnané karo sing wadon, kosok-baliné sing wadon tresnané mung lamisan, ḍemen laku sèḍèng karo wong liya. Kawusanané nuwuhaké lelakon kang nyeḍihaké banget. Sing wadon nganti diprajaya déning sing lanang, lan sing lanang ḍéwé uga banjur mati nunggang prau, prauné rusak, wusana banjur kagawa déning ilining banyu kang tekan grojogan Niagara kang jero banget. Nonah Marilyn Monroe sing dadi rol nyonyah Roos, bojoné tuwan Loomis (Joseph Cotten), aksiné pancèn 'boleh' banget. Satindak-tanduké tansah digawé aksi, ya lakuné, ya tingkahé. Mula nganti akèh para penonton sing paḍa marem lan mèlu kesengsem. Nanging kosok-baliné kenya rok biru san-

ḍingku lungguh mau ora mengkono. Nalikané weruh aksiné Marilyn Monroe mau malah banjur ora gelem ndelengaké, sajak malah isin lan éwa, mratanḍani yèn kenya rok biru mau wanita sing luhur bebudèné. Nalika weruh nyonyah Roos arep diprajaya sing lanang ana puncaking menara kang ḍuwur banget ceḍak grojogan Niagara, kenya rok biru mau ya ora mentala atiné, ora tahan ndeleng lelakon kang gawé ngeresing ati. Saking wedi lan seḍihé nganti ḍèwèké lali. Bareng-bareng karo gumlétaking awaké nyonyah Roos sing wis mati jalaran diprajaya sing lanang ḍèwèké terus nyekeli tanganku kenceng, sajak wedi, tangané krasa gumeter. Aku kagèt weruh tanganku dicekeli kenceng. Mbokmenawa kagètku gawé élingé kenya iku, tanḍané banjur uwal panyekelé lan sajak isin, tumungkul.

Lumering tangané kenya rok biru mau tansah nggrantes ing atiku, krasa alus, gawé getering awakku sekojur. Keḍering tangané krasa gumrining temenan, mahanani brangtaning jiwaku. Aḍuh, kaniaya temen!

Bareng jam sanga kliwat seprapat biyoskup wis bubar. Aku weruh ceṭa wéla-wéla yèn rupané kenya rok biru mau dadi pucet banget, kaya wong mentas nanḍang lara baé. Ḍèwèké bola-bali tansah mandeng aku kang ana buriné. Sarèhning sing nonton akèh mula metuné ya rekasa. Kanggoné aku malah kebeneran banget, bisa nyawang saka buri kanṭi mat banget. Apa manèh bareng metuné ngrekasa aku jèjèr rapet karo ḍèwèké, rasaning atiku saya les-lesan banget. Sinomé mobat-mabit kena angin kitiran, rumangsaku kaya lagi awé-awé menyang jiwaku. Éman banget déné aku durung tepung. Rékané mono ya arep nepungaké, nanging atiku sing ora wani, cangkem kaya kinunci. Satemah aku mung meneng baé, karo ngelus ḍaḍaku. Potonganing awaké kang gilig ramping lan singset mau saya gawé kepéncuting atiku. Aḍuh . . . ana bocah ayu teka kaya ngono!

Bareng tekan njaba wong loro mau terus mlaku baé. Batinku, tiwas kebeneran, awit nedya arep dak-etutaké nganti tekan omahé. Mulané lakuku ya dak-rinḍikaké, kira-kira mung let limang mèteran ngono. Kenya mau wanguné ya ngerti yèn lakuné tansah dak-etutaké, tanḍané bola-bali banjur nolèh, kang saya gawé kumepyuring jiwaku.

Lakuné wong loro mau terus ngidul. Bareng tekan sangareping hotèl Garuḍa wong loro mau terus mlebu mrono. Mak jegagik aku manḍeg, ora wani ngetutaké manèh, kuwatir yèn dikira arep nyembranani. Saiki aku nembé ngerti ceṭa yèn kenya rok biru mau dudu wong Ngayoja. Genah wong saka manca, saka ngendi aku ora ngerti. Mung baé aku duwé pangira-ira yèn wong mau wong Banyumas, awit nalika paḍa guneman tansah dak-rungokaké, ḍialèké cara Banyumasan.

Nganti rada suwé enggonku ngadeg ana sangareping hotèl kono. Atiku manḍeg-mangu lan kuwur, awit jiwaku kaya-kaya tansah ngetutaké lakuné kenya rok biru kang mlebu menyang hotèl. Beneré aku arep ndeleng buku tamu, nanging bareng dak-rasa tindakku kurang patut, mula aku banjur trima mulih nglenṭung, karo semplah atiku.

Tekan Tegalpanggung aku terus mapan turu. Kebeneran mas Parta sekaliyan durung kondur. Bengi iku aku ditari mangan déning ibuné Rara Tisnawati, nanging aku ora gelem, sengadi yèn mentas disuguh kanca, mulané aku terus tutup kamar. Nganti bengi aku ora bisa turu. Atiku tansah merem-melèk baé, awit tansah isih ton-tonen kenya rok biru baé kang tansah gawé gandrunging jiwaku. Dilali-lali tansah saya ngranuhi, saya gawé tambahing brangtaku. Wewayangané tansah cumiṭak ing panonku ora bisa ilang. Aḍuh ... jiwaku sambat-sambat, nganti ora rinasa aku banjur ura-ura lirih, tembangé pangkur, wewarahé ibu cilikku:

Wonten candraning wanita,
kang susila anor-raga ing krami,
seḍeng dedegipun,
renyah wicaranira,
rikma wenes amemak angembang bakung,
wimba ananggal sepisan,
nétra njahit liyep alindri.

Iku prayoga ginarwa,
bekti laki mbangun turut sakapti,
aran 'Senḍang-Sanga' yèku,
pantes kinarya garwa,
gung sihira lan gung rejekinipun,
awètan wanita ika,
tentrem lan ayeman ati.

Aḍuh, apa iya bener temenan tegesé tembang iku? Mangka yèn ndulu menyang candrané kenya rok biru mau teka ngepleki temen karo tembang mau, gèsèha ya mung seṭiṭik banget. Yèn nyata bener kaya mengkono mesṭi bakal begja kemayangan banget sing bakal mengku kenya mau. Aḍuh ... awak, awak! Apa aku bisa kelakon mengku kenya rok biru iku? Mangka kenal baé durung, mengkono uga ora ngerti omahé pisan. Ah teka nglengkara temen pikirku iki, anggandrungi wong sing durung diweruhi ing sakabèhané. Tiwas-tuwas temen!

Any Asmara, Grombolan Nomer 13,
Surabaya, 1956.

10
MBARANG

Bocah cilik manis, kakang aḍi
runtang-runtung nyang endi-endi
nyangking angklung saka bumbung
mlebu lurung metu lurung

Bocah cilik manis, keḍana-keḍini
runtang-runtung mbarang saparan-paran
ngupa-boga nyambung panguripan sadulitan
nambal nisṭa sing lunga teka wira-wiri, nrenyuhi

Nembangi lagu-lagu, memelasi
mbukak babad ngenesi ati
koncatan bapa-biyung, ḍèwèké tininggal kèri

Bocah cilik manis, keḍana-keḍini
runtang-runtung nyang endi-endi
dina-dina uripé kaliput ayang-ayangané méga

Dyan Annimataya Soer,
1959

11
GARA-GARA

Éka sawiji, bumi dununging titah. Dwi loro, sawah unggyan tetuwuhan. Tri telu, tirta pasabaning mina. Catur papat, akasa pasabaning iber-iberan. Panca lima, ardi pikukuhing jagad. Sad enem, janma pranataning buwana. Sapta pitu, ratu janma panutaning bumi. Hasṭa wolu, panḍita kang bentur tapané. Nawa sanga, déwa panutaning janma. Dasa sapuluh tetengering kasampurnan.

Gara-gara ing mangsa Katiga. Bumi gonjing, tan ana udan; lamun ana kepara salah mangsa, karya curesing tetuwuhan. Siti samya nela anjurang cerung isi gegremetan mawa wisa. Sato kéwan pating bilunglung tambuh-tambuh paraning marga. Panas anggegirisi tan antuk pangéyuban, temahan pejah pating selebar sapara-para. Kaṭah tetanduran tanpa tuwuh, cures déning sepining tirta, tambuh-tambuh sinerang ing sato kang tan antuk teteḍa. Curesing tetuwuhan anjalari sepining boga. Kaṭah janma kasangsaya. Culika angambra-ambra rebut gesang tan wigih tindak druhaka. Sato tirta, mina raksaka sapepaḍané sami kasangsaya ingendi-endi, panas tan antuk panonoban. Kang alit-alit pejah dadya mangsa kang ageng-ageng, bebasan ana titah mangan rowang katemahan. Iber-iberan tambuh-tambuh paraning ngungsi pangayoman, memangsan saged pinangguh; temah samya pejah tumibèng bantala, pating slebar pating blesar saenggèn-enggèn. Gunung pepeṭoking jagad njomplang, kang bumi tan timbang, jugrug, karya sangsaya; linḍu ping selikur sadina, karya rusaking wewangunaning bumi. Janma kaṭah-kaṭah kasangsaya, pepati angambra-ambra, kang rosa mangsa kang ringkih, sirna pranataning madyapada.

Ratu tan kuwawa ngenḍak kang gara-gara; jer muhung titah sawantah tan kantun kapanduk ing panca baya. Panḍita adreng memuja, meminta sih-nugrahaning Baṭara sirepa kang gara-gara. Samya lumajeng mring pucuking arga, angudanaken sekar-sekar, lumrang kang banjaran sari, nanging tan kenḍak gara-garaning bumi. Temah samya asrah ing jawata, pepuntoning nala sumarah mring Kang Mahakuwasa, yèn karsa anglebur buwana. Déwa kena lara tan kena ing pati, nanḍang kasangsaya tan taha-taha. Sampurna wijiling gara-gara, ing buwana sintru, peteng nḍeḍet, kilat-ṭaṭit sesonḍèran, ḍèḍèt érawati ngakak, kumitir

peṭité Hyang Anantaboga, sunguné lembu Andini, kawah Candradimuka pinḍa kinebur, mblèbèr blegdaba lubèr mring bumi, tambah-tambah karya kasangsaya.

Énggar tyasé Kang Murbèng Titah, wus andadar kahananing madyapada, minangka pangènget-èngeting janma mring Kang Akarya Jagad, ya Kang Maha-Tunggal. Kayektèn pangwasané Kang Maha-Amasésa, tan linawan mring sagung dumadya. Nanging manungsa asipat kumawasa, tan ngrasa anampi coba.

Parandéné ana titah awujud bajang sakembaran. Siji anggawa pecut, karsanya anggiring maruta, sajuga anyangking baṭok bolu, sanggupé arsa nawu sagara. Kekaroné papagan ing dlanggung prapatan, sulayaning rembag dadya pancakara, dreg-udregan rebut unggul, wijining kang karya gara-gara.

Gangsa mungel Sampak paṭet 9. Garèng kaliyan Pétruk sami kekerengan ramé, boten wonten ingkang kawon. Telas-telasing pancakara, sami tataban sami sirah, buncur ḍawah kantaka, gumlinting ing kisma. Bagong ḍateng, tiyang kekalih lajeng kagénḍong wangsul, sowan ingkang rama (kaentas). Semar tancep ing palenggahan tengen majeng mangiwa. Gangsa suwuk tanpa paṭet. Lajeng kacariyosaken:

— Wau ta, sasirnaning kang gara-gara, ing bang wétan katon ana téja. Sasirnaning kang téja katon meṭuṭuk kaya gumuk. Mbegogok kaya ténggok. Sajatiné iku Baṭara Ismaya kang tapa ngramé kinarya pamongé para satriya kang utama budiné. Tapa ngramé amémba kawula karan Kyai Lurah Semar, Badranaya, ya Nayantaka. Nalika samana Lurah Semar nuju kewangkungen déné pisah anaké tetelu. Wonten laré ngarit, lajeng tinakènan:

Semar: Ṭolé! Ṭolé! Bocah ngarit kang nyengkelit kranjang, nyunggi arit!

Laré ngarit: Klintu, kyai. Nyengkelit arit, nyunggi kranjang, boten nyengkelit kranjang nyunggi arit.

Semar: É, iya benerna ḍéwé kono, aku wong wis tuwa, bléro tembungku. Apa kowé mau weruh dèn bagus dèn bagus anakku, hè?

Laré ngarit: Putra panjenengan ingkang pundi, kyai? Kula dèrèng ḍamang.

Semar: É, putraku endi manèh yèn ora wong tetelu. Kang tuwa dèn bagus Garingan, irungé kaya monḍolan, tangané céko,

sikil gejig. Aḍiné geḍé ḍuwur, irung bangir, polatan kaya wong nyebrot. Wuragilku sarwa amba, mripat amba, lésané ya amba.

Laré angèn: O, sumerep, kyai. Kala wau wonten kilèn ngriku, sami padudon aben kucing. Sulayaning rembag ingkang kalih sami kerengan, satunggilipun milah. Sarèhning sayah samangké sami aso tilem sanganḍaping papringan kakroyok laler.

Semar: É, ora genah anakku kaṭik paḍa mainan. Mara undangna mréné, ṭolé.

Laré angèn: Mas lurah! Mas lurah! Mas luroooooah! Sampéyan ditimbali rama sampéyan.
É, é, ora nglilir. Bèn dak-balangé lungka ... (blug!).

Garèng: Aṭhooooo! Sapa iki wani ganggu gawé?

Laré angèn: Sampéyan diundang rama sampéyan.

Garèng: Aku emoh mara nèk ora ditembangaké ... ḍanḍanggula.

Laré angèn: Punika boten purun, kyai, manawi boten katembangaken ḍanḍanggula.

Semar: É, kaṭik isih tetep aleman temen bocah ki. Apa wong gerang ki ya kelakon klongkang-klongkong. É, ya ta, bebasan anak molah bapa kepraḍah, ya dak-lakonané. (Semar nyekar ḍanḍanggula sléndro paṭet 9. Ḍawahing gong katampèn ladrang pangkur lamba, kinten-kinten 3 gongan. Garèng lajeng ḍateng saking kiwa.)

Garèng: Waḍuh! Tuwa-tuwa kakèkné ki saya empuk suwarané. Wis wis, anggeré wis krungu tembangé ḍanḍanggula kakèkné, arepa ngaḍep ratu, dak-tinggal ngono baé.

Semar: Hèh, hèh, hèh, hèh ... ! Hé, olèhmu isih aleman kuwi. Jaré kowé mau kerengan karo Pétruk, apa hiya? Yèn bener, apa sababé?

Garèng: Aḍuh, ma, dadia banyu emoh nyuwèk, dadia goḍong emoh nyawuk, dadia suket emoh mangan aku, karo putramu siji kaé.

Semar: É, jalarané apa? Sadulur kaṭik nganti kaya ngono. Mara undangen!

Garèng: Emoh, ma. Aku saiki peṭi gung kang waḍah wayang, glepung munggwing ciṭakan kok. Aku joṭakan tur satron.

Semar: Éee, hèh, hèh, hèh ... ! Ora genah! Nganggo parikan barang. Ayo, gelem apa ora? Yèn ora gelem kelakon dak-gècèk ḍéwé kowé.

Garèng: Hé! Hé! Hé!
Galo, ma, meneng baé.

Semar: É, ngundang kaṭik ha-hé ki apa ngerti.

Garèng: Héééé, awak . . . é!

Pétruk: Apa, mripat?

Garèng: Waḍuh! Galo, ma, pokalé anakmu. Diundang awaké kaṭik terus nyanḍak mripat, dupèh mripat èlèk wé.

Semar: É, sing ora genah kuwi kowé. Ngundang kok awaké iku kepriyé?

Garèng: É, aḍimas kadangé pun kakang! Mara mrénéa! Ditimbali kanjeng rama.

Pétruk: Nuwun inggih, kaka Prabu. Amit pasang kaliman tabé, kula ingkang sowan rama.
(Pétruk ḍateng saking kiwa, nyembah, lajeng dipundangu.)

Semar: É, ṭolé, kowé mau paḍa padudon karo kakangmu ana apa hè?

Pétruk: Lha sing marahi ki rak kang Garèng ta, ma. Ngajak main totohané klambi. Bareng kalah, dak-jaluk ora awèh, malah menṭang-menṭang.

Garèng: Ora kalah ngono, wong aku jané sing menang. Coba, kretu lima, kari nggawa nyiji. Kèri ḍéwé aku imbal kucing, ditubruk Cina, kok menang Cinané. Mesṭiné rak menang kucingé. Malah njaluk klambi, mesṭiné aku ya ora awèh. Nékad, klambi dilarak-larak nganti ajur kabèh.

Pétruk: Lha endi ana, ma! Wong kucing kok menang karo Cina! Dibabada benḍo rak ya mati ngono kucingé.

Semar: Hèh, hèh, hèh . . . ! È, wis menenga, ṭolé! Aja padudon! Kabèh bener, ora ana sing luput. Pancèn kucing karo Cina iku paḍa déné digdayané, paḍa déné kuwasané. Lha wong Cina lan kucing kuwi apa baé klebu, ana sanḍangan klebu, omah klebu, sawah pisan klebu. Mula ngati-ati, aja sok dolanan Cina karo kucing manèh, ya. Lo, aḍimu Bagong ana ngendi?

Pétruk: Anu, ma. Bagong dolanan karèt ana kulon kono.
(Bagong ḍateng kaliyan tetembangan lagu sinom.)

Semar: É, kuwi ṭik ana tembang apik temen, nggèr. Yèn diamalaké rak ya bregas ngono.

Bagong: Bregas baé, lha wong isiné piwulang kang becik.

Semar: Lèhmu olèh ngendi, ṭolé?

Bagong: Olèhé marahi pasinḍèn kulon kono mau apa.

Semar: É, mangertia, iki bendaramu sajaké lagi sungkawa. Ayo paḍa sowan mbonḍèti, bèn énggal lejar.

Mungel genḍing Bonḍèt. Panakawan catur kaentas manengen.

Radèn Arjuna medal, tancep ing palenggahan tengen majeng mangiwa, tangan ngajeng siḍakep, sungkawa. Panakawan catur sami ngaḍep. Gangsa kasirep, lajeng kajantur:

— Ing madyaning wana. Sinten ingkang ketingal ingriku? Satriya bagus angemu kingkin. Sapa dasa-namané? Dasa sapuluh, nama kekasih. Kekasih Radèn Arjuna, Pamadi, Arya Parta, Margana, Kumbang Ali-ali, Panḍu-tanaya, Indra-tanaya iya Jahnawi-suta. Mila kekasih Radèn Arjuna, toya wening ing waḍah; Pamadi, sanyata pamadyaning kadang Panḍawa; Arya Parta déné pinunḍut putra Sang Hyang Parta; Margana, bisa ngambah ing gegana; Kumbang Ali-ali, 'kumbang' wus ngarani, 'ali-ali' araning kumbang. Sanyata Satriya ing Madukara, unggyan sang darma memanis, wèh reseping saisining praja. Panḍu-tanaya, putrané Prabu Panḍu, nata ing Ngastina kang wus suwargi. Indra-tanaya, pinunḍut putra Sang Hyang Indra; ya Jahnawi-suta, putrané Dèwi Jahnawi ya Kunṭi Nalibranta.

Nalika samana sang binagus neḍeng ngénggar-énggar ing driya, ambebeḍag sato ing wana. Wus samadya candra lawasé, nanging tan antuk buron sajuga. Dahat sungkawèng driya, déné ing ratri, ing leyeping ngaluyup sang arya antuk supena wangsiting jawata. Mila tansah anjegreg pinḍa tugu sinukarta, tan mobah tan mosik. Sanadyan para panakawan panḍèrèk wus sami sowan ing ngarsa, nanging sang binagus dèrèng kersa ngandika. Tandya koḍeng manahé para panakawan, mila lajeng sami réka-daya nglelipur sungkawaning bendara. Mawarna-warni solah patrapé kenaa kanggo sarana renaning penggalihing bendara. Mulat sang arya Parta patrapé panakawan, gya ènget ḍateng lenggahing bendara lan sinatriya. Mila lajeng arsa imbal-pangandika.

Gangsa mantun sirepan. Sawatawis lajeng suwuk, dipunsuluki Suluk Paṭet 9 Ngelik. Satelasing suluk lajeng ginem (panakawan nglelejar panggalihing bendarané).

Semar: Hiii..., bendara kula, radèèèn! Kula ingkang sowan. Kula ingkang pun Semar inggih Badranaya. Kula aturi paring pangandika, radèèn, punapa lepat kula saanak kula. Punapa kirang

ngrenani panggalih patrap kula? Yèn makaten mugi kersaa paring pangaksama, lajeng kersaa paring ḍawuh, ndaraaa! Hiii, priyé, ṭolé, bendaramu kaṭik kèndel baé. Mara lipuren, ṭolé, bèn lejar penggalihé, bèn énggal paring ḍawuh.

Bagong: Mung ḍawuh wé kok disuwun ta, maaa? Lumuh temen nganggur. Mengko yèn diḍawuhi rekasa ya nyebut.

Semar: Hiii, ora kaya kowé, Bagong. Bendarané susah malah cikrak-cikrak, kaul ngaji pupung. Ora ngélingi jejermu dadi pamong, hé?

Bagong: Pamong iku gawéané rak momong. Momong angger sing dimong wis meneng arep apa manèh, hayo?

Semar: Hiii . . . , saya ndluya! Éé, ṭolé Garèng, mara lipuren bendaramu, ṭolé.

Garèng: U-huk . . . , olèhku nglipur priyé ta, ma? Bisaku mung rengeng-rengeng.

Semar: É, rengeng-rengeng ya bèn, ṭolé, waton bisa lejar panggalihé bendaramu.

Garèng: Ya, coba dak rengeng-rengeng tembang kinanṭi. Wah, nanging larasé apa? Wis bèn, ana ngalas ora ana gamelan wé kok. Ndara, kula ingkang abdi pun Nalagarèng. Ndara, kula nyuwun ḍawuh. Ndara, kula nyuwun . . . nyuwun . . . nyuwun . . .

Bagong: Maklumé waé, kang.

Garèng: Huus, waḍuh, ora genah, dianggep wong ngemis awakku. Bagong kaya ḍemit, oraaa?

Bagong: Jenèh, matur kok 'nyuwun . . . nyuwun . . . nyuwun' ora wis-wis.

Pétruk: O, kang Garèng ora ngerti lagéyané ndara Janaka. Lha wong ndara Janaka kok ditembangaké kinanṭi. Karemané bendara kuwi tembang pangkur. Coba tak-tembangné, mengko rak lejar. (Pétruk nembang pangkur.)

Bagong: Hora pasah! Mangsa bénjoha! Ora. Ndara kuwi remenané ora tembang, nanging dongèng.

Pétruk: Lha kok kowé, Gong, ngerti?

Bagong: Lha yèn soré sok menyang nggonku njaluk didongèngaké kok. Malah kala mangsa turu nggonku ki.

Pétruk: Rupamu kaya lampor ngono, Gong. Ya wis, coba ndongènga!

Bagong: Apa kowé wis ngerti asal-usulé kang Garèng, kang Pétruk karo aku?

Pétruk: Durung. Yèn kowé ngerti mara dongèngna!

Bagong: Ngéné, ya. Nalika Semar sepisanan muḍun ing marcapada, tiba jleg ing Pasar Legi Sala. Ing kono banjur ketemu karo kéré

grèsèk. Lha wong ya Semar ki wong nggragas, terus gendon rukon karo kéré mau, wusana patutan siji, ya kuwi kang Garèng.

Garèng: Hus, wong édan! Mbukak wadining wong tuwa. Piyé, ma, apa nyata mangkono temenan? Yèn ora nyata dak-jotosané si Bagong.

Semar: É, wis togna baé. Kuwi rak bocah ora genep pikirané.

Bagong: Terus, Semar lunga manèh. Nyuwita ing kraton, olèh bojo pasindèn. Patutan siji, kowé kuwi, kang Pétruk. Kowé kuwi anak pasindèn, mula apa-apané sarwa dawa, lha pasindèn iku swarané galik-galik, sarwa dawa.

Pétruk: Dadi aku ki anak pasindèn? Ya wis bèn, isih onjo tinimbang anak kéré. Terusé, kowé anaké sapa?

Bagong: Antara olèh rong taun, kakèkné tinimbalan bali marang kahyangan. Preluné diparingi jodo widadari, wong Semar kuwi sakjané déwa. Kelakon widadari digawa mudun. Ing marcapada peputra siji, ya kuwi aku iki.

Pétruk: O, rupamu kaya lédog ngono, Gong. Kaya ngono kok putra widadari. Mung olèhmu arep ngapikaké awakmu déwé baé.

Bagong: Ya biyasa no. Apa awaké déwé dièlèkaké?

Dipunsuluki Suluk Patet 9 Jugag. Arjuna lejar panggalihipun. Lajeng paring pangandika:

Arjuna: Kakang Badranaya, saanakmu, aja dadi seriking atimu. Aku meneng ora marga duka, kang jalaran kurang bener anggonmu nyuwita aku. Nanging, kakang, èmenging panggalihku, jalaran aku mau bengi supena. Dak-lali-lali saya kélingan, dak-lipur-lipur saya kuwur rasaning panggalihku.

Semar: I, i, i . . . bleg geduweg ugeg-ugeg sadulita, humel-humel.
É, tolé, bendaramu sungkawa ora marga saka aku lan kowé, nanging marga saka pasupenan.
Lajeng punapa ingkang paduka supenakaken, ndara? Mangké sami kaembat werdinipun. Garèng punika tukang nepsiri impèn punika.

Bagong: Impèn baé kok digagas. Impèn iku rak kembangé wong turu. Nggagasa impènku rak ora kober nyambutgawé aku.

Pétruk: Hus! Ya aja ngono, Gong! Nadyan mung impèn iku ya mawamawa impèné. Manut apa kang diimpèkaké, wanciné ngimpi, priyé tabeté sawusé ngimpi, ceta apa mung remeng-remeng, apa

tangi turu terus bablas tanpa tabet. Kabèh iku ana mangsudé.

Garèng: Bener kaya kanḍané Pétruk kuwi, Gong.

Semar: Lajeng punapa ingkang paduka supenakaken, ndara?

Arjuna: Mangkéné, kakang. Ing kanané, kaya-kaya aku darbé ingon-ingon prekutut kang banget dak-tresnani. Mula banjur dak-yasakaké kurungan kang éndah adi. Nanging, kakang, ngerti-ngerti prekutut kang banget dak-tresnani iku ilang tan karuwan genahé. Ḍadi juḍeg penggalihku. Dak-lari menyang ngendi-endi, bebasan dak-réwangi ngukur lurung milang kori naliti wana, nanging meksa ora ketemu. Dumadakan, kakang, ana sawijining nom-noman ing sawijining dina mbalèkaké prekututku, isih waras-wiris. Mung ana tabeté gogrog wuluné salamba. dadi suka rena penggalihku, kakang, nanging kaya apa kagoling atiku, bareng aku wungu, awit rasa renaku kagol ing tengahing marga. Mangkono, kakang, supenaku mau bengi.

Semar: Éééé ... i, hèh, hèh, hèh! Priyé, ṭolé Garèng, apa kowé ngerti werdiné?

Garèng: Wah, rada koḍeng pamikirku, ma. Aku pamit ḍisik. Lha, Pétruk kuwi mbokmanawa ngerti.

Pétruk: Lha nèk aku mesṭi ngerti. Manuk niku genah pawakan manungsa. Manungsa niku genah Semar. Lo, cocog ta. Semar niku rak inggih panjenengan asihi ta, ndara. Lha ical niku tegesé sirna. Niki Semar ajeng diukum niki. Awit lajeng saged wangsul malih. Bénjang nèk empun telas paukumané, pulisi baḍé mangsulaken. Lo, mula ngati-ati lo, ma. Aja sok mbubuti pohungé wong padésan, munḍak diukumaké.

Semar: Éééé, ora genah! Kapan aku tau nyolong duwèking liyan, hè?

Bagong: Kang Pétruk baé kok bisa. Kula ngertos, ndara. Rak prekutut niku ta. Ḍèk soré-soré prekututé njaluk ngombé. Ombènana banyu sumur, nagari adil lan makmur.

Semar: É, aja clumetan kowé, Bagong. Hiii! Laré-laré boten wonten ingkang sami mangertos, ndara.

Arjuna: Kakang, iya. Sawusé iku, kakang, aku banjur kadereng kepéngin bali marang praja, baya ana kahanan apa ing sajroning praja, kakang.

Semar: É, manawi makaten, kasinggihan karsa paduka.

Arjuna: Hiya, kakang. Supaya énggal tekaning parasdya, aku bakal nasak alas wilayah Sétra Gandamayit iki. Para anak-anakmu kinèn ngati-ati aywa adoh-adoh kalawan jeneng ingsun, udakara mung sarubuhing lanḍéyan kéwala.

Semar: Nuwun inggih, ḍateng sendika, radèn. É, ṭolé, Garèng, Pétruk, Bagong, aja adoh-adoh karo bendaramu. Bendaramu arsa kondur nrabas alas Sétra Gandamayit.

Dipunsuluki Ada-ada Wana Wasa. Radèn Pamadi kalampahaken mangiwa kaentas. Panakawan ugi kaentas mangiwa. Kayon kalampahaken geter.

Ki Kodiron, Serat Tuntunan Caking
Pakeliran Ringgit Purwa, Lampahan
Sembadra Larung, Sala, 1962.

12
KUPU KUWÉ
(lagu dolanan)

kupu kuwé tak-cekelé
mung aburé ngéwuhaké
ngalor ngidul
ngétan bali ngulon
mrana-mréné ing saparan-paran
méncok cégrok
mabur bleber
mentas méncok cégrok
banjur mabur bleber

13
RAJAPATI

Adam ora ngreti pira suwéné ngadeg njegreg mengkono iku, nanging ora suwé uwong-uwong tamu hotèl liyané uga nusul munggah lotèng. Sing sepisan uwong setengah tuwa, manganggo piyama biru wis lawas. Banjur nom-noman loro lanang wadon. Nitik praupané sajak sedulur, sing tuwa wadon, kenya umur-umuran rolikur ngono; sing enom isih katon bocah, apa manèh manganggo kaṭok cekak. Tamu sing nusul kèri ḍéwé pemuḍa nom-noman, bregas rupané lan ora gugupan, malah kepara seneng sembranan, nḍugal. Iki mau kabèh tamu-tamu sing nginep hotèl Suralaya kono bengi kuwi.

'Wèh, rajapejah punika,' celaṭuné wong sing nganggo piyama biru. 'Ngatos-atos tindak-tanduk kita, sampun grusa-grusu. Langkung saé kita ngentosi pulisi rumiyin, sampun nindakaken punapa-punapa. Segawonipun sinten punika?'

Wong sing bisa guneman lancar sajaké mung piyayi piyama biru kuwi. Liya-liyané bareng weruh kaanané wong mati kang gumléṭak ngisor kursi kuwi paḍa cep meneng kabèh. Kenya kang kasebut mau nutupi rainé lan njaluk sènḍèn aḍiné. Déné aḍiné, pemuḍa sing kaṭokan cekak kuwi, mung bisa keṭap-keṭip lan bolak-balik ngulu idu, ngilangi girisé. Pemuḍa bregas sijiné, sanadyan uga ketara mèlu kagèt weruh mayit gumléṭak iku, sajaké ora patia maèlu. Kanggoné pemuḍa kuwi luwih gati ngawasaké solahé kenya mau tinimbang liyané. Ḍèwèké uga ora bisa kumecap apa-apa.

'Segawon kula,' wangsulané Adam kanṭi rekasa.
'Langkung saé dipunsingkiraken saking ngriku.'

Sarana ngati-ati Adam narik taliné Mopi sing klèwèran. Mopi ginjal-ginjal, karepé emoh ditarik ngadoh, nanging kepeksa nurut, marga Adam ngukuhi panariké.

Ora watara suwé ana pulisi loro teka, uga sanalika munggah lotèng lan mlenggong seḍéla weruh sikil ngececeng ceḍak kursi iku. Nanging pulisi sijiné énggal éling kuwajibané, mula énggal celaṭu marang kancané: 'Kang Daliman! Tilpunen inspèktur Surya, kang.'
'Kowé waé, Ji. Aku tak njaga kéné,' wangsulané pulisi Daliman.
Pulisi Taji muḍun nggolèki tilpun.

'Ki sanak kabèh aja paḍa ngowahi barang-barang kang sumèlèh ana kéné,' celaṭuné Daliman kang satemené wis ora perlu manèh, marga tamu-tamu hotèl kuwi wis paḍa ngreti patrapé ḍéwé-ḍéwé.

Ing ngisor pulisi Taji tilpun: 'Hallo, pak Surya? Anu, pak, agèn pulisi Taji lapur. Wonten rajapejah. Inggih. Wonten hotèl Sura ... Suradira, èh ... Suralaya, Ngapeman. Inggih, tiyang jaler, pak. Kirang terang punika, pak. Kita namung manggihi mayitipun. Punapa? Inggih. Inggih, dèrèng éwah kinten kula. O, inggih, inggih, mangké kula préntahaken mekaten. Sinten, pak? Handaka? O, ḍétèktip Handaka? Dèrèng, pak. Inggih. Dados panjenengan tilpun piambak? Sinten, pak? Ḍokter? Griya sakit inggih, pak? O, inggih, inggih. Mangké kula padosanipun nomer tilpunipun.'

Sawisé kuwi Taji banjur ngolak-alik buku notesé, nuli tilpun manèh, nerangaké marang ḍokter Murtihusada — ḍokter bagian prekara kriminil — larah-larahé kaanan hotèl. Pulisi Taji banjur munggah manèh.

'Piyé, Ji? pitakoné Daliman.

'Dikon ngentèni seḍéla. Pak Surya ndang rawuh karo komploté.'

'Sapa ta?'

'Ḍétèktip Handaka. Sajroné ngentèni kéné dikon ngawas-awasi. Gunemen karo wong-wong waé ora pareng.'

'Percaya aku. Pak Surya pancèn bangsa ora gelem kèṭèr lan emoh ketrucut yèn nandangi prekara kaya ngéné,' wangsulané Daliman.

Inspèktur Surya teka, nggawa bala. Kejaba pulisi-pulisi kang pinatah njaga sakiwa-tengené hotèl — diangkah aja ngetarani — uga dikancani piyayi nom-noman kuru, ora merbawani, nanging ngawaki.

Inspèktur Surya ḍéwé wis suwé ngasta ing kepulisian babagan kriminil. Uga yuswané wis ngemping pènsiyun, nanging asmané taun kepungkur dadi kalok marga mbongkar prekara kècu ing Lawéan. Déné piyayi kuru sing ngancani kuwi wong sing kerep urun pikir marang pulisi bab miyak wadiné kadurjanan. Kanggoné tlatah Jawa-tengah asmané wis dudu wong liya manèh, ya-iku kang karan ḍétèktip Handaka.

'Ora ana sing owah iki ya?' ngendikané pak Surya wiwit mriksa. Kabèh paḍa ngiyani.

'Pripun? Sinten sing meruhi ḍisik?' pitakoné pak Surya nganggo basa krama anḍap. Sawisé paḍa plingukan seḍéla, Adam énggal ngacung kaya patrapé bocah sekolah.

'Anu, pak. Babu hotèl, èh abdi hotèl, ingkang ngonangi rumiyin. Piyambakipun jelih-jelih lajeng manḍap, semaput. Saged ugi dipunupakara tukang kebon wonten nganḍap ...'

'Lha sing minggah mriki ḍisik ḍéwé sinten saking ki sanak sing ènten mriki niki?' celaṭuné inspèktur Surya nugel rembug ora sabar.
'Inggih kula, pak. Tiyang èstri wau semaput, kula lajeng minggah mriki,' wangsulané Adam.
'Wonten napa kok terus minggah?'
'Lha wong abdi èstri punika wau ketingalipun ajrih sanget, mila kula inggih kepéngin sumerep punapa ingkang ngengajrihi punika.'
'Dados sampéyan dèrèng ngretos yèn baḍé manggihi mayit niku?'
'Boten nginten babar-pinḍah, pak,' wangsulané Adam.
'Lha segawon niku, sinten sing gaḍah?'
'Inggih kula, pak.'
'Lho, sampéyan rak tamu hotèl ta?'
'Inggih, pak,' wangsulané Adam rumangsa ora kepénak.
'É, ya élok! Tamu nginep hotèl kok nggawa kéwan kaya ngono. Ya ra, ḍimas?' celaṭuné pak Surya, setengah njaluk timbangan Handaka.
Ḍétèktip nonoman iku manṭuk mbeneraké.
'Anu, mas,' celaṭuné ḍétèktip Handaka sumela mumpung bisa nyelani, 'tak-kira luwih becik takon-pitakonan iki diurus ana ngisor waé, marga kurang prayoga yèn ceḍak mayit ngéné iki. Risi lho kanggoné wong-wong iki.'
'Aku rujuk kuwi. Nanging apa ora luwih becik kita priksa ḍisik mayit lan kaanan liyané iki?'
'Iya. Saiki disetitèkaké tanpa ngangkat mayit. Mayité mengko bèn dipriksa lan diupakara pak Murtihusada. Déné bab mriksa kaanan kéné luwih becik ngentèni wong sing ngreti kaanan kéné ḍèk wingi-winginé. Tak-kira abdi sing semaput iku bisa dikon nyritakaké barang-barang apa kang owah. Nanging sarèhné saiki ḍèwèké durung bisa, dadi bab mriksa kaanan kéné disemayani ḍisik.' Mangkono pamrayogané ḍétèktip kuru kuwi.
'Ya, ya. Mangga ki sanak sedaya mawon sami manḍap. Pancèn boten pénak omong-omong ceḍak mayit,' ujaré inspèktur Surya.
'Apa manèh mayit tanpa sirah ngono,' ḍétèktip Handaka nyambungi.
'Hèh? Tanpa sirah?'
Greg. Kabèh tumolèh marang panggonan mayit, lan nyetitèkaké pernah sirahé mayit. Persis nggon gulu ketutupan bantalan kursi, dadi saklérapan pancèn ora ketara mayit mau wutuh apa ora. Nanging yèn disetitèkaké seḍéla waé wong meṣti ngreti yèn mayit kuwi tanpa sirah.
'Mayité sinten niku?' pitakoné ḍétèktip Handaka marang wong-wong. Nanging ora ana sing mangsuli, marga kabèh tamu hotèl kamaré paḍa ana ngisor. Utawa upama ngretia ya isih paḍa wedi ngaku.

Sawisé ngulataké kaanan kono seḍéla, pak Surya lan ḍétèktip Handaka banjur mèlu muḍun nututi wong-wong liyané. Ana pulisi loro sing tetep dikon njaga ana nḍuwur. Tekan ngisor kabèh paḍa diacarani golèk papan lungguhan ḍéwé-ḍéwé ana méja-kursi sakiwa-tengené kantor hotèl.

'Sing duwé hotèl iki endi ta, kok ora muncul? Apa wis ditilpun?' pitakoné inspèktur Surya marang para pulisi rèrèhané sing paḍa pinatah njaga lan ngulat-ulataké hotèl kono.

'Pak Dimin wonten pawon, pak, ngupakara tiyang èstri ingkang semaput,' celaṭuné sawijiné pulisi jaga.

'Sing duwé hotèl kok pak Dimin! Pak Dimin sapa?'

'Ha inggih punika, pak. Criyosipun pak Dimin ingkang kagungan hotèl radèn Téjakusuma, manggèn wonten lotèng.'

'Wé lha yèn ngono rak sing dadi kurban kuwi ayaké!'

'Saged ugi, pak.'

'Ketiwasan ané! Ora ana sing kena dijaluki keterangan bab hotèl. Kejaba pak ... pak sapa mau? Dimin? Sapa sing ngreti bab rerigening hotèl iki?' pitakoné inspèktur Surya.

'Anu, pak. Criyosipun pak Dimin ingkang manḍégani bab tamu-tamu hotèl punika kapasrahaken radèn Jatmika ingkang pidalem wonten Timuran ...'

'Lha ya kuwi sing tak-butuhaké! Tilpunen ta! Ngono waé kok ya ndadak ngentèni préntah!'

'Inggih, sampun, pak. Sampun dipunpeṭuk punika wau.'

Sawisé kuwi pak Surya maspadakaké tamu-tamu hotèl manèh. Adam rada rikuh, marga ḍèwèké katon anèh ḍéwé tinimbang wong-wong liyané. Ḍèwèké nggawa asu. Gèk wong liyané isih pating kriyip mentas tangi turu Adam wis dandan reresik awak ḍéwé.

'Sampéyan ajeng buḍal teng pundi kok ésuk-ésuk pun dandan?' pitakoné pak Surya.

'Namung mlampah-mlampah kok, pak. Kula mboten saged tilem wau dalu.'

'Éé, boten saged tilem? Ning nggih boten mireng napa-napa?'

'Mirenga punika meṣtinipun inggih mboten nginten wonten kedadosan kados ngaten, pak,' wangsulané Adam.

'Mireng napa mawon?'

Adam gugup, nanging meksa ora nemu tembung sing setiti: 'Kula mboten ènget suwanten-suwanten punika kanṭi ceṭa, pak.'

'Sampéyan tiyang pundi ta?'

'Asal saking Ngawi, pak. Nanging sapunika nyambut damel berah wonten Jakarta,' wangsulané Adam.

Pemuḍa cilik sing nganggo kaṭok cekak angop amba, nganggo nyuwara sajak bosen ditanggap pulisi ngono kuwi. Wong-wong paḍa nolèh marang ḍèwèké.

'Hèr, Hèr!' aloké mbakyuné ngélikaké polahé aḍiné kang kurang tata kuwi. Inspèktur Surya endang nyusuli pitakon: 'Aḍik sampéyan niku, jeng?'

'Inggih, pak. Nyuwun pangapunten, pak, radi keladuk kirang duga.'

'Enggih. Sinten naminé?'

'Suhèrwindra, pak.'

'Teksih sekolah ta?'

'Inggih, pak. Sampun S.M.A., nanging sok kados ngaten punika. Laré sapunika pancèn kirang mreduli ḍateng tatakrama . . .'

'Lha sampéyan, sinten naminé, jeng?' pitakoné pak Surya munggel crita-crita sing kedawan. Kenya iku rada lingsem dipunggel ngono. Ḍèwèké uga lingsem ditakoni jenengé. Lumrah kenya isin nyebut jenengé ḍéwé.

'Wiwik, pak,' suwarané lirih.

'Sinten? Sing lengkap!'

'Wiwik Hérawati.'

'Saking pundi?'

'Saking Malang, pak.'

'Perlu napa tindak Sala kaṭik nyipeng hotèl napa? Penting sanget napa?'

'Aḍik libur, pak. Kita kepéngin sumerep Tawangmangu. Ing Sala mriki kula boten gaḍah sanak lan tepangan. Dados inggih nyipeng ing hotèl mawon.'

'Yèn perlu teng Tawangmangu kok nyipeng hotèl mriki? Kok boten pados hotèl sing celak setatsiyun bis utawi sepur?'

Kenya iku rada bingung, nanging wekasané ya bisa mangsuli: 'Pak-lik kula maringi alamat hotèl punika, pak.'

'Sinten ta, pak-liké niku?'

'Tiyang Malang ugi kok, pak. Nanging rumiyin sampun naté tindak Sala nyipeng mriki. Pak-lik rumaos remen nyipeng mriki.'

'Sampéyan tepang kaliyan tiyang ingkang wonten lotèng wau?'

Kenya kuwi saya gugup, mangsuli rada kamisosolen: 'Bo-boten, pak.'

'Èstu?'

'Saèstu, pak.'

'Bénjing punapa tindak Tawangmangu miturut rancangan sampéyan?'

'Kala wingi sampun, pak. Nanging kajeng kula mangké dolan mrika malih, margi kala wingi kirang jenak.'

'Elo. Lha mbok wingi nyaré mrika mawon? Kok prelu timen wongsal-wangsul,' pak Surya ngganter waé pitakoné.

'Kala wingi boten sangu kemul, pak. Kesupèn yèn paredèn punika asrep. Lan malih kula sampun kelajeng njujug hotèl mriki, dados barang-barang kula tilar mriki.'
Inspèktur Surya manṭuk-manṭuk karo nggagas-nggagas.
'Ning niki mengké sampéyan boten angsal késah saking hotèl,' wasana tuturé. Banjur tumuju marang wong kabèh: 'Sedaya mawon boten angsal medal saking hotèl mriki dinten niki.'

'Nanging, pak, kula kedah nyambut damel. Kula kedah manḍégani pembangunan geḍung balaikota. Kula wonten ngriki dipunḍatengaken saking Semarang prelu nyambut damel!' Sing celaṭu kaya mengkono kuwi piyayi setengah tuwa sing ngagem piyama biru mau.
Inspèktur Surya tumolèh: 'Sampéyan sinten?'
'Arsitèk pemborong bangunan balaikota ngriki, pak. Harjatanaya nama kula.' Suwarané Harjatanaya iku sarèh lan mantep, mratanḍani yèn piyayi kuwi bisa mbéda-mbédakaké endi sing perlu, ora perlu lan sing wigati. Sikep kang kaya mengkono mau ndadèkaké pak Surya ngajèni lan ragu-ragu marang préntahé ḍéwé.
'Priyé iki, ḍimas?' inspèktur Surya njaluk pamrayogané ḍétèktip Handaka.
'Ora prelu ngurung wong-wong iki ana hotèl kéné ta, mas,' celaṭuné ḍétèktip Handaka. Bèn paḍa ngrampungaké kuwajibané ḍéwé-ḍéwé, anggeré mulihé paḍa mréné rak wis. Anggeré pulisi yèn butuh bisa ditlacak parané rak wis.' Banjur bisik-bisik marang pak Surya: 'Karo manèh, mas, yèn kita longgari polahé wong-wong kuwi bisa uga kono ya léna lan obah-mosiké wong-wong kuwi bakal nuntun kita marang wadiné kadurjanan iki.'

Inspèktur Surya manṭuk-manṭuk ngreti karepé Handaka, nanging uga isih kuwatir, ndulu pitakoné sing uga bisik-bisik: 'Lha mengko gèk mlayu durjanané?'
'Tak-kira ora, marga, wong-wong iki paḍa ngreti yèn pulisi wis ora luput ing pangincer yèn mung nlacak wong-wong iki waé.'

Inspèktur Surya banjur ngendika sora: 'Nah sampéyan mireng piyambak, sampéyan sedaya angsal dolan-dolan, nanging dalu mangké kedah wangsul mriki. Kejawi ta yèn kadurjanan niki mengké ndang bisa dirampungi, sampéyan saged ugi bébas kados adat saben.'

Kari pemuḍa sing bregas iku sing durung keprungu asal-usulé.
'Sampéyan sinten, ki sanak?' pitakoné pak Surya.
Sing ditakoni mangsuli, sajak wis seḍiya wangsulan yèn olèh giliran: 'Nami kula Kusmèn, pak. Padamelan kula dagang bikak toko, dados agèn sepatu Bata wonten kiṭa Prabalingga, Jawi-wétan.'

'Teng Sala napa nggih ngurus dagangan?'
'Boten, pak. Kula prelu ngaso.'
'Ngaso kok teng Sala. Napa Sala kintené langkung ayem tinimbang Prabalingga?'
Kusmèn meneng ḍisik, mikir-mikir. Nalika celaṭu pikirané sajak durung terang: 'Anu, pak. Sala pancèn bènten kaliyan Prabalingga. Nanging mireng Tawangmangu wau kula inggih lajeng kepéngin ḍateng Tawangmangu. Kula boten gaḍah rancangan ingkang mantep pados panggènan kanggé ngaso kok, pak.'
'Mas Kusmèn! Sing ngatos-atos!' ujaré ḍétèktip Handaka menṭelengi Kusmèn. Sing dipenṭelengi gragapan.
'Sampéyan ènten ngajengé pulisi lan kesangkut bab kadurjanan. Yèn mangsuli ampun angger mangsuli. Sing blaka! Ampun gampang-gampangan anut grubyug rembug bab Tawangmangu!'
'Lho mboten anut grubyug kok, mas. Saèstu punika. Kula pancèn baḍé ḍateng Tawangmangu énjing punika.'
'Anggèn sampéyan gaḍah rancangan niku rak mboten margi mireng saking criyosé jeng Wiwik niku!' celaṭuné Handaka nuduh.
'Lho enggih margi Wiwik kok, mas!'
'Napa?'
Kusmèn ora endang mbalèni tuturé. Ḍèwèké krasa yèn ketrucut.
'Nah,' ujaré Handaka, 'sampéyan mesṭi empun tepung jeng Wiwik, ketara njangkar mawon.'
Kusmèn ora bisa mangsuli.
'Kusmèn 'ki lho!' ujaré Wiwik jèngkèl karo mrengut.
'Ora apa-apa ta, Wik. Anggeré kéné ora gepok-sénggol karo bab rajapati iki rak wis! Rak lumrah ta, jaka kaya aku tepung karo kenya kaya kowé?' Saya suwé, bareng wis nyata kaweḍar, swarané Kusmèn saya krasa seneng.
'Wiwit ḍèk napa sampéyan tepung jeng Wiwik?' inspèktur Surya ngeṭok rembug.
'Sampun dangu, pak. Sadèrèngipun kula pinḍah Prabalingga. Sadèrèngipun kula bikak toko.'
'Kusmèn, Kusmèn! Lancangé!' ujaré Wiwik.
'Kéné kudu blaka, Wik, karo pulisi.'
'Embuh, embuh! Geṭing aku!'
'Wong tepungan ngoten mawon kok diwadèkaké ta, jeng?' celaṭuné inspèktur Surya karo rada arep mèsem. Wiwik mrengut waé.
'Maklum, pak. Lha wong semayané mriki sajaké inggih boten kasumerapan keng ramané,' ujaré jaka bregas iku karo klécam-klècem.

'Kusmèn! Sembrana kowé! Rumangsamu aku iki wong uculan, nilapaké rama prelu nemoni kowé?! Aku suṭik ketemu kowé, tak-kanḍani! Wong kok ora iḍep isin!'
'Ho-ha-hem!'
'Hèr! Karepmu ki piyé ta? Angop kok diblak waé!'
Suhèrwindra keṭap-keṭip waé. Kusmèn ora ketara isin dielokaké kenya kaya ngono, malah sajak arep mbéda. Weruh solahé kenya kang trengginas mau pak Surya uga banjur mèsem.

Nalika iku lawangé ruwang tengah dibukak uwong, banjur muncul ḍokter Murtihusada. Rawuhé diiringi juru-rawat lanang loro ngusung tanḍu.

'Terus waé, mas. Ana lotèng kana kurbané,' ngendikané pak Surya. Ḍayoh-ḍayoh anyar mau banjur terus munggah unḍak-unḍakan tanpa kesuwèn omong-omong lan mompar-mampir guneman liyané.

Suparto Brata, Tanpa Tlacak,
Surabaya, 1963.

14
PAHLAWAN PANYEBAR SEMANGAT KAMARDIKAN

sekar kagem kadang premadi
Imam Soepardi Swargi

kadang kinasih
eluh trenyuh ngembang gugur
nguntabaké tindakmu ing tapel-watesing garislana iki
kanṭi tentrem leladi karsaning Gusti
kang Maha Welas lan kang Maha Asih

kadang kinasih
tabeting tresna kang mulus
kang labuh ing ati lan gerak makarti
ngrembuyung jroning urip bebrayan gung iki
sarta lungiding pénamu dadya
woding cita api semangat
kroḍaning kamardikan bangsa

kadang kinasih
nadyan pénamu wis aking
nanging isih tetep bening kekinclong
kekètès pinḍa mutiara pèni
dadya kaca pamangun pribadi
dadya jejimat paripih nyantosani barisan iki

kadang kinasih
pahlawan Panyebar Semangat Kamardikan
liwat pénamu
bangsaku kagugah
sarana pénamu
bangsaku gumrégah

kadang kinasih
nadyan iki pinangka dina wekasan . . . .
nanging dadya tancebing watu kang wiwitan
binangun nambah aruming sejarah bangsa kang tanpa pungkasan!

Moeljono Soedarmo
(in: Panyebar Semangat no. 34, October 1963).

15
DIRASANI ORA RUMANGSA

Dina iku dina Minggu tur isih ésuk, kuṭa Surakarta wis katon reja. Lurung-lurungé wis ndlidir aselur kebak tetumpakan warna-warna; pating sliwer truké, oplèt, bémo, bis, pick-up, tumekané anḍong, bécak lan sepéḍa paḍa sesimpangan, urut-urutan, ménggak-ménggok anut u-juring dalan ing kuṭa Sala kono.

Pasar-pasaré uga wis kumrumpyung kebak wong kang paḍa dol-tinuku. Swarané ramé. Ana kang nawakaké dagangané, ana sing anyang-anyangan rega lan sapanunggalané.

Ombyaking wong kang paḍa arep plesir uga tanpa kenḍat. Sing dituju yèn ora Balé-Kambang, Taman Ranggawarsita (Jurug), Taman Tirta-nadi, iya Taman Sriwedari kang wis konḍang. Ana sing perlu adus lelumban, nonton tontonan utawa kéwan, nanging akèh uga kang mung saperlu ngumbar mripat, golèk sawangan, nyawang sing paḍa nonton kuwi mau.

Nanging ing kampung Danukusuman, ing sawijining omah kagungané bu Sastraprawita katon ana sawijining kenya kang sajaké ora maèlu marang ombyaking karaméan ing dina iku. Aja manèh kok nduwèni sir dolan utawa sanja menyang endi-endi, lagi ṭenguk-ṭenguk ana ngomah waé katon sajak nglangut angen-angené.

Kenya mau ora liya Nur Indrati kang lagi teka ḍèk winginé ing inḍe-kosané kono, dalemé bu-liké ḍéwé saka bapa, iya bu Sastraprawita mau. Sajroné lungguh ijèn, Nur Indrati katon menawa ora kepénak pikiré, nggagas layangé Warsat kang isih kèri ana ing omahé Sragèn. Kejaba ngudarasa marang degsuranė si Warsat, uga nutuh marang awaké ḍéwé, déné nganti sembrana ingatasé layang kaya ngono kok nganti kelalèn, kèri saenggon-enggon. Eluhé nganti tumètès, mili nelesi pipiné kiwa tengen tumiba menyang roké wis ora dirasa. Saking puteging pikir lan nggrantesing rasa atiné, nganti kawetu pangunandikané lirih: 'O iya ta, ya. Embuh kaya apa wujudé wongé lan sapa waé jenengé kang sanya-tané, wosé sing arep duwé pokal nggegampang lan arep sembranan sarana layang wingi kaé aku tetep ora nrimakaké. Muga-muga ḍèwèké bakal nemoni akibaté.'

Saking bangeté nggoné ngudarasa nganti ora weruh menawa kancané,

ya-iku Swastini, wis teka ana kono. Mula Indrati njenggirat karo mbagèkaké: 'Lha, mréné, ḍik! Minggon ana kéné waé, ngancani aku!'
'Iya, mbak. Pancèn wiwit teka ngomah wingi kaé, rasaku mung kudu mréné waé kok.'
'Iya sokur ta, ḍik. Lungguha kéné ta, tak-critani.'
'Pancèn tekaku mréné iki iya ngiras arep butuh ngreti bab sing wingi kaé kok, mbak, sajaké kok wigati banget.'
'Nyatané ya ngono kok, ḍik Swas. Mula rungokna anḍarané, mumpung bu-lik wektu iki lagi tindak pasar, dadi bisa tenang lan aman. Ngéné lho, ḍik.' Indrati terus nyritakaké kadadéyan nalikané arep bali menyang Sala, bab tekané layang saka si Warsat.
'Nanging aku rumangsa durung tau wanuh lan weruh wongé sing kirim layang mau. Tenan kok, ḍik. Babar pisan aku durung tau tumon manungsané. Ngakuné ḍèwèké iku jenengé Warsat, omahé ing kampung Patang-Puluhan lho, kana.'
Swastini pitakon: 'Lha surasané layang mau kepriyé, mbak?'
'Ya kuwi, ḍik, sing ndadèkaké ribeding pikirku. Yèn gelaré ngarepan ngono rékané mung alal-bihalal lumrah. Nanging nganggo tinambahan sing surasané ngajak nonton aku. Coba, rak ya ceṭa banget yèn ora duwé kasopanan ta bocah iku? Ingatasé durung nepungaké ḍisik, ujug-ujug ngajak dolan. Coba, apa ora gawé kisruhing pikirku? Rak ya ora mèmper ta, ḍik?'
'Anggeré layangé ora dijawab lan ora ditekani nggoné ngancani rak ya wis ta, mbak?'
'Wé lha, bahaya, ḍik!'
'Bahaya priyé ta, mbak?'
'Ngéné, ḍik. Ḍik Swas meṣtiné wis ngerti menawa aku wis dipacangaké karo mas Kamdana, putrané pak-ḍé ing kauman Sragèn. Kejaba iki wis resmi, aku ḍéwé ya pancèn wis setuju tenan. Mangka marga saka kesusuku ḍèk wingi kaé, layangé Warsat kèri ana méja ngomah Sragèn kana. Dadi, yèn nganti ana wong nyumurupi layang mau, embuh wong tuwaku ḍéwé, saya manèh yèn nganti kawruhan mas Kamdana, wis meṣti bakal dadi gendra. Sing meṣti, aku bakal didakwa nduwèni sesambungan karo bocah lanang liya, tur sajak wis kulina kencan dolan. Coba, apa ora bakal nyilakakaké aku ta, ḍik? Aḍuh ... ana lelakon kok kaya ngéné, gèk bakal kepriyé kadadéyané? ... Warsat kuwi kok ya bisa-bisané gawé duraka nyang aku! Ya marga nggagas bab iki mau aku mau bengi sawengi rak nganti ora bisa turu. Durung lega atiku yèn sing ngirimi layang aku durung kelakon kewelèh sing nganti sakmelok-meloké kaé.'
'Aku ḍéwé ya durung tau weruh utawa wanuh sing jeneng Warsat kuwi

kok, mbak,' celaṭuné Swastini karo semu kamiwelasen ngerti lelakoné kancané kang pancèn perlu digatèkaké kuwi. 'Bisa uga sing sok konyar-kanyur ngadeg ana sanḍing pilar ngomahé kaé. Marga ya mung wong kaé sing sok wani njawati bocah wadon sing paḍa liwat dalan kono. Ning ya embuh nyatané, aku ḍéwé ya ora ceṭa bab iki. Saiki énaké ngéné baé, mbak. Kejaba kanggo nyingkiri bebaya, uga ngiras-pantes alal-bihalalan pisan, ayo saiki mbak Nur tak-ḍèrèkaké menyang Kranggan Kartasura. Numpak bis waé. Mengko yèn wis kebuktèn dina iki mbak Nur sowan mrana rak wis kena kanggo nangkis bebaya sing bisa uga bakal ana marga anané layang nyalawadi mau. Setuju ora?'

'O, apa ya ngono, ya ḍik Swas?' celaṭuné Nur Indrati karo sajak lega pasemoné.

'Iya wis, ayo, mumpung isih rada ésuk, dadi bisa tulak, terus buḍal saiki waé ta, ḍik.'

'Iya becik, mbak.'

Bocah loro banjur paḍa numpak pit menyang stanplat Harjadaksina sakulon pasar Gemblegan. Sawisé paḍa nitipaké pité ing titipan pit saceḍaké kono, banjur paḍa golèk panggonan ana ing bis 'Sendika' kang kebeneran lagi waé tekané lan wis suwung, ngentèni angkaté ing rit canḍaké. Nuli keprungu suwaraning pengeras suwara kang ngumumaké menawa bis 'Sendika' jurusan Semarang buḍal. Sasireping aba-aba iki disusul déning angkaté bis kasebut kanṭi suwara nggereng, kekeḍer lan terus gleser-gleser kluwer bablas mengulon parané.

Lagi waé bis 'Sendika' mungkur, kasaru tekané bis 'Matésih' kang ditumpaki Kamdana saka Sragèn ésuk mau. Sawisé pité diḍunaké déning tenaga kang wus sumaḍiya, Kamdana ora kok énggal pinḍah menyang bis sing tumuju Kartasura, nanging malah nuntun pité ngétan, ngener kampung Patang-Puluhan kang nyatané ora adoh saka stanplat Harjadaksina mau. Kamdana nuli nuntun pité mlebu sawijining pekarangan omah kang dumunung ana sakiduling dalan. Sawisé nyetandrataké pité, banjur uluk salam: 'Kula nuwun!' Subanu, ya sing duwé omah mau, isih kepétungan becik karo Kamdana, wiwit nalikané isih paḍa nyambut-gawé ana Bayalali biyèn. Kanṭi grapyak Subanu ngacarani tamuné: 'Wé lha, mas Kamdana! Réné réné, pinarak, lenggah kéné!' Loro-loroné banjur paḍa lungguh ing kursi. Sambi ngetokaké Kansasé, Subanu celaṭu: 'Tindaké rak ya wilujeng ta, mas?'

'Iya, ḍik. Wah, iki mau rak mèh baé kebacuten mengétan. Lha wong ya suwé ora sowan, dadi mèh waé ya pangling.'

'Oo, ya ya. Dupèh saiki kétok rada resik baé iki apa! Iki mau apa saka ndalem waé?'
'O iya, ḍik, saka nyelakaké mulih saka Sragèn. Lha saiki sisan preluné, mumpung aku tekan Sala. Kejaba ya pancèn wis kangen karo sliramu, réka-rékané ngiras-pantes alal-bihalalan pisan, ḍik. Ya aja kurang pangapura waé!'
'Aku iya semono uga. Kejaba matur nuwun banget, déné sliramu wis kepareng tindak réné, aku iya netepi alal-bihalal marang mas Kam. Sing geḍé pangapuramu baé lho, mas!'
Sajroné paḍa rembugan mau, ketungka tekané bocah wadon cilik ngladèkaké unjukan lan panganan, jadah sepiring lan remikan sak-loḍong.
'Ayo, mas, paḍa diunjuk, karo iki saanané disambi ḍisik.'
'Anu, ḍik Sub,' celaṭuné Kamdana, sawisé ngombé wédang lan mangan panganan sawetara, 'ing kampung Patang-Puluhan kéné apa ana sing jeneng Warsat?'
'Warsat? O, ana. Kaé mau lho omahé, sing kulon kana kaé. Ning wanguné suwung kok. Sajaké lagi mlancong,' celaṭuné Subanu karo nudingi mengulon prenahé omahé Warsat. 'Apa wis tepung ta?'
'Durung kok. Mung aku krungu-krungu, yèn ḍèwèké duwé hubungan karo kenalanku ing Sragèn. Embuh layanan bab apa, aku ora ngreti, ning sajaké kok penting banget ngono.'
'Nanging sing hubungan rak dudu sliramu piyambak, ta?' pitakoné Subanu sajak ngemu rasa kuwatir.
'Dudu kok, ḍik Sub, wong aku kuwi aja manèh srawung, weruh wongé waé durung, jaré!'
'O ya wis, nèk ngono. Welingku waé, yèn sliramu piyambak sing layanan, sing ngati-ati, lho!'
'Lho, priyé ta, ḍik?' Kamdana saya neseg pitakoné, marga rumangsa olèh dalan anggoné arep nyeliḍiki kahanané Warsat.
'Wah, Warsat kuwi penyakit kok! Tur ya tanggaku ḍéwé, nanging wong kebangeten banget ta!'
'Kebangeten piyé ta? Asliné pancèn kéné waé apa?'
'O, ambak-ambak katoné njenggarang, ngingu listrik, duwé raḍio, praboté pepak, mèbelé abyor, ngono kuwi rak mung gelaré, nanging satemené utangé nggeḍébyah saḍabreg. Sing nagih kènjèran. Paribasan nyawané disauraké, durung bisa lunas kabèh utangé. Tur ana kono kuwi ya durung suwé tenan. Asliné saka Pacitan.'
'Lho, sajaké kok nyebal temen ta? Lha cekel gawé ana ngendi? Mbok coba aku dicritani sing perlu-perlu waé, ḍik!'

'Ngéné lho, mas Kam, tak-aturi. Warsat iku asalé saka désa Slagi, Pacitan. Mauné dadi guru sekolah rakyat ana ing daérahé kono. Nanging satemené Warsat iku penḍiḍikané ora mingsra. Wong ya mung lulusan sekolah rakyat ṭok, kuwi waé embuh lulus tenan embuh mung réka-réka. Sing ceṭa nggoné dadi guru ya mung guru gabrulan. Wusana dipinḍah mulang ana sekolah rakyat sakidul Sala, embuh ana Grogol apa ngendi aku ora pati ceṭa. Dadi wis lumrah menawa tumindaké ana ing sekolahan mau ya ora sakmesṭiné. Ganḍèng kurang penḍiḍikan, rumangsa olèh keḍuḍukan, mula ya ṭukul sipaté kang ngedir-diraké, kena diarani mendem pangkat kaé. Lucuné, yèn praktèk mulang, Warsat mesṭi banjur alasan sumuk, marga kringet mesṭi banjur dlèwèran ngeblohi klambiné. Mula ya ora lestari. Ya-iku antara taun sèket papatan ngono, para guru sekolah rakyat paḍa diuji manèh déning Pemerintah. Lha ya ing kéné iki Warsat kewiyak wadiné nggoné nggabrul. Upamané mung rada ora apik ngono waé isih bisa diparingi kalonggaran, sarana diwènèhi ḍiḍikan manèh. Bareng si Warsat babar blas mesṭiné ya banjur dipecat ngono. Ya iki olèh-olèhané Warsat.'

'Lha saterusé, ḍik, kok malah cukup lan kesait kuwi kepriyé larah-larahé?'

'Warsat kuwi wong nékad kok! Dipecat saka gawéan ora malah ngati-ati utawa ngrumangsani, jebul malah tambah sembranané, saya mempeng royalé, mubra-mubru, brah-brèh wis ora nganggo éling. Malah mbambung nguber-uber kucing, nuṭuki babi, pokoké terus jumeneng poṭèt juḍi. Déné nggoné katon méwah kuwi mung saka nggoné kendel utang baé. Mangka ora sembada, mula iya akèh banget utangé, wis prasasat tanpa pétung. Ngono kuwi ya nganti sepréné iki, mula embuh kepriyé kadadéyané wong kaya ngono iku!'

'O, dadi ngono ta, ḍik Sub, ceṭané Warsat iku kegolong wong sing asor budiné ta?'

'Pancèn ya ngono, mas Kam. Mung anggepé olèhé kumraja-raja iku. Ora iḍep temen yèn mung karo témpé waé isih aji témpé.'

'Wis genah kuwi, ḍik. Témpé yèn bosok isih dibutuhaké nguwong akèh. Balik wong sing budiné bosok, sing mbutuhaké ya mung ṭuṭuk karo ṭoṭok, jiwané pisan suk kanggo tombok.'

'Angèlé, mas, upama diélingna pisan wong wis jeneng kasèp olèhé nglalu-nglali, iku tangèh yèn gelem élinga. Sing mesṭi ya malah seling surup.'

'Iku wis salumrahé wataké wong ciri wanci, iku mariné yèn wis diujuraké ngalor. Lha yèn dina Minggu ngéné iki Warsat mesṭiné minggon ya?'

'O mesṭi, mas. Aja manèh kok dina Minggu ora minggon, wong dina Senèn ya nékad senènan sapituruté.'

Karo kèlingan marang uniné layang kang disaki, Kamdana banjur takon manèh: 'Yèn mlancong ngéné kuwi, biyasané kancané sapa waé, ḍik?'

'Ah, ora kena ditemtokaké, ajeg solan-salin. Aḍakané ya karo bocah wadon, gonta-ganti, ya sing sekolahan, ya sing ora sekolahan, karo sing nakal utawa sing ora nakal, cekaké ngramped.'

'Wah yèn ngono iku ceṭa yèn wong nggladrah.' Celaṭu ngono iku Kamdana wis sajak ora betah ana kono, kaya-kaya kesusu mbanḍang menyang Sriwedari kadereng rasa sujanané ganḍèng karo unining layang gawan saka Sragèn mau. Mula nuli celaṭu manèh: 'Iya anu, ḍik, dak-balèni manèh. Aja kurang ing pamengku, sing geḍé pangapuramu baé marang aku. Sarèhné wis sawetara lan wis paḍa ketemu slamet, aku kepareng nyuwun pamit ḍisik, arep bali menyang Kartasura.'

'Aku semono uga, mas. Kejaba aku sarwa matur nuwun, déné sliramu wis kepareng tindak mréné, sliramu uga ngegungna pangapura marang aku. Ning apa ora mengko-mengko ḍisik ta, mas? Wong ya isih ésuk ngéné kok!'

'Ora kok, ḍik. Iya andum slamet baé ḍisik,' celaṭuné Kamdana karo ngelon-eloni ngadeg saka lungguhé.

'Nḍèrèkaké wilujeng lho, mas!' Subanu uga menyat saka palungguhané, perlu nguntapaké tamuné.

Saka omahé Subanu Kamdana terus ngepit menyang Sriwedari. Lakuning pit kaya disawataké. Ana ingarep lokètan Kamdana milang-miling mbokmenawa Nur Indrati katon ana ing kono. Bareng ceṭa yèn ora ana, banjur nitipaké sepéḍané lan sawisé tuku karcis nuli mlebu taman Sriwedari.

S. H. Puruso, Si Lola kang Sinarawèdi,
Sala, 1964.

16
PACEKLIK

anakku
puluh-puluh wis begjaku lan begjamu
kowé ora menangi sega beras anyar
ora weruh biyungmu nutu pari teles

anakku anak siji dak-aji-aji
dak-golèkaké pangan tekan ngendi-endi

mangsa ketiga dawa
panasé sumelèt tanpa méga
padaringan koṭong tanpa isi

anakku anak siji dak-aji-aji
dak-ajak gagas lèlès pari

panasé sumelèt tanpa méga
anak siji dak-aji-aji
dak-turokaké ing galeng dak-kemuli

anakku
nywaraa manèh kaya mau
ḍèk jinojoh kang duwé sawah

anakku anak siji dak-aji-aji
mati jinojoh wong; sinengguh colongan pari

Prijanggana
(in: Iesmaniasita, Guritan, Antologi
Sajak-sajak Jawi, Surakarta, 1975).

First published
between 1954 and 1967.

17
KELUWARGANÉ BU NYAI BLORONG

Sawisé salin penganggo lan dandan — krasa resik manèh — aku banjur metu saka kamar. Saiki lagi dak-gatèkaké: ruwang ngarep kamarku iku amba (sebutané 'ndalem gedé'). Aku rada lingak-linguk, kudu menyang endi supaya ketemu uwong. Sisih tengen kamarku ana rana lan krobongan. Ing ndalem gedé, kang katon ngilak-ilak saking ambané, ana méja kursiné telung pasang, kabèh modèl kuna. Aku milih marani dalan kang mangiwa, golèk lawang metu kang adakan saka kamarku. Nalika ngarepaké metu ndalem gedé, wis cedak karo lawang dak-parani, aku ndadak krungu wong rembugan sajak regejegan, swarané wong lanang lan wong wadon. Aku mandeg, gojag-gajeg. Nanging durung nganti mudeng apa sing pada dirembug, mara-mara ana wong wadon mlebu ndalem gedé: pyayi putri sing mbagèkaké rawuhé pak-lik Baskara mau. Pyayi putri mau mlaku nglèntèng sajak nepsu banget. Gelungané wudar ora dipreduli. Dèwèké terus waé nyabrang ndalem gedé lan ilang ing lawang tumuju menyang pendapa. Dèwèké ora weruh aku, marga aku rada nyisih ing panggonan kang peteng. Ing tangané ana barang kang digegem. Dak-waspadakaké kaya alu wesi.

'Sukinah! Aja nggugu karepmu déwé! Rumangsamu piyé?! Yèn aku mati piyé, coba pikiren!' Kang ngendika mengkono iku pak-lik Baskara kang nusul lakuné pyayi putri mau. Nanging ora dirèwès. Sing dibengoki tetep nglèntèng waé.

Pak-lik ora mbanjuraké anggoné nututi pyayi putri mau, marga piyambaké nolèh menyang kamarku lan pirsa aku wis cedak kono. Sikepé uga banjur diowahi, ramah nyawang aku.

'Wong iku wis édan tenan, nduk Laras. Éling-élingen kuwi.'

'Wonten punapa piyambakipun kok mbekta alu tosan?' pitakonku.

'Alu wesi? O, dèwèké lagi ndeplok glepung kanggo panganan slametan pitung dinané bu-likmu. Dèwèké iku satemené becik, ora disambat teka réwang déwé. Angger ora crita bab ... bab sing siji mau, dèwèké iku wong waras.'

Aku diajak pak-lik menyang mburi. Mlebu ing gandok dipapagaké mripat rong pasang, mripat priya. Pandeng ngajèni. Ora akèh priya nom-noman weruh sepisanan nyawang aku kaya ngono. Ing asrama

akèh tamu priya, ana kaḍèt, ana mahasiswa, nanging sing paḍa dadi pancering pandeng ya kanca-kanca sing ayu, dudu aku. Aku pancèn ora nduwèni rupa ayu kang narik kawigatèné priya. Déné yèn saiki ana priya nom-noman loro mandeng tekaku kanṭi rasa aji, pangiraku ora liya, marga aku kepanjingan aji pengasihané Nyai Blorong, yaiku dadi kenya sugih olèh tinggalan banḍané bu-lik Sudarawerti.

Priya nom-noman loro mau lagi ḍong main sekak. Udan-udan, nganggur, ing omah geḍé suwung ngéné, énak main sekak sinambi ngombé tèh anget lan mangan nyamikan. Donyané wong sugih! Aku mbésuk apa bisa ya golèk selané wektu kanggo kaya ngono?

'Lha iki, nḍuk, iki aḍimu Murdanu. Ḍèwèké sinau ing pamulangan luhur Indonésia Fakultas Sastra ing Jakarta. Sijiné iku kancané wiwit cilik, uga lagi nggayuh kapinteran bareng karo aḍimu. Iki, lé, mbakyumu Larasati, putrané kangmas Sulaksana swargi. Iki mau mentas dakpapag saka Surabaya, ḍèwèké nyambutgawé ing rumah sakit.' Jlèntrèh ngendikané pak-lik anggoné nepungaké aku lan para nom-noman iku.

'Murdanu.'

'Hèrjanjam.'

'Larasati, Larasati,' ujarku ambal pinḍo.

'Murdanu iku teka nyang Sala mréné uga marga ditlégram aḍiné, dijarwani yèn mbakyu Werti séda. Ḍèwèké putra gawan saka kangmas Simawalèn, garwané mbakyu Werti. Loro tunggalé: Murdanu iki karo aḍiné wadon, Dèwimurni jenengé. Endi ta, lé, aḍimu mau?' ngendikané pak-lik Baskara nerusaké larah-larahé kekeluwargan.

'Nḍèrèkaken bapak Talikepuh punika wau, pak. Saged ugi tumut nata takir. Puntimbali punapa kadospundi, pak?' wangsulané ḍimas Murdanu anḍap-asor banget. Wah, aku ora bisa tiru-tiru basa nganggo cèngkok Sala kaya ngono.

'Ora susah, ora susah. Mengko rak réné ḍéwé yèn krungu mbakyuné teka.'

'Ha-inggih. Kadospundi, mbakyu, kabaripun Surabaya?'

Aku glagepan anggonku mangsuli. Ora kulina basan karo wong nom-noman.

Pak-lik waskiṭa ing semu, terus ngendika: 'Wis ora susah basan waé, wong wis paḍa kulina urip ing njaban Sala. Ya marang aḍimu kowé ngundang 'ḍimas' ngono waé ta, nḍuk.'

Ana wong teka. Pak Truna ngladèkaké unjukan, unjukan tambahan, kanggo aku, marga liyané wis paḍa ana. Banjur kleser-kleser wong geḍé iku lunga manèh tanpa kumucap apa-apa, tanpa sabawa.

Udané sajaké wis terang, nanging dinané wis kebacut repet-repet

surup. Swarané koḍok kemrungkung ing kadohan, diselani swara walang kècèk ing petengan. Anggoné paḍa omong-omongan kéné ora patia lancar. Aku isih kaku omong karo ḍimas Murdanu, sanadyan wis paḍa ngoko. Lan angger omong-omong meneng, sepi kaya ana sétan liwat, aku krungu suwara-suwara liya, kaya gemrenggengé wong akèh. Lan ana manèh suwara kleṭak-kleṭèk kaya memedi ṭèṭèkan. Omah peteng iki sajaké pancèn akèh sétané. Nyatané bareng rada bengi siṭik sadurungé nyumed dilah, aku mambu menyan diobong. Ana wong caos ḍahar, embuh sisih ngendi, nanging mesṭi rada adoh, wong ambuné mung lamat-lamat.

'Punika wau wonten pyayi Banḍa Lumeksa rawuh mriki, pak. Ngendikanipun baḍé pinanggih panjenengan lan keluwarga mriki sadaya, ngaten,' ujaré ḍimas Murdanu.

'Éé? Jam pira?'

'Inggih énjing punika wau.'

'Dèn-bèi Jayatenaya apa piyé?'

'Kirang pirsa asmanipun. Priyantunipun inggil.'

'Lha piyé? Kowé . . . ḍèwèké kanḍa apa?' pak-lik ngangseg.

'Inggih matur panjenengan wonten Surabaya, mapag mbakyu punika, ngaten.'

'Lha njur, wangsulané?'

'Sonten punika baḍé wangsul mriki, ngendikanipun.'

'Lha, bali ora?'

'Boten. Lha lajeng jawah ngaten, sadinten.'

'Adaté nyrempeng kok, pyayi Banḍa Lumeksa ki yèn ana gawé. Apa manèh yèn diastani ḍéwé déning Dèn-bèi Jayatenaya. Jayatenaya ki tembungé mesṭi dilakoni. Kuwi adaté, lho. Nanging embuh manèh, wong jaman saiki ki jaman bisa ngowahi adat-kelagéyané wong.'

Aku sok kudu ngguyu krungu ngendikané pak-lik Baskara. Swarané nganggo kapidih kana-kéné, dadiné sajak kemaki, cakep, anggep lan ngenyèk. Upama keprungu cah-cah asrama ngono mesṭi dadi tetironan lan dadi geguyon. Yèn golèk wong sing pinter nirok-nirokaké ngono iku, asramaku ki guḍangé.

'Kleṭak-kleṭèk, kleṭak-kleṭèk.' Aku krungu swara kuwi, nanging arep matur pak-lik, apa déné cumuwit bab kuwi, ora wani. Marga dak-ulat-ulataké wong-wong sajak ora krungu. Kaḍang-kaḍang aku tolah-tolèh, lirak-lirik samudana, ing pamrih aja ketara, nanging satemené nggolèki dunungé swara iku. Ora ana apa-apa. Anaa dak-kira iya ora kasat, marga pernahé ya sajak ora ana ing ruwang kono, ing waliké témbok.

'Kowé rak durung ngreti larah-larahé batihmu ta, nḍuk?' pitakoné pak-lik Baskara.
'Dèrèng,' wangsulanku.
'Ngéné: éyangmu Narasoma iku putrané telu, senḍang kapit pancuran. Pembarepé kangmas Sulaksana, iku krama olèh Sidoarjo Jawa-wétan, ngetoni kowé. Kangmas mono ḍèk sugengé dadi mantri-kéwan ing Sido-arjo, bawah Surabaya. Aku biyèn ya wis tau tilik nyang omahmu, sadu-rungé kowé lair. Kowé isih cilik ḍitinggal bapakmu. Lan wartané ibumu ora krama manèh, nganti séda, nganti kowé diwasa. Mula kowé ora duwé sadulur.'

Aku seneng sejarahé wong tuwaku didongèngaké ing liyan. Sajaké wong Sala, seḍèrèk-seḍèrèké bapak, mikiré marang lar-leré sanak iku setiti. Nyatané, sanadyan ora tau weruh aku, kabèh mobah-mosiké ibu lan aku kawiyak kabèh. Biyèn aku tiwas nalangsa, rumangsa ijèn ṭil ing donya sawisé ditinggal ibu. Ditinggal ijèn ora ditinggali banḍa-brana, ora dipawiti rupa ayu. Gèk dadi wadon pisan, sapa sing ora nalangsa duwé nasib kaya ngono?

'Pangguluné mbakyu Sudarawerti, sing kagungan dalem iki. Mbakyu iki kramané kasèp. Krama sepisan olèh kangmas Simawalèn, ramané ṭolé Murdanu iki.' Aku rumangsa ora kepénak wong enom kaya pak-lik nim-bali 'ṭolé' marang ḍimas Murdanu. Nanging wong dak-sawang ora ana sing krasa anèh, dadi aku ya meneng waé. Ambuné menyan.

Critané pak-lik Baskara durung rampung, lagi tekan semono, ndadak swara 'kleṭak-kleṭèk' sing dak-prungu mau saya keprungu ceṭa lan ceḍak. Aku krasa bareng swara mau wis ceḍak banget, mula aku njenggirat, dak-tolèh sangkan-parané swara iku. Nalika iku aku yakin, mesṭi ana apa-apa kang njalari anané swara mau, apa-apa kang bisa uga diwa-dèkaké déning wong sing paḍa lungguhan ing ganḍok kono.

Temenan! Bareng dak-tolèh, aku weruh wong teka, teka marani pang-gonan sing paḍa dienggo linggihan kéné, eneré marang panggonanku. Sing teka iku kenya isih enom, nganggo rok bedinan, mlaku kecincug-kecincug mawa teken. Teken iku kang njalari ana swara 'kleṭak-kleṭèk', swara kang tansah dak-prungu mau. Aku mlongo, kenya iku mèsem.
'Lha, kéné, nḍuk, kéné dak-kenalaké karo mbakyumu kang ana Sura-baya. Nḍuk Laras, iki aḍimu Dèwimurni. Dèwimurni iki aḍiné ṭolé Mur-danu. Dèwimurni iki sing sajegé nḍèrèk bu-likmu Sudarawerti ana kéné, dadi réwang.'
'Sugeng, mbakyu, rawuhipun. Wong-wong ki kok ya ora gelem ngabari lho, yèn mbakyu Laras wis lenggah ngunjuk wédang ana kéné. Tiwas aku wira-wiri ana ngèmpèr kana ora ana gawéné.' Swarané renyah

nyengklèng, tatag, ora wedi wong anyar, ora wedi petengé omah, ora wedi ambu menyan, ora isin, ora mikir pincangé sikilé. Ḍèwèké uga ora mreduli aku nyawang ḍèwèké nganti ndomblong.
'Èh, iya, iya. Aku nungkak krama lho ki, wong aku kaprenah tuwa,' ujarku gragapan krungu swara grapyak iku.
'Lha, inggih sampun samesṭinipun,' wangsulané sumèh.
'Wakmu endi ta, nḍuk, jaré karo kowé kiyi mau?' ujaré pak-lik Baskara sumela.
'Kirang terang punika wau. Ngendikanipun baḍé tumut ngrubung ambeng mekaten.'
'É, mèlu kondangan, ta?'
'Inggih.'
'Kowé mau dak-aturaké ngréwangi gawé takir kanggo wilujengan pitung dinané bu Nyai iki mau,' Murdanu nyelani.
'Pancèn iya. Inggih, pak. Kula tumut damel takir punika wau. Malah nalika ambeng dipunkepung, kula ingkang ngobong menyan celak ndalem. Nalika punika kula kepanggih pak Talikepuh tumut among tamu kendurèn.'
'Anggonmu kutug murub ora?'
'Boten.'
'Wah, ora kepareng panyuwunmu,' ngendikané pak-lik semu guyon.
'Lha kula boten nyuwun punapa-punapa kok, pak,' wangsulané jeng Murni rada adreng, ora tanggap guyoné pak-lik, utawa pancèn ora seneng diguyoni pak-lik.

Sigeg! Sing paḍa guneman paḍa sigeg. Ana wong teka manèh. Aku énggal-énggal nolèh, ngetutaké panceré mripaté wong-wong.
'Apa iki putrané kangmas Sulaksana sing ana Surabaya?' ujaré kang lagi teka.

Aku rada kagèt krungu swarané. Panolèhku ketemu pyayi kakung ngagem tesmak, ngagem surjan Nyogya lorèk-lorèk lan janggané diubel-ubeli anḍuk, panulak hawa aḍem.
'Iya, kangmas. Ya iki sing dak-peṭuk,' ujaré pak-lik Baskara.
'Wé, lha kok ya wis prawan geḍé gandes ta, jebulané. Dak-kira isih majaputri. Aku ki uga pak-likmu, pak-lik Talikepuh. Kowé wis nyambutgawé apa isih sekolah, nḍuk? Sapa jenengmu?'

Kaya pak-lik Baskara, laguné gunem terus terang lan ngeblak.
'Laras . . . Larasati. Sampun nyambutdamel, pak-lik, wonten griya sakit,' swaraku lirih.
'Wah, lha wong ya Surabaya, ya kagok basané. Wis duwé pacangan durung, nḍuk?'

'Dèrèng,' swaraku sangsaya lirih. Isin aku!

'O, aja kwatir. Kéné akèh jaka. Suk dak-golèkaké. Aku ya sugih kok ponakan-ponakan sing wis paḍa nyambutgawé. Ana sing ana P.T.T., ana D.K.A. Tentera kowé rak ya seneng ta, nḍuk?'

Risi aku ditanggap pyayi-pyayi sepuh cara kaya ngono kuwi!

'Kadospundi, mbakyu, Surabaya? Griya sakit mrika sampun majeng inggih, mbakyu. Sampun saged ta operasi jantung?' pitakoné jeng Murni. Pitakon iku dak-tampa kanṭi leganing ati. Kuwanènku bali.

'Sangretiku durung tau operasi mengkono iku dicakaké ing Surabaya, jeng.'

'Kula bénjing yèn gaḍah arta inggih baḍé ḍateng Surabaya kok, mbakyu. Pareng inggih mampir dalemipun?'

'Lha mbok ya. Aku ora duwé omah. Aku ana asrama.'

'Kula perlu tetamba, kok,' ujaré ora nggatèkaké wangsulanku.

'Lara apa?'

'Murni! Kowé ki rak mung ngono waé!' ujaré ḍimas Murdanu ing sabrang méja.

'Iya, Murni ki sing dicritakaké rak mung rencanané yèn ḍèwèké duwé ḍuwit, yèn ḍèwèké sugih!' ujaré pak-lik Talikepuh.

'Lha, nyatanipun saèstu . . . boten gaḍah arta!'

'Wis ta, nḍuk. Kowé ki kok ya mbandel,' ngendikané pak-lik Baskara mèlu srengen.

Weruh jeng Murni dikroyok pyayi-pyayi kakung iku, atiku dadi mèlu panas. Apa manèh mentas waé aku dientasaké saka siraman isin. Jeng Murni nḍingkluk, cilik atiné. Apa ya kudu cilikan-atèn ngono wong wadon jaman saiki?

'Boten ngaten, bapak-bapak, sepunika pupung sami nglempak,' ujarku sumela atur kanṭi tatag, 'ngantos sapriki punika kula rak taksih dèrèng muḍeng punapa perlunipun kula dipunḍatengaken ing mriki. Cariyosipun kula angsal warisan ingkang kaṭah sanget. Punapa sapunika buktinipun, serat-seratipun, barangipun? Kula kok dèrèng dipungamblangaken.'

Sepi! Sepi banget!

'Klonṭang!' tekené jeng Murni ambruk ing jogan, kumanḍang.

Banjur sepi manèh! Aku saya ora ngreti. Ora ana wong sing mangsuli aku. Pak-lik Baskara, ora wani nyawang aku. Pak-lik Talikepuh api-api ngemataké anggoné nglinting klobot. Jeng Murni ndlongop nyawang aku, mripaté sajak wedi banget. Ḍimas Murdanu lan kancané uga mandeng aku keṭap-keṭip tanpa saran, paḍa lali yèn mahasiswa sing wis olèh piwulang akèh.

Ana sétan liwat! Ora! Ana wong teka tanpa swara. Teka terus marani pak-lik Baskara, lan bisik-bisik.
'Saiki?' pitakoné pak-lik Baskara mecah sepi.

Wong sing bisik-bisik manṭuk, njlenṭaré iketé mèlu obah.
'Aturana mréné! Aturana mréné, mupung paḍa nglumpuk!' ujaré pak-lik Baskara gragap.

Wong geḍé kang lagi teka mau mundur, klesed-klesed tanpa swara. Pak-lik nyawang aku, polatané dipaḍang-paḍangaké.
'Truna iki mau kanḍa, jaré Dèn-bèi Jayatenaya rawuh. Bisa uga ḍèwèké mengko sing bisa mangsuli pitakonmu mau, nḍuk.'

Aku krungu pak-lik Talikepuh ḍèhèm-ḍèhèm ngenḍokaké swasana, ditiru Hèrjanjam ucek-ucek mripat lan jeng Murni mbungkuk njupuk tekené. Pyayi sing diirid pak Truna mlebu ganḍok buri iku watara yuswa sèketan, kuru ḍuwur, ngagem jas tutup, kuplukan, ngasta teken cilik kaya sing diasta Bung Karna, lan ngempit aktentas.
'Nuwun, nuwun, nuwun,' ujaré anḍap-asor.
'Wèh, mangga, mangga, Dèn-bèi. Mangga. Kleresan saweg klempakan punika,' ngendikané pak-lik Baskara ngimbangi gegrapyakan.

Wong-wong liyané paḍa mèlu mbagèkaké, mèlu ngadeg ḍisik. Mung aku lan jeng Murni sing ora ngadeg; mbagèkaké mung karo ulat manis.
'Wah, sadinten kok jawahipun nggrejèh kémawon,' ngendikané sing lagi teka.
'Lha, inggih pancèn saweg wancinipun,' ujaré pak-lik Talikepuh.
'Rak nitih anḍong ta punika wau?' Pak-lik Baskara sing pitakon.
'Inggih. Punika kula akèn ngentosi wonten topèngan. Jaman sapunika anḍong punika sajatosipun sampun boten jaman malih, nanging yèn babagan kekésahan radi tebih lan jawah ngaten punika, bécak kirang prayogi.'
'Ha nanging, bécak ing mriki sapunika inggih sampun ndlidir kok, Dèn-bèi, saugi boten jawah sanget-sanget. Margi ḍateng Wanagiri sapunika sampun kaaspal alus, mila mriki inggih katut reja,' ujaré pak Baskara.

Bubar ngendikan bagé-binagé kang mung kanggo lemesé rembug iku, Dèn-bèi Jayatenaya banjur meḍar kersané anggoné keraya-raya udan-udan rawuh ing dalem Nglebak iku. Nalika semono pak Truna teka nggawa dilah.
'Para saḍèrèk lan anak anggèr. Ing wekdal punika kula dados wakilipun Banḍa Lumeksa, ingkang sapunika kapatah dados purbawasésaning swargi Radèn Ayu Sudarawerti ngawat-awati banḍa tetilaranipun. Nuwun, ing serat tilaranipun Radèn Ayu Sudarawerti ingkang kaalamataken ḍumateng pangagenging kantor Banḍa Lumeksa, katitimangsan

Nglebak 27 Januari 1962, mratélakaken bilih sadaya kasugihanipun, margi panjenenganipun boten kagungan putra tumurun pribadi, sampun kaedum miturut suraosing serat-serat amplopan. Menggah Banḍa Lumeksa, sasampunipun nampèni wragad administrasi, baḍé énggal ngleksanakaken punapa pamunḍutipun ingkang swargi, inggih punika nyaosaken serat-serat amplopan punika ḍumateng astanipun para ngalamat piyambak, boten pareng wakil.'

Sawisé ngandaraké bangsané kaya ngono iku sawetara manèh, Dèn-bèi Jayatenaya banjur mbukak actentasé lan banjur njupuk amplop-amplop. Wong saganḍok meneng cep ngawasaké Dèn-bèi.

'Wekasipun swargi Radèn Ayu Sudarawerti supados serat punika mangké kawaosa piyambak-piyambak lan satunggal ḍumateng satunggalipun kedah kawadosaken, kejawi serat angka nenem, kénging kaweḍar namung ḍumateng Banḍa Lumeksa, utawi mawi syarat hukum sanèsipun. Serat ingkang angka sapisan tumeḍak ḍumateng: Radèn Mas Baskara, ingkang rayi swargi Radèn Ayu Sudarawerti.' Layang kaulungaké lan tinampanan.

'Layang angka kalih ḍumateng anggèr Radèn Murdanu, putra kuwalon swargi Radèn Ayu Sudarawerti. Panjenengan, rak inggih ta?' ujaré Dèn-bèi Jayatenaya marang ḍimas Murdanu.

Sabanjuré angka telu marang Radèn Rara Dèwimurni. Angka papat Radèn Ngabèi Talikepuh, tilas garwané bu-lik Sudarawerti. Kalima pak Truna, abdi satuhu ing ndalem Nglebak. Pak Truna ditimbali perlu nampani layang. Kanem: para abdi liyané lumantar Radèn Mas Baskara. Kapitu marang rumah yatim piyatu Mardiluhur lumantar panggeḍéné Banḍa Lumeksa. Kawolu — Dèn-bèi Jayatenaya ninting-ninting layang wekasan, banjur: 'Ḍumateng ingkang putra swargi Radèn Mas Sulaksana, ingkang raka Radèn Ayu Sudarawerti ingkang sumaré ing Sidoarjo.' Gojag-gajeg, banjur: 'Ing ngriki boten kasebataken asmanipun, nanging ing serat paweling kala wau kasebataken mbokbilih ngalamat punika wekdal samangké dados turun-tunggal saking swargi Radèn Mas Tumenggung Narasoma, inggih punika ingkang rama Radèn Ayu Sudarawerti sasaḍèrèk.'

'Putranipun kangmas namung satunggal, pancèn, inggih punika pun genḍuk Larasati punika. Punika kula ḍatengaken mriki ugi angsal préntahipun mbakyu Sudarawerti ngajengaken geblagipun.' Sing ngendika ngono iku pak-lik Baskara karo nudingi aku.

Dèn-bèi Jayatenaya mirsani aku karo nenimbang. Aku rumangsa ora kepénak, sajak diterka ngaku-aku arep golèk banḍa warisan.

'Kadospundi anggèn panjenengan mangertos manawi punika putranipun

Radèn Mas Sulaksana?' pitakoné pyayi Banḍa Lumeksa.
'Kula ḍateng Sidoarjo piyambak, ḍateng kampung Jasem. Kangmas rak dipunsarèkaken ing wingking masjid Sidoarjo. Déné Jasem punika tilas dalemipun kala jumeneng dados mantri-kéwan. Kula ṭruṭukan takèn-takèn ḍateng para tetanggi ing Jasem, lan angsal pawartos yèn putranipun kangmas ingkang sampun lola samangké késah medamel ing Surabaya, ing griya sakit. Nama Larasati ugi tiyang-tiyang Jasem punika ingkang nyukani sumerep.'
'Lan . . . lan, kula pitados,' sumelané jeng Murni glogap-glagep.
'Punapa panjenengan sadaya kénging kula anggé saksi kateranganipun Radèn Mas Baskara punika?' pitakoné Jayatenaya.
'Kula pitados,' jeng Murni isih arep nyelani atur waé.
'Pitados apa?' pitakoné pak Talikepuh.
'Pitados mbokbilih mbakyu punika kepénakanipun ibu Werti.'
'Ngretimu?' pitakoné ḍimas Murdanu.
'Lha anu ta, nalika mbakyu nantang bab warisan mau, guwayané kenceng mèmper bu Werti. Persis bu Werti yèn duka. Bu Werti iya cerḍascanṭas kaya mbakyu iki. Gèk penggalihé kuwat ora kena dieluk saipit-ipita,' swarané nyengklèng mangsuli kangmasé.

Banjur paḍa meneng. Pak Truna sing kawit mau ngadeg nganjir, wiwit obah, kleser-kleser ninggalaké pasamuwan karo nggawa layang warisan.
'Na, manawi panjenengan sadaya nayogyani, kersa dados saksi, kleresan, serat punika saged kula caosaken ḍumateng Radèn Ajeng Larasati,' ujaré Dèn-bèi Jayatenaya. 'Sumangga, anggèr, kula aturi nampèni serat paringipun ibu alit panjenengan.

Atiku ḍeg-ḍegan jenengku disebut nganggo ater-ater Radèn Ajeng. Atiku saya trataban nalika nampani layang warisan kang nyalawadi iku. Layang dak-tampa, terus arep dak-bukak.
'Lho lho lho!!!' swara sayuk ngélikaké. Aku njenggirat.
'Aja dibukak saiki, nḍuk!' ujaré pak Talikepuh bantas.
'Priyé ḍawuhé mbakyu?!' ngendikané pak-lik Baskara mencereng.
'Sampun dipunbikak ing ngajengipun tiyang kaṭah, anak anggèr, serat punika kedah tetep dados wewados,' ngendikané Dèn-bèi Jayatenaya ngélingaké.

Aku nolèh marang jeng Murni. Ḍèwèké ngulu idu. Ḍèwèké nyekeli layangé karo nḍreḍeg, mripaté nyawang aku kanṭi kuwatir marang tindakku.

'Wong apa ta ya, Nyai Blorong Sudarawerti iku, kok perbawané geḍéné seméné?' gagasanku.

'Punika ḍaharipun sampun!' swarané kumanḍang. Tanpa sangkanparan pak Truna wis ngadeg nganjir manèh ngacarani ḍahar.
'Wé, lha, kesuwèn pak anḍong anggoné ngentèni. Sampun, sampun. Sarèhné sampun rampung pakaryan kula, keparenga kula nyuwun pamit.'
'Lho, ḍahar rumiyin lho, Dèn-bèi ki!' ujaré pak-lik Baskara.
'Iya lho. Mangga, ḍahar rumiyin, sampun katata lho,' pak Talikepuh nyayuki.
'Sampun, matur nuwun sanget. Selak kedalon.'

Swasana nalika ḍahar kaya dipaṭet. Ora ana sing cumuwit, kabèh meneng. Gunemana ya cekak-cekak banget. Aku ḍéwé ya mikir marang lelakonku sadina iki mau. Sega dadi angèl dimamah. Kejaba kuwi atiku pijer-pijer trataban selak kepéngin ngreti isiné layang warisan. Dak-kira ya layang kuwi sing marahi wong-wong kurang rembugé.

Sing ngadeg ḍisik saka kursi ḍahar pak-bèi Talikepuh.
'Aku kudu énggal niliki lampu kamarku, wis sida dijogi lenga apa durung mau,' ngendikané nalika arep ninggalaké kamar ḍahar.

Jengkaré dietutaké wong-wong liyané. Hèrjanjam ngetut ḍimas Murdanu. Déné aku mbarengi lakuné jeng Murni kang kamaré kebeneran saener karo kamarku.
'Kula selak kepéngin mbikak serat punika,' celaṭuné jeng Murni nḍisiki blaka, 'sajatosipun kula inggih kepéngin wicanten kaliyan mbak Laras. Rak dangu ta, panjenengan wonten mriki?'
'Embuh ya. Aku durung duwé ketetepan. Anu, bu nyai Werti iku ... ngasta apa ta, ḍèk sugengé?' pitakonku nyekak kekarepané jeng Murni. Nalika mlaku bareng iku aku rumangsa risi krungu ṭak-ṭok swara tekené kenya pincang kuwi. Teken kang mengkono mesṭi antep banget.
'Sudagar mas-inten. Juragan sinjang. Bikak gaḍé partikuliran. Wah kaṭah ta sampun ikhtiyaripun. Tiyang sakampung ngriki mèh sadaya berah baṭik ḍateng bu nyai Werti,' wangsulané jeng Murni.
'Wateké kepriyé?'
'Keras sanget. Keras, tliti, waskiṭa, pinter sanget, nanging inggih adil Ngantos mèh dumugi ing sédanipun, gegalihanipun taksih tatas lan ceṭa. Bu Werti punika priyantun praktis, pramila dalem agengipun semanten boten kaṭah tiyangipun. Abdi ingkang kinasih inggih namung pak Truna. Mbakyu, mbakyu, suku kula punika yèn dipunoprasi punapa saged saé inggih?' ing pungkasané rembug jeng Murni ganti bab.
'Kiraku bisa,' ujarku ora yakin, mung kanggo nglelipur.
'Kula lajeng saged mlampah tanpa teken?'
Aku tetep mangsuli rada seret: 'Mmmm, ayaké bisa.'
'Pinten inggih, wragadipun?' pitakoné ngangseg.

Aku welas. Ora wani dora manèh.

'Ah, mugi-mugi arta warisan punika saged kanggé ongkos. Yèn ... hm ...,' swarané nglokro, 'yèn boten cekap, ḍuh, kadospundi inggih anggèn kula pados tambahan?! Kula tiyang cacad, boten saged punapa-punapa.'

'Paḍa waé, jeng. Kabèh jalma ora sampurna. Aku ya ora ayu, ora kabèh kekarepanku ketekan. Aku ya kepéngin direngkuh mring sawenèhing priya, nanging sapa wongé gelem nyawang rupa kaya ngéné? Kowé isih begja nduwèni rupa ayu.'

Kéné wong loro, kenya loro kang paḍa kesepèn ing batin, mlaku mlebu ndalem geḍé, ruwangan kang amba, ḍuwur, repet-repet lan sepi nyenyet. Swarané tekené jeng Murni saya ceṭa kumanḍangé. Aku lan jeng Murni mlaku meneng-menengan waé, nganti jeng Murni kudu ménggok ing kamaré.

Pèni, Peṭité Nyai Blorong,
Surabaya, 1965.

18
URIP

yèn urip mung dadi siksaning pangimpèn
kreteg marang sabrang pepeṣtèn
ya bèn ta manéka warna tansah nggoḍa
ya bèn ta petengé wengi nyebar sepi-sepi

ora ana néndra nganti ilangé wengi
uga yèn ta awan mengko kari wewayangan
teka mbaka siji lan ngilang
kahanan bakal dak-sinau dak-sanḍang
lan aku terus lumaku lan mbanḍang

tenèh apa, apa manèh sing meṣti diranti
tenèh apa, apa manèh sing perlu ditunggu
kabèh wis dadi awu uga omahku kelawu

aku sing pinaṣti urip lan mati
ngupaya jarwa antaraning urip lan mati
jroning urip ngubaya pati

Anie Soemarno
(in: Jaya Baya no. 42, June 1964).

19
KEBLINGER

Ing wayah jam wolu ésuk Sukandar, pembantuné inspèktur Ahmadi, wis tekan désa Karangsari bawah kecamatan Gubug. Sawisé sarapan ana ing sawijining warung karo ngrungok-ngrungokaké rembug bokmanawa olèh tambah katrangan, nuli mlaku karo milang-miling. Angger omah dideleng naambordé. Sing digolèki iku omahé sawijining Tionghoa. Kaya ora angèl anggolèki omah Tionghoa ing désa kono, amarga pancèn ora akèh. Bareng ketemu kang digolèki — omahé rada mencil karo omah-omah liyané — nuli ménggok mlebu.

'Kula nuwun, nyah!' celaṭuné marang nyonyah Tionghoa rada tuwa.

'Iya, ana apa, kang?' wangsulané.

'Anu, yèn ngriki taksih mbetahaken bau . . . kula baḍé pados padamelan . . . saonten-ontené, nyahantèn.'

'É, gawéan? Engko sik, kaé lo engko kanḍa babahé!'

'Saweg napa nika? Napa kula mara mrika . . . ?'

'Oṛa. Engko rak rampung, wong lagi nata guḍang. Lha kaé wis mréné.'

'Kula nuwun, bahantèn. Baḍé pados padamelan, saparing-paringé.'

'É, wong endi ta kowé?' wangsulané babahé, ya-iku babah Dèngkèk.

'Kula tebih, bahantèn, king bawah Keḍiri . . . mider-mider pados padamelan. Kuli-kuli nggih purun.'

'Éééé, aku ora tau butuh kuli ki.'

'Nggih saparingé ta, pokoké kula angsal neḍa.'

'Kowé gelem ta njongos ing kéné?'

'Wélah, purun malih ta, wong pancèn pados padamelan kok.'

'Ning anu . . . ya ora mligi jongos, ya. Kala-kala ya kudu gelem nyambi liyané, ya embuh mengko. Dadi apa kang dak-butuhaké kowé kudu saguh nindakaké.'

'Lha enggih, ta.'

'Lha kowé njaluk bayaran pira?'

'O, perkawis niku kula boten ngarani . . . , sekersané mriku. Pokoké kula niki saged neḍa lan saged tumbas rokok ngoten mpun trimah.'

'Ya ta, nèk ngono. Kana nyang buri, réwangana nata barang ing guḍang kana! Kaé mbako pirang-pirang kranjang, ditata sing apik!'

Kandar wiwit nyambut-gawé. Katon tumemen lan tlatèn. Pagawéan

apa waé kang ditandangi mesṭi rampung. Ngakuné nyang babah Dèngkèk jenengé 'Karta'.

Babah Dèngkèk ḍéwé sajak marem nyawang marang Karta kang ora tau nolak pagawéan iku, sing ngusungi kranjang mbako nganti mépé, ngresiki guḍang, malah nyapu omah, ngepèl jogan ya ditandangi. Lagi telung dina baé prasasat wis dikasihi déning babahé. Turuné uga ana kono pisan, diwènèhi kamar ceḍak guḍang.

Yèn bengi Kandar kerep metu saka kamaré nglilingi sakubengé guḍang réka-réka ronḍa, nanging sajatiné tansah nggolèk-golèk bokmanawa ana barang-barang kang nyalawadi. Mangkono uga yèn pinuju nyambutgawé ing jero ngomah. Yèn pinuju sepi wong, mripaté jalaran namataké kamar-kamar.

Nganti limang dina Kandar ana kono meksa ora nemokaké barang-barang kang dianggep wigati, nanging atiné meksa ora nglokro. Apa manèh ḍèwèké sok menangi babah Dèngkèk ketamuan wong kang rada nyalawadi. Olèhé nemoni tamu iku mesṭi ing jero kamar jaba, tur rembugané lirih-lirih. Malah kala-kala tamuné teka bengi, utawa babah Dèngkèk ḍéwé kang lunga bengi, nganti tengah wengi.

Dina kang kaping wolu, nalika Kandar resik-resik ing penḍapa, babah Dèngkèk katon lunga manèh numpak ḍokar karo sawijining uwong embuh menyang endi. Kandar ngawasaké nganti ora katon. Kang andadèkaké gambiraning atiné bareng ndeleng nyonyahé sajaké uga tata-tata arep lunga. Omah mesṭi suwung, wong jiwané omah mung telu, papat ḍèwèké. Ya-iku: babahé, nyonyahé lan anaké lanang siji rada geḍé. 'Éé, mbok ya lunga pisan ta, nyonyahé karo anaké ki!' batiné Kandar.

Ora mlèsèt pangarep-arepé. Let saḍéla nyonyahé kanḍa arep lunga nyang setatsiyun, arep meṭuk anaké kang jaré teka saka Semarang, liburan sekolah. Mangka setatsiyuné iku ing liya désa, dadi rada adoh. Nyonyahé mekas wola-wali, Kandar dikon sing ngati-ati tunggu omah. Yèn ana ḍayoh dikon mbalèkaké waé.

Salungané nyonyahé Kandar lingak-linguk. Kamar-kamar kabéh dikunci, mengkono uga kamar jaba kang kerep kanggo nemoni ḍayoh nyalawadi. Kamar jaba iku kaya kamar sengkeran, ora kena saben wong mlebu tanpa olèh palilahé babahé. Nyonyahé ḍéwé prasasat ora tau ngambah.

Kandar banget kepénginé mlebu kamar iku, nanging dikunci. Atiné nganti juḍeg, golèk réka-daya kepriyé bisané mlebu. É, mumpung-mumpung ana waktu kang prayoga banget, sanadyan ora pati longgar, sapa weruh, bokmanawa ing jero kamar iku bisa nemokaké barang-barang kang perlu utawa dibutuhaké déning pulisi.

Rada sawetara suwé Kandar mikir-mikir lan golèk dalan bisané mlebu, lawangé kaya-kaya arep didedel-dedela. Kaya Tarzan mlémbar ing blandar kang kenceng kamar, slamet bisa tekan kono, mbrobos alon-alon mlebu kamar, pas nḍuwur lemari. Kandar anjlog alon-alon ing nḍuwur lemari iku, nuli muḍun ing jogan mancat méja.

Saiki Kandar wis klakon ana ing jero kamar. Kabèh barang-barang lan kahanan ing jero dititi-priksa: layang-layang, laci méja. Nanging meksa ora nemu apa-apa. Mung laci méja tulis kang ora kena kabukak, amarga kakunci. Atiné nganti rada juḍeg. Mèh kenḍo atiné lan ngira yèn ora olèh gawé, dumadakan nalika nyeḍak lemari Kandar njegreg sawetara karo mikir-mikir. Elo, jebul lemariné ana roḍané cilik banget. Kanggo apa iki? Yèn ora ana kanggoné, masa ndadak diwénéhi roḍa. Upama ora katamataké temenan, roḍa iku ora katon. Sisihing lemari kaduwa mangarep jebul mingser kanṭi gampang. Diingser manèh kaya lawang, lemari kang mauné manggon ing pojok dadi mingser nganti kaya ana dalan mlebu ing pojok mburi lemari. Kandar énggal mlebu. Nanging teka ya sepi waé, ora ana apa-apané. Dumadakan Kandar weruh ing bagéyan mburiné lemari iku kaya ana engget-enggetan kanggo mbukak. Ing ngisoré kaya ana bolongan kunci. Genah iku dudu sebaéné. Lemari diungkreg-ungkreg. Bolongan kunci iku didudal-dudul. Suwé-suwé ... greg, greg, lemari menga. Plong, atiné Kandar! Apa kang katon? Jebul papan lemari kang mburi iku rangkep. Ing kono katon ana barang-barang rupa-rupa, upama dideleng saka ngarep meṣṭi ora katon. Ana peṭi wesiné cilik, isi barang mas-masan. Ing sanḍingé kono pating gléṭak barang warna-warna kang déning Kandar nuli diiling-ilingi siji-siji. Ora mamang manèh ya-iki barang-barang malingan utawa barang-barangé para wong-wong kang karampog. Peṭi wesi kabukak isi gelang, kalung, markis lan liya-liyané kang wujudé ora ana kang gèsèh kaya kang wus kalaporaké marang pulisi.

'Saiki klakon kecekel gulumu, kèk, Dèngkèk!' pangunandikané Kandar karo mèsem.

Barang-barang nuli katata manèh kaya mauné, mangkono uga lemari kabalèkaké. Tilas-tilasé diresiki kabèh aja nganti nuwuhaké kasujanan. Nuli alon-alon metu ing jaba, slamet, ora nganti kaḍisikan tekané babahé utawa nyonyahé.

Kanṭi singsot-singsot sajak geḍé ati marga olèh gawé Kandar bali nyang buri, réka-réka nyambut-gawé kaya biyasané nganti babahé teka.

Ing wektu iku wayahé petengan njero. Jam wolu baé wis peteng nḍeḍet, apa manèh tumrap ing padésan. Akèh omah-omah kang wus

paḍa tutup lawang. Arang-arang wong kang metu, amarga lumrahé para wong désa tinimbang lunga nyang endi-endi, kepara paḍa ngaso ngepénakaké awak ing ngomah. Sanadyan isih paḍa gremeng-gremeng cecaturan, akèh-akèhé karo paḍa turon slonjor ing bangku tengah.

Ing kreteg ceḍak kalurahan ana regemenging wong sawetara lagi paḍa klesik-klesik sajak rembugan wadi. Sing siji crita, liyané ngrungokaké kanṭi kawigatèn kang banget.

'Dadi panggonané terang ing kamar ngarep?' pitakoné salah sijiné.

'Inggih, pak. Dados mangké lemari pojok lèr kedah dipuningsed mangajeng sekeḍik, lajeng wingkingipun kapernah bolongan alit ngaten kedah dipundudul, mawi potlod inggih saged.'

'Iya. Aja lali, kowé mengko réka-réka nglawan ya?'

'Inggih.'

Wong-wong iku ora liya para pulisi kang lagi paḍa ngrancang nganakaké panangkepan marang babah Dèngkèk. Kang crita iku ora liya ya-iku Sukandar, déné liyané ya-iku pak lurah Karangsari karo pulisi désa siji. Déné kang takon iku ya-iku inspèktur Ahmadi, kang dikabari Kandar gèk awan lumantar pak lurah.

'Aku nggawa kanca pulisi saka Purwadadi sawetara, aja nganti gagal mengko,' celaṭuné inspèktur Ahmadi.

'Insa Allah boten, pak! Saugi sampun ngantos kajoḍèran sadèrèngipun,' wangsulané Sukandar.

'Jam pira tekané tamuné?'

'Antawis jam setengah sewelas.'

'Ya wis, kowé énggal bali. Ora susah awèh tanḍa apa-apa mengko, marga wis ana kang dak-patah ngawasi tekané tamu ing ngarep omah rada adoh.'

Sukandar lunga, liyané saka siji ilang ing petengan. Saya wengi kahanan ing désa Karangsari sangsaya sepi nyenyet. Langité katon ireng anggameng katutupan menḍung tipis ora rata, nutupi soroting lintang-lintang, saya suwé saya surem cahyané. Wit-witan mung katon pating jenggereng kaya raseksa kang lagi néndra kepati. Kala-kala kaprungu swara kenṭongan ing gerḍu binarengan swara watuk-watuk lamat-lamat ginawa angin.

Ing sakiwa-tengené omahé babah Dèngkèk katon regemenging wong-wong kang paḍa siyaga arep nindakaké pagawéan kang wigati. Sawetara paḍa anḍeḍep ing ngarep omah, liyané manèh ing ngiringan omah ceḍak jenḍéla lan lawang-lawang butulan. Wong-wong iku ora liya, ya-iku para pulisi kang arep paḍa nangkep lan ngglédah ing omahé babah Dèngkèk dipanḍégani déning inspèktur Ahmadi ḍéwé. Kabèh katon tan-

sah ngati-ati lan prayitna, sakabèhing aba-aba mung katindakaké kanṭi tanḍa-tanḍa utawa isyarat-isyarat baé. Rada suwé anggoné paḍa anḍeḍep ngentèni tekané ḍayoh kaya kang wus dikanḍakaké déning Kandar. Yèn ḍayoh wis teka lan paḍa mlebu, nuli terus katangkep pisan, amarga inspèktur Ahmadi wus nemtokaké yèn ḍayoh iku ora liya mesṭi para durjana kang nganakaké sesambungan dol-tinuku barang-barang rampogan marang babah Dèngkèk. Dadi panangkepan sepisan iku bakal olèh loro-loroné: iya durjanané, iya tukang taḍahé pisan.

Wetara kira-kira jam sewelas kurang seṭiṭik ana wong loro sajak nyalawadi mung mlaku baé njeḍul saka dalan cilik mara nyang omahé babah Dèngkèk. Katon ora duwé sangga-runggi utawa kuwatir yèn kinepung bebaya. Wiwitané lingak-linguk ḍisik, nuli noṭok lawang lirih-lirih karo celuk-celuk, uga lirih-lirih. Ing jero kaprungu wong watuk-watuk, ora suwé lawang menga. Wong loro paḍa mlebu.

Let saḍéla manèh inspèktur Ahmadi awèh tanḍa maju. Inspèktur Ahmadi ana ngarep karo nggawa repolper kairingaké pulisi sawetara asikep gegaman beḍil. Liyané paḍa terus jaga ing papan kang wus kapréntahaké. Cekaké sakubengé omah dikepung, lawang-lawang utawa jenḍéla kang kinira bisa kanggo metu kajaga. Mlebuné inspèktur Ahmadi sakancané ndedel lawang, babah Dèngkèk durung nganti ngunci lawang manèh sawusé tamuné paḍa mlebu. Sakala bareng babah Dèngkèk nyumurupi tekané para pulisi iku rainé pucet, awaké nḍreḍeg. Tamuné katon kagèt banget, nanging ora sempet tumindak apa-apa. Teluteluné ora ngira siṭik-siṭika yèn bakal ana kedadéyan mangkono iku.

'Kabèh paḍa nututa, yèn kepéngin kepénak awakmu!' celaṭuné inspèktur Ahmadi keras karo ngaṭungaké pistulé. Para pulisi kang uga paḍa ngaṭungaké beḍilé paḍa ngupeng tamu loro iku bokmanawa paḍa bangga, nanging katoné ora niyat tumindak nganakaké panglawan apa-apa, amarga kejaba kagèt, uga wis ora ana waktu manèh kanggo mlayu, apa manèh nglawan. Dadiné mung paḍa njegreg ngadeg kaya blangkemen. Polatané paḍa katon biyas.

'Lo, ini ada apa, dèn?' pitakoné babah Dèngkèk karo gumeter. Nalika iku uga nyonyahé tangi lan bareng weruh kedadéyan mengkono iku awaké sanalika uga nḍreḍeg wèl-wèlan, anaké nangis ing buriné.

Inspèktuk Ahmadi, sawusé nganḍakaké maksudé tekané iku, nuli nganakaké pangglédahan. Apa kang wus kalaporaké déning Kandar diliwati ḍisik, nanging diawasi terus déning pulisi liya.

'Pira cacahé jiwané omah iki?' pitakoné Ahmadi.

'Lima, dèn, selain tamu saya dua ini,' wangsulané babah Dèngkèk isih karo nḍreḍeg.

'Saya, bini saya, anak saya kecil dan anak saya lagi yang baru datang dari Semarang . . . dan satu lagi jongos saya . . . di kamar belakang.'

Bareng anggoné paḍa ngglédah tekan mburi, nuli paḍa mlebu ing kamaré Kandar, sawusé diḍoḍog-ḍoḍog rada suwé. Kandar mbukak lawang karo isih katon klakepan, nanging kaya apa kagèté bareng sing mlebu kamaré iku inspèktur pulisi.

'Iki sapa, iki?' pitakoné Ahmadi karo nudingi Kandar.

'Lha itu jongos saya, Karta, dèn. Baru ada seminggu disini,' wangsulané bah Dèngkèk.

'Ayo, kowé uga mèlu nyang kantor pulisi!' celaṭuné inspèktur Ahmadi marang Karta alias Kandar.

Tekan njaba Kandar arep mberod mlayu, nanging kaḍisikan karingkus déning pulisi kang ngadeg ceḍak lawang, nuli kageblagaké ing jogan. Kandar tiba gloyoran mèh nenḍang bah Dèngkèk.

Kamar njaba kapriksa, mengkono uga lemari kaya kang wus naté kabukak déning Kandar. Kanṭi sajak kaya ora anjarag, inspèktur Ahmadi nemokaké wewadiné lemari iku. Babah Dèngkèk sangsaya pucet. Awaké lemes kaya arep nglumpruk baé.

Babah Dèngkèk, tamuné loro, apa déné Kandar kabèh kapikut, kagawa menyang kalurahan. Kanṭi montor pulisi kang meṭuk inspèktur Ahmadi, amarga wus karancang sadurungé, bengi iku uga para tawanan iku terus kagawa menyang Purwadadi. Omahé babah Dèngkèk isih terus kajaga.

A. Saérozi A.M., Kumpulé Balung Pisah,
Jakarta, 1966.

20
DINA LIBUR
(lagu kroncong)

Dina libur sliweran montor jawatan
rupa-rupa montor jip lan séḍan
sing nitihi para putra
lan pak kepala sekaliyan

Lenggat-lenggut nèng montor sajak kepénak
gliyak-gliyak playuné ra ngoyak
mèsam-mèsem bung kepala
panggalihé katon ayem

Ménggok ngétan, manḍeg jègreg
mampir nyang rèstoran
éééé, pak supir meṭèngkrèng
ora suwé njur diteri cap-jaé gorèng

Mung émané montoré ana gambaré
wajik abang nèmplèk ing kacané
nanḍakaké kuwi montor ḍines
jawatan sing duwé

Pangrasané laku iki kèh nyatané
masarakat kèh kang ḍa meruhi
sesliweran montor jawatan
kang dienggo kelèncèran

Rama-ibu putra-putri paḍa aksi
nyrebat krambil kang sajak meruhi
mumpung ana montor nganggur
bèngsin kebak wanci libur

Pancèn pénak, sarwa gratis
gèk ya kari nyéngklak
lan yèn ana rusaké, gampang banget
mung kari mréntahké baé

Paḍa sara, sarané wong kang prasaja
nadyan ana montor kari nyéngklak
nganti buṭak yèn lelungan
klakoné mung nunggang bécak.

21
NUNGGU HASIL UJIAN

Dalan geḍé Jatinegara / Kramat Raya pancèn kepétung dadi salah sijining urat-naḍiné kuṭa Jakarta. Mula ora nggumunaké yèn dalan mau tansah kebak déning sawarnané tetunggangan. Luwih-luwih yèn wayah ésuk kaya ngono kuwi, wayahé wong-wong paḍa buḍal nyambut gawé, sekolah, menyang pasar, lelungan, lan wong-wong kang paḍa buḍal ngayahi kuwajibané ḍéwé-ḍéwé. Yèn ta tetunggangan kang mawa motor tanpa wilangan akèhé, mengkono uga sepéḍah lan bécak kena diarani luwih akèh manèh cacahé. Luwih akèh katimbang tetunggangan kang mawa mesin motor kuwi. Mula supaya aja nganti ngganggu lancaring tetunggangan liya-liyané kang luwih geḍé wujudé sarta luwih rikat playuné, mligi kanggo sepéḍah lan bécak diseḍiyani dalan ḍéwé, dalan kang mligi kanggo tetunggangan kang lakuné diputer déning sikilé manungsa. Dalan mau dumunung ana sakiwa-tengené dalan geḍé kuwi. Kanggo sepéḍah lan bécak kang saka kidul, kudu urut sisih kulon; kosok-baliné kang saka lor, kudu urut sisih wétan.

Nalika semono sepéḍah lan bécak kang liwat ing sakiwa-tengené dalan mau jan akèh banget, ulur kacang tanpa ana peḍoté. Lakuné ana sing rikat sajak kesusu, ana kang seḍeng, ana kang rinḍik sakepénaké.

Ing antarané urut-urutan sepéḍah kang ulur kacang tanpa ana peḍoté mau, katon ana nom-noman nunggang sepéḍah. Sepéḍahé katon wis tuwa, malah kaya luwih tuwa seru katimbang umuré kang nunggangi. Sepéḍahé wis ora ketara cèté lan ora nganggo ḍinamo. Yèn digenjot keprungu sambaté: kriyet . . . kriyet. Nom-noman mau panganggoné prasaja banget, ya-iku setèlan dril abu-abu kang wis lawas, lungsuran seragam Angkatan Laut, weton pasar lowak Tanah Abang. Sikilé ora nganggo sepatu, ning mung trima dienggoni sanḍal japit karèt moḍèl Jepang, lan taliné kang wis peḍot disambung nganggo peniti kang wis tainen. Ing sirahé nganggo pèci mahasiswa.

Nitik saka pèciné kang lawas banget sarta buku-bukuné kang digawa ceṭa yèn nom-noman mau dudu golongané mahasiswa kang mentas ngalami masa prabakti, nanging kagolong mahasiswa kawakan. Nyatané ya mengkono.

Sapa ta nom-noman mau?

Nom-noman mau jenengé Èdi Winarna, mahasiswa Akadémi Penerangan. Ḍèwèké wis lungguh ana tingkat telu, ya-iku tingkat kang paling ḍuwur ḍéwé. Malah kena diarani wis rampung tugas belajaré, jalaran wis bar nempuh ujian penghabisan. Mung kari ngentèni pengumuman hasil ujian. Ésuk iki ḍèwèké arep menyang kantor Sékretariat Akadémi Penerangan kang dumunung ana ing Jalan Budikemuliaan. Arep ndeleng hasil ujiané kang pungkasan iku.

Mula enggoné nunggang sepéḍah rikat banget, kasurung déning panotolé ati kang daya-daya selak kepéngin weruh hasil ujiané. Sanadyan enggoné nunggang sepéḍah lagi tekan Jalan Kramat Raya, kang isih watara 5 km. saka Jalan Budikemuliaan, nanging pikiré wis nḍisiki tekan ngarepé pengumuman. Kanṭi ora dirasa Èdi nunggang sepéḍah ing papan ramé karo nglamun.

Pangudarasané: Aku iki lulus apa ora? Ah, meṣtiné ya lulus. Saélingku, saḍéngahing pitakonan kang metu ana ing ujian penghabisan mentas iki kabèh bisa dak-wangsuli utawa dak-rampungi. Ora ana kang mrucut siji-sijia. Malah rumangsaku, nalika ujian penghabisan mentas iki awakku lagi disanḍing kabegjan, nemoni nasib kang apik. Ndilalah kersaning Allah, kabèh pitakonan kang metu, ya-iku bab-bab kang sadurungé wis dak-apalaké kanṭi mateng lan nglonṭok. Kaya nglonṭoké rambutan Jakarta. Mula bareng bab-bab mau kang diujèkaké sasat ngulu gudir kang empuk. Kabèh dak-ganyang kanṭi saénaké. Ora ana pitakonan kang olèhku nggolèki jawabané ndadak nganggo kangèlan barang. Wis ta, gampil. Gampil banget. Gampil kang ora ilok. Uga aku isih kèlingan, nalika ujian lisan ana ngarepé Prof. Dr. Soewarsa lan Drs. Kuncara. Kabèh pitakoné bisa dak-jawab kanṭi patitis, gamblang lan lancar. Jawaban ujianku gawé cingaking ḍosèné kang nguji. Ḍosèn loro paḍa manṭuk-manṭuk kalegan pikiré lan kawetu pangalembanané: 'Rasané mahasiswa iki kang bakal éntuk gelar "bintang mahasiswa" taun iki.' Yèn ndeleng kahanan kang kaya mengkono mau, rasané awakku meṣti lulusé. Rasané ora mung lulus biyasa, malah bisa uga lulus "cum laude" (lulus dengan pujian istiméwa). Yèn dak-gaṭukaké karo impènku ḍèk wingi, mancing éntuk iwak geḍé, rasané ya akèh lulusé. Jan-jané mono, sanadyan mung lulus biyasa, aku ya wis marem. Apa manèh yèn nganti bisa lulus cum laude, saiba senengé atiku. Hmmm ... ora ujar ora kaul, yèn nyata aku bisa lulus cum laude, aku bakal koprol (njungkir walik) ping telu lan njogèd nglètèr kaya satriya menang perang ana sangarepé papan pengumuman.

'Somprèt lu!' Lagi tekan semono panglamuné, Èdi kagèt kerana dicelaṭu wong kang ngadeg pinggir dalan kang arep kesrèmpèt sepéḍahé.

'Hai, bung, naik sepéda jangan melamun ya . . . ! Nanti disamber pèlèng lu . . . ! ! !' celaṭuné wong mau nganggo logat Jakarta.

Èdi wiwit kèlingan yèn nalika iku lagi nunggang sepéḍah ana ing satengahing dalan kang ramé. Atiné saya ora sranta. Sepéḍahé digenjot manèh saya rosa. Nanging sepéḍahé kang lakuné wis kaya sepéḍah kumbang iku, rumangsané kaya isih rinḍik baé, ora gelem énggal tekan panggonan kang dituju. Wis krasa suwé enggoné nunggang sepéḍah, nanging teka lagi tekan Jalan Mèntèng Raya kang isih adoh karo Jalan Budikemuliaan.

Dalan kang diliwati saiki rada sepi yèn katimbang karo Jalan Jatinegara / Senèn Raya, mula Èdi pikiré banjur nglambrang manèh, kaya lali yèn lagi nunggang sepéḍah ana tengahing dalan ramé. Nunggang sepéḍah karo nerusaké ngenam-enam pikiré.

Nyut . . . kèlingan Idah, 'satu-satunya bunga mawar' kang ṭukul ana ing tingkaté. Tingkat telu pancèn mahasiswa putriné ya mung siji ji, ya si Idah kuwi. Mula Drs. Kuncara naté ngendika yèn si Idah kuwi: 'sekuntum bunga mawar yang tumbuh di antara 34 duri', utawa yèn diwalik: 'sebatang duri yang tumbuh di antara 34 bunga mawar'.

Akèh kanca-kancaku kang duwé pangira yèn Idah kuwi pacarku, jalaran sasat saben wektu meruhi aku tansah runtang-runtung karo ḍèwèké. Yèn ana aku meṣṭi ana Idah. Kosok-baliné, yèn ana Idah meṣṭi ana aku. Kanca-kancaku mau paḍa kecélik, sebab nyatané ora mengkono. Jalaran secara resmi Idah wis pacangan karo pemuḍa kang ngasta dadi komisaris pulisi kang nduwèni gelar Drs. Sanadyan aku durung naté weruh wong-wongané kang dadi pacangané, nanging nyatané driji manisé Idah wis direnggani ali-ali kang nélakaké yèn ḍèwèké wis ana sing nalèni. Dadi srawungku karo Idah kuwi ḍapur mung srawung biyasa. Nanging sanadyan mengkono, srawungku karo ḍèwèké kumraket banget. Malah kumraketé ngluwihi srawungku karo aḍiku ḍéwé. Anané kaya mengkono jalaran Idah kuwi bapaké dadi ḍirèktur sawijining N.V. kang sugih banget. Mula yèn aku lagi kepèpèd butuh ḍuwit, playuku meṣṭi menyang Idah. Lan Idah ya tansah nyawisi ḍuwit kanggo nulungi kabutuhanku. Butuh pira baé meṣṭi ditulungi. Saben nembung ḍuwit, aku kanḍa yèn kuwi utang. Nanging utang kang ora naté dak-saur utawa dak-balèkaké. Malah-malah kanḍané Idah: 'Yèn kowé ora duwé ḍuwit ya wis bèn. Lha kowé apa butuh ḍuwit manèh?'

Sakjané mono aku ya rumangsa isin. Ingatasé awakku tinakdir dadi lanang kok malah njaluk tulung karo bocah wadon. Nanging ya kepriyé manèh, lha tansah diḍesek déning kahanan kang kepeksa. Jalaran saka iku aku rumangsa utang kabecikan kang akèh banget karo Idah. Mulané

yèn Idah mbutuhaké pitulungan apa-apa karo aku, aku ora naté wigah-wigih mitulungi. Idah saben dina mesṭi teka menyang omahku prelu nyilih caṭetan kuliah kang ajeg wis dak-tulis rapi, dak-gawèkaké ring-kesan lan kesimpulan, lan dak-wènèhi tanḍa sarta ciri endi-endi kang dak-anggep wigati.

Idah bocah sregep. Saben dina enggoné kuliah ora naté absèn. Ajeg mlebu terus. Sanadyan ḍèwèké wis mèlu nekani kuliah ḍéwé, éwasemono soréné isih meksa mrelokaké nyilih caṭetanku. Kanḍané Idah aku pinter gawé kesimpulan, baud milah-milahaké endi kang pokok lan endi kang détail, wasis mènèhi tanḍa lan ciri ukara-ukara kang wigati, patitis enggoné nyaṭet ḍéfinisi-ḍéfinisi lan rumus-rumus, pinter ngretèni 'general outline' (garis besar kang paling pokok) kang dikarepaké déning ḍosèn kang mènèhi kuliah, pinter ngoncèki karep kang sinandi ana ing samburiné ukara-ukara kang dumadi. Idah ora naté absèn saben dina teka menyang omahku. Ora naté absèn saben dina ajeg nyilih caṭetan kuliahku.

Kerep baé kedadéyan buku caṭetan mau lagi dak-butuhaké ḍéwé, prelu arep dak-sinau ḍisik, nanging wis keḍisikan disilih Idah. Sarèhné aku rumangsa wis kepotangan kabecikan, mula nadyan kanṭi rasa abot, caṭetanku ya meksa dak-silihaké. Kabutuhanku ḍéwé dak-karèkaké, dak-kurbanaké kanggo nyukupi kabutuhané Idah ḍisik. Nanging pangurbanan mau dudu pangurbanan kang muspra, jalaran Idah ya ngreti marang pangurbananku. Pitulungané bab ḍuwit lan liya-liyané kaya mbanyu-mili kang diesokaké menyang awakku.

Apa manèh ḍèk nalika ngaḍepi ujian penghabisan mentas iki. Upama ora éntuk pitulungané Idah, harak sida konyol tenan awakku! Aku isih kèlingan banget, ḍèk sesasi ngarepaké ujian penghabisan kaé. Ndilalah mripatku lara, nganti ora kena dak-enggo maca, apa manèh kanggo sinau. Kanṭi ora susah ndadak dak-tembung ḍisik Idah wis mènèhi ḍuwit kanggo mertamba menyang ḍokter sepésialis. Ing kono aku diwajibaké kudu nganggo kaca-mripat. Yèn ora nganggo, ora bakal bisa maca lan ndeleng sesawangan kang rada adoh. Sepisan manèh durung nganti dak-tembung, Idah wis nyawisaké ḍuwit kanggo tuku kaca-mripat kang banget dak-butuhaké mau. Kang mengkono mau apa ora jeneng geḍé banget pitulungané Idah karo awakku? Upama ora ditukokaké kaca-mripat déning Idah, apa mripatku bisa pulih jati kaya wingi-uni? Apa bisa kena dienggo ndeleng kanṭi ceṭa kaya saiki? Yèn ora bisa ndeleng kanṭi ceṭa, apa bisa aku sinau? Apa bisa aku mèlu ujian penghabisan kaya saiki? Tujuné éntuk pitulungané Idah. Upama ora mengkono harak sida jatuh konyol awakku!

Idah nyata akèh banget pitulungané karo awakku. Mula yèn aku emoh dicap wong kang ndelul, wong kang arai gedèg, wong kang ora idep isin, mestiné ya kudu mènèhi piwales karo Idah. Lha piwales wujud apa kang gawé bungahé atiné Idah?

Ah, énaké ngéné baé. Sarèhné aku kerep banget ditraktir déning Idah, mengko yèn aku sida lulus, apa manèh lulus kanti cum laude, aku kudu awèh piwales nraktir Idah menyang Rèstoran Wisma Nusantara. Nanging banjur éntuk endi duwit kanggo nraktir iku? Éntuk endi ya . . . ?

Ah, gampang baé! Pisan iki aku kudu wani kurban, ngurbanaké barang-barang kang dak-tresnani. Énaké . . . yèn aku kelakon lulus, jas lan celanaku saksetèl karo arlojiné pisan kang saiki isih sumimpen ana dalemé Pak Gedé (Rumah Gadai) dak-tebus, terus dak-dol, mengko éntuk-éntukané kabèh dak-enggo nraktir Idah. Mestiné rak ya cukup? Nadyan panganan nèk Rèstoran Wisma Nusantara iku sakporsi regané puluhan rupiah (duwit anyar).

Ananging yèn dak-pikir manèh, celanaku kang rada apik rak mung kari siji ji kuwi? Yèn mengko kelakon dak-edol, banjur ana preluné jagong mantèn, resèpsi sapanunggalané, harak sida kapar-kapiran tenan awakku?

Kosok-baliné, yèn nganti aku wis dipindah bali menyang Jawa-wétan, njur meksa isih durung bisa mènèhi piwales gawé bungahé atiné Idah, harak gawé wirangé awakku?

Katimbang wirang, aluwung kélangan barang. Ilangé barang kena digolèki manèh. Bareng nandang wirang kang gawé kucemé jenengku, apa kena ditebus nganggo duwit?

Siji-sijiné dalan kanggo awèh piwales karo kabecikané Idah aku kudu wani ngedol celana, jas lan arlojiku. Ya kepriyé manèh! Sajaké jantrané pepestènè uripku pancèn kudu nglakoni mengkono. Apa boleh buat . . . !

Kanggo ngluwari ujar, mengko yèn kelakon lulus, aku mesti koprol ping telu nèng ngarep papan pengumuman, njogèd nglètèr limalas menit suwéné, sarta nraktir Idah. Ah, méndah senengé . . . !

Sreeeggg . . . ! Ora diweruhi sangkan-parané, ujug-ujug ing ngarepé wis ana bécak cèt ijo mandeg. Panglamuné Èdi kandeg. Èdi kagèt. Kanggo ngéndani aja kongsi sepédahé nubruk bécak mau, setiré arep dibanting mangiwa. Nanging ing kiwané ana bécak abang nongkrong mandeg nèng pinggir dalan. Banjur mbanting setir sarosané manengen. Kerosan enggoné mbanting setir, Èdi tiba krungkeb ana tengah dalan gedé. Saka mburi ana jib arep liwat. Tujuné mak-sreet . . . jib bisa dirèm ndadak kala. Èdi tiba krungkeb ketindihan sepédahé ana sangarepé jib.

Èdi tangi kréngkangan karo arep ngangkat sepédahé. Pangresahé:

'Wah, arep ana apa iki? Awakku teka ndadak tiba ana tengah dalan ngéné? Aḍuh, aḍuh, lara ḍengkulku!'

Wong kang nyetir jib meḍun marani panggonané Èdi. Wong mau manganggo seragam pulisi. Ing gulon keméjan lan punḍaké mawa bintang tanḍa pangkat komisaris pulisi. Celaṭuné: 'Hai, bung, sepédanya bawa minggir sana!'

Kanṭi keḍingklangan Èdi nuntun sepéḍahé minggir. Komisaris pulisi mau nyeḍaki lan celaṭu manèh: 'Ini salahmu ya! Naik sepéda melamun saja. Apa melamun pacar?'

'Ya, pak. Saya yang salah,' wangsulané Èdi kanṭi swara rada gemeter.

'Nama siapa?'

'Èdi Winarna.'

'Rumah dimana?'

'Rawamangun Kapling, Blok EE no. 77.'

'Pekerjaan apa?'

'Belum bekerja, pak. Masih tugas belajar.'

'Tugas belajar dimana?'

'Di Akadémi Penerangan.'

'Tingkat berapa?'

'Tingkat tiga, pak. Dan baru ujian penghabisan . . .'

Ngrungu wangsulané Èdi kang wekasan iki, komisaris pulisi iku meneng saḍéla, sajak ana kang diéling-éling. Nuli celaṭu manèh:

'Nanti malam datang di Kantor Besar Pulisi ya! Nemui saya di kamar nomer 105. Jangan sampai tidak!'

'Ya, pak!'

'Sekarang bolèh pergi. Tetapi awas ya! Jangan melamun lagi di tengah jalan begini. Kalau dilanggar oto, jadi janda pacarmu nanti!'

'Terima kasih, pak!' Èdi manṭuk awèh kurmat.

Komisaris pulisi mau bali nunggang jibé, terus nggeblas lunga. Èdi kanṭi ḍengkul kang isih krasa njarem lan lara nggenjot sepéḍahé manèh. Pangudarasané: 'Muga-muga tibaku iki mau ora nggawa lamat apa-apa. Mesṭiné ya dudu lamat kang ala, lha wong salahku ḍéwé, nunggang sepéḍah nèng papan ramé karo ngelamun. Slamet! Slamet! Ya Allah, mugi badan kula dipunparingi tansah wilujeng!'

J. Anis, Kecélik Énak,
Pasuruaṇ. 1966.

22
KASATAN

entèk wengi ing panglamunan
nunggoni téplok sumunar surem
ndluwang corètan gumlasah sebah
pulpèn gumlèṭèk senḍet wetuné

o gegantungan
marang wicaraning panguripan
kacingkrangan lan kaéndahan
tinatah pèni sinungging èdi
jumeḍul karya reriptan seni

entèk wengi ing panglamunan
garing tanḍus daya ciptané
asat lenga téplok ing méja
peteng kamar peteng uripé

(nanging dudu akir tumrapé penyair)

N. Sakdani
(in: Iesmaniasita, Guritan, Antologi Sajak-sajak Jawi, Surakarta, 1975).

First published
between 1954 and 1967.

23
BAPA KUWALON

'Kepriyé, Tinah? Apa kowé gelem nimbangi tresnaku tenan?' mengkono pitakoné pak Bandi marang Tinah ing sawijining soré. Tinah sing ditakoni bisané mung tumungkul karo ngulapi eluhé.
'Priyé, Tinah? Aku janji yèn ora bakal nindakaké samubarang kang nerak angger-angger kaya biyèn. Aku bakal tresna marang kowé, manut apa sapakonmu,' tembungé manèh ngrerepa. Tangané dolanan sinomé Tinah kang mrenṭel-mrenṭel ngresepaké iku.
'Tin,' pangrimuké manèh.
'Mas Bandi, sakjané aku ora tresna marang panjenengan. Luwih-luwih yèn aku kèlingan marang tumindak-tumindak panjenengan kang ora samesṭiné iku. Nanging aku ngreti manawa aku kudu duwé wong lanang, luwih-luwih yèn ngélingi anakku si Sumiyati iku.'
'Dadi . . . ?' pitakoné pak Bandi ora sabar.
'Akèh sanak-sedulur kang menggak supaya aku adoh karo panjenengan, nanging embuh saka apa, aku kok ora bisa pisah karo panjenengan,' tembungé karo luwih tumungkul. Eluhé sangsaya deres wetuné. Kerana mengkono pak Bandi bisa ngreti manawa akèh siṭik Tinah uga tresna marang ḍèwèké.

Let telung dina saka kedadéyan kuwi pak Bandi sida omah ana ing omahé Tinah, ranḍa enom sing wis anak siji wadon, ḍèk semana kira-kira umur patang taun, dijenengaké Sumiyati. Uripé katoné mulya, senadyan sajatiné Tinah ora pracaya marang sing lanang. Wong sing wis tau cacad, masa bisa mari blas?

Sajatiné enggoné omah-omah iku kena diwerdèni yèn mung bebarengan urip tenan, liré tinimbang ora duwé wong lanang. Kanggoné Tinah yèn diwawas saka banḍa lan barang darbé ngono wis cukup. Ḍèwèké duwé omah sapekarangané kang jembar, duwé sawah rong paṭok lan duwé sambèn nyegat beras ana pinggir ndalan, yèn wis akèh digawa menyang kuṭa, diedol ana kana. Kabèh mau mujudaké pametu kang ora seṭiṭik. Tinah ora dadi mlarat nanging suwaliké banḍané malah saya tambah-tambah.

Anané ḍèwèké gelem omah-omah karo pak Bandi iku marga ḍèwèké wis tau 'keplèsèd', kecemplung jurang pamisésaning Iblis. Tinah kelebu

prawan ayu, digandrungi saben jaka. Akèh kang paḍa dibalèkaké, jalaran Tinah wis duwé ukuran. Kang bakal ditampa ya-iku jaka kang bagus, cekel gawé, penḍiḍikané ḍuwur lan duwé banḍa tinggalan. Nanging Gusti selawasé ora bakal maringi panyuwuné wong sing kegeḍèn panjangka, luwih-luwih sing atiné gumeḍé. Tinah ora dilamar déning jaka sing dadi iḍam-iḍamané iku, suwaliké malah dilamar déning 'panji klanṭung'.

Bener jaka mau bagus, ngakuné weton akaḍémi, nyambut gawé ana ing jawatan penting lan ngaku putrané bupati. Nanging kabèh mau mung isapan jempol baé, ora ana buktiné babarpisan. Buktiné ya-iku bareng Tinah gandrung marang ḍèwèké, jaka mau lunga lan Tinah wetengé saya munḍak geḍé.

Kocapa bareng weruh manawa Tinah wetengé saya geḍé iku teka ora ana sing sudi manèh. Dalasan sing biyèn ditulak mentah-mentah baé saiki emoh diwènèhi obralan. Sidané jabang-bayi lair tanpa darbé bapa. Wektu lumaku nganti limang taun, wirang isih tetep nylorèngi rainé. Nanging Tinah tetep momong anaké kanṭi kebak tresna, jalaran ḍèwèké rumangsa ndarbèni bocah iku. Kulité kuning kaya ḍèwèké, lambéné cumiwel kaya lambéné, lan irungé mbangir kaya irungé 'bapaké'.

Wekasan ing kampung kono katekan wong anyar kang jeneng Subandi, ngakuné saka Sala. Subandi mau wis tuwa, nanging ngakuné isih jaka. Umuré kira-kira telung puluh lima taun. Ana kampung kono Subandi tansah nuduhaké bektiné marang masyarakat, sabarang tindaké katon yèn anḍap asor. Lan bareng ḍèwèké weruh Tinah, sajaké 'panah asmara' wis tumancep ing ḍaḍané.

Subandi utawa pak Bandi sida srawung karo Tinah. Lan pungkasaning srawung, ḍèwèké takon apa Tinah gelem nimbangi tresnané.

Kanggoné wong kang wis naté tatu, Tinah ora kena diapusi. Ana ing ngarepé pak Bandi barès-kurès, ora bisa sélak manèh. Lelakoné dibèbèr kabèh, siṭik ora ana kang kari. Ana kanané pak Bandi iku wis kawin, nanging ora pinaringan momongan. Marga saka 'kesepèn' iku dadiné pak Bandi nguja hawa nepsuné. Prasasat saben dina ḍèwèké lunga mulih, lan ganḍèngé wong wadon mesṭi solan-salin, warna-warna moḍèl lan kabangsané.

Wiwitané Tinah ora kéngguh marang pangrepané pak Bandi. Nanging suwéning-suwé ḍèwèké duwé pamupus, sepisan kena kanggo 'lanang-lanangan' lan kaping pinḍoné ḍèwèké ngélingi anaké ing tembé mburiné. Kepriyé yèn takon bapa?

Dina tambah lumaku, Sumiyati saya katon ayuné, ora kalah karo

embokné ḍèk isih prawan. Tinah ḍéwé wis wegah ngudi sarira, dadi iya katon olèhé kuru lan mboseni. Pipiné katon blentong-blentong ireng marga panasing srengéngé yèn ḍong nggarap sawah. Rambuté akèh sing wis paḍa rontog. Semuné ḍèwèké ora mreduli marang kahananing urip iki, ora mreduli marang apa kang seḍeng lan bakal tumindak. Ḍèwèké tansah nyambut gawé abot, lan iku semuné kanggo nglipur atiné. Mbokmanawa tresnané marang 'panji klanṭung' kang mènèhi Sumiyati iku biyèn isih nabet ing telenging atiné.

Ana déné pak Bandi ḍéwé tetep dadi wong mukti kaya biyèn. Nyambut gawé ya mung yèn gelem, mangan tansah diladèni, apa karemané meṣṭi keturutan. Malah asring baé ḍèwèké mbalèni 'sejarahé' biyèn, mbanting gunung, ngombé arak lan nyanḍing wanita pelanyahan. Kabèh mau ditata kanṭi pratitis lan sesiḍeman, nanging Tinah iya meksa weruh. Mung baé Tinah emoh ngélikaké, lan pancèn ḍèwèké wis wegah ngurusi.

Omah kuwi dadiné katon sangsaya sepi lan tanpa praba. Katon pucet lan tanpa pangarep-arep. Dalasan Sumiyati kang bakal dadi ratuning kasulistyan iku baé iya wis ora mreduli manèh marang kahanan. Ḍèwèké uga ora ngreti apa lan endi kasusilaning jagad iku kang utama lan bener ḍéwé. Ora marga luputé, nanging marga wong tuwané kang masa boḍo iku.

Rikala Sumiyati ngidak ing plataraning kadiwasan, ana lelakon kang gawé seḍihé, ya-iku embokné alias Tinah mati ndadak. Soré jam pitu masuk angin, jam sanga sida bablas. Wong sakampung kono paḍa mèlu prihatin, mèlu kélangan warga kang sregep lan tawakal. Nanging ing sajroning prihatin iku, ora ana kang paḍa apitakon, yagéné Tinah bisa mati ndadak mengkono.

Tinah kakubur kanṭi upacara, kakubur kanṭi tentrem lan rahayu. Let setaun saka kedadéyan iku, pak Bandi ngedol barang darbèké. Omah pekarangan lan sawah dikon ngrumati ahli waris. Sumiyati diajak urip ana kuṭané, ya-iku . . . Sala.

Sanyatané, anggoné Tinah ora ana iku ora liya iya saka pokal gawéné Subandi ḍéwé.

Tekan kuṭa pak Bandi dipapag déning sanak-kadangé lawas. Saiki wis paḍa ketemu tuwa, umuré ora kurang saka sèket taun. Éwadéné guyoné isih kaya ḍèk isih enom, jalaran paḍa tunggal hobiné.

Sadurungé mulih iku pak Bandi wis bisa 'nebus' omahé biyèn. Sing rada makéwuhi ya iku omah iku ana sing ngenggoni, ya-iku Sunardi, isih jaka, isih sekolah ana ing perguruan tinggi. Sunardi isih ngenggoni

pavilyun, jalaran ḍèwèké iya rumangsa wis nyéwa apa meṣtiné.

Sumiyati tekan ing omah kono mung kari nemu baé. Apa-apané wis seḍiya kabèh. Panḍapa wis pepak méja kursi lan rerenggané, kamar tengah wis jangkep piranti-piranti gelas piring lan sapanunggalané, lan pawoné wis ana kompor, panci-panci lan bekakas liyané pepak. Kang mangkono iku dadi lan ḍemening atiné.

Soréné mitra-mitrané pak Bandi sok paḍa teka, paḍa jejagongan kaya wong selapanan kaé. Regeng nganti tekan bangun ésuk.

'Wah, ana uwong kok ora kaya Bandi,' mengkono celaṭuné sawenèhing mitrané. Liyané sumambung: 'Kepriyé?'

'Kepriyé? Wong kaya Bandi kuwi rak kena kaéwokaké ladak kawarisan ngono kaé. Nèk kéwané ngono kucing.'

Liyané paḍa ketarik déné gawé sanépa kok kucing, dudu kéwan liyané sing umum, kebo, weḍus utawa jaran. Celaṭuné: 'Kowé kuwi aja anèh-anèh ta, gawé sanépa kok kucing. Mbok weḍus mangan tandur ngono, apa kebo nusu gudèl.'

'O, kuwi sanépa lumrah, angger uwong ngreti. Coba rungokna kanḍaku. Kowé rak wis ngreti kucing ta? Sapa sing durung weruh?'

'Wis, aja nggladrah, rak kucing kéwan kuwi ta, dudu kucing kertu?'

'Dudu, kucing kéwan kuwi.'

'Lha iya wis, ndang gelis.'

'Hara, kowé ngreti sipaté kucing kuwi kepriyé?'

Liyané paḍa wiwit mikir, nanging panemuné paḍa ora anèh, rumangsané dudu sing dikarepaké déning sing omong sepisanan mau.

'Sing kok-karepaké apa olèhé seneng ḍepipas-ḍepipis iku?'

'Dudu, dudu kuwi!'

'Nèk asu, ana ciriné sing kebangeten. Arepa diingoni nganggo iwak kaé meṣti golèk kotoran.'

'Dudu, dudu kuwi!'

'Apa sing matané plorak-plorok nèk bengi kuwi?'

'Sangsaya dudu.'

'Ya embuh yèn ngono. Wis, ndang terangna.'

'Ngéné ya, kucing kaé yèn dikeplèkké piyé?'

Ana sing nyelani: 'Wis, kowé ki aja katenta sing main baé. Mau kanḍa dudu kertu, saiki kanḍa ngono.'

'Wis ta, yèn ora ngreti aja nyela-nyela.'

'Ya nyela-nyela pisan, wong édan dituruti.'

'O, nggladrah ta, wong kéné omong tenan jaré.'

'Kucing dikeplèkké ya mung gumantung sing ngeplèkké. Yén mlumah ya mlumah, yèn mengkureb ya mengkureb.'

'Ta, rak ora nitèni ta, ngandel aku. Nèk kucing kertu aku precaya.'
'O, ya, ya, saiki ngreti aku. Kucing kuwi mbok dibanting ngana-ngéné kaé mesṭi ngadeg.'
'Lha, ya kuwi sing dak-karepaké.'
'Lha njur piyé hubungané?'
'Lha coba, pak Bandi kuwi wong wis kesara-sara kaya ngana, coba, saiki kepriyé? Rak ya meksa tiba kepénak? Mulih bisa nebus omahé, malah nggawa manèh sing luwih ayu.'

Liyané manṭuk-manṭuk tanḍa nyetujoni téori mau. Dikapak-kapakna, pak Bandi pancèn tiba kepénak, durung tau cilaka. Yèn main kerep menang, saiki mulih nggawa wong ayu. 'Ko sik, ndak takon,' mengkono sawenèhing pitakon: 'sing kok-gawa kuwi apamu, pak Bandi, bojomu apa anakmu?'

Durung nganti pak Bandi mangsuli, kancané wis mbélani: 'Ya gan-ḍèngané ngono! Kok sapa! Masa nèk anaké weruh-weruh wis samono geḍéné? Lungané lagi pirang taun? Paling-paling limalas taun.'
'Ya ora langka ta? Anak kuwalon?'
'Kuwalon apa? Pak Bandi kok nganti duwé kuwalon. Kelakona duwé ya dipèk ḍéwé.'

Banjur paḍa ngguyu cekakakan. Pak Bandi ḍéwé mung klécam-klècem baé. Sarembugé mitra-mitrané mau mung tansah nyolong pikirané, akèh kang paḍa presis.

Wengi iku paḍa ora lali sambèné, paḍa nguja kasukan main lan minum. Pak Bandi katon luwih enom sepuluh taun manèh, rumangsa keturutan karepé, tanpa ana kang prelu diwedèni.

Sauntara kuwi Sumiyati ribut olah-olah ana pawon. Ora ana kang mbiyantu, kejaba mung bocah monḍok iku. Sumiyati durung ngreti ubeng-ingeré kuṭa, dadi yèn butuh ika iki isih kiḍung. Katujuné ana bocah monḍok, dadi ya ora kerépotan.

Mesṭi baé ing pasrawungan anyar iku kawetu pitakonan-pitakonan kang wosé kepéngin ngreti apa lan sapa, ngendi asalé lan sapanung-galané.
'Asma sinten, ḍik?'
'Kula, mbak? Sunardi.'
'Wah, saé lo asmanipun, kaya ponakanku kaé. Jenengé ya Sunardi.'
'Inggih ta, mbak?'
'Inggih, piyambakipun dados konḍèktur jurusan ngétan.' Sunardi mung mèsem baé. Sabanjuré Sumiyati celaṭu manèh: 'Ning anu kok, ḍik, piyambakipun punika ambeg. Angger aku nunut mesṭi dikon mbayar.'

Banjur pitakoné manèh: 'Sekolahipun wonten pundi, ḍik? Wonten Gajahmada punapa?'
'Gajah mada punapa, mbak? Gajah mungkur?'
'Ah, ngenyèk ḍik Nardi kuwi.'
'Boten kok, mbak. Saèstu.'
'Ya ngenyèk ki ya ngenyèk. Niyat omahku ya saka nggunung, tur weton rakyat baé ora tutug.'
'O, nyuwun pangapunten manawi makaten.'

Pasrawungané ing wengi iku kepétung katog. Kabèh para tamu ora ana kang migatèkaké, ketungkul anggoné paḍa kasukan main. Kanggoné Nardi terang yèn ora ana apa-apa, nanging kanggoné Sumiyati kang mangkono iku mujudaké barang anyar. Ḍèwèké durung naté srawung bocah sing bagusé kaya Nardi, sing penḍiḍikané kaya Nardi. Ésuké rikala Sumiyati nggoḍog wédang, pak Bandi nyeḍaki karo celaṭu: 'Sum, mengko soré arep ana jagongan manèh. Mulané kowé lungaa menyang pasar, blanjaa sakcukupé. Mengko bengi tamuné kira-kira ana yèn mung telung puluh baé.'

Sidané Sumiyati blanja menyang pasar tenan. Sing ngeteraké ora wurung iya si Sunardi. Mangkat numpak bécak mulih numpak bécak. Sumiyati pitakoné mung tansah criwis, lan Sunardi tansah bisa ngladèni. Kang mangkono iku dadi lan kasenengané.

Olèhé masak tetep dibiyantu déning bocah iku, mangkono uga bengi-né. Nanging ana saprakara kang ora ndadèkaké senenging atiné, ya-iku: rikala pak Bandi malèhaké manawa Sumiyati iku dudu anaké kuwalon, nanging sisihané. Sing kaya mangkono mau terang yèn mung awur-awuran. Sumiyati nduwa banget. Nanging salawasé pak Bandi pancèn seneng awur-awuran, sabarang tindaké meṣṭi nyebal ing angger-angger. Pak Bandi salawasé mbonḍan tanpa ratu, sing digugu mung karepé pribadi.

Dina-dina canḍaké Sunardi dadi ngati-ati, sabarang tindaké meṣṭi ngajèni, jalaran ḍèwèké ngreti manawa Sumiyati iku wis dadi darbèking liyan, liré wis ora merdika manèh. Nanging kanggoné Sumiyati, sing kaya ngono mau terang ora dadi atiné. Bola-bali ḍèwèké nerangaké manawa tembungé pak Bandi mau mung awur-awuran, nanging Nardi tetep ora pracaya.

Pini Ar, Sala Kèrem,
Sala, 1966.

24
AKU PARAGANÉ

takona marang aku
bapa-bapa sing krenteg wayuh
ibu-ibu sing nedya pérak

aku enḍog sinimpar saka patarangan
wiji dadi — sinengguh sawijining pepalang

ibuku ranḍa saiki krama manèh
tindak sing ngedohaké rasa
lan bapak séda ninggal ranḍa

asihku rinebut liyan
tresnaku sangisoring semboja

pèpèdna aku ing pantoging pitakon
aku mung bakal bisa ngaku
jaréné anak wong

sapa kang bakal ngrèwès
bocah kuru aking ḍeḍingklangan turut lurung?

Rachmadi K.
(in: Iesmaniasita, Guritan, Antologi
Sajak-sajak Jawi, Surakarta, 1975).

First published
between 1954 and 1967.

25
SADULUR ANGKAT

Antarané jam wolu bengi Harwani lan Gunawan saanaké wis mulih saka lungan. Bareng ngerti yèn tamuné Mulyana, Harwani mèsem-mèsem seneng mbagèkaké kanṭi grapyak. Kosokbaliné Mulyana, kang rumangsa rikuh marang Harwani, dadi kecipuhan. Nanging rasa kang kaya mangkono mau uga ora suwé nguwasani atiné. Mulyana banjur bisa omong kanṭi kepénak lan bisa nyambi gegojègan.

Sarèhné nalika iku wayahé mangan ing wayah soré, mulané Mulyana banjur diajak mangan bebarengan. Karepé mono emoh, nanging Harwani banjur melèhaké: 'Wis! Ora kersa ḍahar, ya ta wis. Malahané wutuh segané. Ceṭa wis saiki, yèn nyatané ora lair batin.'

Sabubaré mangan, Gunawan celaṭu marang Mulyana: 'Yèn kondur mangké radi dalu kémawon, ḍik, ngiras pantes nyuwun titip. Kula baḍé jagong tangga sepasaran bayi.'

'Sakaliyan ta, mas?' pitakoné Mulyana.

'Ah, boten kok,' wangsulané Harwani, 'laré-laré punika lo boten purun kantun. Répot mangké.'

'Bu, bobuk!' celaṭuné Lies, anaké kang cilik.

'Hara ta, cobi, ḍik, malah wis ngajak bobuk,' celaṭuné Harwani karo mèsem.

Ora suwé manèh Harwani wis mlebu kamar perlu ngeloni anak-anaké. Déné Gunawan uga banjur pamitan lunga perlu jagong. Kabèh mau tumrapé Mulyana tiwas kebeneran. Ḍèwèké pancèn ngrasa owel ing soré iki arep ninggalaké Haryani. Kepéngin bisa sapatemon luwih suwé manèh, ngrembug apa baé kang bisa dirembug. Rasa kang kaya mangkono iku mesṭiné ora ngemungaké Mulyana baé kang ngalami. Saben para muḍa kang lagi paḍa among tresna mesṭi mangkono.

Mulyana lan Haryani banjur ngisis ing latar, lungguh klasa kang digelar ing saceḍaké wit pelem. Paḍang, nanging uga linḍuk.

'Généya mas Mul milih aku?' pitakoné Haryani.

'Wah, kuwi répot olèhku arep mangsuli. Nanging aku isih bisa wangsulan kanṭi cekak lan gamblang,' wangsulané Mulyana. 'Jalaran sliramu bakal setya lan bekti marang aku, lan bakal bisa ngubedaké bebrayan kanṭi nastiti ngati-ati tumuju bebrayan tentrem.'

Krungu wangsulané Mulyana kang mangkono iku atiné bungah lan mongkog. Pancèn wangsulan kang kaya mangkono iku kang diarep-arep. Ḍèwèké ora kepéngin dialem lan uga ora kepéngin krungu wangsulané Mulyana kang: '... aku milih sliramu jalaran ayumu sajagad ora ana tanḍing, ora larang dak-labuhi ...' lan liya-liyané. Semuné Mulyana uga bisa njajagi gémbolané Haryani, pranyata ḍèwèké nuli pitakon: 'Piyé, jeng, cocog? Sliramu ora gela déné aku ora nyebutaké bab ayu lan sajagad tanpa tanḍing?'

Haryani mèsem, mripaté sumunar bening. Nuli wangsulané: 'Pancèn wangsulan kang mangkono iku kang dak-arep-arep, mas. Jalaran pangalem iku durung karuwan yèn tulus sucining ati. Kaḍang kala ana pamrihé pribadi.'

'Bener kuwi, jeng. Simbah kaé ya ngandika ngono kok.'

Haryani gela, mlérok banjur njiwit lengené Mulyana, karo celaṭuné: 'Uuu, wegah aku yèn njur ḍagelan!'

'Ora, mas, nanging aku arep matur saṭiṭik,' celaṭuné Haryani manèh. 'Akèh ya kena kok. Malahané atiku seneng jaré,' wangsulané Mulyana mbebéda.

Haryani mèsem banjur kumecap celaṭu: 'Ana sawijining bab kang perlu dak-blakakaké saiki, jalaran aku kuwatir yèn mburiné gawé gela.'

Mulyana rada ḍeg-ḍegan. Nyawang Haryani kanṭi soroting mripat kang kebak pitakonan.

'Ngéné, mas. Satemené aku lan mbak Harwani iku dudu sadulur tenan. Aku iki mung sadulur angkat. Aku ... aku anak kéré!'

Mulyana kagèt krungu kanḍané Haryani kang kaya mangkono mau. Nanging panggronjaling atiné mau diampet, ḍèwèké meneng baé ngentèni bacuting rembugé Haryani.

'Piyé, mas? Apa sliramu ora gela?' pitakoné Haryani.

Kawitané Mulyana pancèn kagèt. Tembung 'anak kéré' mau mrabawani marang atiné. Nanging bareng wis dinalar-nalar, rasa kagèté iku banjur ilang. Sanadyan kéré kaé rak ya manungsa ta, kang béda mung drajat lan kalungguhané. Lan nyatané saiki Haryani dudu kéré. Ḍèwèké duwé rasa tresna marang Haryani. Jalaran saka iku mula wangsulané mantep: 'Tuwuhing rasa tresnaku marang sliramu ing sawisé sliramu diwasa. Mulané iku nadyan piyé baé ḍèk samana, ora bakal gawé gempiling tresnaku.'

Krungu wangsulané Mulyana kang mantep iku, Haryani karasa-rasa atiné. Banjur ambruk ing ḍaḍané Mulyana karo nangis mingseg-mingseg. Atiné Mulyana trenyuh, nanging meksa isih bisa sumbar: 'Nangisa setaun

leganing atiku, yèn kaya ngéné iki aku mesṭi betah. Klambiku teles ya bèn, apa abamu.'

Bareng wis sawatara suwé olèhé nangis, atiné Haryani banjur aso. Nuli celaṭuné lirih: 'Mas, lelakoné wong tuwaku pancèn nyeḍihaké.' 'Mbok coba ta, jeng, kojahna lelakoné wong tuwamu kuwi,' celaṭuné Mulyana bisik-bisik, 'mbokmanawa tumrap aku ana paédah lan munpangaté, murih tembé mburi bisa ngati-ati, aja nganti mbalèni lelakon lawas.'

'Hem, iya ta, yèn sliramu ngersakaké. Miturut critané mbakyu, kurang luwih mangkéné.

Taun 1940.

Nalika iku wayah bengi. Kulawargané Santapawira mlumpuk kabèh, ya iku pak Santa, garwané lan Harwani. Putrané pancèn mung siji tur wadon, umur kira-kira pitung taun. Dalemé pak Santapawira iku ing kampung Panularan. Nalika iku pak Santa lagi mirengaké siyaran raḍio ngenani kabar-kabar ing sajroning perang donya kang kapinḍo. Déné bu Santa nunggoni Harwani kang lagi dolanan anak-anakan.

Nuli keprungu swaraning bayi nangis ing latar. Kawitané ora digatèkaké. Nanging bareng tangising bayi mau ora meneng-meneng, pak Santa dalah garwa putrané banjur metu menyang latar. Nuli priksa ana wong wadon kang sanḍangané pating sranṭil, gumlunḍung ing ngisoring wit jambu. Déné bayi kang nangis mau tanpa sanḍangan kroncalan ing sanḍingé. Kabèh paḍa kagèt, sumelang manawa embokné bayi iku wis mati. Mulané pak Santa banjur nyeḍaki si biyung mau. Tangané kang tengen diasta déning pak Santa, nuli mriksani bu Santa lan ngandikané: 'Bu, memelas temen wong iki. Ḍèwèké isih urip. Kiraku mung saka keluwèn baé.'

Panggalihé bu Santa ora téga nyumurupi wong wadon kang gumlunḍung iku lan swara tangising bayi iku uga nyenḍal-nyenḍal panggalihé. Nalurining ibu banjur nggèndèng bu Santa, banjur nyanḍak bayi kang nangis mau karo wangsulané: 'Iya, pak, mesakaké. Ayo paḍa ditulungi.'

Bareng bayi mau dicanḍak bu Santa lan dikekep, tangisé banjur meneng. Déné pak Santa kanṭi tanpa gigu saṭiṭik baé banjur mbopong biyungé bayi mau digawa mlebu ngomah. Kamangka si biyung mau sanḍangané ora wutuh. Mesṭiné uga ora tau salin lan ora tau dikumbah. Nanging pak Santa kersa mbopong, banjur digawa mlebu ngomah. Biyung iku nuli diturokaké ing klasa kang mentas digelar. Pak Santapawira iku pancèn ngasta mantri jururawat ing Rumah Sakit Pantiraga, jalaran saka iku wis kulina ngaḍepi marang sarupaning pasièn lan tumrap tetulung marang wong kang semaput wis kulina. Mula banjur

tumandang ḍéwé kanṭi trengginas.

Déné bu Santa bareng priksa marang kahananing bayi kang mrusuh lemu sarta saras iku panggalihé coplok. Nalurining ibu kang wis peputra nganti umur pitung taun durung kagungan putra manèh banjur kraos trenyuh lan éman marang bayi mau. Apa manèh Harwani, weruh bayi iku mung tansah ndemok-ndemok karo celaṭu marang ibuné: 'Aḍik, ya bu. Aḍiké dipèk, ya bu.'

'He-eh, Har, apa kowé seneng karo aḍik iki?'

'Seneng. Dak-embané, ya bu?'

'Sésuk ya. Saiki bèn bobuk, dipangku ibu.'

Olèhé ngandika mangkono mau karo ngemuli bayi kang tanpa sanḍangan iku, migunakaké jarik lawas. Nuli keprungu ngandikané pak Santa: 'Slamet, bu. Slamet. Muga-muga Pangéran maringi wilujeng sakabèhé.'

Nalika iku biyungé si bayi mau pancèn wis kruget-kruget obah. Bu Santa nyeḍak karo mbopong bayi mau, pasuryané katon bungah bareng priksa biyung mau wiwit éling.

'O Allah . . . ngelaké,' sambaté biyungé bayi.

Nalika iku pancèn wis ana cepakan wédang tèh kenṭel isih anget lan legi, mentas olèhé ngiling saka porong. Kanṭi migunakaké sénḍok pak Santa banjur nètèsi lambéné biyung mau. Ora suwé manèh biyungé bayi iku ngelèkaké mripaté. Katon rada blereng weruh sunaring lampu paḍang. Pak Santa kumecap ngandika alon: 'Ngunjuk manèh ya?'

Biyungé bayi mau manṭuk alon. Nuli disénḍokaké wédang tèh, diombèkaké. Bareng biyung mau wis mari ngelaké, kawetu pitakoné kang rada seret: 'Kul . . . la wonten . . . pundi?'

'Kowé wis ana ing njero omah,' wangsulané pak Santa.

Biyung mau nyawang ngiwa nengen, nuli pitakoné manèh: 'An . . . nak kula pun . . . di?' Bu Santa nyeḍak karo ngandikané: 'Anakmu turu, yu. Gilo, dak-bopong.' Bareng nyumurupi anaké dibopong bu Santa lan dikemuli jarik wutuh, biyung mau sajak karanta-ranta. Ḍèwèké banjur nangis. Pak Santa sekaliyan mèndel baé, nguja supaya biyungé bayi mau tutug olèhé nangis.

'Sembah nuwun . . . , dèn, . . . o panjenengan sekaliyan . . . o . . . nyambet umur kula,' celaṭuné biyung mau alon. Sakèhing panuwun lan rasa sokur aturna marang Pangéran, yu,' ngandikané pak Santa.

'Aku mung mujudaké lantaran awèh pitulungan marang kowé. Iki mau aku krungu tangisé anakmu ing latar. Bareng aku metu, sumurup kowé turon nyanḍing anakmu kang nangis.'

'Inggih, saking . . . sangsaraning pananḍang kula . . . , dèn, . . . nglampahi

ngantos ... kados kéré ...,' celaṭuné biyung mau karo ngusapi eluhé. 'Saking boten kiyating badan ... kula nanḍang ... luwé ... mila kula wau lajeng ambruk ... awit sampun ketelasan ... arta ... lan baḍé pepriman man ... manah ... boten kedugi ...'

Krungu kanḍané biyung mau bu Santa banjur ngélingaké garwané: 'Pak, coba bayi iki bopongen ḍisik. Dak-jupukné mangan.' Bayi banjur ditampani pak Santa. Bu Santa banjur mlebu kamar ḍahar perlu njupukaké pangan. Ora suwé manèh wis bali. Biyung mau banjur dilawani bu Santa supaya lungguh. Nuli kanṭi asih bu Santa ngandika: 'Iki lo, yu, isih ana sega seṭiṭik. Coba nggonen lèmèk, bokmanawa kena kanggo kakuwatan.'

'Inggih, dèn.'

Sawisé si biyung mau mangan, déning bu Santa banjur diḍawuhi adus lan diparingi salin. Ora suwé manèh olèhé adus wis rampung lan wis salin panganggo wutuh paringané bu Santa. Bareng wis adus lan dandan, jebulé biyunging bayi mau isih enom. Banjur dikon lungguh ing kursi, jagongan karo pak Santa sakaliyan. Nalika iku bayi kang dibopong bu Santa nglilir lan nangis. Mula banjur diparingaké marang biyungé lan terus diwènèhi mik. Bayi mau banjur meneng.

'Généya kowé nganti nanḍang sangsara? Lha bapakné anakmu iki nèng ngendi?' pitakoné bu Santa.

'O, boten kadosa, dèn, kula punika nanḍang kasangsaran ingkang samanten awratipun. Malah saupami boten panjenengan paringi pitulungan, duka nasib kula,' wangsulané biyungé bayi mau. 'Manawi kula ngaturaken lelampahan kula, temtu panjang, dèn.'

'Lha ya coba-coba ta, yu, aku karebèn krungu,' ngandikané bu Santa. 'Lha ya malah kanggo cagak lèk,' ngandikané pak Santa numpangi rembug.

'Kula punika aslinipun saking ḍusun Danaraja, Pacitan. Dumugi kula ing Sala punika temenipun ngluru sémah kula ingkang nyambutdamel wonten ing Sala. Déné jalaranipun kula ngluru sémah punika makaten. Ganḍèng kaliyan kawontenaning ḍusun ingkang saya dangu saya angèl pados padamelan kanṭi beberah, bapakipun genḍuk lajeng tarosan baḍé késah nyambutdamel ḍateng Sala. Nalika samanten genḍuk punika dèrèng lair, jalaran mentas kémawon dipuntingkebi. Pangajeng-ajeng kula bilih piyambakipun sampun nyambutdamel lajeng saged gesang sekéca. Sasampunipun késah saking ḍusun, kula boten naté mireng kabaripun, tuwin sémah kula ugi boten naté mantuk. Lairipun jabangbayi ugi boten dipuntenggani bapakipun.' Ḍèwèké lèrèn, nelesi lambéné sarana ilaté, karo nuli nyawang marang anaké kang turu njintel ing

rangkulané. 'Bab punika damel sisahing manah kula. Gagasan kula lajeng warni-warni. Ngantos umuripun genḍuk punika sampun kalih lapan, kula meksa dèrèng ngertos kabaripun. Ganḍèng kaliyan bab punika tiyang sepuh kula lajeng ngajani supados kula rapak kémawon, pisah kaliyan sémah kula. Awit tiyang jaler sampun dangu boten wonten kabaripun, mangka lajeng wonten tiyang jaler ingkang sampun nembung tiyang sepuh kula perlu nglamar. Nanging kersanipun wau boten kula rujuki. Kula taksih pitados bapakipun genḍuk baḍé mantuk.'

'Ganḍèng kula boten sarujuk pamanggihipun tiyang sepuh wau, mila bapak embok kula lajeng muring. Kula kaanggep anak ingkang boten nggugu tiyang sepuh. Awit saking punika kula lajeng katunḍung késah. Wekasan kula ugi lajeng késah tanpa pamit, kanṭi pangajeng-ajeng baḍé nusul sémah kula ḍateng Sala.'

'Suwau kula boten nggagas, manawi madosi tiyang wonten kiṭa punika boten gampil. Kula wastani kados nḍusun kémawon, sanadyan dunungipun tebih tur sanès ḍusun tepang. Awit saking punika sareng kula dumugi ing Sala ngriki lajeng lingak-linguk, ḍateng pundi anggèn kula baḍé madosi. Sarèhné kula boten ngertos dunungipun, mila ngantos pinten-pinten dinten meksa boten saged kepanggih, jalaran tiyang ingkang kula takèni sami boten ngertos. Sareng sampun pitung dinten anggèn kula mbudidaya madosi, kula lajeng kepanggih kaliyan tilas tangga nalika wonten nḍusun, lajeng kula angsal katrangan ingkang damel kagèt sarta seḍihing manah, jalaran sémah kula wau sampun ngajal ketabrak ing montor.' Biyunging bayi mau lèrèn olèhé ngojahaké lelakoné, banjur unjal ambegan.

'Manah kula lajeng bingung, baḍé ḍateng pundi? Baḍé mantuk boten wantun, jalaran kula sampun minggat. Lajeng tuwuh tékading manah kula baḍé pados pangèngèran, nanging ngantos munyet anggèn kula nembung, boten wonten ingkang kersa jalaran kula gaḍah anak alit. Dangu-dangu sangu sarta barang darbèk kula telas, jalaran kula anggé neḍa. Sareng sampun telas kula lajeng bingung, punapa ingkang baḍé kula tindakaken. Nanging manah kula punika taksih gaḍah watak angkuh, kula ajak pepriman boten purun. Sarèhné sampun boten gaḍah punapa-punapa tuwin kula boten purun pepriman, mila kula lajeng kaliren. Kula boten kiyat mlampah malih, lajeng ambruk punika wau.'

Pak Santa sakaliyan paḍa trenyuh panggalihé. Nalika iku Harwani durung turu, mèlu ngrungokaké karo nglénḍoti ibuné banjur sumlonong kumecap omong: 'Bu, aḍiké dipèk.'

Satemené bu Santa ḍéwé uga wis manggalih arep mènèhi pitulungan marang kéré mau. Sumlonongé Harwani iku saya nggugah panggalihé,

wusana ngandikané: 'Hem, memelas temen lelakon kang kok-sanḍang. Yèn pancèn kowé butuh pangèngèran tenan lan trima saanané, saiki kowé mèlua aku baé.' Bareng krungu ngandikané bu Santa iku, biyunging bayi banjur nangis, kagawa saka panalangsaning atiné déné isih ana wong kang gelem nulungi.

Kelakon, biyunging bayi iku mau banjur ngèngèr bu Santa. Kabeneran déné bu Santa ora kagungan abdi, jalaran abdiné lèrèn betèké wis omah-omah. Lan sabanjuré, bayining kéré mau banjur dipunḍut putra déning bu Santa kanṭi disahaké marang pamaréntah, minangka saduluré Harwani kang ora duwé aḍik. Déné bayining kéré mau, ora liya aku ḍéwé, mas.'

Widi Widayat, Wasiyating Biyung,
Semarang, 1966.

26
LOLA

lampu-lampu mati
lakuné rerambatan sikilé ringkih
nlusuri lawang-lawang kekancingan
ṭoṭok-ṭoṭok lirih

pak, bapak ngakna, pak
yung, biyung ngakna, yung
ing jaba aḍemé ora jamak

o bapak, o biyung
aku kangen angeting asihmu
aku kangen nikmating katresnanmu
aah,
aku banget kapang kekudanganmu
ing gebyaring lintang sayuta

nanging, tan ana sabawa
lampu-lampu mati
lakuné rerambatan sikilé ringkih
nlusuri lawang-lawang bisu
jroning ḍaḍa isih nggegem pitakonan

Moeljono Soedarmo
(in: Iesmaniasita, Guritan, Antologi
Sajak-sajak Jawi, Surakarta, 1975).

First published
between 1954 and 1967.

27
PAMA KANCAKU

Ing pojok lor-kuloning désa Geḍanyung, dadi pinggir kali uruté Ngasinan kang sisih ḍuwur, ceḍak karo kuburan kang kapager témbok mubeng, ana sawijining sumber, dudu senḍang, amarga iya mung prempal-prempul cilik-cilik banget. Pancèna ngono banyuné bening, nanging ganḍèng ora kapigunakaké apa-apa malah katon reged kecemplungan ing goḍong pring lan gayam amarga ing pinggiré wétan ana wité gayam geḍé lemu ngrembuyung éḍum peteng, njalari sepi singub angker wingit medèni, ḍasar ceḍak karo baronganing pring ori. Bludaganing banyu kang urut ing srèwèhaning lemah paḍas iku mili mengisor ngulon mbanjur kemricik tumètès marang ing kali kang pinggirané akèh gesong-gesongané lan gerong-gerongané kang katon jero-jero peteng.

Pinggirané sumber kang jembaré watara karo tengah mèter pesagi iku ora gasik limit, nanging malah katon rungkud déning leḍung-leḍunging suket sarta piskucing kang paḍa ṭukul ana ing kono. Kabèh iku kapara anambahi singubing sesawangan kang mahanani yèn panggonan mau arang banget kambah ing uwong. Ing jero sumber akèh bibisé, wader cilik-cilik lan precilé, ana sing isih wujud cébong kang paḍa langèn sliwar-sliwer campur lan bibit wader-wader mau. Ya mung iku kang ngenggoni utawa nunggu ing sumber ngisor gayam iku.

Miturut wartané wong-wong ing saceḍaké kono sumber mau dienggoni ing lelembut, ya kuwi kang lumrahé diarani peri. Nanging aku ora percaya, jalaran yèn saka rumangsaku durung tau aku meruhi marang peri kang jumeḍul saka ing kono lan prekara iku angèl banget anggonku arep mbuktèkaké ing kasunyatané. Mula sanadyan akèh lan wernawerna banget aku krungu cecritan bab lelembut utawa memedi, uga ḍèk aku isih bocah kaé kerep aku didongèngi déning wong tuwa-tuwa bab bocah digonḍol wéwé lan . . . ya isih akèh manèh liya-liyané sebangsané iku, nanging aku tetep ora percaya marang ananing lelembut, ḍemit, sétan, gendruwo, jim, peri, prayangan, ṭèṭèkan, banaspati, ṭongṭong-sot, kang sok paḍa nyrawung medèni marang manungsa ing alam donya kaya aku ḍéwé iki.

Nanging . . . aran ndelalah, apa ya tembung ndaradasihi ngono kaé, ganḍèng karo sumber gayam iki aku dicritani déning kancaku ḍéwé sing

omahé ana kampung Jayèngan sajroning kuṭa Sala, Supama jenengé, mengkéné.

Pama iku umur-umurané lagi jajahan sanga likuran taun, pancèn barakan karo aku. Ḍèwèké isih jaka, durung omah-omah, nanging wis nyambut gawé dadi tukang dodol karcis ing geḍong biyoskup Fajar, Purbayan. Anuju sawijining bengi ± jam rolasan, sawisé bubaran biyoskup, Pama ngetokaké pité arep mulih. Dengarèn wektu iku ḍèwèké ora énggal-énggal nyénklak nunggang pit, nanging malah mung dituntun waé karo mlaku sakepénaké. Bareng tekan sangareping Bank Negara Indonésia ḍèwèké nglirik mengiwa lan weruh yèn ing pinggir dalan ana sawijining putri kang manganggo cara Jawa, nganggo slénḍang, nyekel tas plastik rada cilik, ngadeg ijèn lingak-linguk sajak nggolèki utawa ngentèni réwangé. Rèhning jalaran Pama yèn mulih kagolong kèri ḍéwé, let watara setengah jam karo buḍaling para penonton biyoskup lan sawisé ngétung sarta nyetoraké ḍuwit pepayoning karcis marang kasiré, lan saka rumangsané putri mau iya apik tenan rupané, sarwa prasaja pantes dedeg-piadegé dalah sapanganggoné, mula kanṭi pikir: 'Iya iki putri Sala sejati ... wis wayah ngéné teka isih ana kècèran putri siji ... bejaning awak, sapa ngerti,' ḍèwèké wiwit nyapa-aruh mengkéné: 'Ngentosi sinten ta, mbak, panjenengan?'

'Ngentosi seḍèrèk kula, Ngadiyem,' wangsulané. 'Kala wau sanjang menawi ningali biyoskup ing Fajar ngriku.'

'Ing mangka ingkang sami ningali sampun telas punika, mangké gèk ketlisiban ... lha dalemipun pundi?'

'Tebih kok, ḍik, njawi kiṭa ... ngGeḍanyung, salèring kuburan umum Daksinalaya,' karo mèsem semu rikuh.

'Menawi ngaten mangga kondur kémawon, kula ḍèrèkaken ... kersa?' karo nyeḍaki manḍeg nyeḍekoni stanging pité.

'mBoten! Kula ajrih!' wangsulané cekak.

'Ajrih ... kadospundi ta?' panḍeseké Pama karo rada nyeḍak manèh lan nyawang paraiané ... 'waḍuh, nyata ayooou banget tenan ingatasé bocah ndésa, ḍasar tanpa cacad ... lugu, iya iki sing dak-karepaké!'

'Ajrih kaliyan bapak ... temtu dipundukani kula mangké, jalaran kala wau pangkatipun sangking griya sareng,' karo katon rada suntrut polatané.

'Menawi ngaten rèhning tiyang ningali sajakipun inggih sampun telas saèstu, pramila prayoginipun mangga kula ḍèrèkaken kondur kémawon ngiras pantes, mbokmanawi mangké pinanggih utawi nglanggar seḍèrèk panjenengan punika lajeng kula aturi kondur sesarengan. Kula ugi baḍé mantuk piyambak kémawon, katimbang nengga wonten ingriki piyam-

bakan tur tanpa gina sajakipun,' pangglembuké Pama.

Tanpa wangsulan kenya kang sulistya ing warna mau banjur minger mengidul wiwit lumaku, tangan tengen nggèrèd kenceng ningsetaké klambiné, tangan kiwa nggawa tas plastik kanggo lémbéhan, lendreg-lendreg rinḍik semu mangu-mangu muḍun saka ing trotowar nugel dalan geḍé kang mengétan marang Pasar Geḍé, munggah manèh ing trotowar sakulon Bank Rakyat lan Kantor Kawat, mengidul parané. Pama njèjèri ... mbarengi lumaku karo nuntun pité ing sisih tengené miwiti guneman mengkéné: 'Dipuntepangaken kémawon, inggih mbak, nami kula Supama.' Méngo nyawang Pama seḍéla kenya iku mangsuli: 'Inggih ... menawi kula Suminten,' karo mèsem bali tumungkul.

Sajroning paḍa lumaku mau Pama karep mboncèngaké, kang supaya bisa rikat lakuné lan mbokmenawa bisa énggal nututi utawa ketemu karo Ngadiyem, seduluré kang dikira wis nḍisiki mulih mau. Panari iku tansah katulak terus déning Minten, kang suwéné-suwé nganti nimbulaké gagasan-gagasan kang rupa-rupa lan kang ora-ora ing sajeroning atiné si tukang karcis mau. Pama ngrogoh njupuk rokok Menara saler saka ing kanṭonging clana kang tengen, kaakep lan banjur mak jrès ... ngerèkaké rèké kanggo nyumed rokoké. Nalika nyumed ngempakaké rokok mau mripaté Pama nglirik ngawasaké marang rainé Minten kang kapaḍangan ketaman ing soroté urubé rèk, jalaran ... 'engko gèk dudu uwong tenan bocah iki,' mengkéné osiking atiné. Bareng wis ceṭa yèn kenya mau temen-temen arai ayu lan sawisé rokok kang kaakep bisa teḍas panyumedé, rèké énggal-énggal dipatèni, nanging ora tumuli dikanṭongi malah diciglokaké, marga ... 'sikilé apa ya sikiling wong tenan ya ... ngko gèk sikil jaran?' ṭukuling pikirané. Kanṭi rèk kang mentas katibakaké kang nuli dikanṭongi iku Pama weruh yèn wanita mau uga mawa sikil lumrah baé. Éwa semono atiné kancaku isih tetep kurang maremé.

Wuwuh-wuwuh bareng lakuné ngambah ing alun-alun lor lan saben meruhi regemeng njenggerenging wit ringin wanita mau mesṭi nélakaké rada wediné sarana uni 'hiii' nyekeli tangané Pama sarta nḍepèpèl lakuné, mula saka soroting lampu-lampu montor, bécak lan sepéḍah kang paḍa papagan utawa nglanggar, priya muḍa mau bisa nglirik maspadakaké marang pepérangan bebadaning si wanita ayu iku kanṭi sakatogé: ... endi kang kepaḍangan ing sorot, iya ing kono paran tumibaning pandelengé ... nganti ceṭa wijang kabèh marang gatra wewangunaning saranduning awak kang mbeneri mepeg weweg ndemenakaké mau ... satuhu cingak rena sarta lamlaming paningal.

Sakliwating alun-alun, karana isih tetep ing rasa sangga-runggi, saben

lakuné ngambah dalan kang rada kurang paḍang lan sepi saka wis wektu tengah bengi iku, sarta sebab saka anggoné kerep ḍeḍèpèlan mau, Pama dadi bisa grayangan kanṭi tangané kang kiwa marang lempèng bangkèkan dalah gegeré Suminten. Timbuling tindak-tanduk kang kaya mengkéné iki sebab dayaning pikir kang ngira yèn Minten dudu manungsa, nanging . . . peri bangsaning badan alusan.

Bareng panitipriksané, iya sing sarana pandeleng uga sing sarana cekel demèk grayanging tangan, wus ora bisa nemokaké bukti apa-apa si nomnoman kancaku iku lagi gelem percaya yèn Minten, wanita kang sulistya ing warna manganggo cara Jawa lan kang dadi kancané bareng lumaku rinḍik-rinḍikan mau, temen manungsa, uwong, dudu peri bangsaning lelembut . . . cekaké wis ilang babar-pisan tiḍa-tiḍa rangu-ranguning pikir . . . sirna resik satabet-tabeting sanubariné. Nalika iku lakuné tekan kreteg tanggul sakidul kampung Ḍawung. Tekan sakidul désa Tanjunganom lakuné rada suda rikaté, marga dalané dadi muḍun, saya sepi lan petengé, saka wis kemput entèking listrik diyaning dalan. Pama, kang ḍasaré jejaka ndregil nakal lan kekendelané kang nganti ngilangaké rasa duga-prayoga sarta kaprayitnaning ḍiri, banjur wiwit nyekel tangan tengening Minten, wani nganti . . . lan rada keladuken . . . ngrangkul punḍak barang! Nanging lagi baé mak plek tangan tumèmpèl ing punḍak kiwa, déning tembungé si kenya 'mBok nggih ampun ngoten ta, wong ènten margi ngèten kok!' karo nggiwar mengiwa sawetara nggonggang lakuné, banjur kaeculaké manèh, wurung pangrangkulé. 'Teka rada galak lan nyengit temen ya kenya iki,' mengkono ciptané Pama rada rengu atiné.

Embuh saka apa, bareng wis watara jam rolas luwih seṭiṭik, lakuné tekan ing kreteg Munyung, atiné Pama wiwit keṭukulan ing rasa ḍegḍegan wedi manèh, nuli pitakon: 'Taksih tebih ta, mbak, griyané saking ngriki?'

'mBoten, empun celak, kidul niku napa!' wangsulané.

'Nika ta, nggèn diyan sing ketingal nika ménggok ngilèn sekeḍik,' karo nudingi sawijining diyan ting ing sisih kidul kang katon saka kono. Ganḍèng pangertiné yèn dalan geḍé mengidul banjur mengulon seṭiṭik iku tekan ing kuburan Daksinalaya Geḍanyung, atiné kancaku dadi wuwuh wediné, mula banjur mogok lan muni mengkéné: 'Waaah inggih nyaḍong sakaṭahing deduka lan nyuwun gunging pangapunten, mbak, kula kepeksa mboten saged nglajengaken anggèn kula nḍèrèkaken tindakipun, kabekta kula sampun kesel sanget. Pramila baḍé wangsul mantuk ngriki kémawon, nggih mbak,' karo manḍeg ana ing satengah-tengahing kreteg.

'Wah lo dospundi? Rak temtu dipundukani bapak kula mangké. Wong mung kantun celak kémawon kok,' panḍeseké nganti mara ngadeg nyeḍak arep-arepan. 'Nggih . . . ! Napa mboten mesakaké kula ta sampéyan? Ingatasé cah wédok kok ajeng mang culaké ijèn ing wanci tengah dalu tur petengan pisan. Ngga ta, lha pripun?'
'Èstu kok, mbak, kula nyuwun pamit.'
'Wong wis kersa ngeteraké wé . . . kok ora sisan tekan ngomah! Rak ya piyé . . . !' ketara rada nesu.
'Nggih mang ngendikakaké napa mawon mpun sakersané, nanging kula tetep trimah wangsul ngriki mawon kok, mbak,' karo nginger mbalik pité dadi ngalor.
'Wong mung kantun celak men kok mboten gelem tenan ngeteraké!' entèk kasabarané wuwuh muringé. 'Kebangeten tenan sampéyan niku! Ambak wong kok . . . !' karo ndudut kacu putih saka ing slempitan setagèn kang pener weteng sisih rada kiwa nḍuwur lan banjur kasabetaké senḍal-pancing marang rainé Pama. Kanggo nangkis sabetan kacu iku jejaka kancaku iki cukup ngeremaké mripaté karo pisan seḍéla baé . . . dadi sakeḍèpan. Nanging bareng wis byar . . . melèk manèh . . . dadi abang dluwang cahyané, awaké gemeter wèlwèlan ngoplok, atiné ḍegḍegan miris banget, jalaran Minten si kenya ayu mau bisa ilang ora katon ing sakala iku uga. Cepet Pama mancalaké sikilé kang kiwa marang péḍalé pité kang wis kebeneran mengalor seḍiya énggal-énggal oncat saka ing kono, nanging pamancading péḍal amung tansah luput-luput baé, nganti genep kaping telu, malah bareng kaping paté mak grobyag . . . tiba. Tanpa nggagas liya-liya manèh banjur agé-agé krèkèlan tangi ngedegaké pité manèh, nuli cepet kasurung karo mlayu sawetara baé ḍisik, pamrihé énggala oncat linggar saka ing papan kono mau . . . tenan, karepé kelakon!

Bareng wis sawetara sepuluhan mèter dohé, ḍegḍeganing ati, gumetering awak, rasa miris wediné wis rada suda, éwadéné isih mawa kesusu, sikil kiwa wis pener mancad péḍal lan mak céngklak . . . tanpa noléh memburi terus mbanḍang mengalor arep mulih menyang Jayèngan.

Tekan seméné wis entèk critané Pama mau. Éwa semono aku iya isih tetep ora percaya, jalaran pikirku durung bisa nemokaké keterangan lan . . . malah terus terang baé, pangerti utawa kawruhé prakara iku aku seṭiṭik baé isih durung utawa ora duwé babar-pisan. Dadi isih suwung koṭong blong! Lha wong mung lagi kanḍané baé kok, kudu wis kon percaya! Ora sudi . . . gemang . . . wegah aku! Kejaba ta yèn wis tau nglakoni ḍéwé . . . ! ! !

M. T. Suphardi, Putri Sumber Gayam, Sala, 1966.

28
JA KESUSU
(lagu kroncong)

Ja kesusu, jeng,
mengko munḍak klèru,
becik alon-alon
watoné kelakon,
tur maton.
Aja gampang kèlu marang
paméran rajabrana,
kang agawé sangsara.

Gagah bregas, jeng,
tur ya sugih banḍa,
duwé montor lima,
ngaku isih jaka,
percaya.
Ayo paḍa suka-suka
plesir njajah kuṭa
Jakarta Surabaya.

Kepéncut rajabrana
lebur ilang musna
aran wanita utama.
Kena bujuk tembung manis
marang priya kang duwé
wewatak ṭuk-mis, ṭuk-mis.

Ah geduwung, jeng,
ning piyé, wis kaḍung,
genah ora wurung
kecaplok bajul buntung,
cilaka.
Biyèn jaré ngaku jaka,
kemriyeg, jabang bayi,
anaké kok wis lima!

29
ÉLING BOJO

Lebar ḍahar pranyata ḍokter Hèrdini sida ngasta serat. Konsèntrasi sarta angen-angen tumumplak ana layang, kaya-kaya kepéngin nyawijèkaké pikiran tumuju menyang priya kekudanganing nyawa, iya garwané, kaptèn penerbang Gunawan Wibisana kang lagi ngayahi tugas ana garis depan kanggo kamulyaning bangsa sarta negara.

Semana wayahé wis ndungkap jam 8 bengi. Ing njaba langité paḍang sumilak, hawané aḍem. Karana awak anané mung kepéngin nḍuwel ana ḳamar, mula pintu lan jenḍéla-jenḍéla kaca wus paḍa ditutupi kabèh, ḍasar sajak ora bakal ana ḍayoh. Raḍio ing ruwang tengah isih lamat-lamat ngumanḍang nggawa lagu-lagu kang anteng sarta kelun saka orkès senja 'Merayu' pimpinané Muhammad Sutiyasa saka Jakarta.

Ora rinasa karo astané urak-urik ndadak laṭiné ḍokter Hèrdini mèsem tanpa kenḍat, kaya-kaya lagi ngaḍepi kakungé lan ngajak gojègan kaya adat sing wis kelakon.

'Ah, mbokmenawa amarga saking kangenku déné dayané nganti tekan seméné,' ngono gagasané ḍokter Hèrdini. Lan nyatané tumuli nulis iku kala-kala kebayang-bayang dina-dina anyaran biyèn kalané sang ḍokter kenal karo kaptèn penerbang. Pancèn ora ngira yèn jebul arep éntuk joḍo militèr, mangka gèk uwongé kelebu isih enom pisan, pawakané lencir, nanging kiyeng.

Jamané semana Hèrdini uga wis dadi ḍokter. Kenalé karo Gunawan diwiwiti nalika ḍokter Dini nyegat kenḍaraan amarga bis sing ditumpaki mogok kalané ḍokter Dini kondur saka tilik bapak ibu ana Pekalongan. Campur karo rombongan wong pirang-pirang sang ḍokter ngono ngawé kenḍaraan ana pinggir ndalan. Nanging bola-bali diawé kepeksa ora gelem paḍa manḍeg amarga racaké wis paḍa kebak. Ora let suwé bareng wis antarané setengah jaman anggoné pating nggejejer ana pinggir ndalan, saéngga lambé nganti paḍa njegaḍul, ndadak saka kulon gazz anyar AURI. Tanpa diawé kenḍaraan mau bareng weruh ana krompol-krompol ing pinggir ndalan mangka akèh para putriné, banjur manḍeg greg. Penumpangé mung siji nḍil, ya si sopir, bocah enom bagus pawakan kuning, kang mawa saragam militèr.

'Tindak pundi, jeng?' anggoné takon karo nungulaké sirahé.

'Ḍateng Semarang.'

'Nitih menika kersa? Kula ugi baḍé wangsul ḍateng Semarang.'
'Inggih, inggih keleresan. Kula nunut, kula nunut.'
Sing wangsulan ramé-ramé ngono iki penumpang-penumpang liyané.
'Wah, matur sanget nuwun.' Karo ngendika ngono mau ḍokter Dini munggah ing kenḍaraan kang lawangé ngarep wis dibukakaké pisan saka njero, lenggah jèjèr sing nyopir.

Penumpang-penumpang liyané uga banjur paḍa ramé-ramé munggah metu mburi. Kenḍaraan kebak mencep, malah kepara ditetel.
'Menika tindak Semarang sedaya?'
'Inggih, inggih. Ḍateng Semarang sedaya,' wangsulané asaur-manuk. Lebar iku gazz banjur bablas banter. Ḍokter Dini solahé anteng mung kepara gelem ngendika yèn didangu. Nanging suwé-suwé, bareng si kaptèn bagus iki sajak ngetarani yèn wong sopan sarta trapsila, mangka grapyak semanak, ḍokter Dini uga dadi ilang rasa was-sumelangé. Genti-genti karo penumpang-penumpang kang ana mburi paḍa ramé ngendikan, swasana dadi gayeng.

Tekan Semarang para penumpang sing ana mburi meḍun bareng ana sapapan. Ḍokter Dini piyambak sing isih ana lungguhan ngarep marga dalemé saarah karo sang sopir, mula karepé arep ḍi-drop ing alamaté pisan. Nalika tekan papané lan si ḍokter meḍun, ḍèwèké ngendika:
'Wah, matur nuwun sanget lo, ḍik. Menika kepeksa ngresahi.'
'Sampun mboten dados menapa,' wangsulané bung sopir. Nalika ngingetaké pekarangan dalem weruh papan nama ḍokter lan jam praktèk, si kaptèn isih kober nyuwun pirsa:
'Panjenengan, jeng, ingkang ngasta wonten ngriki?'
'Inggih.'
'Yèn ngaten, sawanci-wanci kula sakit pareng inggih kula sowan mriki?'
'Temtu kémawon saged. Menapa inggih ḍokter baḍé nolak pasièn? Namung ingkang dipunsuwun rak inggih sampun ngantos gerah ta, ḍik?'
'Inggih mila ngaten, jeng.'
'Langkung prayogi tindak mriki séhat ameng-ameng ala nganggur, tinimbang tindak mriki nanging kok gerah. Rak inggih ta?'
'Inggih. Inggih sanès dinten kula merlokaken sowan. Pareng rumiyin, selak sonten, jeng.'

Kalané kenḍaraan nggereng mangkat ḍokter Hèrdini isih kober kurmat ana pintu régol kelawan mèsem.

Liya sasi, kalané kaptèn penerbang mau kondur ana Semarang, sawijining soré jebul temenan merlokaké sowan ḍokter Dini. Mung sowané soré kuwi pancèn nggawa awak kang rada mriyang, mula uga banjur mèlu antré kaya pasièn-pasièn liyané.

Kalané tiba gilirané sang kaptèn mlebu kamar periksa. Mesṭi waé ḍokter kagèté ora jamak. Jeneng ing kartu, ya Gunawan Wibisana, sing mentas waé diwaos jebul wong-wongané ya si kaptèn penerbang muḍa kuwi.
'Lo, ḍik Gun. Gerahipun menapa? Kok anèh-anèh, bisa ketemu manèh waé ndadak gerah? Kala menapa kondur Semarang?' ḍokter Dini grapyak anggoné mbagèkaké.
'Sampun tigang dinten, jeng.'
'Kok mboten wingi-wingi tindak mriki?'
'Kraos asrep wau dalu. Malaria mbokmenawi. Énjing wau sirah tesih cleng-clengan. Mangka mbénjing embèn kedah ḍateng Madiun.'
'Yèn dèrèng ḍangan kedah pun-undur rumiyin, ḍik Gun.'
'Penting sanget, jeng. Wonten perintah saking atasan.'
'Ḍokter berkuasa dalam soal keséhatan, ḍik,' ngendika ngono mau ḍokter Dini karo mèsem lan ngeḍèpaké nétrané sing tengen ngajak guyonan pasièné.
'Kalau ada surat perintah mémang bisa, dokter.'
'Kalau mémang perlu nanti saya kasih.'

Stétoskop dipasang, mubeng-mubeng ing sekitar ḍaḍa, lan si kaptèn dipréntah unjal napas. Banjur didangu bab rasané nalika lara, werna-werna lan akèh-akèh, bisaa nganti tliti lan aja nganti klèru diagnose-né.
'Dospundi, jeng, sakit kula?'
'Jangan kuwatir, tidak apa-apa.'
Lebar disuntik lan diparingi resèp kaptèn penerbang Gunawan pareng metu.
'Yèn mangké dalu tesih kraos kirang sekéca, bénjing-énjing tindak mriki malih lo, ḍik Gun.'
'Inggih, jeng. Inggih. Matur nuwun.'

Nanging nyatané dinané sésuké sang kaptèn ora sowan manèh, jalaran larané wis mari. Embèné sida bablas nyang Madiun amarga préntah atasan. Mung let rong minggunan antarané ndadak awan-awan ḍokter Hèrdini nampa layang saka kaptèn Gunawan kang isiné ucapan terima kasih déné injèksi lan resèpé ḍokter Dini cespleng tenan.
'Betul-betul hébat ḍokter putri yang seorang ini!'
Mesṭi waé ḍokter Dini mèsem gumujeng dialem kaya mengkono mau.
'Hem . . . penerbang muḍa iki, kober-koberé isih ngajak guyon, ingatasé awaké dibanting mrana mréné,' ngono pangudarasané ḍokter Dini karo nyekeli layang kang mentas diwaos mau.

Dina-dina ing sabanjuré nyatané saben-saben sang kaptèn tindak Semarang niliki bapak ibuné ora kétang sepisan nanging mesṭi ngaton

lan sowan ḍokter Hèrdini.

Kala semana sejatiné ḍokter Hèrdini iki prasasat wis dianggo 'rebutan', liré kepara akèh priya kang ngarepaké. Ana kanca sakoléga ya ḍokter, ana pegawai tinggi, ana importir kaya, pijer-pijer paḍa nyambangi dolan réwa-réwa bab awaké kang sok krasa sumeng-sumeng. Kabèh ditanggapi lan ditemoni becik-becik déning ḍokter Dini, ora kétang jroning batin ḍèwèké wis ngerti apa ta karepé para priya mau kang sejatiné. Éwasemono jroning manggihi mau ḍokter Dini tetep wicaksana lan nuwuhaké daya pangaribawa netepi anggoné dadi kanca lumrah. Siji loro ana kang nyoba arep ngajak lunga, utawa kliṭih-kliṭih golèk hawa, nanging ḍokter Dini tetep bisa nolak sarana becik-becik, ora nganti nuwuhaké laraning ati liyan.

Pancèn béda, lan embuh apa sebabé ḍèwèké ora bisa nerangaké! Nanging saben-saben katekan gazz-é penerbang ḍokter Dini kok krasa seneng lan kersa waé diajak guyonan. Malah saya suwé janji pirang-pirang sasi si kaptèn penerbang ora katon, ḍokter Dini sajak krasa kangen ngendikan lan guyonan. 'Lagi yèn mengko layangé teka ati iki krasa ayem lan gembira.'

Ya ngono mau kawitané, nganti wusanané loro-loroné tepung kliwat saka raket, saéngga wusanané paḍa déné nuwuhaké tresna antara siji lan sijiné.

Nanging méndah iba sangsarané, telung sasi bubar dadi mantèn kaptèn penerbang Gunawan Wibisana ndadak éntuk tugas menyang perbatasan. Ora mokal yèn paḍa déné kagèté, saupama wong turu durung tutug wis keselak jugar karana ana gawé-parigawé.

Nanging arep kepriyé manèh, karana jeneng militèr mono dadi aparatur Negara, wis kudu yèn sawayah-wayah gelem diparéntah sarta sumanggem netepi tanggung jawab. Ḍokter Hèrdini ḍéwé uga saḍar lan ngerti yèn pancèn ya ngono mau jejeré wong dadi tentara, sawayah-wayah kudu gelem mangkat yèn dibutuhaké déning Negara. Luwih-luwih manèh ḍasaré saiki kahanané pancèn lagi prihatin, Negara seḍeng berévolusi, sapa manèh kang bakal asung darma bakti kanggo jaya lan moncèring bangsa yèn dudu para putra lan putriné sarana cara sarta dalané ḍéwé-ḍéwé. Yèn pancèn dirasa abot, kanggoné ḍokter Dini mesṭi ya abot, jer lagi waé dadi mantèn karo priya kang ditresnani, nanging yagéné teka ndadak wis kudu pisah sadurungé honeymoon paribasané? Wong lagi dadi mantèn kuduné nèḍèng-nèḍèng gayeng kok banjur dikon pepisahan. Nanging rasa abot kang kaya mangkono mau banjur dipupus cepet-cepetan lan ora digawé apa-apa, jer nyatané toh bésuk-bésuké bakal ketemu manèh.

'Iḍep-iḍep aku asok bulu bekti kanggo agunging Negara. Selamat jalan Pahlawanku. Selamat jalan dan selamat berjuang kekasihku, hatiku selalu menyertaimu!' ngono tékad lan anteping panggalihé ḍokter Dini kala nglepas kakungé mangkat tugas kala semana. Anané mung donga kang tansah diiringaké muga-muga tanpa nemu sambékala apa-apa ana madyaning peperangan.

Nganti rada sauntara, bengi kuwi ḍokter Dini anggoné ngasta serat. Bola-bali diwaos aja nganti klèru lan marakaké pikiran kang werna-werna kanggoné sing maca. Bareng pranyata wis bener, layang banjur ditutup rapet.

Hardjana H. P., Ditinggal Nyang
Perbatasan, Yogyakarta, 1966.

30
KEBOGIRO

anakku lanang wis mulih manèh, oh, ati
saka pulo kang adoh nyabrang segara rempela
bagus, kabar apa kang kok-gawa saka kana?
sengsara apa kang kok-sampiraké ing punḍak kuwi?

nyeḍaka mréné, jlonèt, ambruk ing pangkonan
dimèn bisa dak-serit rambutmu kang kebak awu
baksil kang diguyuraké déning tangan-tangan jail

mara mrénéa nggér anakku kang naté ilang!
sulingmu kang lumuten wis dak-umbah sarana eluh
angkaten manèh pènmu kang tainen, asah
tumuli bali nulis ing dluwang iki
merga ana kang mokal runtuh
omah éyub asaka kejujuran

anakku lanang ayo paḍa nembang
ésuk-ésuk
lair manèh guritan selarik:
tunggak waja kang sepi ing tindak deksiya

Sl. Soeprijanto
(in: Iesmaniasita, Guritan, Antologi Sajak-sajak Jawi, Surakarta, 1975).

First published
between 1954 and 1967.

31
ILANG

Ah, Rahayu isih miris atiné manawa kèlingan marang kadadéyan kang ora dinyana-nyana iku. Soré-soré wayah surup pak Wangsa bali saka Yoja ijèn, montoré ora dikanḍangaké ing garasi. Pak Wangsa katon bingung nggoné arep matur marang bu Marta. Rahayu ora sranta, banjur sumela takon marang pak Wangsa. Aturé pak Wangsa kanṭi glogap-glagep manawa Susanta ditahan ana sèksi polisi ing Yoja. Kaya diḍoḍog pangrasané Rahayu, krungu aturé pak Wangsa yèn soré iku mau Susanta lagi ana ing sawijining omah, digropyok polisi marga nggoné paḍa main rolèt. Bengi iku uga bu Marta lan Rahayu buḍal menyang Kartasura lan, bebarengan karo pak Narya, nuli mangkat menyang Yoja. Ananging bengi kuwi Susanta ora kaidènan mulih. Ditahan nganti seminggu, lagi dililani bali, sawisé dinaséhati aja nganti minḍo nggoné main rolèt.

Ooo, lagi ngerti saiki manawa Susanta iku . . . dadi botoh. Ora ngira temenan lelakon nganti kaya ngono! Mung miturut aturé pak Wangsa, kang diḍeḍes déning bu Marta, nggoné seneng rolèt kuwi durung suwé, wiwité kira-kira telung sasi sawisé temantèné Susanti.

Ing bengi iku, nadyan durung wengi, lagi jam setengah wolu, Rahayu wis mrimpen ing kamaré. Nunggu tekané kakungé déné nganti wayah méné teka meksa durung kondur. Kamangka miturut rancangané Susanta iya kakungé iku, sésuk arep menyang Surabaya terus buḍal menyang Balikpapan liwat gegana. Manawa kamempengané bab pagawéan, Susanta iku isih panggah, malah kepara luwih mempengé katimbang karo ḍèk durung kambuh nggoné seneng main rolèt. Malah saiki duwé kaunḍakan pagawéan dagang saliyané tembako. Duwé kaunḍakan bisa export, ya kuwi kirim barang menyang 'luar negeri'. Nganti tumrapé Rahayu ora bisa mbédak-mbédakaké lungané kakungé, lungan nyambutgawé apa lungan rolèt. Sawisé Susanta ditahan polisi kaé malah saya ndadi, ora ngrèwès marang ḍawuhé ibuné, marang Rahayu wis ora pakéwuh manèh, tanpa tèḍèng aling-aling. Uwis kerep diélingaké déning Rahayu sarana alus, nanging wangsulané . . . wah mrinding Rahayu krungu wangsulané Susanta. Biyèn kaya apa katon katresnané marang ḍèwèké, lan saka pangirané ora ana tanḍa-tanḍa manawa kakungé kuwi

jaré tau duwé lara, dudu lara raga nanging lara jiwa. Jebul nganti kawetu uniné marang ḍèwèké: 'Jeng, kowé wong wadon, ngertimu apa, anggeré aku wis bisa nyukupi, kurangamu apa? O, saupama kowé sida olèh Hèrmanta, rak ketimpal-timpal diajak gliḍig ngana kaé. Dadia mèster kaé, yèn ora banḍa arep apa!' Rahayu saya ora kuwat ngampet iliné eluhé, nuli gumloso ngungkeb-ungkeb bantal, kèlingan ujaré Susanta iku.

Ḍog, ḍog-ḍog. Lawang kamaré Rahayu diḍoḍog lirih saka njaba. Rahayu njenggèlèk saka paturoné, eluhé diusapi nganggo kacuné.

'Nḍuk! Rak durung turu ta, nḍuk. Ayo ḍaharan pisan, wis wengi lo.' Bu Marta kang nimbali saka njaban kamar, katon aris nggoné nimbali, sajak ngerti yèn Rahayu lagi nanḍang susah.

'Ayo, nḍuk, diḍahar, aja banget-banget menggalih masmu. Mengko manawa pancèn mulih wis bèné ḍahar ḍéwé,' pangandikané bu Marta marang Rahayu kang katon amem iku.

'Dalem, bu. Ngendikanipun mas San énjing kala wau, sonten sampun wangsul, tiyang namung ḍateng Sala kémawon, nyekapaken serat-serat kanggé ḍateng Balikpapan bénjing embèn.'

'O, dadi sida ta, olèhé arep menyang Balikpapan kuwi? Kok iya ora nḍèrèk pisan ta, nḍuk. Wong genah karepé masmu uga ngajak ngono.'

'Ah, sampun boten kémawon, bu. Tiyang meṣṭinipun boten cekap manawi namung sedinten kalih dinten. Mangké minḍak kedangon nilar griya.'

Tumrap bu Marta, nggoné Rahayu ora mèlu Susanta menyang Balikpapan kuwi ndadèkaké karenané. Marga manawa Rahayu mèlu, panjenengané ngrasa sepen. Utawa manèh lungané Susanta iku uga urusan dagang.

Lagi setengah paḍa ḍaharan iku, keprungu swarané montor kang manḍeg ana latar. Gagé-gagé Rahayu menyat saka palungguhané mapag Susanta kang lagi bali. Tasé kang dicangking kakungé nuli katampanan déning Rahayu. Rikala Susanta weruh manawa Rahayu wis nḍèrèkaké ḍahar ibuné praupané nuli katon mbesengut.

'Ayo ta, San, malah ḍahar pisan. Iki mau Rahayu tak-ḍawuhi nḍèrèkké ḍahar aku, lha wong wis wengi.'

Susanta, mireng pangandikané ibuné, mung bungkem waé lan nerusaké jumangkah menyang kamaré. Bareng Susanta rampung olèhé reresik badan, Rahayu banjur nutugaké nggoné mangan bareng karo garwané kang katon isih mbesengut.

'Mas, iya wis rampung nggoné ngurusi layang-layang kanggo sésuk kuwi?' pitakoné Rahayu karo tata-tata sanḍangané kakungé. Koper kulit kang geḍé kuwi ditatani sanḍangané Susanta déning tangané Rahayu

kang alus iku. Susanta, krungu pitakoné Rahayu iku, sajak katon alot nggoné awèh wangsulan: 'He-eh, jeng, wis bisa rampung kabèh. Apa pangiramu aku mau ora bali ta, jeng?' sauré Susanta karo genti pitakon marang bojoné. Kaya apa kagèté Rahayu, krungu pitakoné Susanta kuwi, nanging mung cukup ing pangrasa waé, guwayané tetep panggah lan babarpisan ora ngatonaké laraning atiné. Marga pancèn Susanta kang saiki mula wis béda banget karo Susanta ḍèk biyèn, nalika durung kambuh lelarané nggoné mendem ro . . . lèt.

'Ah, panjenengan kuwi, kok ana-ana waé lo, meṣtiné iya ngira manawa kondur ngono.'

'Ha ya sokur ta. Jeneng jumbuh karo olèhku keraya-raya mulih iki mau. Nanging nyatané kok . . . ora sranta nunggu mangan bengi.'

Kagèting pangrasané kaya ginetak kaé. Nanging jalaran Rahayu wis kulina krungu ujaré Susanta kang ora ngepénakaké iku, iya mung cukup unjal napas dayané pangampet.

'Jeng, bésuk manèh kuwi aja mangkono! Iya arepa rada kasèp kaé, kaya apa legané atiku manawa ngrasa kok-tunggu tekaku. Lunganku kuwi rak ora lungan muspra, iya mung kudu-kuduné netepi kuwajiban ngayani wong wadon.'

Wis ora bisa kaampet manèh eluhé kang dlèwèran ing pipiné kang sumringah. Rahayu mingseg-mingseg krungu ujaré kakungé kang durung nganti diwangsuli iku. Ing batiné krasa karanta-ranta diunèn-unèni mangkono kuwi, babarpisan ḍèwèké ora niyat nglirwakaké kakungé iku. Nadyan nganti ésuk pisan ta, ḍèwèké mau nedya nunggu mangan bengi. Nanging rak diḍawuhi ibuné supaya nḍèrèkaké nggoné ḍahar ta, sebab ibuné sumedya nglelipur ḍèwèké.

'Iya, mas, aku rumangsa luput. Mula kersaa paring pangapura,' sauré Rahayu karo mingseg-mingseg. Susanta, weruh bojoné nangis, katon biyasa waé.

'Nggonku kanḍa mangkono kuwi iya mung supaya nuwuhaké katentremané jejoḍoan. Nanging ora teges manawa aku ora ana ngomah banjur kowé ora mangan jalaran tunggu tekaku. Ora mangkono, kabèh kuwi nganggo subasita. Tegesé sing dak-karepaké, ulihku saka lungan iki mau rak genah wis diweruhi sadurungé. Kajaba manawa wis genah nginep, wis ora perlu ndadak ditunggu barang.'

Susanta isih mbrubul waé ujaré, kaya-kaya Rahayu iku dudu wanita kang ngerti tata-parikrama. Pancèn iya durung tau ana kadadéyan kaya ing bengi iki, nanging sebab ana ḍaḍakan kanggo nyalahaké kuwi, Susanta terus kaya olèh jalaran nggoné ngetokaké panguneg-unegé.

Nadyan sawengi Rahayu prasasat ora bisa turu, nanging jam papat ésuk ḍèwèké wis katon tangi. Mbok Wirya, kang kluṭekan ana pawon, nuli alon-alon marani kamaré Rahayu:
'Ndara ajeng, punika jarangipun ingkang baḍé kagem siram ndara kakung, sampun kula cepakké teng kulah.'
'Iya, mbok, unjukané apa iya wis rampung pisan?'
'Inggih, sampun. Mandar ḍaharané napa inggih sampun kula tata.'
Rahayu, krungu aturé mbok Wirya kuwi, nuli alon-alon nggugah kakungé kang lagi sesengguran pangoroké.

Sarampungé adus Susanta nuli ngrahabi sarapan. Bu Marta uga mbarengi nggoné ḍahar. Nadyan wayah umun-umun mangkono kuwi dudu pakulinané bu Marta, nanging marga kurmat marang putrané kang bakal lungan adoh iya banjur mèlu mbarengi nggoné paḍa mangan ésuk. Susanta mung bungkem waé. Pangrasané wis kebak pangangen-angen nggoné arep olèh baṭi kang ora seṭiṭik. Marga lungané menyang Balikpapan kuwi, arep nèken kontrak pembelian kayu sana kang wis ana kang bakal nampa ing kuṭa kéné.

Kurang luwih jam setengah nem Susanta, bebarengan karo ibuné lan Rahayu kang arep nguntapaké menyang setasiyun Balapan, wis buḍal numpak montor. Ing sajeroné montor sarana alus bu Marta awèh weling marang Susanta supaya ngati-ati. Séjéné pangati-ati bab lelungan uga bab dagang. Aja nganti kelimput ngoyak bebaṭèn, nanging pagawéan kang wis genah lan dadi cikal-bakal kaya tembako kang wis turun-temurun, aja dadi nglenṭar.

Jam setengah pitu sepur menyang Jember wis lumebu ing setasiyun Balapan. Bu Marta lan Rahayu mèlu lumebu ing gerbong kelas siji. Rikala arep muḍun saka gerbong Rahayu ora bisa ngampet iliné luh, nguntapaké Susanta kang arep lungan dagang menyang sabrang.
'Wis ayo, nḍuk, ndang kondur waé,' pangandikané bu Marta marang Rahayu, sawisé sepur kang ditumpaki Susanta iku buḍal. Lakuné Rahayu dikanṭi bu Marta kang katon welas banget.

Wis olèh telung dina iki Susanta lunga menyang Surabaya, banjur arep terus menyang Balikpapan. Kaya padatan pagawéané Rahayu yèn ditinggal lunga Susanta ngrangkep usahané: ḍèwèké kang nampani ḍuwit saka lengganan lan ngetokaké mbayar bon-bon kang wis ditemtokaké déning Susanta. Lagi waé iki mau Supardi, kang dadi jurutulisé Susanta bab urusan tembako, ngaturaké bon kanggo mbayar kayu karèt kang lagi teka nganti sepuluh prahoto. Mangka soré iku dina Setu, ḍèwèké kudu ngetokaké ḍuwit manèh kanggo blanjané buruh-buruhé

kang paḍa sunduk. Kang mangkono kuwi biyasa tumrapé ḍèwèké, manawa Susanta ora kebeneran lungan suwé mangkéné iki. Miturut pétungané Rahayu, sawisé ḍèwèké ngetokaké ḍuwit blanja kanggo soré iku, seḍiyan kanggo mbayar kayu manawa sawayah-wayah teka iya mung kena kanggo mbayar kayu patang ton waé. Dadi ing pangrasané kuwi digaṭukaké karo welingé Susanta, nggoné lungan kira-kira watara saminggu, nanging nalika ḍèwèké arep ditinggal ora dipasrahi bab kayu-kayu kang arep dibayar, amung kanggo blanjané buruh-buruhé waé. Iya ora dadi apa, mangkono putusing pétungané. Yèn ta pancèn ana kayu teka kang biyasané kudu dibayar kontan, kepriyé manèh, dikréḍit mesṭiné rak iya bisa, genah wis ceṭa kanggoné. O, mangsa ora olèh, katimbang ndadak nyuwun ngampil ibuné marasepuh, rak malah makéwuhi. Ing kéné saiki Rahayu tuwuh rasa tanggung-jawabé kaya déné lumrahé pengusaha, kang mau-mauné ora tau digapé déning Susanta. Dikira manawa Rahayu ora duwé bakat dadi sawijining usahawan, nganti didadèkaké kasir kang nyimpen lan ngetokaké ḍuwit, nanging ora dikanḍani bab ubeng lan kapentingané usaha.

Kaya adat sabené Rahayu, sarampungé nḍèrèkaké ḍahar soré ibuné, katon lungguhan ing panḍapa. Ora lali sambèné nyongkèt kang dadi kasenengané. Rahayu lagi ngrampungaké nggoné gawé mojah anggonan bocah, sedyané kanggo tanḍa mata marang Susanti kang wis nganḍut tuwa. Manawa lagi jejagongan karo ibuné marasepuh kuwi ngrasa ayem tentrem jiwané, apa manèh sawisé Susanti dadi 'bu Priyana' ana Kudus. Isiné omah geḍé iku prasasat mung ḍèwèké karo bu Marta, ibuné marasepuh. Mbok Wirya, réwangé, manggon ana omah mburi. Déné pak Wangsa ana omah cilik sanḍing garasi karo kulawargané.

'Nḍuk, kok iya durung ana kabar saka aḍimu, sajaké uwis babaran apa durung iya?'

'Dalem, bu. Manawi kémawon dèrèng, margi kirang langkung saweg satunggal wulan kala wilujengan pitonan punika. Dalem taksih kémutan énjingipun ḍateng Japara kaliyan mas San punika dinten Minggu tanggal setunggal.'

Mungguh kersané bu Marta mono, saupama ora barengan karo lungané Susanta, panjenengané nedya menyang Kudus nengga putriné kang bakal babaran iya si Susanti kaé.

Raḍio transistor nggiyaraké warta berita jam pitu soré, Rahayu nuli wiwit migatèkaké giyarané. Nadyan ḍèwèké ora kagolong wanita pergerakan, nanging bab migatèkaké marang mobah-mosiké kahanan ḍèwèké ora gelem ketinggalan. Kumelaping atiné ingga ngenḍegaké denyuting jantung. Rahayu kang mauné katon sumringah sakala dadi aclum pucet,

marga ing berita iku ana kabar kang ngagètaké:

—Pada jam 9 pagi tadi, pesawat penumpang G.I.A. menuju Balikpapan dari Pangkalan Pèrak, Surabaya, lima menit setelah meninggalkan landasan Pangkalan Udara Pèrak telah hilang jejaknya. Regu penolong dan penyelidik telah dikerahkan. Hingga kini belum diketahui nasib pesawat dan para penumpangnya.—

Prabot panyongkèt nuli ucul saka tangané, Rahayu katon saya gumeter badané.

'Nḍuk! Mumet apa piyé, nḍuk?' pandanguné bu Marta karo gagé menyat saka palenggahané, nuli ngrangkul Rahayu kang wis anyep lemes. Bu Marta njerit nimbali mbok Wirya lan pak Wangsa. Saisining omah gègèr. Pak Wangsa kaḍawuhan menyang Rumah Sakit ngaturi pak mantri. Bu Marta lan mbok Wirya ngupakara Rahayu ana ing kamaré. Déné mbok Wangsa ibut gawé jarang kanggo nyéka. Tujuné waé sawisé pak mantri rawuh lan paring sérum Rahayu sadar saka nggoné sumaput. Mungguh katrangané pak mantri, sumaputé Rahayu mau marga ketanḍegan sayah lan sajak ana bab sing gawé kagèting ati, nanging ora ndadèkaké bab kang mutawatiri.

Dina ésuké Rahayu wis pulih kaya wingi uni, malah uga banjur bisa matur marang bu Marta sebab sumaputé ḍèwèké ḍèk bengi kaé. Apa manèh ésuk iki mau wis luwih terang bab ilangé montor mabur G.I.A., malah uga banjur digiyaraké jeneng-jenengé panumpanging montor mabur iku. Lan . . . Susanta uga kelebu ing giyaran mau.

Ty. Suwandi, Ilang Tanpa Lacak,
Sala, 1966.

32
PESAKITAN

mangkono sesebutan kang didarbèni saiki
sinusupaké ing mripat abang ngatirah
pakulitan kebrangas panasing dalan-dalan kang diliwati
sinusupaké ing bau kang rinasa semplah
pesakitan, pesakitan

sawenèhing nomnoman kang nggegem kapaling tangané
sawenèhing nomnoman kang mikul kapaling punḍaké
tanpa panduwa tumrap sakèhing pandakwa
tanpa pambéla siji-sijia
maju ngareping pengadilan
nuli tanpa suwala giniring lumebu pakunjaran

pira lawasé nḍekem ing kéné
ngaḍepi jubin aḍem lan témbok-témbok kusem
mbuwangi dina-dina tanpa piguna
selagi brayaté kentèkan sanḍang kasatan pangan
nḍungkili lemah ing tegal garing nela-nela

sawenèhing nomnoman kang nggegem kapaling tangané
sawenèhing nomnoman kang mikul kapaling punḍaké
ngadeg samburining ruji-ruji wesi
ninggal brayaté kentèkan sanḍang kasatan pangan
ninggal kayu tegoran sa-iji ing alas jati

dudu kang mubra-mubru kebanjiran banḍa
mbeḍal mubal saka kaskayaning negara,
dudu kang sarwa kecukupan ngisep kringeting liyan
kang paḍa merdika sanjabaning pakunjaran,
ḍèwèké kang ngadeg samburining ruji-ruji wesi!
wingi konangan sanḍing kayu tegoran sa-iji ing alas jati.

22-1-1965

St. Iesmaniasita
(in: Iesmaniasita, Guritan, Antologi Sajak-sajak Jawi, Surakarta, 1975).

33
PARÈSAN

Enggoné mlaku sempoyongan, kaya patrapé wong lagi baé waras saka olèhé lara nemen. Klambiné poplin kuning, wis akèh kang jiṭetan. Banjur jarité kawung, wis masem. Tur enggoné jaritan kemunjuken, nganti sikilé kang cilik kaya biting ing saḍuwuring polok katon melok. Awaké pancèn kuru, cahyané aclum pucet, mripaté cowong. Ning sejatiné Sumirah — mangkono arané bocah wadon mau — ora mentas lara nemen. Awaké waras-wiris, ora ambruk ora barang. Saben dina isih bisa ngayahi pegawéané padinan klawan becik.

Enggoné mlaku kaṭik nganggo nyarug-nyarug bledug ratan. Mesṭi baé bledugé iya banjur mabul, ḍasar rikala iku mangsa ketiga ngerak. Tindak kang mesṭi gawé kapitunaning liyan, kang nalika iku iya pinuju mlaku ana ing saceḍaké kono. Sumirah ḍéwé satemené iya wedi bledug. Nyatané bareng bledugé mabul, ḍèwèké ḍéwé banjur mlayu nyingkrih, amping-ampingan wit asem ing pinggiring ratan. Tindaké Sumirah kaya ngono iku kaya patrapé bocah cilik kang isih kumléwa. Mangka nyatané Sumirah wis dudu bocah cilik manèh, umuré wis ndungkap 19 taun.

Ana ing ngisor asem mau Sumirah banjur ongkrah-ongkrah kanṭongané. Isiné kanṭongané mau rokok krètèg cap Cecak 2 bungkus, banjur buntelan sega 2 buntel. Ḍuwité kang dibuntel kacu: sa-écé punjul sa-enḍil. Bareng Sumirah weruh yèn barang gawané ora ana kang kècèr, ḍèwèké banjur mèsem-mèsem ḍèwèkan, kaya patrapé wong kang rada owah pikiré kaé.

Sawisé iku Sumirah banjur mlaku manèh. Saiki sikilé ora dadak ngaḍul-aḍul bledug. Bareng wis tekan ing koplakan sawétaning buwèn Sumirah manḍeg, nyawang jaran-jaran anḍongan kang lagi paḍa nyombor. Olèhé nyawang nganti rada suwé, kaya-kaya salawasé urip ḍèwèké durung naté weruh sesawangan kaya ngono mau. Pikiré banjur nglambrang tekan ngendi-endi.

Kèlingan lelakoné ḍèk isih cilik. Sumirah iya kerep diajak embokné menyang koplakan kono, saperlu ngejogi ḍeḍek juragan koplakan. Yèn wis rampung pegawéané, Sumirah banjur diajak mampir ngombé ing angkring cemohéné pak Supar, kang misuwur ing kuṭané. Wah, ḍèk semana atiné bungah banget angger diajak nyemohé. Embokné lungguh

mak prok ing ambèn pring, karo nyèlèhaké rinjingé mak brog ing sandingé. Sumirah lungguh ana ing cedaké.
'Cemohéné, pak, rong mangkok!'
Pak Supar banjur ibut enggoné ngladèni.
'Yèn péngin gedang gorèng, Sum, kono njupuka déwé! Mengko bapakmu dibuntelna loro apa telu. Bapakmu senengané gedang gorèng.'
Krungu pangatagé embokné kaya ngono mau, prasasat rindik asu digitik, dasar wis suwé mripaté Sumirah enggoné ngincer gedang gorèng, kang pancèn dadi kasenengané.
'Kaé lho, Rah, buwèn!' mangkono aloké biyungé rikala semana.
'Iku omahé parèsan iya, mbok,' wangsulané Sumirah. Embokné mantuk.
'Parèsan kang gawéné mikuli tong isi....' — durung tutug enggoné celatu, embokné nyaut: 'Huss!' Olèhé nyentak mau karo mèsem. Sumirah iya banjur tumungkul.
'Gak énak iya, mbok, dadi parèsan iku?' Sumirah takon manèh karo mamah gedang gorèngé.
'Iya ora no, nduk! Sapa gelem dadi parèsan!' panyauté pak Supar, bakul cemohé, karo ngguyu.

Atiné Sumirah mak tratab, bareng ing kupingé kaya sumriwing krungu wangsulané pak Supar disik. Lamunané banjur ilang ora karuwan kabèh. Sumirah lingak-linguk kaya wong bingung, nggolèki angkringé pak Supar. Nanging nalika iku wis ora ana manèh. Pak Supar wis suwé olèhé ora dodol cemohé. Enggoné dodolan rugi, pawitané entèk ana ing utangan.

'Sapa ta, nduk, kang gelem dadi parèsan!' swarané pak Supar kaya ngono mau bali sumriwing ceta manèh ana ing kupingé.
'Lha kang Rakija kok dadi parèsan?'

Sumirah banjur kèlingan karo Rakija. Rakija iku sawijining nomnoman ing désané, kang wis keduga bisa gawé geter-patering atiné. Penggaotané njait ana ing pasar, bebarengan karo Jaya, sedulure lanang kang kapernah tuwa déwé. Rakija iku wis duda, nanging duda kembang. Sumirah déwé, senadyan umuré lagi ndungkap 19 taun, nanging olèhé omah-omah iya wis kaping telu. Ora dadi kabèh, kabèh-kabèh ora ana kang gatuk. Bareng tepung karo Rakija iki, atiné Sumirah gonjingé rada banget.

Tekan semono gagasané, Sumirah banjur njerit. Nanging olèhé njerit iya mung ana ing batin. Kang dijeriti ora liya iya Rakija, kang nalika iku dadi parèsan ana ing buwèn. Sumirah terus gita-gita mlebu omah pakunjaran, sawisé olèh palilahé kang jaga.

'Ning empun kagèt lo, yu!' celaṭuné punggawa buwèn ngélingaké Sumirah.
'Napa, mas?' Mesṭi baé atiné Sumirah banjur trataban diélingaké punggawa buwèn kaya ngono mau.
'Sampéyan rak ajeng niliki Rakija ta? Kang ajeng sampéyan tiliki niku, saniki saweg . . . sakit.'

Mak ḍeg, atiné Sumirah nalika iku rasané kaya diṭuṭuk ing wesi gligèn.
'Sakit? Lha yèn ngaten awaké rak kera, cahyané rak pucet?'
Punggawa buwèn kang ditakoni, mèsem, banjur wangsulané: 'Tiyang naminé sakit, mesṭi mawon inggih pucet, inggih kuru!'
Sumirah meneng baé, terus ngluntrung ngetutaké lakuné punggawa buwèn kang ngeteraké mau. Sirahé sèngklèh, pikirané bruwet.

Tan kocapa, bareng Sumirah wis dililani mlebu ing sèl panggonané Rakija, sakala Sumirah njerit, karo ngapyuk rainé nganggo tangané ḍéwé, bareng weruh kahanané Rakija.
'O, kang . . . kang!' Sumirah nangis ngguguk kaya bocah cilik ditinggal lunga biyungé tanpa dipamiti.
'Lha kok awakmu saiki kaya ngono ta, kang!'
Sumirah yakin yèn ana ing buwèn Rakija ora kopèn. Pangané ora becik. Kerep dikon mikuli tong kang isi sesuker kang njijiki. Pegawéan kang banget ora disenengi déning Sumirah wiwit ḍèwèké kerep anḍok ana ing angkring cemohéné pak Supar karo biyungé ḍisik. Sumirah banjur nggeget lambé. Diangkah panjelihing atiné aja nganti keprojol, karebèn ora gawé susahing kanca-kanca liyané.
'Meneng, Rah! Teka-teka kok njur nangis, kaya cah cilik. Aku ora apa-apa,' pangarih-arihé Rakija klawan lirih-lirih.
Sumirah nḍingkluk.
'Aku pancèn lagi lara, Rah. Lumrah manungsa urip sok kena ing lara. Ora mawang panggonan. Senadyan tetep ana omah, olèh pangopèn kang becik, turu kepénak, nyambut gawé merdika, ning yèn arep ketrajang ing lelara, iya mangsa wurunga. Dadi kahananku saiki ora perlu koksedihaké banget-banget, munḍak saya gawé nemening laraku.'

Sumirah isih meneng baé. Swasana ing omah pakunjaran mau malih sepi mamring. Kang keprungu mung swarané wong koṭèkan lesung. Parèsan-parèsan wadon paḍa nutu. Berasé mengko kanggo ingoné parèsan isining buwèn kono kabèh.

'Kahananku kang kaya ngono iki aja mbok-eluhaké banget-banget!' Sawisé kanḍa kaya ngono Rakija banjur watuk-watuk. Ing wiwitan iya mung watuk lumrah, ning suwé-suwé banjur kekel, nganti Rakija ḍéwé

bingung enggoné arep ngampet watuké. Ḍaḍané dipluruti supaya aja kebanjur-banjur enggoné watuk, nanging watuké ora menḍa, malah saya ndadra. Sumirah mèlu gupuh. Guluné Rakija banjur dipijeti. Ing batin ḍèwèké wiwit sumelang banget, awit kakangé kang diéloni saploké wong tuwané sakloron wis ora ana kabèh, ya-iku Jaya, iya sok kerep watuk kekel kaya Rakija. Yèn watuké wis kekel sok banjur pecicilan ḍéwé. Rakija nalika iku iya kaya ngono. Nganti ora betah lungguh terus. Ḍèwèké menyat. Lagi baé menyat watuké katutan getih prenṭel-prenṭel abang tuwa: getih mateng. Weruh kahanan kaya ngono mau atiné Sumirah sumeḍot. Lambéné dikawetaké. Mripaté isih terus ngawasaké polah tingkahé Rakija enggoné arep ngenḍeg watuké. Balungé paḍa pating pencongol, mripaté cowong, cahyané aclum nglayung. Ing pérangan kang ora katutupan ing klambi iga-igané katon pating penjuluk nongol, pratanḍa yèn awaké kuru, ora waras.

Bareng wis rada suda olèhé watuk Rakija banjur mapan lungguh manèh ana ing ambèné.

'Lungguha manèh, Rah. Aja kuwatir!'

Sumirah manut. Banjur lungguh manèh ana ing saceḍaké. Atiné saya karanta-ranta, welas ndeleng kahanané priya pepujaning atiné. Béda banget karo biyèn. Sadurungé klebu buwèn awaké Rakija iku goṭot, cahyané abang sumringah. Jebul saiki kari lunglit.

'Enggonku lara watuk iki wis ana sepuluhan dina. Ḍisiké iya watuk lumrah, kaya adaté ḍèk aku isih ana ing omah. Sok-sok aku rak iya watuk barang ta?' Rakija takon. Olèhé takon jalaran ḍèwèké kaya kurang percaya karo daya pangéling-élingé ḍéwé. Sumirah manṭuk-manṭuk karo ngrungokaké caritané Rakija kang ora runtut, jalaran seḍéla-seḍéla diselani watuké kang ngikil.

'Lagi ana telung dina iki, Rah, watukku sok kerep katutan getih.'

Rakija banjur watuk manèh, rada kekel, nganti Sumirah kepeksa menyat saka enggoné lungguh manèh, saperlu mijeti giṭoké Rakija.

'Ning kowé ora perlu kuwatir, Rah! Ora perlu kuwatir!'

Rakija meneng manèh, nanging saiki olèhé meneng ora jalaran saka watuké. Olèhé meneng jalaran ana kang digagas.

'Nalika aku lagi olèh telung dina ana kéné, pancèn aku wis ora krasan. Satemené pegawéanku iya ora kelebu abot. Aku dipasrahi golèk sepet ana ing njaba. Ujaré kanca-kancaku pegawéan kaya ngono mau kelebu pegawéan kang ènṭèng, tinimbang pegawéan liyané. Ning tumrap aku iya meksa ora kepénak. Saben dina wong dikon kluyuran. Upama olèhé kluyuran mau tanpa dietutaké punggawa buwèn, kang tansah nggawa kenṭès utawa kenut, aku iya ora bakal nelangsa banget-manget. Balik

enggonku kluyuran ora merdika, Rah! Sepet mau kanggo ḍaḍung utawa kanggo kèsèd lan liya-liyané. Rah, bareng olèhku kluyuran wis olèh limang dina tuwuh niyatku arep minggat baé. Minggat, Rah, saka mbuwèn. Ora kuwat, Rah, aku dikon ngentèni entèking ukumanku. Nanging rancangan iku ora mateng. Olèhku minggat durung nganti adoh, wis kelakon kecekel manèh déning pulisi. O ... kawuningana, Rah, bareng aku kecekel manèh awakku rasané kaya remek. Kaya remuk! Kaya ajur! Ora ngira yèn aku isih pinaringan urip kaya ngéné iki. Aku dipeṇṭungi, Rah, dikamplengi. Wis ta ... remek-remek, Rah, rasané awak. Ning kang salah pancèn aku ḍéwé ...' Rakija banjur watuk ngikil manèh. Mripaté pendirangan, karo tangané ngurut-urut ḍaḍané.

Yèn Rakija ḍong watuk ngikil kaya ngono mau, atiné Sumirah mèlu gronjalan. Bareng watuké wis menḍa Rakija banjur nutugaké olèhé cerita.

'Aku banjur dilebokaké ana ing rumah sakit. Kira-kira ana limang dina. Sawisé iku banjur dilebokaké buwèn manèh. Nganti saiki. Wiwit iku aku ora olèh golèk sepet ana ing njaba manèh. Pegawéanku ganti. Awan soré ngusungi tai, Rah, mbuwangi sesuker menyang kali. Mangka dohé kali saka kéné iki ana karo tengah kilo, dadi lakon ... seprapat jam luwih, bola-bali setengah jam. Saya ora kepénak! Saben dina apesé ping sepisan meṣṭi kambon ... ambon-ambon ora énak. Mbiyèn, ḍèk isih golèk sepet, rokok-rokok rada mayar. Wong iya mlebu metu kampung. Apa manèh yèn tiba punggawa buwèné kang ora pati kereng. Bareng ganti gawéan ngusungi sesuker, waḍuh, Rah ...! Oooo, ala-ala kuwata, Rah, anak putuku mbésuk aja ana kang nglakoni! Cukup aku ḍéwé baé kang nyangga rekasané. Njepit tegesan kang wis kambon bledug ing ratan baé, yèn konangan, oooo ... rasané awak, Rah! Olèhé milara ... ora sumbut karo kesalahané. Ning kepriyé manèh ta, Rah, jer aku wong ukuman. Parèsan. Yèn enggoné meṇṭungi ana ing panggonan kang sepi baé, ora sepiraa. Bareng dipeṇṭungi ana ing papan kang ramé, o, Rah ... Rah! Wis lara setengah mati, kaṭik diwirangaké pisan. Ambakna kuwasa, yèn meṇṭungi wong mbok iya empan lan papan. Arepé dipeṇṭungana kaya ngapa, dak-jaluk aja ana ing papan kang ramé ...!' Sawisé kanḍa ngono, Rakija banjur watuk ngikil manèh. Nganti ḍaḍané ditaḍahi nganggo tangané loro pisan. Bareng enggoné watuk wis menḍa, Rakija banjur lèyèh-lèyèh.

'Ora kuwat, Rah, aku lungguh suwé-suwé! Kowé ora perlu kesusu mulih. Isih témpo!'

Rakija banjur nyawang blandaring omah pakunjaran kang digawé saka kayu kang bakuh sarta geḍé. Rakija banjur kaya-kaya ngétungi

rèngé pisan. Nanging iya ora suwé. Rakija banjur takon manèh.
'Priyé kabaré désa?'
'Slamet!' wangsulané Sumirah cekak.
'Lha kang Jaya? Rak iya paḍa slamet ta?'
'Slamet.'
'Sokur.'
'Ning arep kumat édané manèh!' Sumirah banjur nḍingkluk. Rumangsa getun bareng tembungé mau ketrucut metu.
'Lho, kumat édané kepriyé ta?' Rakija nḍeḍes.
Sumirah ora bisa énggal awèh wangsulan. Rakija ngerti yèn atiné Sumirah lagi dredah ḍéwé. Wong loro mau banjur paḍa menengmenengan.
'Kang Ja!'
Nalika Sumirah undang-undang kaya ngono mau, gagasané Rakija isih mlantrang saparan-paran. Mula bareng Sumirah undang-undang manèh, lan olèhé undang-undang rada seru, Rakija iya rada kagèt.
'Apa, Rah?'
Sumirah banjur bisik-bisik: 'Ayo minggat baé, kang!'
'Minggaat?' Rakija banjur tangi manèh klawan alon-alon.
'Iya, kang, minggat karo aku!' Sumirah nggenahaké.
'Minggat wong loro?'
'Iya! Tinimbangané kaya ngéné! Aku iya wis ora krasan suwé-suwé mèlu kang Jaya. Malah, sok-sok, Nyana ḍéwé, kaé ta keponakanku, iya ngojokojoki kaya ngono: "Lik ... lik, ana apa suwé-suwé nunggoni bapak?" Ngono, kang, kanḍané Nyana. Pancèn aku ḍéwé iya wis saya ora krasan kumpul kang Jaya!'
Rakija mung bisa manṭuk-manṭuk, banjur takon: 'Lho, lha Nyana kaé saiki ana ngendi ta?'
'Ana Surabaya.'
'Sekolah apa nyambut gawé?'
'Sekolah iku kang dienggo wragad apa? Nyambut gawé!' wangsulané Sumirah rada santak. Rakija mung manṭuk-manṭuk manèh kaya ḍèk mau.
'Priyé, kang? Rak maṭuk ta? Yèn pancèn sarujuk, ngéné, kang, carané. Suk aku ampirana, mengko banjur buḍal bebarengan saka désa. Rak pénak ta?'

Sumirah banjur ḍuḍah-ḍuḍah kanṭongé kang wis wiwit mau ora dipaèlu, jalaran banjur keselak keriwuk ing prekarané ḍéwé. Rokoké diwetokaké, terus disèlèh ana ing saceḍaké Rakija. Buntelan segané iya diwetokaké pisan.

'Rokok karo sega saka ngomah, kang!'

Olèh-olèhé Sumirah mau ora tumuli dipaèlu déning Rakija. Gagasané Rakija sapérangan gedé isih tumuju marang pangajaké Sumirah dèk mau. Pancèn wis ana sawetara dina iki Rakija nyidam manèh arep minggat saka mbuwèn. Dadak saiki Sumirah, wanita gegantilaning atiné, ajak-ajak kaya mangkono. Rakija banjur watuk-watuk, nanging ora ngikil kaya dèk mau. Polatané senadyan isih katon pucet, nanging wis ora peteng kaya dèk mau. Saiki rada duwé èsem. Sajaké atiné rada lega, sawisé pirang-pirang dina tansah judeg, bruwed ora ana manèh.

'Butuh duwit apa ora, kang?' Sumirah takon manèh.

'O, duwit iku yèn ana buwèn ora payu. Ora ana gunané. Simpenen baé!'

'Yèn ngono suk kanggo sangu ya, kang, sangu minggat!'

Atiné Rakija kumelap manèh ngrungu kandané Sumirah kaya ngono mau. Kumelap kagèt campur seneng. Nanging pangajaké Sumirah kaya ngono mau iya banjur nuwuhaké pitakonan kang mbingungaké ing sajroning pikirané.

'Arep minggat menyang ngendi? Arep minggat menyang ngendi?'

Iya pitakonan kaya ngono mau kang sok gawé bingung atiné Rakija.

'Lha kakangmu mengko kepriyé?'

Saiki atiné Sumirah kang ganti kumelap kagèt, bareng ngrungu pitakonané Rakija kaya ngono mau. Nanging ora suwé. Atiné Sumirah banjur tumuli bisa sarèh manèh. Mung baé, sawisé sarèh, Sumirah banjur getem-getem karo kakangé. Jalaran, anané dèwèké ora bisa tumuli kawin karo Rakija iya saka pokalé kakangé. Jaya, kakangé, ora seneng banget yèn adiné nganti kawin olèh Rakija. Malah, anané Rakija nganti kelebu buwèn barang iku iya saka panggawéné Jaya. Gambar lelakon kang uwis-uwis banjur kaya tarik-tarik urip ceta manèh ana ing angen-angené Sumirah.

Disik, Rakija karo kakangé Sumirah iku pada-pada mesin ana pasar. Nalika Rakija durung dasar ana ing pasar mèh kabèh wong, yèn njaitaké apa-apa, ambyuké iya menyang Jaya. Ning bareng Rakija mèlu dasar, pepayoné suda. Suwé-suwé malah Jaya prasasat ora naté kepayon. Iki satemené iya salahé Jaya déwé. Dagangané utawa pegawéané ora naté diperdi. Balik Rakija ora. Saya suwé pegawéané saya apik, ongkosé murah, gawé marem lan senengé kang pada ndandakaké. Nanging Jaya emoh métani awaké déwé, emoh nolèh gitoké déwé. Anané dèwèké nganti sok ora kepayon babar pisan, kang dadi jalarané ora liya iya Rakija. Jaya dadi serik atiné. Ing batin, ning lairé iya ora. Awit mèh saben dina Jaya iya mesti ketemu Rakija ana ing omahé, Jaya ngerti yèn Rakija mambu ati karo adiné, Sumirah. Nanging rèhné ing atiné Jaya wis

ana winih sengit, geting marang Rakija, mula bareng Sumirah tarèn kang sepisanan, apa olèh yèn ḍèwèké kawin karo Rakija, terus baé aḍiné digetak. Sumirah mundur. Bab mau dikanḍakaké marang Rakija, Rakija banjur golèk réka-daya. Enggoné paḍa dodolan ana ing pasar banjur diréka bebarengan supaya paḍa kepayoné. Rancangané Rakija kang becik mau ditampa klawan gembira déning Jaya. Ning Jaya olèhé mèsem satemené iya mung ana ing lair, batiné ora.

Ing sawiji dina Rakija diajak main ḍaḍu. Rakija manut, malah ing batin seneng. Mainan mau satemené dilarang déning kang wajib. Mula olèhé paḍa main iya golèk papan kang nḍelik, papan kang primpen. Rakija menang, Jaya kalah. Bareng ḍuwité wis entèk, Jaya pamitan mulih ḍisik. Mainan isih diterusaké karo botoh liya. Durung nganti bubaran panggonan mau digropyok pulisi. Rakija kecekel. Kabèh saksi ngebyukaké kesalahan marang Rakija. Jaya iya ngono. Satemené kang pasang jaring kaya ngono mau supaya Rakija bisa kalebu buwèn iya Jaya ḍéwé. Bareng disereg menyang pengadilan, iya Rakija ḍéwé kang ditibani ukum kunjara.

Iya gegambaran lelakon kaya ngono mau kang tansah gawé umobing atiné Sumirah. Iya kelakuané kakangé kang kaya ngono mau kang njalari atiné Sumirah saya ora krasan kumpul karo kakangé.

'Patènana pisan, kang, karuwan!' celaṭuné Sumirah kaya ora disengaja, bareng wis olèh sawetara wektu enggoné kebleng ana ing lamunané ḍéwé.

'Sapa?'

'Kang Jaya!'

Rakija banjur unjal napas. Wangsulané klawan sarèh: 'Aja, Rah, sedulur tuwa malati!'

'Malati iku yèn tindaké bener. Lha yèn mung tansah gawé rekasaning sedulur?'

'Iku rak saka panampamu, saka rasa pangrasamu. Jalaran enggonmu kepéngin omah-omah karo aku ora diidèni kakangmu. Ning mesṭiné kakangmu enggoné nglarangi kowé kawin karo aku, iya duwé pamrih kang becik, duwé alasan kang kuwat. Kakangmu mesṭiné kepéngin duwé aḍi ipé kang pangkat, kang bagus, kang sugih!'

'Wis! Wis, kang! Aja guneman kaya ngono! Panas kupingku ngrungok-ngrungokaké!' Sumirah klawan trengginas banjur munggel keterangané Rakija. Rainé banjur mbrabak abang. Weruh kahanané Sumirah kaya ngono mau Rakija banjur mèsem.

'Kowé nesu ya, Rah? Kowé wis mantep tenan, Rah, karo aku? Ora bakal rumangsa keduwung?'

Sumirah ora tumuli mangsuli, nanging mung banjur tumenga karo mbuwang èsem sajimpit.
'Tenan, Rah! Satemené aku iya wis ora krasan manggon ana kéné. Aku wis ngerti kabèh karo atèn-atèné kakangmu. Minggat . . . ! Minggat . . . ! Rakija olèhé kanḍa kaya ngono klawan swara lirih-lirih, sawisé iku banjur gumuyu latah saka senengé.

S. Kadarjono, Sampyuh,
Yogyakarta, 1966.

34
PRAPATAN CILIK

mung nétramu kang mapag liwatku
ing prapatan cilik sepi
tanpa sapa aruh lan èsem guyu
ndadèkaké crita iki ora rampung
kaya kéblat prapatan cilik iki
kudu sowang-sowangan
aku njaluk ngapura
kabèh kanḍeg ing daluwarsa . . .

Djudjuk S.
(in: Djaka Loḍang no. 195, April 1975).

35
KAMAR BANḌOSA

Wiwit jam loro awan udané teka deres banget, kaworan angin pisan. Menḍungé isih kandel ireng ngenḍanu ana ing tawang. Nganti jam nem soré udané meksa durung terang, agawé seḍihé pak Jaka. Jana isih énak-énak gawé walesan, jaréné arep mancing menyang kali. Seḍihé pak Jaka merga wis nyepakaké barang mateng, kang kanggo jaminan wong melèk mengko soré. Klasa sepuluh wis cumawis, diyan kecèran lima wis cumepak kabèh. Cekaké persiyapan jagongan wis komplit. Mangka udané isih deres, gèk durung ana uṭuté arep terang, menḍungé isih kandel. Kahanan saya munḍak peteng lan sepi nyenyet, gawé mrindinging giṭok.

Swara gumrojoging kali Buntung kang pernahé ana buri omah kumrosak nggegirisi ati, saya gawé tambahing miris atiné pak Jaka. Pak Jaka lungguh ḍelog-ḍelog karo sangga uwang, dongané ndremimil. Weruh kahanan kaya ngono Jana gumuyu klécam-klècem, ngerti apa sing lagi dipikir déning pak Jaka. Mula lawang énggal ditutup, amrihé supaya pak Jaka ora nyawang wit ranḍu alas ing kuburan Kobra kang angker. Lampu kecèran loro wis dipasang mubal-mubal urubé.

'Kang, wanguné udané arep sawengi natas, menḍungé isih kandel.'

'Ayaké ya ngono, Jon,' wangsulané sajak aras-arasen. 'Yèn ngono mengko ora ana wong njagong mréné.'

'Meṣtiné, wong udané isih deres ngono. Coba saiki rasakna, sepiné kaya ngéné, gèk omahé mencil. Saupama ana apa-apa mbok mbengoka nganti cangkemé suwèk, ora bakal ana wong teka. Mula-mula sing kumenṭus ya kowé, wong omah kaya ngéné kok gelem ngenggoni.'

'Sarèh ḍisik, kang, aja banjur nesu. Witikna coba pikiren, yèn aku nolak omah iki, gantiné banjur endi. Omah iki wis kobèt banget kanggo ponḍokané sakanca. Suk yèn kanca-kanca wis teka, rak ora sepi kaya iki.'

Pak Jaka ora mangsuli. Awit dumadakan keprungu swaraning manuk bencé lan kolik ngganter.

'Trèmbèlané! Isih soré wis ana manuk keparat muni.'

'Lha wis uniné ngono kepriyé manèh, kang. Kaé ya kéwan duwé nyawa, lan ya butuh muni.'

'Ambumu! Ngertia kuwi sasmita ala.'

'Kok ngerti.'?

'Manut unining buku primbon.'
'Ah, kang, mbok aja percaya nemen-nemen karo tahayul, munḍak nyiksa menyang batiné ḍéwé.'
'Lagi sepisan ji iki dadi wong kemanḍahan bara mborong ngalami lelakon kang durung naté tinemu salawasé urip,' ngono grenengané pak Jaka karo ngiling wédang tèh kenṭel kang lagi baé digoḍog. Jana uga mèlu ngiling ana gelasé. Kanṭi nyruput wédang kang isih manget-manget Jana nyambungi gunemé pak Jaka diénggokaké liya.
'Gilo, kang, wajik lan rasikané anggoné maringi bu lurah rak isih.'
'Ya kono, panganen ḍéwé, wetengku wis wareg.'
Jana mèsem karo njupuk wajik mangan télap-tèlep ora lèrèn-lèrèn, let seḍéla wajik lan rasikan sepiring wis bablas mlebu wetengé Jana.
'É . . . la lala, rada klalèn aku. Iki dinané rak malem Slasa-Kliwon ta, Jon.'
'Yèn malem Slasa-Kliwon banjur arep apa, kang?'
'Aku durung gawé sajèn.'
'Sajèn kanggo apa, kang?'
'Ḍapurmu! Sajèn ya kanggo sing tunggu omah kéné, goblog,' wangsulané pak Jaka setengah nesu.
'Yèn ngono, kanggo nyajèni awaké ḍéwé. Wong sing tunggu omah ya mung wong loro ṭil iki,' karo mèsem.
'Goblogmu kebangeten banget, Jon. Meṣtiné ya kanggo nyajèni sing ora katon.'
'Kaya ta, angin lésus, ya kang?'
'Trèmbèlané! Guneman karo wong ndableg. Wis ora urusan.'
Bubar celaṭu ngono pak Jaka banjur menyat, nanging lagi limang jangkah banjur mak jegagig mbalik ora sida, nuli lungguh lincak manèh, awit atiné krasa mrinding. Udané saya deres.
'Udan keparat ora terang-terang.'
'É, kang, aja misuh. Witikna piyé, lagi usum renḍeng, sapa bisa ngowahi lakuning mangsa.'
'Iya yèn énggal terang. Yèn sawengi nḍeḍet, rak sida ora ana wong sing teka mréné.'
'Yèn aku malah kebeneran, kang, sawengi bisa natas anggonku turu kepénak, ora dibribèni wong jagong.'
'Ambumu!'
Dumadakan Jana njingkat, pak Jaka mèlu kagèt.
'Trèmbèlané! Omahé tampuh, ngendi-endi bocor. Iki mengko arep turu ngendi, kang?'
'Ya turu kéné. Yèn bocor ya dibenakaké ḍisik.'

'Aku wegah njupuk anḍa ana njaba, kang. Arep ngranggèh ora gadug.'
'Ayo punjèn.'
Jana nuli dipunji pak Jaka mbeneraké genḍèng sing tampuh. Nanging merga suwé, pak Jaka suwé-suwé awaké ora kuwat banjur nḍreḍeg, wusana mak genṭawil Jana tiba. Tibané natab lawang kamar sepèn sing wiwit ḍèk wingi angèl dibukak. Mak grobyag, Jana mbengok sambat lara. Lawang sepèn menga ngeblak. Pak Jaka, tanpa mikir menyang Jana sing tiba lagi ngelus-elus sirahé, mbengok seneng karo tuding-tuding njero kamar sepèn.
'Begja kemayangan banget saiki. Tibané kamar sepèn iki isi tempat tidur komplit karo klambuné. Ayo, Jon, paḍa turu kana baé kepénak, anget ora ketampuhan.'

Jana, sing isih pringisan, mèlu nyawang kamar sepèn. Trengginas banjur menyat mlebu kamar, kuwatir keḍisikan karo pak Jaka. Nanging sepira kagèté bareng ceḍak lan ditamataké, sing diarani tempat tidur mau tibané . . . banḍosa salurubé komplit.

Sanalika mbalik mlayu. Tekan lawang mak gabrus tumbukan karo pak Jaka sing arep mlebu. Wong loro pating cekakar paḍa tiba kabèh. Jana tambah benjut sirahé ketatab saka lawang, déné pak Jaka sirahé uga benjut ketatab lingir saka.
'Trèmbèlané! Mlayu ora ndelok,' gunemé karo ngemèk-emèk sirahé uga benjut.
'Aja misuh, kang. Coba tamatna tempat tidur kaé, apa bener tempat tidur kanggo wong urip.'

Pak Jaka namataké sing dikira tempat tidur mau. Sanalika awaké banjur nḍreḍeg wèl-wèlan, awit lagi ngerti, sing diarani tempat tidur mau tibané banḍosa salurubé kang wis rontang-ranting. Malah payungé isih katon suménḍé ing sanḍingé.
'Aḍuh mati . . . biyungé semprul! Ora ngimpi, ora ujar, salawasé aku urip, ya nembé sepisan iki nemahi ana lelakon sing kaya ngéné seremé. Nyata sembrana tenan pak Sura, karo pak lurah iki, ana wong tuwa kok kanggo dolanan. Iya awas mengko titènana.' Ngono gunemé pak Jaka genti misuh karo pak lurah lan pak Sura, terus marani Jana kang isih pringisan lara. Awaké isih katon nḍreḍeg wedi. Tangané Jana dicekeli kenceng.
'Piyé, Jon? Aku wis ora kuwat manggon omah sing angker kaya ngéné. Yèn terus-terus, kiraku sida mati kaku tenan awakku. Sapa gelem turu ana omah iki kang isi banḍosa. Sing kebangeten banget ya pak lurah. Ayo Jon, rikat, lawangé sepèn tutupen manèh.'

Jana alon-alon menyat, lawang sepèn ditutup rapet, banjur lungguh

ana lincak. Pak Jaka nututi ing sanḍingé.
'Sabar ḍisik, kang. Saupama kang Jaka ora gelem turu ana kéné, lha arep turu ana ngendi? Gèk mangka udané isih deres ngéné. Mbok ditata ḍisik atiné, aja kaya bocah cilik. Aku ḍéwé bareng weruh kahanan kaya ngéné, atiku ya paḍa baé karo kang Jaka. Nanging bareng dak-pikir jero, wong mung banḍosa baé teka diwedèni, awaké ḍéwé rak tukang kayu, sok gawé banḍosa kaya ngono. Karo manèh barang mati, mangsa bisaa urip. Mula atimu kendel-kendelna ta, kang!'

Lagi tekan semono dumadakan unining manuk buntel mayit muni saut-sautan ora kaya sabaéné, saya agawé mirisé atiné pak Jaka sing wis kebacut cilik.
'Énaké ayo wong loro paḍa mapan turu baé. Yèn wis turu rak ora wedi,' sambungé Jana.
'Kang, gajegé kang Jaka nggawa kanṭong kang isi rajah. Mbok coba dijajal, awit sakabèhing piandel mau kudu disentosani karo batin,' sambungé Jana manèh bareng ora olèh wangsulan.

Kanṭi rikuh pak Jaka banjur nyanḍak kasangé, kabèh isining kasang diwetokaké. Dlingo benglé nuli digècèk ana waton ambèn, banjur dipilisaké ing pilingané, kanḍané sumrepet. Bubar kuwi wong loro paḍa mapan turu ing ambèn dadi siji. Lampuné isih tetep kencar-kencar paḍang.

Let seḍéla Jana wis turu ngorok. Mung pak Jaka sing isih klisikan wedi, mripaté tansah mandeng lawang kamar sepèn. Nanging suwé-suwé, saka dayané awak kesel, banjur les sida turu kepati.

Byar trontong-trontong wayah ésuk pak Jaka tangi ucek-ucek mripaté, karo lingak-linguk nggolèki Jana ora katon. Dikira Jana wis tangi ḍèk mau-mau lan lagi resik-resik, mula pak Jaka banjur mèlu metu. Digolèki menyang sumur sepi, pawon uga sepi, banjur menyang pakebonan uga sepi. Pak Jaka wiwit arep muring manèh, dikira Jana lunga tanpa pamit ninggal ḍèwèké.
'Cah sembrana kurang duga. Minggat tanpa pamit. Iya dititènana suk yèn ketemu.'

Lagi tekan semono anggoné grenengan, dumadakan banjur keprungu sambaté Jana njaluk tulung. Pak Jaka banjur nilingaké swara mau pinangkané saka endi. Bareng ditilingaké, tekané saka pèrèngan kali sing njuleg.
'Cah kurang ajar, dolanan baé ana pèrèng kali,' batiné karo marani.

Nanging kaya ngapa kagèté bareng nginguk mengisor, weruh Jana ngglétak ana lowahan bambing karo bengok-bengok njaluk tulung. Dikira Jana tiba keplèsèd mrono, mula énggal bali menyang omah njupuk

tambang dawa. Tambang nuli diuncalaké mengisor, sing nḍuwur digubedaké wit. Kanṭi ngrekasa Jana bisa munggah, ambegané munggahmeḍun. Karo isih grundelan pak Jaka ngomèl: 'Wong ora urus. Dolanan mbok sing patut. Untung ora modar.'

'Mengko sik ta, kang. Kok cepak temen nesuné. Ana rembug dirembug ḍisik, aja sok nyalahaké,' wangsulané karo isih krenggosan.

'Lho kepriyé ta sing sabeneré?'

'Ngéné, kang. Bener kanḍamu ḍèk mau bengi, énaké luwih becik lunga saka omah sétan kéné. Pancèn omah iki kebak sétan lan ḍemit, gandarwa lan ilu-ilu ṭèṭèkan. Saiki aku wis ngandel. Buktiné wis ana. Ḍèk mau bengi aku turu rak bareng karo sampéyan ta, kang?'

'Iya bener, kowé turu ana sanḍingku.'

'Lha ya kuwi. Ngerti-ngerti bareng aku tangi wis ana lowahan bambing kana, kanṭi ora dingertèni ngalihku. Saiki wis ceṭa yèn omah kéné pancèn omah ḍemit, omah sing angker lan gawat temenan. Mula beciké ayo énggal tata-tata, ninggal omah kéné.'

Wong loro énggal-énggal mlebu ngomah terus tata-tata. Bareng wis rampung banjur énggal-énggal ninggalaké omah mau, dikancing rapet. Niyaté wong loro arep nemoni pak lurah, awit rumangsa digawé dolanan.

Any Asmara, Gendruwo Kali Buntung
(in: Tulaḍa No. 2, Surabaya, 1967).

36
LINTANG PANJER SORÉ

Pamong acara ngaturaké jenengé lagu, jenengé jogèd lan jenengé sing arep mbeksa. Lagu Mak Inang Pulau Kampai terus nyuwara, wiramané nganyut-anyut. Pasangan putri-putri ayu ing papan pagebyagan terus mbeksa lenggat-lenggut atut liring wirama.

Sawenèhé pemuḍa bregas, rada kuru, kang lungguh ing ḍèrètan kursi 'pèrs' wiwit mlebuné pasangan putri-putri ayu mau usreg waé. Bareng beksan dianyaki, ḍèwèké ḍoyong marang kanca sisihé, terus bisik-bisik: 'Wah, cah sing nomor loro saka kéné kuwi élok tenan lo, Syam! Sapa jenengé?'

'Sing endi? Klambi wungu térong kaé?' sing ditakoni nilingaké.

'Iya. Ya pasangan wungu térong kuwi, nanging sing maḍep mréné. Ayu tenan, ya! Gèk luwes, gandes!'

Wartawan Ananta Syam ngguyu krungu pangalemé kancané, mara tembungé: 'Kuwi mono Lintang Panjer Soré, Rék. Sasoré ing glanggang beksan kéné sing dientèni wong-wong rak ya metuné bocah kuwi. Jenengé Nilakanḍi. Mengko yèn ana wektu wawancaran, tarapen waé. Aja wedi-wedi, kowé bengi iki wartawan Darma Kanḍa, Rék. Yèn tulisanmu apik kaya crita-cekakmu mengko dak-wènèhi enggon ing rubriek Kabudayan!'

'Hm! Énak dadi wartawan! Muga-muga aku klakon wawancaran karo wong ayu kaya ngono,' grenang-grenengé pemuḍa bregas mau.

'Aja manèh kok mung wawancaran, mipika joḍo pisan rak bisa ta, Rék,' si wartawan ngguyoni.

'Ah, aku mono wong wartawan palsu! Isa lungguh kéné iki rak mung marga nyilih kartu unḍanganmu!'

'Lo, ora marga kartu unḍangan pèrs, nanging destun jenengmu Réka Perbawa. Sapa wongé ora tau krungu jenengé pengarang Réka Perbawa? Luwih-luwih ing kalangan cah wadon-wadon ngono kuwi, akèh banget kang éram marang kowé. Nyebuta jenengmu, mengko cah ayu-ayu kuwi rak terus ndlongop ing ngarepmu.'

'Wis, wis, Syam! Aja kok-uluk-ulukaké aku, munḍak kebanting kanteb tibaku mengko! Kaé galo tamatna putri Panjer Sorému nyebar kembang pèni banget!'

'Wanguné sengsem banget kowé marang kelangenan beksan lan sing

mbeksa! Nulisa bab iki ya!'
'Huh! Jogèd ḍéwé rak wis kasil karya. Perluné dimataké. Apa kudu disambungi sarana tulisan? Rak ora ana apa-apané mengko uniné tulisan!'
'Ah, ana lan ora ana kuwi rak gumantung sing nulis! Yèn sing nulis bisa, ngono-ngono kuwi rak ya diwarahaké ing udayana!' ujaré wartawan Syam.

Langen beksan kapungkasan mawa swarané keplok ambata rubuh. Wengi kuwi wengi pungkasan sayembara final beksa Srampang Dua Belas. Pengumuman juri bakal digiyaraké sawisé ngaso sawatara.

Pyayi-pyayi ing ḍèrètan kursi 'pèrs' paḍa menyat, pating blulung golèk warta. Sing ngasta foto-toestel ceprat-ceprèt nglanggengaké wengi beksan kebak lintang-lintang ayu, lintangé paraga jogèd. Ananta Syam uga menyat, welingé marang kancané: 'Tenan, Rék. Enggonen kasempatan iki wawancara kanggo ngisèni rubriek Kabudayan Darma Kanḍa. Yèn butuh potrèt nyuwuna tulung mas Isngadi saka Surabaya Post, aku mau ya wis meling nggolèkaké foto sing apik kok. Aja wedi-wedi, bengi iki kowé wartawan Darma Kanḍa! Kita golèk sasaran ḍéwé-ḍéwé, lo!'

Gojag-gajeg Réka Perbawa ngadeg. Arep ngintil kancané sing nyilihi unḍangan, rasané kok isin. Apa manèh Ananta Syam wis sasmita 'golèk sasaran ḍéwé-ḍéwé'. Réka nékad nyeḍaki papan panggonané putri ayu-ayu, sing paling akèh diserbu wong. Kajaba para wartawan uga kanca-kanca jogèd utawa famili-famili sing arep nraktir ing buffèt akèh mrana parané. Kadi déné wartawan Réka wis nyabut ballpoint lan notes, nanging énggal didlesepaké ing saké manèh. Saru, wartawan sing pengpengan ora gampang caṭet-caṭet ing kertas, asil interviuné kudu dicaṭet lan diolah ing uteké.

Nilakanḍi ngemut ès lilin. Patrapé rongèh, ngobrol karo kanca-kancané. Klambiné wungu térong disulami bolah emas pating kertèp, potongan baju kurung, gelungé konḍé dicunḍuki kembang kemboja, pantes tenan. Tingkahé luwes, polatané sumèh. Kanca-kancané, lanang-wadon kupeng saceḍaké uga omong ḍéwé-ḍéwé, sing wadon kenès-kenès, sing lanang adreng-adreng. Weruh grombolan kang sajak angker iki, Réka Perbawa saya samar atiné. Ḍèwèké njegreg ing ceḍaké cah ayu kang diérami.

Embuh Nilakanḍi lagi crita apa, sajak ramé. Bareng tangan sing nyekel ès lilin disabetaké munggah, prongkalané ès mrucut saka sada, wer, plok, némplok ngenani rainé pemuḍa sing ngadeg ing ngarepé. Ger, spontan kanca-kancané ngguyu. Nila ḍéwé ya ngguyu, nanging gagé diampet, rumangsa salah. Rainé mbrabak abang, bareng ngreti sing ketémplok ès lilin dudu balané ḍéwé.

'Oh! Oh! Anu lo, mas, nuwun séwu! Piyé ta aku mau! Nyuwun duka, yektos! Ora kejarag kok!'

Gagé waé ḍèwèké ndudut kacuné saka ḍaḍané ... kacu ngangrangan wungu setèlané klambi jogèd Srampang, terus diusapaké pipiné pemuḍa kuru pideksa. Ambuné perfumé amrik wangi.

'Cilaka kowé, Nila! Bocahé nesu! Ès bar diklamuti jaré disawataké rai! Menghina ... kuwi jenengé!' kanca-kancané paḍa mbéda.

'His, ora bisa! Ora dak-jarag kok! Sakit, mas?'

'Ah, wis ora papa kok. Tenan, ora papa,' ujaré sing ketiban sampur, rada isin, nanging ḍasar atiné lagi karep, dadi ya rada seneng.

'Tenan nggih, mas? Ora duka ta nggih, wong kéné ora dijarag kok,' ujaré Nilakanḍi ayu.

'Ora papa piyé, wong genah pipiné bengep ngono!' kancané isih tetep mbéda ngobong-obong.

'His, aja mèlu-mèlu kowé, Win! Subvèrsip kowé ya! Ngga, mas, nyingkir mrika, pados toya wantah. Teng mriki digoḍa cah-cah mawon ngoten,' ujaré Nila karo narik tangané pemuḍa kuwi.

Wah, jebulané agrèsip banget cah iki! Yèn ana papan pagebyagan mau sajak kok olèhé anggak. Ya wis, tiwas kebeneran, wong nyatané kepéngin tepung jaré! Nalika golèk kran banyu tawa kuwi ndilalah ngliwati juru potrèt Surabaya Post, terus waé tangané sing prèi, sing ora dikanṭi Nila, njawil-njawil awèh sasmita. Kacu dibasahi, terus diusap-usapaké pipiné. Jaré bèn aja pliket.

'Nuwun sèwu, jeng. Mripatku rak ora papa, ya? Kok peḍes timen,' ujaré pemuḍa kang nanḍang 'kacilakan' kuwi. Nilakanḍi nglangak mriksa mripaté korban sawatané. Kalonggaran kuwi digunakaké wartawan Isngadi nata posisi, terus ceklèk 'byar'.

'His! Genḍeng ané!' kawetu dyah ayu srengen. Terus nggujer juru potrèt: 'Wah, nḍugal sampéyan, mas wartawan! Awas lo, ya, aja diumumaké nèng surat kabar! Yèn dipacak dak-protès, lo! Apa manèh yèn komèntaré saru!'

Isngadi mlengèh, terus nggablog kancané sing sajak klilipen: 'Suksès kowé, Réka! Dak-arep-arep tulisanmu lo. Syam wis meling mau.' Terus nggeblas golèk obyèk liya.

'Hé, tepung kowé, mas, karo wartawan potrèt kuwi mau?' si kenya pitakon mbranyak, wis ngoko tenan.

'Tepung manèh, wong kanca wartawan.'

'Wartawan? Ut, blai! Dadi panjenengan ki wartawan? Wis kudu nyingkir aku, ès lilinku mengko munḍak mlebu koran!'

'Lo kosik! Kosik ta, pasièné durung mari jaré!' aloké si wartawan anyar-

an menggak.
'Wong wis ora papa ngono lo.'
'É wong isih njarem kok.'
'Ngendi? Wong wis ora abang kok, mripaté!'
'Kéné, sing njarem,' ujaré si pasièn nudingi njero ḍaḍané ḍéwé.
'Heh! Genḍeng ané!' mak prengut grapyaké mbleret.
'Karo déné, jeng, anggonku ceḍak-ceḍak mau ngemu karep.'
'Karep apa? Aja ugal-ugalan lo, aku nesu.'
'Alah, wong nesu kok ndadak wara-wara! Anu, ganḍèng karo panggaotanku aku perlu keterangan-keterangan siṭik bab jogèd Srampang bengi iki lan paragané.'
'Interviu ta iki?'
Wartawané manṭuk.
'Arep dipacak nèng layang kabar apa?'
'Udayana Darma Kanḍa.'
'Jenengé wartawané sapa ḍisik? Alamaté ngendi?'
'Wèh, sing diinterviu ki kéné apa kono ta ki?'
'Lo ya perlu ngono! Yèn salah critané karuwan kéné olèhé nḍobrag.'
'Mbok aja kereng-kereng! Jenengku Réka. Alamaté paḍa karo alamaté réḍaksi Darma Kanḍa. Saiki sliramu, asma?'
'Ṭik ndadak takon. Wis ngerti no kuduné.'
'Nilakanḍi. Bener ta? Kanca-kanca wartawan awèh paraban Lintang Panjer Soré. Ditampa ta?'
'Sapa?! Ah, kaṭik ngono barang. Sing kaya Lintang Panjer Soré ki apané?'
'Ya candrané, ya mripaté sing kerlip-kerlip kuwi,' ujaré Réka mèsem kaduk wani.

Réka Perbawa sawenèhé pengarang. Pikirané lantip. Pinter ngembani sing diinterviu, nganti Nilakanḍi ora krasa meḍar wewadi-wewadi pribadiné sing satemené ora perlu dituturaké. Wawancara kuwi sinambi srékalan, pancèn Nilakanḍi èṭès ing watek lan mbranyak ing pocapan; déné Réka Perbawa seneng guyon. Kuciwané guyon sing ditrapaké sepisan iki kaya bomerang, kepranan lan nanceb ing atiné ḍéwé. Ing wekasané wawancara Réka nḍesek supaya diparengaké mertamu ing omahé Nila. Satemené ora perlu nḍesek, jer Nilakanḍi wong blatèr blak-blakan.
'Bapakku tukang kayu, aja sungkan-sungkan. Ning beneran yèn kersa tindak omahku, mengko dak-pamèri nak-ndulurku sing manis banget. Kiraku kowé joḍo, mas! Rak isih single ta?' ujaré si prawan karo nggoḍa. Mripaté clorot-clorot mbebéda.
'Manis endi karo sing kanḍa?'

'O, genah manis kana! Aku ki apa!'

Pengumuman wengi sayembara jogèd bakal énggal kawiwitan manèh, ngumumaké pemenang-pemenang. Para tamu lan sing mèlu njogèd diaturi bali mapan ing panggonané ḍéwé-ḍéwé. Déning juri pasangané Nilakanḍi ora kapilih dadi juwara. Para wartawan diwènèhi kalonggaran milih sawenèhé paraga putri kang bakal dijumenengaké dadi Ratu Srampang, lan pranyata Nilakanḍi dadi favorit staré para wartawan.

Yèn mikir bakal ketemu cah ayu Nilakanḍi, atiné terus trataban mongkog. Ḍeg sir, rasané ing njero ḍaḍa. Nanging bareng weruh omahé, Réka rada minggrang-minggring. Satemené rada sulap. Omahé geḍé magrong-magrong, ana latarané dadi taman kembang kang éndah lan kopèn. Ana montoré, ana skuteré. Terang omahé wong brèwu. Kira-kira keng ramané Nilakanḍi iki wong kang luwih sugih, dudu bangsané pegawai negeri utawa buruh. Manut katrangan nalika diinterviu biyèn jaré putrané tukang kayu. Tukang kayu brèwu! Nalika sekolah, lumrah waé ḍèwèké srawung karo kanca-kanca putrané wong sugih-sugih kaya ngono. Nanging sawetara taun iki uripé Réka Perbawa luwih kulina srawung karo kanca-kanca seniman utawa pegawai-pegawai negeri. Mula ngambah plataran omah geḍé arep nemoni Lintang Panjer Soré kang perluné ora wigati tenan, atiné dadi genḍulak-genḍulik, apa sida apa ora. Gorokané salit, suwarané alot: 'Kula nuwun!'

Sing ana ngarepan lagi adreng maca buku siḍeku ing méja ḍayoh, cah wadon klambi abang. Rambuté ngrembyak. Marga tumungkul Réka ora ngreti sapa cah wadon iku lan ora wani grusa-grusu. Mung atiné ḍéwé waé sing gluḍag-gluḍug. Lan tenan, bareng bocahé ndengèngèk, sepasang mripat kang gebyar-gebyar sesambungan karo pandelengé. Dudu Nilakanḍi. Alisé ireng, irungé ngrungih. Manis tenan bocah iki! Nalika mlaku marani Réka ketara lenggat-lengguté bangkèkané. Cah klambi abang kuwi ngisorané piyaman, sikilé wuda tanpa sranḍal.

'Kadospundi? Kersanipun punapa?'

Réka gragapan. Cah kuwi wis ceḍak karo ḍèwèké lan wis takon-takon, Réka ndadak kami-tenggengen nyawang cah ayu kang mrepeki: 'Oh, anu, jeng, Nil . . . Nila wonten?'

'Wonten. Ayo lenggah ḍisik, ya. Bocahé lagèk adus. Yèn karo kancané mbak Nila aku ora basan biyasané. Iḍem ta karo panjenengan?' suwarané cah kuwi ramah, renyah.

Réka ngguyu. Sepatuné kaya kena pulut, alot disèrèt-sèrèt mlebu penḍapa kang dipraboti sarwa lux, diatur cèkli, dipulas aḍem lan digenepi

'ḍara-ḍara' ayu!
'Tepungké . . .'

Tangané anyep, empuk. Ora nduwèni daya badané, nanging nggeteraké jantung.
'Sapa, mas? Gak krungu aku.'

Réka klincutan. Lha kok mikir gegamané! Jenengé diucapaké angger lambéné obah waé. Lha wong tenggorokané rasané garing kumancing.
'Réka. Réka Perbawa.'
'Oh, pengarang Darma Kanḍa, rak ya ta? Ah kéné, mas, aku dicritani piyé yèn ngarang. Piyé ilhamé . . .?' Grapyak, suwarané renyah, omongé nḍrinḍil kaya mintraliyur. Buku wacan kandel ditutup, banjur mlebu omah. Mung seḍéla. Banjur bali, karo nyambung kegrapyakané: 'Mbak Nila wis dak-kanḍani. Nuwun sèwu ya, aku isih ḍiwut-ḍiwut kaya buta Ngèsti Panḍawa. Nanging aku selak kepéngin krungu critané pengarang. Gagé, mas! Critaa, mas!'

Ḍarané wis kumrecek, lancuré isih brigah-brigih. Réka krasa tenan, mripat gebyar-gebyar kuwi saiki kerṭil-kerṭil nyawang ḍèwèké, ora peḍot-peḍot, ora wedi-wedi, nyawang éram. Atiné mbeḍeḍeg diérami kenya manisé nduleg. Suwarané ditahan-tahan supaya ora nḍreḍeg. Lan seḍéla waé penḍapa kono bola-bali keprungu suwarané guyu. Réka Perbawa, pemuḍa kang baud mbanyol, pinter ngemong cah wadon.
'Haloooo!'
Suwara gumrenggeng ing penḍapa manḍeg. Réka ndengèngèk. Saiki atiné trataban manèh. Nilakanḍi, kang dadi impèné saploké sapatemon ḍisik kaé, teka, nganggo rok jambon. Rambuté ditata becik. Weruh Nilakanḍi Réka kèlingan kabèh kenikmatan pengalaman wengi jogèd kepungkur.

'Nah, wis tepung ḍéwé karo Trinèt. Iki nak-ndulurku, mas. Nyang endi-endi dak-banggakaké ayuné. Rak ya ayu ta?'
'Ra — ndé — ḍit, mbakyu, nggo ngopahi iklan mlaku!' sauté si klambi abang. Réka lagi ngreti, jenengé Trinèt. Embuh Trinèt sapa, mau ora wani miterang.
'Aja kesusu kondur lo, mas. Aku mengko mèlu nemoni manèh. Dak adus ḍisik.'

Saungkuré Trinèt Nilakanḍi lungguh ing kursi karo mèsem nyawang Réka . . . èsem sing wis tau njaremaké atiné pemuḍa kuwi.
'Piyé? Iki nutugaké interviu biyèn kaé apa?'
'Ya ora, ya iya. Tetep interviu, nanging ora kanggo wong liya, ora digiyaraké ing suratkabar. Kanggo ḍiri pribadiku ṭok. Wong satemené aku ki dudu wartawan, gaḍungan pèrs silihan.'

'Lo, dadi sing nulis nèng Darma Kanḍa prekara Lintang Panjer Soré kaé dudu kowé? Aku wis nampa nomer buktiné, lan apik lo, cocog karo atiku,' ujaré Nila karo dolanan buku wacané Trinèt.
'Ya aku. Nanging sipaté ora pawarta, ya ta?'
'Lha apané kaṭik ora ngaku wartawan?'
'Aku tukang nulis; gawéné nyumbang tulisan nèng udayana-udayana. Yèn penulis gawéné nyipta crita, yèn wartawan rak martakaké kedadéyan-kedadéyan.'
'Ah embuh, ra ngreti aku. Gambaré sing dicolong kaé kok ora dipacak? Ora dadi ya?'
'Lo, jaré protès yèn dipacak. Dadi waé. Iki dak-gawa. Potrètané mas Isngadi mesṭi dadiné!' ujaré karo ngulungaké potrèt kartupos saka kanṭong.

Potrèt gagé disaut, ujaré mlèngèh: 'Hm, iki dak-pèk! Aku seneng nyimpen foto-foto lucu ngéné!'

Saya dirasa saya krasa. Ceḍak lan omong-omong karo Nilakanḍi, atiné Réka mbeḍeḍeg, pikirané ngrambyang. Tuturé Nila kang bébas, patrapé Nila kang rongèh, manceb ing atiné. Réka nanḍang lara. Ḍèwèké wis wedi, apa bisa mari larané kuwi?

Nalika lagi énak-énak tetuturan, ana ḍayoh nitih montor. Pyayiné wis sepuh.
'Oh, pak Kaca. Mangga, pak, lenggah. Bapak wonten kok,' ujaré Nila. Banjur agahan nglebokaké potrèt dilebokaké buku wacané Trinèt, kanḍané marang Réka: 'Ayo, mas, lenggah ing tamanan kana waé ya!'

Ḍayoh anyar wis lenggah, Nila wis matur keng ramané, terus bali njagongi Réka ing petamanan. Réka luwih seneng atiné. Nilakanḍi klambiné jambon, saya katon resep lungguhan ing tamanan adi. Wanci ngarepaké magrib. Réka ora ngira, swasana romantis sing tau dikarang ing critané klakon dinikmati ing alam kadonyan. Ndeleng glagaté, Nilakanḍi atiné isih suwung lan ngladèni genḍing suwara atiné Réka. Sikepé dadi kumendel.
'Ah! Delengen kaé apa, mas!' ujaré sang sulistya nudingi langit sisih kulon.
'Réka ndengèngèk. Lintang wiwit metu. Lagi siji, kelip-kelip cat katon cat ora. Lintang Panjer Soré ing langit Nilakanḍi!' ujaré Réka Perbawa, wiramané nanḍes.
'Aku sing endi, mas?'
'Kowé loro-loroné. Ya lintangé, ya langité!'
'Srakah timen.'
'Pancèn. Lan aku kerep takon sajroné ati: Lintang Panjer Soré, enggoné

ḍuwur ing langit ... apa klakon sawijiné dina dipeṭik wong? Apa ana sing bisa nggayuh?' celaṭuné pemuḍa iku kanṭi tembung-tembung kebak maksud sandi.

Nilakanḍi nanggapi. Nyawang manṭer marang pemuḍa kang lungguh sanḍingé. Nyawang njajagi. Sepisan kuwi Réka ora ngeḍap atiné. Kenceng karepé.

'Yèn pancèn dikarepaké, lintang kaé ora ḍuwur kaya katoné. Bisa waé diranggèh,' umak-umik ujaré lambé abang.

'Yèn sing ngranggèh wong kaya aku, apa gadug, ya?'

'Yèn pancèn dikarepaké, kena apa ora bisa?'

'Aku mung pengarang mlarat ki?'

Ing kéné Nilakanḍi tumungkul, ngekep buku isi potrèt. Sajak mikir. Nanging patrapé ora nggelakaké sing ngarep-arep.

'Aku kepéngin ngranggèh lintang kaé, Nila.'

'Lintang kaé ora bakal mlayu. Anggeré kanṭi karep temenan.'

'Tenan kuwi?'

Nilakanḍi kang luruh, manṭuk. Réka sing weruh rambut ing embun-embunané lan guluné kang gilig, ḍegḍegan.

'Nila, sawangen aku.'

Alon Nila nurut.

'Kowé ayu banget, Nila. Pasuryanmu lan atimu ayu kabèh. Uga pocapanmu. Muga-muga ora nguciwani. Lintang panjer soré nḍuwur kaé nyeksèni pocapanmu lan tembungku. Temenan, aku adreng méliki Lintang Panjer Soré. Piyé, Nila, apa tembungmu isih paḍa karo mau?'

Nilakanḍi, Ratu Srampang, ngeremaké mripat alon karo mèsem. Rambut sing nglawèr ing pipiné dikipataké.

'Paḍa karo mau. Angger sarana karep adreng.'

'Atiku adreng tenan,' swarané Réka antep.

'Aku njaluk bukti keadrengan atimu.'

'Apa?'

'Kowé pengarang, rak iya ta? Nah, tuduhna adrengé atimu sarana ngarang buku sing apik, crita asli nganḍut kepribadèn nasional kang dawané ... dawané ...,' rada bingung, nanging banjur ngulungaké buku sing dipangku, buku wacané Trinèt, '... dawané paḍa karo buku crita iki, sakawit nganti tamat!'

Suparto Brata, Lintang Panjer Soré,
Sala, 1967.

37
KEJEGLONG-JEGLONG

Omahé bu Wira bengi mau paḍang njingglang. Adaté mung nganggo lampu téplok, nanging nalika iku urubé pétromak, kekencaran ngenḍih petenging wengi. Yèn adaté tamuné mung limalasan, nanging bengi mau ana sèketan, durung sing tandang gawé ana pawon. Pancèn bengi mau béda karo padatan. Bu Wira arep duwé gawé mantu, mantokaké anaké kang aran Marsilah.

Anaké bu Wira kabèh pitu cacahé, kabèh wanita kang ayu-ayu. Nanging iku dudu anak-anaké ḍéwé. Wanita mau paḍa teka ḍéwé-ḍéwé lan nḍaftaraké dadi anak. Anaké bu Wira sing telu manggon dadi saomah, déné sing papat paḍa duwé séwan ḍéwé-ḍéwé. Mung yèn mbeneri tugas, paḍa ana omah kono. Tugasé apa, ora perlu kacritakaké!

Bu Wira iku sawijining ranḍa. Panggaotané kang ceṭa mung dodolan wédang. Sing ngladèni ana warung ya anak-anaké kang pitu cacahé mau. Ora marga warungé bu Wira geḍé nganti butuh tenaga ladèn baé nganti pitu, nanging marga tugasé ladèn ngladèni sakabèhé. Kejaba ngladèkaké wédang, uga ngladèni tamu-tamu kang butuh hiburan, hiburan kang kanggoné uwong kang ngenggoni moral Pancasila diarani hiburan maksiyat. Nanging tumrapé uwong sing lagi kepetengan budi dianggep hiburan lumrah.

Bengi mau warungé bu Wira tutup. Anak-anaké paḍa ora tugas kaya padatan. Tugasé genti rerigen anggoné mantu bu Wira, mantokaké salah sijining anaké, Marsilah, éntuk juragan kebo sugih. Jenengé juragan mau Partadikrama, parabané Partaburik, kagawa saka — nuwun sèwu — rainé burik. Kanggoné bu Wira ora mreduli apa Marsilah seneng apa ora. Butuhé ḍèwèké éntuk ḍuwit akèh. Partaburik meṣṭi ora owel cucul ḍuwit akèh, wong arep éntuk mbok nom ayu. Marsilah pancèn ayu. Ḍasar isih nom, tur karengga busana pisan. Asal-usulé jaré saka Wanasari, Gunung Kidul. Wiwit umur 10 taun wis lola, tanpa sanak-kadang. Uripé kaya wong kabur kanginan. Entèk-entèkané tiba ana warungé bu Wira. Sepisanan mung dadi réwang, tukang isah-isah lan mangsak. Nanging suwé-suwé, ganḍèng srawung lan rupané sing ayu, ḍèwèké 'munggah' drajaté dadi kembang lan pasrèn warungé bu Wira. Yèn nitik wewatekané kang lugu lan anteng kaya ora patut nindakaké gawéan

ngono mau. Nanging kabèh mau saka déné lelakon, marga saka déné kahanan. Bab iki ora perlu digumunaké, jer lelakon kaya mengkono iku contoné wis akèh.

Kira-kira jam sanga bengi ḍukun paès teka arep ngerik mantèné wédok. Bu Wira agé-agé ngirid ḍukuné menyang patunggoné Marsilah. Nanging nalika iku Marsilah ora ana. Celaṭuné bu Wira: 'Mangga, kula aturi lenggah rumiyin, mbokmenawi anak kula saweg ḍateng wingking.'

Bu Wira terus menyang mburi. Kolah diinguk tinemu koṭong. Pawon uga ora ana. Bu Wira wiwit kumrungsung. Kabèh putra-putrané dipatah nggolèki. Sing dipatah énggal-énggal mangkat. Ora mung sauṭeké ngomah, nanging tekan omahé tangga-teparo dileboni. Éwasemono Marsilah durung ketemu. Mesṭi baé bab kuwi saya gawé juḍegé bu Wira. Kahanan malem midadarèni kang mauné gayeng sumringah, malik dadi ribut. Akèh sing mèlu nggolèki. Nganti sing olah-olah mèlu upyek ngalorngidul. Pating blulung solahé sing paḍa nggolèki. Embuh mengko dadiné. Sida ana sega sangit, iwak gosong, jangan kelé-kelé.

Nalika iku omahé bu Wira dadi gègèr, ngrembug ilangé mantèn wédok. Marsilah wis bablas nunut truk jurusan Sala. Ḍèwèké pancèn njarag minggat, sebab ora seneng diéntukaké Partaburik. Gèk piyé ta, wong Partaburik nyatané wis tuwa, rupané ora pakra, tur arep dimaru pisan. Sanadyan Partaburik konḍang sugihé nanging Marsilah ora keduga nglakoni. Ḍèwèké aluwung minggat. Kekarepan mau wis dirancang suwé. Tas isi sanḍangan wis dititipaké tukang bécak kenalané. Déné bécaké dikon ngentèni ana papan liya. Kanṭi pawadan arep menyang kolah Marsilah bisa nylingker metu tanpa ana sing ngonangi. Sabanjuré digawa bécak tekan Ambarrukma, perlu golèk nunutan truk jurusan Sala. Beja banget déné ora suwé ngentèni bisa olèh nunutan. Saiki atiné rada ayem, bareng truk saya adoh saka Yogya. Linggihé Marsilah ana ngarep, jèjèr karo sopiré. Kenèké angkruk-angkruk ana bak mburi amor barang-barang.

'Aḍik mangké manḍap pundi?' pitakoné sopir.

'Lha niki mengké ajeng manḍeg pundi?' Marsilah genti takon.

'Pasar Legi,' wangsulané sopir.

'Yèn ngaten kula manḍap Pasar Legi mawon.'

'Griyané seḍèrèké ènten pundi ta?'

Marsilah rada gragapan anggoné mangsuli, wong nyatané ora duwé sedulur ana Sala. Apa manèh ḍèwèké durung apal kahanané kuṭa Sala. Lagi sepisan ḍèwèké nyang Sala. Kuwi baé mung seḍéla. Mangka sepréné wis rong taunan.

'Ènten pundi ta seḍèrèké?' pitakoné sopir ngambali.

'Ènten . . . ènten . . . nggih ceḍak Pasar Legi.'
'Éé . . . sokur ta yèn mboten tebih. Ajeng nonton maleman Sriwedari napa? Wah, niki malem Minggu mesṭi ramé banget.'

Sajroné omong-omongan sopir mau ḍéla-ḍéla ngawasaké Marsilah. Batiné: 'Bocah iki kaṭik ayu temen. Kok kendel-kendelé bengi-bengi lunga ijèn. Nèk dak-sawang sajak lagi bingung. Éé tiwas kebeneran, éntuk nunutan wong ayu.' Si sopir ngguyu glegas-gleges.

'Ḍik, linggihé rada nengah mawon! Lawangé niku pun lonḍot, sok-sok mbukak ḍéwé. Nyamari banget. Radi nengah mawon lenggahé!'
Marsilah ora duwé pikiran sujana, apa manèh ḍèwèké wis kulina srawung utawa gegojègan karo priya, mula ḍèwèké ora wigah-wigih linggih nyeḍaki sopir. Sopir kang wis pengalaman iki saya geḍé atiné. Tangané Marsilah dicanḍak.
'Wah, kok anyep ta, ḍik,' celaṭuné sopir api-api mesakaké. 'Mbok nganggé rangkepan klambi kandel, bèn ora aḍem.'
'Kula mboten kraos asrep kok, pak.'
'Éé . . . mengké masuk angin lho!' Celaṭu kaya mengkono mau tangané genti nyekel lengen. Saya suwé tangané saya tambah usil. Marsilah wis kulina ngaḍepi tangan usil kaya mengkono iku, dadi mesṭiné ora duwé rasa apa-apa. Paribasané luwih risi dirambati semut tinimbang dimèk-mèk nguwong. Apa manèh duwé rasa serik, siṭik baé ora.

Nanging nalika iku atiné Marsilah lagi bingung. Pikirané kaya bolah ruwet, angèl diuḍari. Sing dadi gagasané werna-werna. Sepisan bab minggaté saka enggoné bu Wira. Ora bakal mlèsèt pangirané yèn lungané iku gawé gègèr lan wirangé sing duwé gawé, apa manèh mantèné lanang. Ping pinḍoné atiné isih tansah ḍeg-ḍegan yèn nganti digolèki lan bisa ketututan. Yèn nganti kecekel apa ora dadi kisinan? Ping teluné, mengko ana Sala gèk arep njujug ngendi? Sanak-kadang utawa tepungan ora duwé. Apa turu losmèn? Ḍèwèké ora duwé layang ketrangan. Jaré yèn ora duwé layang ketrangan ora bisa ditampa nginep ana losmèn. Apa ya kelakon turu ndalan? Ping papaté, ana Sala gèk arep nyambut gawé apa? Golèk ngèngèran jaman saiki kaya ora gampang. Yèn arep golèk gawéan liya, gèk gawéan apa? Wong ḍèwèké ora duwé kapinteran apa-apa. Apa mbalèni gawéané lawas? Ah, yèn bisa aja. Ḍèwèké mikir lan métani lelakoné wiwit nḍèrèk bu Wira. Ah teka nisṭa temen!

(Ésuké ing kuṭa Sala, pasar Klèwèr:)

Nalika semana kahanané pasar wis wiwit ramé. Umumé sing paḍa bakul klèwèran paḍa ngebaki dalan sisih lor lan kulon pasar. Marsilah nuli mblusak-blusuk lan mubeng-mubeng ana kono. Mripat lan kupingé

tansah dipasang. Ḍèwèké durung tau dodolan, dadiné ya isih kiḍung. Ndilalah, lagi ṭimik-ṭimik arep nawakaké dagangané, ndadak mburiné malik dadi gègèr: 'Copèt! Copèt! Copèt!' Solahé bakul-bakul mau pating blulung. Ana sing mlayu nyingkir, nanging ana manèh kang malah mèlu ngrubung sing lagi udreg-udregan. Marsilah weruh ana nomnoman lagi digujer.

'Endi ḍompètku?' celaṭuné sing nggujer.

'Ḍompèt apa?' Sing digujer mencereng, polatané sajak ora nrimakaké didakwa copèt.

'Ayah, ora kakèhan crèwèt. Gelem mbalèkaké ora?' Celaṭu mengkono mau tangané kumlawé njotos rai. Sing dijotos arep males, nanging digujeri wong akéh.

'Gléḍah baé! Gléḍah baé!' mengkono aloké uwong-uwong liyané.

Sing didakwa nyopèt terus digléḍah, nanging ḍompèté ora ana. Ganḍèng kalah bukti, wong mau nuli diculaké.

Weruh udreg-udregan kaya ngono mau Marsilah ngoplok. Mula ḍèwèké énggal sumingkir saka kono. Awaké dadi lungkrah, mripaté petpetan. Aja énggal-énggal mlebu warung mbok-menawa sida tiba sumaput. Sawisé diombèni wédang anget, awaké krasa pulih waras manèh. Atiné wis ora pati ḍegḍegan, sikilé wis ora ngoplok.

'Sing tempélangan niku napa, mbok?' pitakoné Marsilah marang sing dodol wédang.

'Ketan bubuk ḍelé. Tasih anget kok, dèn ngantèn.'

Marsilah njupuk tempélangan. Ketané pancèn isih anget. Rasané énak. Saktempélang isih kurang. Tangané ngranggèh siji manèh. Nalika iku ana nomnoman mèlu lingguh ana kono. Uwong lanang mau aba wédang kopi. Sajroné aba tangané wis nyanḍak geḍang gorèng. Marsilah nolèh. Sing ditolèh genti ngawasaké. Marsilah ora pangling. Wong lanang sing lagi teka mau ora liya nomnoman kang ḍèk mau didakwa nyopèt. Klambiné pas ḍaḍa suwèk. Mesṭiné ḍèk digujer wong akèh mau.

'Pèyèk niki minten, mbok?' pitakoné Marsilah.

'Pèyèk? Pèyèk sing pundi ta?'

'Niki lo.' Tangané Marsilah nudingi loḍong.

'Ooo . . . cenggèrèng ta. Nyetengah.'

'Yèn nggèn kula mastani pèyèk.'

'Dèn ngantèn pundi ta?'

'Kula Yogya, mbok.' Sinambi mangan pèyèk Marsilah takon manèh: 'Mbok, sampéyan napa gaḍah tepangan sing butuh réwang?'

'Réwang? Réwang napa?'

'Nggih kanggé ngumbahi, mangsak, resik-resik utawi momong.'

'Sinten ta sing ajeng pados ngèngèran?'
'Kula piyambak kok, mbok.'
'Ah dèn ngantèn ki kok néka-néka. Mboten ngandel.'
'Tenan kok, mbok. Kula betah ajeng golèk ngèngèran.'
'Ana priyayi putri isih nom . . . ayu kinyis-kinyis kok arep ngèngèr. Sinten sing pitados.'
'Tenan kok, mbok. Kula mboten ngapusi.'
'Ngendikané saking Yogya. Napa Yogya mboten ènten?'
'Kula pun mubeng-mubeng. Ning siyal, dèrèng angsal damel.'
'Lha yèn dèn ngantèn ngagem rasukan sutra ngaten nggih sami ajrih ngoten.'
'Ajrih napané?'
'Ajrih mblanjané. Napa nggih kersa diblanja siṭik?'
'Purun mawon, mbok, angger éntuk mangan.'
'Ning nggih mboten pantes ta, dèn ngantèn, yèn rasukané sutra ngoten niku.'
'Ganti pakéyan pira wéné ta, mbok. Rasukan kula niki pancèn ajeng kula sadé kok, ajeng ganti lurik utawa sing bakalé murah mawon.'

Marsilah nuli kèlingan yèn kudu cèkat-cèket adol sanḍangané. Mula sawisé mbayar banjur lunga liwat butulan kidul. Tekan kidul pasar ḍèwèké krasa yèn dituṭuti nguwong.
'Ḍik! Ḍik!'
Marsilah nolèh. Wong lanang sing ḍèk mau didakwa nyopèt wis ngadeg njèjèri.
'Ḍik, ḍompèt kula pundi?'
'Ḍompèt? Ḍompèt napa?'
'Ḍompèt kula.'
'Kula mboten ngertos ḍompèt sampéyan.'
'Mang golèki ḍisik ta!' celaṭuné wong mau.
'Ḍompèt sing pundi? Kula mboten ngertos.'
'Niku lho, ènten njero tas sampéyan.'
'Mboten mawon. Niki ḍompèt kula ḍéwé.'
'Cobi ta, dituwèni kriyin!'
Marsilah dadi mangkel. Ḍompèté ḍéwé nuli dijupuk karo dituduhaké uwong mau.
'Niki napa ḍompèté?'
'Sanès. Ḍompèt kula ireng.'
'Ḍompèté nggih mung siji niki. Mboten ènten malih.'
'Cobi ta nganḍap jarik niku dituwèni!'

Marsilah miyak lempitan jarik kang ana njeron tas. Sakala rainé saka

njerbabak abang malih dadi pucet. Kringeté dlèwèran. Tangané kang kaya ès ketanggor ḍompèt warna ireng. Ḍèwèké gumun banget déné ḍompèt bisa sumlempit ana kono. Sapa sing ndèlèhaké?
'Lhaaa nggih niku ḍompèt kula. Ampun . . . ampun mang tokké! Kersané ènten ngriku mawon. Ngga ngalih papan sing mboten ramé.'
'Ku . . . ku . . . kula mbo . . . mboten nyolong.' Marsilah glagepan.
'Kula mboten ngarani sampéyan. Pun, ngga gèk ngalih ngétan ngrika.'
Wong lanang mau terus mlaku ngétan. Marsilah mlaku ana sanḍingé. Bareng tekan ngarep sekolahan, wong mau manḍeg.
'Cepet! Pundi ḍompèté?'
Marsilah ngulungaké. Wong mau nampani, terus blesek . . . énggal dilebokaké ing sak ngiringan.
'Ku . . . kula mboten nyolong,' Marsilah groyok.
'Nggih, pun ngerti. Kula mboten ajeng napa-napa.'
'Kok lucu ta ya . . . anèh . . . anèh tenan. Aku ora rumangsa njupuk . . . ora rumangsa dititipi . . . kok ḍompèt bisa mlebu tas ḍéwé . . . !'
'Pun ah! Ampun digagas!' Wong mau mèsem ngajak ngguyu. Marsilah arep mangsuli mèsem, ning durung bisa. Atiné isih ḍegḍegan lan bingung.
'Lho, aḍik ajeng pados pedamelan niku èstu napa?'
'Inggih,' wangsulané Marsilah lirih.
'Kula gaḍah tepangan juragan tenun pasar Kliwon. Ḍèwèké betah réwang. Sampéyan purun napa?'
'Purun mawon,' wangsulané ngemu pangarep-arep.
'Ning niki juragané lagi lunga teng Semarang.'
'Konduré njing napa?'
'Yèn mboten bénjing . . . nggih suk mbèn.'
'Sing putri rak nggih ènten ndalem ta?'
'Tindaké sekaliyan niku.'
Marsilah sajak gela.
'Lha aḍik nyaréné ènten pundi?' Mengké yèn juragané kondur kula kabari.'
'Kula dèrèng gaḍah sipengan.'
'Lho kok anèh. Napa mboten gaḍah seḍèrèk Sala?'
'Mboten.'
'Tepangan?'
'Tepangan nggih mboten.'
'Kepénaké ngoten mawon: sampéyan kula titipaké nggèné mbok geḍé kula. Mbénjing-énjing utawi mbénjing mbèn, yèn juragané pun kondur, kula lantaraké. Ampun samar!'

'Pundi ta, dalemé mbok-ḍé?'
'Ngriku, Ḍawung.'

Marsilah ora kabotan. Wong loro nuli numpak bécak. Mbok-ḍéné Pana, mengkono jenengé nomnoman mau, bukak warung. Dodolané grabah. Njeron omah kebak ténggok, tampah, kukusan, kenḍil, layah lan sapanunggalané. Marsilah sida dititipaké ana kono.

'Griya kula namung lèr ngriku,' mengkono celaṭuné Pana sawisé nitipaké marang mbok-ḍéné, 'let kalih griya saking ngriki. Pun nggih. Mengké sonten sida kula ampiri nonton pasar malem Sriwedari.'

Soréné Pana lan Marsilah sida nonton. Marsilah macak mliṭit. Tangané nyangking ḍompèt plastik jambon, klambiné uga jambon, jariké latar putih.

'Ḍik, mboten susah ngasta ḍompèt, munḍak dicopèt. Yèn maleman ngèten kebak copèt. Tasé wingi mawon sing diasta!'

'Kok malah tas niku pripun ta?'

'Mengké kena kanggé waḍah olèh-olèh.'

Marsilah kepeksa nyangking tasé. Bocah loro paḍa mubeng-mubeng. Atiné Marsilah seneng banget weruh tontonan manéka-warna. Jan-jané ḍèwèké uga kepéngin nonton wayang wong, ning Pana ora gelem. Sanadyan mengkono Marsilah ora gela, nyatané tontonan liyané ya apik-apik lan nengsemaké. Ḍèwèké rada wedi ḍèk dijak praon. Ora tau-tauné numpak prau. Angger prauné oling siṭik baé wis jerit-jerit lan gonḍèlan Pana. Pana malah kerep mbebéda. Mengkono wong loro paḍa praon karo tansah gegojègan. Srawungé saya rumaket. Malah suwé-suwé ora basan-binasan. Saka senengé nganti ora krasa kesel. Tengah wengi lagi paḍa bali. Sawisé meḍun saka bécak Pana celaṭu: 'Ḍik, lingguh lincak kéné ḍisik!'

'Aku wis ngantuk ki,' wangsulané Marsilah.

'Seḍéla baé kok! Endi tasmu, gawanen réné!'

'Mau ora sida tuku olèh-olèh ngono kok.'

'Wis ta. Endi tasmu?'

Tas diulungaké semu rasa gumun. Saya gumun manèh bareng weruh Pana ngetokaké isiné. Gandrik! Mangkaté mau kaya mung isi rimong . . . lha kok saiki . . . warna-warna temen! Barang sing metu saka tas ana ḍompèt . . . ḍompèté telu. Siji ḍompèt plastik ijo, rupané cèkli. Kejaba kuwi ana manèh vulpèn, gelang jam cilik lan . . . bros kertip-kertip mata barléyan.

Marsilah nyawang karo ndomblong. Bubar ngetokaké isining tas Pana genti nḍuḍah isining ḍompèt. Sing loro ḍompèté isi ḍuwit lan layang-layang. Déné ḍompèt plastik isi ḍuwit karo barang liyané.

'Nya, bèngès iki kanggo kowé. Aku ora butuh. Lho, ana poteloté alis lan lenga wangi barang. Nya, iki ya kanggo kowé. Lan jam tangan wédok iki uga bagéanmu.'
Barang-barang mau diḍeselaké ana tangané Marsilah.
'Wis, saiki gèk ngaso kana. Sésuk genti nonton wayang.' Pana terus pamitan mulih. Marsilah ora mangsuli, pikirané kebak pitakonan.

Dina canḍaké Marsilah dijak nonton manèh. Sadurungé mlebu geḍong wayang wong, bocah loro paḍa mubeng-mubeng ḍisik. Pana senengané enggon sing ramé-ramé, enggon sing uyel-uyelan kebak wong. Marsilah ora ngresula, sebab atiné seneng weruh tontonan kang manéka-warna lan ora mboseni iku. Apa manèh bareng nonton wayang wong, ndilalah, lakoné kebak lelucon lan prenèsan. Nalika iku lakoné Cantrik Janaloka. Sing dadi cantrik Surana; Rusman dadi Gaṭutkaca; Darsi dadi Pregiwa. Mula ya ora nggumunaké yèn Marsilah rumangsa marem banget, wong sing dadi rol seniman-seniman kang wus kaloka.

Jam siji bengi lagi tekan ngomah. Kaya ḍèk wingènané, sadurungé mlebu ngomah Pana ngajak lungguh ana lincak. Tasé Marsilah dijaluk. Isiné disuntak ana lincak. Isiné ḍompèt, jam gémbol ranté mas, vulpèn lan . . . keba. Njeron ḍompèt isi ḍuwit atusan nganti nguwel, embuh pira cacahé.
'Enya, iki kanggo jajan,' Pana ngulungaké rong atus.
'Lipstik iki ya kanggo kowé.'

Pana genti nḍuḍah isining keba. Nitik olèhé mbeḍuḍug mesṭi ḍuwité akèh. Nanging bareng dibukak . . . isiné mung kinang karo bako susur. Keba dibanting.
'Dlamput! Tak-arani isi ḍuwit, jebulané mung isi uwuh ngènèkan!'
Marsilah ora kuwat ngampet guyuné. Pana nolèh. Marsilah isih ngguyu karo tangané njupuk susur. Susur diulungaké Pana. Pana nampani karo mèlu ngguyu geli.

Wis sawetara dina Marsilah monḍok ana omahé mbok-ḍé Sura. Yèn ésuk sok ngréwangi dodolan grabah, déné yèn bengi mesṭi nonton. Saiki Marsilah wis ngerti panggaotané Pana. Sanadyan Pana durung tau walèh, nanging Marsilah wis bisa ngertèni. Dadi ḍèk ana pasar Klèwèr kaé Pana pancèn nyopèt ḍompèt tenan. Ḍompèté bisa ditlesepaké ana tasé Marsilah. Pinter . . . pinter tenan Pana iku. Saiki Marsilah didadèkaké pirantiné. Gawéané mung srimbit karo nyangking tas. Barang sing dicopèt nuli dilebokaké tas. Gumuné Marsilah déné Pana cepet banget anggoné nindakaké. Marsilah durung tau weruh anggoné nyebrot si Pana kuwi. Ngerti-ngerti angger mulih tasé wis kebak barang sebrotan.

Marsilah wis lali marang krentegé arep nyambut gawé sing becik. Pana ora tau nguṭik-uṭik bab anggoné arep nggolèkaké ngèngèran. Marsilah ḍéwé uga ora gelem nakokaké. Ḍèwèké wis seneng karo gawéané saiki: ènṭèng, éntuk-éntukané ora seṭiṭik. Lha lé ora seneng baé piyé. Saben dina nonton pasar malem. Menyang-mulih mesṭi bécak-bécakan. Mangané ana rèstoran. Cekaké, kabèh sarwa nyenengaké. Ḍèwèké saiki sugih tas plastik, sugih lipstik, mangka lipstik sing larang-larang. Mèrek Max Factor yèn ora ngaya ora bakal bisa tuku. Mangka saiki ḍèwèké duwé lipstik Max Factor luwih saka setengah losin. Saben dina ora tau cucul ḍuwit. Kosok-baliné malah diwènèhi ḍuwit, diwènèhi jam tangan, kalung . . . wis, cekaké ora siṭik barang-barang sing wis ditampa sajroning mèlu Pana.

Suharsini Wisnu, Wedi Ing Ayang-ayangané Ḍéwé,
Sala, 1968.

38
KEWIRANGAN

Bu Sulis: (ngundang) Par! Parinem! Mréné, Par!
Parinem: (nyeḍak) Dalem, bu.
Bu Sulis: Kowé sowana pak Kusuma ya, Par!
Parinem: Kok kerep dipunutus sowan pak Kusuma.
Bu Sulis: Waah, aku ḍéwé ya kepeksa kok, Par.
Parinem: Nyaosaken arta malih menapa?
Bu Sulis: Lha, iki mau aku mentas tampa layang menèh, jaré si Andri kuwi butuh kanggo ... ngrakit gelangé. Jaré Andri gelangé njaluk ditrètès. Berliyané ana, ming ongkosé ndandakké ora ana.
Parinem: Kala embèn menika jamipun! Wah, lha kok kaping-kaping nggih, bu?
Bu Sulis: Ning kowé ora perlu matur karo Agung lho, Par. Wis kanggo awaké ḍéwé waé. Meneng waé ya!
Parinem: Ha, nanging bu Sulis menawi kelajeng-lajeng nggih remuk mangké.
Bu Sulis: Pancèn. Coba ta. Lagi pirang dina nggoné tukar cincin si Agung karo Andri, wis pirang èwu ḍuwitku bablas.
Parinem: Lho, menika pak Kusuma piyambak menapa dèn Andri ingkang mbetahaken, bu?
Bu Sulis: Yèn layangé kuwi saka mas Kusuma, nanging jaréné si Andri sing mbutuhaké.
Parinem: Dèn Andri ki kok ya piyé ngono, wong lagi pepacangan kok wis njaluk kuwi njaluk iki, butuh siṭik-siṭik nyuwun penjenengan nggih, bu.
Bu Sulis: Aku ya gumun lan ngungun kok, Par. Lagi saiki waé wis jalukané sing werna-werna, mengko yèn wis dadi garwané terus kepriyé.
Parinem: Wah, nggih ceṭa ngereti niku, bu.
Bu Sulis: Mangka yèn ndeleng bocahé ki rak ya ... alus, lomah-lamèh, kaya ora duwé maksud apa-apa. Lan apa-apa ming 'nggih' hiya ta?!
Parinem: Wah, menawi kaliyan dèn Andri menika, kula kémawon ing-

kang laré setri perlip kok, bu!

Bu Sulis: Ah! Sssss! Kowé ki sing ora perlip waé apa!

Parinem: Lho, inggih kok, bu. Ayu, alus, lomah-lamèh. Wah jan, nggregetké. Kula sok kepéngin njiwit pipiné.

Bu Sulis: Hus! Kok omonganmu terus kaya ngono!

Parinem: Inggih. Wah jan, dèn rara Andri niku pun . . . ! Ha ning kok saiki terus main arta nggih, bu. Durung dadi garwané wis njaluk iki njaluk kuwi. Niku ingkang mboten nocogi.

Bu Sulis: Lha aku sing kojur yèn Agung ngerti, Par. Sebab Andri rak pilihanku. Aku sing mernahké. Lha Agung ki rumangsa yèn kudu manut aku. Ya ming 'ngga nggih', ha ning yèn Andri kaya ngono aku sing cilaka, Par.

Parinem: Mangka ngaten nggih, bu. Nanging menapa menika namung kabar ngayawara menapa mboten kula piyambak mboten mangertos. Pak Kusuma menika kacriyos penjuḍi ageng!

Bu Sulis: Haaa? Ah, kowé krungu saka ngendi, Par? Wong ḍèwèké ki isih priyayi, isih kalangan ningrat lho, Par.

Parinem: Ingkang criyos menika nggih batur sami batur, lajeng ḍateng batur malih, lajeng kula mirengipun saking mbakyu Marta, réncang sebelah, nalika dèn Agung tukar cincin ugi mbantu kula. Kacriyos menawi main menika atusan èwon kok, bu.

Bu Sulis: Ah, aku kok lagi krungu saiki, biyèn-biyèn ya ora, wong ḍèwèké ki rak isih ningrat.

Parinem: Ah, ning nggih kaṭah kok, kalangan ningrat ingkang sami ngaten kok, bu. Malah sok langkung ageng, ming ora ketara, nggih ta. Lan, cobi, bu, nalika tindak mriki dalu-dalu sepisanan kaliyan dèn Andri menika nitih mobil ta? Sakmenika rak sampun mboten kagungan mobil.

Bu Sulis: Lha, mobilé ana ngendi kabaré?

Parinem: Telas, telas kanggé main. Woo, kacriyos menawi main, atusan èwon sampun. Nanging menawi pinuju sasap, wah nggih ketingal mentèrèng, nanging menawi pinuju kawon, dalemipun menika kémawon rak sampun naté dipungaḍèkaken ta, bu.

Bu Sulis: Ah mongsok!

Parinem: Lho, menika nggih namung dongènganipun mbakyu Marta, réncang griya sebelah mriku.

Bu Sulis: Lha kowé kok ora kanḍa wingi-wingi, Par?

Parinem: Mireng kula inggih nembé kémawon kok, bu. Namung saking réncang sami réncang. Gumun kula menika, nalika rawuh

kaliyan dèn rara Andriana menika, rak taksih nitih mobil, kok sakmenika sampun mboten kagungan.

Bu Sulis: Wah, mengko terus nurun menyang Andriana ya, Par. Lha wong saiki waé wis kaya ngono. Lan gumunku ya, jeng Kusuma kuwi kok ya arang-arang sanjan-sinanjan, malah kaya arang ana ndalem.

Parinem: Lho, bu Sulis menika kadospundi ta? Ingkang putri menika mainipun rak nggih, wah, kiyat sanget.

Bu Sulis: Kiyat piyé ta, omongmu kuwi?

Parinem: Lho, tegesipun botoh ageng.

Bu Sulis: Hiya ta? Dadi ora mung sing kakung ta?

Parinem: Malah ingkang asring dados raosan réncang-réncang menika malah ingkeng putri kok, bu.

Bu Sulis: Wah, yèn ngono réwang-réwang kuwi luwih ngerti wadiné tangga-tangga siji lan sijiné ya?

Parinem: Woo, réncang-réncang menika langkung mat wewadosan setunggal-setunggalipun lho, bu. Mila sampun gemampil menawi kaliyan réncang-réncang! Penjenengan baḍé priksa kiwa tengen mriki, sampun kecaṭet sedaya.

Bu Sulis: (meneng seḍéla) ... Terus kepriyé nggonku mangsuli bab layangé mas Kusuma iki. Aku kuwatir yèn keterus-terus.

Parinem: Utawi ngaten kémawon, bu. Penjenengan nyerati ḍateng dèn rara Andriana. Lha, isinipun sumangga, menapa baḍé dipunsemayani, menapa baḍé dipunparingi.

Bu Sulis: He-eh ya, Par. He-eh, aku tak nulis layang menyang Andriana. Mengko kowé sowan mrana lan kudu kok-wènèhké Andriana lan tunggonana, kepriyé jawabané. Syukur yèn mas Kusuma pinuju ora ana ndalem.

Parinem: Inggih, sakmenika kémawon.

Bu Sulis: Ya wis, tak nulis layang ḍisik.

Gamelan
(pamisah adegan)

Kusuma: Andri, perhiasan kuwi rak wis dipasrahké aku, lan kanggo peningset ta, Andri. Lha, malah dibalèkké, kepriyé karepmu?

Andri: Mbénjing kémawon menawi sampun nikah, pak.

Kusuma: Wèh ... kowé ki wis ngerti sing jenengé peningset durung, Andri?

Andri: Menawi kula cekap mawi cincin menika rumiyin, pak.

Kusuma: Sebabé?

Andri: Sebab kula rumaos dèrèng nggaḍahi hak mawi perhiasan ingkang saking mas Agung.

Kusuma: Kuwi wis dadi tata cara, malah yèn penganggon kuwi kok-enggo, kuwi tegesé kowé ngatonaké katresnanmu.

Andri: Katresnan mboten perlu dipunpamèr-pamèraken, pak.

Kusuma: (muntab) Aaah, kok kaya ngono jawabanmu, Andri. Kuwi wis dadi rembugané wong tuwa, ya bapak-ibumu lan tante Sulis. Saiki barang-barang malah kok-balèkké, kuwi mengko dikira kowé arep gawé pokal sing ora-ora. Apa kowé ora seneng karo masmu Agung?

Andri: Inggih, remen.

Kusuma: Naaah, kena apa barang-barang peningset kok-balèkaké? Mengko dikira kowé arep meḍot pepacangan iki, Andri.

Andri: Kula mboten saged nyimpen barang-barang ingkang dèrèng hak kula, pak.

Kusuma: Hiya wis bisa, nanging rak bisa kok-titipaké menyang aku utawa ibumu.

Andri: Kadospundi anggèn kula nitipaken, menawi bapak ibu tansah mboten wonten ndalem. Lan, kula kaliyan mas Agung baḍé murnèkaken katresnan.

Kusuma: Apa katresnanmu ora murni saiki?

Andri: Kula kaliyan mas Agung namung kados déné dipunpanggihaken déné tiyang sepuh. Katresnan kula kinten mboten saged dangu, menawi kula kaliyan mas Agung piyambak mboten madosi katresnan ingkang murni.

Kusuma: Terus, carané murnèkaké katresnan?

Andri: Mila perhiasan menika kula wangsulaken, upacara-upacara menika kita anggep mboten wonten. Ingkang wonten namung Agung kaliyan Andriana cobi kakanṭi mekaten menapa saged. Menawi saged menika ateges kula kaliyan mas Agung saged manggihaken katresnan ingkang murni.

Kusuma: Aaah, kuwi mung apa, Andri!

Andri: Panci mboten wonten tegesipun, ketingalipun, nanging tumrap kula kanṭi semèlèh saged nampi katresnan, pak.

Kusuma: Ha ning lucu kowé! Barang wis ana tangan kok dibalèkké mung alesan sing ora ketemu nalar. Apa ta alesan kaya ngono kuwi, rak mung alesan ah . . . golèk-golèk, Andri!

Andri: Tumrap bapak mbokmenawi mekaten, nanging tumrap kula

wonten kesanipun ingkang langkung lebet, pak.

Kusuma: Ha ning rak dikira sing ora-ora. Terus dikira aku, ibumu, kowé nyulayani rembug déning tante Sulis. Apa gela, apa arep medot tunangan ...

Andri: Menawi dipunkinten kémawon mboten menapa-menapa, pak. Uger saknyatanipun mboten. Lan menawi kula sampun saged manggihaken katresnan ingkang murni kula sampun marem.

Kusuma: Kowé kudu ngélingi ya, nduk, yèn wong tuwamu kuwi duwé panjangka sing mulya, kowé bisa éntuk jodo sing bisa gawé mulyamu, mulyaku lan mulyané famili-famili Kusuma. Saiki wis éntuk pancadan kaya déné karo masmu Agung. Wis ora perlu sing néka-néka sing dipikir.

Andri: Matur nuwun, pak.

Kusuma: Ming kari nglanggengaké katresnané masmu Agung, katresnané tante Sulis lan katresnané wong tuwamu lan katresnanmu déwé.

Andri: Lajeng kadospundi anggèn kula saged damel amrih katresnan menika langgeng sedaya?

Kusuma: Yèn saiki wis gampang. Kowé ora susah kakéhan réka, ora susah kakéhan pikiran!

Andri: Dados kula kedah nampi menapa kémawon, inggih saking mas Agung, saking tante Sulis lan ugi saking bapak ibu?

Kusuma: Kudu mengkono, kuwi amrih langgengé katresnan!

Andri: (unjal napas) ... Awrat tumraping kula, pak.

Kusuma: Awrat sing kepriyé?

Andri: Lajeng kula minangka wayang, nampi menapa kémawon ingkang kedah kula tindakaken! Ngantos mangké saklami-laminipun kula kedah tansah kèndel, nampi menapa ingkang tumanduk wonten diri kula pribadi?

Kusuma: Kuwi kuwajibanmu, Andri! (meneng sedéla) ... Lan saiki mupung durung kebacut, matura mas Agung yèn perhiasan kuwi arep kok-enggo!

Andri: Kedah kula suwun malih?

Kusuma: Amrih ora nimbulaké pandakwa sing ora-ora. Apa manèh yèn tante Sulis krungu, mundak ora seneng. Jaluken barang-barang kuwi. Yèn kowé ora seneng nyimpen, aku utawa ibumu sing nyimpen.

Andri: Menapa kedah mekaten?

Kusuma: Kudu, Andri.

Andri: Nanging barang-barang menika sampun ngantos ...

Kusuma: Ngantos apa?

Andri: (sajak wedi) ... sampun ... ngantos ... kados déné nasibipun mobil kagunganipun bapak ... utawi dalem menika ingkang sampun naté dipuncepengaken ...

Kusuma: Ora, Andri. Aku ngerti yèn barang-barang kuwi kudu dirukti sing apik-apik.

Andri: Bénjing-énjing kula baḍé matur mas Agung.

Kusuma: Nhaaa ... dadi aja nganti nimbulaké pasulayan sing ora apik tumrapku lan tumrapé tante Sulis!
Wis ya, aku tindakan ḍisik. (lunga)

Meneng seḍéla

Parinem: (adoh) Kula nuwuuun ... !

Andri: (seru) Ooo, ayo, Par ... mlebua waé, Par ... wis, terus mlebu ... !

Parinem: (nyeḍak) Kok sepen ndalem, dèn Andri!

Andri: He-eh! Lagi paḍa tindakan bapak ibu. Kono, lingguh kono! ... Hus, lingguh nḍuwur waé! Kok terus arep lingguh ngisor. Wis, lingguh nḍuwur, Par!

Parinem: Ah, sampun mriki kémawon.

Andri: Wong bapak ibu ora ana ndalem kok, Par. Wis, lingguh nḍuwur waé! (meneng seḍéla) ... Ana apa, diutus tante apa mas Agung?

Parinem: Dipunutus bu Sulis. Menawi kula sowan mriki kok pinuju sami tindakan ta?

Andri: (meneng, unjal napas seḍih) ... Ah, ya ...
Diutus apa, Par?

Parinem: Inggih namung nyaosaken serat. Lha tiyang dèn Andriana dipunajeng-ajeng kok awis-awis rawuh.

Andri: Lha kowé ya ngerti ḍéwé ta, Par, wong aku kudu tunggu omah, kejaba sekolah. Mas Agung ora ngarep-arep aku?

Parinem: Waaah, menawi dèn Agung menika sampun, sasat mboten naté lenggah wonten ndalem. Rawuh ḍog ḍahar saré, mangké tindakan malih. Bareng dadi ḍokter ya malah ora tau ana ndalem.

Andri: Lha, mengko ... aku mrana mas Agung ya ora ana ndalem. Lan mas Agung ḍéwé ya wis ngendika, témponé ming malem Minggu. Serat kanggo sapa, Par?

Parinem: Kagem penjenengan, dèn. Nanging menawi malem Minggu dèn Agung rak tindak mriki ta?

Andri: (ngguyu) Oo . . . ya mesṭi!

Parinem: Lho, tegesipun menawi sampun dipunatur mekaten nggih saé kémawon! Lha, nanging mbok nggih penjenengan menika sowan keng tante, senadyan mboten pinanggih dèn Agung.

Andri: Aku ya kepéngin sowan tante, nanging angger ana ngomah aku terus tunggu omah, bapak ibu mesṭi tindakan.

Parinem: Tindakan ḍateng pundi kémawon ta?

Andri: Ah, ya embuh, Par. Endi layangé tante Sulis?

Parinem: (meneng seḍéla) . . . Nanging ngaten, dèn Andri, kula dipunngendikani keng tante . . . wah priyé ya, nggonku matur . . .

Andri: Layang apa ta? Kok nganti kaya sajak penting! Wis ta, ulungna ta, Par!

Parinem: (meneng) . . . Keng tante ngendika, menawi . . . wah arep tak-aturaké kok sajak malah medèn-medèni, ning yèn ora . . . (meneng) . . . Ngaten inggih, dèn Andri, keng tante namung meling: ditampa lan diwaca kaya déné maca layangé tantené ḍéwé. Mangga, sampun!

Andri: (karo mbukak layang) Kok sajak penting banget! (terus meneng) . . . (kagèt) . . . tante Sulis??? Anèh! Ah aku ora naté . . . ah mongsok . . . ! Par, kowé ngerti isiné layang iki?

Parinem: Babar-pisan mboten, dèn Andri.

Andri: Babar-pisan ora tenan? Nanging anèh, Par! Aku ora naté . . . ah, aku ora naté . . . ah, isin aku karo tante Sulis! Kowé ora naté dijak rasanan bab aku karo tante?

Parinem: Raosan kadospundi? Mboten naté!

Andri: (susah) Aḍuh! (lunga) Pak! Bapak! Bapak!

Parinem: Ngendikanipun keng bapak tindakan!?

Andri: (adoh) He-eh, nanging mau tindak metu wingking . . . (nyeḍak) . . . Tante Sulis ora ngendika apa-apa nalika kowé arep diutus?

Parinem: Inggih namung menika wau welinganipun menawi penjenengan nampi serat menika amrih dipunanggep kados déné maos seratipun ingkeng tante piyambak!

Andri: (nirokaké) . . . Kaya déné layangé saka tante ḍéwé? Pancèn aku nganggep kaya déné tanteku ḍéwé, nanging ora bisa takanggep kaya ngono, Par! Iki soal sing gawat, sing nyangkut jenengku, asmané bapak lan ibu, Par! (menggèh-menggèh) . . . soal ḍuwit . . . aku ora naté . . . ora naté matur bapak, lan

aku ora naté nyuwun supaya bapak kersa matur tante Sulis. (meneng) ... Ah, lucu kahanan iki, Par! (sajak wedi lan bingung) ... Ah mesṭi tante Sulis ndakwa aku sing ora-ora, dikira aku mbungahi.

Parinem: (nyabaraké) ... Sabar! Sabar ta, dèn Andri! Keng tante mboten ndakwa mekaten, namung neḍa keterangan, menapa leres. Lan kula kinten menawi leres mekaten, ah malah bu Sulis remen, sebab penjenengan sampun nganggep kados déné ibu piyambak, tiyang sepuh piyambak.

Andri: Apa yèn nganggep kaya déné ibu ḍéwé, wong tuwa ḍéwé, kuwi mesṭi kudu njaluk apa-apa, njaluk ḍuwit?

Parinem: Inggih mboten, nanging kanṭi nglairaken pepénginanipun menika rak sampun nganggep tiyang sepuh piyambak.

Andri: Ah, kanggoné aku ora bener, Par. Salah yèn kaya ngono. Apa manèh aku iki lagi pacangan, ora duwé hak tumindak kaya ngono.

Parinem: Lajeng kadospundi nggih?

Andri: (saya lirih sériyus) ... Apa bapakku?

Parinem: Menawi seratipun menika kacriyos saking keng bapak ... kula inggih dipunbektani serat-seratipun ingkang sampun naté dipuntampi bu Sulis.

Andri: Coba! ... Kok-gawa?

Parinem: ... Inggih ... menika!

Andri: (mbukak layang, meneng) ... Aḍuh! (nangis) ... Tenan ... tenan, Par. Iki seraté bapak. Aḍuh, bapak tegel karo putrané ...! Isin aku ... wirang aku, Par! Bapak ... kok dadi tegel nulis layang kaya ngéné! Aku sing kanggo kuḍung ... Oouh tegel penjenengan, pak! Kesangeten penjenengan, pak! (nangis sesenggrukan)

Parinem: Dèn rara Andri, sampun muwun ta ... sampun ngaten ta, kèndel ta!

Andri: (terus nangis sesenggrukan)

Parinem: (ngerih-erih) Sampun ta! Menawi mboten leres nggih mangké matur bu Sulis! ... Sampun lajeng ngaten! (arep mèlu nangis) ... Sampun dipungalih ingkang lebet! Mangké kula matur, dèn Andri!

Andri: Ora, Par! Ora! Iki sawijining pukulan sing hébat tumrapku, Par. Aku wirang banget. Aku isin banget, Par. Jenengku didol déning wong tuwaku ḍéwé ...! Aku wis manut diḍawuhi apa waé. Pacangan karo mas Agung — Yooh! Tukar cincin —

Yooh! . . . Nanging aku saiki didol jenengku, Par . . . ! Aku ora naté kepéngin gelang trètès. Aku ora naté ndandakké jam tangan sing larang regané . . . ! (terus mingseg-mingseg)

Parinem: Menawi mekaten penjenengan kedah nerangaken ḍateng bu Sulis, dèn Andri! Temtu mboten menapa-menapa! Woo, bu Sulis menika longgar penggalihanipun kok, dèn rara.

Andri: . . . Nanging raiku tak-wènèhaké ana ngendi, Par!

Parinem: Lho, menawi penjenengan rak mboten menapa-menapa ta!

Andri: Nanging, aku putrané bapakku, putrané ibuku, Par.

Parinem: Lha inggih, nanging penjenengan piyambak rak mboten menapa-menapa!

Andri: Kowé ora ngerti perasaanku, Par. Aku yèn sowan bu Sulis tegesé aku nggawa jenengé wong tuwaku, martabat kehormatan keluwarga Kusuma. Nanging yèn kaya ngéné iki, apa tegesé martabat lan kehormatan keluwarga Kusuma sing wis rusak, hancur ana ngarepé tante Sulis! (mingseg-mingseg)

Parinem: (meneng) . . . Lajeng kadospundi? Menapa penjenengan atur balesan?

Andri: (isih nangis ora mangsuli)

Parinem: Saénipun penjenengan nyerat, ngendika menapa wontenipun, dèn Andri.

Andri: . . . Nyerat, balesan, bab kuwi gampang tak-tindakaké kanṭi sepuluh menit rampung. Nanging soal iki ora mung cukup sepuluh menit rampung, Par. Soal iki dawa ganḍèng-cènèngé. Ora, aku ora arep nulis layang balesan katur tante Sulis!

Parinem: Lajeng kadospundi?

Andri: Yèn perlu aku peḍot karo mas Agung.

Parinem: (kagèt) Dèn rara Andri! Ah sampun ngaten!

Andri: Wis, muliha, Par! Balia, Par . . . muliha . . . !

Parinem: Ah sampun lajeng ngaten ta, dèn rara Andri!

Andri: (rada nggetak siṭik) Wis ta, balia, muliha! Aku bingung, aku durung bisa matur apa-apa! Nanging soal iki kudu bèrès!

Parinem: Bèrès ingkang kadospundi! Lajeng kadospundi atur kula mangké?

Andri: Kowé ora susah matur apa-apa. Aturna kahananku kaya ngéné!

Parinem: Menawi dipunpunḍuti priksa keng tante?

Andri: Matura aku ora bisa atur balesan!

Parinem: Nanging kula temtu dipunpunḍuti priksa.

Andri: Aturna kahananku, hatiku ancur, rasaku wirang! Aku ora

bisa apa-apa. Matura! Wis, balia!

Parinem: Ah mbok sampun kagalih mekaten ta!

Andri: (ngusir-usir) Wis balia, balia! Matura saksenengmu ḍéwé! Wis muliha, muliha, Par!

Parinem: (gela) Ooo, nggih sampun ... pareng ... pareng!

Soemardjono, Hèda (saduran bébas saking 'Hedda Gabler' déning Henrik Ibsen), Sandiwara Radio Daérah R.R.I. Studio Yogyakarta, series no. II scenes 3, 5 and 6; 1968.

39
MBOK YA MÈSEM
(lagu dolanan)

é, mbok ya mèsem, mrengut pédahé apa
é, mbok ya ngguyu, susah pédahé apa
panjalukku, ḍik, tetepa ing janji
aja éwa, aja tansah cuwa

nadyan aku uga tan selak ing janji
é, mèsema, tansah tak-entèni
yo bareng angudi luhuring kagunan
watoné tumemen meṣti kasembadan

40
ULIHÉ ING WAYAH SORÉ

Ḍèwèké énggal mencolot muḍun saka bécak tanpa maèlu tukang-tukang caṭut karcis kang pating cruwèt nawakaké karcisé. Sawisé muḍun saka bécak, énggal-énggal bécaké dibayar njur koperé disaut brebet nuli gita-gita ḍèwèké nuju menyang stasion. Tujuné sepuré durung mangkat, nadyan meṣtiné wis kliwat limang menitan. Atiné dadi geḍé manèh lan ora kuwatir yèn ésuké ora bakal tekan kuṭané kang dituju.

Tekan ngarep portir, jegagig ḍèwèké rada éwuh jalaran durung nyekel karcis. Ditolèh lokèt karcis wis tutup. Sajaké karcis-karcisé wis diborong makelar kabèh kang isih pating kliwer ana èmpèran stasion.

Dumadakan keprungu swaraning sempritan muni pratanḍa yèn sepur èxprès bengi Jakarta-Surabaya bakal pangkat. Tanpa mikir dawa ḍèwèké énggal nrobos portir kang ngaḍangi ana tengah lawang.

'Karcis! Karcisnya mana?' panyentaké portir gedandapan kesrèmpèd punḍaké kenya kang gita-gita nabrak waé.

'Beli diatas!' wangsulané ladak karo ngipataké tangané portir kang sajaké arep ngalang-alangi mau.

Brebet, ḍèwèké kasil lolos njur mlayu nututi sepur kang wis wiwit ninggalaké stasion Gambir. Tujuné ḍèwèké énggal weruh ana lawang gerbong menga. Cepet-cepetan ḍèwèké mencolot karo nyangking koperé. Swaraning wong-wong kang ana péron mbengoki tandangé babar pisan ora dirèwès. Untung ḍèwèké bisa katut mlebu ana gerbong kang pungkasan ḍéwé. Ambegané kempas-kempis karo ngadeg ana borḍès. Ḍèwèké njur njupuk saputangané kanggo ngulapi kringeté kang dlèwèran ing rainé. Sawisé rada menḍa lan satata ambegané, ḍèwèké njur mlebu gerbong penumpang karo nyangking koperé alon-alon.

Rada kebeneran sepur kang ditumpangi rada sela. Ḍèwèké njur milang-miling golèk lungguhan kang lowong.

'Ditengah kosong, zus!' panyaruwéné salah sawenèhing priya penumpang kang katoné rada welas ndeleng penumpang anyar kang isih mengkis-mengkis ambegané iku.

Ḍèwèké agahan nengah. Pancèn rada sela. Ḍèwèké énggal olèh kursi ana satengahing penumpang-penumpang liyané. Sakwisé lungguh kepénak lan rada aso, ḍèwèké lagi ngerti yèn dadi obyèking panyawangé pe-

numpang-penumpang saceḍaké. Énggal-énggal ḍèwèké ndandani rambuté kang maḍul-maḍul lan ngulapi kringeté kang isih tansah dlèwèran waé iku.

'Wah, mèh kepancal nggih, ning,' panyaruwéné jèjèrané lungguh sawijining wanita tuwa kang sajaké bakul jarit saka nJawa.

Ḍèwèké mung manṭuk karo mèsem, nimbangi èsemé jèjèrané lungguh.

'Baḍé tindak pundi, ning?' pitakoné jèjèrané manèh.

'Jokja. Panjenengan?' wangsulané ngiras mbalèkaké pitakonan.

'Sami, ning. Kula Ngadiwinatan.'

Ḍèwèké njur mbenakaké lungguhé, karepé ora gelem diganggu manèh.

'Taksih sekolah menapa sampun ngasta?'

'Oh . . . sekolah,' wangsulané cekak njur nyawang menjaba.

Nanging seḍéla manèh ḍèwèké kagèt jalaran jenengé diundang ceṭa banget.

'Mardikani!' tembungé si bakul jarit karo nyawang tulisan kang tumèmplèk ana koperé.

Ḍèwèké klincutan, jalaran jèjèrané ora ngundang ḍèwèké ning maca tulisan jenengé kang tumèmplèk ana koperé. Akiré ḍèwèké bali nyawang menjaba manèh. Sikepé mengkono mau pancèn kasil. Bali jèjèrané lungguh paḍa gotèk ḍéwé. Sing nembé teka babar pisan ora mlebu acara. Mengkono iku ndadèkaké bungahé Mardikani kang njur bébas olèhé ngumbar gagasané.

Kang dadi pikirané iku tekané tilgram kang rada nyalawadi banget. Wis ana setengah taunan ḍèwèké ora naté nampa layang saka wong tuwané, apa manèh sedulur-seduluré. Sing paling kari mung layangé yu Uki kang mènèhi kabar lumrah baé, bab répoting kulawargané lan aboting ékonomi rumah tanggané. Babar pisan ana layangé mbakyuné mau ora disebut-sebutaké mungguh gerahé ibuné, apa manèh bab ramané kang saiki wis ora kerep ninjo omah Sasrawijayan saploké kagungan garwa anyar manèh. Mardikani njur nggeget lambéné karo nahan kejuting atiné yèn mikir nasibing ibuné kang tansah nemu rubedan ing uripé. Wiwit ibuné dimaru, Mardikani wis arang krungu kabaré ramané manèh. Tilgram kang nembé tinampa mau nyebutaké yèn ibuné gerah nemen, bisa ora bisa ḍèwèké kudu énggal bali menyang Jokja.

Ḍèwèké tumenga, mripaté krasa ngeres nahan sepeting ati. Nanging ora suwé ḍèwèké ya mung ngudarasa kanṭi atiné kang teteg. Jakarta kang nembé diungkuraké wis rong taun lawasé ngglaḍi lan nggemblèng ḍèwèké, rong taun lawasé sawisé ḍèwèké ora olèh kiriman saka ramané lan mberod saka Jokja jalaran cengkah karo kekarepané ramané. Wiwit iku ḍèwèké kéntir ana uleganing ibukota. Ḍèwèké tetep nerusaké kuliahé

nganti diréwangi golèk butuh kanggo nyambung uripé sarana nyambut gawé ana sawenèhing firma.

Rong taun ḍèwèké nembé arep bali menyang kampungé manèh. Rasané kaya wis suwé banget ninggalaké kuṭané. Lan saiki pangrasané dadi ampang lan kebak panerka werna-werna.

'Ah, mesṭi akèh kang wis paḍa owah,' pangudarasaning atiné. Suwé-suwé ḍèwèké krasa mumet mikiraké iku kabèh: nasibé, kulawargané lan riwayating uripé kang katoné dadi bureng peteng. Apa manèh yèn ḍèwèké ngemataké panyawangé menjaba, ora ana sesawangan kang narik babar pisan. Pakampungan sepi diselani sawah-sawah kang nuju remeng-remeng tininggal sang bagaskara. Keliping diyan-diyan pakampungan kala-kala malah nangèkaké prastawa-prastawa lawas kang wus suwé sumimpen ing telenging kalbuné.

Gawang-gawang ana wewayangané, nalikané ḍèwèké isih cilik manggon ana Arjasari Pacitan. Ramané isih ngasta camat. Ibuné isih aktip nyekel panitiya ika-iki. Mas Yogi, masé pembarep, isih kerep tilik nggawa bojoné Inḍo kang dirabi ḍèk jaman gégroh biyèn. Mas Ta, masé panggulu, aktip ana partainé lan anak-anaké mèh saben taun lair. Yu Uki isih ana SGA lan ḍèwèké ḍéwé nembé ana SMP Pacitan. Iya ing wektu iku ḍèwèké kejuwara dadi putra wuragilé radèn Suryaputra, onderḍistrik Arjasari kang nembé moncèr-moncèré kalungguhané.

Ana péngkolaning kreteg geḍé kang kiwa tengené ana jurang-jurang jero banget, wewayangan-wewayangan mau musna seḍéla. Mardikani rada giris ndeleng menjaba. Rasané mbambing banget. Gumeriting roḍa sepur kang ditumpaki kaya ngiris-iris jantung.

Mardikani njur éling rikalané ḍèwèké nembé ngerti ora adiling kanyatan kang tumiba ing kaumé. Wiwitané ḍèwèké rada ora maèlu marang swaraning kanca-kancané kang kerep ngrasani mungguh ṭuk-misé ramané. Jaré ramané kagungan genḍakan ing saben désa bawahané. Saben ana tayuban ramané mesṭi nekani. Wiwitané ḍèwèké ora ḍamang lan ngerti apa akibaté tumindaké ramané mau. Nanging rikalané Mardikani diajak ramané turné menyang désa Karangreja lan ditinggal waé ana jip nganti keluwèn lan babar pisan ora diurusi déning ramané kang nembé kèrem ana sajroning omah genḍakané, ḍèwèké banjur mberod mulih ḍéwé. Iya wiwit iku ḍèwèké ngrumangsani ananing tuntutan marang ora adiling kahanan. Ibuné, biyungé, pancèn wis wiwit ngunduri sepuh lan ora nduwèni cahya seger kaya béḍangan-béḍangané ramané. Apa manèh bareng ibuné kerep ribut-ribut karo ramané, Mardikani dadi nduwèni pangijih marang daksiyaning ramané marang ibuné lan kulawargané. Iya wiwit iku ḍèwèké njur tansah gawé gendra marang sapa

waé. Apa manèh bareng ḍèwèké wus ana SMA lan ramané pènsiyun njur manggon ana Jokja, Mardikani kerep dadi pocapaning sadulur-saduluré. Ana satengahing pasamuwan kulawarga Mardikani ḍéwé kang wani nduwa putusaning ramané bab jejoḍoané mbakyuné. Kanṭi tanpa nari Uki, ramané njur ngawinaké Uki karo Bagya, pilihaning ramané. Mangka Mardikani ngerti yèn kanṭi sesiḍeman yu Uki wis nduwèni pacangan ḍéwé. Nanging ḍasaré Uki pancèn béda karo Mardikani, nasibé nganti sepréné tansah mangan ati waé. Mardikani jèngkèl banget marang Uki kang akiré mung manut waé netepi jejering wanita tama familiné.

Paling akir Mardikani nembé lulus SMA. Karepé ramané ḍèwèké arep énggal-énggal dijoḍokaké, nanging Mardikani ora kena dieluk atiné kang wangkal déning radèn mas Suryaputra. Pungkasané malah Mardikani njur mberod menyang Jakarta nutugaké sekolahé. Mesṭi waé ramané duka banget lan babar pisan ora kersa ngirimi ḍuwit marang wuragilé. Nanging Mardikani kang nduwèni ati mantep marang keyakinané njur nékad nerusaké kuliah nyambi nyambut gawé kanggo ngragadi uripé lan sekolahé.

Tekan Kroya rasané kaya kepéngin énggala tekan kuṭané. Rong taun lawasé pepisahan, mesṭiné wis akèh owah-owahané. Gumeriting roḍa sepur kang ditumpaki katoné rinḍik banget. Ḍèwèké njur slonjor sikilé mèlu-mèlu penumpang-penumpang liyané kang racaké wis paḍa turu kabèh. Embuh jalaran saka sayahé apa pancèn merga wis tengah wengi iku, saḍéla manèh Mardikani wis siyat-siyut njur keturon pisan. Ngerti-ngerti bareng ḍèwèké kagèt gragapan jalaran krungu swaraning wong-wong kang paḍa kumrecek lan répot nyepak-nyepakaké barangé.

'Sampun dugi, ning!' celaṭuné jèjèrané lungguh sawisé angob. Agahan Mardikani mbenakaké rambuté lan penganggoné karo nyawang menjaba kang katon kampung Badran remeng-remeng mapagaké raina.

Persis parak ésuk sepur saka Jakarta mlebu stasion Tugu. Gumerahing wong-wong kang ana péron lan penumpang-penumpang kang nembé muḍun saka gerbong-gerbong babar pisan ora dipaèlu déning Mardikani. Seḍéla-ḍéla ḍèwèké clingukan mbokmenawa yèn ana kang mapag, nanging bareng dideleng kanṭi permana ora ana wong kang dikenal, ḍèwèké njur agahan golèk dalan menjaba karo nyangking koperé.

Bécaké Ani manḍeg persis ana ngarep lawang pager. Gita-gita ḍèwèké muḍun karo unjal ambegan lanḍung. Kahananing omahé isih tetep kaya biyèn, babar pisan ora ana owah-owahan. Diyané listrik ngarep isih limalas watt, èmpèran ngarep sepi mamring, persis kaya telung taun kepungkur.

Sawisé mbayar bécak, ḍèwèké njur mlebu pekarangan ngomah. Durung nganti tekan èmpèran, saka njero ngomah mencungul sawijining wanita kang nyengangik menganggo potongan lawas, gita-gita olèhé mapagaké tekané Mardikani.

Mardikani kagèt. Ajaa énggal keprungu panjelihé yu Uki, ḍèwèké ora ngerti yèn iku mbakyuné ḍéwé. Saiki ḍèwèké lagi ngerti ananing owah-owahaning kulawargané. Tangané mbakyuné digegem kenceng banget. Rasané kaya ana kang longsor ing ḍaḍané. Mbakyuné samono uga ora bisa mbendung émosiné, aḍiné nuli ditubruk lan paḍa rerangkulan tangisan. Mardikani ora ngerti kena apa énggal waé tangisé metu dadakan ndeleng kahanané yu Uki kang babar pisan ora bisa digambaraké sadurungé.

'O Allah, An, Ani!' pamingseké Uki karo ngarasi aḍiné bola-bali. Mardikani isih mlenggong waé karo ngumbar gagasané. Tujuné mbakyuné énggal nuntun mlebu ngomah.

Sepisan manèh atiné Mardikani krasa perih tekan telenging jejantung bareng nyawang biyungé kang nglumpruk ana ambèn kamar tengah. Mung soroting mripaté ibuné saya tambah gawé getering atiné. Mardikani ora bisa ngucap apa-apa. Pamingseké mbakyu kang ana sanḍingé rasané saya nambah kuwuring atiné.

'Wis, wis, nḍuk. Sing uwis iya wis, ora perlu kowé kabèh mèlu nyanḍang bebenduning Pangéran kaya aku . . .' Mung iku ngendikané ibuné.

Ani lungguh kursi ing sanḍingé ambèné ibuné, déné mbakyuné isih bikut olèhé ngusapi eluhé. Mardikani ora énggal-énggal takon bab ramané, nadyan ing selaning pangijihé ana kang kepéngin diwetokaké.

Saḍéla manèh Uki menyang pawon, Ani salin ana kamar ngarep kang biyèn dadi kamaré. Kahanané isih ora ana kang owah. Gambaré ḍèk isih dadi panḍu jaman SR biyèn isih kepasang ana panggonané telung taun kepungkur. Ḍèwèké mèsem sengir. Rasané luwih mulya banget dadi bocah cilik kang durung ngerti apa tegesing panguripan!

Sajroné Uki racik wédang kanggo aḍiné, pikirané nglambrang terus nggagas aḍiné kang lagi mulih saka paran. Rasané aḍiné rada anèh banget. Tandangé kaya bocah lanang. Apa manèh bareng rambuté aḍiné kang biyèn dawa saiki dipotong poni cenḍak pisan. Rasané kok rada nylenèh banget. Nanging Uki durung wani blaka. Pepisahan telung taun lawasé kaya ana jurang kang ngeleti. Embuh kepriyé rasané saiki kok rikuh banget marang aḍiné ḍéwé.

Ora suwé Ani menyang kamar manḍi. Mbakyuné gita-gita olèhé nyeḍiyakaké ciḍuk jambané.

'Sapa sing nilgram aku, yu?'
'Aku ḍéwé, An. Nanging ibu kang nḍawuhi. Mas Ta malah arep interlokal menyang fakultasmu.'
'Bapak?'
'Ah, nembé mau ésuk kondur kok, An. Iku waé yèn ora aku sing nusul, kiraku iya ora kersa kondur-kondur. Wong wis rong sasi iki bapak arang-arang tilik mréné,' wangsulané Uki serak.

Ani metu saka kamar manḍi karo mbesengut. Mbakyuné nglirik karo mèsem sepa.

Persis nalika Ani nembé metu saka kamaré — ḍèwèké nganggo slack biru — kangmasé pembarep mencungul saka njaba. Sajaké tekané Ani pancèn wis diantu-antu banget. Ani nḍisiki èsemé karo ngulungaké tangané ngajak salaman. Kangmasé nampani tangané aḍiné sajak ampang banget. Ani api-api ora ngerti, nadyan ḍèwèké ngerti yèn panganggoné iku kang sajaké ora disarujuki saduluré kang kolot iku. Sawisé paḍa bagé-binagé kaya salumrahing sadulur kang suwé ora paḍa ketemu, Harta njur takon kabaré Yogi.
'Aku ya ngabari mrana, ning mas Yogi nuju turné menyang Sulawesi.'
Harta mung manṭuk-manṭuk semuné sinis waé.
'Hmm, kabèh paḍa nglungani. Karepé paḍa arep kepriyé? tembungé Harta rada sengol.

Ani klakep ora nimbangi. Guwayané mbrabak abang. Rasané sapatemon iku tambah kaku banget. Apa manèh bareng Uki ora muncul-muncul pisan.
'Kowé ngerti généya ibu nganti gerah kaya mangkéné iki?' pitakoné Harta sawisé suwé paḍa amem waé.
Ani gèḍèg, jalaran ora ḍamang kang dikarepaké kangmasé.
'Huh, mesṭiné ora perlu aku njlèntrèhaké, kowé rak wis ngrumangsani ḍéwé.'

Ani ndengèngèk. Kangmasé dipandeng paḍet. Ḍèwèké durung ḍamang marang apa kang dikarepaké kangmasé, nanging krungu tetembungan kang sengol mengkono mau atiné dadi panas dadakan.
'Karep panjenengan piyé ta? Apa aku sing marahi gerahé ibu?'
Harta mèsem sengir. Katoné wis suwé panguneg-uneging atiné dipenḍem jero, lan wektu iku nembé bisa diwetokaké ana sangareping aḍiné. Ani tetep isih nyawang nganḍut pitakon. Sing disawang saya tambah jèngkèlé. Mripaté sumorot ladak. Karo nggebrag méja Harta nyentak seru:
'Kowé ora perlu ngendel-endelaké sekolahmu, An. Kowé wis gerang, mesṭiné wis bisa nggagas ḍéwé . . .'
'Lho lho, piyé ta iki? Durung-durung panjenengan kok wis nesu. Aku

durung ngerti karep panjenengan mau. Sapa sing marahi gerahé ibu? Aku?'
'Huh, éṭok-éṭok ora ngerti. Iku asiling telung taun ana Jakarta!' panyengèsé Harta karo ngungkuraké aḍiné.
'Mengko ḍisik ta, mas!' panugelé Ani ladak. 'Apa mas Ta ndakwa aku?' Nembé tekan semono Uki metu karo ḍèhèm-ḍèhèm ngluruhi sing nembé paḍa padudon.
'Wis wis, ah! Mesakaké sibu. Ani rak isih kesel ta, mas. Mbok iya ngrembug liyané waé ḍisik,' pangrepané Uki karo ngonḍok-onḍok arep nangis.

Harta ngadeg nyat. Mripaté isih sumorot ladak marang aḍiné ragil. Ora suwé ḍèwèké ngringkesi rokoké ana méja karo isih gumrenggeng. 'Jané wis ora patut kowé mulih barang. Wis ora ana perluné!' tembungé Harta sengol.
'Aku bali jalaran ana sing nilgram. Dudu karepku, kok!' wangsulané Ani sakecanḍaké waé karo nahan kanepsoné.

Krungu wangsulan mangkono mau, Harta tambah kumropok banget. Korèk kang nembé digegem njur disawataké aḍiné. Nanging trengginas banget Ani ngénḍani. Harta tambah nepsu banget. Aḍiné diceḍaki karepé arep ditempiling, nanging kaselak ditubruk Uki kang gurawalan olèhé misah sedulur-seduluré.
'Culna, Uki! Dak-ajaré bocah urakan iku! Huh, arep ngendel-endelaké dupèh wis dadi mahasiswa. Ora iḍep isin. Apa kok-kira ayu kowé nyanḍang penganggo kaya wong ora nggenah iku!'
'Ah, sak-sirku ta,' wangsulané Ani nimbangi kepénak waé.

Uki saya bingung olèhé arep nyirep kang paḍa padudon iku. Apa manèh bareng keprungu swara undang-undang saka kamaré ibuné. Nanging Harta isih durung marem jalaran durung bisa nangani siji-sijining aḍiné kang wani nduwa kekarepané iku.
'Minggata kana! Aja ngaton ana kéné, nḍak nyebel-nyebeli mata!' panyentaké Harta kang wis diglanḍang menyang lawang ngarep déning Uki.
'Iki dudu omahmu ḍéwé!' wangsulané Ani malang-kerik nantang.
'Wis ta, An, menenga waé kowé! Ora perlu kok-sauri barang. Menyanga pawon, gelis!' panjelihé Uki karo nyingkang-nyingkang kangmasé supaya metu menjaba.
'Wis, mas. Panjenengan kondura waé ḍisik. Aja diladèni Ani. Élinga ibu isih gerah . . . !'

Uki njur mingsek-mingsek nangis pisan. Siji loro tangga teparoné wis ana kang arep nglayad menyang omahé Uki. Embuh jalaran saka isin

karo tangga teparoné, Harta cengkélak lunga tanpa pamit marang aḍi-aḍiné.

Susilomurti, Mardikani
(in: Kunthi no. 2, September 1969 ff.).

41
IMBAL WACANA

kang gumelar gilar-gilar isih jembar
tatapen mawa pandengan bingar
sisih kana gunung biru
généya nḍingkluk amarikelu

gedrugen bumi ping pitu
kibarna gendéra pribadimu
kanṭi nyebut panjenengané
idi palilah bakal kaparingaké

(turua, Dani, iki wis lingsir wengi)

N. Sakdani
(in: Iesmaniasita, Guritan, Antologi Sajak-sajak Jawi, Surakarta, 1975).

First published
between 1954 and 1967.

42
BALINÉ BURON

'Nung, durung temtu wong-wong kéné isih gelem nampa awaké ḍéwé manèh,' kanḍané Triyana marang Sinung kang lagi nyumed rokoké. Wong loro kuwi lagi lèrèn seḍéla ing nḍuwur punṭuk, karo maspadakaké désa Bungur, rada adoh ing sangisoré.

'Ah, kowé tansah kuwatir baé, Tri,' Sinung mbuwang gagang korèk, 'nḍisik awaké ḍéwé disubya-subya, kenèng apa saiki ora?'

'Séjé. Nḍisik awaké ḍéwé wong wolu, kabèh nggawa senjata, lan awaké ḍéwé nggawa ḍuwit akèh. Ning saiki? Saiki awaké ḍéwé buron, Nung. Bala entèk, banḍa ora ana.'

'Ah, wong désa tetep wong désa. Sepisan wedi, selawasé ora wani. Delengen baé mengko. Wis ta.'

'Aja lali, Nung, kabar bab kowé lan aku wis sumrambah rata. Mbokmanawa kabar mau ya wis tekan ing kéné. Regané sirahmu kuwi selawé èwu rupiyah, Nung, ora murah lho. Sapa ngerti ing antarané wong désa iki ana sing kamélikan?'

'Kabèh wis dak-pétungaké, Tri. Ing endi manèh nggon kita bisa nḍelik? Désa iki sasat ora duwé sesambungan karo jagad. Kowé éling ḍèk enem taun kepungkur awaké ḍéwé sakanca singidan ana kéné? Ha ha ha, ora ana sing weruh babar pisan. Wis ta, awaké ḍéwé ora bakal suwé ing kéné. Aku ora marem yèn durung males ukum patining kanca-kanca. Aku ora marem yèn wong njaba duwé pangira yèn grombolané Sinung wis buyar, o, ora babar pisan. Kowé lan aku, Tri, mung wong loro, awaké ḍéwé ngrebut bali kuncarané grombolané Sinung! Ayo!' Sinung setengah ngglanḍang tangané Triyana, wong loro paḍa muḍun menyang ing désa Bungur.

Bener kanḍané Sinung, wong sadésa isih duwé rasa wedi marang wong loro mau. Nanging bener uga kanḍané Triyana, pengaruh rasa wedi mau mung marga gagangé pistul Colt Automatic kang sumembul saka njeroning sabukaning clanané, lan gagang FN-né Triyana kang uga dipitontonaké kanṭi sengaja.

Bengi iku paḍang mbulan. Kanṭi ati gorèh Triyana ninggalaké Sinung kang wis turu senggur ing omahé wak Rujuk. Mlaku sauruting dalan ndésa, Triyana krasa yèn awaké tansah dadi kawigatèning saben wong

kang diliwati. Ah, giṭoké mengkirig. Sirahé uga ana regané, mung sepuluh èwu rupiyah, amarga ḍèwèké mung wakilé Sinung baé, mbuh wakil kang nomer pira. Sinung! Nggeḍor rana, ngrampog réné, noḍong, meres, kabèh ngasilaké tumpukan ḍuwit kanṭi gampang, lan adaté saben sawisé pakaryan geḍé grombolan iku ajeg lèrèn ing désa kéné, ngentèni aḍeming swasana. Lan wong sadésa paḍa wedi lan ulap marang tumpukan ḍuwit kang digawa déning saben warganing grombolan Sinung! Nanging saiki . . . ? Ah, sewulan kepungkur, ora luput yèn koran-koran paḍa ngemot warta bab curesing grombolan Sinung. Kanca-kancané enem rubuh kabèh déning mimisé patroli gabungan.

Triyana tekan pungkasaning dalan désa. Ing ngarepé wis ora ana terusé, mung dalan cilik kang mlipir-mlipir turut kalènan. Ayem banget swasana ing désa iki, sawahé lagi paḍa kuning-kuning kaya sinepuh déning mbulan kang lagi purnama. Lamat-lamat Triyana krungu swaraning bocah paḍa dolan ramé tetembangan rupa-rupa. Triyana nilingaké kanṭi pranata. O, ya, ing ngisor kuwi, ceḍak kali isih ana omah-omah, omahé wak Daru saanak putuné, kang niyat nyéjé saka désa, nyeḍaki blumbang-blumbang kang isi iwak mujair.

Wak Daru sak-anak putuné . . . ah, Triyana mèsem ḍèwèkan. Enem taun kepungkur, ing ceḍak kali iku ana kulawarga wolung omah, apa tambah apa kurang? Triyana jumangkah, mlaku alon-alon sauruté dalan pinggir kalèn.

Sawenèhing wong wadon ngadeg ḍèwèkan ing pinggiring blumbang adoh saka omah wolu kang ngrompol ing pinggiring kali. Triyana manḍeg seḍéla nggatèkaké wanita kang praupané kebak sunar rembulan, lan kanṭi alon nyapa: 'Yu Kèsi, lagi ngentèni apa?'

Wong wadon kang disapa iku ora tumolèh, tetep ngingetaké rembulan kang seḍéla kasaput déning méga tipis. Katon wanita setengah tuwa iku unjal ambegan nuli mangsuli: 'Ḍik Tri? Aku krungu yèn kowé bali manèh, nanging dak-kira kowé ora bakal wani dolan mréné.'

'Ana apa, yu?' Triyana manḍeg, sènḍèn ing wit trembesi kang durung pati geḍé, mèlu-mèlu ndeleng rembulan, kaya-kaya wangsulan pitakoné iku bisa digolèki ing kana.

'Ah, mung pandugaku baé.' Kèsi nolèh marang Triyana, nggatèkaké wong lanang kang ḍuwur banget kanggoné wong Jawa. Triyana ḍuwuré pancèn sak-mèter wolung puluh sanga sènti.

'Anakmu wis tambah manèh, yu?' Triyana takon manèh, sajak kepéngin nginggati pitakonan kang bakal kawetu saka lambéné Kèsi mau.

'Ah, ya, wis suwé banget kowé ora réné, wis nem taun. Pisan pinḍo sawisé iku kowé isih nyang Bungur, nanging tetep ora gelem mréné. Dak-

kira kowé ya ora bakal mréné.' Kèsi unjal ambegan manèh.
'Anakku sanga.'
'Sanga? Tambah pitu, yu? Nem taun aku ora réné lan anakmu tambah pitu. Oh, apa ana sing kembar?' Triyana nyoba mèsem.
'Delengen kaé, bocah-bocah jamuran kaé.' Kèsi ora nuding, mung ngingeraké sirahé, nyawang ara-ara cilik ceḍak kali. Ana bocah sewelas lagi dolanan 'yak-oyakan', dolanan bocah kang nyritakaké sawijining ibu kang ngedol anak-anaké. Ana bocah siji kang dadi tukang tuku bocah, bocah liyané jèjèr-jèjèr dadi paraga ibu lan anak-anaké kang arep didol. Saka nggoné wong loro mau ngadeg isih bisa keprungu tetembangan: 'Yak-oyakan, manuk éndra, satus sekawan dasa, kula nuwun, mangga'. Banjur celoṭèhané swara-swara bocah iku nyang-nyangan regané bocah.

'Bocah sing ḍuwur ḍéwé kaé, kaé, njur sisihé, nganti urut papat, kaé anakku. Jajal, kira-kiranen, sing ḍuwur ḍéwé kaé umuré pira?'
'Hm, mbokmanawa sanga. Nanging kaé rak dudu Tari, ta?' sumauré Triyana sajak ora mikir. Pancèn bocah sing didadèkaké gunem iku ḍuwur banget, kancané mung sak-punḍaké.
'Dudu. Tari, mbarepku, sing ana sisih kiwané. Bocah kaé, percaya ora, umuré nem taun, tak-kanḍani.' Kèsi unjal ambegan. 'Paḍa-paḍa barakané sadésa kéné, ḍèwèké sing ḍuwur ḍéwé awaké. Sisihé Tari, sisih kiwané, umuré ya enem taun, kaé si Yatmi, anakku.'
'Lho, dadi anakmu sing umuré nem taun loro kaṭik gèsèhé ḍuwuré kaya ngono kaé, yu? Ah!' Triyana sajak ora percaya, lan ḍèwèké sajak bosen nggunem bocah-bocah sing ora ana hubungané babar pisan karo ḍèwèké.

'Bocah kuwi dudu anakku ḍéwé, nanging wiwit bayi dak-rumat kaya bayiku ḍéwé. Jenengé Kasri, anaké Tinah.'
Lagi saiki atiné Triyana kaya njenggirat krungu jeneng iku. Tinah. Aḍiné Kèsi. Kenya kang naté ndudut atiné. Tinah.
'Ya njur ... Tinah, kok ora gelem ngrumat bayiné ḍéwé? Ah, sapa bojoné Tinah?'
'Tinah wis mati.' Saiki Kèsi maḍep nyang Triyana, mandeng mripaté. 'Tinah mati, marga kowé. Aku ora ngerti apa sebabé kowé banjur ora naté dolan mréné. Tinah nganḍeg tanpa ana bojoné, lan bareng nglairaké Kasri ḍèwèké ora kuwat manèh. Kasri umur limang wulan, Tinah mati.'

Saiki Triyana kang unjal ambegan. Ḍèwèké kèlingan Tinah. Kèlingan ḍèwèké lan Tinah dolan runtang-runtung nyang papan-papan sepi ing bengi-bengi paḍang mbulan nem taun kepungkur. Tinah. Wong wadon ayu iku ngerti yèn ḍèwèké mono durjana, lan njaluk supaya ḍèwèké marèni baé tindak kadurjanané sarta urip bebarengan ing krompolan

omah ceḍak kali iku. Triyana ora bisa nyarujuki, ḍèwèké bakal mati kaku yèn kudu urip ing désa sepi iki, mengkono rumangsané. Ḍèwèké kèlingan tukar paduné kang sapisan bab iku, lan ḍèwèké ora naté weruh Tinah manèh. Tinah. Triyana nggèḍègaké sirahé. Saiki krasa banget atiné abot. Mau merga ngrasakaké grombolané kang cures, awaké kang dadi buron, Sinung kang ngajak ngrampog pak kaji ing Tanjung, njur saiki, bab Tinah, lan Kasri, bocah wadon cilik kang umuré nem taun, bocah sing awaké ḍuwur ḍéwé sak-désa Bungur.

'Ora ana sing ngandani aku bab iki, sanadyan aku sok-sok ya isih dolan nyang Bungur nḍuwur,' kanḍané kanṭi alon.

'Kluwargaku ora seneng kakéhan wicara, ora seneng gègèr. Bapak mung omong yèn jenengmu ora olèh keprungu manèh ing antarané kluwargaku kabèh.' Kèsi manḍeg seḍéla. 'Kasri percaya banget yèn ḍèwèké iku anak-ku. Ḍèwèké ora ngerti apa-apa.'

'Apa . . . apa Kasri ora ngabotaké sesangganmu, yu?' Triyana ḍéwé ora ngerti kenèng apa ḍèwèké takon kang kaya mangkono.

'Ing kluwarga ora ana prekara abot ènṭèng nyangga kluwarga. Omah wolu iku, yèn siji ora bisa mangan, liyané ya ora mangan.'

Wong loro paḍa meneng, ora ana sing kumecap, sajak katrem ing pikirané ḍéwé. Njur Triyana miwiti gunem manèh:

'Yu . . . aku kepéngin omong-omongan karo Kasri.'

Kèsi meneng seḍéla, banjur alon-alon mlaku muḍun. Triyana manḍeg baé ing ngisor trembesi, nyawang Kèsi kang nuju nyang panggonané bocah dolanan.

Tinah. Jeneng kuwi kaya mulek ing uteké. Ah, Triyana krasa mumet dadakan. Saiki, ya lagi saiki, ḍèwèké rumangsa yèn apa kanḍané Tinah bener. Yèn ḍèwèké wis ora kuwat manèh, yèn kanca-kancané wis ora ana, yèn masyarakat wis bersatu mbrasṭa kadurjanan, ḍèwèké bakal mlayu nyang endi? Ḍèwèké bakal dadi buron . . . buron kang ora duwé ati tentrem manèh. Triyana njengèngèk saka anggoné nglamun, ḍèwèké krungu swaraning tapak sikil lumayu. Kanṭi trengginas tangané nye-keṭem gagang pistulé. Nanging ora, sing marani mung sawijining bocah . . . . Kasri.

'Pak-lik, kowé ngundang aku?' bocah mau takon kanṭi swara kendel. Triyana nḍoḍok, nyekel punḍaké Kasri, nginger rainé bocah, diaḍepaké nyang mbulan. Ah, ya, irungé iku irungku, batiné Triyana, mripaté ya mripatku, cangkem lan jangguté, kuwi duwèké Tinah, ḍuwuré, ya . . . ḍuwurku. Triyana ngelus-elus rambuté Kasri. Atiné trenyuh sakala nde-leng bocah mau manganggo sarwa tèmbèlan, lan awaké kuru, kuru kaya kurang mangan, lan rai kang pucet iku, pucet apa marga cahyaning

rembulan? Ah, bocah iki yèn dirumat kanṭi becik mesṭi bakal ayu manis kaya Tinah. Hm, ḍèwèké bisa dagang, utawa tuku sawah ing kéné, dadi wong tani kaya pangajaké Tinah nḍisik. Ning saiki ḍèwèké ora duwé ḍuwit, lan mbaka seṭiṭik rakyat désa Bungur mesṭi ngerti yèn satemené grombolan Sinung wis cures, ora mencar kaya kanḍané Sinung marang wak Rujuk. Ah, sawijining wektu mbokmanawa alat-alat negara ya bisa nlacak nganti tekan ing kéné.

'Pak-lik, kenèng apa kowé nangis?' keprungu swara renyahing bocah cilik ing ngarepé. Triyana gragapan. Nangis?

'Nangis? Sapa sing nangis?' pitakoné Triyana karo miringaké sirahé supaya bocah cilik iku ora meruhi rainé. Pancèn, pipiné krasa teles. Nanging, ah, Triyana bénggolé grombolan Sinung nangis?

'Pak-lik! Lha kuwi, mau luhé dlèwèran. Ana apa ta, pak-lik? Mau mak kanḍa yèn pak-lik apik banget, péngin dituduhi kuburané lik Tinah. Ayo dak-teraké, pak-lik.'

'Apa kowé ora wedi?' Triyana takon rada ngungun.

'Ora, aku kerep dijak mak, bengi-bengi mrana. Embuh, sing dijak kok aku waé. Aku pancèn ora jirèh kok, ora kaya yu Tari. Wah, yu Tari kaé isih ngompol lho, pak-lik. Aku ora naté, — mung ping pisan ḍing, ḍèk kecemplung blumbang kaé. Jaré mak aku paling kendel. Kendel banget tenan kaé lho, pak-lik. Pak-lik mau nangis marga wedi, arep nyang kuburan ora wani ta? Wis ayo dak-teraké.'

Tangané Triyana digèrèd bocah iku, Kasri, anaké Tinah kang lair tanpa ketunggon bapak.

'Kasri, maemmu saben dina, apa?' pitakoné Triyana karo mlaku lonlonan mlipir galengan.

'Gaplèk, pak-lik. Aku ora nangis senadyan mung diwènèhi maem gaplèk. Nèk Parli, anaké wak Manan kaé, nèk diwènèhi gaplèk, gulung-gulung nèng lemah, nangis, pak-lik.'

'Kowé kerep ditukokaké klambi makmu, Kasri?' Triyana takon nggeget lambé unjal ambegan krungu crita bab gaplèk iku.

'Ah, ora, pak-lik. Riyaya ika aku dijalukké klambiné yu Warni, anaké wak Marta, wong klambiné yu Tarki aé ora seḍeng nggo aku.'

'Kasri, apa kowé kerep digepuki makmu?'

'Ora, pak-lik. Jaré mbah aku sing paling manutan saka kabèh putuné embah, aku diwènèhi apa-apa nrima, pak-lik, ora kaya yu Wiwik, rèwèl.'

'O,' mung kuwi kang kawetu saka cangkemé Triyana. Ḍèwèké ora wani takon manèh, wedi olèh wangsulan mbocahi kang nḍoḍog ing ati. Ing kuburané Tinah, Kasri takon manèh kenèng apa Triyana nangis. Triyana ora mangsuli, lan ora bisa nḍelikaké luhé kang crocosan. Ḍèwèké mung

ngrangkul sirahé Kasri, didekep ing ḍaḍané.

Rembulan wis ḍoyong ngulon. Triyana lagi mulih saka nggoné wong-wong ceḍak kali iku. Ḍèwèké manḍeg seḍéla ing ngarepé lawang omahé wak Rujuk, niling-nilingaké. Sajaké Sinung lagi ngresiki senjatané. Triyana uluk kanṭi seret: 'Konang méncok cabé.' Keprungu gloḍagan ing njero omah, Sinung ḍéwé kang mbukakaké lawang, ing tangan tengené katon pistul Colt Automatic piandelé.

'Jangkrik, Tri, saka ngendi baé kowé? O, iya, dak-rungu kowé duwé genḍakan wong ceḍak kali, ya. Kowé tas rana?'

Triyana ora mangsuli, lungguh ing ambèn. Sinung nutup lawang lan bali mbukak pistulé, diresiki.

'Rencanaku wis mateng, Tri. Sésuk awaké ḍéwé nggeḍor omahé kaji Basuki. Nèk Tanjung, aku kenal banget daérah iku. Pasti berhasil. Dak-rungu pak kaji mentas éntuk ḍuwit kencèng saka anggoné adol sawah, arep nggo tuku séḍan anaké. Pasti berhasil, Tri. Lèk éntuk iki awaké ḍéwé nyang Jakarta baé, golèk hubungan karo kanca-kanca sing isa operasi ing Singapur barang, ah. Mosok awaké ḍéwé gak munggah-munggah pangkat, Tri. Ha ha ha! Kudu dadi kaliber internasional ta?'

Triyana ora mangsuli, ḍèwèké sajak bingung. Alon-alon ḍèwèké ndudut pistulé, diiling-ilingi. Sinung nolèh, ngguyu: 'Hé, kok meneng aé, Tri? Apa seḍih yèn kudu ninggal genḍakanmu? Ha ha ha! Aja kuwatir, Tri. Jakarta ora kurang wong ayu. Lan manèh gaé apa sé arèk ndésa, ha ha!'

'Aku ora mèlu, Nung,' sauré Triyana kalem, ngelapi pistulé, njur dikokang.

'Ora mèlu, ha ha ha! Kowé ora mèlu? O, lucu banget, Tri. Apa kowé saiki satru ḍuwit dadakan? Apa wak kaji iku calon maratuwamu? Ha ha ha! Goblog banget kowé kuwi, Tri. Apa kowé dipengaruhi genḍakanmu manèh, lé? O, mula aja seneng dolan karo wanita, apa manèh wong wédok ndésa. Ning kowé rak mung guyon ta, Tri, anggonmu ora arep mèlu?'

'Ora, Nung, aku wis mantep. Aku arep menyerah. Aku kepéngin bali dadi wong lumrah. Nung, kowé uga kudu bali! Kowé éling, pemerintah njanjèkaké pengampunan yèn awaké ḍéwé bali.'

'O, o, o, ha ha ha! Kowé édan taunan, Tri. Ha ha ha! Kowé arep menyerah, cah bagus? Genḍeng banget. Kowé bar nyanḍung guna-guna apa piyé, Tri? Aaa, apa kumat boḍomu, cublukmu? Tri, Tri! Ah, wis aja omong manèh, nggarahi kudu ngguyu baé. Aku saiki éling, kowé metu Barisan Pemuda nḍisik rak marga saka boḍomu, ta? Mosok diperintah ngobong tangsi, sing dibakar los ḍapur. O, ḍasar wong goblog, saiki kumat manèh goblogmu kuwi, Tri? Wis, wis! Gelem ora gelem kowé

kudu mèlu, Tri. Pancèn wong boḍo kaya kowé ki kudu ana sing mimpin. Kowé arep dadi wong apa yèn ora nerusaké gawéanmu sing saiki iki?'

Sinung gumuyu cekakakan. Nanging cinanḍet déning swara aḍem saka Triyana: 'Atiku wis mantep, Nung, aku arep menyerah lan kowé uga.'

'Tri, kowé genḍeng banget. Kok-kira aku ya kumat genḍeng, hè?'

'Kowé ora gelem menyerah?'

'Ora! Aku . . . .'

Sinung ora bisa nerusaké omongé. Triyana ngangkat pistulé kang wis kokangan iku. Swarané jumeḍor kaya ngoregaké désa Bungur.

Para warga pulisi kang lagi tugas ing kantor pulisi Karangreja kagèt banget weruh jumeḍuling wong geḍé ḍuwur saka petenging wengi. Wong mau manggul sawijining wong lanang lan nuntun bocah cilik wadon kang manis banget. Praèné katon jiblès lan wong geḍé ḍuwur iku.

Wong kang dipanggul disèlèhaké ing méja, warga pulisi kagèt manèh. Wong mau wis mati. Ing baṭuké ana tipeté pluru, pas ing antarané mripat. Durung nganti ditakoni, wong geḍé ḍuwur iku nḍisiki omong: 'Iki Sinung, bénggol grombolan perampog kang dadi buron. Aku mréné arep nyerahaké ḍèwèké lan pengarep-arep marang hadiyah selawé èwu kang dijanjèkaké kanggo sapa sing nangkep Sinung, urip utawa mati.' Wong mau unjal ambegan. 'Lan aku arep masrahaké ḍiriku. Aku ngarep-arep janji pengampunan kang diumumaké déning pemerintah. Jenengku Triyana.'

Wong mau mèsem lega, lan ayem, ngelus-elus sirah bocah wadon kang ngamplok ing sikilé.

Jaka Lelana

(in: Jaya Baya no. 42, July 1969).

43
ANGIN KETIGA

roḍa bakal muter bali, Sumi
yèn langit klawu ing bang wétan
wis kesaput angin ésuk
lan kembang-kembang ranḍu
mangsa karo paḍa gogrog

kowé njur lunga menyang tegal, Sumi
nyambut gawé nganti soré
wenginé yèn wis sepi
kapangmu mesṭi kumat manèh kaya mala
marga aku ana kuṭa
wis kejiret benang-benang sutra
lan katut malih dadi angka

Sumi,
aja kok-kira kapangku wis mari
saben wengi dak-tlusuri iliné kali Ciliwung
dak-golèki mbokmanawa ana serat-serating citramu
sing dak-temu
sanadyan aku ngerti
iku sawijining dosa

yèn langit ing bang wétan
wis kesaput tekaning ésuk dina anyar
aku mesṭi bali, Sumi
nalusur ing anḍaning ḍanḍanggula
ngaras rambutmu lan tegal kita

Trim Sutidja
(in: Jaya Baya no. 7, October 1971).

44
LAKU SOWANG-SOWANG

Barang-barangku wis dak-unggah-unggahaké kabèh. Travelling-bag, kreneng waḍah emping mlinjo lan enting-enting giles welingané bu-ḍé. Karo isih nyawang njaba aku banjur lungguh lan ngebut-ngebutaké kacuku. Hawané sumuk banget.

Ora let suwé keprungu pengumuman saka pengeras yèn sepur Yogya-Semarang wis arep buḍal. Aku ngepénakaké lungguhku lan irungku dak-tutupi nganggo kacu. Sepur wiwit mlaku lon-lonan ora nganggo mak jengglèng kaya biyèn. Teteg sing misah dalan Tugu lan Malioboro wis kliwatan, lan saḍéla manèh sepurku wis tekan kreteg kèwèk. Réalino lan ringiné kang oyodé pating tlolor katon asri sinawang. Ora suwé salibing gréja Kotabaru kang katon saka kono iya wis dak-tinggal. Lakuning sepur saya banter, lan anginé silir-silir kepénak. Sing lungguh ana ngarepku priyayi putri loro wis sepuh-sepuh. Sajaké paḍa arip, ketara saḍéla-saḍéla ṭeklak-ṭekluk, lan ora let suwé banjur saré, katoné kepénak banget.

Tanpa dak-rasa lakuné sepur wis tekan Klaṭèn. Sepur wiwit mlaku rada alon lan pas ana tengah-tengahé setasiyun manḍeg greg. Tawané wong dodolan pating craèk.

'Punḍuti nggih, dèn? Panggang ayam mbok Bèrèk, saté, ga langgiii . . . !'

Aku kèlingan yèn remenané pak-ḍé iku jenang alot, mula aku banjur ngawé bakul jenang: 'Jenang alot!'

Bakulé jenang mara lan nuduhaké jenangé sing ana nḍuwur sunggènan.

'Pinten saemplèk?'

'Rp. 50,— boten tawi, dèn.'

'Ah, wong cilik-cilik ngéné kok sèket rupiah!' panggrundelku.

'Saniki napa-napa awis kok, dèn!'

Aku mung ngguyu karo nyawang papan liya. Sawijining priya sing kaya wis naté dak-wanuhi mlaku nyangking tas ABC sajak kesusu banget. Aku nyawang saḍéla lan priya mau wis mlebu lawanging sepur kang dak-tumpaki.

'Pripun, èstu munḍut boten, dèn?'

'Pasé mawon pinten, yu?'

'Niku pun pas. Boten tawi kok, dèn!'

'Rong puluh rupiah éntuk?'

'Teksih matur nuwun sanget, dèn.'
'Nggih selawé pun.'
'Tigang dasa gangsal, dèn.'
'Boten, salawé mawon kok.'
'Salé mundut pinten, dèn? Sedasa?'
'Nggih sepuluh mawon!' Aku banjur mbukak dompètku.
'Kéné isih kosong, jeng?'
Aku méngo. Ora dak-nyana jebul mas Warta.
'Lho arep tindak ngendi, mas?'
'Nyang Kedungjati, jeng, sowan simbah. Kéné rak isih kosong, ta?'
'O, iya, mas, isih kosong.'
'Niki lho, jenangé!'
'O, nggih, yu. Niki duwité.'
'Susuké mboten gadah niku, dèn, dèrèng langkep.'
'Who, lha pripun? Ontené ming niku jé, yu.'
'Butuh pira ta, jeng?' pitakoné mas Warta.
'Iki lho, mas, ijol èketan karo atusan.'
'Sing arep kagem pira?'
'Rong atus sèket.'
Mas Warta rogoh-rogoh saké banjur ngulungaké atusan telu.
'Niki lho, yu, artané!'
'Susuké sèket, dèn?'
'Enggih.'
'Iki kagungané, mas!' Aku ngulungaké duwit èwon.
'Wis, jeng, ora susah. Aku ora duwé ganepé kok.'
'Ah, mesti ngono lho. Ya wis, iki diasta disik ta!'
'Ora, jeng. Matur nuwun. Wis ta, diagem baé.'
Sawisé katog anggonku nyoba arep mbalèkaké duwit mau lan nyata-nyata mas Warta ora kersa, aku mung trima muni: 'Wah mengko, yèn konangan mbakyu Warta rak sida didukani akèh-akèh aku iki.'
Mas Warta mèsem kecut.

Sepur wiwit mlaku alon-alon manèh. Saya suwé saya rikat lan rambut-ku mobot-mabit katampek angin sing liwat cendéla.
'Semribid, jeng? Ditutup baé pa, cendélané?'
'Ah wis bèné, mas, malah kepénak kok.'
'Arep tindak ngendi ta, jeng?'
'Anu, mas, Semarang. Tuwi bu-dé.'
'Sliramu saiki kok kuru ta, jeng?'
Aku mèsem.

'Ah, apa iya? Rumangsaku ya paḍa baé ki, mas.'
'Manggalih apa ta? Mesṭiné ngono, sliramu saiki rak lagi kebak kabungahan lan kabegjan kang tumpuk-unḍung.'
'Kuwi rak kabegjané sing duwé begja, mas. Aku mono rak ora tau nduwèni begja.'
'Ah, ora ngandel! Aku naté maca adpertènsi pepacanganmu, jeng. Wah méndah senengé ya, jeng, bakal duwé garwa ḍoktoranḍus.'
Aku mèsem kecut.
'Apa angger duwé sisihan wong pangkat kuwi mesṭi seneng ta, mas?'
'Kira-kira baé.'
'Lha kuwi rak isih kira-kira jenengé.'
'Ning lumrahé ya ngono kok, jeng.'
'Nèk aku ora kok, mas.'
'Dadi sliramu ora seneng ta, kagungan garwa ḍoktoranḍus?'
'Lho senengé ki ya seneng . . .'
'Lha géné?'
'Ning . . .'
'Ning kepriyé, jeng?'
'Ning yèn pancèn cocog.'
'Lha cocog pa ora?'
'Ah, embuh ah! Kok njur nggladrah!'

Mas Warta gumujeng lan aku nimbangi nganggo èsemku. Priyayi sing ana ngarepku isih tetep saré, lan aku karo mas Warta nerusaké omong-omong kanṭi kepénak.
'Olèhé ngasta ya ana Klaṭèn baé, mas?'
'Iya, jeng.'
'Ngasta klas pira?'
'Klas lima. Wah muridku nakal-nakal kok, jeng.'
'Rak ya lumrah ta, mas? Lha terus putramu wis pira?'

Mas Warta mèsem lan nyawang njaba. Katon banget yèn ḍèwèké lagi susah. Pasemoné sing nuduhaké.

'Lan kepriyé kabaré yu Harti? Éé, nas, kabaré mbakyu Warta rak ya apik baé ta, mas? Ah, mesṭiné selalu sibuk karo putra-putra panjenengan ya?'
'Aku ki rak tetep wong cilaka, jeng. Ora tau maris kabegjan.'
'Èmbèl! Mbakyu rak cukup membahagiakan sliramu ta, mas?'
'Karepku mono.'
'Lha njur?'
'Aku mung sawijining guru SD, jeng. Kaṭik manggonku nang daérah cilik pisan.'

'Lha iya ta, mas, jenèh benum baé kok ming pilih sing nyangklek.'
'Karepku mono ya jembar tebaku, jeng, ning jebul swiwiku mung kekablak ana kuṭa cilik: Klaṭèn.'
'Ning yèn disawang saka suḍut ékonomi, pancèn kanggoné awaké ḍéwé ki kepénak nèng daérah cilik baé kok, mas. Ana kuṭa cilik rak ora pati kédanan mompyor-mompyoran kaya urip nèng kuṭa geḍé. Ning ruginé ya, mas, awaké ḍéwé terus ora bisa nyambi nerusaké stuḍi. Biyasané paling banter mung kursus tertulis. Lan tumraping para muḍa, mas, rak jeneng éman kepatèn semangat.'
'Mula bener, jeng, ngandikamu.'
'Terus priyé critamu mau, mas?'
'Lha wong sliramu senengané nyelani, dadi nganti lali!'
'Wah, maaf ya, mas?'
Mas Warta gumujeng. 'Wong mung dianggo guyon kok, jeng.'
Aku nyilakaké rambutku sing mabul-mabul marga katampek angin. 'He-eh, terus priyé?'
'Mbakyumu ora marem yèn mung diwengku wong sing kaya aku.'
'Njur?' pitakonku rada kagèt.
'Mesṭiné rak ya golèk sing luwih sembada.'
'Priyé, mas? Dadi jawané panjenengan ki pisahan karo mbakyu, ta?'
'Karepé mono ya ora, jeng, ning wong ditinggal golèk gelang rit, suweng barléyan lan kalung brondong.'
'Lha panjenengan ora kersa munḍutaké?'
'Sing dianggo tuku baé apa, jeng?'
Aku mèsem. 'Ora, mas. Mbakyu ki lèhé tindak kapan?'
'Limang sasi kepungkur.'
'Lha terus putra-putra priyé, mas? Rak ya mesakké ngono!'
'Lha ya kuwi cilakané, jeng! Brayatku durung diparingi momongan. Embuh durung, embuh pancèn ora diparingi. Dadi kahanan ing brayatku sepa-sepi lan cemplang. Kabèh mung sarwa cuwa!'
'Ah, ya ora ngono ta, mas. Mbokmanawa baé mung durung diparengaké momong putra, lan prakara cemplang utawa cuwa, kuwi rak kabèh ngrasakaké ta, mas? Ora-orané yèn kijènan!'
'Lha yèn mung kaḍangkala ya ora apa-apa, jeng. Ning yèn terus-terusan kaya ngéné iki apa ora matèni awak? Apa manèh babaring lelakon kok nganti tekan samono.'
'Panjenengan saiki njur nḍuḍa ya, mas?'
'Nḍuḍa ya ora, mengku ya ora. Dadi malah ketanggungan, ora ngalor ora ngidul, lelakon kok ora karuwan ngéné! Mbakyumu lèhé lunga ya tanpa pamit kok, jeng.'

'Tekan saiki ora ana titikané utawa kabaré?'
'Anaa, tenèh ya . . . Dadi wong begjané ora kaya sliramu kok, jeng!'
'Ana ming aku baé ṭik begja kuwi katemu pirang prakara?'
'Lha wong ḍoktoranḍus ta, mesṭiné . . .'
'Apa angger ḍoktoranḍus njur begja apa?'

Nalika sepur manḍeg ana Sala, priyayi sepuh sing ana ngarepku wis wungu, malah banjur munḍut pirsa marang aku: 'Menika rak sampun dumugi Sala nggih, nak jeng?'
'Kasinggihan, bu.'
'Wah, nganti ora krasa. Lha wong ngantuké ora jamak!'
'Lho, keng raka punika wau nitih saking pundi?'

Raiku abang sakala. Déné mas War mung nḍingkluk karo mèsem.
'Anu, bu, menika kanca. Kala wau minggah saking Klaṭèn.'
Mas War banjur manṭuk kanṭi urmat marang priyayi mau.
'Oo, nyuwun pangapunten inggih, nak?'
'Boten dados menapa, bu!' wangsulané mas War karo tetep nyenyungging èsemé. Wiwit kuwi aku karo mas War ora bisa omong-omong kanṭi merdika.

Lakuning sepur wis mèh ngancik setasiyun Keḍungjati.
'Ibu mangké miyos pundi, bu?' pitakoné mas War.
'O, nganu, nak, Semarang. Lha panjenengan, nak?'
'Kula Keḍungjati, bu.'
'O, lha punika sampun mèh dumugi.'
'Kasinggihan, bu.'

Bareng sepur wis manḍeg, mas War banjur nyuwun pamit marang priyayi mau: 'Kula ngrumiyini manḍap ngriki, bu, nḍèrèkaken sugeng.'
'O, inggih, nak, matur sanget nuwun. Lha nak jeng menika miyos pundi?'
'Kula Semarang, bu.'
'Wis ya, jeng, nḍèrèkaké sugeng lan andum slamet.'
'Iya iya, mas. Muga kabegjan panjenengan énggal tinemu.'

'Mas, awaké ḍéwé iki paḍa lagi ngaḍepi coba. Sliramu ditinggal mbakyu tanpa ana kabaré. Déné aku, sejatiné tresnaku marang mas Kar ora bakal bisa paḍa karo tresnaku marang sliramu. Nanging, mas, awaké ḍéwé wis kepalang anggering hukum. Sliramu wis krama, déné aku, sanadyan lagi jiniret ing ali-ali pepacangan, nanging mokal yèn ta dakpeḍot. Awaké ḍéwé wis paḍa duwé dalan ḍéwé-ḍéwé, ora kena mlaku bebarengan.'
'Nanging sliramu lali, jeng, yèn aku saiki ḍéwé.'

'Ora, mas! Ora lali! Lha ya marga sliramu saiki piyambakan, awaké ḍéwé saiki kena coba. Coba ta panjenengan galih! Panjenengan iki arak kena pacoban ing bab kasetyan sajroning palakrama ta? Déné aku, mas, nadyan aku iki lagi pepacangan, nanging ora bakal mbubaraké talining pepacangan.'
'Marga ḍoktoranḍus. Rak iya ta, jeng?'
Aku gèḍèg. 'Ora! Ora marga kuwi, mas! Marga aku yakin yèn wis ora ana priya sing geḍéning tresnané marang aku kaya mas Kar.'
'Lha tumrap sliramu ḍéwé?'
'Wis ora bisa nresnani priya liya sing ngungkuli geḍéning tresnaku marang mas Kar.'
'Uga kanggoning priya sing ana ngarepé sliramu iki?'
'Aku mau rak wis matur. Tumrap panjenengan, iku béda manèh. Awaké ḍéwé wis tinakdir dudu joḍoné, mas. Kudu nrima lan wani korban. Panjenengan rak wis krama? Sanadyan tresnaku marang panjenengan ngluwihi tresnaku marang mas Kar, nanging aku ora bakal nunjang anggering hukum lan kasusilan, mas.'

'Yu Harti! Kok panjenengan saiki ana kéné, yu?'
'Lho kok kowé, jeng? Kapan rawuhmu?'
'Wis suwé, yu. Aku manggon nèng Tabanan. Déné iki mbeneri dolan-dolan.'
'Tepungna, yu, iki kancaku Ida Ayu.'
Yu Harti karo Ida banjur sesalaman supeket.
'Dalemmu apa ya Klungkung kéné baé, yu?'
'Sementara, jeng. Saḍéla aku nèng Jakarta, saḍéla manèh Tanjungpinang.'
'Kebeneran, yu. Saiki mas Warta ya pinḍah Tanjungpinang, kok.'
'Kok dadi sliramu ngerti, jeng?'
'Biyèn pamit aku, yu. Jaréné nglari sliramu.'
Yu Harti ngguyu latah-latah.
'Wong kaya ngana baé kok arep nglari!'
'Piyé ta, yu, panjenengan kuwi? Téga tenan pa karo kamas?'
'Coba pikiren, jeng, sapa sing betah urip nḍuwel ana kuṭa cilik, gèk bayaré cumpèn pisan?'
'Kuwi rak tumrap panjenengan. Tumrap wong ngantepi katresnan, lha mbok ya nèng pucuk gunung pisan meṣti dilakoni!'
'Lha wong kowé, jeng! Kowé durung ngrasakaké pait-getiring wong bebrayan! Bener, katresnan kuwi lambaraning urip bebrayan sing nomer siji. Nanging apa bisa manungsa kuwi mung urip nganggo tresna ṭok?

Coba gagasen! Apa ora butuh kasenengan barang?'
'Iya, yu, pancèn bener. Nanging tumrap panjenengan, anggoné nggagas wis telat. Kena apa sadurungé krama biyèn ora digalih kanṭi jero lan mateng?'
'Aku ngerti, jeng, sliramu ngendika ngono marga sliramu tatu karo aku.'
'Sababé?'
'Marga aku ngrebut mas War. Nanging ora susah, jeng, ora susah tatuning atimu kok-simpen tekan sapréné. Kurang apa calon garwané ḍoktoranḍus!'
'O, ora, yu! Ora! Beneré aku biyèn tatu, nanging iku rak wis kepungkur, wis ora perlu diuṭik-uṭik manèh. Aku ngaturi mau, mung murih beciké, yu. Panjenengan apa ora mesakaké karo mas Warta, yu?'
'Perlu-perluné mesakaké! Mbok ya bèn, urip-urip ḍéwé kok!'

'Mas, nadyan priyé baé, panjenengan kudu setya ngentèni konduré mbakyu. Aku tansah mèlu nyenyuwun marang Gusti, muga-muga mbakyu diparingana éling.'

Ngono panutuping layangku sing dak-kirimaké menyang Tanjungpinang. Ah, mesakaké temen mas Warta! Yu Harti lagi kédanan banḍa! Saiki lagi kekecèh ḍuwit mèlu radèn Suyatna. É, muga-muga énggal pinaringan éling!

Tumrap aku lan mas War, dalané tetep cawang lan kudu mlaku sowang-sowang, kaya déné pisahing papanku: Tanjungpinang — Tabanan.

Th. Sri Rahayu Prihatmi
(in: Mekar Sari no. 10, July 1970).

45
TAPEL WATES

karia lestari, énḍang
yèn mengkono sing kok-karepaké
wengi iki
kamarku karebèn ta sepi-sepi

pancèn ora ana pangarep-arep sing bakal lahir
apa sing kok-énṭa-énṭa jroning pangimpèn
saka sawijining penyair sing mecaki pangumbaran?

manawa iku sing kok-karepaké, énḍang
karebèn ta wengiku iki sepi-nyenyet
manawa bibit sastra sing dak-ḍeḍer nèng atimu
ora nukulaké rasa tresna marang ibu sing dak-tresnani

aku wis marem nyawang lintang-lintang, énḍang
yèn tresnané ati, mung tresnané lanang lan wadon
yèn tresnané ati mung ngrenggani ḍiri pribadi
lan sliramu kena ngambali pangimpèn
biyèn ana penyair sing tau lahir ing plataraning atimu
ḍèk semana ana bibit tresna sing tau semi saiki mati

yèn iku kang kok-karepaké, énḍang
karebèn ta wengiku iki sepi-sepi
kamarku blasah naskah — ngguraki tresnaku iki

karia lestari, énḍang
karia lestari
liwat tapel wates iki

Andjrah Lelanabrata
(in: Jaya Baya no. 17, December 1971).

46
KRESNA KEMBANG

Ḍalang nḍoḍog tengara mungel genḍing: ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍoḍog.
Gangsa mungel ladrang Dirada Meta, sléndro paṭet 6; dipunsarengi ḍoḍogan nitir.
Ḍalang ngungelaken kepyak sepisan: crèng; ḍoḍogan kalajengaken; genḍing kasesegaken, mawi kepyakan: crèng, crèng, crèng, crèng ... lajeng kajantur.

Kacariyosaken: Hastinapura, ugi kénging sinebat negari Gajah Oya, ing Pura Janggala. Masih énjing umun-umun. Kacariyos panjenenganing nata Prabu Anom Kurupati, miyos lenggah wonten baléning penḍapi sejajar lawan resi Durna. Sumèwa patih Sangkuni, radèn Dursasana miwah para kadang-kadéyan sata Kurawa pepak sinaroja.

Ḍalang nḍoḍog sepisan: ḍog.
Gangsa mantun mungel sirepan sarta nglajengaken genḍingipun mawi irama sesegan, minggah irama gropakan.
Ḍalang nḍoḍog nitir; genḍing kasesegaken lajeng kasuwuk.
Dipunsuluki Ada-ada Girisa:

Leng-leng ga-ti ning-kang / a-wan sa-ba sa-ba / ni-kèng Ngas-ti-na / sa-man-ta-ra te-kèng / te-gal mi-lu ring kar-ya / Kres-na la-ku ni-ra / Pa-ra-su Ra-ma / Kan-wa Ja-na-ka / dulur Na-rad-da / ka-pang-gih ing i-ka / ju-mu-rung ing kar-sa / sa-par-ti ta-la / sang bu-pa-ti.

Wekasaning suluk nḍoḍog: ḍeroḍog;
lajeng ginem.

Kurupati: Bapa Panembahan! Langkung rumiyin kula aturi nyekécakaken anggènipun lenggah.

Durna: Nuwun inggih, ngèstokaken ḍawuh, anak Prabu.

Kurupati: Paman! Paman harya!

Sangkuni: Wonten ḍawuh ingkang pangandika, kangjeng Sinuwun.

Kurupati: Sampun nggaḍahi éwuh-pakéwuh marak-ndika, paman.

Sangkuni: Nuwun inggih. Sampun boten kirang sekéca pamarak kula, Sinuwun.

Kurupati: Ḍi mas Dursasana!

Dursasana: Oi! Wah hah, hah, hah, hah! Nuwun kula, wonten pangandika ingkang aḍawuh, kaka Prabu. Huh heh, heh heh!

Kurupati: Pisowané para kadang-kadéyan, yayi?

Dursasana: Nuwun, sadaya para kadang boten wonten ingkang nglirwakaken kuwajibanipun piyambak-piyambak. Kula nok-nok-non.

Kurupati: Sukur. Mangayu bagya.

Dursasana: Ha! Nuwun inggih.

Kurupati: Bapa! Bapa Panembahan!

Durna: Kawula nok-non, nuwun wonten pangandika ingkang aḍawuh.

Kurupati: Wontenipun kula caketaken anggèn jengandika lenggah . . .

Durna: Kula nok-non.

Kurupati: . . . anuhoni kepareng jengandika nedya palakrama kaliyan pun Rukmini.

Durna: Nuwun inggih.

Kurupati: Kula sampun nglampahaken duta panglamar ḍateng praja Kumbina. Déné ḍawuh pawangsulanipun paman Prabu Bismaka: Rukmini nyuwun bebana teteping dados pepanggil.

Durna: Oh! Loléhééé lolé sawaluh gémbol monyor emprit gantil buntuté omah joglo. Mugi lajeng kaḍawuhna kadospundi menggah pepanggilipun Rukmini? Kula nok-nok-non.

Kurupati: Menawi jengandika saged mbatang cecangkrimanipun Rukmini kelampahan anggarwa, bapa.

Durna: Oooo lah dalah, anak Prabu! Inggih, bab punika ingkang bapa anyagahi. Boten kok nama nggunggung makaten, kula matur prasaja. Panjenengan paduka kedah pitados ḍateng kawignyan kula babagan mbatang cangkriman. Sampun malih cangkrimaning para déwa miwah para gandarwa, panḍita resi salumahing bumi punika kula temtu saged, nggèr. Déné kajawi sangking punika kaparenga kula munjuk atur.

Kurupati: Nggih?

Durna: Anggèn kula kapiluyu kepéngin ḍaup kaliyan pun Rukmini punika saèstunipun boten mligi mikantukaken badan kula piyambak, nanging mengku suraos ngèngeti jangkaning déwa. Perang ageng ing jagad, sinebat Bratayuda

Jaya Binangun, punika temtu dumados. Nanging kawuningana. Manawi kelampahan anak Prabu Kurupati bebésanan kaliyan Sinuwun Bismaka, punika ta dados satunggaling srana saya kandeling sungkemipun Panḍawa ḍateng Paduka ingkang Sinuwun, jalaran Panḍawa ngrumaosi bilih pun Rukmini punika taksih kadang pinanggih nak-nḍèrèk. Panḍawa pancèn sunyata putra pulunanipun Prabu Bismaka. Manawi tetiga, antawisipun anak Prabu Kurupati, Sinuwun Bismaka lan sang Panḍawa punika saged manunggal, kula netepaken Panḍawa temtu boten baḍé mosik manahipun njabel wangsuling negari Ngastina. Dados, manawi kelampahan makaten, tegesipun anak Prabu Duryudana tetep langgeng mukti-wibawa ngrenggani keḍaton Ngastina, Bratayuda wurung. Punika menggah pikajeng kula, anak Prabu.

Kurupati: Waḍuh, kados punapa bingahing manah kula! Inggih punika ingkang kula pikajengaken. Mila mbénjing ndadak ngentosi punapa. Langkung prayogi dinten punika kula arak supados katingal semuwa. Keparenga nitih rata inten pangirid kuda asṭa, bapa.

Durna: Sanget matur gunging panuwun. Nanging kawuningana, anak Prabu, kula raos-raos kirang prayogi. Manawi kula nitih karéta inten punika kerapeten, kirang mégla, kirang ceṭa . . .

Kurupati: Nggih?

Durna: . . . sadaya para kawula-dasih manawi betah nyumerapi kula, tiyang kula punika mantèn, mesṭinipun kedah dados pamèran, rak ngaten?

Kurupati: Nggih.

Sangkuni: Kakang Panembahan!

Durna: Apa, aḍi arya?

Sangkuni: Nanging yèn sajaké nitih karéta inten kurang karenan panggalihmu . . .

Durna: Ya?

Sangkuni: . . . apa ora luwih prayoga nitih tanḍu . . .

Durna: Ya?

Sangkuni: . . . dipayungi njur diiringi dupa.

Durna: O, ora genah! Kowé ki jané geṭing keburu sengit. Aku ki dadi mantèn apa kok-kon mati? Moh aku ana peḍati!

(ḍalang nḍoḍog nitir tanḍa greget-saut: ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog)

Kurupati: Bapa Panembahan!
Durna: Kula nuwun, wonten pangandika ingkang aḍawuh.
Kurupati: Énggal-énggal dipunayati lumawat ḍateng praja Kumbina.
Durna: O inggih. Ḍateng sendika, anak Prabu.
(ḍalang nḍoḍog tengara mungel genḍing: ḍoḍog ḍoḍog ḍoḍog ḍoḍog ḍoḍog)
Kurupati: Paman!
Sangkuni: Wonten ḍawuh, kangjeng Sinuwun.
Kurupati: Sarwa para kadang!
Sata Kurawa: Nuwun inggih.
Dursasana: Inggih, kula nḍèrèkaken.

Gangsa mungel Slepegan, sléndro paṭet 6; dipunsarengi sinḍènan.
Ḍalang ngungelaken kepyak: crèng crèng crèng crèng crèng crèng crèng (ringgit bibaran);
lajeng nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog.
Gangsa suwuk.

Kacariyosaken: Rengganing margi datan winiraos jengkaripun Prabu Kurupati sakukuban. Mangka sambunging carita ora kaya kang ana ing dalem kasatriyan Banjarpatoman, radèn Narayana, ingkang mentas rawuh sangking sangkan, nyaketi lenggahipun ingkang rayi Dyah Bratajaya.
Ḍalang nḍoḍog: ḍoḍog ḍog;
lajeng dipun-gérongi: 'Punapa ta mirah ingsun.....', dipunsarengi gangsa mungel genḍing ladrang Mijil Sulastri Sl. 6.
Ḍalang ngungelaken kepyak: crèng,
sarta nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog (ringgit medal);
lajeng nḍoḍog malih: ḍeroḍog;
gangsa suwuk, lajeng ginem.

Narayana: Bratajaya!
Bratajaya: Apa, kakang?
Narayana: Kowé kok lelungguhan ijèn tanpa kanca.
Bratajaya: Apa ora krasa atimu, ta, kakang, yèn satemené aku ngentèni kowé?
Narayana: Dadi iki mau aku kok-arep-arep, ta? Layak rasaku mung tansah ora kepénak, kudu mulih waé. Aku iki mau saka

dolan golèk pepaḍanging ati, amarga aku ki ana ngomah satemené ora krasan.

Bratajaya: Sababé apa ta, kakang?

Narayana: Kowé arep ngerti sababé?

Bratajaya: Iya.

Narayana: Sababé mung kok-ulati peteng waé. Dadi aku ora jenak ṭok ana ngomah kuwi, hè!

Bratajaya: Kakang, mbok aja banget-banget nggonmu seneng lunga tanpa pamit. Mbok ya kowé nimbangi marang katresnanku. Janji kowé ora katon sedina baé rumangsa kumlowong atiku, kakang.

Narayana: Mula kowé ya aja sok nesu! Sajakmu kok éwa ṭok pirang-pirang dina karo pun kakang. Saiki ora perlu akèh-akèh sing dirembug. Aku iki kesel. Aku arep lèrèn ḍisik.

Bratajaya: Ya, nanging rèhné wis suwé ora ketemu mbok aku kok-olèh-olèhi dongèng ta, kakang.

Narayana: Bocah kok mung ugungan ṭok baé! Kéné, nyeḍaka mréné!

Bratajaya: Iya sendika.

Narayana ura-ura (sekar macapat, ḍanḍanggula), dipunsarengi gangsa mawi genḍing Pélog paṭet 6 jugag:

Pinarasakna caritaku iki
ana méga metu ing awang-awang
segara akèh banyuné
gunung iku watu gung
tengah alas akèh wit jati
pari ṭukul ing sawah
ula bisa nyembur
manuk mabur nganggo lar
jaka bagus kudu antuk kenya manis
peputra mesṭi bregas.
Puspa lulut, sekar adi antahriksa, ooooooo!

Ḍalang nḍoḍog: ḍoḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍoḍog.
Gangsa suwuk, lajeng ginem.

Narayana: Ing atasé wis dak-turuti penjalukmu, parandéné kok isih peteng polatanmu ki, sejatiné ana apa ta, Bratajaya, kowé kuwi?

Bratajaya: Satemené enggonku tansah meneng iki amung nggagas kowé, kakang. Ya sabab enggonmu ndadak anganyari, kakang.

Narayana: Pratélané piyé?

Bratajaya: Saben dina dak-sawang kowé kuwi mesṭi salin busana: nyamping, sonḍèr lan sabuk. Mangka élingku busana sing kok-agem kuwi dudu gawéanku. Ora ta, kakang, satemené kowé nduwé karep apa? Lan busana kuwi éntukmu saka ngendi, kakang?

Narayana: Kowé dak-kanḍani, kadangmu si Narayana iki wong blatèr, nganti akèh srawunganku: déwa, ratu, panḍita, satriya, brahmana, resi myang kawula-dasih. Mangka racaké paḍa tresna marang aku. Saka seneng-senengé aja manèh kok aku meḍayoh, selaginé liwat baé paḍa rebutan kang paḍa ngampiraké tur ndadak nganggo mènèhi barang darbèké kang ana kerta-ajiné, kaya ta: nyamping, sonḍèr, sabuk, timang sapanunggalané. Lah kaé nganti tumpuk-tumpuk sanḍanganku. Lan enggonku saben dina salin kuwi rak mung butuh ngétok-étokaké marang kang mènèhi aku, kuwi wigatiné.

Bratajaya: O, dadi kuwi mung saka éntuk pawèwèh wong kang paḍa tresna marang kowé, kakang?

Narayana: Ya.

Bratajaya: Ya wis, yèn ngono wis rumangsa lega atiku.

Narayana: Lega tenan?

Bratajaya: Ya, kakang.

Narayana: Saiki ngéné ya, yayi. Kowé arep dak-tinggal, amarga aku katimbalan kaka Prabu Baladéwa, kinèn nḍèrèkaké njagong marang praja Kumbina. Kowé kèria ḍisik ana Banjarpatoman kéné, hè?

Bratajaya: Kumbina arep duwé gawé apa ta, kakang?

Narayana: Mantu.

Bratajaya: Lah sing dadi mantèn sapa?

Narayana: Yayi Dèwi Rukmini ḍaup klawan panḍita Durna.

Bratajaya: Aku nḍèrèk njagong, ya, kakang?

Narayana: Ora kena! Kowé dak-kanḍani, Kumbina ki saiki ana pranatan anyar. Kang dèn-wenangaké njagong ngemungaké para sentana priya. Yèn wanita ora kena. Mula kowé kepeksa dak-tinggal ḍisik. Aku dak nḍèrèk kaka Prabu Baladéwa.

Bratajaya: Kok anèh temen ta pranatan kang olèh njagong mung para priya. Kebeneran aku dak nḍèrèk njagong ngiras pantes nyatakaké pranatan Kumbina saiki, ya, kakang.

Narayana: Aku moh kok-éloni lan ora éntuk! Tinimbang mengko didukani paman Prabu, apadéné kaka Prabu, aku ora sida lho nèk kowé mèlu. Aja mèlu!
Bratajaya: Sababé apa?
Narayana: Sababé aku wedi didukani.
Bratajaya: Tenan apa piyé kowé ora sida njagong?
Narayana: Lah yèn kowé arep mèlu aku ora sida waé.
Bratajaya: Ning tenan ora sida ya, kakang?
Narayana: Ora, tenan. Aku ... wis ... nunggoni kowé baé. Aku malah arep turu sedina muput. Kowé aja nganti ngogrèh-ogrèh. Kowé mèlu turu apa ora?
Bratajaya: He-eh. Aku ya wis krasa arip. Ayo dak-ḍèrèkaké, kakang.
(ḍalang nḍoḍog tengara mungel genḍing: ḍoḍog ḍoḍog ḍoḍog ḍoḍog ḍoḍog ḍog)
Narayana: Ayo, Bratajaya!

Gangsa mungel Slepegan Sl. 9, dipunsarengi sinḍènan kaliyan kepyakan; lajeng nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog.
Gangsa suwuk.

Kacariyosaken: Kaya ketaman sirep ékananda Dyah Bratajaya sakeḍap wis néndra kepati. Awad nuruti brangtaning raos radèn Narayana ḍateng putri Kumbina nenggih Dèwi Rukmini, mila lon-lonan anggènipun miyos sangking pasaréan nilar ingkang rayi.
Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog;
lajeng dipun-gérongi: 'Ḍuh, radèn, sang abagus mugi keparenga pinarak .....', dipunsarengi
gangsa mungel genḍing Ayak-ayakan Sl. 9,
mawi ḍoḍogan: ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog,
ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog
Ḍalang ngombangi: Ooooooo .....
lajeng ngungelaken kepyak: crèng ... crèng ... crèng ... crèng,
sarta nḍoḍog: ḍog ḍog.
Gangsa suwuk.

Kacariyosaken: Lampahing panengah Panḍawa risang Pamadé, ingiring para prepat panakawan kacatur, Ki Lurah Semar, Nalagarèng, Pétruk, Bagong, dadi kanḍeg tindaké awit sangking rengkeding garumbul myang karosokan.

Gangsa mungel Ayak-ayakan Sl. 9.
Ḍalang ngungelaken kepyak: crèng-crèng crèng,
sarta nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog-ḍog ḍog.
Gangsa suwuk, lajeng ginem.

Pamadé: Kakang Semar!
Semar: Heh heh heh! Onten ḍawuh punapa, la?
Pamadé: Aja klèru ing panampa, anané aku oncat saka praja ora pepoyan para kadang, satemené jroning batinku mesgul, kakang.
Semar: Lho, lah sebabé napa?
Pamadé: Boboté pepunḍènku ing Kumbina, paman Prabu Bismaka, nimbali para bendaramu Panḍawa, kalebu kaka Prabu Puntadéwa, jebul aku ora tinimbalan. Dosaku waé apa, kakang?
Semar: Heh, heh, heh, heh! Wé lah, mokal yèn pancèn ana temahan kok tanpa sebab.
É, Nalagarèng!
Garèng: Apa, ma?
Semar: Aku pasrah kowé bab iki. Piyé kono?
Garèng: Lah diétung waé, temahan lan sebab rak wis ceṭa. Temahané dadi wong pinter sebab sregep sinauné.
Semar: O, ha ya!
Garèng: Rak ya ta?
Semar: He-eh.
Garèng: Temahané akèh kancané sebab pinter srawungé. Lah perkara temahané ndara ora katimbalan iki, sebab wis genah.
Semar: Na, genah apa?
Garèng: Genah aku . . . ora ngreti aku.
Semar: O, kurang ajar! Lah kok jebul . . . dirungokaké tenan kok malah kaya ngono. Lah saiki Pétruk, piyé?
Pétruk: Aku panemuku kok ngéné, rama. Yèn ndara kuwi tindak njagong, meṣṭi diḍèrèkaké wong papat.
Semar: O, ha ya?
Pétruk: Iki upamané diḍèrèkné rama Semar, ya ora ènèng apa-apa, pancèn panḍèrèké.
Semar: Ha ya?
Pétruk: Diḍèrèkké kang Garèng ya ora apa-apa.
Garèng: He-eh.
Pétruk: Tak-ḍèrèkaké ya ora ènèng apa-apa.

Semar: Ya.

Pétruk: Nanging anggeré wong papat kuwi nḍèrèk njagong, mesṭi akèh piring cangkir sing ilang.

Garèng: Oooh bener, bener!

Semar: Heh heh heh heh heh!

Bagong: Ko sik ta! Kok kang Garèng muni bener ki . . . yèn ngono, sing sok nyolong cangkir piring ki mesṭiné Pétruk ngarani aku.

Pétruk: Lho, ora ngarani kok!

Bagong: Lha nyatané!

Pétruk: Piyé ta?

Bagong: Bareng kowé sing nḍèrèkaké rama Semar, kang Garèng Pétruk, ora ana apa-apa. Bareng tiba aku mesṭi ana piring cangkir ilang. Wong aku ki nyolonga kaé arang-arang!

Semar: Heh heh heh heh! Ooo, wong arang karo kerep ki paḍa waé kok!

Bagong: Lho, tegesé arang konangan.

Semar: Kurang ajar!

Garèng: Ha ya, wis, kabèh ki ora ngerti, ngono waé ta!

Bagong: Ha wis ya, lowung ngono waé!

Semar: Ya ya. Wis, saiki dak matur.

Bagong: Wis ya!

Semar: Heh heh! Ndara Permaḍi!

Pamadé: Kakang Semar, apa?

Semar: Pun ta, ngèten mawon! Ala napa wong nom niku, aah . . . nyoroh, nggih-niku . . . pripun tegesé . . . niku tegesé nggih ngalah sawetara, ngoten mawon. Beciké nggih mbotena diundang, mbotena diulemi, nḍèrèk nusul njagong, ngoten mawon! Rak ya ta, Rèng?

Garèng: He-eh.

Ḍalang nḍoḍog tanḍa greget-saut: ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog; lajeng dipunsuluki Greget-saut Sanga:

Bu-ta Pan-ḍa-wa ta-ta ga-ti wi-sa-ya /
in-dri-yak-sa sa-ra ma-ru-ta /
pa-wa-na ba-na mar-ga-na- sa-mi-ra-na . . .

kaliyan nerusaken anggènipun nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog; lajeng kacariyosaken:

Pating jreṭot, pating gropak, swarané kayu tempuk lawan uwit, nyarengi wonten raksasa ngulandara.

Ḍalang nḍoḍog tengara mungel Slepegan Sl. 9: ḍoḍog ḍoḍog
ḍoḍog ḍoḍoḍog.
Gangsa mungel Slepegan Sl. 9.
Hareksa: Éh-éh-éh-éh-éhéééh!
Ḍalang ngungelaken kepyak: crèng-crèng crèng-crèng-crèng crèng
crèng crèng crèng crèng crèng crèng.
Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog;
gangsa suwuk.
Ḍalang nḍoḍog malih: ḍog ḍog ḍog . . . ḍog;
lajeng ginem.

Pamadé: Raseksa kang murang tata, sapa pracékamu lan ngendi ḍeḍangkamu?
Hareksa: É é é é é é éhéééé lah dalah! Bojlèng bojlèng iblis lanat paḍa jègjègan, aku kang rumeksa alas kéné. Jenengku Kala Hareksa. Aku genti takon, aja mati tanpa aran, ngakua jenengmu sapa, satriya!
Pamadé: Pamadyaning Panḍawa, satriya ing Madukara, kekasih radèn Pamadi. Hé, raseksa, aja ngrubéda marang aku. Énggal minggata, yaksa!
Hareksa: Mbésuk ora gelem, saiki apa déné. Kepara kowé manuta, bakal dak-mangsa wandamu, satriya!
Pamadé: Majua langga curiga! Kelakon sirna, yaksa!
Hareksa: Mangsa kelakon! Hoaé! Ho hah!

Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog ḍog.
Gangsa mungel genḍing Sampak Sl. 9.
Ḍalang ngungelaken kepyak (tanḍa prang buta kaliyan Pamadé):
crèng-crèng-crèng-crèng crèng crèng crèng crèng crèng.
Swara: Hoooooooo . . . !
Hareksa: Ho hah! Ho hah! Ho . . . hah! Hoh!
Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog;
gangsa suwuk.

Kacariyosaken: Awit panguwasaning curiga, mangkono Kala Hareksa babar jatining wujud jawata ing Cakra Kembang, sang hyang Baṭara Kumajaya.
Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog ḍoḍoḍog; lajeng
ngombangi: oooooooh, éééééééhéhéhéééé.
Gangsa mungel Ayak-ayakan Sl. 9, dipunsarengi sinḍènan.

Ḍalang ngungelaken kepyak: crèng crèng crèng crèng crèng.
Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog;
gangsa suwuk.
Ḍalang nḍoḍog malih: ḍog ḍog;
lajeng ginem.

Pamadé: Titah pujangkara pun Pamadi ngaturaken sungkeming pangabekti konjuk pepada paduka pukulun.
Kumajaya: Ulun tampa. Pangèstu ulun tampanana, Pamadi.
Pamadé: Kapunḍi ing embun amewahana dadya kayuwanan kula.
Kumajaya: Kang mangkono banget panarima ulun déné kita bisa ngruwat anggon ulun asipat reksasa. Kajaba saka iku, kulup, apa wigatiné kita lelana brata anawung sungkawa, kulup?
Pamadé: Kekilapanipun punapa, paduka pukulun?
Kumajaya: Becik kita matur apa wigatinira.
Pamadé: Mirang sanget raosing manah déné paman Prabu Bismaka mangun boja-wiwaha kula boten katimbalan, pukulun.
Kumajaya: Hé, kulup Pamadi, diagé sira maranga Kumbina, sabab para kadangmu banget anggoné angarep-arep. Déné yèn kita ora énggal sowan marang Kumbina bakal kena pandakwa kang ora prayoga. Nanging, kulup, yèn sira énggal sowan marang ing Kumbina nemu rubéda ingkang wekasané bakal awoh kabagyan.
Pamadé: Nuwun ngèstokaken ḍawuh.

Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog.
Gangsa mungel Sampak Sl. 9.
Ḍalang ngungelaken kepyak: crèng crèng crèng crèng crèng crèng (ḍateng Semar, Nalagarèng, Pétruk, Bagong).
Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog;
gangsa suwuk.
Ḍalang nḍoḍog malih: ḍog ḍog ḍeroḍog;
lajeng ginem.

Kumajaya: Kula ngaturaken pangabekti, rama.
Semar: Heh heh heh! Ya ya, Kumajaya, dak-tampa. Wé lah iki mau kagèt aku!
Garèng: O ya, ma. Pukulun déwa, ma, sing rawuh.
Pétruk: Ha ha ha!

Garèng: O ya, ma, jebulané pukulun!
Pétruk: Krungu grenengé kok ya.
Garèng: He-eh! Ya, ma. Ya ya, mosok boḍoa, ma!
Semar: Perlu apa nemoni ndaraku iki?
Kumajaya: Ndadosna kawuningan kula munḍi timbalanipun sang hyang Jagad Siwi, kinèn paring ḍawuh ḍateng titah pujangkara, pun Pamadi, rama.
Semar: O, ning wis rampung?
Kumajaya: Sampun.
Semar: Ha ya sokur! Heh heh!
Kumajaya: Keparenga kula nyuwun pamit rèhning sampun saged pinanggih ḍateng pun Pamadi, rama.
Semar: Ya ya, dak-pengèstoni. Énggal balia!

Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog ḍog ḍog.
Gangsa mungel Sampak Sl. 9.
Ḍalang ngungelaken kepyak: crèng crèng crèng crèng crèng crèng crèng (Kumajaya biḍal).
Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog;
gangsa suwuk.
Ḍalang nḍoḍog malih: ḍog ḍog ḍeroḍog;
lajeng ginem.

Semar: Heh heh heh! Kebeneran banget, Garèng, Pétruk, Bagong!
Garèng, Pétruk, Bagong: Ha ya apa, ma?
Semar: Ndaramu iki mau wis dikeparengaké déné Kumajaya diḍawuhi marang negara Kumbina.
Garèng, Pétruk, Bagong: Lha ya ya!
Semar: Caloné nonton mantèn karo pèsta, ṭolé, iki mengko. Heh heh heh!
Bagong: Wah, aku arep kaul arep mangan sing nganti ora éling aku, ma.
Garèng: O, mangan apa kuwi? Yèn aku, sing tak-anta-anta, arep ngombé wédang paing.
Pétruk: Hèh, ngombé kok wédang paing! Apa wédang kopi apa wédang tèh, rak ngono!
Garèng: Lho, kuwi lho, wédang sing akèh gulané kuwi lho!
Pétruk: O, wédang legi!
Garèng: Lha ya, saka leginé rak paing ta!

Bagong: Ya ora muni kuwi!
Pétruk: Dadi upama ora nganggo gula ngono apa wédang kliwon?
Semar: Ah, caturan kok mesṭi sing rena-rena waé, hara! Heh heh heh! Kulinané kok gojèg ana ndalan.
Ndara! Ndara Permadi!
Pamadé: Kakang Semar, apa?
Semar: Ampun ngrungokné gunemé bocah-bocah niku mawon. Sampéyan mang énggal-énggal teng Kumbina. Éwadéné kula kalih bocah-bocah mangké ngiras ajeng kerja bakti turut ndalan, nggih?
Pamadé: Ya, kakang.

Ḍalang nḍoḍog: ḍoḍog ḍoḍog ḍoḍog ḍoḍog ḍoḍog.
Gangsa mungel Slepegan Sl. 9.
Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog ḍog; lajeng ngungelaken kepyak: crèng crèng crèng crèng crèng crèng (Pamadé biḍal).
Ḍalang nḍoḍog: ḍog ḍog ḍog;
gangsa suwuk.
Ḍalang nḍoḍog malih: ḍog ḍog;
lajeng dipun-gérongi: Yo kerja bakti, kerja bakti
lahir trus ing batin
iku surakna: ambangun nagara!
ngunggahké drajat bangsa Indonésia
kerja bakti, kerja bakti
aja paḍa wegah panggaotan sing ḍumawah
ning ayo pra kanca, giyak sayuk ramé ing gawé
gawé luhur subur nuswa lan bangsané
pra kanca, yo trus nyawiji
tansah kerja bakti.

Lakon Kresna Kembang, part I;
Wayang Wong Ngèsti Panḍawa, 1968.

47
PAMORING SATRIYA
(sinom)

Kawahya ing pawayangan, tumrap satriya sajati,
tan pisah lan panakawan, tan kena ginggang sanyari,
ing purwa dèn-wujudi, Semar Garèng Bagong Pétruk,
satriya kang sanyata, panakawan trus kekinṭil,
lamun pisah sirna pamoring satriya.

Pilihané panakawan, mung para satriya jati
kang mamayu yuning jagad, nyingkiri mring tindak sisip,
lamun kang dèn-iloni, arsa nemah tindak dudu,
awèh péling supaya, ènget kasatriyanèki,
kuwajiban mrih sirnaning dur angkara.

Yèn satriya datan kodal, wawarah tindak utami,
panakawan temah oncat, nora sudi dadi kanṭi,
iku minangka bukti, manawa jalma sawegung,
tan pilih sudra papa, kanggonan tékad utami,
pantes lamun ginugu karya kupiya.

Yèn panakawan oncat, satriyané temah sepi,
sirna surem pamorira, tan gatra satriya jati,
léna datan ngèngeti, baṭok bolu isi madu,
anggepé sapa paḍa, anggunggung ḍiri pribadi,
rumangsané samubarang wis kaasta.

Panakawan cacah papat, ingesuhan dadi siji,
yèn salah sijiné misah, esuh kenḍo sada cicir,
ing purwa dèn-wujudi, lakon Pétruk dadi Ratu,
isiné amung ecrah, mula dèn-udi manunggil,
yèn manunggal pranyata dadi santosa.

Santosaning panakawan, ngembani satriya adi,
mujudaké kekuwatan, pambrasṭaning tindak sisip,
kuwawa angayomi, lir angganing payung agung,
yèn pininḍahaken candra, sunaré wrata awening,
amemayu karya yem sining bawana.

Gito
(in: Mekarsari no. 22, January 1975).

48
SRI SADDANA
déwa-dèwining sanḍang-pangan

Ana ing tanah Jawa lan liya-liyané, Dèwi Sri iku kaanggep dadi dèwining rejeki, dèwining sanḍang-pangan, dèwining para among-tani, mula tansah digolèki, dipepetri, dipunḍi-punḍi, aja nganti adoh, aja nganti pisah ing sadina-dinané.

Tembung 'sri' asal saka basa Sanskreta utawa Kawi, kang tegesé 'sorot', 'cahya', sarta 'kang éndah banget'; cocogé lan tembung 'asri', sarta banjur kanggo sesebutaning para luhur, para ingkang minulya ing jagad, kaya ta Sri Ratu, Sri Paduka, Sri Sunan, Sri Sultan lsp.

Déné Radèn Saddana, rayiné Dèwi Sri tunggal rama ibu, miyos ḍampit bareng sadina, iku kaanggep dadi paugeraning kawruh palintangan, ramal panujuman, begja cilakaning manungsa, kang ing sabanjuré kasebut ana ing primbon-primbon Jawa, aran 'Pal Sri Saddana', utawa bincilan sanḍang-pangan begja-cilakaning manungsa.

Tembung 'saddana' asal saka pecahing tembung 'sad' lan 'dana'. Tegesé 'sad' iku 'enem', déné 'dana' tegesé 'pawèwèh', mengku karep pawèwèh rasa nem prakara, yaiku: (1) rasaning irung, mambu wangi, arum, ampeg lan sabangsané; (2) rasaning ilat, legi, gurih, asin lan sabangsané; (3) rasaning mripat, weruh rerupan asri, sulap blerengen lsp.; (4) rasaning kuping, ngrungu swara ngrangin, dumeling, jumengglung lan sabangsané; (5) rasaning badan sakojur, gegepokan krasa keri, gatel, kasab lsp., lan (6) rasa sejati utawa rasaning ati, marem, bungah, susah, trenyuh lan sabangsané.

Pawèwèh sarta darmaning rasa nem prakara iku nglimputi marang uriping manungsa, mula kanggo paugeran.

Dumadiné Widadari pitu

Kacarita nalika ing mangsa Manggasri, yaiku mangsa Katiga, ing kahyangan Jonggringselaka katiban mulad, yaiku sesotya adi kang mancur mencorong cahyané. Baṭara Guru lan para déwa liya-liyané banjur paḍa muja semadi, temahan sesotya mulad pecah dadi pitu, lan paḍa babar dadi widadari pitu kang adi éndah sulistya ing warna, kaparingan nama: (1) Dèwi Supraba, tegesé cahya kang adi éndah; (2) Dèwi Wilotama, tegesé lèng utawa wadon kang utama; (3) Dèwi Warsiki iya Dèwi

Siki, tegesé kembang gambir ing kaswargan kang gandané amrik arum ngambar ngebeki jagad; (4) Dèwi Suréndra, tegesé widadari musṭikaning kahyangan Suralaya; (5) Dèwi Gagarmayang, tegesé mayang utawa kembang jambé kang nuju mekar, sanépa rerengganing wanita suci kang wiwit ngancik birahi, uga ateges megaring sunar utawa maya; (6) Dèwi Irim-irim, pininḍa kembang adi kang tuwuh ing banyu, kang amrik arum ngambar gandané, lan (7) Dèwi Tunjungbiru, pininḍa kembang tunjung iya kembang taraté biru kang tuwuh ing banyu, minangka pralampitaning tuk utawa sumbering panguripan katresnan sajati.

Dumadiné widadari Dèwi Sri

Sanadyan para widadari pitu mau racak paḍa sulistya ing warna tanpa tanḍing, nanging pantesé amung kanggo adèn-adèn rerengganing kahyangan, tetungguling Karang Kawidadarèn, siji baé durung ana kang pantes kawawa kanggo sesambungan lelantaran ana marcapada.

Nalikané para déwa nuju paḍa mrihatinaké bab iku, ing kahyangan katiban Retna Dumilah, yaiku sesotya musṭika adi kang mancur mencorong cahyané, kanggo rebutan para déwa, wekasan Retna Dumilah tiba kabanting sumyur. Ing jero isi widadari telu cacahé, kang ayu adi éndah sulistya warnané tanpa cacad, ing sabanjuré déning Sang Hyang Jagadnata kaparingan aran: (1) Dèwi Widawati iya Dèwi Tisnawati; (2) Dèwi Sri, lan (3) Dèwi Lokati iya Dèwi Rumingrat.

Nanging sajatiné Widadari telu iku mau mung ajiwa siji, mung waḍagé kang dadi telu, mula banjur asring ingaranan Apsari Triwati; tegesé 'tri' iku 'telu', déné 'wati' tegesé 'wadon'.

Déné cangkoking sesotya Retna Dumilah sumyur dadi sesotya manékawarna, kang banjur kanggo rerengganing Balé Marakata, papan palenggahané Sang Hyang Indra.

Lairé Dèwi Sri lan Radèn Saddana

Dèwi Kadru lan Dèwi Winata, uga sinebut Dèwi Ngruna lan Dèwi Ngruni, sakaroné paḍa kakang aḍi, putriné Baṭara Brahma, lan sakaroné uga paḍa kagarwa déning Resi Kasyapa ing kahyangan Kasyapaloka, nalika samana nuju paḍa padudon bab sih tresnaning kakung. Dèwi Ngruna gawé pasanggiri.

Nalika iku garwané Srigati, rajaputra ing praja Purwacarita, kang aran Dèwi Brahmaniyati nuju anggarbini tuwa: ing bésuk yèn miyos kakung, Dèwi Ngruna kang menang, nanging manawa miyos putri, Dèwi Ngruni kang menang.

Pasanggiri mau mawa toh-tohan, sapa kang kalah kudu dadi baturé

tukon ing salawas-lawasé.

Dèwi Ngruna lan Dèwi Ngruni banjur paḍa menyang praja Purwacarita, sowan marang Prabu Wisnupati iya Baṭara Wisnu ngéja-wantah, ngaturaké apa kang dadi kaperluané. Kacarita teka ing titi-wanciné Dèwi Brahmaniyati ambabar miyos ḍampit, putri lan kakung, mula Dèwi Ngruna lan Dèwi Ngruni paḍa ora ana kang kalah lan kang menang. Sakaroné nuli paḍa bali menyang kahyangané, sawisé antuk pitutur lan pamrayogané Prabu Wisnupati, ramané Radèn Srigati, manawa satuhuné sih tresna iku tuwuh saka pakartining leladi kang nocogi.

Déné putra-putriné Dèwi Brahmaniyati kang miyos ḍampit iku mau, kang tuwa putri, kaparingan nama Dèwi Sri, kang anom kakung, kaparingan aran Radèn Saddana.

Let sataun, Prabu Wisnupati sèlèh kaprabon, putrané kakung pambarep saka garwa praméswari Dèwi Sriyuwati kang aran Radèn Srigati kajumenengaké Nata ana ing praja Purwacarita, jejuluk Prabu Sri-Mahapunggung; déné rayiné tumuli Radèn Srigati tunggal rama ibu, kang aran Radèn Srinadda, kajumenengaké nata ana ing nagara Meḍangpura, jejuluk Prabu Basurata. Nagara bebadra mau banjur kaparingan aran praja Wiraṭa, lulus lestari turun-tumurun nganti teka jaman bubar prang Bharatayuda Jayabinangun.

Lelakoné Dèwi Sri

Dèwi Sri lan rayi Radèn Saddana wiwit timur mula tansah didamadama ditresnani déning rama ibu. Saya munḍak geḍé Dèwi Sri saya katon ayuné, gawé kasmarané sapa baé kang sumurup, ḍasar ayu anteng jatmika ruruh pasemoné, lantip limpad panggalihé. Samono uga Radèn Saddana, saya geḍé saya katon bagusé, dedeg pideksa, ambranyak kaduk manis, sugih kawruh sugih wewéka, disuyudi para kawula.

Sawisé Dèwi Sri lan Radèn Saddana paḍa geḍé-geḍé, Dèwi Brahmaniyati lagi peputra manèh, miyos kakung, kaparingan aran Radèn Wanḍu.

Lolos saka praja

Radèn Saddana sawisé wanci diwasa, katari krama déning ingkang rama, nedya kaḍaupaké antuk Dèwi Panitra, isih turasé Hyang Pancaresi, nanging Radèn Saddana mopo, marga ingkang raka Dèwi Sri durung krama, wedi wilalating kuna, jeneng nglangkahi sadulur tuwa, asring nuwuhaké rubéda warna-warna.

Ingkang rama lan ibu paring pitutur lan katrangan, yèn bab iku wus kapanggalih mawa pétungan kang memet lan mateng, wis disarujuki déning para brahmananing praja, para dwija, para wiku, para winasis

lan liya-liyané, kaanggep waktu kang prayoga. Ing salebaré krama ingkang putra nedya banjur kaangkat jumeneng Pangéran Adipati Anom, calon anggentèni kalenggahaning rama Nata. Déné ingkang raka Dèwi Sri, wis dirancang nedya énggal kajatukramakaké, sawanci-wanci wus antuk joḍo kang pinasṭi.

Akèh-akèh pitutur katrangan pamilutané ingkang rama ibu lan para sepuh liya-liyané, nanging Radèn Saddana tetep puguh ora karsa nglakoni krama, yèn durung ingkang raka Dèwi Sri krama luwih ḍisik. Satemah andadèkaké gempunging panggalihé ingkang rama ibu, Radèn Saddana kadakwa ambrengkelo, anak wani marang wong tuwa, ora anggugu pitutur becik. Ingkang rama lan ibu nuli jengkar ngaḍaton, kanṭi nilar ḍawuh, supaya Radèn Saddana gelem mikir-mikir luwih dawa manèh.

Wiwit nalika iku Radèn Saddana panggalihé dadi kuwur, juḍeg seḍih bingung dadi siji, nganti sawatara dina ora karsa miyos saka kasatriyané. Kang kagagas mung dukané ingkang rama ibu, nanging éwuh banget anggoné minangkani, awit cengkah lan batiné. Pepuntoning tékadé Radèn Saddana nedya lolos saka kraton.

Ing wanci gagat ésuk sang Radèn lolos saka kraton, metu lawang butulan, ora ana kang weruh, lulus lakuné ijèn tanpa rowang nganti teka sajabaning nagara.

Prabu Sri-Mahapunggung dicaosi pirsa manawa ingkang putra lolos saka kraton, andadèkaké banget ing kagèté, ora nyana babarpisan manawa ingkang putra nganti teka samono geḍéning tékadé. Sang prabu énggal-énggal ngutus wadya punggawa, kaḍawuhan anggolèki ingkang putra dinganti ketemu.

Ganti kocapa Dèwi Sri, nalikané miḍanget pawarta yèn ingkang rayi lolos sarta bab dukané ingkang rama ibu, andadèkaké banget sumelang, seḍih lan wediné, marga anggoné lolos ingkang rayi mau andadak nganggo ngèmbèt-èmbèt marang sarirané. Luwih-luwih sawisé ana kadadéyan iku, Dèwi Sri asring kadangu warna-warna, ing semu kaya kadakwa yèn lolosé ingkang rayi iku wis disarujuki sang dèwi. Kang mangkono iku satemah saya muwuhi seḍihé sang dèwi, wekasan sang dèwi banjur nututi lolosé ingkang rayi. Dèwi Sri lolos saka kraton, ijèn tanpa rowang, terus bablas mangétan parané, lulus lakuné nganti teka adoh sajabaning nagara.

Lolosé Dèwi Sri andadèkaké seḍih bingungé Prabu Sri-Mahapunggung dalah garwa, mula banjur énggal-énggal ambuḍalaké wadya punggawa pepilihan, kaḍawuhan anggolèki lolosé ingkang putra sakaroné, dinganti bisa ketemu.

Ditya Kalandaru

Reribed iku tekané asring numpa-numpa. Bebarengan karo lelakon iku, Prabu Sri-Mahapunggung nampa utusan punggawa buta, aran Ditya Kalandaru dalah sawadyané sawatara, kautus ing rajané kang jejuluk Prabu Kala Pulaswa, kang ngaḍaton ing Meḍangkumuwung, isih wewengkoné praja Meḍangkamulan.

Prabu Kala Pulaswa iku anaké Ditya Resi Pulaha, bojoné Baṭari Kalayuwati, putriné Baṭara Kala. Wis dadi cirining jagad, Baṭara Kala iku ora nedya uwis anggoné memungsuhan lan Baṭara Wisnu, saturunturun nganti teka sajebading jagad.

Prabu Kala Pulaswa asring miḍanget pawarta ing bab kasulistyané Dèwi Sri, ing satemah ketaman gandrung keyungyun, saya suwé saya ora kena sinayutan adrenging asmarané, banjur utusan punggawa pangarsa aran Ditya Kalandaru, sowan menyang praja Purwacarita, nglamar Dèwi Sri.

Nalika samana Prabu Sri-Mahapunggung banget juḍeg ing panggalih, mula banjur maringi wangsulan marang utusan Ditya Kalandaru, yèn Dèwi Sri lolos kalaning wengi, Ditya Kalandaru kapurih anggolèki, yèn bisa ketemu, ing bésuk gampang bakal kaaturaké marang raja gustiné. Ditya Kalandaru saguh anggolèki, banjur nyuwun pamit bali.

Ditya Kalandaru sawisé matur marang raja gustiné, nuli kalilan énggal-énggal buḍal anggolèki murcané Dèwi Sri, sarta uga wadya raseksa liya-liyané paḍa disebar kapurih anggolèki.

Dèwi Sri lelana-brata

Nalika samana lakuné Dèwi Sri wis adoh saka nagara, ngambah teba, alas tuwin padésan, kang tinuju sakawit nedya anggolèki ingkang rayi Radèn Saddana. Nuju sawijining wengi lakuné Dèwi Sri tekan ing désa, liwat saceḍaké omahé buyut, aran ki Buyut Soma.

Nalika iku Buyut Soma lan bojoné, aran Nyi Samini isih paḍa melèk, paḍa rerasan bab rekasaning uripé. Ingatasé dadi buyuting désa, tegesé dadi tuwa-tuwaning désa, anaké mung loro, wadon lan lanang, putuné lagi telu, panginḍungé akèh, éwadéné amung tansah kekurangan baé sanḍang pangané.

Dèwi Sri kanḍeg tindaké, ngrungu rerasanan mau, kepéngin nyumurupi apa sababé, mula banjur mampir. Nyai Buyut kagèt lan wedi, dikira bangsaning memedi utawa wong ala, nanging Dèwi Sri énggal ngandika prasaja, manawa panjenengané iku putri nata ing praja Purwacarita, kekasih Dèwi Sri. Ki Buyut gurawalan énggal-énggal ngacarani mlebu lan nglenggahaké ana ing salu.

Dèwi Sri sawisé aso lan lenggah satata, nuli takon apa sababé déné ki Buyut amung tansah sarwa kekurangan sanḍang pangané. Ki lan nyi Buyut paḍa nganḍaraké lelakoné genti-genti bab tatakramaning bebojoan lan kulawargané, anggoné ngupaboga ngupajiwa sarta anggoné nata balé-somahé.

Dèwi Sri nuli ngandika manawa satemené akèh laku lagon lagéyané ki lan nyi Buyut kang sanadyan ora disengaja, nanging nrajang wewalering wong omah-omah, sarta bincilan pasatowan tuwin dina wanciné temuning temantèn, mula tundoné banjur didohi ing rejeki. Awit saka iku manawa anjaluk sempulur akèh rejekiné, geḍé kabegjané, ki lan nyi Buyut kudu nglakoni upacara kawin manèh miturut waktu dina pasaran sasi tahun kang wus katamtokaké, ngiras pantes mèngeti anggoné jejoḍoan, sarta kudu gelem netepi laku patang prakara, yaiku: (1) kudu tansah rukun mong-kinemong anggoné salaki-rabi; (2) tansah ngleluri para leluhuré tuwin ajeg sembah-Hyang; (3) taberi memikir lan nyambutgawé, tangi luwih ésuk, reresik pakarangan, balé-omah sapirantiné, ngengakaké lawang-lawang, nuli adus reresik badan lan ajeg ngaturaké puja-mantra; soré sarampungé nyambutgawé, uga banjur adus lan ngaturaké puja-mantra ajeg, mapan turu yèn wanci lingsir soré, lan (4) gemi, nastiti, ngati-ati, sabar, narima lan waspada, ora lirwa ing budidaya. Yèn patang prakara iku diantepi, sayekti Déwa bakal paring nugraha, kasembadan ing sapanuwuné.

Ki lan nyi Buyut paḍa anḍeku nedya ngèstokaké kabèh ḍawuh pituturé sang Dèwi. Nyi Buyut nuli menyang pawon, nedya ceṭik geni anggoḍog banyu lan rerateng sega salawuhé, nanging sang Dèwi énggal ngandika manawa sarirané nuju nglakoni ora ḍahar sega lan ngunjuk wédang, amung munḍut sesaji rupa: kinang ayu, kembang borèh, paèsan pangilon, klasa bangka tuwin ratus dupa wangi. Sawusé ngandika mangkono, sang Dèwi banjur lumebu menyang senṭong muja semadi.

Sawisé rampung anggoné nyepakaké sesaji pamunḍuté sang Dèwi, ki lan nyi Buyut nuli paḍa lelungguhan ana sajabaning senṭong, mèlu muja semadi nganti teka lingsir wengi, wekasan paḍa banget ngantuké, banjur paḍa les sesenggoran. Ngarepaké wayah byar ésuk, Dèwi Sri sarampungé caos sesaji muja semadi, nuli metu saka senṭong, terus metu saka ngomah, nutugaké laku nedya anggolèki ingkang rayi.

Wayah ésuk ki lan nyi Buyut paḍa gragapan tangi nginguk senṭong, sang Dèwi wis ora ana. Sakaroné paḍa bingung, anggobyag para panginḍungé lan kulawargané, énggal paḍa diajak anggolèki nututi tindaké Dèwi Sri, nanging meksa ora ketemu, mula kabèh kepeksa banjur paḍa bali.

Ing sabanjuré ki lan nyi Buyut tansah dadi paran pitakonané para kulawarga, anak putu lan para anḍahané, ing bab sarat saranané supaya cepak rejekiné, akèh begjané, sempulur sanḍang pangané. Ing ḍukuh kono banjur diarani ḍukuh Asri-Katon.

S. Probohardjono, Crita Naluri lan
Kapracayaning Rakyat
(in: Almenak Dèwi Sri 1971, Yogyakarta).

49
WANITA UTAMA
(lagu kroncong)

Ḍasar wanita utama mbangun turut pituturing rama ibu,
Ra ngowahi tata-cara senadyan ta jaman maju.

Ḍasar wanita utama yèn sinawang gandes luwes sak-solahé,
Menganggo sarwa prasaja nanging dadi lan pantesé.

Tata-cara iku pusakaning bangsa,
Tata-krama gawé ajining sarira.

Ḍasar wanita utama tansah bisa agawé reseping kalbu,
Muga dadia tulada candraning wanita tuhu.

S. Dharmanto

50
GOLÈK SÉWAN OMAH

Adegan I

Genḍing: ketawang 'Sundari' (gendèran) pélog paṭet 5 (saya lirih)
[swara kumlèsèding sanḍal: saka adoh, saya ceḍak]

Bu Èli: (saka kadohan) Lo, kok kowé, mbok? (grenengan) Tak-arani sapa tamuné. (grapyak sumanak) Wis suwé lèhmu ngentèni?

B. Merta: (ngajèni banget) Sampun, ndara.

Bu Èli: Iki mau aku rak agi adus. Dikanḍani nèk ana tamu. Tak-arani sapa. Ḍa slamet ta, mbok Merta?

B. Merta: (karo ngguyu) Injih pengèstunipun ndara, sami saras kémawon. Ndara rak injih sami wilujeng ta?

Bu Èli: Ya kaya ngéné iki, mbok.
(manḍeg saḍéla)
Wah, ya kaya ngéné, mbok Merta, ... supek banget omahku. Wis cilik ... gèk barang-barangé kaya ngéné okèhé. Tempat tidur lima waé sing bisa dipasang ming loro.

B. Merta: (cepet panyauté) La menika, méja kursi kilèn menika njih namung dipuntumpuk.

Bu Èli: Ha ya kuwi! Mangka barang-barang seka Jakarta durung teka kabèh. Anu kok, mbok, ... tak-kon aja dikirim ḍisik, sakdurungé aku éntuk omah sing geḍé.

B. Merta: Injih, ndara. Tenèh mangké dospundi yèn barang-barang ḍateng, papan dèrèng wonten.

Bu Èli: La wong ndara kakung swargi ki remenané tetuku barang-barang ta, mbok. Mangka ḍèk semana ndara kakung kuwi apa-apa ming kari aba. Barang-barang presasat teka ḍéwé.

B. Merta: O, injih. Ndara Rény kok mboten ketingal menika, ndara?

Bu Èli: Ah embuh iki mau! Sajaké kok latihan renang.

B. Merta: Renang menika menapa, ndara?

Bu Èli: Renang ki ... nglangi.

B. Merta: O ... !

Bu-Èli: (sambat) Aku ki jané rak selak seḍih manggon nèng kéné ki. Tumrap aku keciliken omah iki, senadyan aku ki ming batih loro karo anakku Rény lan batur loro.
(manḍeg seḍéla)
Ha iya ... terus piyé lèhmu nggolèkké séwan, mbok?

B. Merta: Marak kula mriki menika rak baḍé nyaosi keterangan anggèn kula dipunutus.

Bu Èli: Ha iya, terus piyé? Olèh gawé ora? Coba ta, kowé weruh ḍéwé ... barang larang-larang ḍa pating peṭeṭek kaya ngéné. Selak sebah atiku jé, mbok.

B. Merta: Kula dipunutus madosaken séwan griya sampun angsal. Griyanipun ageng ...

Bu Èli: (cepet panyelané) Iya iya, terus ... terus nèng ngendi?

B. Merta: Wonten ... jalan Sidadadi nomer 19.

Bu Èli: Ceḍak lurung? Apa pinggir dalan geḍé?

B. Merta: Jan pinggir mergi ageng, ndara!

Bu Èli: Naaa, ya kuwi sing tak-senengi! Terus, omahé ya geḍé?

B. Merta: Wah, njih ageng, ndara. Sampun, cekakipun pantes sanget yèn kagem nandalem. Ḍasar sing ngagemi isih piyayi, mangka ya ... (ngguyu lirih) ya ... isih ayu.

Bu Èli: (cepet panugelé) Ah! Kowé ki, mbok! Umurku wis sèket luwih siṭik lo!

B. Merta: (cepet panyauté) Sèketa menika ... (karo ngguyu) ning tesih ketingal ... mencorong ngaten kok. Ndah iba njih, ndara, nèk ndara kakung isih ... rak injih ta!

Bu Èli: Hus!
(manḍeg saḍéla)
Terus séwané pira?

B. Merta: Ning ngaten, ndara.

Bu Èli: Piyé?

B. Merta: Kula sejarah rumiyin, njih.

Bu Èli: Ha iya, piyé?

B. Merta: Ingkang kagungan menika rak tesih dèn ayu.

Bu Èli: (rada kagèt) Dèn ayu? Dèn ayu seka ngendi?

B. Merta: Injih saking mriki mawon. Rumiyin garwanipun rak penéwu.

Bu Èli: O!

B. Merta: La griya menika tilaranipun ingkang kakung menika. Mila njih ageng. Tur geḍong. La injih penèwu, mangka jaman semanten.

Bu Èli: La iya meṣṭi waé!

B. Merta: Asmanipun dèn ayu Prajakuncara. Putranipun injih namung setunggal, putri. Sampun prawan ... radi kasèp. Menawi kaliyan keng putra ndara Rény injih kaot kaṭah.

Bu Èli: Ya ayu pa?

B. Merta: Njih ... nama ayu menika mboten. Ning awon ... njih mboten.

Bu Èli: Karo Rény apik endi?

B. Merta: Wah ... ha injih ayu ndara Rény kok!

Bu Èli: Terus, omah kuwi arep diséwakké?

B. Merta: Kersanipun dèn ayu mila baḍé dipunséwakken. Ah, njih kadospundi ta, ndara. Tiyang ... injih ... nuwun sèwu mawon, dèn ayu Praja menika rak saweg rekaos. Gèk réka-réka bakulan kémawon tansah kapusan.

Bu Èli: Mbok uwis, dikon kaya kowé waé ... maklaran! Maklaran ki nèk kebeneran, ya kaya kowé kuwi lo, mbok! Anu ... anaké isih sekolah pa?

B. Merta: Ah, sampun mboten, ndara! Kabaripun sampun nyambut damel. Ha ning, yèn namung pegawé renḍah mawon ... njih demugi pundi ta, ndara?

Bu Èli: Ha iya.

B. Merta: Bakenipun ingkang baḍé dipunséwakken sedaya. Ning dèn ayu Praja kepeksa nyuwun kelonggaran, baḍé ngguṭek utawi nyingget kalih kamar, èmpèr sisih kilèn menika. Baḍé kagem dèn ayu piyambak kaliyan putranipun.

Bu Èli: La engko apa pénak, mbok?

B. Merta: Mboten menapa-menapa, ndara! Mboten ta sampun! Tiyang griyanipun ageng kok!

Bu Èli: Terus séwané njaluk pira, mbok Merta?

B. Merta: Nyuwunipun sewulan ... tigang èwu. Ning nyuwun persekot ... kalih taun.

Bu Èli: Telung èwu? Allah! Nèk ming telung èwu waé ora jeneng okèh. Ning ya ngono, aku tak weruh ḍisik!

B. Merta: Injih, ndara, saénipun kedah priksa rumiyin. Ning ...

Bu Èli: (cepet panyelané) Ning piyé, mbok?

B. Merta: (lirih) Kula matur barès kémawon, ... semanten menika, kula ... dèrèng angsal menapa-menapa lo, ndara.

Bu Èli: (karo ngguyu) Kowé rak ya njaluk kana!

B. Merta: Nyuwunipun semanten menika resik kok, ndara. Ah ... menapa injih, nandalem menika! Namung paring ujuran pinten ta mangké menika? Kados sak-nandalem menika upami pe-

paring kula rak injih sampun . . . trep.

Bu Èli: Yoh wis, engko nèk aku pancèn joḍo lan ndaramu Rény ya cocog, gampang! Aja sumelang, engko tak-persèni ta wis!

B. Merta: Lo, ning kula nyuwun pangapunten lo, ndara. Kula menika namung matur barès-barèsan mawon.

Bu Èli: He-eh wis! Ora papa! Kuwi lumrah.

B. Merta: Tur kula wani nyuwun ngaten menika, njih namung kaliyan nandalem. Yèn kaliyan tiyang sanès, kula njih mboten purun. [swara jumeglèging lawang dibukak]

B. Merta: O, la géné ndara Rény wis kondur iki.
Sugeng, ndara?

Rény: (rada kagèt) Lo, mbok Merta iki! Anu, mbok, ya éntuk pemujimu, ora ana apa-apa.
(manḍeg saḍéla)
Maaf ya, mam, mau aku ora pamit. Soalé ki selak kesusu jé.

Bu Èli: Selak kesusu ki jeneng nèng ngapa?

Rény: (aleman) Jamé selak terlambat, mangka mas Darta lèhé ngampiri ya wis telat.
(manḍeg saḍéla)
Nya, welingané mami wingi!

Bu Èli: (ngiling-ilingi gendul) Wah, iki klèru, Rén! Kowé ki piyé ta!

Rény: (kagèt) Lo, klèru piyé?

Bu Èli: (nggenahaké) Kowé ki nèk diweling mesṭi ora ngrèwès. Akibaté ya ngéné iki, terus klèru.

Rény: Ha iya, klèruné piyé, mam?

Bu Èli: Coba ta wacanen! Nèk kaya ngéné ki rak dudu Bode tonikem ta! Wah, kowé ki piyé ta!

Rény: O . . . iya. Tak-arani ki ming ana werna siji.

Bu Èli: (rada mangkel) Paḍa déné tonikem, ning béda jé nèk karo Bode tonikem. (ngepyeg) Kowé ki, Rén, Rén!

Rény: Ha ya ngagem kuwi sik ora kena ta, mam?

Bu Èli: Ah, kena-kena piyé! Ya emoh kok! Sésuk diijolké lo, Rén, sing Bode tonikem!

Rény: Yoh.

Bu Èli: Ha ya kuwi, mbok Merta, nèk kowé arep weruh Rény. Alemané ora jamak. Mangka basané Jawa wis rusak.

B. Merta: Mboten maiben, ndara. Wong injih . . . sampun kedangon wonten nJakarta, . . . mesṭinipun injih lajeng mboten kulina ngendikan mawi basa Jawi ingkang saé.

Bu Èli: Gilo, Rén, mbok Merta ki rak ngabari nèk lé nggolèkké séwan

omah wis olèh.

Rény: O, nèng ngendi? Nèng ngendi, mbok? Ning apik ta?

B. Merta: Wonten jalan Sidadadi nomer 19. Saé, ndara. Geḍong tur wiyar.

Rény: Wis, mam. Kuwi waé, mam! Aku selak isin jé nèk ketamuan kanca-kanca, terus omahé ming kaya ngéné.

Bu Èli: Ha ya dirembug ḍisik ah!

B. Merta: Yèn nandalem temtu cocog, ndara Rény.

Rény: Ha piyé ta, mbok. Mbiyèn ḍèk nèng Jakarta, omah kaya ngana, terus saiki ... ming kaya ngéné. (grenengan) Kaya kanḍang pitik!

B. Merta: Ndara ki nèk ngendika kok lucu lo! Dalem kaya ngéné kok kaya kanḍang pitik. Menika namanipun rak namung aut.

Bu Èli: Ya kaya ngono kuwi, mbok, ndaramu Rény kuwi! Karang manuhé mbiyèn nèng Jakarta kaya ngana, terus saiki ming kaya ngéné.

B. Merta: Lajeng mbénjing menapa ndara Èli saged mriksani?

Rény: Cepet waé, mam!

Bu Èli: Sésuk soré kowé bisa pa?

Rény: Mami ki! Genah sésuk malem minggu ngono kok! (grenengan) Malem minggu wis kencan arep njagong yaregé Susi jé, mami ki. Ha mbok ḍéwé waé, ora sah karo aku rak ya kéné.

Bu Èli: Ya wis, mbok Merta, sésuk soré waé. Ning kowé ngampiri mréné. Terus engko bareng. Perluné aku ana kancané. Wong Ijah tak-kon tunggu omah.

B. Merta: Sampun, mbénjing-énjing sonten kula sowan mriki.

Bu Èli: Yoh.

Genḍing: 'Gambir Sawit' pélog paṭet 5 (nganti entèk).

Adegan II

[swara tumapaking sanḍal lan sikil: saka kadohan, saya ceḍak]

Bu Èli: Ssssttt! (bisik-bisik) Mbok Merta!

B. Merta: (bisik-bisik) Menapa, ndara?

Bu Èli: (bisik-bisik) Aku engko ngundangé piyé?

B. Merta: (klesik-klesik) Kaliyan dèn ayu Praja?

Bu Èli: He-eh.

B. Merta: La sumangga, ndara, kadospundi.
Bu Èli: (klesik-klesik) Aku emoh nèk kon ngundang dèn ayu.
B. Merta: (klesik-klesik) Ha njih ... mbakyu mawon, menawi ngaten.
Bu Èli: (klesik-klesik) Na, ... nèk ngono, aku setuju.
[swara lawang diṭoṭok]
B. Merta: Kula nuwun. Kula nuwun.
Bu Praja: (adoh, saka sajroning omah) Sinten nggih?
B. Merta: Kula.
Bu Praja: (adoh, saka sajroning omah) O, ... mbok Merta?
B. Merta: Injih, dèn ayu.
Bu Praja: Sik nggih, ... seḍilit!
[swara tumapaking sanḍal: saka adoh, saya ceḍak, sinambung swara lawang dibukak]
Bu Praja: O, mbok Merta tenan!
B. Merta: Injih, kula, dèn ayu. Menika, ... nḍèrèkken ndara Èli.
Bu Praja: O, mangga mangga! Mangga, lenggah nglebet.
Awi, mbok, mlebet mawon!
B. Merta: Injih, matur nuwun.
Mangga, mangga, ndara, kula ḍèrèkken.
Bu Praja: Mangga, mangga lenggah.
Bu Èli: Injih, nuwun.
Bu Praja: Mangga, mangga ta, ingkang sekéca!
[swara kursi digèrèt]
B. Merta: Anu, dèn ayu, ... menika dipuntepangken. Menika, ... ndara Èli, ingkang kula aturaken betah dalem menika.
Bu Praja: O, ... injih, dipuntepangken kémawon. Kula Prajakuncara.
Bu Èli: Nggih, kula Èli.
Bu Praja: Nyuwun ngapunten, jeng, ... papanipun reged. Ah, njih tiyang mboten gaḍah kok, jeng.
Bu Èli: Nggih mboten napa ta!
B. Merta: La menika ngaten, dèn ayu, ... sowan kula mriki menika ngirid ndara Èli menika. Anu, ... perlu nglajengken rembag wau siyang. Injih ndara Èli menika ingkang baḍé ngersakken nyéwa, dèn ayu.
Bu Praja: Wah, ... la ning griyanipun ... injih namung kados ngaten, jeng. Anu, ... injih tiyang mboten kerimat.
Bu Èli: Enggih, nggih pancèn kétok nèk mboten kopèn ngoten kok. Wah, éman-éman! Éman tenan niki, mbakyu. (grenengan) Omah jembar, geḍong ... ora kopèn. Kok mboten diopèni ta, mbakyu?

Bu Praja: (anḍap asor) Ha njih dospundi ta, jeng. Kados sak-kula menika ranḍa, mangka ... pènsiyun mboten nyekapi.

Bu Èli: O!

Bu Praja: Mila njih lajeng baḍé kula séwakken.

B. Merta: Saénipun sakmenika ngaten mawon, dèn ayu. Penjenengan sak-menika sampun gaṭuk piyambak kaliyan ndara Èli, mila rembagipun lajeng ngendika kémawon blak-blakan, dospundi munḍutipun.

Bu Praja: La nèk kula, angger empun kaya omong kula wau awan, nggih empun mangga.

Bu Èli: Dadi niki genahé, ... mbakyu munḍut tigang èwu sewulané, nggih ngoten ta?

Bu Praja: Injih ngaten menika, jeng. Ning kula nyuwun séwanipun dipunparingi kalih taun.

Bu Èli: (cepet panyauté) Niku gampang!

B. Merta: Ngendikanipun dèn ayu baḍé munḍut nyingget kalih kamar ngèmpèr kilèn menika?

Bu Praja: Ha njih ngaten menika, jeng, nyuwun kula.

Bu Èli: Sakwisé rong taun terus pripun? Tesih olèh kontrak malih mboten?

Bu Praja: Mangké gampil ta, jeng. Kaya karo sapa lo!

Bu Èli: Ning nèk layanan kalih kula kedah sakelek lo.

Bu Praja: Sakelek menika dospundi, jeng?

Bu Èli: (karo ngguyu ngenyèk) Sakelek niku ... pokoké kudu nganggé layang perjanjian barang. Lé perjanjian nganggé sègel. Mbakyu saged nyerat ta?

Bu Praja: Njih, yèn namung ... sekeḍik-sekeḍik kémawon saged.

Bu Èli: Ning riki rak mboten rusuh ta?

B. Merta: Saksumerep kula kados mboten, ndara.

Bu Èli: Omahmu ya kampung kéné pa, mbok? Kok sajaké ngerti banget.

B. Merta: (sarèh) Mila kula namung matur: saksumerep kula.

Bu Èli: Mbok nèk ora ngerti tenané ki ra sah omong!
(manḍeg saḍéla)
Mbakyu Praja onten riki piyambakan?

Bu Praja: Njih namung kaliyan anak èstri setunggal. Tiyang tilaranipun swargi bapakipun injih namung setunggal menika, jeng.

Bu Èli: O! Terus niki étungé griya pinten ta, mbakyu?

Bu Praja: Yèn étangipun ngaten ...

Bu Èli: Pinten, pinten?

B. Merta: Mbokmenawi ...

Bu Èli: (cepet panugelé) Hus! Sing tak-takoni ki dudu kowé, mbok!

Bu Praja: Njih yèn étangipun ngaten griya ... sekawan. Ning dadosipun namung tiga.

Bu Èli: Pripun ta?

Bu Praja: Sebab ganḍok wétan menika rak ganḍèng kaliyan griya ageng.

Bu Èli: O!

(manḍeg seḍéla)

La terus mangké nèk mbakyu nyingget, sing ajeng dienggé nyingget napa?

Bu Praja: Geḍèg mawon rak sampun saé, uger ingkang kulitan.

Bu Èli: Wah, ampun! Ampun geḍèg! Sawangané mboten apik mangké. Nèk nyingget nganggé harbort mawon.

Bu Praja: Wah, la mangké awis, jeng.

Bu Èli: Mangké nèk kabotan, ha nggih kula mawon sing nyinggetké. Kula niku sing penting rak amrih apiké mawon. Wong tamu kula niku okèh, mangka nggih wong-wong pangkat. Dèrèng sedulur-sedulur kula ḍéwé. Mula nèk wujudé ora apik, ... mangké munḍak kula sing olèh èlèk.

Bu Praja: Kejawi ingkang dipunkersakken ngaten, sumangga. Malah keleresan.

Bu Èli: Ning nggih timbal baliké.

Bu Praja: Dospundi, jeng?

Bu Èli: Nggih sing resikan. Ampun slordeh.

Bu Praja: Mangké yèn bab resik-resik lan tatanan ndalem, kajengipun laré kula mawon ingkang dipunḍawuhi.

Bu Èli: Wah, nèk prekara niku mangké sik! Gawé pacakan lan tatanan omah cara moḍèrn niku ora gampang.

B. Merta: Ning putranipun dèn ayu menika sampun kulina kok, ndara.

Bu Èli: (sengol) Wis ah! Mbok nèk ora dijak ngendikan ki ora sah mèlu-mèlu!

(manḍeg seḍéla)

(satengahé grenengan) La nèk éntuk omah seméné ki jenengé agèk seḍengan ya, mbok. Barang-barangku bisa mlebu kabèh. Tur barang-barang sing nèng Jakarta terus bisa digawa mréné.

Bu Praja: O, dados sewau penjenengan menika lenggah Jakarta ta, jeng?

Bu Èli: Enggih. Bareng sémah kula séda, kula kok kepéngin pinḍah mriki.

Bu Praja: (pekéwuh) Rumiyin keng raka ngasta wonten pundi?

Bu Èli: Anu, onten duwane.

Bu Praja: O!

Bu Èli: La nggih niku ta, mbakyu. Manuh urip nèng kuṭa geḍé, terus sakniki onten kuṭa cilik, ... rasané kok terus temlawung, kajog. Mangka riyin napa-napa ming kari aba, sakniki golèk ḍéwé. La riyin niku kula rak montor duwé loro. Gaḍuhan siji, gaḍahané piyambak setunggal. Mula anak kula wédok onten riki ming duwé tunggangan Yamaha bèbèk, terus sombat-sèmbèt mawon.

B. Merta: Kulinanipun nitih montor njih, ndara?

Bu Èli: Anu, ... ḍèk sekeḍap nika rasané urip onten kuṭa cilik kaya riki niki, kaya onten uḍik.

Bu Praja: Uḍik menika menapa ta, jeng?

Bu Èli: (karo ngguyu) Uḍik niku jawané ... ndésa.

Bu Praja: O!

Bu Èli: Ngoten nggih, mbakyu Praja.

Bu Praja: Dospundi?

Bu Èli: Prinsipé kula empun setuju. Bab séwan nggih empun mboten onten soal.

Bu Praja: Kersanipun saklajengipun kadospundi?

Bu Èli: Kula taksir, ... kira-kira lé ngresik-resiki kalih tambal sulam, nggih seminggunan. Mula, ... sésuk gawé perjanjian ḍisik. Terus ditanḍa-tangani.

(manḍeg saḍéla)

Mangké sakwisé tanḍa-tangan mawon lèh kula mbayar sing telung èwu ping rong taun niku.

Bu Praja: Ha injih, kula namung kantun nḍèrèk kémawon.

Bu Èli: Mangké sing kula ḍisikké singgetané niku.

B. Merta: Kula dados seksi mboten, ndara?

Bu Èli: La iya meṣṭi kok! Malah mengko seksiné sing nèng layang perjanjian kuwi ya rukun tetanggané barang.

Bu Praja: Dos rembag menika sampun dados njih, jeng.

Bu Èli: (karo ngguyu) Mbakyu ki kok anèh! La wong dirembug ngeṭuprus kaya ngèten niki jenengé rak nggih empun rembug dadi.

(manḍeg saḍéla)

Bu Praja: Ha injih sukur menawi ngaten.

Bu Èli: Niki kados empun cekap. Kula lajeng nyuwun pamit, mbakyu.

Bu Praja: Injih ... injih, matur nuwun. Lan ... nyuwun ngapunten lo, jeng, tindak mriki sepisanan kémawon mboten dipunsegah

menapa-menapa. Anu, jeng, laré kula saweg kursus njait. Dados njih ... répot menika.

Bu Èli: Ha nggih mboten dados napa.
Sampun lo.

Bu Praja: Injih, nḍèrèkken sugeng.

B. Merta: Sampun, dèn ayu, nyuwun pamit.

Bu Praja: Nggih, nuwun nggih, mbok Merta.

B. Merta: Sami-sami, dèn ayu.
(manḍeg saḍéla)
(bisik-bisik) O, ... inggih, dèn ayu, ... lajeng ... lajeng mbénjing temtu ... sedasa menapa ... gangsal persèn?

Bu Praja: (klesik-klesik) Ah, nggih umumé mawon ta, mbok Merta. Mesṭiné rak nggih gangsal persèn.

Bu Èli: (saka kadohan) Ayo, mbok! Kowé ki piyé ta!

B. Merta: (sora) Njih.

Genḍing: 'Wirangrong' pélog paṭet bem — Suwuk.

Kus Sudyarsana, Makelar,
Sandiwara katindakaké déning
Kulawarga Sapta Manḍala,
scenes 1 and 2; Yogyakarta.

51

PISUNGSUNG

katur bapak r.d.s. hadiwidjono
ing ngayogya

ukaraku iki rak ora nyangklak ta, bapak
minangka pisungsung lan atur panuwunku
rikala aku kesasar ana tengah dalan
panjenengan paring obor pepaḍang
rikala aku bingung kélangan gegonḍèlan
panjenengan paring teken kasantosan

ukaraku iki rak ora nyangklak ta, bapak
minangka pisungsung lan atur panuwunku
wiji pari kang dak-ḍeḍer wingi
saiki wis semi

prawan sengkeran kang dak-tresnani
saiki nagih janji

tembangku iki rak ora ampang ta, bapak
minangka pisungsung lan atur panuwunku
rikala aku ngorong kasatan
panjenengan paring banyu bening sa-klenṭing
rikala aku mutung kèlu ing pambiḍung
panjenengan paring daya panyurung

tembangku iki rak ora ampang ta, bapak
minangka pisungsung lan atur panuwunku
rikala aku rangu-rangu
panjenengan paring donga pangèstu
rikala aku ditantang satru bebuyutan
panjenengan ngunus peḍang ligan nampani tantangan

bapak
yèn aku kawin
panjenengan dak-aturi dadi modin

Moch. Nursjahid P.
(in: Jaya Baya no. 15, December 1971).

52
NGRAHABI

Anakku sing panggulu, Gaṭot, saiki wis umur telu-las. Wis klas siji SMP. Wis mangsané supit. Sirku arep dak-katutaké supitan rombongan utawa khitanan umum ing pèngetan pitulasan, ngiras pantes karo bersih désa taun iki. Ngirit, praktis, tur nyontoni ngecakaké pikiran moḍèrn marang tangga teparo, penḍuḍuk ing désa Asem Ḍoyong iki. Soalé, aku sajatiné jinja karo éwuh-éwuhan sing uwis. Ḍèk tetesan anakku pembarep, Santi, biyèn nuruti kalumrahan désa, aku dadi ḍèyèk temenan. Ana nyaur utang mung kanggo éwuh sapisan, iku baé lagi tetesan lha kok limang taun lagi sah. Lha ya nurut pangonggrongé tangga teparo sing kolot, aku njur seneng di-'wah'.

'Wah, nèk pak Harja ya peng-pengan tenan. Éwuh sapisan, tetesan anaké mbarep, wayangan. Ḍalangé milih sing nggel, Suwanda! (Ḍèk samana ḍalang sa-Ngayogyakarta sing onjo ḍéwé swargi Ki Cerma Suwanda.) Lha ya pak Harja mono wong kétok. Guru, tur mantuné wong cukup, ya kuduné ngono!'

Jan mongkog tenan ḍèk samana krungu di-'wah' nguwong ngono iku. Apa manèh ibuné Santi. Wah, sajak nggembélo. Karo tangga teparo banjur mlopog, loma. Ora ngertia, éntuk 'wah' sing nglakoni adol sawah. Nandur pari gaga limang tancep, jan alus, ora panèn babar pisan. Dianggo nyaur utang. Apa ora ateges adol sawah limang taun?

Hm, kapok tenan aku. Mula ing pèngetan pitulasan mengko Gaṭot arep dak-ḍaptaraké mèlu supitan rombongan. Bocahé uga wis gelem. Malah seneng, wong kancané akèh. Nanging ibuné kuwi sing mbrengkelo.

'Hiyoh, sampéyan pilih sih ya, pakné? Nèk Santi olèhé tetesan ditanggapaké wayang peng-pengan, lha kok Gaṭot, diéwuhaké baé ora, mung arep dinunutaké tetakan ndésa? O, aku ora setuju banget, pakné! Aku ora lila anakku mung dibélak-bélakaké!' anggoné mancahi ibuné, semangat banget, kaya kampanye.

'Sarèh, sarèh, buné! Aku ki ora kok arep mbédak-mbédakaké anak ngono. Prekara ngrembug anak kuwi rak . . .'

'Nyatané! Nyatané arep ditetakaké nèng pitulasan. Apa ora kuwat ngragadi apa? Wis, wis! Nèk sampéyan ora saguh ngragadi, dak-ragadané ḍéwé! Dak-tetakné ḍéwé! Aja dibélak-bélakaké! Ḍasar wong lanang, sing

digematèni ya sing anak wédok!' kanḍané nyaiku nyenṭé-nyenṭé, munggel gunemku banjur ngrampyang ndruḍul kaya brondong wutah.
'Uwis apa durung, bu, olèhé kampanye? Nèk uwis genti aku sing kanḍa. Aja dipunggel ḍisik ta! Uwis durung?' kanḍaku sarèh. Wong padu kuwi, nèk sing siji sarèh, rak ora dadi.
'Uwis!' wangsulané karo mèsem saṭiṭik, ketularan sarèh, karo njagur gegerku. 'Gung . . . !' olèhku nggameli.
'Ora jeneng mbédak-mbédakaké nganak, bu. Aku ki rak getun banget déné ḍèk tetesé Santi nganggo éwuh geḍèn kaya ngana, nganti limang taun lagi sah olèhé nyaur utang. Lha saiki iki karepku arep ngirit, praktis. Mumpung Gaṭot libur olèhé sekolah, kapinujon pitulasan ngiras bersih désa Asem Ḍoyong arep nganggo khitanan umum, Gaṭot arep dak-ḍaptaraké. Prakara ngrembug anak, kabutuhané rak ora mung tetakan ṭok ta, bu? Tuwas olèhé netakaké nganggo nggantung gong, nèk olèhé ngragadi sekolah ora gawé marem, arak percumah, bu, bu!'
'Enggih. Timbang ditanggapaké wayang kula milih dipunḍutké sepéḍa jèngki kok, bu . . . !' Gaṭot sing mulih saka dolan dumadakan nrambul gunem.
'Ora! Kowé bocah cilik ora kena usul. Pokoké, mbakyumu biyèn olèhé tetes ditanggapaké wayang, kowé ya kudu dak-tanggapaké wayang, Ṭot,' kanḍane ibune karo mlérok.
'Manawi kula, sampun ageng. Rak pareng usul ta, bu?' Santi mak beḍengus saka pawon, uga banjur mèlu rembugan. Tanpa ngentèni wangsulané ibuné Santi banjur usul: 'Manawi kedah wayangan, kula rumiyin dipuntanggapaken wayang mawi ḍalang ingkang saé piyambak, sapunika Gaṭot ugi kedah mawi ḍalang lan sinḍèn ingkang saé piyambak: Timbul kaliyan bu Candralukita. Kaliyan segahan lan ubarampé sanèsipun satus èwu kémawon temtu telas, bu.'

Krungu usulé Santi iku aku mak tratab. Ibuné uga banjur katon mak plenggong. Aku banjur ngguyu nggleges, bareng Santi nerusaké usulé: 'Nanging saénipun arta samanten boten usah kanggé wayangan, ya Ṭot ya? Kanggé tumbas Honda punapa Yamaha bèbèk kémawon, bu! Gaṭot tetep dipunsupitaken wonten pitulasan!'
'Lha enggih! Boten siyos sepéḍa jèngki, malah Honda bèbèk, nggih èm-té-té, bu!' kanḍané Gaṭot karo jogèdan.
'Uuh, duwéa ḍuwit satus èwu, angur nggo gawé omah témbok, sing kuwat tur resik, ora omah geḍèg pating keṭekrek kaya ngéné iki, Ṭot. Cah ndésa, dalané ora ana sing alus baé, kepéngin Yamaha!' kanḍané ibuné karo mecucu.
'Lho, lha kok ganti ngrembug omah? Ora sida wayangan ta, bu?' pita-

konku karo ngguyu cekikikan. Sajaké ibuné kèlingan olèhé mentas megap-megap nyaur utang, ḍèk tetesé Santi kaé. Mula wangsulané banjur empuk:
'Lha ya ora kudu wayangan. Nanging barèsé baé aku kurang seneng nèk Gaṭot ditetakaké ing pitulasan kuwi. Ora kétang cilik-cilikan, ngundang bong, dibancaki lan ditetakaké ḍéwé kok, pakné!'
'Yèn karepmu kukuh kudu ngono, aku ora bisa meksa, bu. Lha wong ya anak, anaké wong loro. Ning barès baé aku ora bisa golèk utangan manèh lho, bu. Tur mumpung bar pitulasan sésuk kuwi Gaṭot sekolahé libur, apiké ya mèlu ngrahabi pitulasan kuwi. Libur kwartalan ta, Ṭot?'
'Enggih. Tur kula langkung seneng nèk supit ten pitulasan niku, bu. Kancané akèh. Tur diramèkaké mawi tari-tarian moḍèrn, sandiwara daérah, kalih keṭoprak barang ta, bu.'
'Ora mung kuwi. Isih éntuk sarung karo hèm gratis, Ṭot,' sambungé mbakyuné.

Bareng digrudug rembug anaké loro, ibuné malah banjur meneng baé. Mula pitakoné: 'Piyé? Soré iki mengko bocahé kudu ukur, arep dijaitaké hèm jaré. Dadi mengko soré kudu wis positip. Nèk tetep arep ditetakaké ḍéwé, mengko ora sah nḍaptaraké. Ning nèk oké, sampéyan setuju mèlu supitan nèng pitulasan iki, mengko kudu nḍaptaraké, dadi sésuk nèk grès Gaṭot bèn olèh seragam.'

Sirku, banjur arep dak-blakakaké yèn sajatiné anané khitanan umum ing pèngetan pitulasan kang didadèkaké siji karo bersih désa iku, kabèh-kabèh marga usulku. Ana ing rapat Lembaga Sosial Désa Asem Ḍoyong kepungkur iki aku usul: supaya pèngetan pitulasan lan bersih désa mengko ana tabeté kang mumpangati tumrap penḍuḍuk Asem Ḍoyong, prayoga dianakaké khitanan umum. Khitanan umum iki kelebu tetesan kanggo bocah-bocah wadon. Yèn usul iki bisa ditampa, aku saguh arep nḍaptaraké anakku Gaṭot. Mula bareng diputus khitanan umum bakal dileksanani, sidané aku sing nḍaptaraké ḍisik ḍéwé, kanṭi caṭetan:
'Nanging kuwi mau yèn bocahé gelem lan ibuné nyarujuki, lho!'
Malah babar pisan aku sing didadèkaké ketua sèksi khitanan umum mau. Kadudut olèhku nḍisiki nḍaptaraké Gaṭot iku, banjur akèh sedulur-sedulur ing Asem Ḍoyong kang nḍaptaraké anaké lanang utawa wadon, mèlu khitanan umum, supitan utawa tetesan.

'Aku ya arep nḍaptaraké anakku, ah! Nyatané ngirit tenan, praktis tur cocog karo dina geḍé sing dipèngeti kok. Liré pikiran lan pangrasané wong saiki wis bisa mardika saka cancangan traḍisi kang mbeborosi, dileksanani ana ing dina pèngetan Proklamasi Kamardikan. Maṭis banget! Pak Harja, sing mantri guru baé, nḍaptaraké putrané kok. Aku wis

ora perlu isan-isin barang!' Mangkono rerasané wong-wong, miturut lapurané pemuḍa-pemuḍa sing paḍa mideraké sèrkulèr utawa sing dak-rungu ḍéwé. Lan ya kuwi sing arep dak-critakaké marang ibuné Santi. Nanging, durung nganti kawetu, kapunggel ana pemuḍa teka, nariki urunan pitulasan.

'Lho, awaké ḍéwé durung pasok ta, bu? Dina iki entèk-entèkané pasokan, jaré!' anggonku opyak, kagèt. 'Dak-arani wis pasok wingi-wingi.'
'Durung. Ḍèk embèn nak Sarpan iki mréné, dak-semayani jaré.'
'Hi hi hiiik! Géné pasokan sèket rupiah baé disemayani! Kaṭik mau sajak sumugih-sugih!' anggonku melèhaké ibuné. Bocah-bocah, Santi, Gaṭot lan Sarpan paḍa mèlu mèsem. Ibuné ya katut mèsem kecut.
'Hus! Barang ora apik kok dikanḍak-kanḍakaké, ya Pan ya?' tumanggapé ibuné, sajak rikuh. Sing nḍaptaraké khitanan umum sapa baé, Pan?'
'Mboten apil, bu. Rak pak Harja ta ingkang pirsa? Bu Harja kok malah ndangu kula, ta?'
'O, iya ta?'
Ibuné Santi sajak kagèt, nanging banjur bisa nyandiwara:
'Lha ning bapakmu malah durung ngerti komplité ngono kok. Rak tutupané iki mengko ta? Olèhku takon kowé ki, kowé sing tukang mubeng, nèk wis ngerti.'
'Inkang ceṭa Sarpin, ugi Sarijah, aḍi-aḍi kula piyambak, bu. Simbok pancènipun boten setuju, nanging sareng ngertos manawi ḍik Gaṭot, putranipun pak Harja, ugi dipunḍaptaraken, simbok lajeng setuju.'
'Upama Gaṭot ora sida?'
Ibuné takon mangkono, bok-manawa marga kagèt kok konḍangé jebul Gaṭot wis keḍaptar.
'Lho, punapa ḍik Gaṭot boten èstu ta, bu?'
Sarpan kagèt.
'Ibu boten marengaken punapa?'
'Kuwi mung upama kok, Pan. Tur nèk aku ki rak monat-manut baé. Purba wasésa rak bapakmu kuwi!' wangsulané ibuné bocah-bocah karo nglirik aku.

Saungkuré Sarpan, aku banjur nanjihaké marang ibuné bocah-bocah: 'Njur piyé, bu? Beneré Gaṭot rak wis dak-ḍaptar, nanging isih janggelan. Dicabut ora?'

Minangka wong lanang sing ngetutaké bojo, aku kerep ngalahi, ngrumangsani mau-mauné: gliḍig kecanṭol.

'Nèk sing ngurus jebul sampéyan, mangka sing usul uga sampéyan, ya wis aja dicorèk, pakné!' putusané éklas, ora kapeksa.

'Sokur ta nèk ngono, bu! Dadi aku ora banjur konḍang dadi Citraksi. Lha wong aku sing ngusulaké, lha kok arep ora mèlu ngrahabi!'

Aku banjur ngetokaké bloknot, macakaké jenengé bocah-bocah sing bakal mèlu khitanan umum. Kabèh ana rolas, lanang pitu kepétung Gaṭot, wadon lima.

'Ayo Ṭot, nḍèrèk nèng dalemé pak ḍukuh: ukur!'

Aku karo Gaṭot buḍal.

Suhardjéndra
(in: Mekar Sari no. 13, September 1971).

53
IBU

Ibu, ḍèk bengi aku ketemu
karo kenya sing tau ngrebut atiku.
Ibu, ḍèk bengi aku papagan
karo prawan sing tau dak-jak gojègan.
Ibu, wiwit kuwi aku tansah kèlingan
karo kenya sing tau dak-jak kenalan.
Ibu, saya suwé èsemé njiret atiku,
piyé, Ibu, umpama bocah kaé dipèk mantu?
apa Ibu wis kersa kagungan mantu?

Mas Tok
(in: Panyebar Semangat no. 47, November 1973).

54
SEJARAHÉ KEṬOPRAK ING NGAYOGYAKARTA

Keṭoprak mujudaké tontonan kang disenengi déning rakyat Jawa Tengah, mliginé rakyat Ngayogyakarta. Éwadéné ing wektu samengko wis ora asli manèh kaya duk nalika madeg sapisanan ing kuṭa Ngayogyakarta, nanging wis ngalami owah-owahan kacunḍukaké karo kemajuaning jaman.

Mula-bukané ana tontonan utawa kagunan Jawa sing diarani keṭoprak lan sapa sing ngripta akèh sing paḍa ora mangerti. Nanging sing ceṭa manut sejarahé keṭoprak mono sejatiné dudu asli Ngayogya, nanging asalé saka ḍaérah Surakarta. Embuh saka apa suwé-suwé keṭoprak dadi kagunan Ngayogyakarta kang disenengi déning masyarakat.

Wiwitané keṭoprak saka Sala mau mlebu kuṭa Ngayogyakarta ya-iku nalika taun 1926. Ana kumpulan keṭoprak saka Sala jenengé 'Madya Tama', main ana Balapan (Demangan). Keṭoprak iki sing sapisanan mlebu kuṭa Ngayogyakarta. Mula bakda iku masyarakat Ngayogya nyumurupi tontonan sing diarani keṭoprak.

Wujudé keṭoprak mono ora kaya saiki, durung nganggo gamelan komplit apa manèh sanḍangan kang manéka warna. Wektu samana keṭoprak isih nganggo tabuhan lesung (piranti nutu pari), suling, terbang lan kenḍang. Mula keṭoprak Madya Tama mau karan uga 'keṭoprak lesung'. Wiramané muni: ḍung ... ḍung ... prak ... prak (pating keṭoprak). Jaréné tembung keṭoprak mau asalé ya saka wiramané gamelan sing pating keṭoprak mau. Paragané kabèh priya lan durung akèh kaya saiki. Mula banjur main rangkep (lanang dadi wadon). Para paraga kudu njogèd ḍisik sadurungé jejeran. Sikepé: tangané sisih tengen karo ngetokaké jempol disèlèhaké ana ngisor ḍaḍa, banjur tangané kiwa ana mburi ngisor geger, karo ngobahaké ḍaḍa. Gamelan lesung ora nganggo pesinḍèn utawa ora nganggo genḍing. Mung baé para paraga kudu nembang ana ing adegan-adegan kang wis katemtokaké. Upamané yèn ana paraga priya sing lagi gandrung karo sawijining wanita, nembang macapat sinom Parijaṭa, malah sok-sok nganggo tembang lagu keroncong Morisco. Genḍing-genḍing sing sok ditembangaké umumé genḍing-genḍing macapat kaya ta durma, mijil, maskumambang, megatruh, sinom lsp. Lakoné keṭoprak lesung isih prasaja banget, kerep-kerepé nju-

puk saka dongèng-dongèng. Sanḍangané samono uga, durung kalarasaké karo critané.

Tumrap masyarakat Ngayogyakarta sing lagi sapisanan nonton keṭoprak, tontonan mau narik kawigatèn lan mujudaké tontonan kang nengsemaké. Suwé-suwé masyarakat Ngayogyakarta paḍa seneng keṭoprak, temahan tiru-tiru ada-ada gawé kumpulan keṭoprak ḍéwé. Mula banjur akèh kumpulan-kumpulan keṭoprak sing madeg, embuh kuwi professional utawa amatir. Salah sijiné kumpulan keṭoprak amatir sing konḍang ya-iku keṭoprak lesung kampung Sasramenduran sing dipimpin déning Mochtar. Wargané madeg saka bocah-bocah umur 12-16 taun, kabèh priya. Tabuhané ya paḍa karo Madya Tama, mung baé ditambah gitar, viol lan manḍolin. Sanḍangané rada apik manèh, nganggo bahan sing diarani satijn lan dilarasaké karo critané. Dadi ora mung waton nyanḍang baé. Pemain-pemain keṭoprak Sasramenduran sing konḍang yakuwi: Gus Pri, Wagimin, Soma Maksum, R. M. Suwardi, R. M. Sukardi lsp. Keṭoprak Sasramenduran suwé-suwé pecah, amarga ana wargané sing metu ngedegaké kumpulan ḍéwé sing sipaté professional, ing antarané keṭoprak sing dipimpin déning Prawiralasa. Keṭoprak iki main tetep ana Kertanadèn, malah tau main menyang luar ḍaérah. Pakumpulan iki nganakaké owah-owahan. Tabuhané ora mung lesung, suling, terbang lan kenḍang ṭok, nanging malah ditambah gamelan komplit.

Wiwit taun 1927 dianani keṭoprak sing nganggo gamelan. Nanging lesung durung ilang babar pisan, dadi gamelan dicampur lesung. Mula wektu iku mujudaké wektu transisi (peralihan) antarané keṭoprak lesung lan keṭoprak gamelan. Taun 1928 lesung diilangi babar pisan, kari gamelané ṭok. Amarga kemajuané jaman njalari owah-owahan ing babagan sanḍangan, sanḍangané luwih maju nganggo satijn lan panganggoné dilarasaké karo critané. Upamané yèn critané saka Babad Demak, sanḍangané ya nganggo cara Kejawèn, yèn crita Arab ya nganggo jubah-jubah lsp. Jogèdé uga diowahi, diarani jogèd kambeng, katindakaké nalika arep miwiti jejeran. Sawisé keṭoprak lesung kaḍesuk déning keṭoprak gamelan, keṭoprak iki sing kerep dipitontonaké.

Kejaba iku ana owah-owahan ing babagan lakon. Wong-wong wis wiwit mikir, menawa crita kudu dipilih sing mranani ati supaya disenengi déning publik. Éwa semono Pamaréntah Kolonial nganakaké larangan yèn ta keṭoprak ora kena njupuk crita-crita sing asalé saka Babad Demak tekan Mataram, kanṭi alesan isih ana sesambungané karo kulawarga Kraton Ngayogyakarta. Dikuwatiraké bisa natoni panggalihé kulawarga Kraton.

Taun 1930-an ana kréasi anyar njupuk crita-crita sing asalé saka nja-

ban Indonesia, kaya ta crita-crita Cina, umpamané Si Jin Kui (Jaka Sudira), crita Ménak, crita Nabi-Nabi lsp. Nalika samana uga diadani budi-daya ngimpun lakon-lakon keṭoprak awujud crita-crita karangan utawa njupuk saka babad-babad lan sumber-sumber liyané, kaya kang katindakaké déning Sdl. Prawirasana. Ḍèwèké duwé panemu, manawa lakon keṭoprak kudu ana unsur-unsur romance (adegan andon katresnan antarané priya lan wanita) lan paprangan, awit crita-crita mangkéné iki sing banget mranani lan nengsemaké atiné masyarakat. Mula saben bengi keṭoprak mesṭi nyuguhaké lakon-lakon sing ngandut unsur-unsur mau.

Keṭoprak sing konḍang ḍéwé wektu iku ya-iku keṭoprak Kriḍa Muḍa (saka kampung Kertanadèn), Kriḍa Mulya (Mangkukusuman) lan Beksa Madya (Jaganegaran). Bab lakoning keṭoprak, kaya sing dak-aturaké nḍuwur mau, pranyata ana gèsèhing panemu antarané kumpulan siji lan sijiné.

Pemain-pemain keṭoprak Kriḍa Muḍa Kertanadèn sing konḍang éngga sepréné kaya ta Glinḍing, Atmakara, Basiya lan swargi Cakrajiya.

Nalika taun 1938 déning swargi R. Ripta, pemimpin Sandiwara Keṭoprak 'Warga', karipta keṭoprak sing ora nganggo jogèd. Ciri-cirining keṭoprak manut panemuné 'Warga' iki: pemain ora perlu njogèd, pemain nembang ing adegan kang wis katemtokaké, nganggo keprak, gamelan lan migunakaké ḍékorasi moḍèrn. Lakon keṭoprak bisa njupuk saka ngendi baé. Karana saka iku sanḍangané kudu cocog karo critané, ora mung waton baé. Paraga wanita ora katindakaké déning priya manèh, nanging wanita temenan. Lan manèh sing dadi ciriné keṭoprak éngga sepréné ya-iku: pocapan (antawacana) ora nganggo tèks, nanging katindakaké improvisasi; karepé pemain mardika gawé pocapan ḍéwé-ḍéwé, waton ora nyimpang saka wates-wates kang wis katemtokaké.

Keṭoprak moḍèrn iki ngrembaka ana ing jaman Jepang. Jalaran keṭoprak mujudaké tontonan kang disenengi déning masyarakat, keṭoprak nggentèni kalungguhané film. Masyarakat bosen nonton film, sing critané mung kuwa-kuwi baé. Kaya déné bahan publikasi liyané, keṭoprak ora luput saka sènsor Jepang. Sanadyan ana sikap pro lan kontra marang iḍé-iḍéné R. Ripta, éwa semono banjur diconto déning kumpulan-kumpulan keṭoprak liyané. Taun 1946 keṭoprak 'Warga' bubar, nanging iḍé-iḍéné awujud owah-owahan ciri-ciri keṭoprak kaya sing dak-aturaké nḍuwur mau tetep diterusaké lan éngga sepréné isih dilestarèkaké.

Keṭoprak lesung kang katoné kuna manut ukuran jaman saiki, marga instrumèné wis ora njamani manèh, éwadéné isih ana sing gelem memetri lan ngopèni lan malah saiki nedya nguripaké manèh, amrih di-

sumurupi déning masyarakat samengko, luwih-luwih générasi muḍané sing wis ora menangi nonton keṭoprak jaman biyèn.

Yèn katindakaké ing padésan kiraku luwih cocog, amarga sipaté sing praktis lan murah. Ora perlu répot-répot golèk lesung, amarga saben désa meṣṭi ana, ditambah tabuhan liyané. Lan manawa kita cunḍukaké karo kahanan ing padésan, kang sok kurang panglipur, ana apiké keṭoprak lesung iki diuripaké manèh. Wujudé prasaja baé, sanḍangané ora perlu apik-apik. Sing wigati critané bisa nglipur atiné masyarakat padésan.

Perlu kawuningan yèn keṭoprak lesung Kriḍa Madya mujudaké sijiné kang isih ana ing kuṭa Ngayogyakarta. Mula ora ana alané yèn bebadan-bebadan kang nduwèni jejibahan memetri lan mekaraké kagunan Jawa mèlu-mèlu cawé-cawé nguripaké keṭoprak lesung iki, saora-orané migatèkaké, karebèn ora ilang babar pisan kasilep déning jaman. Iki ora ateges kita bali ana jaman kuna manèh. Malah uga ana apiké yèn didadèkaké tontonan kang disuguhaké marang wisatawan-wisatawan manca kang teka ana kuṭa Ngayogyakarta.

Asti Dipodiningrat
(in: Mekar Sari no. 15, October 1972).

55

JAKA TINGKIR

(*gamelan*)

Gérongan: (asmarandana)
Sowanira, kakang patih,
muwah sagung narapraja,
apa tan ana bédané?
Aturna ingkang tarwaca!
Dalem munjuk, Sri Naréndra,
narapraja sowan ngarsu,
sembah bekti, tan lowonga.

Sultan: Ingsun tampa sira ngunjukaké sembah pangabekti. Ora luwih puja pengèstuningsun sira-tampani, kakang.

Patih: Sanget dalem-punḍi, Sinuwun.

Sultan: Semono uga ni Mbok Ratu, paḍa becik marakira ana ngarsaningsun kéné?

Mbok Ratu: Pangèstu-dalem. Nyaosaken sembah pangabekti, Sinuwun.

Sultan: Iya. Nini Ratu Kambang, endi kadang-kadangira, ora nḍèrèk pisowanan ana ngarsaningsun kéné?

R. Kambang: Nyuwun pangapunten-dalem, rama ...

Sultan: Iya?

R. Kambang: ... bilih pisowanan dinten menika sesarengan kaliyan sinau. Ibu sampun marengaken bilih sadaya para kadang mboten nḍèrèk pisowanan, rama.

Sultan: Ingsun mangayu bagya déné para kadangira nengenaké nggoning paḍa sinau. Ni Mbok Ratu, aja nganti putraningsun ing kono manut grubyug kang ora becik kadadéhané. Déné bab ananing pisowanan iki ora liya kuwajibané para narapraja, ni Mbok Ratu.

Mbok Ratu: Nuwun. Nalika samanten ingkeng putra nyuwun priksa ...

Sultan: Iya?

Mbok Ratu: ... 'Kula menika nḍèrèk pisowanan punapa sinau, ibu?' lajeng kula ngendikani: 'Iya, yèn pancèn ora bebarengan sinau, beciké kowé nḍèrèk sowan, awit kowé putraning ratu, kudu mangerti tata-caraning olah kaprajan.

Nanging, rèhning kowé kabèh isih sinau, lan bebarengan, mulané kowé ya kudu ngèstokaké anggonmu sinau, ya nggèr.'

Sultan: Lan sira, Ratu Kambang, ora mèlu sinau? Kenèng apa ndèrèk pisowanan?

Mbok Ratu: O, mila manawi ingkang putra satunggal menika pancèn angèl, Sinuwun.

Sultan: Heh, heh, heh! Hm!

R. Kambang: Adalem kepéngin sumerep menapa wonten prajurit utawi narapraja ingkang énggal, rama. Kula mireng manawi rama dawuh ngupadi prajurit-prajurit ingkang pengpengan, rama.

Sultan: Iya, nini Ratu, ingsun mèh kesupèn.
Kakang Patih . . . Wanasalam!

Patih: Kula.

Sultan: Pisowanan kang kepungkur sira ingsun-dawuhi. Apa wus sira-tindakaké, kakang Patih?

Patih: Munjuk ngarsa-dalem, Sinuwun . . .

Sultan: Iya?

Patih: . . . para narapraja manggalaning prajurit tansah ngupadi prajurit minangka ngleksanani pamundutipun ingkeng Sinuwun, nanging ngantos mbludag ing alun-alun kepeksa dèrèng wonten ingkang nocogi penggalihipun ingkeng Sinuwun.

Sultan: Ingsun ora ngersakaké bab cacahing prajurit. Kang wigati ora liya kawegigané lan kasektèné, kakang Patih.

Patih: Lo . . . wèh . . . di! Saiki bupati kang . . . kapatah nganakaké pacoban, coba matura nèng ngarsané ingkeng Sinuwun!

Bupati: Sendika, rekyana Patih.
Sembah sungkem kula konjuk ngersa-dalem, Sinuwun.

Sultan: Iya.

Bupati: Abdidalem, kula, bupati ingkeng kapatah ngewontenaken pacobèn, ngaturaken pelaporan bilih nèmnèman ingkang nglebeti prajurit dèrèng wonten ingkang ketingal prigel olah dedamel, menapa malih sekti, Sinuwun.

Sultan: Tetéla. Apa sira arep nyebar para narapraja meduné marang Tamtama supaya antuk nomnoman kang pinunjul?

Tumenggung: Ingkeng abdi dèrèng nampi dawuh, mila inggih namung

ngawontenaken pacobèn wonten kagungan-dalem alun-alun, gusti.

Sultan: Kakang Patih, kaya wus ingsun ḍawuhaké nalika pisowanan kang kepungkur, supaya kahanan ing Demak énggala wuwuh prajurité, kakang Patih.

Patih: Nyaḍong deduka, ingkeng Sinuwun . . .

Sultan: Iya.

Patih: Bab ngupadi nèmnèman ingkang linangkung menika, baḍé kula tindakaken. Mbokbilih ing mangké mboten wonten nèmnèman ingkang pinunjul wonten ing pacobèn menika, Sinuwun.

Sultan: Yèn mengkono meṣti kesuwèn, kakang Patih, lan tangèh lamun, menawa ana salah sewijining nomnoman kang sekti, njur mamèraké, ngumukaké, yèn ora salah sewijining narapraja meḍuné Tamtama gelem nekani ana papan pedunungané, kakang.

Patih: Menawi mekaten, samenika baḍé kula ḍawuhaken amrih nyebar narapraja ngupadi nèmnèman ingkang linangkung, Sinuwun.

Sultan: Iya. Aja nganti kesuwèn, kakang Patih. Ing Demak mbutuhaké wong kang kena pinitaya, kakang.

Patih: Mekaten.
Hé, bupati! Tumenggung!

Bupati: Kula!

Tumenggung: Kula!

Patih: Saiki disebar, nitipriksa ing padésan utawa ngendi waé wilayah praja nDemak, perlu ngupadi nomnoman kang pinunjul.

Bupati: Sendika, rekyana Patih. Bupati Yudapamenang baḍé nindakaken ḍawuh.

Tumenggung: Semanten ugi kula, Tumenggung Surayuda, baḍé nindakaken ḍawuh dalem, rekyana Patih.

Sultan: Iya. Coba, kakang Patih, sak-jengkaringsun ingsun-parengaké mbubarké pisowanan iki, kakang Patih.

Patih: Mangèstokaken ḍawuh-dalem.
Ayo, ca buḍalan, ca!

(*gamelan / sinḍènan*)

Panggah: Mlaku ki ya mlaku, aja nunjang-nunjang ta, Nggih!

Nyai Ageng: É é é é! Kuwi ana apa kok pating krenggos kuwi? Nganti kaya dioyak-oyak karo kéwan galak. Angger wayah tengangé paḍa agé-agé mulih. Njur sing megawé nèng sawah apa ya mulih pa?

Panggah: Kowé ndang matura, Nggih!

Panggih: Heh heh! Anèh. Nyai Ageng niku anèh.

Nyai Ageng: Anèhé piyé?

Panggih: Lah wong srengéngéné pun teng nḍuwur leres, kok mboten angsal mulih niku pripun?

Panggah: Lah wong kowé ki nèk matur kok meṣṭi ... clemongan kaya ngono. Ora nana ... srengéngé ki saba ngisor, meṣṭi nang ḍuwur.

Panggih: Ha, nang ngisor nèh ṭoṭol pitik.

Panggah: Heeeh, clemongan!

Nyai Ageng: Heh, terus ming paḍa arep mangan ta kuwi? Iya ta? Ha, njur momonganmu nèng endi saiki?

Panggih: Hé, sinten? Gus Karèbèt ngoten napa?

Nyai Ageng: He-eh.

Panggih: Wèh, ngentèni gus Karèbèt, mbok tigang dinten tigang ndalu kiyat mawon boten klebetan napa-napa.

Panggah: Ha ya wong ... kliwat saking olèhku ngoyak-oyak ngejak mulih, wetengku selak ngelih.

Nyai Ageng: Hah, wong nyatané kowé nèk diunèkké kaliren ming moh. Wong kowé wong loro ki malah anèh. Sing momong karo sing diemong malah kosok-balèn. Sing momong paḍa ora betah ngelih, sing diemong betahé ngelih ora jamak.

Panggih: Oh, he-eh. Nyai Ageng!

Nyai Ageng: He-eh?

Panggih: Mila kula kalih Panggah niku mulih ḍisik niku, mangké nèk mpun nyarap, lah niku rak ... bali malih momong gus Karèbèt.

Nyai Ageng: Hmm, dadi ...

Panggah: Kowé kuwi ora ana liya sing tok-omongké kok mung pangan waé ta, Nggih.

Nyai Ageng: Orak! Dadi nèk ngono momonganmu ra tok-aturi kondur, malah njur saiki kowé ming karepmu ḍéwé, ora mikir ta?

Panggih: Kliwat saking, Nyai Ageng, lèh kula ngejak mulih niku, malah sajaké ngoso, hé, kalih kula.

Panggah: Ngoso piyé?

Panggih: 'Kowé nèk pancèn arep bali ndang balia kana! Aku ra

butuh tok-tutké.' Cobi, nyerikké mboten?

Nyai Ageng: Heh! He-eh, ya pancèn bener. Momonganmu Kerèbèt ki bocah sing béda karo liya-liyané kok, Panggih Panggah. Anggeré wis turut kali, turut alas, wis ora mikir ngelak-ngelih. Ḍèwèké ki pancèn geḍé prihatiné kok. Mula kanggoné nomnoman sak-Tingkir kéné ya ora nana sing maḍani karo momonganmu kuwi.

Panggih: Heh, pancèn leres Nyai Ageng ngoten niku. Kalih malih Nyai Ageng niku nggih boten luput lé maringi julukan asma gus Kerèbèt niku 'Jaka Tingkir'.

Panggah: Pancèn bener, pancèn bener, Nggih, sing diarani 'kacang ora ninggal lanjaran'. Jaman . . . ramané rak ya gentur . . . tapané mempeng ta?

Panggih: Napa nggih, Nyai?

Nyai Ageng: He-eh, he-eh! Pancèn ya bener. Aḍi Kebo Kenanga ya Kyai Pengging kuwi, sing nurunaké Krèbèt, ki pancèn wong dudu sebaéné, ngono. Sak-sedulur ya, ki pancèn nggeḍèkaké marang tapané, nggenturké tapa ngono ḍèwèké kuwi . . .

Panggah: Éé . . .

Nyai Ageng: . . . mula sak-sédané aḍi Pengging, iki njur si Tingkir tak-opèni, ngono, tak-emong kaya anakku ḍéwé, bèn supaya dadi bocah sing pinunjul. Ha iya ta?

Panggah: Oooh . . .

Nyai Ageng: Hé hé! St st! Galo kaé!

Panggah: Ha, rak malah bali ḍéwé kaé ta, Nggih!

(*gamelan*)

Nyai Ageng: Karèbèt, ana apa ta kowé kuwi, lé, hè? Kok lèhé krenggosan kuwi. Kéné, lingguh kéné! Ha, ngasokké awaké ḍisik. Kéné! Kéné! Kéné!

Panggah: Gus, majeng mawon! Mula niku, nèk pun krasa ngelih niku, mbok mulih wau-wau!

Panggih: Majeng majeng, midak aku! Wong ngelih-ngelih!

Nyai Ageng: Ana apa ta, lé? Kéné ta, lingguh kéné ḍisik! Ana apa?

Tingkir: Injih, ibu. Kula nyuwun pangapunten, ibu. Nembé kémawon kula menika sumerep kawontenan ingkang nganèh-anèhi, bu.

Nyai Ageng: Hè, nganèh-anèhi piyé, nggèr?

Tingkir: Nalika kula nyabrang wonten lèpèn, ibu, dumadakan wonten priyantun ingkang ageng inggil, agemanipun sarwa wulung. Priyantun menika lajeng paring ḍawuh ḍateng kula, ibu, amrih kula énggal-énggal suwita ḍateng negari nDemak, awit nDemak mbetahken tenaganing para muḍa, ibu.

Nyai Ageng: Lah wong kuwi sapa? Apa kowé ora takon? Sapa jenengé lan ngendi papan dunungé ta, lé?

Tingkir: Nembé kémawon kula baḍé nyuwun présa sinten priyantun menika, ibu, kok lajeng ical mboten kantenan. Lan kula rumaos ajrih, ibu, sak-icalipun priyantun menika, ibu.

Panggah: Medèni ya, Nggih?

Nyai Ageng: Oh ... yèn ngono kuwi sawijining wangsit. Kuwi wangsit, nggèr, Tingkir. Aḍuh, beja kemayangan, nggèr, kowé antuk wangsit. Yèn priyantuné gagah geḍé ḍuwur, lan menganggo sarwa wulung, apa iya ... kuwi kanjeng Sunan Kalijaga. Tak-kira iya, nggèr, kanjeng Sunan Kalijaga. Ya wis. Yèn ngono, kowé énggal-énggal suwitaa menyang praja nDemak, ya nggèr, ya!

Tingkir: Suwita ḍateng negari nDemak?

Nyai Ageng: He-eh.

Tingkir: Kula dèrèng ngertos marginipun, ibu. Lan kadospundi caranipun ing mangké yèn kula suwita, ibu?

Nyai Ageng: Ngéné, Tingkir. Aku rak duwé sedulur enom, ya-kuwi kang suwita ing praja nDemak, dadi lurah Suranata, asmané ki Ganjur. Kowé tak-pasrahaké menyang pamanmu ki Ganjur kuwi. Mengko, meṣtiné bakal dipernahaké kowé karo pamanmu kuwi, lé.

Tingkir: Yèn mekaten keleresan, ibu. Nanging ... kadospundi anggèn kula baḍé matur ḍateng paman Ganjur, ibu?

Nyai Ageng: Lah bèn diḍèrèkké karo si Panggah Panggih kuwi ta.

Tingkir: O, injih.

Nyai Ageng: He-eh, nèk pamanmu Ganjur wis ngerti marang wong loro kuwi.
Éh, Panggah Panggih!

Panggah, Panggih: Kula!

Nyai Ageng: Ḍèrèkna lan pasrahna ya, nèng ngarsané ...

Panggah: O, ngaten. Nun inggih.

Ayo, Nggih, nggawa sangu sing rada okèh!

Nyai Ageng: Ra sumelang. Ngko, njupuka, kana wis tak-cepaki! Kana!

Panggah: Ha inggih.
Kupat lo, Nggih, kupat!

(*gamelan / sinḍènan*)

Prajurit: Minggir! Minggir! Minggir! Minggir! Minggir!

Bupati: Minggir! Minggir, ca! Minggir! Seḍéla menèh ingkang Sinuwun teḍak ana ing Suranatan. Lo, iki lurah Suranata malah nggawa bocah nomnoman?

Ki Ganjur: Inggih, kanjeng Bupati. Menika anak kepénakan kula, putranipun mbakyu Nyai Ageng Tingkir, ingkang nembé kémawon ḍateng saking Tingkir. Malah menawi wonten kepareng-dalem kanjeng Sultan baḍé nḍèrèk ngabdi ḍateng praja nDemak, kanjeng.

Tumenggung: Lo, kuwi ming arep nḍèrèk ngabdi apa arep ngleboni dadi perjurit, hè?

Ki Ganjur: Inggih. Menawi kepareng baḍé nglebeti dados prajurit.

Tumenggung: Oooo!

Ki Ganjur: Déné menawi mboten kepareng injih nḍèrèk dados abdidalem, kapatah menapa kémawon sendika nglampahi, ki Tumenggung.

Bupati: Nèk dadi prajurit isih kenomen. Lan apa ya bisa? Dedegé ora kaya dedeging prajurit, kalusen nèk dadi prajurit.

Tumenggung: Heh, éman-éman bagusé! Cah désa Tingkir kok bagus. Kuwi anakmu tenan ta, hè, ki Ganjur?

Ki Ganjur: Inggih, ki Tumenggung. Sinaosa mekaten, menapa kémawon nḍèrèk, uger saged dados abdidalem wonten praja nDemak, rak ya ta, nggèr, Tingkir?

Tingkir: Inggih, paman. Dipun-ḍawuhi menapa kémawon sagah, sendika.

. . . . . [genḍing Monggang] . . . . . .

Ki Ganjur: Kéné kéné, nggèr!

Prajurit: Minggir! Minggir! Minggir!

Ki Ganjur: Tingkir, kowé aja ana kono! Kuwi mengko kanggo teḍak sang Nata. Kéné, minggir kéné! Aja nèng ndalan ta, nggèr!

Tingkir: Inggih. Sampun wonten ngriki kémawon, paman.

Bupati: É, aja éntuk ana kono, ki lurah Ganjur! Kuwi mengko kagem teḍak ingkang Sinuwun.

Ki Ganjur: Kaé, ingkang Sinuwun wis rawuh!

Bupati: Kana! Minggir sawétaning blumbang kana!

Ki Ganjur: Kéné, nggèr!

Tumenggung: Priyé? Ponakanmu ki kepriyé? Digèrèd! Digèrèd ana wétan blumbang!

. . . . . [genḍing Playon] . . . . . .

Sultan: Lo, lo, lo, lo! Ana bocah nomnoman, cukat, trampil . . . mlumpat blumbang semono ambané kanṭi mungkur. Sapa, kakang Patih?

Patih: Dalem dèrèng naté sumerep nèmnèman menika, Sinuwun. É, Bupati Yudapamenang, sapa bocah nomnoman sing pinter mlumpat blumbang kanṭi mungkur kuwi?

Bupati: Menika anak kepénakanipun lurah Suranata, rekyana Patih.

Sultan: Kakang Patih! Ingsun kepranan, kakang Patih. Coba timbalana, supaya ngaḍep ana ngarepaku kéné, kakang.

Tumenggung: É, ki Ganjur! Kuwi, ponakanmu, kon maju! Diḍawuhi sowan ngono kok.

Ki Ganjur: Inggih, ki Tumenggung.
Ayo, nggèr, sowan!

Tingkir: Inggih.

Tumenggung: Nyembah!

Tingkir: Inggih, inggih.

Tumenggung: Nḍoḍok, nḍoḍok!

Tingkir: Inggih.

Ki Ganjur: Sinuwun, menika anak kepénakan dalem, sangking nḍusun Tingkir, baḍé nḍèrèk suwita ḍateng praja nDemak, Sinuwun.

Sultan: Hm! Bener kowé arep suwita ana ing Demak?

Tingkir: Inggih, Sinuwun. Dalem kepéngin suwita wonten negari nDemak, Sinuwun.

Sultan: Aku kepranan karo kowé. Jenengmu sapa?

Tingkir: Jaka Tingkir, Sinuwun.

Sultan: Tingkir?

Tingkir: Inggih.

Sultan: Coba, aku kepéngin sumurup, kaya ngapa kowé mlumpat sepisan menèh kaya mau.

Tingkir: Inggih, sendika.

. . . . . [gending Playon] . . . . . .

Tumenggung: É, é, é, bagus tenan!
Sultan: Mèmper, mèmper!
Kakang Patih!
Patih: Kula.
Sultan: Tetéla marem rasaning penggalihku. Pantes iki dadi perjurit ana ing Demak, kakang Patih. Nanging sadurungé aku kepéngin nyoba marang katyasaning bocah kuwi. Mula sésuk kapinujon aku arep mbedag pikat. Supaya dawuhana bocah kuwi ndèrèk karo aku ya.
Patih: Nun inggih, sendika, Sinuwun.
Hé, Jaka Tingkir!
Tingkir: Kula.
Patih: Sésuk, kowé kepareng ndèrèk ingkang Sinuwun mbedag pikat ya!
Tingkir: Sendika, ngèstokaken dawuh, rekyana Patih.
Patih: Wis. Saiki tata-tata, tedak ing Suranatan. Ayo, ca!
Mangga, Sinuwun, kula dèrèkaken.
Sultan: Ya, kakang Patih.
Patih: Nun inggih, nun inggih.
Sultan: Aja lali, kakang Patih, supaya ndèrèk temenan ya, kakang Patih!

(*gamelan / sindènan*)

R. Kambang: Rama! Rama! Sampun wanci siyang mekaten, dèrèng wonten sato kéwan ingkang saged kecepeng njih, rama.
Sultan: Nini putri, mula suk menèh yèn rama tindak mbedag pikat, kowé ora perlu mèlu, sato kéwan pada wedi.
R. Kambang: Menapa injih, rama? Tiyang sato kéwan kok ajrih kaliyan satunggiling wanita, rama.
Sultan: Hm! Ah ya, kowé ora ngrumangsani. Kadang-kadangmu isih ana kraton, lah kowé kok malah ndèrèk aku.
R. Kambang: Adalem kepéngin saged mbebedag, rama. Kula mireng pawartos menawi rama kagungan prajurit énggal, rama. Lah menika dipun-cobi, rama.
Sultan: Èh-èh, bocah ki! Ya, pancèn nyata, aku niyat arep nyoba katyasané.

Wong akèh: Ho hèh ho ho hèh!

Sultan: Kakang Patih, kepriyé ki? Wong semono akèhé nyekel macan siji wé ora bisa mrantasi gawé, kakang Patih?

R. Kambang: Lah menika prajurit énggal kok namung kèndel kémawon ta, uwa Patih. Prajurit énggal menika dipun-cobi amrih nyepeng sima injih, uwa Patih?

Sultan: Kakang Patih! Coba timbalana Tingkir, supaya ngaḍep ana ngarepaku kéné.

Patih: Mangèstokaken ḍawuh.
Hé, Jaka Tingkir!

Tingkir: Kula.

Patih: Mréné! Sowan ingkang Sinuwun ngendikan, hè!

Tingkir: Inggih, sendika.

Sultan: Énggal-énggal cekelen macan kaé ya, Tingkir. Sukur kecekel urip-uripan, déné kecekel mati ora dadi ngapa, sebab ing kono Tumenggung Surayuda waé ora bisa mrantasi gawé ya, Tingkir.

Tingkir: Sendika, Sinuwun. Menawi ḍawuh-dalem ndikakaken nyepeng gesang, baḍé kula cepeng tanpa dedamel, Sinuwun.

Sultan: Iya ya ya ya.

Patih: Èh! Apa bisa kowé, hè? Aja kuméwat, Jaka Tingkir!

Tingkir: Mbokmenawi saged. Nyuwun pangèstu, rekyana Patih.

Sultan: Iya. Ngati-ati ya, Tingkir!

Tingkir: Inggih.

. . . . . [genḍing Gangsaran] . . . . . .

Wong akèh: Oooooh! Wèh! Oh! Wèh! Oooooh!

R. Kambang: Rama! Rama! Menika simanipun kecepeng, rama. Dipun-cepeng, malah dipun-bopong kaliyan pun Jaka Tingkir, Rama.

Sultan: Iya ya ya. Aku percaya.
Kakang Wanasalam!

Patih: Kula.

Sultan: Tetéla, Tingkir bisa nyekel macan tanpa nganggo gegaman, malah saiki dibopong, kakang.

Patih: Inggih. Pitados kula sakmenika, Sinuwun.

Sultan: He-eh. Tingkir!

Tingkir: Kula, Sinuwun.

Sultan: Merga saka marem lan bungahing atiku kowé bisa nyekel

macan tanpa nganggo gegaman ora liya kowé bakal tak-wisuḍa, tak-paringi kelungguhan dadi lurahing Tamtama ana ing praja nDemak ya, Tingkir.

R. Kambang: Prayogi sanget, rama. Prajurit ingkang pinunjul menika, rama.

Sultan: Iya ya ya ya. Kakang Patih!

Patih: Kula.

Sultan: Ayo ḍèrèkna kondur ana ing Demak, kakang.

Patih: Mangèstokaken ḍawuh.

(*gamelan / sinḍènan*)

R. Kambang: Priyé, biyung emban? Endi Jaka Tingkir? Kowé mau sun-utus apa ta ya?

Emban: Priyantunipun mboten purun sowan.

R. Kambang: Lo lo! Ora gelem sowan, priyé? Wong tak-timbali. Kowé ora matur yèn aku sing ḍawuh, biyung emban? Priyé ta, kowé tak-utus kok ora mrantasi?

Emban: Ha heeeh!

R. Kambang: Hara, malah ngguya-ngguyu! Iki ora guyon lo, biyung emban! Tenan!

Emban: Penjenengan ki nèk kagol meṣti njur duka-duka. Sampun kuwatos, gusti. Tiyangipun sampun wonten ngriku, lah menika aling-aling konten. Penjenengan timbali ta. Wong baḍé manjing wonten taman ajrih, taman keputrèn.

R. Kambang: Lo, wong tak-timbali, supaya sowan mlebu.

Emban: Penjenengan timbali piyambak! Wong ajrih kok, piyantunipun.

R. Kambang: Paḍa waé ta! Yèn aku mara gawé lingsemku, ngerti ora? Ayo ditimbali!

Emban: Nggiiih.
Wong ming mak slup wé kok ya ndadak utusan.

. . . . . [genḍing Playon] . . . . . .

Emban: Menikaaa, piyantunipun sampun sowaaan.

R. Kambang: Heh heh! Biyung emban ki!
Saiki bareng wis diwisuḍa dadi lurahing Tamtama terus angkuh ya, yung? Ditimbali waé ora gelem-gelem sowan, hara!

Emban: Munḍak angkuh apa munḍak anggak?

Tingkir: Nyuwun pangapunten, Kusuma Ratu. Sinten ingkang angkuh menika?

R. Kambang: Injih panjenengan menika.

Emban: Ditimbali waé ndadak leléwa, nḍelik-nḍelik.

Tingkir: Ingkang abdi menika ajrih. Sebab, boten sak-uger tiyang dipun-parengaken manjing keputrèn. Mangka kula abdi énggal, klènta-klèntunipun kula dipun-dukani, kanjeng.

R. Kambang: Lo, yèn aku ḍéwé sing nimbali rak ora ana wong sing ndukani ya, biyung emban?

Emban: Ha boten ngertos.

R. Kambang: Kula nyuwun priksa injih, sinten nama panjenengan, ki sanak, lurahing Tamtama énggal?

Tingkir: Kula Karèbèt saking Tingkir, kanjeng.

R. Kambang: Apik asmané ya, biyung emban?

Emban: Inggih.

R. Kambang: Panjenengan sampun remen dados lurahing Tamtama nDemak, ki sanak?

Tingkir: Sedya kula menika namung baḍé suwita wonten praja nDemak. Nembé kémawon nḍèrèk sampun kawisuḍa dados lurahing Tamtama, temtu marem raosing manah kula.

R. Kambang: Penjenengan remen mriksani kawontenan taman ngriki? Asri boten taman keputrèn nDemak ngriki?

Tingkir: Pemanggih kula sakelangkung asri. Marem kula sumerep taman ingkang éndah makaten menika, kanjeng.

R. Kambang: Penjenengan remen sekar menika?

Tingkir: Remen sanget.

R. Kambang: Ingkang penjenengan remeni sekar menapa kémawon, ki sanak?

Emban: Mesṭiii Sekar Keḍaton!

R. Kambang: O, priyé ta, kok kowé sing mangsuli, biyung emban! Rak ya Tingkir, kuwi sing mangsuli. Lan apa Sekar Keḍaton ki rak dudu kembang ta, yung!

Emban: Kula menika namung mblakakaken kémawon, tinimbang kedangon. Penjenengan remen mboten kaliyan Sekar Keḍaton?

Tingkir: Sampun makaten. Kula mangké minḍak dipun-dukani.

R. Kambang: Penjenengan remen mirengaken rerepèn mboten, ki sanak?

Tingkir: Inggih, Kusuma Dèwi.

R. Kambang: Biyung emban!
Emban: Kulaaa.
R. Kambang: Mbok saiki kowé rerepèn ya?
Emban: Inggiiih.
R. Kambang: Bèn kahanan taman kéné luwih ngresepaké lan kanggo mahargya wong sing mentas kawisuḍa dadi lurahing Tamtama, ya?
Emban: Inggih, sendikaaa.
R. Kambang: Gelis ta! Kéné, maju kéné!
Emban: Inggiiih.

[*rerepèn + genḍing Playon*]
Soré-soré nèng latar akèh kancané,
ramé-ramé dedolanan sasenengé.

Tingkir: Saé swantenipun.
R. Kambang: Injih.
Jogèdipun sanget luwes.
Tingkir: Pancèn inggih saged, saé sanget.
R. Kambang: Inggih pinter sanget. Mangga ta, lenggahipun radi majeng mriki, njih!
Tingkir: Prayogi wonten ngriki.

Kanca ayo kanca,
kanca sing prayitna,
aja ḍa sembrana,
ayo mubeng désa!

Lah wong kowé wé wé,
sing marah-marahi,
mentas saka toko,
ngirid simplèk nganggo bèrko.

Tingkir: Kenès solah-bawanipun, kanjeng Ratu.
R. Kambang: Menika abdi kinasih, ki sanak.
Tingkir: Inggih.
Tingkir: Sampun! Sampun dipun-sekécakaken anggènipun lenggah.
R. Kambang: Injih, nanging panje-nengan sampun tebih-tebih. Mangga ta, leng-gah ngriki mawon!

Minggir, mas, minggir,
mlipir, mas, mlipir,
lihatlah aku menari,
tari gembira loka.

Pééé tapé ketan tapé jali,
Pééé tapé ketan tapé jali.
Ooo yès, ééé mambo,
ooo yès, ééé mambo.

Wong-wong paḍa gumun
manḍeg,
nyawang montorku,
bib-biiib,
bib-biiib, bib-biiib.

. . . . . [*genḍing Playon*] . . . . . .

R. Kambang: Lo, paman Tumenggung Surayuda!
Tumenggung: Nuwun inggih, Kusuma Ratu.
R. Kambang: Wonten menapa, paman Tumenggung, rawuh wonten keputrèn? Sajak wonten wigatos, paman?
Tumenggung: Ah, inggih nyuwun pangapunten sanget, Kusuma Ratu.
R. Kambang: Injih.
Tumenggung: Ingkeng paman kamipurun mlebet wonten taman keputrèn . . .
R. Kambang: Mboten dados menapa.
Tumenggung: . . . inggih namung kadereng madosi Jaka Tingkir, Kusuma Ratu.
R. Kambang: Ooo injih, paman.
Tumenggung: Lo, menika Tingkir sowan wonten taman ngriki.
R. Kambang: Injih.
Tumenggung: Tingkir!
Tingkir: Kula.
Tumenggung: Gawéanmu ki rak ora ana ing taman keputrèn kéné, hè!
Tingkir: Kula dipun-timbali.
Tumenggung: Dipun-timbali!
R. Kambang: Kula ingkang nimbali, paman. Paman sampun lajeng ndukani pun Tingkir, injih?
Tumenggung: Ah, inggih kadospundi malih, Kusuma Ratu? Sebab, wonten pedamelan ingkang dados kuwajibanipun Tingkir.
Tingkir! Kaé ana nomnoman sing arep ngleboni perjurit. Kok kowé malah énak-énak ana ing kéné. Ayo dirampungaké gawéané!
Tingkir: Inggih.
Tumenggung: Kusuma Ratu!
R. Kambang: Kula.
Tumenggung: Nyuwun pangapunten sanget, kepeksa Tingkir kula suwun.
R. Kambang: O injih. Mangga, paman Tumenggung.

Tingkir: Kepareng nyuwun pamit, kanjeng Ratu.
R. Kambang: O injih. Nanging mangké manawi sampun rampung pendamelanipun, njih, mangké lajeng sampun kesupèn wangsul wonten taman malih injih?
Tingkir: Inggih, sendika.
Tumenggung: O . . . menawi kedenangan rama-dalem ingkeng Sinuwun mboten saé kedadosanipun.
Ayo, Tingkir, cékat! Dientèni wong okèh.
Tingkir: Inggih.
Tumenggung: Énak-énak waé, hè!

(*gamelan / sinḍènan*)

Soemardjono, Jaka Tingkir Tunḍung, scenes 1-5; Keluarga Keṭoprak Studio R.R.I. Yogyakarta, 1969.

56
SUWÉ ORA JAMU
(lagu dolanan)

Suwé ora jamu,
jamu goḍong téla.
Suwé ra ketemu,
ketemu pisan malah gela.

Suwé ora jamu,
jamu goḍong pacé.
Suwé ra ketemu,
ketemu pisan saya ngécé.

57
ṬUYUL

Ana ngendi baé, angger wis ngrembug bangsané lelembut mesṭi banjur dadi jinem. Unik, nanging ora nganggo guyu kang lakak-lakak. Katoné sériyus nanging liwat pasuryan-pasuryan kang katoné paḍa nggugu iku embuh batiné. Mung upama nganggo totohan ngono, aku wani nemtokaké patang puluh persèn ora ngandel, telung puluh persèn ngandel, lan sing telung puluh persèn manèh masa-boḍo. Dadi upama rapat ngono, sing ora ngandel mesṭi dadi kalah swara. Lan ana ing pajagongan, sing ora ngandel mau aḍakané iya mung meneng, dadi kaya-kaya kabèh sing ngrungokaké mau kena diarani paḍa ngandel.

Lan ana ing pajagongan kang dak-aturaké iki, kahanané iya mangkono. Katambahan wengi atis, ngentèni wektu mulih kang pantes, rembug bab lelembut kena kanggo nunḍung rasa resah, rasa ora jenjem.

Lha wong ya jaga désa. Kahanané tentrem, nanging yèn ora dilakoni mangka kebeneran ana sing kélangan, dadi bisa disalahaké. Mung yèn dibukak tenan atiné, kabèh sejatiné paḍa wegah. Wengi-wengi aḍem, kudu melèk, seḍéla-seḍéla mlaku ngubengi désa.

'Jaré kulon kono kuwi saiki duwé ingon-ingon, ya?' kanḍané mas Rofii.

'Kulon kono sapa?' mas Wangsa nyambung.

'Halah, sing kulon ḍéwé baé kaṭik sapa. Pangling, pa?'

'O, ranḍané kuwi, ta? Iya, jaréné.'

'Wis jaman kaya ngéné, nyambut gawé wegah, ning kepéngin cukup. Mula bangsané klenik, bangsané tahyul, mesṭi laris,' pak RT sing ḍong kontrol mèlu omong, laguné mènèhi pitutur.

Lan Mudi sing makili bapakné mèlu urun: 'Lha witikna kerja napa, cobi, pak RT? Macul, buruh siram-siram mbako teng PN? Ongkosé sedina sèket rupiah mèn dibayar penḍak Setu. Gèk Setu wingi nggih dèrèng diuḍunké.'

Masalah kerja pancèn rada gawat yèn dirembug. Luputé dadi padu, paling ora dadi serik-serikan. Sing cilik pametuné siṭik, sing geḍé pametuné geḍé. Ora mokal yèn sing cilik paḍa duwé panyakra-bawa ala. Lan tinimbang ménggok tekan saraséhan bab kerja, rembug ṭuyul dak-terusaké.

'Mas Rofii kok empun ngertos?' pitakonku.
'Kanḍané wong wédok-wédok niku. Jaré angger ḍa nyang pasar ḍuwité ana sing kélong ora kétang rong puluh apa selawé?'
'O, ṭuyul ngrèkès, niku.' Mudi sing pancèn isih enom lan rumangsa pinter tansah maido.
'Dilalah, ṭuyulé wong cilik!' sambungé pak RT. 'Ṭuyulé wong cilik, sing dierèti ya ḍuwité wong cilik. Ha mbok ya nyang omah-omah geḍé kaé rak ndang sugih.'

Karo kelap-kelop nyawang lintang mas Wangsa sambung: 'Kok nggih enggih, nggih pak RT. Nyeḍaki bandar buntut-buntut kaé rak wis olèh akèh.'

Kabèh mung paḍa mèsem. Lan supaya isih terus rembugé, dak-bukak manèh mawa pitakon: 'Jaré, mas guru kulon kali nika mpun tau nyekel ṭuyul. Enggih napa?'
'O, lha niku critané hébat, mpun.'
'Piyé, dongèngé?' mas Wangsa sambung.
'O, ngéné. Jaréné, iki mung jaréné, lho! Ning yèn kanḍané wong-wong kuwi iya paḍa nyata. Kaé, omah geḍé sing pinggir dalan geḍé kaé, sing lawangé cèt ijo tur tansah tutupan kaé rak duwé ingon-ingon. Lha kuwi wis, saba menyang ngendi-endi. Wong sadésa wis paḍa ketaman kabèh, ora ana sing kliwatan.'
'Enggih turé. Cah sekolah mèn ḍuwité dicolong. Sumi, aḍiné Sarja, alah, ponakan sampéyan ḍéwé, pak-ḍé Wangsa?'
'Ya bener, kuwi. Mas bayan ya wis tau kegasak wolung èwu. Ḍuwit semlempit ana ngisor dluwang ngisor lemari kok bisa ilang. Sèket èwu, kari patang puluh loro,' pak RT mbumboni. Aku mono wong durung tau olèh bahan, mulané ya ora bisa ngimbuhi.
'Lha, buktiné rak wis akèh ta, mas Wangsa? Dadi awaké ḍéwé ki yèn arep maido bab ana orané ṭuyul ki ya rada berat.'
'Njur dongèngé mas guru kulon kali, pripun?' pitakonku. Pamrihku mung supaya percaya lan ora percaya, dudu bab percaya lan orané. Aja-aja sing ora percaya dadi percaya mung marga kalah swara, dak-kira sing mengkéné iki ora apik.
'Wah nggih niku. Dadi guru ki rak rekasa, kang Wangsa? Blanjané mung siṭik. Nyambut gawé kaya ngana meksa isih dicap nyiṭak pengangguran? Mangka nyatané? Aku iki, arepa nganggur kaé, nanging ora kétang makelaran sepéḍa ya nyambut gawé. Aku bisa gawé kwitansi, ngecakké apa sing diarani tuna baṭi, tawa bèn narik atiné sing tuku. Kuwi kabèh ora liya wulangan sing dak-tampa biyèn, mas Wangsa.'
'Kok ndongèng prekarané ḍéwé ta, lik?'

'Ya bèn, wong iki mung dienggo nggambaraké mas guru kuwi kok. Sambungé kuwi ngéné. Wong blanja siṭik, mangka nyatané ya ora duwé sawah, ora duwé panggaotan liyané, ngiwa nengen ya mung njagakaké blanjané kuwi, hara. Lha kok klumpuk-klumpuk, kuwi apa, arep dienggo nyekolahaké anaké ana SMP kuwi. Dienggo 'uang gedung', dienggo tuku sanḍangan karo buku-bukuné, dienggo nukokaké sepéḍa . . .'
'O, lha layak lik Rofii ngerti, lha wong hubungan sepéḍa ngono.'
'Wis, aja nyaru wuwus, Di. Dak-terusné. Ḍuwit disimpen ḍipet. Bu guru baé ora ngerti.'
'Ana ngendi jaréné?'
'Wa, Mudi ki wis . . .' panyenḍuné mas Wangsa.
'O, niyat njaluk digenju kok, Mudi ki,' tembungé mas Rofii. Tangané njenggung gunḍulé Mudi. Mudi nggiwar, sirahé nyampluk bauné mas RT, njalari mas RT gragapan. Sajaké pancèn wis ngantuk.
'Lha lha dalah, nglilir mas RT. Napa kondur mawon, wong lé kontrol mpun rampung.'
'Kontrol apa kon . . .'
'Wis, Mudi manèh!' Bisaku ya mung omong ngono kuwi, lan swasana dadi krasa rada èṇṭèng.
'Teruské, lik Rofii!'
'Lha ya diteruské. Wong pancèn durung jamé mulih jaga désa. Ngéné ya, ḍuwit kuwi disimpen ana laci méja tulis, ngisor, pojok, isih ana ngisor dluwang koran sing dienggo lèmèk. Lha kok kalong. Kalongé ora mung sèwu rong èwu, nanging rolas èwu. Wa, omahé dadi gègèr ramé. Sasat anaké bayi suson baé ya diprosès verbal. Bojoné nganti dièrèd-èrèd nyang kelurahan, nganti sumpah-sumpah barang. Éwadéné ya ora ngaku, wong niyat ya ora nyolong. Lha entèk-entèké, ḍèwèké kèlingan yèn duwé tangga sing duwé ingon-ingon. Mula njur tékad praya niyatingsun tapa brata. Bleng, pati geni patang puluh dina patang puluh bengi.'
'Pati geni niku pripun ta, lik?'
'Nyela manèh?'
'Lha wong dèrèng ngertos tenan kok nggih.'
'Pati geni kuwi nḍelik ana petengan, ora mangan ora ngombé.'
'Ndak enggih kuwat, patang puluh dina?'
'Kuwat baé, angger karepé manṭeng,' pak RT sambung. 'Wis kono, teruské. Aku dak mulih ḍisik.'
'Ajeng kontrol teng pundi, pak RT?' tembungku. 'Mbok pun, ènten mriki mawon, wong gerḍuné nggih énak dienggo turu?'
'Arep leb sawah barang sapa ngerti?'
'Agèk peceklik, eleb.'

'Wis, dak-terusné. Bareng wis pati geni, klakon ṭuyulé kecekel. Golèké lading . . .'
'Heh, dibelèh, lik?'
'Ora. Lagèk diagar-agari. Pokoké, ḍuwit kudu dibalèkaké.'
'Saguh?'
'Saguh. Sing saguh sing nduwé. Kontan, rolas èwu, jrèng.'
'Huh, kok nggih ngertos, nggih.'
'Ngerti baé. Wis, bayar jrèng, ning mas guru kurang trima. Ṭuyul tetep dicukur plonṭos separo. Kruk, kruk.'
'Wa nggih apik ngoten, lik.' Mudi tansah nyela baé. Sajaké bocah iki durung wareg dongèng.
'Ning lucuné niku,' tembungé mas Rofii rada lirih, 'sing nduwé kok nggih katut plonṭos, nggih,' tembungé luwih lirih manèh, nyawang aku njaluk keyakinan.
'Napa enggih?!' wangsulanku.
'É, bukti nyata,' wangsulané. 'Hara, sing nduwé nika rak gunḍul separo. Wa, nggih wirang luwih wirang. Wong wédok, umuré durung telu lima gèk gunḍul separo. Tur gunḍulé niku, eh, meling-meling nika. Gilap kaya beling digebeg.'

Pancèn akèh sing kanḍa ngono, nanging aku ḍéwé durung weruh. Sabaku dudu pasar. Sing paḍa kanḍa racaké ya wong wédok-wédok kuwi.

Rikala semana jago kluruk wis tumelung, swarané nggalur kaya bisa nyigar wengi kang sepi. Para durjana pancèn pinter ngétung kalamangsa, nanging kayané iya ora pantes yèn jaga désa mulihé parak raina. Mulané aku banjur paḍa mulih. Hawa atis kang rumasuk njalari balung paḍa keju linu, lèrègé dadi panas-panas mriyang.

Bangun ésuk kuwi aku ora bisa turu. Gagasanku mung menyang mas guru kulon kali baé. Sing dak-péngini kuwi, sing dadi adrenging ati kuwi, apa iya mas guru bisa kaya sing dikanḍakaké mas Rofii kuwi?

Kira-kira jam enem aku nékad nemoni mas guru. Rikala semana ḍèwèké lagi ribed ngedusi anaké sing isih cilik-cilik.
'Mas, aku takon siṭik, apa iya ta sing dikanḍakaké wong-wong kuwi?' Banjur apa sing dadi uneg-uneging atiku iku dak-bukak kabèh. Wangsulané nganyelaké tenan. Guyuné ora entèk-entèk, banjur lagi mènèhi katrangan.
'Jané aku ya ora yakin, ṭuyul kuwi ana apa ora.'
'Lha sing kok cekel kuwi? Olèhmu pati geni kuwi?'
'O, yèn ngélingi jagat iki kebak goroh lan apus, sapa ngerti yèn ṭuyul iku mung dongèng ngayawara? Kyainé kana kanḍa duwé ṭuyul. Sing

paḍa golèk rumangsa duwé ṭuyul marga sing mènèhi kyainé mau. Banjur wong-wong sing paḍa kurang pangati-atiné iku kanḍa manawa ḍuwité dijupuk ṭuyul? Ṭuyul wis dadi pikirané masyarakat, dianggep urip ana ing jagat iki lan dadi pembantuné sing paḍa percaya.'
'Kok sing duwé katut gunḍul?'
'Gunḍul ra gunḍul kuwi apa sing nggunḍul aku? Ha yèn krungu manawa ṭuyulé gunḍul njur ḍèwèké gunḍul ḍéwé? Mangka manut dongèng kang wis urip ana ing bebrayan, apa sing dirasa déning ṭuyulé, iku iya dirasa déning sing duwé. Dadi yèn gunḍul, ya kudu gunḍul.'
'Ning apa ya kok-gunḍul tenan, ta?'
Lan karo guyuné sing rada seru ḍèwèké nganḍani aku: 'Ḍik, kowé kuwi wis manyak tuwa. Jagat iki kebak sandiwara-sandiwara. Apa sing kelair iku durung karuwan yèn sing dibatin. Lan sandiwara-sandiwara sing kaya ngono mau mula njalari langgengé jagat iki. Wis, mulih kana, aja ngrusuhi wong arep mangkat ḍines.

Soedharma K. D.
(in: Mekar Sari no. 18, November 1972).

58
WIJI KANG DAK-TANDUR

wit gayam kang manglung kali
wis banget tuwa umuré
tangisé bayi kang kekejer ing lingsir wengi
banget nrenyuhaké laguné

bu-lik
wiji kang dak-tandur
saiki wis ṭukul
ibu nggaḍang
simbah ngudang
pinaringana tansah lestari ṭukulé
dadi pangayoman lan palereman
putra wayahé ing tembé

ora arep dak-sirep kumanḍangé lagu perih iki
senadyan nyanḍet mengané lawang kaswargan
senadyan ngagolaké wengi-wengi pinaès lintang
pancèn ngéné sejatiné urip, bu-lik
seḍéla-seḍéla tansah manggul kekalahan
saben wanci pracéka nantang

saupama wiji kang dak-tandur wis geḍé ngrembuyung
bakal dak-ampiraké andon-lelana kang mlaku nyanḍung-nyanḍung
saben wengi tansah dak-lagokaké kidung
atur panuwun marang Gusti
kinanṭi pepuji

Moch. Nursjahid P.
(in: Jaya Baya no. 38, March 1972).

59
JAGONÉ KLURUK ING WAYAH SORÉ

Désa ndadak dadi kosreg, umyek. Kaya kena prabawané mukjizat, kena teluh. Kabèh wong rembugan bisik-bisik, sarwa ngati-ati lan kebak wewadi. Isih soré lawang-lawang wis tutupan, apa manèh sing ana prawan utawa ranḍané. Langgar wédok dadi sepi, kari swara kasidahé pawan-pawan anis sing keprungu.

'Désa ketiban balak . . .' kanḍané kang Jiya, nuli sumambungé:

'. . . ya layak waé, wong bersih désa taun iki ora njagal kebo.'

Wong ing gerḍu suwé ora ana sumambung.

'Gèk anaké sapa ya sing meteng nganggur? Mmm . . . sajeg-jumleg aku urip nèng ngalam donya iki durung tau kedadéyan ing désa kéné! Kok lagi saiki wanguné arep kelakon, ah désa kena reretu!'

'Désa kudu dislameti manèh, désa kéné reged! Diruwat lan ditumbali!' kang Jiya isih ngugemi panemuné.

Hansip ubeng désa liwat, ḍanruné Romat.

'Sapa ronḍa gerḍu?'

'Kang Jiya, Dikin karo aku.'

'Aku sapa?' takoné nentarani; pancèn wiwit telung dinanan iki désa dianggep sajeroning bebaya.

'Aku, aku Dema.'

'Éh, ya ngono nèk ditakoni, sing ceṭa! Iki mau ora ana liwat cah wédok nganggo rok abang?'

'Lho, kok ora ana . . . ora ana wong liwat ki, Mat,' sumauré kang Jiya sajak kagèt.

'Sapa sing liwat?' takoné Dema karo ngadeg nyeḍak.

'Ya embuh, aku ora weruh. Aku mung takon.'

'Ha-lah, tak-kira ana cah wédok klayaban bengi nèng kéné?!' kang Dikin keprungu swarané nglokro.

Kluruké jago wayah soré wingènané pancèn nggoregaké désa. Ting-ting dalan disumedi, penjagan dirapeti. Wong-wong sing duwé prawan terus diincer Hansip lan bebau désa, apa manèh ranḍa-ranḍa. Kabèh paḍa ketir-ketir kuwatir yèn prawané sing dadi leleṭeké désa, sing nekak-aké musibah tumrap kulawargané saturun-temurun. Yèn nganti ana ranḍa-ranḍané utawa prawan-prawané sing meteng temenan rak sida nggawa sangar keturunané, ateges ketiban welak.

Anak prawan gedé karo randa ora kena metu soré, apa manèh bengi. Sing arep mbedal, diunèn-unèni lan dipisuh-pisuhi. Kabèh kenék peraturan darurat pada bengkungan miting-miting. Modin karo Hansip tansah mubeng-mubeng nekani wong tuwané prawan-prawan randa-randa kanti manéka-warna pawadan, madik-madik golèk titikan. Aminati, Minten, Suti, Mijah, Gembrot, Mami, Larasati, Surip, Yèti, Rumpung, Linah ... lan isih akèh manèh randa-prawan sing ditulis nèng catetané modin, wédok-wédok sing kudu diincer.

'Kang Dema!' ngomongé randa Larasati lirih nalika mentas adus soré.
'Nun, wonten napa, jeng Laras,' sumauré rada kagèt, marga wiwit ana gara-gara kluruk jago soré-soré kaé randa Larasati uga ora wani metu.
'Mengko bar mangan soré, terna layang menyang pak guru Jaka. Rak wis weruh ta, pak guru Jaka?' takoné karo mèsem manis.
'Sam ... sampun,' sumauré jaka Dema, atiné molak-malik weruh èsemé randa ayu-nglémot sing mung pinjungan mentas adus kuwi.
'Apa sing kok-ingeti, kang Dema? Ah, aja ngingeti! Wong jaka kok nguwasi randa nganti njuwer, ora ilok.'

Jaka Dema klincutan, banjur mèsem kecut. Nanging dèwèké ing ati ora uwis-uwis anggoné ngalem randa Larasati. Anaké Bu Sinder pènsiunan sing dadi bendarané kuwi pancèn ayu tenan. Ati lanangé ngrontak, nanging piyé wong dèwèké mung batur. Kalungguhané kaya bumi karo langit!

Bubar mangan soré Dema nampa layang saka randa-nglémot kuwi karo diweling: 'Aja kok-bukak lho, kang Dema, titi-glati nèk kok-bukak tanganmu kiting.'
'Boten matur napa-napa dateng mas guru Jaka, jeng?' takoné Dema karo kiyer-kiyer mripaté.
Randa-nglémot kuwi mèncep, nuli: 'Kandaa mengko bengi jam sewelas diaturi mapag ana tugu Garuda. Bengi iki aku déwé menyang kuta ndeleng pasar malem.'
'Piyambak?'
'He-eh, saka kéné, nanging menyang kuta karo Liyani-ayu sanding tugu Garuda kaé. Kang Dema rak wis weruh ta karo Liyani?'
Jaka Dema nggligik.
'Nyang apa kok njegigik, kang?'
'Njenengan kanda Liyani-ayu, rak nggih ayu ...'
'Ayu sapa?'
Dema meneng, mèsem. Randa kuwi nyawang jaka ing ngarepé sing mèsem simpatik, panyawang sing béda karo biyasané.

'Ayu sapa?' ranḍa-nglémot kuwi ngambali pitakoné.
Dema ora mangsuli, terus klépat mangkat. Sing ditinggal ngetutaké kanṭi panyawangé, ing batin ndedonga: muga-muga ora mlèsèt pratikelé.

Dema terus mlaku ngener omahé mas guru Jaka, sing biyèn tau diḍèrèki. Nalika ḍèwèké teka saka kuṭa, teka kanggo selawas-lawasé, amarga wis ora bakal ana sing perlu dibalèni ing kuṭa. Wong tuwané wis ora ana, omah setangkep lan lemah sakeret saiki wis didegi toko déning babah Tio An Swie. Ḍèwèké babar pisan wis ora tau ngimpi bali menyang kuṭa manèh, awit saiki wis rumangsa kebumèn ana désa sing krasa luwih tentrem lan jembar kalangan kanggo mergawé tumrap wong sing wekel kaya ḍèwèké kuwi.

Tekan buntas sawah lakuné dadak kanḍeg, kaya-kaya ana prenṭul pikiran anyar sing menggak jangkahé. Sawatara suwé ḍèwèké mongamangu: gèk terus gèk bali, gèk terus gèk bali .... bali.

Dema terus bali gegancangan. Sing dijujug omahé ḍanru Hansip Juwèni. Ora ana ngomah. Ḍèwèké terus nggolèki menyang markas, ing ngomahé pak kamituwa. Ketemu, banjur dijawil metu menyang latar.
'Na apa?' takoné Juwèni sing nganggo setèlan ḍoréng.
'Ana info maton, penting kanggo keamanan.'
'Pekara apa, kang Dema?'
'Lanang-wédok, lan kira-kira gara-gara kluruk jago wayah soré bakal sirep.'
'Tenan pa?' takoné Juwèni sereng.

Juwèni banjur diglènḍèng tangané menyang petengan. Wong loro omong-omongan klesak-klesik. Seḍéla-seḍéla keprungu swarané Juwèni he-ah he-eh ing sela-selané omongé Dema sing ngecuprus lirih-lirih kuwi.

Seḍéla manèh wong loro metu saka petengan. Juwèni mlebu menyang penḍapané pak kamituwa meṭuki kanca-kanca. Déné Dema metu saka pekarangan markas Hansip kono karo nuntun sepéḍah simkingé Juwèni, disilih kanggo nindakaké rencanané sing wis dirancang ganḍing-ganḍing.

Hansip patroli dipecah-pecah dadi patang jurusan. Bagian ḍukuh elor-wétan dipimpin ḍanru Juwèni; anak-buahé: Sirin, Martubi karo Markaban. Ing gerḍu wong ronḍa lengkap, ora ana gerḍu suwung. Gara-gara kluruk jago désa dadi anget, kaya-kaya ana peraturan jam-malem tanpa tinulis. Ranḍa prawan ora kena metu, modin Hansip dadi alap-alap. Wong lanang-lanang sing tauné clemongan karo ranḍa prawan bungkem. Kahanan dadi mati ora sigrak kaya biyasané.

Jam sewelas bengi ing sanḍing tugu Garuḍa wis ana sepéḍah simking dijagang ana petengan, mung setiré katon mencèrèt kesorotan lampu saka omahé Liyani sing isih bukakan lawang. Jaka Dema ngonṭang-

anṭeng, seḍéla-seḍéla ngungak omahé Liyani. Lagi ḍèwèké seḍéla lungguh ing sikilé tugu, ketara sorot lampu saka omahé Liyani sing nyoroti setir sepéḍah mau obah-obah. Bareng diungak jebul tenan sing diarep-arep ketara mlaku miḍat-miḍut ngarah panggonané ngentèni, atiné trataban. Ranḍa-nglémot Larasati nyeḍaki sepéḍah jumagang, lingak-linguk seḍéla.

'Mas guruuu!' panyapané lirih karo ngawasaké regemengé Dema.

'Sanès, jeng Laras, kula Dema,' swarané jaka kuwi nḍreḍeg.

'Kok kowé, kang?'

'Mas guru boten wonten,' swarané lirih, atiné ngakoni gorohé.

'Engng . . . ayo nèk ngono.'

'Mangga.'

Dema nyanḍak sepéḍah terus dituntun mlebu petengan, nuruti dalan mulih menyang ḍukuhé. Ing mburiné mèpèt lungguh ranḍa Larasati, sing seḍéla-seḍéla krasa nyénggoli gegeré. Ambuné amrik seḍep, ngurik-urik ati-lanangé jaka Dema. Rasa atiné kaya nglayang menyang swarga.

'Kang Demaaa!'

'Apa, jeng Laras?'

Pangundang 'jeng' sepisan iki béda rasané karo adaté, sing biyèn pangundang ngono kuwi mauné mung geguyonan sing banjur dadi undang-undangan.

'Ngéné iki gawat lho, kang.'

'Kok ngono . . . èh kok ngaten?' Dema nggragap.

'Généya kang Dema nggragap?'

'Boten naté ngganḍolné ran . . . èh njenengan.'

'Ah kang Dema ki, apa isin ngganḍolné ranḍa? Isin ta, kang Dema?'

'Heh . . . boten. Maremmm!'

'His! Sembrana . . . dak-jiwit kapok.'

Kanḍa ngono krasa ing gegeré jaka kuwi dipasang jiwit ranḍa.

'Mbok dijiwit, pa ra manut aé . . .'

'Hiii, dak-jiwit tenan ora?'

Jaka kuwi ngeculaké setirané tangan tengen, nguyeg-uyeg gegeré. Setiran tangan kari tangan kiwa ogèl-ogèl, ora sranta tangan ranḍa kuwi gujeran bangkèkané sing digoncèngi.

'Aja kok-culnééé,' kanḍané Dema karo nyekeli tangané Larasati, lali basané, sumambungé: 'Ngéné iki gawat lho, kaaang.'

Krungu Dema nirokaké kanḍané sepisanan ngono mau Larasati njiwit manèh, nuli: 'Apa kang Dema wedi?'

'Wedi apa? Wedi modin karo Hansip?'

'He-eh.'

'Mboten, ndara putriii.'
'His, wegah aku dibasani! Yèn ditangkep modin piyé, kang?'
'Kula tampiii.'

Krungu wangsulan mengkono ranḍa kuwi meneng. Dema uga meneng. Sepéḍah terus mlaku alon-alon nggrasak dalan tipak sisiran roḍa cikar.

'Hé manḍeg!'

Wong loro kagèt, sepéḍah nyléyot minggir. Larasati nyeblok anjlog, Dema muḍun. Ḍaḍané jaka ranḍa kuwi ḍeg-ḍegan uga, senadyan kedadéyan mengkono wis dikira-kira sadurungé. Hansip loro ngadeg ing ngarepé, seḍeng kiwa tengené uga dikupeng Hansip liyané.

'Sinten?' ceṭa swarané ḍanru Juwèni dirungu Dema.
'Kula Dema.'
'Karo?'
'Larasati.'
'Éé, iki apa sing ndadèkaké gara-gara désa. Hèh, saiki wong loro kudu digawa menyang kelurahan. Martubi, hubungana pak modin lan kowé, Sirin, hubungana pak jagabaya, ketemu nèng kelurahan,' préntahé ḍanru Juwèni wijang.

Ranḍa jaka, Larasati karo Dema, kepeksa kanṭi pucet isin digawa menyang kelurahan bengi kuwi. Bebau-bebau désa karo kabèh Hansip nyeksèni ing ngarepé Bu Sinder pensiun kesaguhané jaka Dema ngrabi ranḍa Larasati sajeroné wektu paling suwé seminggu.

Karo ngganḍolné mulih panggah nganggo sepéḍah simking Dema takon: 'Njenengan getun, jeng Laras?'
'Gaaak. Nyangapa getun, wong wis dijarag.'
'Ora getun tenan?'
'Ora! Ana apa? Apa kang Dema getun?'
'Babar pisan! Ngapuranen lho, jeng Laras.'
'Apa sing dingapura?'
'Juwèni nangkep awaké ḍéwé mau pancèn wis dak-rancang bèn kedadéyan ngéné mauuu.'
'Édan kang Dema ki!' Larasati karo njiwit.
'Édan karo Larasati?'
'Aku genti njaluk ngapura lho ya?'
'Piyé kok kaya riyaya waé ki?'
'Layang menyang mas guru Jaka kaé mau isiné supaya kang Dema dituturi gelema ngrabi aku, lan gelem mapag aku ing tugu Garuḍa. Aku ngerti wektu gara-gara ngéné iki modin lan Hansip penjagané meṣṭi ketat . . .'

'Édaaan kabèh!'

Tangané ranḍa Larasati wiwit mau wis ngeṭapel ing bangkèkané Dema, déné Bu Sinder pènsiun diganḍolaké Hansip Marhaban ing ngarep.

Dina sésuké swara kluruk jago keprungu manèh. Wong-wong sing keprungu umyek manèh nggolèki jago sing gawé musibah désa kuwi. Bareng ketemu kabèh paḍa mlengok, jebul Agus bocah wolung taunan dolanan jago-jagoan sebulan karo mènèk wit rambutan ceḍak blumbangan kulon omah.

Tamsir A. S.
(in: Jaya Baya no. 38, May 1972).

60
PENYAIR, BENGI IKI SLIRAMU NGLILIR

Percayaa penyair! Yèn bengi iki sliramu wani noṭok omahé ranḍa
Ḍèwèké bakal tangi, lan gragapan nginguk liwat jenḍéla
Banjur takon:
'Kowé sapa? Hé, kowé sapa?
Petugas keamanan, apa wong jaga?
Wong arep becik apa wong arep tumindak ala?'

Ngakua, yèn sliramu penyair
Ngakua, yèn bengi iki merlokna nglilir
Lan yèn kampung pinuju kasepèn
Awit wong jaga ketungkul mburu impèn
Kuwi wanciné sliramu teka
Kuwi wanciné ranḍa mbukakna jenḍéla

Kanggo apa susah-susah
Dak-kira seprana-sepréné ḍèwèké wis mari sayah
Lan ḍèwèké meṣtiné ra butuh uyah
Ah, meṣtiné mangkono, penyair
Ḍèwèké bakal lilih penggalihé
Banjur ngajak saréan satanegé

Yèn wis mangkono, ajaken ḍèwèké mlebu kamar sing resik
Pilihen klambu sing rapet, slimut sing kandel
Jalaran lemut galak ing kéné
Malah yèn perlu sumeden obat-nyamuk
Senadyan ora mandi, nanging cukup gawé sugèsti

Penyair, mripatmu bakal melèk amba ing sanḍuwuré bantal sing resik
Irungmu bakal tansaya tajem ing sanḍuwuré ganda amrik
Nah, ing kéné, ora susah kok-peksa
Ḍèwèké bakal cucul kutang lan tapihé

Saiki, sprei kang kisut bakal gawé sajak-sajak
Kaéndahan bakal ṭukul lan kasuntak
Ing kéné sawijining iḍé wis kacanḍak
Kari ngangkat ing mesin céṭak!

Penyair, aja banjur sliramu kanḍa sapa-sapa
Senadyan kuwi mitra akrabmu
Éling, saiki wis akèh intèl lan saiki wis wiwit pinter
Kejaba yèn ḍèwèké kuwi penyair Jawa
Ngono baé isih kudu kok-pilih
Ḍèwèké kuwi penyair anyar apa penyair kuna
Ḍèwèké kuwi ugal-ugalan apa ngerti tatakrama

Jalaran iki wis wektuné, kasusastran ora mbuntut jaman
Nanging kasusastran sing nuntun jaman
Lan penyair wiwit nduwèni kesempatan
Nglilir lan ngopèni ranḍa-ranḍa
Nglilir gawé puisi sing menjila
Nglilir nggugah sastrawan Jawa
Nglilir kanggo ndonya!

Penyair, mengko sliramu uga éntuk milih
Endi ḍaḍa sing krèmpèng, lan endi ḍaḍa sing weweg
Endi pantat sing gèpèng, lan endi pantat sing paḍet
Percayaa penyair! Iki wis wektuné!
Lan sésuk awan bakal ana kabar ing koran harian
Kasusastran Jawa wis bisa muncul sarana iḍé édan-édanan!
Kasusastran Jawa wis bisa mumbul gawé pangéram-éram!

Poer Adhie Prawoto
(in: Jaya Baya no. 12, November 1974).

61
GALAK CLUṬAK

Bojoné dikejèpi, tanggap. Mlebu kamar sing dileboni sing lanang.
'Apa?'
'Ssst ... aja seru-seru! Layang iki mengko kirimna nyang kepolisian,' kanḍané sing lanang, Muji, karo ngrogoh sak clanané.
'Diwènèhaké sapa?'
'Biyasané, ya kakèkané ...'
'Pak Kiprah?'
Muji manṭuk.

Ing njaba uceng Sana karo carik Mun Kèprot wis ngentèni. Carik sing saben senèn-an langganan disenèni mantri-polisi marga sembarangé sing sarwa kèprot, jalaran mung tansah gulung-gemak karo kertu.
'Uwis, Ji? Wis pamitan? Wong arep ceki waé kok ndadak ngambu weḍaké sing wédok! Ayooh, gèk mangkat!'
'Wis awan ki!' pamapagé uceng karo ngunggahaké jagang sepéḍah.
'Apa ngambu weḍaké sing wédok? Wong ndadak ditimbuli usapan tapihé sing wédok nèng embun-embunané kuwi, delengen, rak nggilap!' sumambungé carik Mun karo mbanting uṭesé terus nuntun sepéḍahé.

Sing diantem tembung mung mlèngèh, ora serik ora barang, banjur wangsulané: 'Kalaha main dadi ṭèṭèl-ṭuwèl, nèk wis pamitan wong wédok kuwi ènṭèng tanggung-jawabé. Apa aboté wong pamitan?!'

Wong telu mangkat, lakuné urut siji-siji. Dalané angèl. Dalan watu-watu kidul pasar tèmplèk ménggok ngulon, kidul dalan wis pèrèng gunung. Sawetara suwé manèh manḍeg, terus njunjung sepéḍah nguwot ing buk jebol, nyimpang dalan mengiwa mlebu pekarangan cilik tanpa pager. Karo nyarugi watu-watu gunung sing sumebar ing dalan cilik munggah kuwi wong telu nuntun sepéḍah, ngarah menyang omah srotong jèjèr loro sing mencil ing pèrèngan. Pekarangané dirungkudi witwit mlanḍingan sing ora tata.

Lawang geḍèg dienam wareg nggerit diwengakaké saka njero. Ing kono wis ana Kija-Blanḍong, bajingan kayu alas sing diangkat dadi manḍor. Mung mlèngèh ḍèwèké nampa tekané wong telu sing terus nglebokaké sepéḍahé.
'Wis suwé, Nḍong?' takoné uceng Sana karo nggèrèd kursi réyod.

'Wiwit ésuk. Wong aku mau bengi turu omahé Lintrik-Punten kono.'
'Mulané pipimu abang-abang tilas gincuné Lintrik ...' sumambungé carik Mun Kèprot, nuli: 'Yoh gèk tata-tata, lèsèhan nèng klasa njogan waé. Pak Ki, pak Suki ... !'
Wong tuwa pèḍèt mripaté metu saka omah sisih.
'Napa, pak carik?'
'Bèbèrna klasa nèng njogan waé, pak Ki.'

Ora sumaur wong pèḍèt mau terus mlebu, bali nggawa gulungan klasa panḍan. Digelar ing jogan, nèng kanḍangan kulon. Wong papat mapan lungguh, Kija-Blanḍong ngetokaké kretu anyar.
'Ngaji kitab tarèt, ditata terus diorat-arèt!' aloké uceng Sana karo nyèlèhaké uṭes rokoké ing ḍumpal ganjel saka terus nyanḍak kretu sing didumaké déning Kija.

Kabèh nglilling rai kretu, baṭuké njengkerut. Pikirané konsèntrasi menyang gaṭuké gambar kretu. Taktik bantingan disusun, stratèginé nguras kanṭongé kancané. Rukun lairé lungguhan dadi saklasa, nanging crah atiné kabèh kepéngin matèni kancané. Saya tipis tumpukané kretu, praupané saya njengkerut. Nggeget untu, manṭeng.
'Modar kowé!' aloké Kija karo mbanting kretu ing tengah kupengan, banjur: 'Aku narik!'

Wong liyané plenggang-plenggong, unjal ambegan. Manḍor alas kuwi ngukud ḍuwit, banjur ngukud kretu diujut lumet. Tangané prigel kaya singkèk ngétung ḍuwit rèntenan.

Kretu didum, dililing baṭikané. Ngiṭit tumpukan, mbanting cekelan. Dipikir dipenṭelengi, geget-geget misuh terus mbanting manèh.

Main kretu kuwi lumaku sawetara suwéné, Kija-Blanḍong lagi ngadeg jaraké. Kretuné tansah apik, paling deres nariké. Mung kala-kala carik Mun karo uceng Sana uga olèh, déné Muji sing jaré mau ditimbuli tapihé sing wédok babar pisan durung nggentèni narik.

Srengéngé nggléwang wong wadon kekandelen pupuraně mlebu omah mainan kono. Gincu ing lambéné nyèprès, diomat-ameti. Uceng Sana nolèh, aloké: 'Kuwi lho, Nḍong, wis diparani Lintrik-mu, kuwi ndang seselana!'
'His ... ora marani mas manḍor ki, sing dak-parani pak uceng!' semauté karo mlérok kemayu. Ḍèwèké nḍesel menyang kalangan, ing sanḍingé pak carik, banjur takoné: 'Puntené karo apa, pak carik? Iwak sapit apa témpé?'
'Ko sik, Trik! Aja ngganggu ḍisik,' sumauré carik Mun karo mbanting kretu.
'Lha kang Muji?'

'Orak, aku ora puntan-puntenan. Tak nyakot lambému kuwi aé . . .'
'Aiyaaaah kang Muji . . . !' Lintrik saya kemayu. Sing dikemayoni ora mèsem ora nglirik. Mripaté penggang mencureng, kretuné terus-terusan mati.

Lintrik terus nglénḍot ing sisihé Kija-Blanḍong karo mèlu nyawangi kretu cekelané manḍor alas kuwi. Sing diléndoti ketara marem. Mainan terus nggrengseng. Kabèh megeng napas ngentèni entèké ujutan kretu. Ḍuwit teplak-teplèk nyeblok ing klasa lekoh kuwi.

Nalika Lintrik ngengakaké lawang arep metu . . . kabèh kagèt: polisi loro mlebu ndedel. Beḍilé semapta ing tangané, cangkemé nrutuli kalangan mainan. Bantingan kretu manḍeg, rai-rai pucet.
'Aja mlayu!' swarané santak.
Pak Suki-Pèḍèt krenggos-krenggos nyungul ing lawang butulan, mlongo. Rainé mèlu pucet, ngèwèl.
'Sigegana barang-barang nang klasa kuwi, pak!' préntahé polisi, banjur: 'Kabèh karo klasané pisan kanggo barang bukti.'
Pak Suki-Pèḍèt tumandang, manut préntah.

Polisi nyaṭeti kabèh wong-wong sing main kretu mau, jeneng, pegawéan lan alamaté jangkep.
'Apa pilih dak-gawa dak-giring menyang kantor polisi saiki, apa kowé kabèh sésuk-ésuk mara ḍéwé mrana? Aku ngerti nèk kowé bebau lan penggawa negara, nanging kabèh komplot nglanggar tatanan. Ora kena diconto masyarakat . . .'
Kabèh meneng, mung carik Mun sing banjur sumaur ḍisik: 'Mbénjing mawon ḍateng kapolisèn.'
'Kena dipercaya?'
'Kénging! Kénging, pak polisi. Kula mesṭi ḍateng ngrika, ḍateng kantor punapa ndalem?' wangsulané Muji mawa pamrih.
Polisi mau nolèh menyang kancané, nuli: 'Anu . . . eh . . . anu, menyang ngomah waé iya kena. Iya, iya menyang ngomah waé. Jam pira kira-kira?'
'Sekécané jam pinten?' uceng Sana nrumbul.
'Ya wis, jam lima-limanan waé!' pamutusé polisi sing karan kakèkané Kiprah, karo nyangklongaké beḍilé.
'Wis, saiki bubar waé ḍisik!'
Préntah iki wis ora patia kaku manèh, sajaké wis ana tanggap pangertèn.

Polisi metu saka omah srotong jèjèr loro. Ḍaḍané Suki-Pèḍèt isih melar-mingkus. Wong-wong sing kalangan adu kucing banjur pating jreḍul nuntun sepéḍah ninggalaké pekarangan sing karungkudan ing wit-wit mlanḍingan kuwi. Manḍor alas Kija-Blanḍong karo Lintrik

nlusup nrabas dalan garitan kulon omah terus mulih.

Wong telu tekan omahé Muji pisahan, atiné kisut. Muji mlebu menyang kamar, bojoné nututi.

'Piyé, pak Kiprah teka tenan?'

Muji manṭuk, kanḍané lirih: 'Suksès!'

'Embèn aku tukokna ali-ali lho!'

Wong lanang Muji mbanting awaké ing ambèn, sing wédok digèrèd. Ora suwala, pasrah.

Dina sésuké jam lima. Wong-wong sing ditangkep ing mainan ngomahé Suki-Pèḍèt wingi wis paḍa teka ing omahé polisi Kiprah, ora menyang kantor. Wong-wong rékané arep nyuwun 'kebijaksanaan' komenḍan, mulané ing saké méntol-méntol isi ḍuwit. Ḍuwit sebrakan mranamréné, sebagian ḍuwit pajegé rakyaté sing wedi dioprak-oprak. Nitik polatané wingi wong-wong mau yakin yèn bakal bisa nampa panyuwunané, lan mesṭiné ḍuwit ing saké kuwi ya ora pait.

Ṭèng jam lima pak Kiprah metu menyang penḍapa ngarep, nemoni. Ulaté peteng, njenggureng.

'Ana perlu apa?' takoné ngagètaké sing ana kono, kaya-kaya ḍèk wingi durung wawan rembug prekara tekané wong-wong mau.

'Inggih prekawis wingi nika, pak,' sumauré Muji semu ngrapèk. Wong-wong liyané tumungkul.

'Kok ora menyang kantor?'

'Wingi rak sampun matur, pak,' carik Mun semaut.

'Hmmmm! Sampéyan sedaya ngerti, juḍi niku dilarang negari. Napa malih sampéyan, carik, uceng lan manḍor, sing mesṭiné tumut njejegné peraturan-peraturané negari. Lha kok malah nglanggar tatanan? Sampéyan saged kula ajokné teng pengadilan. Sampéyan sedaya saged cepot saking keḍuḍukan sampéyan. Ngertos?'

'Ngertos, pak,' uceng Sana mangsuli, banjur: 'Niki wau kula inggih ngaturaken sedaya kelepatan, lan malih inggih nyuwun mbok kula sedaya niki boten usah diajokaken ḍateng pengadilan. Inggih mangké kadospundi caranipun . . .'

'Karepmu piyé?'

'Inggih kersa pak komenḍan ngrampungaken wonten ndalem ngriki mawon. Inggih kadospundi kebijaksanaanipun pak komenḍan kula sedaya nḍèrèk.'

'Éééé . . . dadi sampéyan sedaya baḍé asok tanḍa panarima ḍateng kula ngaten ta?'

'Inggiiih.'

'Heh, prekara sampéyan niku prekara geḍé. Kula polisi boten purun cara

suwap-suwapan ngoten niku. Polisi ngayahi tugas mawi sumpah. Geḍé risiko lan tanggung-jawabé ngayomi durjana.'
'Baḍéa kadospundi, pak Kiprah kula suwuni tulung,' kanḍané Muji kaya arep nangis, banjur: 'Kula sedaya nḍèrèk sak-kersa panjenengan. Anggeripun panjenengan kersa nulung.'

Komenḍan polisi Kiprah ngangkat punḍaké, banjur: 'Maman!'
Mlebu polisi sing wingi uga mèlu nangkep.
'Ada apa, pak?' takoné.
'Urus dan selesaikan perkara orang-orang ini!' préntahé wijang.

Pak Kiprah mlebu. Polisi Maman ganti sing ngaḍepi. Wong-wong atiné luwih krasa aḍem, marga polisi sing kèri iki praupané luwih bening. Rembugané alus lan nyumadulur, pétung murih paḍa beciké.

Pepuntoné pétung polisi Maman saguh ngusahakaké nulung mbatalaké prekarané digawa menyang pengadilan. Lan wong-wong mau sawisé enyang-enyangan saguh mènèhi pasangon ḍuwit limalas èwu rupiyah saben wong siji.

Pétung dadi, ḍuwit sawidak éwu ditampa ing tangané Maman. Wong papat metu rumangsa slamet, olèh pitulungan. Uceng karo manḍor terus mulih, carik numpak sepéḍah arep menyang pasar malem. Déné Muji kanḍa arep menyang setasiyun.

Bakda magrib carik mampir ing warungé Asri, dadak lagi angukanguk weruh pak Kiprah ana kono karo Maman. Carik Mun saya mlengok manèh bareng weruh Muji uga ana sanḍingé, sajak tanpa rikahrikuh. Ḍèwèké mundur sadurungé wong-wong mau meruhi, terus lungguh ceḍak kaling-kalingan geḍèg. Rembugané keprungu ceṭa, sanadyan lirih: 'Kowé nyuwun pira, Ji?' takoné Maman sing wiwitan dirungu carik.
'Mangga kersa pak komenḍan.'
Sawetara suwé meneng.
'Telung èwu ya, Ji. Akèh-akèh kanggo apa?'
Swara iki terang swarané pak Kiprah. Laguné sing wijang kuwi kaya laguné nalika wawan rembug ing penḍapa mau.

Muji ora keprungu sumaur.
'Nyoh, bojomu wènèhana! Ḍèwèké ya berjasa, ngirimaké layang nganti kringeten.'

Carik Mun Kèprot, sing gawéné disenèni mantri polisi, ing batin misuh-misuh ngerti akal-akalan sing kaya mengkono mau. Ḍèwèké rumangsa kapusan sandiwarané baḍut-baḍut seragam sing tumindak galak, nanging rakus lan cluṭak. Atiné ora trima, nanging arep lapor menyang ngendi?

Sepédahé dituntun alon-alon, terus mulih awaké loyo.

Tjantrik Aswotomo
(in: Jaya Baya no. 49, August 1972).

62
ING TELENGING WENGI

Wit-witan lan rerungkudan ora bisa crita liya
saben aku nlusur dalan iki:
— Kowé keplantrang, mitra, kowé keplantrang.

Wit-witan lan rerungkudan ora naté nyingkur atiku
adreng nganti wangsulanku:
— Ora. Ora ana manèh sing dak-lari.

Aku kèli kaya larahan ing kali,
nanging manawa tumlawung kidung wengi
aku ati kang kasmaran.

Aku bayi durung bisa nyawang lan micara.
Nadyan wit-witan lan rerungkudan tetep setya
ngétung tebaning jangkah lan kanda:
— Ah saiba aboté sesanggamu, manungsa.

Ardian Syamsuddin
(in: Jaya Baya no. 39, June 1974).

63
ÉMAN KOK ORA SAPAN

Nalika nini-nini mau teka ṭuyuk-ṭuyuk saka kulon, ḍèwèké wis meḍongkrong ana kana. Lungguh lèmèkan kandeling suket-teki, pinggir gampèng ing ayang-ayangan wit asem. Sanḍingé sepéḍah tuwa suménḍé ing wit.

Nomnoman mau weruh sliweré. Nuli ditolèh mèlu lungguh ing suketan ora adoh karo panggonané, nguḍari slénḍang banjur rogoh-rogoh buntelan kang mau digénḍong. Rainé, tangané wis ngriput saka tuwané. Rambuté gimbal uwan, gelungané menṭil. Banjur nalika nini-nini méngo arep ngajak omong, ḍèwèké wis nḍingkluk mijeti baṭuké ḍéwé, rasané senut-senut.

Ora saka panasé srengéngé olèhé senut-senut, nanging saka puteking pikiré ngrasakaké rekasaning urip. Nasibé.

Wis ping pira anggoné nulis lan ngirimaké surat lamaran golèk pegawéan, ḍèwèké ora bisa ngétung, nanging nganti saiki durung ana kabul kawusanané. Paling banter mung olèh wangsulan: 'Harap sabar sementara belum ada lowongan pekerjaan. Panggilan akan segera kami kirimkan setelah ada lowongan.' Utawa pangarem-arem liya: 'Surat lamaran saudara telah kami catat. Menunggu sampai ada lowongan pekerjaan di kantor kami.'

Kari-kari iki ḍèwèké nékad buḍal ḍéwé nggawa surat lamarané. Mlebu kantor-kantor lan perusahaan-perusahaan sing sakira bisa mènèhi pegawéan, mbutuhaké wong-wong sing nduwèni ijazah kaya ijazah kang diduwéni. Nanging asilé paḍa baé. Kaya seḍéla mau nalika ngaḍep kepala urusan pegawai ing kantor geḍé kang lagi baé dibukak.

'Èstunipun sampun kaṭah sanget ingkang pados pedamelan mriki, ḍik!' katrangané wong kang diaḍep mau.

'Nyuwun tulung, mas, supados saged katampi.'

'Kepengker menika kita inggih betah tenaga administrasi tiga. Ning tiyang ingkang ngintun lamaran kaṭah sanget, wusana murih adilipun lajeng kita wontenaken tèsting, saringan. Sedaya pelamar angsal kesempatan wonten tèsting menika.'

'Kula sagah ngaturi pituwas sekawan utawi gangsal bayaran ḍateng panjenengan mangké,' panyelané klawan gemes.

Sang kepala urusan pegawai mèsem. Manṭuk-manṭuk embuh gèḍèg-gèḍèg, wis ora dipreduli manèh, merga sabanjuré kang kudu dialami ora béda karo wingi-winginé. Ḍèwèké metu saka lawangé, saka régoling kantor mau nggawa pangarep-arep kang saya nglangut. Rumangsa bakal ngambah bulak sepi kang ora ana entèk-entèké. 'Ngrekasa temen uripku!' panggresahing batiné ḍéwé.

Sawah ing ngarepé, kaeletan wangan cilik, jembar ngilak-ilak. Tanduré katon subur ijo royo-royo. Ana ing galeng-galengan, mrambat tanceban carang-carang, uga leḍung-leḍung elungé kacang lanjaran. Pating krompol nyegeraké sesawangan sangisoring langit renḍengan kang pinuju paḍang. Nanging kabèh mau ora disawang. Ḍèwèké isih nḍingkluk karo mijeti baṭuké kang senut-senut.

Si nini isih méngo nyawang nomnoman sing meḍongkrong ing pasuketan ora adoh saka panggonané. Tangané grayah-grayah ponḍongané. Seḍéla kanḍeg. Ḍèwèké satemené kepéngin takon, prakara apa baé kena. Luwih-luwih manèh yèn nyawang enom-tuwané, dedegé, kaya ngélingaké anaké kang lunga ora tau bali mulih. Ya semono kuwi. Kala semana anaké nyambut gawé jaré dadi romusha. Ḍèk jaman Jepang nḍisik. Buḍalé dirilakaké, merga ing ndésa wis ngrumangsani angèlé golèk sanḍang-pangan. Nanging jebul nganti tetaunan, nganti sepréné ora ana bali. Ora ana kabaré. Wis pirang puluh taun?

'Pun dangu ngaso teng ngriki, masé?'

'Napa tebih griyané? Lha niki wau saking pundi?'

'Katoné sampéyan sayah sanget!'

'Nèk kula, niki wau king sadéan goḍong semanggi. Wau mbektané saébor munjung, masé. Kula iderké teng griya-griyané piyayi kuṭa mrika, boten suwé telasé. Mulih ébor koṭong. Ganti ponḍongané rada nggentéyong.'

Nomnoman mau panggah nḍingkluk mijeti baṭuké. Jalaran si nini uga ora cemuwit, pitakonan-pitakonan mung kanḍeg ana ing pikiran lan pangrasané, disambi ngetokaké wungkusan saka génḍongané. Ora let suwé wis nyomak-nyamuk ngemataké panganan sajak nikmat. Kaḍang-kala ing dalan ana ḍokar liwat, swarané kumrimpying bingar campur lan guyu sarta omongané para penumpangé. Kaḍang-kaḍang ana truck krenggosan amot balok saka alas jati loré kali, utawa oplèt-oplèt kang penumpangé uyel-uyelan kaya tumpukan pinḍang, utawa sepéḍah motor Yamaha menyang utawa mulih saka kuṭa. Si nini nolèh, nyawang. Kabèh katoné bingar-bingar, nyenengaké. Kaya lelambaké tanduran ing sawah kang ngilak-ilak sangarepé kuwi. Uga kaya kekitiring goḍong semanggi kang ngrèntèp ing pinggiraning wangan ngisor

gampèng iki. Utawa kaya elung-elunging kangkung kang ngambak ing énggok-énggoking wangan sisih kana kaé. Nyenengaké!

'Kula boten tawa lho, masé. Kula pangan ḍéwé!' batiné manèh kambi nguncalaké goḍong tilas bungkusing panganan menyang wangan.

'Ditawanana rak mung marahi enek sampéyan. Panganan buntelé kaya gombalan lap sepatu sampéyan ngèten. Boten patut kula tawak-tawakaké!'

Saiki senut-senuté pilingané rada suda rasané. Nomnoman mau nyilakaké rambuté memburi nyawang sawah jembar ing ngarepan. Sawah. Sawah! Nanging pikirané nomnoman mau ora kaya nini-nini kang lungguhé ora adoh karo panggonané ngéyub. Ḍèwèké ora nyawang tanduran pari kang ijo royo-royo, ora nyawang kacang-kacang ngrembuyung turut lanjaran, ora nyawang ṭukulan semanggi ing gampèng-gampèng teles pinggiran wangan.

Nomnoman mau isih panggah tontonen kantor-kantor sing dileboni, dijaluki pegawéan. Krungon-krungonen omongané pejabat sing sabensaben tansah nulak lamarané. Kaya layang-layang wangsulan kang ditampa. Mangka wis pirang taun olèhé sekolah supaya ing tembéné bisa cekel gawé, batiné. Wong-tuwané ngragadi entèk pirang-pirang. Ḍèwèké nggeṭu sinau nampa wulangan lan ujian. Saiki wis lulus lan olèh ijazah. Mesṭiné mono gampang olèh pegawéan. Ora kudu kloyongan golèk pegawéan kaya iki nganti pirang-pirang wulan. Pirang taun punjul pirang wulan! 'Kebangeten ngrekasané uripku!' panggresahé manèh.

Nalika nomnoman nolèh manèh mrana, sing diweruhi mung ana wong wadon tuwa bungkuk sing ora nduwèni teges apa-apa. Apa kaya wong ndésa sing kecingkrangan lan golèk pangan turut dalan. Ḍèwèké ora bisa nggagapi omongan kang mung ngerem sajroning batin, batiné nininini mau.

'Kok wis gelis temen ngambak manèh semanggi sisih kéné iki! Dipeṭilana rak bisa ngebaki ébor! Mangka durung suwé olèhku ngrambani. Apa nantang tangan tuwa iki? Yaa, coba entènana embèn-embèn yèn wis kober!'

Sawisé klomat-klamut, lambé kang wis nyaprut mau diulap nganggo slénḍangé. Buntel-buntelan ing pangkon diunggahaké menyang génḍongan. Mbaka siji, ngati-ati. Karo diiling-ilingi. Nganti rampung banjur mbenakaké slénḍangé.

Sadurungé ngadeg, nini-nini mau uga méngo menyang arahing nomnoman kang ngrekasa. Batiné panggah semanak grapyak.

'Dèrèng tutas mawon sayahé, masé?'

'Gajegé masé niki tiyang tebih? Késah tebih?'
'Kula boten bisa ngaso suwé-suwé teng mriki, masé. Kudu énggal bali! Empun tuwa ngèten gawéan kula panggah pirang-pirang. Èh, pripun yèn boten ditandangi, wong urip butuh mangan, butuh nyanḍang. Cobi, semanggi niku saniki nggih nantang gawéan! Mangka wingi kula empun diwelingké cariké, nèk siyang niki dikon réwang nguṭili kacangé. Terus soréné dikon momong anaké merga ditinggal jagong mantèn. Cobi, masé, kula rak boten kober nganggur? Sésuk nḍaḍagi sawahé lurahé, suk embèn ... Lah, empun, masé. Empun! Kula selak dientèni cariké mangké!'

Ébor kang mengkureb ana sanḍingé dicanḍak, dianggo lawanan ngadeg. Lan ora let suwé nini-nini mau wis ṭuyuk-ṭuyuk nutugaké lakuné ngétan, tanpa tolah-tolèh.

Nomnoman kang ngrekasa mau ora nyumurupi lungané, lan ya ora bakal nggubris apa wong tuwa mau wis lunga apa isih mèlu nḍéprok ing ayang-ayanganing wit asem pinggir dalan iki. Pikirané ora ana ing rerupan lan kahanan sakubengé, nanging isih cumanṭèl ana ing iḍamiḍamané, pepénginaning atiné. Ana ing gambaran kantor-kantor sing wis nulak lamarané, munggah menyang kantor-kantor sing bakal ditekani sésuk lan embèn.

Nomnoman mau meḍongkrong ana kana, sanḍing sepéḍah tuwa tukoné bapakné ḍek jaman penjajahan Landa biyèn. Sepéḍah sing wis lècèt-lècèt kusem kembangan taiyèng. Sasat wis ora ana prècèté, plek pasemoné ḍéwé, pangrasané ḍéwé kala semana: 'banget ngrekasa!'

St. Iesmaniasita,
(in: Jaya Baya no. 26, February 1972).

64
PANJI KLANṬUNG

sapa kuwi kang paḍa ngungsi
ninggalaké pekarangan, ninggalaké ḍasi?
panji klanṭung, panji klanṭung,
ḍèwèké ngétung srumbung urut lurung.

srengéngé panas ing tlatah ngaré
gumuk-gumuk paḍa menḍak gigiré
panji klanṭung, panji klanṭung,
wis pira kuṭa kampung kok-étung?

si panji gèḍèg mripaté abang
ing tangané suket lan alang-alang
disawuraké ing awang-awang.

panji klanṭung, panji klanṭung,
si panji keplayu saka kampung.

mbiyèn impèné gunung
suket ijo ngrubung srumbung
mbiyèn impèné kebon jagung
kali kanal paḍa agung
saiki mati, mati
guci-guci gemanḍul ing lemari.

sumebar ing èmpèr kreteg gentéyongan
boboting pananḍang
sumebar ing kuṭa-kuṭa ninggal jaritan
adol sakabèhé kasusilan
panji klanṭung, panji klanṭung,
apa bener kowé keplayu saka kampung?

si panji mèsem merak ati
drijiné nuding srengéngé lagi lumadi:
— nyang ngapa takon, nyang ngapa nyapa

takona marang sing gawé crita
témbok-témbok wis ditata ḍuwur
témbok-témbok wis disap diatur.

angin sumriwing ing kuping
si panji mlayu nggendring
si panji, si panji,
entènana aku, énggala bali
aku dudu mata-mata, aku dudu kompeni.

si panji manḍeg sumpeg:
— aja kok-ganggu lakuku
aku bakal gawé prau saka kayu
aku bakal nyabrangi segara asat
aku bakal ngungsi adoh lumawat.

apa ora salah
si panji ninggalké tanah tumpah ḍarah?
— o, aku iki bangké
ing kéné gawé sepeté sang srengéngé
si panji, si panji,
o, ketiwasan si panji.

sapa kuwi kang paḍa ngungsi
ninggalaké pekarangan, ninggalaké ḍasi?
panji klanṭung, panji klanṭung,
ḍèwèké ngétung srumbung urut lurung.

panji klanṭung, panji klanṭung,
atiné bengkah kena wadung
o, sapa sing tanggung
o, sapa sing tanggung?

srengéngé ing tlatah ngaré
gumuk-gumuk paḍa menḍak gigiré
panji klanṭung, panji klanṭung,
wis pira kuṭa kampung kok-étung?
— mung siji sing durung
kapan giliranmu kena srimpung?

Suripan Sadi Hutomo
(in: Jaya Baya no. 49, August 1972).

65
MULUNG DAULATÉ WURUNG BEGJANÉ

Ora pangling marang lagéyané yèn mlaku ing wayah bengi. Clorot-clorot nyènteri dalan sing lagi diambah, nuli byar-byar nyoroti pekarangan-pekarangané tangga, mbokmanawa kapinujon ana wong sing lagi ndedep arep ngamal barangé sanak sing kapinujon lagi ora éling.

Pancèn rada njudegaké. Ing sasuwéné mubal buntutan iki, kahanan rada usreg. Bisa uga darunané ora marga saka kiprahé ramalan sing luput utawa saka kentèkan dalan kanggo golèk sranané bisa tuku angka marang tambangan. Wiwit jaman anané sepur lempung nganti tekan kondangé Apollo 16, jeneng maling iku tansah ana. Mung bédané maling kuna lan maling modèrn, sing mesti kudu ana. Biyèn maling iku maling kwalitèt gento utawa bèngsèng, ananging yèn maling ing jaman anyar iki mung maling kaliren, butuh sawaregan kepeksa wani mbobol omahé sanak. Kétang anggoné kumudu bisa mangsuli pitakon: 'Sésuk apa mangan?'

Ora pangling. Sing lagi mara kaé mesti kebayané, kebayan anyar sing ora naté bisa macul bengkoké. Kaprah diarani marga saka anggoné mèlu kopat-kapit nguber buntut, nanging tansah mrucut. Arep dadi sugih dadakan mono mula pancèn angèl. Wola-wali mung walak begja-cilakané dalan-sambel.

'Gak ngono . . . , niyaté ki pa ronda, pa mung bara ngalih turu?' gumremengé kebayané bareng wis nyedaki rondan, rondan ing sakuloné kali Teguhan, sing adat sabené ajeg ramé, nanging sing nalika iku kapinujon lagi sepi. Angkringé Bibit uga mèlu sepi. Mung ana wong siji sing njenggruk wiwit soré ana ing kono: pak Prawita. Ajegan saben wengi ora tau lowong, nganti ana sing ngedumeli: 'Tuwa-tuwa jebulané pak Wita pinter mogalan, bisa main yang-yangan karo si Bibit . . . Anèh, nanging nyata. Katik iya . . .'

'Nomeré sing jan sip èstu nomer pinten, pak bayan?' sing lagi cekékal tangi nyongklok kebayané. Banjur gedebug, tabuhé kentongan tiba.

'Wis jam rolas, ndang da mubeng! Nèk kajat-niyaté arep ronda . . . !' kebayané aba sereng.

'Kok da gak ndé mèn rugi, wong patrol na ngarep camatan, kok da mlungker kaya angka wolu . . . ! Mbok sing da ndé rikuh sitik, nèh!'

'Pamané kula tumbas nomer enam-tiga ngoten, kinten-kinten maṭuk napa mboten, pak bayan?' sing takon mau meksa ngotot nguber ramalané kebayané. Wataké Sadi Mbedut, wiwit bocah mula yèn karepé isih durung keturutan, panguberé manggung.
'Delemes ... gak ngopèni nomer! Gèk mubeng. Sing ronḍa wong pira, ta?'
'Biyasa, tiyang tiga. Kula, kang Mat-Isni kalih pakḍé Wangsa-Kin.'
'Ndang puter, lik Wangsa ... mpun jam rolas, lho ... !' kebayané aba manèh lan sing diaba wiwit kumréngkang nyanḍak kenṭongan pring ganḍor. Ora lali karo grundelan: 'Cah ḍèk wingi soré aé, lagi dadi bayan aé kaṭik kerasé gak njamak ... !'
Pak Wangsa-Kin mono isih bapaké cilik kebayan ḍéwé, ipéné jenaté pak Sa-Simun, bapaké kebayan Bini ...

Mungkur sing paḍa diurak supaya mubeng, kebayan cengkélak bali ngulon. Mampir ing angkringé Bibit. Ora arep tuku wédang, mung arep nocogaké nomer sing ésuk mau mentas dituku ana ing tambang pak Dana. Nunut paḍangé lampu téplok, lampu ḍasaran. Clilengan semu kurang ceṭa pandelengé, nanging isih kèlingan marang angkané: tujuh-ampat. Yakin, nomer kuwi bakal metu manut sasmitané ing impèn, lan yèn enḍasé olèh angka lima, mesṭi bakal nyekel ḍuwit sepuluh èwu meṭuṭuk tanpa adus kringet.

'Mboten pinahrak khriyin ta, kang Bini, nginum-inum bentèhran,' ujaré bakulé nawani, 'kalih ngancani pak Wita niki ta, saka ke ... kiyambakan.'
'Gak, nḍuk, arep nganglang ḍisik. Ngko aé, gampang!' sumauré sing ditawani karo mbalèkaké kuponé. Didlesepaké ana ing kupluk, kétang wediné yèn kongsi konangan mbok wédok, sing wis pasang tomprang:
'Dilarang pasang ékor.' Kebayané mula pancèn ora pasang 'ékor', nanging pak Bini sing kabèlan pasang buntut.
'Sing ditumbas nomohr pinten ta, kang Bini?' pitakoné Bibit.
'Lah, nggo tamba péngin ... nomor enam-tiga,' sumauré sing ditakoni, sengaja njlomprongaké. Samar yèn nomeré ḍéwé dijiplak sanak. Yèn ana begjané, kabegjan mau pancèn niyat arep dikukup ijèn.
'Pa kowé arep tuku ta, Bit?'
'Kantenané mengké pak Wit kehrsa numbasné ... pinten, paling bantehr nggih ming sedasa. Pinten, enam-tiga?'
'He-eh!' wangsulané kebayan Bini karo klépat lunga nyingkir saka angkring. Butuhé wis kacukupan, rasaning atiné lega. Terus ngentiyog ngétan, menyang pratelon arep anḍok ing warungé pak Dana Asmara, sing ajeg ramé marga dadi stasiyuné para gimbluk.

Kahanan ing bengi iku sepi. Ora kaya ḍèk wingi-winginé, sing paḍa liwat ndelèr saka kulon mangétan utawa saka wétan mangulon. Akèh sing paḍa mampir anḍok wédang ing angkringé Bibit, nganti bakulé kentèkan gula lan klabakan golèk tempilan. Tuju-rahayu tokoné Setya isih mintip-mintip menga, kena diilem tukon gula setengah kilo lan imbuhan tèh sabungkus.

'Payon pira, Bit?' pitakoné pak Prawita bareng kebayané wis lunga rada suwé saka kono.

'Sepiné dos kubuhran ngèten, angsal ming kawan dasa,' sumauré Bibit.

'Tambahi ta, pak! Kehrsané kénging nggé kilakan njing-énjing. Mpun yah mènten, napa nḍak nggih ajeng onten sing numbasi, nèh?'

'Ḍèk wingi kok ramé, ya,' sumambungé sing wis mapan dadi lengganan.

Asli wong kono, ananging wis taunan lunga bara ing kuṭa geḍé. Kapinujon lagi tinjo désané. Wis ana telung minggu anggoné tirah ana ing Gelung. Ora ngertia si Bibit malah ndadèkaké atiné saya krasan. Téga ninggal ayahan sing ana ing Semarang. Saliyané iku uga wis akèh sing mencolot saka kanṭongané. Cal-cul ḍuwit tanpa nganggo étungan. Angger bakulé kumecap, waton nggémbol semat, mesṭi tuḍun tanpa ninggal sisa kanggo tunggu sak. Cul tali kenur, eculé ati sing lagi ketiban wuyung. Umuré wis sèket luwih, lan Bibit ḍéwé wis nyeḍak patang jinah, parandéné atiné sakaro meksa isih paḍa bisa jumagar kaya atiné jakaprawan sing lagi tembéan iḍep ing rarasmara. Ora kena pisah sarambut, ora kena kaling-alingan goḍong salembar.

'Nèk njing-énjing nggih hramé, pak,' ujaré Bibit ing sawisé amem saḍéla, nggagas dagangané sing prasasat meḍag ora ana sing nukoni. Kamangka bebaṭèné dijagakaké kanggo ngganjel kenḍil ing dina canḍaké. Banjur ... sésuk apa mangan? Sing ditenga-tenga mung mulunging atiné sing lagi kandreman ana ing kono. Mbokmanawa ana ḍuwit kakarèn, ora kétang mung satus, kenaa kanggo nguber embokné menir kanggo minangkani larasé lagu 'perut-menuntut'.

'He-eh, wong sésuk bukakan buntut,' sumambungé pak Prawita. 'Ning piyé, sing arep nggo kulakan apa? Wong aku nuju ra gocèk ḍuwit!'

'Nèk manḍak ming satus mèn napa nḍak nggih mboten nyepeng ta, pak?'

'Ja menèh kok satus, sèket waé ra nyekel, Bit. Ana ming ... selawé,' ujaré karo ngrogoh kanṭongané. Nuli ngulungaké ḍuwité sing mung salembar, wernané ijo royo-royo. Selawé rispis. Ngulungaké karo kanḍa alon: 'Nggonen tuku buntut aé, Bit. Mbokmenawa ana bejamu. Tukokna kabèh, sésuk tak-golèkaké sing nggo pawitan dodol bengi.'

'Sedanten dituṭbasné?'

'He-eh.'
'Nomehré njuhr pinten?'
'Lha kanḍané kebayané mau pira?'
'Enam-tiga?' Nggih niku napa, pak?'
'Karepmu ta, nèk kowé mantep.'
'Nggih empun, nèk ngoten . . . njing-énjing kula tumbasné teng nggèné pak Slamet napa teng nggèné Mahrsidi. Enam-tiga, nggih, njuhr enḍasé pinten?'
'Gunggungé sanga, Bit. Enḍasana sanga, dadi sembilan enam tiga. Nèk selawé rak isa éntuk rolas setengah èwu, ta?'

Sing didalani ora sumaur. Batiné tarung. Ana rasa éman arep nanjakaké ḍuwit pawèhan sing sepala iku marang buntutan. Ḍuwit puluhan èwu durung kepara mesṭi ditubruk, nanging sing kudu dicukupi sésuké: sésuk apa mangan? Lan Sinah, anaké wadon sing wataké mbeḍagal. Yèn kasèp anggoné sarapan, suwarané ngungkuli Baṭari Durga yèn pinuju diantup kalajengking. Éman ing batin, nanging gelar lairé mung arep ngénaki pawongan sing atiné lagi diganṭol. Tuwa-tuwa lowung, ḍuwité mumbruk lan tanpa duwé étungan. Prasasat saben ujaré mesṭi dituruti. Ati gandrung, kedlarung-dlarung nyimpang lurung, lali pétung, kumlungkung adol genḍung betèké mung kepéngin digunggung déning bakul sing lagi diplungkeri. Nadyan Bibit ḍéwé pétungé uga dudu wong somahan sing kena ditètèr karesikané, ḍèk isih enomé béragé ngungkuli sing saiki lagi paḍa ider katresnan palsu . . .

Kadadéyan ing wenginé kang kepungkur, sawengi ing sadurungé pak Prawita. Ḍuwit selawé ditempuraké, lan sing seringgit kanggo tuku rokok krètèg klobot mateng cap Alang-alang. Wareg wetengé sak-ésuk, karo njagakaké tekané sumbangan saka pak Prawita, awané dientèkaké mawa turu ngaplah-aplah ana ing ngisor papringan. Hawané seger, anginé silir-silir lan mengko soré bukakan nomer. Ratané mesṭi ramé, raméné wong golèk warta, sing metu nomer pira, apa nalo, apa buntut, apa hondané? Kabèh paḍa njagakaké, kabèh atiné paḍa ḍeg-ḍegan ngélingi unèn-unèn plecon: omah geḍong yèn dimistik bisa malih dadi omah geḍèg?!

Lan nyatané ing wayah benginé ramé temenan, raméné wong nguber kabar saka Jakarta, dudu raméné wong mampir tuku wédang, lan Bibit dagangané ajeg kaya ing winginé bengi. Nadyan ditambahi wujud témpé gorèng lan kemplang ketan ireng, wutuh-mluṇṭuh dadi tunggonané pak Prawita sing wiwit soré wis mapan nyépa ana ing kono.
'Sida tuku nomer, Bit?' pitakoné pak Prawita.

'Empun telas ṭik, pak, nomehré sing niku,' wangsulané dora sembada.
'Njur?'
'Yathrané nggih kula nggé nempuhr.'
'Ya wis, nèk ngono . . . butuhé ki temanja apik. Bener nyatané, nguber buntut ki paḍa waé karo ngleboni balapan mlarat,' sumambungé pak Prawita karo nyruput wédang pasuguhané. Legi, kenṭel, anget . . . kaya angeting ati tuwa sing lagi kambuhan kena lara wuyung. Banjur paḍa amem nganti sawetara suwéné. Nganti sing paḍa nguber kabar kabur paḍa bali mulih karo nggawa suwara sing cengkah karo kayakinané.
'Medalé pinten, mas?' Bibit nglegakaké mbengok takon marang wong sing rerikatan nyepéḍah ngulon, wong Kebon.
'Sembilan enam tiga!' wangsulané tanpa nganggo ngrinḍikaké lakuning tumpakané.

Sing takon meksa isih durung mantep. Takon manèh marang wong sing ketemu nuliné, lan wangsulané paḍa waé. Metuné buntut pancèn 'sembilan enam tiga', lan Bibit mung bisa lenger-lenger. Rumangsa kélangan ḍuwit éwon, nadyan nyatané ora kalongan sak-sèn gowèng.
'Metu tenan ta, Bit,' ujaré pak Prawita alon.

Bibit ora wangsulan. Angen-angené ora tekan semono. Anané mung getun keduwung, nggetuni kabegjan sing durung tekan mangsa-kalané dadi kaduwèkané. Uripé isih bakal ajeg kaya mauné, njagakaké rejekiné wong liwat lan pitakonané sing panggah dadi cangkrimané ati: 'sésuk apa mangan?' Gèk Sinah pinteré mung gedrug-gedrug sikil, ora iḍep ing kasangsarané sing tuwa. Pak Prawita ayem baé. Babagan buntut ora naté diwigatèkaké. Yèn butuh golèk ḍuwit, aja nguber buntut, ananging ngubera pagawéan. Tanpa pasang, mesṭi olèh asil tur . . . ayem, seneng lan marem. Urip iki anèhé déné kena diobat-abitaké déning buntut sing tanpa enḍas. Sambergelap!

Poerwadhie Atmodhihardjo
(in: Jaya Baya no. 37, May 1972).

66
KERTU-KERTU CEKI

kertu-kertu ceki iki
aja dirampas manèh saka tanganku
amarga ya mung kari kuwi woding uripku
dalanku tekan ing sabrang
marang donyaku sing wis ilang ing kasunyatan
marang donyaku, donya khayali
nglipur atiku sing suménḍé ing lintang-lintang
amarga donya kang nyata pranyata dudu darbèkku
nanging donyané para brèwu sing bisa nuku

kertu-kertu ceki iki
aja dirampas manèh saka tanganku
amarga ya mung karana kuwi aku bisa lali
atisé wengi ing ril-ril sepur kuwi
bantaling turuku woding impènku
marang donyaku, donya khayali ing lintang-lintang
amarga saiki
saben èmpèr toko lan longé kreteg kabèh wis dipageri ruji wesi
mangka aku ngerti
sésuk soré ril-ril sepur kuwi ya mesṭi wis dipageri
ora perlu dak-pikir sésuk bengi aku kudu turu ngendi
anggeré aja kok-rampas manèh kertu-kertuku ceki iki

jakarta 1972

Trim Sutidja
(in: Jaya Baya no. 38, March 1972).

67
JAKARTA

Nalika buku tamu disrogaké ḍèwèké ndomblong. Andak iya niliki aḍiné ḍéwé kudu ḍaftar? Saélingé ora dadi ḍokter?

Sidané ming dicekeli, wong lanang 'penjaga' sing ana ngarepé iku disawang, alon ḍèwèké takon: 'Sadaya kedah ngisi buku niki? Senaosé seḍèrèké bapaké upaminé?' Sing ditakoni ora mangsuli, ngulungi bolpoint, njur aba: 'Nami sampéyan, alamat sampéyan, lan kaperluan sampéyan.'

Ora ceṭa apa sebabé, dadakan baé ḍèwèké kepéngin guyon, njur buku iku digèrèd, nulis srat sret.

Nama: Suharta, dudu Présiḍèn.

Kaperluan: Urusan keluwarga.

'Ngèten cekap?' kanḍané karo mamèraké apa sing ditulis marang wong lanang sing ngadeg ana sisihé.

'Ḍagelan kok, ḍik, ḍagelan.' Punḍaké wong lanang sing mlongo iku dipukpuk.

'Kiyambaké ngertos kula, karang wit alit kanca dolanan.'

'Tanḍa tangané dèrèng, pak, lan alamaté?'

Sawusé mikir seḍéla, ḍèwèké rumangsa perlu nuduhaké jeneng sing ceṭa liwat tanḍa tangané. Mula ing pojokan ngisor ditulis: Waluya ANATABATA. Sing mburi gedrig geḍé-geḍé tur dikandeli. Karepé bèn sing ditekani ngerti lan nganakaké sambutan sing mesra, njur katon gawang-gawang aḍiné mbukak lawang gupuh mapagaké tekané, ngrangkul gapyuk lan takon: 'Embok piyé, kang? Tinah saiki anaké wis pira?' Ḍèwèké mèsem, gawang-gawang katon rupané aḍiné sing wis suwé ora ketemu.

Nalika lawang gumerit menga, gragapan ḍèwèké ngadeg, mapagaké aḍiné, jebul sing metu wong liya, sing jaga ḍèk mau.

'Dospundi ḍik?' kanḍané ora sranta.

'Mang tengga mawon, pak! Sabar, pak Jéndral teksih onten tamu. Ning kadosé wau kagèt, pirsa jeneng sampéyan teng ngriku.'

Ḍèwèké ming mèsem, tangané dipukpukaké ing pupu. Bledug sing nèmpèl ing clanané gogrog. Banjur rogoh-rogoh sak, ngetokaké slepi. 'Ngrokok angsal, ḍik, teng ngriki?'

'Mangga, angger awuné mang dokok asbak ngriku,' wangsulané ènṭèng. Patrapé tamu iku nyenengaké, sumanak tur lugu.
'Kersa, ming klobot mbako, ting wé?' kanḍané ngguyu. Tangané uwed nglintingi rokok. Sing ditawani ming gèḍèg 'suwun'.
'Nami sampéyan sinten, ḍik? Mbok boten sisah basa mawon, lan boten perlu ngundang 'pak', 'kang' mawon langkung trep, wong kula tiyang nḍusun kok, ḍik. Nami kula Waluya Anatabata, ning tiyang-tiyang sami ngundang kula pak Pong. Mang tingali mawon mengké, pak Jéndral sampéyan yèn empun ketemu kula njur sembranan "pak Pong, pak Pong, untuné ompong, kakéhan tléṭong." Wit alit Jéndral sampéyan niku seneng banyolan.'
Ḍèwèké ngguyu banter, kèlingan jamané bocah, angon kebo karo aḍiné. Wong lanang sing ana sisihé kober nyeksèni, untuné tamu kuwi pancèn wis ompong.
'Kang, o, pak Pong, sampéyan sanak tani nggih?' kanḍané wong iku semu wedi.
'Tani? Napa kula ketingal kados sanak tani? Sanès, ming seg narayanané kriyin pancèn kula tukang pencak-silat, sajaké nipak teng awak kula nggih, kados warok. Napa merga klambi potong cina niki? Anu kok, ḍik. Kula niki guru sekolah rakyat teng ḍusun Nggesi. Èlèk-èlèk sekolah niku empun nyéṭak tiyang. Murid kula sing pisanan empun dados kaptèn, malah onten sing dadi insinyur. Jéndral sampéyan rak enggih tamatan sekolah Nggesi. Ning pancèn kiyambaké hébat, uteké èncèr.' Jempolané diacungaké, ngalembana aḍiné.

Nalika bèl muni ping telu, ṭèt, ṭèt, ṭèt, wong sing lungguh ana sisihé iku bisik-bisik: 'Mang tengga sekeḍap, sajaké sampéyan baḍé ditimbali.'

Ḍèwèké gèḍèg-gèḍèg. Ditimbali? Ditimbali? Ora muḍeng. Alon rokoké diseḍot, kebulé disebul menḍuwur. Gawang-gawang katon jaman kang wus kepungkur: Paija, kuru enggrik-enggriken, dikukup bapak karana lola, isih misanané ḍéwé. Nanging bokongé wudunen, njur diḍeplokaké goḍong cubung, dianggo bobok. Nalika awaké sakojur paṭèken, ḍèwèké nyepéḍah sèket kilo nyang kuṭa tuku obat kanggo aḍiné. Njur nggerus lirang, nggoḍog banyu ésuk-soré. Paija diguyang nèng maron sing geḍé. Patang puluh taun kapungkur, patang puluh taun kapungkur, nalika kabèh isih cilik-cilik.
'Pak Pong nginum napa?' wong iku meḍot lamunané. 'Anu, pak Jéndral ḍawuh kula kèn ngancani sampéyan. Baḍé onten tamu istiméwa, pak Menteri. Nginum napa, pak, ès-juice, coca cola?'
'Yèn onten kopi mawon, ḍik,' kanḍané sarèh.
'Wèh, Jakarta panas kok nginum kopi, pak, boten ès mawon? Wo, dados

sampéyan niku seḍèrèké pak Jéndral nggih?' kanḍané karo ngesrogaké cangkir ing ngarepé tamuné.
'Enggih, kakangé. Seg alit ḍèkné empun ditilar tiyang sepahé, kénging pageblug. Njur kiyambaké dipenḍet tiyang sepah kula. Aḍiné wadon setunggal, naminé Tinah, saniki empun mutu. Sampéyan leres. Kula pancèn anak turuné sanak tani, senaosa kula dados guru. Ning kiyambaké bènten, pinteré niku lho ngudubilahi. Mila sedanten njur sepakatan nyekolahaken kiyambaké teng kiṭa. Nalika semanten bapak kula sadéan sapi kanggé ngragadi kiyambaké. Malah nalika mpun benum guru ndésa gajih kula sedaya kula kirimaken kanggo ngragadi kiyambaké. Sing teng nḍusun ngoten, ḍik, sak-ana-anané saged gesang, balik teng kiṭa? — Wé lha, onten tamu nika, napa pak Menteri?'

Wong lanang sing ana sisihé iku agahan ngadeg gupuh mapagaké, mbukak lawangan montor lan ngacarani: 'Teras kémawon, pak,' diteraké nyang kamar tamu.

Ḍèwèké mlompong nyeksèni. Dicaṭet ing njero ati: tamuné Paija menteri, laju diteraké, ora perlu ngentèni. Njur diétung nganggo driji, wis pirang taun ora ketemu. Apa Paija ya lemu kaya pak menteri iku? Dadakan baé atiné krejotan, selak weruh rupané Paija. Tanpa dirasa ngadeg marani lawang. Nalika tangané ndemèk grènḍèl, lawang menga, ana wong metu saka njero, dudu aḍiné.
'Rejeki, pak, rejeki!' kanḍané wong iku ngipuk-ipuk punḍaké pak Pong. 'Niku pak Menteri, ḍuwité oukih! Wau kalih-kalih sajaké gumbira, ngalamat, pak, kula kecipratan beja. Oooo, sampéyan kakangé pak Jéndral. Leres onten èmperé. Pak Jéndral nggih asring kok crita, Nggesi, laré ndésa, penderitaan rakyat, répolusi,' kanḍané karo ngéling-éling apa sing naté dikanḍakaké déning Jéndralé.
'Nggih, ḍèk jaman révolusi griya kula dianggé markas kaum gerilya. Teksih dangu niku, pak Menteri?' kanḍané ora sranta.
'Boten, pak, pokok pak Jéndral empun tèken, bèrès, rampung. Nginumé melih?'
Ḍèwèké, ora wangsulan, ṭenger-ṭenger ngantuk ṭeklak-ṭekluk.

Ora ngerti pira lawasé anggoné ngantuk weruh-weruh digugah lan diabani yèn aḍiné wis sumadya nampa tekané.

Tekan ngarep lawang, rada nggragap seḍéla, kamar kuwi aḍem, ora paḍa karo hawa ing njaba. Amba bawéra, méjané geḍé-geḍé, apik. Ana wong lanang nganggo kaca-mata ireng lungguh ing mburi méja. Andak iya iku Paija? Kok meneng baé weruh ḍèwèké?

Alon disetitèkaké. Bener, si Paija, ceṭa ana anḍeng-anḍeng ing ḍuwur pipi. Ora sranta ḍèwèké mlebu, rékané aḍiné arep dirangkul 'Jaaaaa'.

Nanging banjur manḍeg karepé ḍéwé, sebab wong iku meneng baé. Alon nyopot kaca-matané, ngulungaké tangan ngajak salaman: 'Piyé kabaré, mas, sanak ing ndésa, ibu lan ḍik Tinah?'

Ḍèwèké nyaṭeti, ana tembung anyar, 'mas', 'ibu', 'ḍik Tinah', sing biyèn ming muni 'kang', 'simbok', lan 'genḍukku Tinah'.

'Becik, ḍik, becik, ḍik,' ḍèwèké latah mangsuli. 'Ḍik'-é kaku nèng ilat, biyèn adaté ngundang 'lé'.

'Kabèh kirim salam kanggo aḍik ing kéné. Répot sajaké? Ana titipan saka . . . ibu.' Manèh ḍèwèké kudu ngguyu. Sèket taun lawasé, lagi pisan iku ngundang biyungé 'ibu'.

'Saka ibu? Ya, mengko baé. Seḍéla engkas aku rapat nyang Bina Graha,' aḍiné mangsuli.

Ḍèwèké ming mlompong, ora ngerti apa kuwi Bina Graha. Kenḍo niyaté; crita sing wis dirancang ambyar karepé ḍéwé. Sepi swasanané, kaya sepining ati sedulur tuwa.

'Nyaré nèng endi, mas?' aḍiné takon njejuwing ati.

'Gambir.'

Banjur aḍiné ndeleng jamé. 'Gambir? Yèn ngono bèn diḍèrèkaké pak Karya baé. Mengko soré jam pitu panjenengan tak-entèni nèng omahku, Jalan Barito 19, ḍahar karo kulawargaku,' kanḍané karo ngeteraké kakangé tekan ngarep lawang, aba nyang penjaga lan sopiré.

Montor abang sing apik iku nglènjèr ing tengah-tengah kuṭa Jakarta.

'Gambir sebelah mana, pak?' ujaré sopir ḍialèk Jakarta.

'Stasiyun, ḍik.'

'Celak stasiyun, kanané napa kiriné?' pak Karya nggenahaké.

'Nggih stasiyuné niku. Jam pinten seṗur nilar kiṭa Jakarta? Kula boten gaḍah seḍèrèk, nggih namung kiyambaké niku. Sajaké ḍèknèné répot sanget. Mesṭiné griyané nggih kebak tamu, njut kula boten komanan papan,' kanḍané lugu, ngerti kahanané aḍiné.

'Pak Pong,' wong lanang sing ana sisihé iku nyuwara lirih, 'yèn sampéyan purun, seg-segan teng griya kula . . . ? Sepur nilar kiṭa Jakarta njing-énjing jam gangsal. Onten mengké soré, ning karcisé sepuluh èwu.'

Wong lanang sing jenengé pak Pong iku meneng seḍéla, nyawang pak Karya, gurawalan tangané loro-loro diulungaké ngajak salaman banjur didlesepaké ing ḍaḍa, silaturahmi: 'Alhamdulilah! Sampéyan purun kenunutan kula ming sewengi mawon?'

Sing ditakoni ora mangsuli, ming kaca-kaca.

Bengi kuwi pak Pong mlaku mubeng kuṭa, dikancani pak Karya. Kedadéyan ḍèk mau awan ora nipak ing atiné, kabèh ditampa lamba, aḍiné wong geḍé, ngurusi negara. Saben-saben ana montor abang liwat, mesṭi

énggal njawil kancané: 'Lho napa nika dédé montoré aḍi kula? Gèk-gèk mapag aku, mau rak wis kencan . . . !'
Pak Karya nyambungi ngguyu, ngepuk-epuk punḍaké pak Pong: 'Montor abang atusan, pak, cacahé teng kiṭa ngriki. Lan yèn boten klèntu, pak Jéndral dalu niki teng Istana. Onten tamu luar negeri.'
'Teng Istana, griyané pak Présiḍèn kajeng sampéyan?' kanḍané gawok.
'Nggih, dalemé Présiḍèn. — Lha nika, sing gebyar-gebyar lampuné matimurub, nika night club jenengé. Sampéyan ngertos, night club?' dadakan baé pak Karya kepéngin umuk, rumangsa luwih pinter saka tamuné, kakangé pak Jéndral.
'Night club niku nggih, papané tiyang sugih-sugih mbuwang ḍuwit. Lampuné ming limang watt, remeng-remeng, wong wadon ayu, nginuman keras, jogèd-jogèd wuda, lan mungsikan trokjing-trokjing, ngèten pènḍèké,' ujaré karo ngaṭungaké jempolané.
'Aḍik kula sok ngriku?' swarané lirih ngemu rasa seḍih.
'Boten teng ngriku, teng Paprika. Ning nggih sami mawon. Malah karcisé larang ngrika, nem èwu.'
'Nem èwu? Sami kalih bayar kula . . . rong wulan!' swarané nḍreḍeg. Banjur lampu-lampu ing Jakarta dirasakaké kaya lading sing ngiris-iris mripaté, brisiking kuṭa nḍoḍogi atiné. Alon banget ana swara mlebu ati, kainsapan yèn dina kuwi ḍèwèké kélangan aḍiné: Paija sing ditresnani.

Pak Pong ngadeg ing kono, nyawang kuṭa Jakarta, ana rasa serik ing njero ati, njarem. Jakarta, kabèh sarwa kemrungsung, geḍong kuwi Bina Graha, Istana Merdéka, night club lan montor abang ngedohaké sesambungané karo aḍiné. Banjur bungkusan titipan biyungé disawang, diwènèhaké pak Karya.
'Kanggé sampéyan, ḍik. Jarit baṭikané tiyang sepah kula. Teng ngriku onten ukiran tresna tulus, biyung ḍateng anaké. Tatahan lemah padésan sing dikintun kanggé ngraketaké paseḍèrèkan.'
Ana eluh nelesi pipi tuwa, nyeksèni kedadéyan bengi kuwi. Pak Karya ming mlongo, ora ngerti karepé, sebab Jakarta wis nyiṭes ati lan pangrasa kabèh warga katoné.

Totilawati
(in: Jaya Baya no. 50, August 1972).

68

SADAWANÉ DALAN

Kakang . . .
yèn ing kuṭa wis lingsir wengi
delengen ta kakang
Sing paḍa turu gumléṭak nèng tritis
    wengi iki ḍèwèké turu kepati
    kinemul menḍung kinancan ratri
O, kakang . . . penggalihen
yèn wengi saya tintrim
kekes, aḍem, cumlekit dadi siji
Banjur . . . subuh
kang paḍa turu kepati . . . krungu
ambal-ambalan beḍug tinabuh
wenginé wis dadi ésuk
srengéngé jumeḍul
Awèh èsem sanḍuwuring gumuk
beḍug bali keprungu manèh tengah rina
badan sapata . . . wis adoh gumrégah
pangan . . .
njur sambat . . . nyuwun pangan
jroning ati nangis . . . sadawaning dalan
    O, kakang . . . wigatèkna
    ḍèwèké uga umat . . .
    paḍa karo kita

Koesno
(in: Panyebar Semangat no. 5, February 1973).

69
NGLACAK SEJARAH PERKEMBANGAN SENI LUDRUG

Kaya kang diakoni déning penḍuḍuk Jawa Timur umumé, Surabaya khususé, tontonan ludrug iku dadi tontonané rakyat, kesenian kang muncul saka rakyat, ora dilairaké saka kalangan kaum féodal. Émané seprana-sepréné isih durung bisa kinawruhan klawan gumaṭok lairé tontonan ludrug iku ḍèk jaman apa, taun pira, lan sapa penyiptané? Munculé kesenian utawa tontonan ludrug kang asalé saka rakyat kanggo rakyat iku tujuané apa?

Goṭèking panalitiku, sejarah perkembangan kesenian ludrug iku dedongèngané wis ngalami évolusi marambah-rambah. Owah-owahan kang dialami ora ngemungaké gagragé baé, utawa sifaté tontonan kang dimainaké, uga solan-saliné rombongan ludrug kang prasasat penḍak-penḍak arané ganti, rombongan siji mati, utawa isih urip, banjur muncul rombongan anyar, kang wong-wongé ya wong-wong iku-iku baé. Mengkono uga lakon-lakon kang dienggo carita ing kalangan ludrug ora uwal saka dumadiné owah-owahan ing sajroné masa peralihan jaman kang dumadi.

Tontonan kesenian ludrug kang sepisanan arané Ludrug Bandan. Muncul ḍèk taun kapan lan sapa penyiptané ora kinawruhan. Kang dipitontonaké Ludrug Bandan iku, mamèraké sabangsané ngèlmu 'kanuragan', kaya ta: jaya-kawijayan, adu jeprèté balung, kandelé kulit, dibạcok ora teḍas, diekum ora teles, diobong ora pasah, dicekel mrucut kaya welut, dikepung ngilang, dikroyok bisa mbingungaké wong kang ngroyok, jalaran sing dikroyok bisa maujud sekembaran loro, telu, malah bisa maujud dadi papat. Ceṭané tontonan Ludrug Bandan iku, ngébaraké kaluwihané guna kabisané enggoné ngetrapaké kekuwatan tenaga jero, umumé diarani kekuwatan batin.

Sasirnané tontonan Ludrug Bandan saka bebrayan agung, nuli muncul ing tengah-tengah bebrayan tontonan rakyat kang diarani Ludrug Lérok. Tembung 'lérok' iki mbok-manawa nyuplik saka tembung 'lyra', kang ateges sawijiné piranti musik kang wujudé kaya clempung utawa siter, dipeṭik sinambi rengeng-rengeng anglairaké rasaning ati. Kang dipitontonaké Ludrug Lérok iku, sabangsané ngèlmu panggendaman utawa sulapan. Ing sajroné ngempakaké kemayan panggendaman, sinambi

rengeng-rengeng nglairaké penguneg-uneging ati kang sumimpen ing anggané.

Yèn ana wong nanggap Ludrug Lérok, padatané wong sing duwé kajat sok ngajokaké panjaluk marang ketuané rombongan supaya nekakaké sawarnané barang-barang kang ana ing pasar. Yèn wis disaguhi déning ketuané rombongan kasebut, sésuké ketuané rombongan menyang pasar golèk barang-barang kang dikarepaké déning wong kang duwé kajat. Saketemuné barang apa baé banjur dicekel lan dumadi anyang-anyangan rega, panganyangé disuprih supaya ora dadi.

Ing dina tepungé gawé, salah sijiné paraga Ludrug Lérok mau maju ing panggung, mlebu ing sajroné krobongan kang wujudé kaya kurungan ayam gedé, dikrukub nganggo mori putih. Ing sajabané kurungan ana wargané Ludrug Lérok kang kekutug menyan madu, nganti keluké kumenḍeng ngebaki papan panggonan tontonan kasebut. Ora gantalan wektu sawarnané barang-barang kang dicekel ana ing pasar, ing wektu iku paḍa pating brubul metu saka kurungan. Kang wujud kepiṭing, rajungan, paḍa metu saka kurungan pating gremet. Kang wujud iwak kali utawa iwak segara, ya pating kruget pencolotan metu saka krobongan.

Perlu diuningani ing caṭetanku munculé kesenian Ludrug Bandan iku ing sakiwa-tengené abad kaping 12-15, lan mencungulé kesenian Ludrug Lérok iku dumadi ing sakiwa-tengené abad kaping 16-17.

Sasirnané tontonan Ludrug Bandan lan Ludrug Lérok, nuli muncul ing sakiwa-tengené taun 1911 Masèhi, tontonan rakyat gagrag anyar kang diarani kesenian Ludrug Besutan. Mula diarani Ludrug Besutan, jalaran kang dadi paraga utama aran Besut. Lakon kang dicaritakaké nggambaraké lelakoné Besut ngupadi bojoné Asmunah, nganti kaleksanan ketemu ana ing wilayah Jombang.

Carita kang dimainaké ing kalangan Ludrug Besutan iku sifaté wujud carita 'novelle'; tegesé saben ana tontonan Ludrug Besutan, caritané ya mung iku-iku baé kang digawé lakon.

Jejerané lan adeg-adegané, gamelan lan genḍing-genḍingé kang kanggo ngiringi tontonan amrih agrengé, sarta kidung-kidungan utawa geganḍangané, apa déné ḍapukan siji-sijiné paragané, yèn dijèrèng kabèh ngebaki papan panggonan. Yèn nedya nerangaké kudu migunakaké wektu lan papan panggonan kang ombèr, lan mligi nyatur bab kasebut baé.

Kang perlu katur lan perlu diuningani, manut pangandikané para sepuh, tontonan kesenian Ludrug Besutan kebak isi pralambang pasemoné ngaurip. Kejaba iku ḍawuh pangandikané swargi Embah Wir ing Kapasari (paguron ngèlmu kebatinan), Surabaya, tumuju marang para

siswané: yèn nedya nyingkap wewadiné kawruh batin, paḍa kaḍawuhan nyantrik dadi pemain ludrug; yèn panyantriké wis bisa diḍapuk dadi Besut, ing kono bakal kabuka kawruhé enggoné olah kebatinan. Iku mbuktèkaké yèn seni ludrug iku ngandut pituduh ngaurip lan piwulang kawruh batin. Ceṭa kesenian Ludrug Besutan iku ngemu surasa falsafah ngaurip kang dilambari religie. Nyatané tinemu rakitan ukara kang muni:

Sulur kangkung, suluré wong munggah Gunung,
klenṭang-klenṭung, tanpa kanṭa, tanpa kanṭi rowang,
nggolèki kakang Besut ilang,
menyang ngendi parané?

Senggakané: Digawa kuntul nglayang!

Mula ya pancèn mèmper banget ḍawuh mengkono iku, kayektèné, ing antarané pemain Ludrug Besutan, kang ḍapukané nyakep peranan dadi Besut, wong-wongané ya pancèn peng-pengan banget.

Coba dak-aturi menggalih bab kapunjulané paraga ludrug kang diḍapuk dadi Besut. Yèn ana wong duwé gawé mantu, tetakan, utawa kajat liyané, yèn nganggo nanggap tontonan Ludrug Besutan, tumekané wanci tempuking gawé, kahanan sakiwa-tengené wewengkon panggonané wong kang duwé kajat, prasasat tanggung jawabé disampiraké ing punḍaké kakang Besut, ora mung mèlu ngreksa tata-tintrimé ing kalangan sakiwa-tengené papan panggonan enggoné main, uga mèlu tanggung-jawab tekané tamu kang diundang lan kang teka byuk-byukan tanpa undangan. Malah kaḍingkala uga sok ngayahi pagawéan kang abot. Yèn pinuju ana udan tumurun, kakang Besut kepeksa tumandang ngaḍepi tantangan kekarepané kodrat. Sanadyan kakang Besut ora bisa nolak tekané udan, nanging kudu bisa nyisihaké tumuruné udan supaya ora ciblok ing wewengkon kono. Menawa pangèsṭiné manṭer, ora gantalan wektu menḍung kang rapet pepet, peteng nḍeḍet, bisa sumilak paḍang mayung, ing sakiwa-tengené wewengkon kono klakon ora udan, terang njingglang.

Urutané lakon kang dienggo carita ing Ludrug Besutan, gamelan lan genḍing-genḍing kang dienggo ngiringi carita, ḍapukané paraga siji-sijiné, sanḍangan kang dienggo déning para paraga Ludrug Besutan, pocapan lan kidung-kidungan apa senḍoné, liya dina yèn ana wektu lan ana papan longgar arep diaturaké ing kéné.

Kang perlu diuningani perkembangané kesenian Ludrug Besutan kang dumadi ing sakiwa-tengené taun 1911 M. nganti taun 1931 M. banjur owah dadi tontonan Ludrug Stambul Jawi. Umuré mung bisa urip nganti setaun, kang dipungkasi déning rombongan ludrugé cak Ganda

Durasim, paragané Besut kang mauné yèn muncul ing panggung otéoté, bebedan mori putih, clana komprangan ireng, sabuk lawé, nyengkelit gaman kang winangun kaya kekanṭané manuk kuntul nglayang lan kuplukan abang, moḍèlé kaya kerpusé bocah cilik. Ngancik taun 1931 M. kakang Besut metuné nganggo klambi 'rompi'.

Ing taun 1932 M. dumadi owah-owahan gagrag lan sifaté. Sawisé tontonan kesenian Ludrug Besutan malih dadi Ludrug Stambul Jawi kang banjur dadi tontonan Ludrug Sandiwara, ngalami évolusi total, wiwit wektu iki tontonan Ludrug Besutan sirna saka tengah-tengahé masyarakat Surabaya khusus lan Jawa Timur umumé. Mengkono uga sifaté kesenian Ludrug Besutan wiwit ing wektu iku sirna, mung kari tabet lan kari kumanḍangé aran baé. Éwa semono, sanadyan kesenian Ludrug Besutan ilang saka pacaturan, ing masyarakat isih ninggal tabet, isih ana ciri-ciriné khas kang nuduhaké yèn kesenian ludrug lestari urip, titikané: 1. jogèdé ngréma; 2. kidungané (isih marisi ganḍangan jaman Ludrug Lérok); 3. ḍagelané.

Ing ngarep diterangaké perkembangané sejarah kesenian ludrug ngalami évolusi total, sawisé dadi tontonan Ludrug Sandiwara, kang owah ora ngemungaké gagragé, nanging uga ngenani carita-caritané sing dienggo lakon. Mbalèni sejarah perkembangané kesenian Ludrug Besutan. Sanadyan ing sadurungé lan sawisé naté ngalami évolusi marambah-rambah, kang mauné lakoné kang dipanggungaké wujud carita kang sipaté 'novelle', nganti ganti gagrag anyar, ilangé jejeran Besut, dadi aran Stambul Jawi, Ludrug Sandiwara lan Ludrug Senidrama, kang lakoné kajupukaké saka kahanan kang dumadi ing saben dinané, utawa meṭik saka buku-buku carita roman utawa drama, éwa semono aran 'ludrug' isih lestari katut, ora bisa ditinggal utawa diilangi. Iki pratanḍa kesenian ludrug lestari urip.

Para paraga Ludrug Besutan kang kajuwara, saélingku ing antarané: cak Niti Satimin almarhum (arèk Keputran Pasar Cilik), cak Kusèn almarhum (arèk Jagalan Gang III), sakaroné saka rombongan ludrug Marikangen pak Dul, ing jaman penjajahan Landa lan penjajahan Jepang kerep main ing stuḍio Nirom lan Hosokyoku. Sasisihé iku, kang luwih kajuwara manèh ya-iku: cak Ngari (Besut), cak Ganda Durasim (ḍagelan), lan cak Da'uk (pawèstrèn), kabèh asal saka rombongan Ludrug Besutan Genṭèng Legèn. Saiki para paraga iku wis paḍa tilar donya.

Perlu dikawruhi, almarhum cak Ngari iku arèk Surabaya asli, ing kalangan ludrug ḍapukané dadi kakang Besut. Paraga kang dadi kakang Besut iku ora angger wong, dipilih wong kang sugih ngèlmu agal-alus,

lan kudu bisa tanggung jawab keslametané kulawargané wong kang nanggap lan kulawarga rombongané, sarta uga tanggung jawab keamanan ing sakiwa-tengené papan panggonan kang dienggoni tontonan ludrug sajeroné sewengi muput. Upamané, mèlu ngreksa tata-tertibé keamanan ing jero lan ing jaba kalangan, nyebar kemenyan nekakaké wong kang diulemi lan kang ora diulemi, nisihaké udan yèn pinuju langité peteng nḍeḍet arep ngruntuhaké banyu saka awang-awang lsp.

Cak Ngari almarhum ala-ala ḍèwèké nyipta lagu genḍing. Karya ciptané ya-iku: genḍing Ijo-ijo lan genḍing Emèk-emèk utawa genḍing Jekiṭut Ṭongèl-ṭongèl. Genḍing ciptané kang kasebut kari iku sok dikanggokaké yèn ḍèwèké manggung dadi Besut ing jejerané watara jam 3-4 parak ésuk, sawisé dibawani senḍonané:

Sapa kang duwé perkutut ucul,
perkututé wong Sidoharja?
sun tulup-tulup maénḍa,
énḍané méncok punḍak,
anucuk pipi . . .
(banjur tinampan genḍing Emèk-emèk).

Genḍing ciptané cak Ngari iku kèh-kèhé genḍing Jawa-timuran asli kang uga wis naté direkam ing piringan ireng (jaman pemerintah jajahan Walanda), malah uga kerep krungu ana ing pasamuan ing tarub-tarub.

Semono uga cak Ganda Durasim, ḍèwèké ya arèk Surabaya asli, pangupajiwané mung saka enggoné dadi ḍagelan ludrug. Ḍèk jaman penjajahan Walanda swarané uga naté mlebu ing piringan ireng, ngidung saut-sautan karo cak Wakidin alias pak Markuwat.

Sawisé Ludrug Genṭèng Legèn bubar, cak Durasim ngedegaké kumpulan ludrug anyar, umumé diarani 'ludrug rombongan Cak Durasim'. Kang dadi wargané: cak Wakidin alias pak Markuwat, ḍapukané dadi kakang Besut, utawa, sawisé Ludrug Besutan manjelma dadi Ludrug Stambul Jawi, banjur manuksma dadi Ludrug Sandiwara, cak Wakidin ḍapukané dadi ḍagelan nisihi cak Durasim. Cak Karsa dadi paman Jamina, sailangé Ludrug Besutan dadi Ludrug Stambul Jawi ḍapukané kaḍang-kala dadi ḍagelan wadon. Cak Amir, cak Nata Kasiyan lan cak Satari, cak Minin, ḍapukané kang ajeg dadi pawèstrèn. Mung cak Nata Kasiyan ing jaman Républik Indonésia ḍapukané ora dadi pawèstrèn manèh, nanging sok kaḍapuk dadi bapak, ing rombongan ludrug Marhaen. Ing jaman sejarah ada-ada madegé Geḍong Nasional Indonésia, kang ana ing Jalan Bubutan 85, Surabaya, rombongan ludrugé cak Ganda Durasim mèlu anḍil geḍé tumrap perjuangan nasional bangsa

Indonésia.

Rikala jenaté cak Ganda Durasim, kena diarani arèk Surabaya blejed kang ndarbèni jiwa patriot. Malah ing taun 1930 ḍèwèké dadi wargané perkumpulan Taman Surabaya, geganḍèngan rapet karo cak Dul Arnawa, uga rinaket déning almarhum bapak Dr. Sutomo, prasasat dadi bau-kiwané swargi, mbiyantu perjuangan nyawijèkaké jiwa nasional Indonésia lan mencaraké semangat gotong-royong. Perjuangané cak Durasim iku ngatasé rakyat biyasa, dadi pemain ludrug, tumrapé swargi pak Dr. Sutomo ngakoni lan ngrumaosi kalah daya prabawa kang kanyatan geḍé banget karmané. Iki dibuktèkaké saben-saben yèn swargi pak Dr. Sutomo nganakaké rapat, ngundang warga partainé. Alamaté ceṭa, nanging tumekané dina tepungé gawé, rapat kang dianakaké ora éntuk kawigatèné para warga kang diundang. Kosok-baliné yèn cak Ganda Durasim, rombongan ludrugé menawa main ing ngendi baé, tanpa ngulemi, mung sarana geṭok tular baé bisa éntuk kawigatèn wong sapirang-pirang nekani papan panggonan dunungé rombongan ludrug cak Durasim main.

Cak Durasim perjuangané saya katon sengkud rikala munculé ada-ada saka swargi pak Dr. Sutomo arep ngedegaké Geḍong Nasional Indonésia (G.N.I.). Ing wektu iku cak Durasim sarombongané ludrug giyat main ing ngendi-endi panggonan mbiyantu golèk tambahé wragad kanggo mujudaké madegé G.N.I., sinambi mencaraké semangat gotong-royong lan nandur jiwa persatuan nasional Indonésia. Asilé ngedegaké G.N.I., sanadyan nganti sepréné isih gatra penḍapa, bisa kaleksanan. Mengkono uga jiwa persatuan nasional lan mekroké semangat gotong-royong kaleksanan bisa kababar ing sajroné taun 1945 M., kanṭi gara-gara pecahé révolusi Indonésia diwujudi kanṭi patukon nggiligaké semangat gotong-royong kang linambaran gumolongé persatuan jiwa nasional ngrebut panguwasa saka tangané pemerintah jajahan Jepang.

Nalika jaman Jepang nguwasani Indonésia, kahanané pakumpulan-pakumpulan ludrug isih lestari urip, sanadyan ngalami tekanan saka politiké pemerintah jajahan Jepang, éwa semono pakumpulan-pakumpulan ludrug kang ana ing wektu iku bisa nglarasaké uripé karo kahanané swasana ing wektu iku.

Ing jaman Jepang, nuju sawijiné dina rombongan ludrug cak Ganda Durasim main ing Jombang. Kaya padatan ḍapukané cak Durasim dadi baḍut. Nalikané ngidung kanṭi disengaja apa tanpa disengaja nglairaké penguneg-uneging atiné dirumpaka nganggo tetembungan parikan kang muni:

Bekopon omahé dara,

sajegé ana Nippon
awakku sangsara.

Ukarané parikané cak Durasim iku satemené ora angandut pangertèn apa-apa, saya ing pangertèn 'politik'. Rakitan ukara kang diucapaké iku mung wujud tetembungané badut kang pinuju adagel. Nanging tanggapané wong kang dadi antèké Jepang, panyurasané ngina pemerintah Jepang kang ing wektu iku nguwasani Indonésia. Magepokan karo kidungané cak Ganda Durasim kang mengkono mau, njalari cak Durasim lan kanca-kanca rombongan ludrug diundang ngadep kepala Kènpeitai kang nguwasani wewengkon Jombang, ditakoni maksudé kidungan kang dikumandangaké ing panggung tontonan ludrug dèk bengi. Saka kuwatiré pemerintah jajahan Jepang, wusanané rombongan ludrugé cak Durasim kang main ing Jombang dibubaraké lan para pemainé pada dikongkon mulih. Saterusé rombongan ludrug cak Durasim ora kena aktip main, utawa: 'dibekukan'.

Ana wong sing ngira nalikané cak Durasim diundang menyang kantor Kènpeitai, ngadep kepala Kènpeitai, ana sing ngandakaké jaré cak Durasim digebugi, kang wusanané njalari dadi lan patiné. Nanging manut katrangané kanca-kancané sak-rombongan, nalika cak Durasim ngadep kepala Kènpeitai iku mung ditakoni saperluné, ora dipilara, mung rombongan ludrugé dikon mbubaraké, ora kena aktip main.

Dumadiné kahanan kaya mengkono iku panjenengan bisa nggrayang sepira pasiksan batin kang disangga déning cak Durasim sak-kanca-kancané sawisé rombongan ludrugé dibubaraké ora kena main. Mangka sumber penguripané cak Ganda saben dinané mung metu saka asil karyané enggoné main ludrug dadi badut. Panalangsa tekanan batin kang mengkono iku rinasa banget déning cak Durasim. Saben dina prasasat unjal napas landung, sangsaya suwé lakuné panapasané nyesegi dadané, ndayani keketeg jantungé baka setitik mandeg, jiwané ngoncati ragané kanggo salawasé. Tanggal 8 Agustus 1944 M. jisimé dipetak ana ing taman pamakaman Témbok.

Ngancik jaman révolusi, kanca-kanca saka rombongan-rombongan ludrug kang ana ing Surabaya khususé lan Jawa Timur umumé pada ngili ngungsi metu saka wilayah papan panggonané, mlebu ing daérah pedaleman Républik. Ing pedaleman kanca-kanca pemain ludrug kang pada ngungsi pada ngumpulaké kanca-kanca, ndapuk kumpulan ludrug wargané saka kanca-kanca kang ana. Kaya cak Nata Kasiyan, Satari, Usman Bendul, pada nggamblok nyawiji ing kumpulan ludrug 'Jawa Timur' kang dipimpin déning cak Satari lan cak Nata Kasiyan, pakumpulan ludrug 'Sekar Mulya' kang dipimpin déning pak Dul lan cak Yatna,

rombongan ludrug 'Marhaen' dipimpin cak Wibawa, rombongan ludrug 'Masa' dipimpin cak Jamil, lan isih akèh pakumpulan ludrug kang muncul ing pedaleman.

Sawisé Walanda nyerahaké kedaulatané menyang Indonésia, pakumpulan ludrug sandiwara 'Sekar Mulya' banjur masrahaké kapercayan pimpinan marang ludrug sandiwara 'Marhaen' atas pasarujukané para kanca wargané. Ing wektu semono pakumpulan-pakumpulan ludrug kang kacaṭet ana 48 pakumpulan, kabèh paḍa nerusaké perjuangané ḍéwé-ḍéwé nganti tumekané taun 1965. Ing taun 1965 perkembangan kesenian ludrug ngalami krisis total, ya-iku kesempyok aluning politik kang umumé disebut prastawa G-30-S, kang njalari munculé larangan pakumpulan-pakumpulan seni ludrug lan kumpulan-kumpulan kesenian liyané, ora kena nindakaké kegiyatané ing masyarakat. Pakumpulan-pakumpulan kesenian kang arep nerusaké kegiyatané diwajibaké nḍaftaraké arané pakumpulané lan wargané sapa baé, sarta arané pengurusé sing tanggung jawab.

Satemené kahanané kesenian ludrug iku ora kena dicampuraké karo urusan politik, awit mati-uripé kesenian ludrug iku kejaba ngambah ing dalané ḍéwé, uga duwé jiwa lan panapasan ḍéwé. Sanadyan perkembangané kesenian ludrug dicuresa, kegiyatané dipalangana nganti sunḍul langit, rèhné kegiyatané metu ing dalané ḍéwé meksa ora bisa dipepalangi, lan lestari bisa urip ngembang nganti sepréné.

Perkembangan kesenian ludrug kang ana ing wektu saiki ceṭa yèn wis ngalami évolusi marambah-rambah kang dumadi penḍak ngaḍepi masa peralihan. Kahanané tontonan kesenian ludrug kang ana ing wektu saiki, apa kena diarani ngambah jaman kemajuan? Kang kena diarani maju mung sapérangan saka bagian kesenian, njalari sifat-sifaté tontonan ludrug kang asli ilang babar pisan. Kang isih ana mung kari tabet-tabeté baé lan tabet-tabet iku dadi ciriné khas kesenian ludrug, kaya ta: jogèd ngréma; pawèstrèné kang dadi paragané ora wanita nanging priya; lan uga ḍagelané.

Ki Soemadji Adjiwongsokoesoemo
(in: Jaya Baya no. 49, August 1972).

70
TÉGA LARANÉ NḌAK TÉGA PATINÉ

(*gamelan*)

Bebukané pasugatan kula:
kula ngaturaken suka-harja,
mugi sami andadosna rena,
yèn manawi lepat nyuwun ngapura.

Nang Surabaya numpak sepur,
kenèk numpak bécak nang Kalimati.
Ayo kanca, paḍa dadi dulur,
ayo nyawiji bekti Ibu Pertiwi.

Indonésia rak wis bukti,
konḍang gemah ripah loh jinawi,
subur kabèh kang sarwa tinandur,
murah barang kang sarwa dituku.

He-he, nèk tak-pikir pancèn ya bener, ya ana kenyataané: Indonésia iki subur lan makmur, negara akèh pulo lan segarané, tur tanahé ya subur, isi bahan-bahan kang migunani tumrapé bangsa. Mula rakyaté aé tak-jaluk paḍa gelem mbudidaya ya-apa bisané tambah pametuné, ya kudu sregep nyambut gawé tur sugih kawruhé. Iku kabèh saraté kanggo makmurna negarané.

E, e, e, ehem!

Kucing gering nggawé kaca-mata,
asu kèkèk bantingan oncé.
Paḍa sing éling barèk sapaḍa-paḍa,
supaya bisa tentrem uripé.

(ṭok ṭok ṭok ṭok ṭok)

Markuwat: Lah!

Patollah: Sapa iku?
Markuwat: Aku, Lah.
Patollah: O . . . Markuwat!
Markuwat: Ya. Tak-sawang-sawang teka kadohan kaya-kaya uripmu iku wis ayem, wis gak kurang ḍeḍek, gak kurang pari, kluwak-kluwuk ngidung, paḍané ludrug aé. Lah, Lah!
Patollah: Heh heh! Kon iku, Wat! Lah tinimbangané nglamun lak angur ngidung tah, Wat. Kok dengarèn, Wat! Apé nyang ndi?
Markuwat: Ya angkaté . . . meṭuki awakmu ki lho, tèlèk butuh, nèk ana. Heh!
Patollah: Mulané kok klumbrak-klumbruk kon iku, Wat.
Markuwat: Nèk ngomong apa angger ngomong apa-a? Klumbrak-klumbruk iku rumangsamu aku iki kaya klambi wis amoh ngono tah? Wong iku sawangen ḍisik. Aja angger ngomong cemplang-cemplung. Rupané wong kuwi ya-apa, sawangen ngono!
Patollah: Heh heh! Ngéné lho, Wat. Polatanmu iku lak rada surem ah.
Markuwat: Hm . . . ?
Patollah: Tak-upamakna kaya mbulan ketutupan menḍung, kaya gajih ketutupan bon-bonan. Lak ngono tah!
Markuwat: Ngono aé sing kon gunem iku! Lah ya-apa lèhku gak susah, Lah, Lah! Wong tuwa kaṭik lara, ḍuwik gak nyekel. Bapak lak lara tah, Lah.
Patollah: Lara apa, Wat?
Markuwat: Hm? Pènḍèké kon eruh ngono gak mentala. Nèk awan iku . . . panas!
Patollah: Nah, nèk bengi?
Markuwat: Aḍem.
Patollah: Nah, nèk ésuk?
Markuwat: Anget-anget . . . kuku.
Patollah: Heh heh heh! Olèhmu mblakrak kon iku! Lah tekamu réné ki apé apa?
Markuwat: Lho, karepku lak ya ngriwuk awakmu tah, nyilih ḍuwik satus ngono lho.
Patollah: Lah ya, Wat, kon iku kok anèh. Lah mbok utang sedulurmu! Cak Munali iku lak dulurmu, ah?
Markuwat: Lah ya.
Patollah: Aṭik dulurmu ya sugih. Wong dulur sik sugih ngono kok,

utang nang kanca iku lak ngaya ta!

Markuwat: Ya ngéné, Lah. Mulané aku gak ngriwuk dulur iku, umumé wong dulur iku lak endi sing ana lak ya wèwèh tah. Lah wong cak Munali iku dulur nèk metuk padané mungsuh, luwih-luwih nèk mbèk bapak wis gak mèmba mèmper. Wong bapak gak dianggep wong tuwané. Ngono manèh, Lah, Lah!

Patollah: Ngéné lho, Wat!

Markuwat: He-eh.

Patollah: Aku ngono ya gelam-gelem aé nulung, luwih-luwih kanggo kebutuhané wong tuwamu.

Markuwat: Lah ya-apa?

Patollah: Tapi ya jajalen disik barèk cacakmu. Nèk pancèn awakmu rana gak hasil . . .

Markuwat: He-eh?

Patollah: . . . engko aku ya sanggup nulung awakmu.

Markuwat: Kon iku temen tah, Lah?

Patollah: Kon iku sih kurang percaya aé sé, Wat, kon iku!

Markuwat: Ya wis, nèk ngono, aku tak mulih.

Patollah: Ya ya ya.

(*gamelan*)

Akub: Aduuuh! Adem apa awak iki! O Allah! Nak! Markuwat! Kok becik kon, nak, ana wong tuwa lara ngéné kok kon tinggal lunga!

Markuwat: Pak! Bapak!

Akub: Apa?

Markuwat: Wis waras tah, pak?

Akub: Ah, apané sing waras, Wat?

Markuwat: Ya larané sing waras iku, mosok utangé waras.

Akub: Kon iku kok nemen, nak, olèhé gak jawa ambèk wong tuwa. Kon nèk nemen-nemen gak jawa ambèk wong tuwa, kon nèk tak-tinggal mati getun! Getun kon iku, nak!

Markuwat: Heh, gak kliru tah, pak, pena ngomong iku lho! Sing getun iku lak mestiné pena tah, pak. Lah wong wong mati, getuné iku lho. Nèk pena mati, gak kétok padang hawa, gak eruh rasané mangan lontong balap. Kok ngilokna aku pena tinggal mati getun iku lho.

Akub: Maksudé bapak iku gak ngono, nak. Gak teka lontong balap, gak teka hawa, padang hawa. Nèk kon tak-tinggal

mati, kon gak ana sing nuturi, Markuwat!

Markuwat: Wong akèh wong lara gak kaya pena, pak.

Akub: He he.

Markuwat: Wak Jan iku tau lara gak ngrintih ngono aé. Lara sepisan dijaluk anèh-anèh, mari njaluk plembungan, njaluk layangan, njaluk pèntil.

Akub: Kon iku kliru tampa. Bapak gak njaluk layangan, gak njaluk plembungan. Bapak iki ihtiyarna, dadi kon lunga nèk mulih nggawa jamuné bapak ya, nak!

Markuwat: Ya, dak-ihtiyarna, wong aku ya tèlèk ḍuwik, pak.

Akub: He-eh.

Markuwat: Nang Patollah gak ana, dikongkon nang cak Munali.

Akub: Ya, bener.

Markuwat: Pena aé aja metu-metu! Engko nèk metu ana rasé nḍèḍèsi!

Akub: Rasakna metu, nak, wong meḍun teka ambèn aé gak isa, dadakna . . .

Markuwat: Na omah aé, ya?!

Akub: Ya.

Markuwat: Tak-tinggal tèlèk ḍuwik, nang cak Munali.

Akub: Nèk wis olèh ḍuwik . . .

Markuwat: Gaé tuku jamu.

Akub: Olèh ḍuwik aja lali ya, nak . . .

Markuwat: Ya?

Akub: . . . tukokna jamu, bapak cik-bèn waras!

Markuwat: Ya, tak buḍal ya.

Akub: Aḍuh! Aḍuh!

(*gamelan*)

Angin ngidul-lon parané,
gunung séla tanduran téla,
maḍep ngétan ora ana kancané,
. . . . . .

Munali: Hm, ehem! Pancèné nèk ngrungokna genḍing Godril iku . . . heh, ndahnéya dirungokna ambèk ngombé wédang ngono, seger, antarané isa ngresep nang balung sungsum. Sayangé wédang jané tak-ombé, dipancal kucing. Apa-a? Tak-pikir ya gak salah kucingé, salah olèhku ndèkèk. Coba, olèhku ndèkèk iki bener, antarané ya gak dipancal kucing. Ah, wong

iki nèk sugih gak klawan-klawan, ya gak anak, ya gak bojo, gak ana sing ngriwuk. Sayangé jané nggoḍog wédang wedi nèk kentèkan genḍing, gak nggoḍog iki gak ana sing tak-ombé.

(ṭok, ṭok, ṭok, ṭok, ṭok)

Munali: Sapa iki?
Markuwat: Aku, cak.
Munali: Kon, Wat?
Markuwat: Ya.
Munali: Lah apa?
Markuwat: Ya mréné ki ana perluné, cak.
Munali: Ana apa riwa-riwi aé?
Markuwat: Ngéné, cak, ngomong ki sing sabar ṭiṭik apa-a! Wong arané aku dulur, gak tau sambang mréné, sambang réné sepisan iki angkaté ngriwuk ḍuwik satus, cak, gaé tuku jamuné bapak. Bapak lak lara tah, cak!
Munali: Bosen, Wat! Kok bapak iku na kéné ngono lah wong tanggunganku. Wong bapak iku na 'nggoné awakmu, ya tanggunganmu. Lah kon ya-apa ihtiyarmu?
Markuwat: Ya biyèn nyambut gawé, perkara bapak lara tanggunganku. Wong gak nyambut gawé . . . ! Engko aku ngriwuk nang wong liya, sawangané aku ki gak ngétok-ngétokna dulur. Dulur sugih kok dikétokna lèh sugih, gak tak-jawab, ngono lho, cak.
Munali: Terang nèk pancèn awakmu iku wis gak dipercaya ambèk wong liyan. Barèk lho kon iku lho kuncung tumekané gelung . . . sambat aé lho. Gak bosen-bosen tah! Ya-apa kon iku?
Markuwat: Wong atasé ḍuwik satus aé, cak.
Munali: Wis ngéné aé, cekak aos, aku wis gak isa nganani.
Markuwat: Gak olèh satus ya pitung-pitung puluh lima, ngono aé lho.
Munali: Aja papak kon muni satus, ngomonga tah . . . seringgit ngono, gak ana wisan.
Markuwat: Pena iku sé, temené gak percaya ambèk aku, olèhé gak sakna ambèk bapak iku lho! Aku gak perlu akèh-akèh omong, gak perlu akèh-akèh sambat, nèk gak ana satus ya wis . . . satus-satus sèket ngono!
Munali: Wong dikanḍani 'ngomonga seringgit gak ana' kok, mempeng aé!

Markuwat: Gak ana temen tah?
Munali: Gak ana!
Markuwat: Wis, tak-tinggal mulih lho, cak.
Munali: Mulih karepmu, gak mulih karepmu!

(*gamelan*)

Patollah: Lho, Wat, bolak-balik kok kon aé!
Markuwat: Heh hm, lah wong . . .
Patollah: Cekukrak-cekukruk paḍané kucing mari kaudanan aé! Teka endi kon, Wat?
Markuwat: Ya nuruti omonganmu ki lho! Teka endi manèh? Teka omahé cak Munali. Wong kongkon utang ḍuwik na kana wis gak dikèki, dicelaṭu sakayah-kayahé.
Patollah: Heh heh heh heh!
Markuwat: Ngomong sakecap, cak Munali ngomong rong kecap. Aku rong kecap, kana limang kecap, bulé aku gak isa kecap-kecap.
Patollah: Heh heh heh! Kon iki éééé, dadi ngono iku maeng tah.
Markuwat: Lah ya-apa!
Patollah: Tak-kanḍani, aku wis ngerti nèk menawa wataké Munali iku kasar . . .
Markuwat: He-eh.
Patollah: . . . atèn-atèné kaku.
Markuwat: Lah iku!
Patollah: Tapi kon kudu ngerti, nèk dudu aku mungsuhné ngono gak ana Munali iku, Wat.
Markuwat: Ayo, olèhmu ngomong iku lho, cik sombongé iku lho! Kon iku wani temen tah ambèk cak Munali?
Patollah: Héééé . . . kurang percaya! Aja cacak sacacakmu, rong cacakmu paribasané tak-ladèni, Wat!
Markuwat: Ayo, saiki ngéné, aja ramé-ramé ya?
Patollah: Ya.
Markuwat: Endi janjimu ḍuwik satus rupiyah iku lho?
Patollah: Aja kuwatir! Atasé persoalan ḍuwik aé lho! Heh, ki lho!
Markuwat: Ya neḍa nrima, prelu gaé tambah nukokna jamuné bapak iku lho, Lah.
Patollah: Tapi ya ngono . . .
Markuwat: He-eh?
Patollah: . . . cacakmu iklasna, ya?

Markuwat: Lho lho, aja diterusna ngomong kaya ngono iku, Lah!
Patollah: Apa-a, Wat?
Markuwat: Engko pas dadi saksi aku. Nèk saksiné gak sepira, ènḍang-ènḍèngé iku lho.
Patollah: Lho, sing dadi lak akalé lan carané tah?
Markuwat: Cara ya-apa manèh, Lah Lah!
Patollah: Kari ngentèni awakmu, iklas tah nggak, ngono aé.
Markuwat: Lho, karepé ki tak-iklasna. Aku iku kanḍanana ḍisik, sing dimaksudna iklas iku apa, lak ngono tah?
Patollah: Pokoké kari kon, iklas tah enggak. Nèk iklas ya tak-akalna, tak-carakna.
Markuwat: Ya wis, tak-iklasna, Lah.
Patollah: Lah, nèk kon iklas ya . . .
Markuwat: He-eh?
Patollah: . . . entènana ana kéné ya.
Markuwat: Ya.

(*gamelan*)

Trunajaya pahlawan Madura,
Sawunggaling putra Surabaya,
Ayo paḍa nyipta ékapraya,
Mbeciki iman mbangun Negara.

Numpak sepur trus myang Kalisosok,
Numpak bémo menyang Kalimati,
Patunggonana budi kang alus mangké dados,
Nyuntak ambeg ḍiri.

Kembang tanjung sumebar nḍok latar,
Patembangna ati sing sabar,
Iku laku prayoganéééé-
héééééééééé . . .

Patollah: Nuwun!
Munali: Sapa iku? O, pena, Lah?
Patollah: Ya, cak.
Munali: Ana gawéné ah?
Patollah: Ya ana gawéné seṭiṭik, cak.
Munali: Teka endi aé?

Patollah: Teka omah aé kok, cak.
Munali: Utang ḍuwik tah? Nèk utang ḍuwik gak ana. Tapi ya, nèk gelem, ḍuwik wédok.
Patollah: Ḍuwik wédok ya-apa sé, cak?
Munali: Ika lho, Lah, ḍuwik manak. O, paḍané arèk cilik aé, Lah.
Patollah: Nggak, cak, tekaku réné iki gak utang ḍuwik.
Munali: Ya.
Patollah: Aku lak dikongkon arèk-arèk iki ah, cak.
Munali: Kongkon apa?
Patollah: Nèk pena gelem . . .
Munali: Ya ya.
Patollah: Arèk-arèk iki lak apé nganakna arisan ah, cak.
Munali: Arisan?
Patollah: Saben wulané rong atus. Tapi . . . olèh mangan, cak.
Munali: Lho, wah iku cocog.
Patollah: He-eh.
Munali: Aja aṭik muni rong atus, Lah, masi limang atus gak kabotan aku. Tapi kapan iku ngono, Lah?
Patollah: Ya minggu ngarep iki, cak.
Munali: Na omahé sapa?
Patollah: Na endi manèh nèk gak na omahku, cak.
Munali: Tapi aja lali, Lah!
Patollah: Apa-a, cak?
Munali: Suguhané . . . ya?
Patollah: Ya ya, cak.
Munali: Ambèk seger-segeré lho, Lah!
Patollah: Wah, soal iku . . . wah, aja kuwatir manèh, cak. Aku sing nanggung, cak.
Munali: Ambèk ḍuwiké kon gawa saiki tah?
Patollah: Nèk isa ya tak-gawa saiki, cak.
Munali: Kebeneran ana karèn nèng nggoné sak iki.
Patollah: Ya.
Munali: Iki lho, tampanana!
Patollah: Ya ya, cak. Pena lak setuju sé, cak?
Munali: Wah, wis cocog iku!
Patollah: Wis aja lali, Minggu ya tak-entèni, arèk-arèk na kana kabèh, cak.
Munali: Ya ya.
Patollah: Aku mulih, cak, ya?
Munali: Ya ya.

(*gamelan*)

Markuwat: Lho, Lah!
Patollah: Wat!
Markuwat: Ya-apa kabaré? Wis hasil tah, Lah?
Patollah: Ndelok-ndelok sing usaha, sé! Lah nèk sing usaha aku ya rong atus kecekel tangan.
Markuwat: Ho, kon iku temen tah, Lah!
Patollah: Lho, sing dadi lak buktiné, tah? Ki lho, rong atus, tampanana!
Markuwat: Wah ya . . . tak-tampani! Kon iku pinter temen, Lah. Mangka cacak ki kerasé kaya ngono kok isa teluk ambèk awakmu iku lho.
Patollah: Lho mulakna tah, sing dadi lak omongané, Wat.
Markuwat: Lah iya.
Patollah: Aja kok kaya kon ngono! Isamu pringas-pringis ṭok aé.
Markuwat: Heh heh! Lah ya-apa, Lah? Cacak mau apa gak murang-muring tah, Lah?
Patollah: Gak! Malah tak-jawabi ḍuwik rong atus iki gak murang-muring, guyuné cekakakan, Wat.
Markuwat: Waḍuh! Kon iku temen tah! Lah saiki ya-apa, Lah?
Patollah: Nah . . . kon kudu nurut aku lho, Wat. Ḍuwik iki, Wat, gaé nyaur ḍuwikku.
Markuwat: Ya ya ya ya.
Patollah: Lah, kon mbésuk Minggu aja lunga-lunga lho, Wat!
Markuwat: He-eh.
Patollah: Na omah aé!
Markuwat: Lho lho! Wurung aé, Lah! Pumpung durung kebacut. Bapak sekawit waras angkaté kon gawé perkara manèh.
Patollah: Wis ta lah, Wat! Percaya barèk aku! Nék ana apa-apané engko, aku sing tanggung.
Markuwat: Lho . . . nèk kon ngomong kaya ngono, tapi temen lho, Lah!
Patollah: Temen-temen, Wat.

(*gamelan*)

Munali: Lah! Lah! Patollah, Lah!
(ṭok ṭok ṭok ṭok)
Lah! Lah! Patollah! Lah!
(ṭok ṭok ṭok ṭok ṭok ṭok ṭok)

Lah! Patollah!
(ṭok ṭok ṭok ṭok ṭok ṭok ṭok)
Wah, wah, wah, wah! Ya-apa arèk iki? Hmmm . . . angkaté njajal aku! Lho lho lho, arèk-arèk ki ya-apa? Munali kéné! Wis kandel temen kulité! Hmmm, titènana nèk kepeṭuk! Lho ana surat . . . : 'Ada di . . . eh, tidak ada di rumah. Kaluk mencari di tempatnya Markuwat.' Waḍuh, nggoné bapak iki! Oh, gak perduli, masi nggoné bapak. Aku gak perlu ambèk bapak, tapi perlu ambèk Patollah. Ya-apa arèk iki! Sida tak-kemah temen arèk iki!

(*gamelan*)

Patollah: Wis, Wat, kon iku nuruta! Aja akèh-akèh omong tah, Wat, kon iku, ah!

Markuwat: Wah ya, nuruti apa manèh sé, Lah? Kon iku! Wong waras kon kongkon lara iku lho! Wong lara ditèlèkna tamba cikbèné waras, dadak wong waras dikongkon lara iku!

Patollah: Wah, kakèhan ngomèl kon iku! Wis tah, kon iku pokoké nurut nang aku bèrès, bèrès, Wat, kon iku, ah!

Markuwat: Ngéné, Lah. Cacak iku atiné gak kenèkan, atiné keras. Nèk kaḍung murang-muring iku, lho, omah kéné gaé tembungan temen iku.

Akub: Wis tah, nak! Kon iku nuruta omongé Patollah. Engko nèk pancèné cacakmu iku mréné muring-muring, aku lak isa nuturi ah, nak!

Patollah: Hm lho!

Markuwat: Nuruti apa sé, pak? Kok nurat-nurut aé! Omah iki wis ḍoyong. Nèk cacak murang-muring, lho, omah iki lak isa rubuh, kebyukan temen, Lah.

Patollah: Ngéné lho. Nèk ana apa-apané cacakmu, engko aku sing nanggung. Pokok kon nurut ya, bèrès! Saiki, heh, kéné, sirahmu blebeden kéné!

Markuwat: Waṭah-ṭah-ṭah! Waṭah! Lho beneré lak ya baṭuk sé, Lah, sing dicancang. Lah kok kuping ki lho.

Patollah: Heh heh heh heh!

Akub: Kengisoren, Lah, kon olèhmu nyancang!

Patollah: Lho . . . !

Akub: Ḍukurna ṭiṭik! Ḍukurna ṭiṭik!

Markuwat: Dadak irung sing dicancang, tambah gak isa ambegan aku,

Lah, Lah!

Patollah: Nang endi, Wat, kon iku! Hm, ah!
Kéné kéné kéné! Kéné kéné, tangané! Tangané! Tangané kéné!

Markuwat: Lah kok tangan gak apa-apa kon cancang iku lho.

Patollah: Wis tah!

Akub: Pancèné kon iku cengkal iku apa!

Patollah: Ayo sing cepet tiṭik! Engko cacakmu selak réné iki lho. Ah, kon iku lho!

Markuwat: Waḍuh, sumuké, rèk!

Patollah: Ah ... kéné kéné! Nèk wis mari, kéné, mapana na ambèn kéné!

Markuwat: Ya ya ya ya!

Patollah: Lah, niki ngèten, wak ...

Akub: Ya, nak?

Patollah: ... mengké nèk anak sampéyan Munali mriki sawayah-wayah ...

Akub: He-eh?

Patollah: ... sampéyan éwangi nangis, nggih wak, nggih?

Akub: Ya ya, nak. Ya ya ya.

Munali: Lah! Lah! Lah! Patollah! Hm, lho!

(*gamelan*)

Munali: Hé, Lah! Kon iku ya-apa karepmu iku, Lah?!

Markuwat: Allaaah ... oooooh!

Akub: O Allah, nak, Markuwat, kon iku cik kebangeten temen!

Munali: Karepmu iku lho, ya-apa karepmu iku, hè?

Patollah: Saiki bapak wis waras, kon saiki nemu cilaka, Markuwat!

Munali: Kon angkaté nyoba aku tah? Ya-apa kon iku?

Patollah: O Allah, cak Mun, gak kaya-kayaa ... pena, cak.

Munali: Hm.

Patollah: Markuwat iki deloken tah, lah, cak!

Munali: Kon banḍani tangis ngéné aé, kon!

Patollah: Nggak, cak. Aku ki gak nangis persoalané awakku, cak. Nangisi Markuwat aku iki, cak.

Munali: Tak-ontang-antingna dadi gaé kon iki. Wis kandel temen ta kulitmu iku?!

Patollah: Ngéné lho, cak, deloken tah ḍisik iki, cak!

Munali: Apa-a?
Patollah: Markuwat iki deloken! Lak tiba teka talang ah.
Munali: Sapa?
Patollah: Markuwat iki lho, cak.
Munali: Lho lho lho lho! Endi arèké?
Patollah: Embuh urip, embuh mati iki lho, cak.
Munali: Wat! Wat! Lho, bapak! Kena apa, pak?
Akub: Aḍikmu tiba, nak.
Munali: Tiba teka endi?
Akub: Jaréné teka talang.
Munali: Lho, mosok arèk semono geḍéné kok kon mènèk. Pena lak isa mènèk?!
Akub: Bapak dikongkon mènèk, nak? Ngono manèh tibané gak tambah nemen.
Munali: Wah, wah, wah! Endi arèké Markuwat?
Akub: Kéné! Nyiḍeka kéné, nyiḍeka kéné!
Munali: Apa-é sing pecah iku?
Patollah: Cak Mun, ya tangané pecah ...
Munali: Ya.
Patollah: ... gegeré pecah, cak, sikilé mblesat ...
Munali: Lho!
Patollah: ... punḍaké sempal, cak.
Munali: Lho, lho, lho, lho, lho!
Akub: Untuné coplok papat, nak.
Munali: Ya-apa sé, ḍik? Kon iki, ḍik! Iki ngéné, lah, ya, pak ...
Markuwat: Ya, cak?
Akub: Ya?
Munali: ... nèk pancèné Markuwat iki suk waras manèh, gak ujar gak kaul, nèk waras tak-tumpakna bis kota.
Markuwat: Aku waras aré, cak.
Munali: Lho!
Markuwat: Ayo, numpak montor bis kota, cak.
Munali: Wah, wah, wah! Iki nèk gak akal bulusé Markuwat mbèk Patollah gak ngéné iki! Karepmu iku ya-apa tah kowé iku, Lah! Hèh?
Patollah: Ngéné, cak. Sabar sik tah!
Munali: Kowé ngapusi aku tah, ya-apa?
Patollah: Sabar! Sarèh ḍisik, cak!
Munali: Apa, rèk, arèk-arèk iki, rèk!
Patollah: Iki ngono, cak. Pancèné aku sing ... sing nggawé, cak.

Munali: Hm.
Patollah: Perluné apa? Aku iki lak ngekèki conto barèk pena ah, cak . . .
Munali: Ya.
Patollah: Lho, upamané Markuwat iki sampé tumeka ing pati . . .
Munali: Ya.
Patollah: . . . ya-apa rasané ati pena, cak. Apa tah sampéyan iki gak keduwung lan gak getun, cak.
Munali: Lho, wong arané dulur aréné, Lah!
Patollah: Lah mulakna, tak-jaluk aé, cak, wong arané seduluran iki nèk sik urip, ya kudu sing rukun, cak.
Munali: Ya ya.
Markuwat: Jaré aku angkaté dijak numpak bis kota, cak.
Munali: Ya, ḍik, tak-laksanakna kon!

(*gamelan*)

Numpak montor anyar, bis kota arané,
kliling kuṭa Surabaya, énak lakuné.
Liwat Tunjungan ngalor ngidul parané,
wiwit bangun ésuk nganti tekan soré.
Yo, paḍa numpak bis kota murah bayaré,
Éé, penumpangé ora karuwan cacahé.
Supiré mèsem ngguyu bungah atiné,
Bis kota, kabèh butuh pancadané,
Bis kota, murakabi kabutuhané.

Patollah: Lah, saiki kon wis keturutan numpak bis kota. Ya-apa rasané atimu, Wat?
Markuwat: Saka rasaning atiku wis ayem, Lah.
Patollah: Ya ya.
Markuwat: Sepisan eruh paḍang hawa . . .
Patollah: He-eh.
Markuwat: . . . ping pinḍoné weruh toko geḍé-geḍé.
Patollah: Haaah ya. Lah sampéyan, wak?
Akub: Nèk bapak ki ya wis seneng, nak.
Patollah: Senengé, wak?
Akub: Sebab cacakmu Munali iku saiki wis ngerti lan wis isa akor ambèk Markuwat.
Patollah: Ooooh, nggih nggih nggih!

Pena, cak Mun?

Munali: O, nèk aku wis luwar ujarku, Lah!

Patollah: He-eh. Pancèné ya, cak, wong urip iku nèk sik urip, luwih-luwih sik duwé wong tuwa lan dulur, cak . . .

Munali: Ya ya.

Patollah: . . . kudu ngabekti nang wong tuwa . . .

Munali: Ya.

Patollah: . . . utawa ngabdi nang dulur ya ana apiké, lak ya tah, cak?

Munali: Ya, Lah.

Patollah: Haaah . . . pena iki minangka contoné, cak . . .

Munali: Ya ya.

Patollah: . . . sedulur iku, cak, senadyana téga larané, gak bakal téga nang patiné, cak!

(*gamelan*)

Keluarga Ludrug R.R.I.,
Studio Surabaya, 1969.

71

KECIK-KECIK

(lagu kroncong)

Kecik-kecik, keciké Manila,
prayogané tumrap para muḍa,
mbésuk dadi wong kang dipercaya,
sing becik dienggo, dibuwang barang sing ala.
Oooing kecik keciké Manila,
oooing yèn kasèp njur aja gela.

Kecik-kecik diwaḍahi takir,
sawo kecik saka Kali-Asin,
bengi mikir, mas, ésuk soré mikir,
kok ya kebangeten dipikir ora rumangsa.
Oooing kayuné ukir-ukiran,
oooing wong manis dadi pikiran.

Kecik-kecik, keciké Manila,
sawo rontog, tibané nèng banyu,
biyèn ngaku, mas, jaré isih jaka,
ning bareng ketemu, hara ta anaké wolu.
Oooing turu Sala payungé ilang,
oooing dadi ḍuḍa aja sumelang.

Kecik-kecik dicucuk poḍang,
manuk poḍang méncok uwit jagung,
ésuk ngaḍang, mas, awan soré ngaḍang,
bareng wis ketemu, hara ta, ra wani nembung.
Oooing ana grumbul dalan luwak,
oooing yèn wurung bejané awak.

Kecik abang, mas, kecik sawo gunung,
tuku srabi ing kuṭa Semarang,
urip bujang, mas, kok rasané bingung,
bareng arep rabi, hara ta reregan larang.
Oooing keciké digonḍol wulung,
oooing ḍuwit siṭik lèh nginger bingung.

Kecik sawo cacahé mung siji,
tuku geṭuk ing kuṭa Magelang,
yèn duwé bojo, mas, sing dadi penyanyi,
ati kudu sabar, yèn bengi mbukakké lawang.
Oooing kecik kecik isi sawo,
oooing sampun sayah nyuwun ngaso.

Oooing kecik kecik isi sawo,
oooing sampun sayah nyuwun ngaso.

72
PARIKAN

Tuku jarit nang pasar Turi,
murah regané maremké ati.
Dadi murid kudu ngajèni,
marang guru aja sok wani.

Lunga Bengkulu tuku perkutut,
sing ngati-ati dalané gawat.
Ḍawuhé guru kudu diturut,
supaya ngèlmuné bisa manfaat.

Lunga ngarit nang kulon kali,
sangua senik waḍahé sega.
Dadi murid kudu ngulina,
tumindak becik laku utama.

Ungsum tikus kudu diracun,
cara gropyokan kudu disengkut.
Karo kancané kudu sing rukun,
aja tukaran drengki lan kasud (main).

An. Hamin Ms.
(in: Parikesit no. 80, July 1974).

73
GREBEG SEKATÈN ING DINA MAULUD

Kaya adaté amarengi dina wiyosané kangjeng Nabi Rasul Muhammad s.a.w. tanggal 12 sasi Maulud iki ing Ngayogyakarta dianakaké prayaan Grebeg Sekatènan. Adat kaya mangkéné iki wis dianani suwé banget ing Sala apa déné ing Ngayogyakarta.

Ananging wiwité ḍisik ḍéwé ana ngendi lan kapan durung kinawruhan kanṭi ceṭa. Ana kang ngira Grebeg Sekatènan iku diwiwiti ana ing krajan Demak Bintara, abad XVI biyèn. Ananging malah ana kang ngira yèn wis ana ing jaman krajan Majapahit akhir. Kepriyéa baé adat iki pancèn banget anggoné narik kawigatèn.

Tembung 'grebeg' utawa 'garebeg' iku tembung Jawa asli. Tegesé 'diirid ing bala akèh' utawa 'dibyuki ing wong akèh'. Saiki isih ana tembung 'kalangan adu jago iku digrebeg', lan isih ana tembung ing pawayangan 'tindakira sang prabu ginarebeg . . . .'.

Grebegan iku wis kalumrah sadurungé jaman Islam ing Indonésia. Ana ngendi-endi para nata yèn tindak meṣṭi ginarebeg ing sakèhing bala. Apa manèh yèn tindak menyang njaban kuṭa. Ananging grebegan kanṭi teges adat tata-cara uga wis ana ing jaman samana. Sataun sepisan para nata ginarebeg tindak miyos mubeng kuṭa. Meṣṭiné ing wektu mangkono mau sang prabu ora klépyan atur peparing wujud ḍuwit apa déné busana lan bojana marang para panḍèrèk lumèbèré marang para kawula.

Sang pujangga Kanakamuni sing peparab sang Prapanca ing buku seratané 'Désyawarnana' sing luwih kasuwur kanṭi aran 'Nagarakertagama' nyaritakaké adat mangkono mau ing jaman sugengé sang prabu Rajasanagara. Wektuné saben tanggal 15 sasi Palguna. Tindaké sang prabu ginarebeg ing para arya, para patih, mahasénapati, para sénapati, tumenggung, rangga, kanuruhan, demang, pelaut, panèwu, pangalasan, bhayangkari lspné.

Déné sing karan 'grebeg' ing prayaan Sekatèn Ngayogyakarta iku (biyèn iya ing Surakarta barang) ora liya tindaké sang prabu saka keḍaton ginarebeg menyang masjid agung.

Ing dina Grebeg Maulud tindaké sang prabu marengi tanggal 12 jam 8.00 bengi, bubar sholat 'Isyak. Tekan masjid sang nata nyebar ḍuwit

minangka seḍekahé (karan 'uḍik-uḍik'). Ḍuwit mau paḍa dirayah, awit manut kapercayan ḍuwit uḍik-uḍik iku ana berkahé. Anggoné tindak masjid mau sang nata perlu angèstrèni pèngetan wiyosan dalem kangjeng Nabi Rasul.

Sawisé satata lenggah sang prabu anḍawahaké ḍawuh supaya pèngetan diwiwiti. Pangulu agung kraton, kyai Suragama lan kyai Patoknagara, banjur amiwiti maos riwayat dalem kangjeng Nabi Rasul. Sabubaré iku kyai pangulu maos donga nyuwun kaslametané sang nata, para garwa putra lan santana apa déné para agung lan para kawula kabèh. Banjur paḍa kenḍurèn, nikmati bojana seḍekah dalem. Sang nata uga kepareng ḍahar kembul ana ing masjid mau karo para priyagung. Jam 12.00 pèngetan rampung, sang nata buḍal kondur angaḍaton manèh. Ing Grebeg Maulud wektu saiki tindaké Sri Sultan menyang masjid diwakili ingkang paman.

Wus akèh para panulis adat nyerat lan gawé pratélan bab Sekatèn lan sejarahé. Ananging sepréné durung ana pasarujukan satemené Sekatèn iku saka tembung apa, tegesé apa lan sejarahé kepriyé. Mung ana saprakara kang paḍa sapanemu, ya-iku 'Sekatèn' mono mirid jeneng gamelan pusaka sing tinabuh ing prayaan mau. Jenengé Kyai lan Nyai Sekati. Dadi nalusur asal lan sejarahé tembung 'sekatèn' iku uga kudu nalusur asal lan sejarahé gamelan Kyai lan Nyai Sekati.

Ana kang kagungan pamanggih yèn 'sekati' iku nuduhaké boboté pencuning gongé gamelan Sekati kang udakara ana se-kati (680 gram). Ana manèh kang duwé panduga yèn sing se-kati iku dudu pencuning gong ananging salah sijining wilahé gendèr.

Nanging kepriyéa baé, mbuh pencuné gong mbuh wilahé gendèr, kaya sajak ora sreg rasané yèn nganti kanggo njenengi gamelan pusaka kraton. Sing wis kanyatan jenengé pusaka kraton iku paḍa nganggo aran kang moncèr, ngandut riwayat utawa ngandut karep kang apik.

Ana manèh kang kagungan pangira yèn tembung 'sekati' mau saka 'sesek ati' utawa 'suka ati'. Ora liya iya seseg sungkawaning penggalihé sang prabu Brawijaya pungkasan lan suka ati renaning penggalihé sang nata mau. Jaré gamelan Sekatèn mau yasané empu Guna ing kraton Majapahit kanggo nglipur penggalihé sang prabu kang sungkawa, kang seseg, sabab menggalih putrané kakung sing dadi adipati Bintara (Radèn Fatah). Kacarita sang pangéran Fatah arep mbaléla nata ngrebut ḍampar kalenggahané ingkang rama piyambak. Panuding iki genah luputé, sabab ḍeḍasar prasasti-prasasti Ḍukuhan Ḍukuh, Jiwu apa déné prasasti Sukuh sing mbaléla ing nata ngrebut ḍampar kepraboné sang prabu Majapahit pungkasan iku dudu Radèn Fatah.

Ana manèh panemu liya, iya isih ḍeḍasar mèh paḍané pakecapan Sekati utawa Sekatèn iku, dikira saka tembung 'syahadatain' utawa 'syahadataini'. Katoné ya malah rada adoh manèh, ananging owah-owahan kaya mangkono iku dudu barang kang mokal. Nyatané ing bebrayan Jawa 'si Akhmad' kaé paḍa diundang 'si Kemat', 'Ya Qowiyu' dadi 'Angkowiyu', 'Jan Pieterszoon Coen' dadi 'Murjangkung', lspné. Bolak-balik pangira iki ya durung kebuktèn beneré, ananging yèn ditalusur kaya luwih akèh ḍasar-ḍasar kang mbeneraké.

Panabuhé gamelan Sekatèn pancèn ana sambung rapeté karo rasa percayaning manungsa marang Allah Kang Maha Esa lan marang karasulané Muhammad. Ana ing kraton Ngayogyakarta gamelan Sekatèn iku mung ditabuh ing prayaan Grebeg Sekatèn setahun kaping telu: amarengi dina 'Id al-Fitri, 'Id al-Qurban lan Maulid an-Nabi. Kajaba iku mung ana ing malem tuguran (wungon) ing kraton. Kaṭik nabuh waé paḍa sesuci ḍisik kaya patrapé wong arep sholat. Malah ing prayaan Grebeg Sekatèn panabuhé ana Pagengan sangarep masjid geḍé.

Swarané gamelan Sekatèn sora agung gagah prakosa. Ananging ujug-ujug panabuhé malih saya alon nganti kaya mrambating lung gaḍung mangsa semi, banjur ngawiyat sowan ngarsané Kang Gawé Urip. Saka siṭik bali saya banter manèh kaya banyu bendungan kang ambrol ngebeki sanubari rumesep ing rasa-pangrasa. Nglanguting swara kang rinasa ing ati alus mahanani élingé marang Kang Murba lan Amisésa iya Allah Kang Maha Tunggal lan Kang Maha Agung.

Kajaba iku jeneng Kyai lan Nyai Sekati apa déné tembung 'sekatèn' utawa 'sekatènan' durung naté kabuktèn wis ana ing jaman sadurungé kasultanan Demak madeg, apa manèh ing jaman Majapahit. Suwaliké wis nyata yèn aran Sekati lan tembung 'sekatèn' iku genah kalumrah ing bebrayan Islam sabubaré panguwasané kasultanan Demak. Malah jenenging genḍing-genḍingé waé akèh kang nganggo tembung Arab, kaya ta: Salataun (Sholat?), Yaumi (Yaum id-Din?), Supiyatun (Sufiyah?), Ngajatun lan Dindang Salbinah.

Ananging anané genḍing-genḍing sing nganggo jeneng tembung Arab iki malah nuwuhaké pangira liya yèn gamelan Sekatèn mung asal saka jaman Mataraman waé. Iki kaya ora cocog karo sifat rerakitaning gamelan kang genah tata rakit kuna, isih lugu lan ringkes, wanguné geḍé-geḍé tur kandel-kandel. Nganti panabuhé waé kudu sora lan nganggo sungu utawa kayu diblebed ḍaḍung kang atos lan wuled. Ora nganggo kenḍang ananging nganggo beḍug, piranti kang mratah ing bebrayan Indonésia Islam. Jaman Indonésia Hindu ora ana beḍug kang rupané cèples beḍug masjid iku.

Kajaba beḍug gamelan Sekatèn dumadi saka gong 2, bonang sarancak, saron 4 (demung, ricik lan peking 2), kempyang 1 lan benḍé. Gamelan Sekatèn iku mung ana ing kraton Ngayogyakarta, Surakarta lan Cirebon, kabèh kraton waris saka krajan Demak (yasan Kalijagan?).

Ing dina pungkasaning prayaan Grebeg Sekatèn, Sri Sultan kepareng amaringaké seḍekah kenḍuri wujud sega tumpeng salawuhé lan panganan apa déné woh-wohan, diwangun wujud gunungan. Ing jaman krajan biyèn cacahé gunungan mau nganti 30 iji. Saiki ora nganti semono. Boḍolé gunungan saka keḍaton diuntapaké sang prabu ana ing Sitinggil (yèn marengi Grebeg Mulud taun Dal sang prabu nindaki tekan masjid) diirid pepatih dalem nganggo dikawal para prajurit. Tekan alun-alun lor tengah ringin kurung diurmati drèl. Ing jaman krajan biyèn ditampani jumeguré mriyem ambal kaping 23.

Bareng karo swarané drèl sedulur-sedulur tani paḍa mbeṭoraké pecut Sekatèné, saperlu ngalap berkah, supaya pinaringan sempulur rajakaya sato-iwèné. Kajaba pecut Sekatèn ibu-ibu tani paḍa munḍut suruh ayu (sing kari ngenyèh) kang dikenyèh bebarengan karo swarané panabuhing gamelan Sekatèn kang kapisan ing bangsal Sri Menganti lan bangsal Traju-mas tanggal 6 Maulud bubar sholat 'Isyak. Ing wengi iku sang prabu utusan uḍik-uḍik, nyebar ḍuwit ana ing plataran Sri Menganti. Iki mujudaké paring dalem marang para abdi niyaga, ananging ora wurung paḍa dadi rayahan. Manut kapercayan ḍuwit uḍik-uḍik iku ya ngaṇḍut berkah dalem.

Gamelan Sekatèn ditabuh kapisanan ana ing Sri Menganti mau tekan jam 12.00 bengi. Jam 12.00 diusung menyang bangsal Pagengan ing ngarep masjid agung. Ditabuh ana kana saben dina saka jam 5.00 ésuk tekan jam 2.00 bengi. Wiwit tanggal 6 bengi iku tekan tanggal 12 panabuhé mung meneng ing mangsané paḍa sholat limang wektu lan ing mangsané dina Jemuwah.

Kok ya narik kawigatèn déné seḍekah dalem iku kok diwangun gunungan barang. Kok ora diwangun liyané. Iki ya ana sejarahé. Kajaba wangun gunungan iku ngemot pralambang kang jero uga mujudaké penerusan adat lawas. Mung adat rak ya kena lan samesṭiné diterusaké ta? Ing buku Désyawarnana sang rakawi Kanakamuni mratélakaké anané pèsta pasradan agung ing jamané sinuwun prabu Rajasanagara ing Majapahit. Wektu samono sang prabu ngetokaké hajat peparing wujud gunung Mandara diémba ing lelakon Samudramanthana. Malah hajat kenḍuri wujud gunungan (jenengé tumpeng) mau sepréné isih kanggo ana ing slametan-slametan ing bebrayan Jawa Islam apa déné ing bebrayan Bali Hindu.

Gunungan mono mralambangaké gegayuhan kang luhur, ya-iku manembah lan ngabdi ing ngarsané Kang Gawé Urip, lan nuwuhaké rasa lan kapercayan sahadatain iku ḍéwé. Sebab sahadatain iku punjeré iya sahadat taukhid: paseksèn yèn Pangéran iku mung sawiji lan ora ana Pangéran kang sinembah kajaba Gusti Allah.

Uga patut dak-aturaké yèn agama Hindu Bali sing saiki karan Hindu Dharma kaé iya ngakoni anané Pangéran kang mung sawiji. Pangéran kang mung sawiji mau anggoné ngarani Sang Hyang Widi Wasa. Sanadyan isih diakoni anané déwa baṭara liyané, ananging iku mung dianggep paḍa déné titah, malah dianggep wujuding Hyang Widi Wasa uga.

Miturut Prof. Dr. Ida Mantra Manuaba, sawijining putra Bali kang isih setya nggilut kapercayaning kakèk-moyangé, gunungan mono ngèngetaké ummat Hindu marang 'Siwa yang bertahta di puncak gunung Agung di dalam bayangan sekala dan dinamis, yang diikuti sifat kasih dan maha asih'. Ringkesé waé gunungan iku ngèngetaké manungsa marang Dzat Kang Gawé Urip.

Meṣṭi waé ing bebrayan Islam béda karo ing bebrayan Hindu bab pralambang kang dikarepaké ing wangun gunungan mau, sanadyan punjeré paḍa, ya-iku ngèngetaké marang Kang Maha Tunggal.

Gunungan hajat dalem ing prayaan Sekatèn ana warna 6 (rukun iman rak ya enem kanṭi punjeré sahadat taukhid ta?), gunggungé kabèh jaman biyèn ganep ana 30. Saiki ora nganti semono. Kapisan kang karan gunungan lanang, geḍé mayug-mayug kaya kukusan buta, cacahé 10. Digawé saka wilahan-wilahan pring ditancebaké musat ing bak isi tumpeng cacah 12. Pucuking wilahan mau ditancebi rengginang, enḍog goḍog, enḍog gorèng, karang gléyor, lombok abang, kembang kanṭil, kembang mlaṭi lan panganan saka ketan liyané nganti njeroné ora katon. Kaping pinḍoné gunungan wadon cacahé 4 (sedulur papat lima pancer?) lan gunungan ḍarat, cacahé ya papat. Digawé saka wilahaning pring diwangun megar kaya payung megrok. Ing pucuking wilah-wilah mau pating granḍul panganan warna-warna. Wilah-wilahing pring gunungan wadon ditancebaké ing wajik-buta bunder ing ngebakan, déné gunungan ḍarat ditancebaké ing papan. Isih ana manèh gunungan pawuhan lan gunungan gepak mapat isi woh-wohan lan jajanan warna-warna. Gunungan pawuhan direnggani timbel cilik-cilik.

Ing pèngetan Maulud tahun Dal ditambah manèh gunungan kutug wujud gunung isi padupan, mula kumebul kaya gunung kang bakal njeblos. Grebeg Maulud tahun Dal iku digeḍèk-geḍèkaké, sabab miturut pétungan taun Jawa yasan dalem sinuwun Sultan Agung Mataram wiyosané panjenengan dalem kangjeng Nabi Rasul iku ngepasi dina Senèn-

Pon tanggal 12 sasi Mulud tahun Dal. Dadi Grebeg Sekatènan sasi Mulud tahun Dal iku tumbuk dinané, tanggalé, sasiné, tekan tauné sisan.

Sawisé gunungan kairid tekan masjid gedé pepatih dalem kepareng nerusaké timbalan dalem marang kyai Pangulu bab paringé sedekah hajat wujud gunungan kabèh. Kyai Pangulu banjur maca donga. Rampunging donga gunungan pada dadi rayahan. Jaré ya ana berkahé. Saiki sing pada ngrayah wis ora kanti ngentèni rampunging donga. Bareng gunungan disèlèhaké terus kanggo rebutan. Dawuhé para sepuh iki ateges durung diberkati lha wong durung didongani.

Thojib Djumadi
(in: Panyebar Semangat no. 15, April 1973).

74
KENYA

sapa ngungak jenḍéla
sapa tumenga akasa
kenya,
kenyané pak sasra

kambi sapa aku meṣṭi séba
kambi sapa ngabyantara
bengi iki
kanggo wanci, kamulyan dina mburi

kenya, kenyané pak sasra
baya pulung tumiba
kenya si 'jantung ati'
kekudangan sing merak ati

kaya wis kliwat kapang
kaya patrapé si ḍaḍang
apa guna diéman
diéman?

kenya, kenyané pak sasra
kenya, ngungak jenḍéla
mandeng méga
kagem sapa

kekarepan ngrembuyung ing taman
si kenya, kenyané guritan
si kenya agegancangan
kepyaké jaman

apa mengko bisa séba
angrengkuh kudangan
apa mengko tumurun téja
téjané kanyatan

si kenya, kenyané pak sasra
si kenya, darbèké sapa?
giliran sing bakal teka
papa klawan palastra.

Poer Adhie Prawoto
(in: Jaya Baya no. 4, September 1974).

75
DOLAN MENYANG BLAMBANGAN

Udané riwis-riwis, wayahé lagi sirep bocah. Saka kadohan keprungu nganyut-anyut lagu macapat tembangé ḍanḍanggula:

Siwa patih marma sun timbali,
Ingsun paring weruh marang sira,
Yèn ingsun antuk wangsité,
Saka déwa linuhung,
Saranané paprangan iki,
Kang bisa mbéngkas karya,
Bocah saka gunung,
Kekasih Damar Sasangka,
Siwa patih marma upayanen aglis,
Ywa kongsi tan kepanggya.

Tumrap bebrayan Jawa, asal-usulé sarta sangkan-parané tembang apadéné unèn-unèn mau kaya-kaya ora kekilapan sarta tumpang suh. Iku pangandikané Ratu Kencana Wungu ing Majapait marang patih Logendèr nalika golèk jago kanggo ngrampungaké paprangan kang mrekatak ana bang wétan, iya saka Blambangan. Ménakjingga iya sang Urubisma mirong kampuh jingga.

Gegaṇḍèngan karo pada ing ḍuwur mau ana apalan kang kena diarani mèh saben bocah bisa, saora-orané tau krungu. Tembangé asmarandana, ya-iku nalika Damarwulan iya Damar Sasangka mau rumangsa mèh kalah nalika prang tanḍing karo Urubisma iya sang Ménakjingga. Sambaté ora liya sambat garwané si Anjasmara, putrané patih Logendèr mau. Wondéné tembang asmarandana mau mengkéné:

Anjasmara ari mami,
Masmirah kulaka warta,
Dasihmu tan wurung layon,
Anèng kuṭa Prabalingga,
Prang tanḍing lan Urubisma,
Karia mukti wong ayu,
Pun kakang pamit palastra.

Ora mokal yèn ta pada-pada ing tembang ḍanḍanggula lan asmarandana mau dadi apalan ing akèh, awit carita Ménakjingga iku pancèn mula disenengi déning bebrayan Jawa.

Carita mau pancèn nengsemaké, isi paprangan-paprangan sarta kebak romantika, nawung seḍih, suka gembira, tindak culika, nanging uga ora sepi ing watak kasatriyané.

Byar rasané kaya lagi nglilir saka impèn, nalika nembé iki aku nonton pamèran Catur Sagatra ka-3 ing Pagelaran Kraton Surakarta. Catur Sagatra mau manut bukti nyatané satemené wujud 'Sad Sagatra', awit kajaba PB, MN, HB lan PA ana ing pamèran mau uga tinemu barang-barang kuna saka Kraton Kanoman lan Blambangan.

Papat kang kawitan pancèn wis akèh kang mbabar lan ambèbèraké, mengkono uga kang kalima, sanadyan ora pati kerep kaya kang kasebut papat kawitan mau. Mulané yèn ing anḍaran iki kang dak-aturaké bab (kraton) Blambangan, iki ora ateges pérangan kang wigati ḍéwé.

Rèhné dolané mau ora menyang Blambangan tenan, nanging mung ana Pagelaran Kraton kang pancèn wus kebak barang-barang kuna, meṣti waé crita iki ora njlimet tenan. Nanging muga-muga tulisan iki dadi pepucuking kawigatèn kang bakal gumrégah, luwih-luwih tumrap Pamaréntah kang nedya anḍuḍah lan anḍasaraké obyèk-obyèk pariwisata.

Wondéné tilas kratoné Ménakjingga kang aran Blambangan iku dunungé ana ing désa Keḍungreja, kecamatan Muncar. Ing kana tinemu ana watu kang dianggep tilasé ponḍasi lan ing kalangané penḍuḍuk kana karan 'umpak sanga'. Patilasan-patilasan liyané mung arupa watu-watu pating bléngkrah kang ora kopèn. Akèh kang banjur dijupuki uwong, nanging kabèh mau durung karuwan bener-luputé apa watu-watu mau ana sambung rapeté karo tilas kraton Blambangan tenan.

Crita bab (tilas kraton) Blambangan pancèn ora bisa uwal karo crita utawa dongèng bab Banyuwangi kang saiki malah dadi kuṭa kabupatèn kang mujudaké kuṭa sabrangan wigati tumuju menyang Bali.

Tumraping wong Jawa wis terang, banyu iya banyu, déné wangi ya wangi; dadi asal-usulé saka 'banyu kang gandané wangi'. Crita kang alanḍesan kawruh pancèn durung ketemu, nanging sing terang sumiyar ya-iku kang ḍasar saka geṭok tular lan aḍeḍasar dongèng waé.

Dèwi Sri Tanjung, garwané patih Sidapeksa, kena paéka, jaré wis kelakon lambangsari karo priya liya. Sang patih duka yayah sinipi lan sumedya mrajaya garwané kang pancèné mono sawijining wanodya kang setya ing kakung. Sadurungé disédani, sang putri atinggal weling marang kakungé. Ing bésuk samangsa jisimé angganda bacin, ing kono

terang yèn sang putri atindak ngiwa. Nanging kosokbaliné: yèn ing bésuk jisimé angganda wangi iku tanḍané yèn sang putri pancèn wanita suci.

Sang putri sida ditelasi lan jisimé banjur dicemplungaké sumur. Nanging kawuningana, sumur mau sanalika banyuné angganda arum wangi. Manut dongèngé lan pangira-irané penḍuḍuk ing kana, papan anggoné nyédani putri Sri Tanjung iku ya-iku ing sawétané dalem kabupatèn, ya-iku dalan kang saiki dijenengaké Jalan Sidapeksa, kalebu désa Temenggungan, kecamatan kuṭa Banyuwangi. Sakabar crita mau uga tinemu ditulis ing lontar. Saiki papan mau, kalebu uga papan tilas dunungé kraton Blambangan, bisa ditekani nganggo mobil.

Pancèn crita utawa dongèng bab Blambangan, Dèwi Sri Tanjung lan krajan Macan Putih iku mujudaké tenger lan cihna kang banget anggèndèng kawigatèn saben sok wonga. Kabèh mau, lan isih akèh tunggalé, siji lan sijiné ora kena pisah lan uwal. Krungu siji meṣṭi rumangsa ana sesambungané karo liyané.

Wondéné papan dunungé krajan Macan Putih mau ana kecamatan Kabat. Manut dongèng critané mengkéné. Ratu Tawangalun kang wus paripurna anggoné mertapa ing Guwa Bayu, nalika miyos saka pertapan mau uninga macan kang warnané putih. Macan mau banjur dititihi, nanging nalika tekan wilayah Tabat, macan mau musna paḍa sanalika. Ing papan ilangé macan putih mau, déning sang prabu banjur diedegaké sawijining kraton kang disebut Macan Putih, lan Prabu Tawangalun banjur angeḍaton ing kono. Patilasan kraton Macan Putih mau saiki mung kari watu-watu kang pating becècèr. Ing saceḍaké kono, ya-iku ing désa Pakisaji isih tinemu ana tugu, nanging apa ana sambung rapeté karo kraton Macan Putih mau ora ana katrangan kang maton. Dongèng utawa crita bab kraton Macan Putih mau uga kasebut ana sawijining buku Jawa Kuna kang nalika clash I ilang ora karuwan kang nyimpen. Patilasan kraton Macan Putih mau saiki uga bisa ditekani kanṭi nitih mobil.

Iku mau papan-papan utawa obyèk pariwisata kang tinemu ana wilayah (kabupatèn) Banyuwangi. Kajaba iku isih akèh patilasan-patilasan kang disebut-sebut ana dongèng utawa crita rakyat, saora-orané papan-papan mau ana sambung rapeté karo dongèng-dongèng rakyat saiki iki. Kaya ta: papan kang disebut 'Kréta Kencana', dunungé ana ḍasaring segara ing gisiking désa Muncar. Manut kapercayan, Kréta Kencana mau titihané putri Kencana Wungu ing Majapait nalika teḍak ing Blambangan. Kréta Kencana mau sabanjuré malih dadi watu nganti sapréné.

Apa kang diarani Kréta Kencana titihané Ratu Kencana Wungu mau satemené awujud watu karang kang tinemu ana ḍasaring segara. Watu

karang mau bisa katon samangsa ditonton saka ceḍakan. Wondéné bisané tekan kono kudu numpak sampan utawa prau motor. Saya ceṭa manèh samangsa anggoné ndeleng pinuju ora rob segarané.

Papan utawa obyèk pariwisata liyané isih akèh. Kabèh mau mengku dedongèngan kang anèh kang nganti sapréné isih diugemi déning rakyat ing wilayah mau.

Upamané waé apa kang diarani 'Watu Dodol'. Dunungé ana sapinggiré désa Watudodol, kecamatan Giri. Wanguné watu mau mèmper paṭok kang geḍé banget kang tumancep ing pasisir. Wondéné manut dedongèngan dumadiné watu kang wanguné anèh mau mengkéné.

Nuju sawijining dina Semar sapranakané paḍa mikul jenang dodol lan karag (dudu karag cara Sala kang tegesé krupuk puli utawa lèmpèng, nanging sega aking). Dumadakan nalika iku pikulané ceklèk. Jenangé dodol wutah kabèh. Karagé morat-marit nganti tekan sapinggiré pesisir Bali barang. Pikulan kang ceklèk mau tumancep ing pegunungan kang diliwati mau. Jenang dodol mau suwé-suwé dadi watu kang saiki iki katelah karan Watu Dodol. Karag kang kocar-kacir mau paḍa dadi weḍi. Awit saka iku weḍi ing sakiwa-tengené wilayah mau pancèn katon putih tenan. Pikulané kang ceklèk lan banjur tumancep mau nuli ṭukul. Pikulan mau pancèn wit kélor, mulané ṭukulé iya dadi kélor tenan. Ing wilayah mau saiki tinemu akèh wit kélor.

Kabaré ḍèk jaman Jepang Watu Dodol mau arep dipinḍah enggoné awit dianggep ngalang-alangi dalan kang arep dijembaraké. Mulané watu dodol mau kudu digusur. Kapal perang cacah 7 disiyagakaké kanggo narik Watu Dodol mau, nanging tanpa guna, awit ranténé kabèh peḍot, déné kapal-kapal paḍa kèrem.

Rékadaya kapinḍo kanggo nyingkiraké watu katindakaké manèh déning Jepang. Watu mau sumedya dimriyem. Pancèn kena tenan, nanging ora pasah. Obah mawon boten. Wit-wit kélor kang ana kono iku iya anèh. Yèn penjenengan nyeklèk pang kélor mau banjur ditandur saksegé, upamané kuwalik, iya meksa ṭukul semi.

Ana manèh papan sing diarani 'Siti Hinggil'. Dunungé ana wilayah kecamatan Muncar. Patilasan mau wujudé kaya gunungan (punṭuk). Saḍuwuré punṭuk mau ṭukul wit ringin sing wis tuwa banget. Manut dongèngé, jaré gunung cilik aliyas punṭuk mau ḍèk jaman Blambangan kanggo singidan prajurit Blambangan nalika arep ngrabasa perang lan campuh ana kana.

Saméné ḍisik bab patilasan-patilasan kuna kang dumunung saka sakiwa-tengené kuṭa Banyuwangi, kabupatèn kang saiki 'mbawahaké' kraton Blambangan, sawijining patilasan kuna kang banget èdiné sanadyan

wis kuna, nanging éman saiki lagi kesilep.

Crita bab krajan utawa kraton Blambangan iki dak-selani crita ing babagan kagunan, ya-iku kagunan jogèd, genḍing, sari swara, sastra, kagunan ukir-ukiran, gegawéan pirantiné gamelan lsp.

Bokmanawa saka dunungé kang kaapit-apit déning wilayah kang penḍuḍuké nggunakaké basa Jawa, Bali lan Madura, ing kono ceṭa carem campuring basa kang tinemu ana kana. Bab iki ora mung kanḍeg ana ing bab basa, dalasan barang-barang gegawéan liyané akèh ler-ler (unsur-unsur) campuran saka Bali lan Jawa.

Bokmanawa para maos durung ana sing durung naté mireng 'Gandrung Banyuwangi'. Gandrung Banyuwangi iku sawijining jogèd pancèn mligi mung tinemu ing kana, laras lan jenengé kang nganggo 'Banyuwangi' mau.

Jogèd Gandrung Banyuwangi iku asal-usulé saka jogèd adat kang diarani 'Seblang', kang adaté ditindakaké kanggo ngluwari ujar ana ing upacara-upacara taunan sawisé panèn. Njogèd Seblang iku adaté meṣti kesurupan, nanging solah-bawa sarta iramané andemenakaké sarta nges.

Mula-bukané jogèd Seblang iku pancèn ditindakaké déning kaum priya. Nanging ing awaling taun 1895 wiwit ana jogèd Seblang kang ditindakaké déning bocah wadon, ya-iku Semi, putra putriné Nyi Midah saka désa Cungking. Wiwit nalika iku jogèd-jogèd Seblang banjur katindakaké déning kaum wanita, sing akèh-akèh iya anak turuné Semi mau. Rèhné jogèd Seblang iku delegé pancèn jogèd gandrung-kayungyun karo Dèwi Sri awit saka wis olèh kamurahan panèn, ing kono jogèd mau banjur karan jogèd Gandrung. Laras karo jejering jogèd daérah, mula sabanjuré jogèd mau iya karan Gandrung Banyuwangi.

Sakawit gamelan kanggo ngiringi jogèd Gandrung mau mung prasaja waé, ya-iku rebab, kenḍang lan gong, nanging kadayan saka anané kagunan sakiwa-tengené tetabuhan kanggo jogèd Gandrung mau diwuwuh-wuwuhi, dadiné mengkéné: rebab loro cacahé, kenḍang siji, keṭuk utawa kenong loro, ining utawa kluncing siji, lan gong geḍé siji.

Wondéné panganggoné jogèd Gandrung Banyuwangi mau awujud:

1. Kuluk kang uga diarani omprok, kang digawé saka lulang diukir-ukir awujud pepeṭané Gaṭutkaca kang awaké ula, kapasang kiwa tengen, dipasangi moté utawa pelik-pelikan liyané; sumping kang wujudé dadi siji karo omprok mau.
2. Oto kang cara kana diarani 'utuk'.
3. Ilat-ilatan kanggo tutup ḍaḍa kang digawé saka bludru ireng direnggani nganggo moté warna-warna.

4. Sabuk kang digawé saka kuningan.
5. Sèmbongan, ya-iku pasrèn kang dipasang ana saubengé bangkèkan rada ngisor sisih buri (saḍuwuré pocong).
6. Kelat bau.
7. Jarik kang nganggoné rada jigrang sangisoré ḍengkul kang nggambaraké panganggoné bibi tani kang lagi tandur.
8. Kaos sikil putih, lan sampur sarta kepet utawa kipas.

Omprok, kang gunané kanggo makuṭa mau, sakawit digawé saka goḍong geḍang (pupus) kang disuwiri sarta diwènèhi kembang-kembangan lan adaté dienggo samangsa menyang sawah.

Paèsané mung samadya waé, nanging awaké sekojur diweḍaki nganggo atal. Rambuté bocah wadon kang njogèd Gandrung mau ora dioré, awit ngèngeti ḍèk samana sing dadi pancèn kaum priya kang ora ngingu rambut.

Wondéné corèking jogèd Gandrung mau pancèn jogèd kang memuja, ya-iku sawijining pangalembana bab kaéndahaning Dèwi Sri. Jogèd Gandrung Banyuwangi mau deleg lan corèké ora angemu narsisusisme.

Kaya salumrahé jogèd, jogèd Gandrung Banyuwangi iku sasolah-bawané uga ora siwah karo genḍingé. Mengkono uga kosokbaliné genḍing kanggo jogèd Gandrung mau uga kudu kalarasaké karo jiwané jogèd.

Kaya ta jogèd 'Jaran Ḍawuk' kang uga tinemu ing kana, iramaning jogèd mèh ngepleki karo solah-bawané jogèd Kencak. Semono uga jogèd 'Kéok-kéok' ing kono ana èmperé karo solah-bawané jago nalika lagi sesambat.

Jogèd Gandrung mau luwih ceṭa ana ing solah-bawa kang mung mligi tinemu ana ing jogèd Banyuwangèn, ya-iku solahé pocong.

Manut kalumrahan kang kelaku ing wilayah mau, saben priya kang kesénggol sampuré waranggana jogèd Gandrung, diwajibaké 'maju' ing tengah-tengahing panggung lan banjur mèlu njogèd. Nanging rada béda karo Tanḍak utawa Tlèḍèk ing Jawa Tengah, utawa jogèd Bumbung ing Bali sarta Ronggèng ing Jawa Kulon, ing kono jogèd Gandrung ora kena seséngggolan karo apa kang diarani 'pemaju', ya-iku priya kang ketiban sampur mau. Samangsa ana kang nrajang wewaler mau ing kono kerep waé tuwuh ontran-ontran.

Genḍing-genḍing kanggo ngiringi jogèd Gandrung mau kaya déné kèh-kèhé genḍing Banyuwangèn, larasé Sléndro. Yèn ta ana genḍing-genḍing (Banyuwangèn) kang larasé Pélog, umumé asal utawa kadayan saka daérah sakiwa-tengené. Kaya ta genḍing-genḍing kang kadayan utawa kinira asal saka Bali ya-iku: genḍing Pecari Putih, Kakang Mas,

Sétra, Ukir Kawin lsp. Kang saka Jawa Tengah ya-iku: Gambang Kromong/Gambang Semarang, genḍing Ijo-ijo, Kenanga lsp. Kang saka daérah Melayu ya-iku: genḍing-genḍing Mak Inang lsp.

Éwa semono iya ana genḍing Pélog kang pancèn asli saka Banyuwangi, kaya ta Krimping Sawi, Candra Wèwi lsp. Malah ing kana uga ana genḍing-genḍing kang setengah Sléndro setengah Pélog (pégon) kaya ta genḍing Cengkir Gaḍing lsp.

Kanggo ganep-ganep ngenani rembug bab genḍing Banyuwangèn iki, ing kéné dak-aturaké genḍing 'Paḍa Nonton' sapada kang tetembungané ceṭa ana daya pengaruh saka jaba:

Paḍa nonton, punḍak sempal ring lelurung,
ya penḍité, punḍak sempal lémbéhané para putra;
Para putra kejaba ring keḍung liwung,
ya jalané jala sutra, tampangé tampang kencana.
Kembang Menur, melik-melik ring bebentur,
ya sun siram, siram alum, sun peṭik mencirat ati;
Laré angon, gumuk iku paculana,
tandurana kacang lanjaran, saunting olèh perawan.
Kembang Gaḍung, sagulung ditawa sèwu,
nora murah nora larang, kang tawa wong adol kembang;
Wong adol kembang, sun barisna ring temenggungan,
sun iring payung agung, lémbéhané membat mayun;
Kembang abang, salébrang tiba ring kasur,
mbah Tèji balènana, sun antèni ring paséban;
Paséban ḍung Ki Demang mangan minum,
salérégan wong ngunus keris, gendam genḍis kurang abyur.

Bokmanawa pada iku ora perlu dijarwakaké, awit sanadyan gagap-gagap kita meṣṭi uga bisa mangerti apa kang dikarepaké. Jer sapérangan geḍé unèn-unèn mau kabèh isih dumadi saka tembung-tembung Jawa, mung sawatara kang asalé saka tembung utawa basa Bali.

Kagunan sarta cabang-cabang kabudayan Banyuwangèn liyané kaya ta: Barong Banyuwangi. Barong Banyuwangi iku saiki wis kena diarani kagunan kang wis sumebar ing kalangané rakyat. Wangun lan wujud mèh paḍa karo Barong kang tinemu ing Bali sarta Barongsai ing Tiongkok. Nanging Barong Banyuwangi iku mau mung wujud enḍas-enḍasan ṭok. Ana kang duwé panemu yèn Barong Banyuwangi mau asal-usulé iya saka Tiongkok. Lumebuné menyang Indonésia ḍèk jaman Majapait. Ing jaman jayané Majapait, kagunan mau banjur tumular lumebu ing wila-

yah Banyuwangi sarta sabanjuré menyang Bali. Bener luputé nyumanggakaké.

Tontonan Barong Banyuwangi iku lumrahé tansah sinartan déning penari putri kang menganggo agem-ageman jogèd Gandrung. Déné wanita mau minangka lambang utawa jejer ing pamong sarta kang nguwasani Barong mau.

Wondéné Barong mau pralambanging nafsu angkara murka, déné Gandrung jejering budi kang alus, anḍap asor, pekerti kang becik, laras klawan lakuné jagad; ing kono kena dipesṭèkaké yèn luhuring budi iku wekasané bakal menang lumawan marang nafsu dur-angkara murka.

Tetabuhan kanggo ngiringi tontonan Barong iku mung prasaja waé, ya-iku kenḍang cacah loro, keṭuk lan kenong, gamelan kang ana Banyuwangi katelah aran cèrcèr, kempul siji sarta gong geḍé siji. Rada béda gamelan ing Madura, gamelan Banyuwangi ora ana srunèné.

Ing wilayah Banyuwangi ana sawenèhing kagunan maca utawa ura-ura kang katelah aran 'mocoan'. 'Mocoan' iku mèh sairip karo 'macapat' kang kalumrah ing Jawa Tengah utawa 'mamaca' ing Madura.

Wondéné kang diwaca dongèng-dongèng utawa crita kang tinulis ana lontar, buku-buku babad Jawa utawa caritané Nabi-Nabi. Carané maca giliran. Laguné lagu Banyuwangèn. Déné yèn tinemu ana lagu-lagu Jawa Tengahan, kaya déné Asmarandana, Durma, Pangkur lsp., adaté uga nganggo lagu utawa céngkok Banyuwangèn. Tumrap buku-buku kang isiné dianggep angèl, ing kono banjur ana kang kapatah njarwakaké. Seméné bab mocoan iki.

Gunawan Suroto
(in: Kunthi no. 7 vol. III, June 1973).

76
GENṬÈNG

Genṭèng Banyuwangi, Genṭèng omahé mitraku
ing lataré kang jembar naté dak-nggo ajar mlaku
angin kang nakal
miyak rokku kang ora nganggo suwal
aḍuh, aku isih cilik, bu.

Bis sepisanan wis teka nggawa warta
mitraku wis ana kang dadi sarjana sujana
nggawa kenya putih, kenya saka negara Landa
ambuné apek, jaré hipis kang wis dadi ranḍa
aḍuh, aku wis adiwasa, bu.

Uripku kaya wong lelungan
nalika aku njaluk surat ing kecamatan
isih dak-rungu swarané paman Ḍoblang:
— Sumi, apa Genṭèng wis kentèkan wong lanang
kok kowé menyang Jakarta kepilut-pulutan?

Ah, aku saiki bali, aku bali
sing ana ing awakku mung kari siji
urip apa mati, ing Genṭèng Banyuwangi
awit aku palanyah kang wis ora kebiji
aḍuh, aku wis ra suci, bi.

Manuk prenjak, Manuk gagak
apa isih ana arak, ana towak
apa isih ana swara kang kepénak
kanggo si Sumi wanitamu kang ketlarak
adol awak ing kuṭa buṭak?

Manuk gagak, Manuk prenjak
aḍuh, si Sumi wis dadi cagak.

Suripan Sadi Hutomo
(in: Jaya Baya no. 11, November 1974).

77
PEḌALANGAN GAYA JAWA TIMURAN

Ing Jawa Timur tinemu ana ḍalang kurang luwih 2900. Saka cacah semono mau kang isih giyat (aktip) mung kari kira-kira 1400-an. Iki sebabé rupa-rupa. Antara liya jalaran saya kurang utawa sepining tanggapan, olèh kongkirènan saka kasèt, utawa iya ana sedulur ḍalang kang olèh péncokan ing panggaotan liya kang luwih kepénak. Kaya ngono antara liya keterangané sdl. Drs. Soehardjono, ketua panitia Festival Pedalangan Gaya Jawa Timur tahun 1974, ing kalonggaran mbukak fèstival mau ḍèk tanggal 31 Oktober 1974 bengi.

Fèstival iki manggon ana ing Gedung Kebudayaan, Jalan Genṭèngkali, Surabaya. Suwéning fèstival ana 3 wengi, wiwit tanggal 31 Oktober nganti tumekaning tanggal 2 Nopèmber. Fèstival iki fèstival peḍalangan tingkat propinsi kang sepisan ing Jawa Timur. Saka cacahing ḍalang ing Jawa Timur kaya katur ing ngarep, kang bisa digolongaké ing ḍalang gaya Jawa Timuran ana 400-an, sumebar ing ḍaérah-ḍaérah tilas karésiḍènan Surabaya, kabupatèn Pasuruan, Sidoarja, Majakerta, Jombang, Lamongan. Yèn nitik corèk tuwin wujudé, kaya kang diakoni uga déning bapak Ketua Umum DPP Golkar: Amir Murtono SH kang merlokaké rawuh anjenengi pambukaking fèstival mau, pancèn ora béda karo wayang kulit kang umum ing Jawa Tengah barang. Carita kang digelaraké iya njupuk saka pakem-pakem Wayang Purwa. Mung gayané — lan iya saka gayané kang khas iki, kaya kang diḍawuhaké pak Amir Murtono, wayang kulit iku sok disebut 'wayang ḍak-ḍong'.

Kang mèlu ngetoni ing blabar kawat fèstival, ngrebut piala saka Gubernur mung ana ḍalang utusan ḍaérah cacahé 9. Saben ḍalang olèh wektu 90 menit (karo tengah jam) kanggo ngébaraké kapinteran/katrampilané. Kang dibiji déning para juri, kajaba sabetan, antawacana lan sapanunggalané, uga ḍisiplin olèhé migunakaké wektu barang. Yèn wis ana bèl tanḍa yèn wektu olèhé kudu nḍalang wis entèk, ning sang ḍalang isih mbacut, iki bakal bisa nyuda biji.

Kapriyé bakal nasibé kabudayan wayang kulit umumé sarta khususé kang agaya Jawa Timur ing mengkoné? Apa iya bakal lestari bisa ditampa sarta dinikmati déning anak putu? Pitakonan iki aran wajar. Ḍirjèn Kebudayaan Prof. Dr. Ida Bagus Mantra ing kalonggaran kaya katur

ing ngarep paring ḍawuh ngéné. Manut sejarah, wiwit lahiré kabudayan mau nganti sapréné, saben-saben tansah ngaḍepi ing tantangan rupa-rupa. Lan nyatané, nganti saiki tontonan wayang kulit isih bisa kita nikmati. Ing wektu iki kabudayan wayang kulit iya isih ngaḍepi tantangan kang ora ènṭèng. Tantangan mau awujud ajuning tèkhnologi ing sawernaning babagan. Iki kudu kita aḍepi, sarana migunakaké tèkhnologi kang saya maju mau kanggo ngunggahaké drajat sarta tataran kabudayan wayang kang kita warisi saka para leluhur lan diakoni kelebu kabudayan kang èdi lan agung, klawan tanpa mbuwang corèk sarta kapribadèné kabudayan mau kang khas utawa kang mirunggan.

Ora béda karo kang diḍawuhaké bapak Gubernur Jawa Timur (ing bengi iku diwakili bapak Résiḍèn Surabaya Soepeno, awit pak Noer pinuju tindak luar kota), pak Mantra uga ngakoni: wayang pancèn isih mujudaké méḍia kang ampuh kanggo awèh sesuluh marang rakyat ing padésan. Mula iya perlu diipuk-ipuk. Anané fèstival peḍalangan gaya Jawa Timuran tahun 1974 ing Surabaya iki déning pak Mantra uga dibobot kaya-déné salah sawijining upaya kaya kang katur ing ngarep. Ya-iku: kanggo nguri-uri utawa ngipuk-ipuk kabudayan wayang kulit.

Pancèn isih durung kena kanggo gonḍèlan kang gumaṭok, apa kanyatan kaya kang diḍawuhaké pak Amir Murtono ing kalonggaran mau, yèn sapérangan kang paḍa nonton fèstival wayang gaya Jatim ing bengi iku dumadi saka génerasi sangisoré pak Amir Murtono, bisa dipaḍakaké karo ukuran: tontonan wayang kulit umumé, utawa khususé kang agaya Jatim isih disenengi utawa dikaremi déning para nom-noman saiki. Mung baé, kanyatan mau saora-orané suka pituduh, ora kabèh nom-noman saiki paḍa wis ora doyan manèh karo tontonan wayang kulit, kang dianggep wis kuna, kolot, njuwarèhi. Mung baé, apa aprésiasi (tanggapan) saka para sawetara nom-noman kang apik sarta positip marang wayang mau, ing mengkoné bisa subur ngrembaka, apa malah kosok-baliné, iki gumantung marang upaya pambudidaya kita wiwit saiki. Pak Murtono ing ndalem kagungan kasèt lakon wayang purwa ora kurang saka 50 stèl. Saben dalu yèn arep saré — ngono ḍawuhé pak Murtono piyambak — kasèt mau distèl. Iki perluné kanggo nggampangaké olèhé nedya saré. Lakon kang nengsemaké pancèn iya bisa kanggo sarana kaya ngono. Ning yèn kosok-balèn, akibaté malah bisa gawé . . . seneb.

Kasèt wayang kulit gaya Jatim saweruhku kok kaya durung ana, ngono ḍawuhé pak Moertono, kang ing sabanjuré ora paring panjelasan apa-apa — généya kasèt bangsané kaya ngono mau kok durung sumebar.

Apa manut pétungan kurang nguntungaké, awit pasarané mengko

meṣṭi bakal kurang ramé? Ning kang wis ceṭa, gaya Jawa Timuran iki isih olèh enggon ana ing sawetara panggonan. Liré — ing Jawa Timur, isih ora seṭiṭik cacahing rakyat kang nyandu utawa seneng karo corèk wayang kulit kang agaya kaya ngono mau. Mula, aran wis sameṣṭiné — kaya kang diḍawuhaké pak Murtono SH — wayang kaya ngono mau iya perlu diopèni, diuri-uri.

S. Kadarjono
(in: Jaya Baya no. 11, November 1974).

78
KÉNḌANG

welingmu sing tuwajuh nguruti raga aking
rai nungkul kepati ngekep pranaja
kanṭi ngrangu cumiṭak mripat sing bening
nanging pangajap donya akérat
kebat jangkahmu kesusu nungka layang pamegat
upama jerit iki
upama wangsit sing iki
nguncegi bunḍelan ati sing kejuwing
pangirané mbulan mèsem kepéncut mèlua ngliling
banjur kapan nebusi asih mulus
banjur kapan krénahmu bali burus
anakmu kebacut kebentus-bentus

Muryalelana
(in: Jaka Loḍang no. 194, April 1975)

79
ABOTÉ SESANGGAN

'Lhah, lhah! Biyangané!'
'Pa ra lèh, Kip?' pitakoné marang Sakip.
'Kléṭong,' wangsulané karo ngèsèdaké sikil nèng suketan. Dalan sing diambah tengah sawah brogalan kang diapit tanduran jagung. Rembulan sacuwil wis surup mau-mau. Peteng. Lintangé kari siji loro kang isih katon kumelip ing sela-selaning menḍung kang saya temiyung.
'Suk sindiran, kang. Nèk sindiran tak-golèkna tanḍak sing matoh. Ka Miri-Jepon, Lèk Nonong ké gak amput-amputé yok, ya swarané ya rupané. Ampoh pènḍèké. Kaṭik gongé gong Kayèn, tambah gayeng.'

Celaṭuné Sakip nyebabaké rasa nelangsané Pak Mukima. Aboté sesanggan bali dirasa anteb ninḍihi ati tuwa ngaḍepi tanggung jawab.
'Gak kober mikir tekan kraméan, Kip, isok nylameti krempyeng ngono aé atiku wis seneng. Iku aé ragadé gung kecekel ngéné yok. Gedugaa ngono genah nèk tak-geḍèk-geḍèkna . . . kaya anak pira lèh.' Pak Mukima nyingseti uḍengé sing nglokor, nuli sambungé: 'Wajiré aku wis janji mbik atiku ḍéwé lho, Kip. Janji nèk gak nindakna pegawéan maksiyat iki. Kejaba ngrumangsani dosaku wis sak-bajeg, éling-éling awak wis ringkèr . . . ! Upama duwé barang sing mbejaji ngono, pisan ki gak bakal klakon, Kip. Tenan. Ḍongé gaé karèk sesasinan kok gung gableg pa-pa. Pa gak seḍèh lèh, cah. Simpen nèk simpena, wong sing dipangan aé jik gung genah,' kesambung ambegan lanḍung.
'Jemah Kliwon,' grenengé Sakip.
'Sumpek,' gresahé pak Mukima, 'ngéné ki ènèk sing nyilèhi ngono bali kok, Kip, aku. Gak mbalèni gawéan maksiyat.'

Ḍisik pak Mukima pancèn dadi durjana kang peng-pengan lan julig. Panggaotan iku dilakoni diantepi luwih saka limalas taun lawasé. Tandangé cukat trampil, pétungé mateng, tindaké ora grusa-grusu. Sapa sing keḍayohan pak Mukima bisa kresikan sasega-jangané.

Merga ngaca menawa boloting dosa ngotori sakojur awak, dalah ngélingi marang kekuwatané sing wis entèk dipangan umur, ḍèwèké nuli mlémbar menyang cara urip anyar, cara urip kang ora gawé tunané liyan: dodol rokok tingwé nèng ngarep pasar, klobot lan glintiran mbako.

Enggoné ḍeḍasaran mengkono kuwi wis ana patang taunan. Bebaṭèné ora sepiraa, nanging sing gawé mulyaning ati, ḍèwèké nemu katentremané batin.

Tanem, anak siji-sijiné, setengah taun kepungkur dikarepaké jaka tangga désa. Ditanting bocahé mantep. Diétang-étung jaraké ketemu apik. Kurang apa manèh? Kaṭik Tanem wis prawan geḍé. Mula lamaran kaé ditampa kanṭi rasa gita-gita. Saiki, kenṭingé gawé wis ceḍak, lha kok ragadé durung kecanḍak. Ati tuwa sapa sing bisa jenak turu kepénak? Niyaté kaé arep klumpuk-klumpuk, awit ora duwé barang sing cukup dijagakaké kanggo ganjel butuh. Jebul pengasilan saben dinané panced kaya kemul cupet: ditarik menḍuwur sikilé anyep, dilorod sirahé aḍem. Dadiné lanang wédok bingung kesanḍung-sanḍung golèk utangan, mrana-mréné pikolèhé mung kesel ḍéwé.

'Ah . . . nḍak omah iki lèh didol.'

'Njur ngiyup ndi awaké?' tanggapé sing wédok rikala dijak nékad adol omah.

'Ndahné ngéné ki anak okèh ngono. Muk sicok é kok ka ngéné sanggané.'

'Mbok jajal golèk butuh nyang nggoné pak Inggi . . . !'

'Gak sah, nḍak ditolak gaé wirang.'

Pegawéan lawas kang wis kakubur jero kaya mati, dina-dina pijer teka pijer nggeret-geret ati. Senadyan niyaté angipat-ngipataké, wusana juḍeging pikir njalari ḍèwèké keglanḍang kéntir. Sepuluh dina kepungkur olèhé duwé pandengan, omah sing adoh saka désané, omahé wong sugih Romelan. Romelan kejaba dagang mbako uga mindringaké barang-barang. Rupa apa baé sapanjaluké sing butuh bisa ngujudi: sepéḍah, lampu, raḍio, kain, mas-masan. Senadyan kanṭi rega tikel tekuk, sing keblusuk ora gelem krasa yèn kebekuk. Mbayar nyicil digagas ènṭèng, betèké ora geduga tuku kencèng.

Nalika pak Mukima lan Sakip mlangkah pager saka kadohan keprungu kenṭong ditabuh sepisan ganḍang, mecah sepining wengi. Tumuli kenṭong kana-kana nrambul. Rong jam kepungkur wong loro iku wis glibat-glibet ing mburi pekarangané Romelan. Isèn-isèné omah bakal dadi memangsan. Kesawuran sirepé pak Mukima, wong saomah kang sakawit turuné pijer klesikan dadi paḍa kepati. Saka pétungé wong tuwa iku, wektuné wiwit gumelar wektu sing dianggep becik kanggo wiwit tumindak.

'Ḍuḍuken!' préntahé pak Mukima klesik-klesik. 'Sadurungé jam papat kudu wis miré ka kéné,' lambéné umik-umik. Tritis kang arep digangsir nuli diidoni ping telu: 'Wis, sing ngati-ati. Aku tak ngiteri.'

Pak Mukima ngubengi omah. Tangan kekaroné nyekeṭem watu. Ce-

ḍaké Sakip kang kepatah gawé gangsiran uga cumepak onḍokan watu sing sakepel-sakepel geḍéné. Pojok-pojoking omah uga diseḍiyani. Kabèh iku jaga-jaga kanggo nyawat wong sing ngonangi. Wengi nggremet panggah sepi . . . aman. Sauntara iku gangsiran rampung. Penganggoné pak Mukima dilukari, awit ḍèwèké sing bakal ngawaki mlebu. Oté-oté, kari suwal cekak warna ireng. Wong sing rambut lan brengosé akèh sing malih putih iku bisa tekan njero kanṭi slamet. Disetitèkaké isèn-isèné omah: sepéḍah apik rim tromol, mesin jait, loncèng, lemari kaca bening sing kebak bala pecah, lampu pétromax rong iji. Siji gumanḍul kanggo sumedan, sijiné ana nḍuwur lemari kaca sigar enḍog. Isih anyar grès, awan mau anggoné tuku saka toko, pesenané wong.

Kulon kursi mèbel, pernah ngarep lemari kaca sigar enḍog, rada kiwa, ana wong wadon turu njogan. Kuwi embokné Romelan, tuwa lan awaké kuru. Turu karo ngeloni putu mbarepé. Merga hawa wengi kang ungkeb, embokné Romelan kepéngin turu ngisor.

Karo mlaku jèngkèng pak Mukima marani lawang nggawa kenḍi, kanggo ngecuri èngsèl-èngsèl lawang. Krana mengkono samangsa lawang dibukak ora nuwuhaké swara gumerit. Sepéḍah wis diwetokaké, ora kuncèn.

'Mengko dipancal Sakip, ḍèwèké nggoncèng nggémbol ḍuwit lan mas-masan, monḍong lampu lan barang-barang liyané,' ngganjret angen-angené pak Mukima. Bubar ngetokaké sepéḍah, kawigatèné tumancep nyang lemari kaca sigar enḍog. Pangénṭané ing jeroné tinemu ḍuwit, mas-masan apadéné kain-kain sing apik. Pangira iku ora klèru nanging lemari kuncèn. Nḍuwur lemari digrayangi, sing digolèki ora ketemu. Gombyokan kunci gawané dicoba mbaka siji meksa ora ana sing joḍo. 'Ngko diréka, sing nayoh dirampungi kik,' swara batiné pak Mukima.

Banjur tangané loro pisan ngranggèh pétromax. Kepeksa jinjit. Lemariné rada ḍuwur, gèk papané lampu rada nengah. Alon-alon disèrèd minggir. Sawisé rada mapan dicanḍak tèngkiné, banjur diuḍunaké . . . ndadak grompyanggg . . . . panyanggané nggrègèli. Lampu njrekangkang nèng njogan sawusé ngampiri sirahé. Kapé mléṭot, kacané remuk. Trataban atiné, mripaté pendirangan. Tolah-tolèh. Nilingaké swara, mbokmenawa ana wong kagèt. Sing ana njaba atiné uga nratab kumelap. Batiné misuh-misuh.

Wong turu njogan ora ungket-ungket, ora obah. Béda karo sing turu njero kamar. Swara gemrompyang gawé gragapé Romelan. Nuli tangi kréngkangan semu gugup: 'Mbok! Mbok! Apa?'

Pak Mukima bingung lan gedandapan. Banjur mencolot niyat metu nuju lawang. Saka gugupé tumibané dlamakan presis igané mbokné Ro-

melan. Kang kejlogan sambat karo mulèt. Balungé linu kaya cuklèk-cuklèka. Balung tuwa gèk dijlogi sakayangé . . .

Lan ora suwé manèh ramé wong bengok-bengok opyak maling. Pating gedebug mlayu ngidul ngulon nguber playuné durjana. Cahya sènter byar-byur pating clorot. Ramé, saya ramé, wong sakampung paḍa ngepung. Nanging sing dibujung wis sawatara dohé olèhé mlayu. Tumrap pak Mukima dirasa cilaka tikel yèn ngantia kecekel. Ninggal sing wédok iba bingungé atiné! Pikiran mengkono iku nyurung playuné saya kebat senadyan napasé kaya wis arep mlesat. Rikala wong loro iku bisa mblusuk alas jati, udané tumiba. Deres banget!

Djajuspété

(in: Panyebar Semangat no. 4, January 1974).

80

DAK-ENTI, ARIP ING MRIPATKU

dak-enti sliramu, é arip ing mripatku
wengi sangsaya tuwa
swara wis sirep paḍa
atis sangsaya ngliṭis
ing tritis dak-umbar bulan dolanan
mung sliramu tansah dadi pangarepan.

apa iki ganjaran
pawèhé wengi
bulan
lintang
konang;
jerité jangkrik
jerité kirik
klawan aku sing lawas wis nyirik
wiwit bojoku saben-saben purik.

apa iku pengajaran
sepi ramé nyuwèki ati
mula guritan lan cerkak tansah ora dadi.

ah, apa sliramu sing katut ombaking jaman
tugas sinambi golèk obyèkan
banjur ginanḍulan prawan umbaran
nganti surup rembulan.

dak-enti sliramu, é arip ing mripatku
wengi saḍéla manèh mati
banjur bulan malik
gelis énggal balik
selak bojoku purik
awit,
atis wis miyak jarik.

Ngalimu Anna Salim
(in: Jaya Baya no. 9, October 1974).

81
SÉSUK WIS RIYAYA

Olèhé mancal sepédah disepud. Daya-daya tekan omah cèt ijo duwèké Kirja, kancané dèk ana ing SPMA biyèn. Marga lintangé sumunar, Kirja bisa dadi kepala LP 3. Marga Supirah, dèwèké ora bisa nerusaké sekolah kaya Kirja. Dina-dina sekolah dianggo sir-siran baé. Nganti nunggak rong taun. Wong tuwané bosen ngragadi, banjur ora dikirimi duwit kanggo urip ana kuta. Dèwèké metu saka sekolah jalaran rupa-rupa. Marga pancèn aras-arasen ngadep buku. Marga aras-arasen ninggal kalumrahan saben malem minggu. Marga ora bisa mbayar sekolah lan, sing wigati déwé, marga durung nganti dèwèké ngerti ambaning jagad, keselak kedisikan Supirah ana isiné. Kepeksa dèwèké kudu ngadepi pak Umar sing yèn mendelik mripaté sasat ngenciki idep lan yèn mecucu nganti irungé ditalib lambéné sing njebèr.

'Dadi wong lanang aja mung bisa gawé anak! Nyambut gawéa! Dadi makelar karcis, dadi matrus! Dadi kuli setasiyun, apa luru utis! Kabèh kuwi pagawéan. Sapa kuwat, yèn saben dina kudu ngingoni anakmu, bojomu lan kowé déwé! Ajaa kowé umuk yèn arep dadi sinder, ora bakal Supirah dak-wènèhaké kowé.'

Rembugé maratuwané sing pedes kaya ngono kuwi wis bisa ditadahi ing sadina-dinané, sarana diréwangi mbudeg lan micak abanda ndableg wareg. Sing baku kanggoné dèwèké, Supirah isih tresna banget marang dèwèké. Yèn dirasa ora ana wanita bisa nandingi Supirah. Sabar lan wicaksana. Nanging sajaké sabaré lan wicaksanané sisihané iku nganggo wates. Bareng anaké wis telu, Supirah wiwit bosen meruhi kahanané sing lanang. Supirah wiwit krasa yèn dèwèké iku wong ayu sing siyal, wong ayu sing ora kasinungan pulung becik. Saupama dèwèké ora éntuk Wagianta, ayak baé dèwèké bisa dadi ibu camat. Bisa dadi ibu dirèktur. Malah bisa uga, saupama dèwèké ndèrèk pak-liké urip ing Jakarta, bisa uga dadi ibu menteri, ibu jéndral, lsp. Banjur ing dina-dina candaké dèwèké wiwit tiru-tiru bapakné. Bojoné wiwit didoli ulat. Bareng disangat Wagianta wiwit ketara wedi, olèhé adol ulat diimbuhi nganggo adol lambé pedes:

'Jaré wong lanang iku pengayoman, mas. Nanging piyé olèhmu bisa dadi pengayoman yèn kowé déwé isih njaluk diayomi maratuwa? Pa ra isin

ta, mas? Ingatasé kowé kuwi wong lanang, nganti panganmu dijuju wong liya?'

Iya wiwit kahanané Supirah kaya ngono iku Wagianta banjur éling yèn ḍèwèké duwé sipat lanang kang kudu manggul tanggung jawab geḍé. Ḍèwèké kepéngin cekel gawé kang metoni misil. Nanging apa sing bisa ditindakaké? Macul ḍèwèké ora godag. Ngejibaké keahlian, ḍèwèké mung bisa gawé layang katresnan tumrap kenya. Ngejibaké ijazah, ḍèwèké mung ngaṇṭongi ijazah SMP swasta. Kantor ngendi sing bisa nampa ḍèwèké sarana sangu ijazah saka sekolahan partikulir iku? Nalaré Wagianta jibeg. Pepet. Luwih-luwih bareng ḍèk wingi sisihané nangis ana kamar, nangisi anaké sing nomer loro.

'Suk mbèn wis Riyaya. Apa kowé ra duwé utek?' ngono wangsulané sisihané caṇṭas bantas lan kejem. Pancèn swara kaya ngono iku kejem banget tumrap Wagianta. Awit durung tau Wagianta nampani pisuhan kang kasar saka sisihané.

'Sabar ta, bu! sarèhné awaké ḍéwé isih kaya ngéné . . .'

'Aku ora apa-apa. Jarit gantung-kepuh ya bèn. Tapi anakmu iki piyé? Coba gagasen! Kabèh bocah isiné omah iki paḍa salin penganggo. Anaké yu Pitri wis dicukupi bapakné, isih nampa manèh saka embahné. Balik Bunamat?'

'Engko mbahné rak iya mikir?' Wagianta ngrai geḍèg.

'Wingi bapak wis kanḍa, bocah-bocahé ḍéwé ora arep disanḍangi. Bosen jaréné. Saben dina kudu mikir pangané. Saben dina kudu mikir sekolahé. Kaṭik saben taun kudu mikir sanḍangané. Mangka putuné sing liya-liya durung tau dislikuri. Pancèn sing kebangeten bapakné Mamat. Olèhé ora iḍep isin.'

Sepéḍah iku dipancal terus, luwih cepet. Sajatiné ḍèwèké wis isin yèn kudu teka manèh menyang omahé kancané iku. Awit wis kekerepen ḍèwèké mrono. Lan saben mulih saka kono meṣṭi disangoni. Nganti bojoné Kirja tansah pasang ulat peteng janji weruh ketébangé Wagianta. Malah wis tau Wagianta rumangsa diusir cara alus déning garwané kepala LP-3 iku:

'Nuwun sèwu, ḍik. Menika jam ngaso kanggénipun mas Kir. Yèn penjenengan rantos mengké kedangon. Langkung saé bénjing-énjing kémawon wonten kantor. Yèn baḍé wonten kaperluan, saged dipunétang cara ḍines.'

Sawisé kanḍa kaya ngono bojoné Kirja iku mlebu omah terus ora balibali manèh. Banjur keprungu swarané sing caṇṭas. Sanadyan swara iku kanggo abdiné, nanging sajaké ditujokaké kanggo Wagianta:

'Bola-bali kowé dak-tuturi ya, Dar. Yèn meḍayoh aja yah méné iki, wayahé wong maḍang. Engko munḍak dikira aku ra isa ngingoni kowé. Aku ngerti kowé tuman krasan. Marga angger sowan pak Sindu balimu ajeg disangoni, rak iya ta? Dadi wong ki mbok aja seneng njagakaké pawèhé liyan.'

Oooh, yèn kèlingan kuwi kabèh. Wagianta kaya-kaya nibakaké ipat-ipat ora bakal ngidak omahé Kirja. Nanging bareng ḍèwèké kèlingan nasibé anaké sing telu iku? Méndah kepriyé nalangsané yèn sésuk kuwi usumé kancané paḍa nyanḍang nganggo apik, usumé putuné pak Umar paḍa teka kanṭi manganggo sarwa gumebyar, banjur mung anaké ḍéwé sing kepeksa singidan paturon jalaran sanḍangané ora ganti.

'Ing ngarepé Kirja mengko aku arep nangis. Aku arep njaluk gawéan sakecanḍaké, waton baliku mengko disangoni sanḍangan kanggo anakku,' ngono batiné Wagianta sadalan-dalan. Ora kétang mengko ḍèwèké dikon ngangsu jeḍing, dikon mbabadi suket ing petamanan, apa dikon nguras kakus, arep ditemah. Waton kanggo Riyaya sésuk iku anaké bisa salin panganggo, bisa campur kancané lan bisa mèlu ngèsemi dina Riyaya kang dadi pangarep-arepé umat Islam lan dadi peṭingané kabèh bocah cilik.

Nanging sanadyan tékadé saka ngomah wis kepleng, arep nangisi kancané sing becik bebudèné iku, bareng ḍèwèké wis manyuk ing ngarepé omah cèt ijo iku atiné grag-greg. Sumawang ing angen-angené rupa lan wujudé wanita sing tau nglarani atiné. Sumawang ing angen-angené polatané bu Kirja olèhé precang-precing kaya wong kebelet ngising angger weruh tekané Wagianta. Sumriwing ing kupingé kepriyé panyembiré wanita iku marang ḍèwèké sewulan kepungkur. Rada sawetara menit Wagianta manḍeg ing ngarep gapurané omah cèt ijo iku. Bareng wis ana keplenging tékad, kandeling karep, Wagianta banjur nuntun sepéḍahé digawa mlebu menyang plataraně omah cèt ijo iku. Omah iku tutupan. Wagianta uluk salam. Nanging nganti lambéné amba, lawang iku panggah tutupan. Kupingé dijèrèng, nanging babar pisan ḍèwèké ora krungu mingseding sikil jumangkah apa klesiking lambé obah.

'Madosi sinten, pak?' — ana pitakon saka iringan omah.

'Pak Kirja menapa wonten?'

'Oh, pak kepala ingkang rumiyin? Kalih minggu kapengker pinḍah ḍateng Madiun.'

'Lajeng dalem menika?' — pitakoné Wagianta nglokro lan kumrungsung.

'Dipundalemi pak Kurmin, kepala énggal. Tiyang menika dalem ḍinas.'

'Beciké aku dak sambat wong sing durung dak-tepungi iki. Kiraku

luwih utama lan ora bakal ngaḍepi wong nyembir-nyembir lan adol ulat peteng,' ngono étungané Wagianta. Sarana étungan iku ḍèwèké banjur kanḍa marang tukang keboné dalem iku:
'Menapa kula saged pinanggih pak Kurmin?'
'Tindak Magelang,' wangsulané wong lanang iku cepet.

Kaya njerit-njerita Wagianta mikir lelakoné dina iku. Tiwas adoh-adoh ditempuh sarana sepéḍah. Tiwas ḍèwèké ngaḍepi ulat peteng saka maratuwané, jalaran nyilih sepéḍah iki mau. Jebul bareng tekan panggonan sing dituju, ketemu suwung. Méndah kepriyé uniné maratuwané mengko yèn lungané dina iki ora nemu asil apa-apa. Mangka wis kaḍung disilihi alat kanggo mlaku adoh.

Durung yèn ngaḍepi tangisé anaké sing takon panganggoné. Awit ḍèk mangkat mau ésuk, ḍèwèké pamitan arep nggolèkaké sanḍangané kanggo Riyaya sésuk. Bojoné sing ḍèk mau ngiringaké lungané kanṭi kebak pengarep-arep:
'Muga-muga usahamu asil, mas, bèn ora banget-banget nalangsaku mikir bocah-bocah!' — pisan iki mengko mesṭi bakal nangis lan nguḍamana manèh yèn tekané ora monḍong welingané anaké, sanḍangan telung pangadeg.

Saka pepeting nalaré, ḍasar ing sadalan-dalan Wagianta ketemu wong ibut tata-tata ngaḍepi tekané wulan suci iku, ḍèwèké banjur ketemu nékadé. Tinimbang ditangisi anaké, pisan gawé ditékadi gègèr karo maratuwa. Toh upama ḍèwèké bali wutuh, iya meksa digremengi. Aluwung mesisan sepéḍah iku didol. Karuwan olèhé arep ngaḍepi. Diajara déning wong tuwané Supirah arep ditemah, waton anaké ora kecuwan, waton sisihané ora kegelan. Nanging menyang endi olèhé arep ngedol sepéḍah iku? Sésuk wis dina Riyaya. Kaṭik saiki wis soré, pasar sepéḍah mesṭiné wis tutup. Didol menyang pedésan sapa sing arep nuku sepéḍah ana sungapaning wulan Lebaran iki?

Ḍèk mangkaté mau sepéḍah digenjot sakatogé. Bareng baliné, olèhé méḍal ketara alon banget, jalaran uteké ora kanggo nyetir tenaga kanggo mancal sepéḍah, nanging kanggo mikir menyang endi olèhé arep ngedol sepéḍah iku. Puputing pikiran ora ana dalan liya kejaba kudu urusan karo pak Itok, nyilih ḍuwit anakan diwènèhi kapercayan sepéḍah. Bareng kèlingan pak Itok, olèhé méḍal disepud. Ḍèwèké kepéngin tekan omahé pak Itok sadurungé asar. Dadi ḍèwèké bisa bali manèh menyang kuṭa sing iki mengko bakal kliwatan perlu nukokaké klambi anak-anaké. Tekan omahé pak Itok wis mèh surup. Éwa semono ditékadi baé. Ḍèwèké mlebu terus bablas baé ketemu pak Itok.

'Endi sepéḍahé?' pitakoné wong bungkik iku kemaki karo nglirik su-

jana marang mantuné pak Umar sing ora gableg pegawéan maton iki. Wagianta ngeteraké pak Itok menyang panggonan panyèlèhé sepéḍah. Pak Itok rada gragapan bareng weruh sepéḍah Simplex duwèké pak Umar iku. Wis suwé ḍèwèké ngesir sepéḍah iku, nanging pak Umar wis tau blaka ora arep ngedol barang tinggalané seduluré sing wis ora ana kuwi. Ndadak saiki mantuné mara arep utang ḍuwit sarana paseksèn sepéḍah sing dipéngini. Pak Itok yakin yèn mantuné pak Umar iki diutangi ḍuwit sepuluh èwu, meṣṭi ora bisa mbalèkaké. Lan sepéḍah iki bakal klakon dadi duwèké sarana rega murah.

'Kowé butuh ḍuwit pira, lé?' pitakoné pak Itok ngaya.

'Kalih dasa,' wangsulané Wagianta kumendel.

'Ayo mlebu ngomah sik. Ora pantes étung butuh ana latar.'

Wong loro iku runtung-runtung mlebu ngomah kaya patrapé sedulur kang ketembèn peṭuk.

'Aku jané welas karo kowé kuwi. Anak akèh ora nyambut gawé. Mangka sésuk wis ariyaya, meṣṭiné kowé butuh kanggo sanḍangané anak-anakmu, rak iya ta?'

'Leres, mak-ḍé.'

'Ning ya aja akèh-akèh lèhmu njuk ḍuwit. Engko nèk ora isa mbalèkaké kepiyé? Rong puluh èwu ki jajanané sèwu sedinané. Pa kowé kuwat?'

'Niku urusan kula, mak-ḍé. Samang boten sisah tumut mikiraké. Nèk kula boten kiyat nyaur barangé samang jabel, rampung ta.'

'Sepuluh waé ya?'

Wagianta ngerti glagaté pak Itok sajaké ngiler banget weruh sepéḍahé maratuwané iku. Mula ḍèwèké niyat ngentol. Pikirané, yèn ḍèwèké ora bisa mbalèkaké, ateges sepéḍah iku ora sapira ruginé, marga ing pasaran bisa payu telung puluh munggah.

Pokoké kula neḍi kalih dasa, mak-ḍé.'

'Wis ta, lima-las baé. Jajanané mengko diwènèhi miring, satus sèket sedina. Nanging nèk seminggu kowé ora bisa mbalèkaké, ateges sepéḍahmu ilang, piyé?'

Wagianta wis mèh manṭuk nalika saka njaba ana wong uluk salam. Wong loro iku nolèh. Wagianta kagèt bareng dideleng jebul Isbandi, seduluré ipé karo mitra tanggané.

'Byuh, sedina muput lèhku nggolèki, ḍik. Bul ketemu ing kéné. Pama aku ora apil sepéḍahé bapak mana, ayaké durung isa ketemu,' ngono Isbandi kanḍa karo mapan lungguh.

'Kadingarèn menus iki sumèh,' ngono batiné Wagianta. Banjur sing kawetu:

'Ana apa, ḍik?'

'Ana tamu saka Majakerta.'

Wagianta kagèt banget bareng dikanḍani yèn ana tamu saka kuṭa kelairané. Mangka wiwit ḍèwèké disuwak kirimané lan banjur lepas sekolahé nganti ḍèwèké rabi lan duwé anak telu, niyaté pancèn wis emoh ngancik tanah kelairané. Ḍèwèké rumangsa dikipataké déning kulawargané. Mula arepa dikaya-ngapa ḍèwèké emoh nggepok sénggol wong atuwané. Nanging bareng saiki ḍèwèké ḍong kebuntel nalar kerépotan butuh, ana kabar yèn ana tamu saka Majakerta. Kaya wong sekarat ditekani malaékating panguripan, Wagianta ngadeg nyat mawa polatan sumunar. Tanpa kakèhan tembung ḍèwèké banjur mak kluyur metu terus bablas marani sepéḍahé.

'Lhoo . . . lho . . . étungé piyé, Giek?' pitakoné pak Itok ngaya ngemu rasa cuwa.

'Pun boten ènten étungan,' wangsulané Wagianta karo wiwit nyéngklak sepéḍah.

Ngaya olèhé mancal péḍal. Daya-daya kepéngin énggal nemoni sapa tamuné saka Majakerta iku. Nitik Isbandi ketara sumèh marang ḍèwèké, tamuné Wagianta iku mesṭi akèh olèhé nggawa olèh-olèh.

Temenan. Lagi baé Wagianta mlebu pekarangané omah, ing ngarep lawang maratuwané wis mapag karo ngguya-ngguyu. Maratuwané wadon, sing ora pati sugih gunem, nanging yèn kaḍung muni-muni ngluwihi wong tengah pasar, uga mèlu-mèlu mapag.

'Byuh, sedina muput masmu lan aḍimu nggolèki kowé lho, lé. Pa ra ketemu Is?' pitakoné maratuwa lanang.

'Tesih wonten wingking. Èh . . . sinten tamuné, pak?'

'Bapakmu sekaliyan. Iki mau isih nggiring putu-putuné menyang kuṭa. Bojomu sing nḍèrèkaké.'

Nganti ora bisa ngampet wetuning eluhé, Wagianta nampani kabungahan sing tanpa upama iku. Bungah jalaran maratuwané sing saben dina nganggep ḍèwèké kaya déné kéré munggah mbalé, saiki ketara ngrengkuh ḍèwèké ngluwihi anak bupati. Bungah, jalaran wong tuwané gelem ngurusi ḍèwèké lan nglacak ḍèwèké nganti tekan padésan ing pucuking gunung iki. Lan luwih saka iku bungahing atiné, awit anak-anaké sésuk mesṭi sida mèlu riyayan.

Kabungahané Wagianta ditekani wong tuwané, bisa nyirep pegeling atiné marang wong tuwa loro iku. Luwih-luwih bareng ḍèwèké klakon dirangkul lan ditangisi déning ibuné. Banjur ndeleng ora mung anak-anaké baé sing disanḍangi déning wong tuwané. Bojoné iya pamèr yèn ḍèwèké ditukokaké sanḍangan lan giwang kalung. Kanggo ḍèwèké ḍéwé ana bagéyané sing ngluwihi étungan. Nganti Wagianta krasa kuwowogen

nampani pawèhé wong tuwa.

'Aku krungu saka Kirja yèn kowé urip kesrakat ana kéné,' ngono kanḍané bapakné sawisé kangen-kangenan.

'Kirja?' pitakoné Wagianta kagèt.

'He-eh. Jaréné ḍèwèké kancamu sekolah. Saiki dadi sinder ana Madiun.'

'Apa ḍèwèké menyang Majakerta?'

'He-eh. Aku disangoni dikon ngénḍangi kowé. Karo kanḍa blaka suta yèn kirimanku marang kowé saben wulan ḍèk isih paḍa sekolah kaé disebrot ḍèwèké. Malah tanḍa tanganmu dipalsu. Mauné aku mèh nesu lan arep dak-tuntut. Nanging bareng ḍèwèké duwé kesanggupan bakal ngangkat kowé karebèn bisa nyambut gawé, aku iya banjur mupus. Mbokmenawa lelakonmu pancèn kudu kaya ngono. Malah Kirja banjur ngaḍoptasi aku diangkat dadi wong tuwané kanggo gantiné wong tuwané sing wis swargi.'

'Layak ḍèwèké tau njaluk tulung aku, nulisaké layang kanggo wong tuwané lan kanḍa yèn kiriman saka wong tuwa wis ditampa!' wangsulané Wagianta karo angluh.

'Ḍèwèké meling supaya kowé teka menyang Madiun sawisé Riyaya iki.'

Wagianta manṭuk sumringah, kaya sumringahé dina sésuk bakal tekané Ariyadi.

Esmiet

(in: Mekar Sari no. 16, October 1974).

82
LAYANGAN

delengen galo
lelumban ing langit biru
ngetog wiraga lan leléwa
polahé kagila-gila
ngiwa nengen munggah muḍun
kaya urip-uripa
kaya iya-iyaa
sajak duwé nyawa
nanging nyatané
yèn angin sepi
kumléyang jiglok ing lemah
ora kalap
kegeḍèn angin peḍot
kabur kabuncang
tambuh-tambuh tibané

aku kabèh iki uga layangan
lagi kekejer ing tawang
satengahing bebrayan
embuh dadiné
kepriyé wasanané
aku ora ngerti ora weruh
gumantung karepé si Kuncung
sing nyekel benang
kang dadi ḍalang
babaring kaanan

T.
(in: Parikesit no. 74, June 1974).

83
KAPUNḌUT BALI

'No . . . ning . . . no . . . ning . . .' rengeng-rengeng tembang ḍanḍang-gula pupuh kang kaping telu wis sigeg, banjur nembang manèh karo nyambut gawé amrih ora kéncokan rasa pegel-pegel. Nanging durung olèh sapada kepeksa kanḍeg. Dibengoki bojoné sing metu dalan papringan, pinggir désa.

'Kang! Laut sik, sarapan!'

Paidi mléngak. Mripaté nyawang bojoné anggoné genṭéyotan ngindit senik, manḍeg galengan amba pener ngisor pring ori sing katon éḍum. Sing wadon saiki genti nyawang sing lanang anggoné ipyak-ipyik wisuh banyu lèrlèran sawah. Panyawangé manḍeg nalika meruhi bojoné jumangkah marani papan dunungé lungguh, nyanḍing senik isi sarapan.

'Adang ṭiwul pa?'

'Enggih. Karèné seberuk wingi kula dang sepalih. Lawuhé gerèh. Ajeng nganggé klapa mboten onten sing dikèngkèn mènèk. Lananga ngoten,' celaṭuné sing wadon.

'Lha Saliya nyang ngendi?'

'Criyos ngarit teng mbulak kilèn ngrika.'

'Lha sekésuk weḍusé dipakani apa?'

'Lha enggih damèn satekem turahan wingi nika dipyur-pyuri banyu sarem keḍik. Sajaké bèn doyan weḍusé,' Sainem lapuran karo ḍuḍah-ḍuḍah senik. Sing lanang meneng, nanging pikiré ribut bab weḍus sing mung dipakani damèn.

'Cah kok lé ra nggenah. Gèk wataké nyambi kluyuran pisan,' grenengé.

Ṭiwul wis dipenak-penak kabuntel goḍong jati. Déné gerèh lan sambelé diwaḍahi cowèk cilik.

'Pun, kang, mang sarapan.'

'Lha kowé gak sarapan pisan?'

'Niki napa bagéyan kula. Kula slempiti uyah sekeḍik nggèn lempitan goḍong. Telung ndina niki kula kok kepéngin sing asin-asin,' kanḍané Sainem karo nguncalaké goḍong reged menyang kalèn sanḍingé. Paidi unjal ambegan nahan pulukan, welas nyawang bojoné sing enat-enet kabotan weteng.

'Sambelé niku mang telasné mawon, rak krasa seger.'

'He-eh! Arepa mung sambel bawang, nèk sing nguleg bojo rasané kok ya tumus nyang balung sungsum,' Paidi mbebéda.

Sing dialem mecucu, lèrèn olèhé muluk, kepéngin njiwit rada rikuh, banjur disambung pitakon liya: 'Njing yèn bocah niki lair,' karo ngelus-elus wetengé nerusi gunem, 'sampéyan pilih lanang napa wadon?'

'Lanang ngono! Yèn wadon rak gelis tuwa. Aku wegah yèn durung tuwuk seneng wis diundang simbah.'

'Iyaaah . . . ! Kakang ki lho! Kula niki takon tenan kok slirané sing mangsuli sak-kecanḍaké.'

'Mulané mengko ḍisik. Aku tak ngentèkaké pulukan.'

Paidi mangap amba, driji lima mlebu lambé kabèh. Sainem nyawang gemes. Kumudu nggablog.

'Upama pitakonmu mau tak-balèkaké nyang kowé, pilih apa?'

'Yèn kula pilih lanang.'

'Paḍa yèn ngono,' cepet Paidi awèh wangsulan.

'Lha jenengé sinten?'

'Anu . . . anu! Pénaké digolèkaké sing apik, kaya jenengé wong kuṭa. Mbésuk yèn geḍé bèn dadi wong kuṭa. Ora kaya bapaké, boḍo longa-longo.'

'Lha . . . nggih sinten? Anu baé, dijenengaké Bambang, kaya putrané pak ḍansèk.'

'Wiyah . . . wiyah! Kaṭik lé geḍi. Kula luwih sreg yèn nganggé jeneng Suyata ngoten mawon. Yèn mbésuk dadi ḍokter, undang-undangané ḍokter Suyata, lho rak patut ta?'

'Lha nèk kebeneran diparingi wadon?'

'Waaah . . . enggih! Pun ah, kula mantuk sik. Dirembug mengké mawon kalih mapan tilem! Wau kula ramban mbayung. Mengké dikulubaké nggih?'

Paidi manṭuk ngiyani. Mripaté manṭeng. Sainem genṭéyotan ngiṇḍit senik mulih liwat ngisor barongan ori, mlebu désa.

'Ah, mesakaké bojoku, bobotané wis tuwa,' batiné Paidi karo ambegan lanḍung. Ḍèwèké ora éling manawa wayahé wis jam sewelas awan, kela-duk gegojègan mau.

Kliṭih-kliṭih Paidi bali napakaké sikil ing lèrlèran sawah sing mung sakeḍok, warisan saka wong tuwané sing tinggal ndonya wiwit Paidi bubar selapan anggoné jejoḍoan. Tangané mbabitaké doran pacul, ngolak-alik lèrlèran karebèn lumer lan énggal bisa ditanduri. Kanggo ngoyak répot bebarengan lan lèké si jabang bayi sing wis wanci! Déné rengeng-rengeng maskumambang bali manèh ngiring wiramané angin sumilir lan kumresegé goḍong-goḍong pring ori pager désa ngiras kanggo

tamèng sumelèté srengéngé sing nylomodi geger.

Rampung malik lemah, Paidi nglempengaké galengan sisih lor ceḍak kalènan. Kala-kala tangané ngrogoh lèng, metuné wis nyekeṭem yuyu sing banjur dipreṭesi diklumpukaké dadi siji.

'Laut ra, lé?'

Paidi kagèt. Wong lanang tuwa aruh-aruh karo manggul waluku.

'Wis mèh beḍug, lé.'

'Nggih, wa,' Paidi wangsulan, 'sekeḍap malih.'

'Bareng wé ya, tak-entèni,' pak Truna manḍeg.

'Siwa mboten kesesa?'

'Ngiras ngaso kok, lé,' walukuné dilèrèh saka punḍak. Pak Truna lungguh selonjor.

'Yèn ngoten sareng sakniki mawon nggih saé.'

Paidi énggal-énggal ngumbah pacul, usak-usik seḍéla ngilangi lenḍut sing nggubel lengen, banjur wiwit ngrèntèngi yuyu sing wis diklumpukaké mau: 'Kénging disambel mengké kok, wa, éman-éman tinimbang dibucal,' kanḍané Paidi isih bikut.

'Dicarub nganggo krambil saya nyamleng yèn segané putih, dudu ṭiwul.'

'Nggih koma-koma, wa. Mboten-botené nggih diuleng.'

Wong loro wiwit mangkat bebarengan.

'Bojomu sajak wis mèh lèké ngono kok, lé.'

'Pun sanga kok, wa,' wangsulané Paidi. Kringeté diulapi lengenan klambi.

'Ning rak wis siyap butuh ta?'

'Siyap napa ta, wa. Seḍiyané nggih ménda kalih nika. Lha wong pantun sing nḍisik nika medalé gabug danten ngoten. Ngantos mboten saged nyènṭèlaké nggé cèlèngan seḍiyan bayèk.'

'Ya wis ora dadi ngapa. Waton kabèh-kabèh bisa klakon kanṭi becik. Ora perlu ngaya. Ngélingi tembé mburiné,' pituturé wong tuwa iku.

'Enggih, wa. Njing selot-seloté nèk ènten sing nggé mbancaki! Eh ... ngga ta, wa, pinarak kriyin,' Paidi ngacarani bareng lakuné wis tekan ngarep pekarangan omahé.

'Nggih ta, wa. Niki bentèrané pun mèh umob,' Sainem gita-gita metu saka njeron ngomah nguwataké sing lanang.

'Ya ... ya ... wis. Mengko soré baé tak dolan-dolan mréné.'

'Èstu nggih, wa! Pun laut ta, kang?' genti Sainem mbagèkaké bojoné. O ... swargané duwé bojo jaka-lara. Dibagèkaké mangkono rasané awak pulih kekuwatané nadyan mentas baé nyambut gawé abot. Bareng weruh sing lanang nyangking kanṭètan yuyu, agé-agé anggoné nyanḍak sajak seneng: 'Wah disambel krambil. Nanging krambilé teksih onten nging-

gil. Paidi krasa yèn dipréntah alus. Pacul disèlèh alon-alon, ḍèwèké banjur memburi ngunḍuh krambil.

Wayah mangan awan, sega uleng wis cumawis nèng tengah ambèn: jangan mbayung, kuluban mbayung, gerèh gorèng sangan lan sambel werna loro.

'Wau pun kebacut nyambel korèk,' Sainem mbukani rembug, 'ngertosa yèn mbekta yuyu rak cukup sambel niki mawon, werna siji.' Wong wadon iku wedi yèn dikira ngebrèh.

'Lha Saliya nèng ngendi?'

'Seg mantuk niku wau. Bar makani ménda terus ngasah arit teng jeḍing ngrika.'

'Maḍang sik, lé!' Sainem celuk-celuk.

'Nggih, yu. Sekeḍap malih,' saka jeḍing Saliya mangsuli lan ora antara suwé wong telu mangan bebarengan krasa nikmat banget.

'Anu ya . . .' bubar mangan Paidi mbukak rembug. Saliya ngawasaké, ngentèni apa sing bakal dikanḍakaké kakangé. Nanging sajatiné atiné wis bisa nduga.

'Bab weḍus?' ḍèwèké nyelani sawisé ditunggu sawatara kakangé durung rembugan.

'He-eh! Terangé baé weḍusmu sida tak-silih, kanggo njagani lèké jabang bayi.'

'Yèn liyané baé piyé ta, kang?' wangsulané ngemu rasa éman.

'Apa sing diandelaké?'

Wong loro banjur meneng-menengan, pikirané paḍa déné nyambut gawé.

'Ning weḍusé meteng ki, kang,' kanḍané Saliya. Banjur diterusi:

'Jeneng kepèpèd!'

'Njur lèh mang ngijoli kapan?'

'Suk nèk wis panèn.'

Saliya meneng, mbatin kanḍané kakangé: 'kepèpèd', nanging batiné cawang loro ngélingi nasibé kakangé sing diéloki, kamangka weḍus cacah loro iku uga dijagakaké kanggo sangu ngumbara menyang Jakarta, perlu golèk buruhan ngumbah montor-montor truk kaya Marija, kancané tunggal désa sing saiki wis luwih ḍisik nyambut gawé nèng kana. Tur weḍus iku asil saka olèhé golèk gaḍuhan. Kedah-kedahé olèhé kepéngin manḍiri, urip saka kringeté ḍéwé.

'Bab ijol aku ora sélak, nanging ya kuwi, suk yèn wis panèn sing digarap iki.'

'Kira-kira suk bisa metu pira ta, kang?'

Paidi bikut pikiré, ngétung angka-angka awangan, wiwit wiji sing

disebar, banjur ditikelaké. Wusana éntuk gambaran: 'Pitung kwintal kira-kira. Iki pétung grambyangan,' kanḍané.
'Wis dijupuk nggo setor BUUD? Lan utangan rabuk?'
'Rabuk uwis. Ning sing ḍisik mau durung. Mung baé gambaran, kuranga ora sepiraa. Mengko bisa digolèkaké sebrakan nyang pak Jaya sawatara. Disaur gaplèk kebon kidul omah kuwi. Aku krungu saka pak lurah targèt BUUD wis bisa dicukupi nganggo kas désa.'

Saliya manṭuk-manṭuk. Paidi ketara lega, terus nglinting mbako wor lan ora suwé manèh klepas-klepus ngemataké kebul lintingan. Déné Saliya metu ngener jeḍing, bali manèh isak-isik ngasah arit kanggo ngerit damèn mengko soré.

'Pripun, kang?' sing wadon takon.
'Olèh. Nadyan ora pati lega. Ning witikna kepriyé? Lakar aku ngrumangsani wis ora bisa obah liyané kuwi,' Paidi mangsuli alon-alon, sajak kuwatir manawa ngantia keprungu déning Saliya. Atiné rumangsa lega nalika krungu ing jeḍing kana Saliya rengeng-rengeng nembang gambuh.

Awan cepet dadi soré lan mlaku terus ngoyak playuné menit sing ora tau lèrèn.

'Kang, weteng kula kraos slemet-slemet.'
Paidi kagèt. Tengah wengi lagi énak ngimpi dadi wong sugih dioyog-oyog sing wadon. Ḍèwèké agé-agé ngelèkaké mripat, njenggirat lungguh nyipati sing wadon ngolat-ngolèt nekem weteng.
'Wis krasa piyé?'
'Sajaké pun wanci, kula kraos sikilé mancal-mancal.'
'Ngundang mbah ḍukun saiki wé ya?'

Sainem manṭuk ngiyani. Paidi njranṭal marani ambèné aḍiné. Sing digugah krugat-kruget miyak sarung, nglèngèk, banjur pitakon alot:
'Napa, kang?'
'Tangia, susulen mbah ḍukun. Kanḍaa yèn mbakyumu sajaké wis wanciné. Wis, gèk cepet. Yèn isih turu ḍoḍogana lawangé. Jaken bareng pisan.'

Sing dikongkon njranṭal, gloḍagan nyingkiraké palang lawang banjur brabat metu dialap petengan. Baliné wis ngiring lakuné mbah ḍukun karo nggawa oncor. Tekané dipapag Paidi kang ora gelem metu saka kamar nunggoni sisihané: 'Niki pripun, mbah?'
'Ngaliha, lé, tak-garapé ḍéwé,' préntahé wong wadon tuwa iku. Paidi abot ninggal awit lengené dipiṭing kenceng déning sing wadon karo ngeses nahan lara. Ḍèwèké nyeḍakaké lambé ing kupingé sing wadon, bisik-bisik: 'Aku tak metu seḍéla. Iki wis ana mbah ḍukun. Ora apa-apa, nyenyuwuna marang Pangéran.' Sing wadon lambéné klamedan.

'Wis kana, nunggoni njaba baé!'

Paidi jumangkah metu, sikilé krasa kebanḍul. Mbah ḍukun wiwit ngayati kuwajiban.

'Panas, nḍuk?' pitakoné marang Sainem. Sing ditakoni manṭuk ngrintih.

Perlak énggal-énggal dijèrèng, kaya patrap nalika ḍèwèké dikursus nèng BKIA sawatara minggu kepungkur bebarengan lan ḍukun-ḍukun bayi liyané. Déné ing njaba Paidi diobat-abitaké rasa was sumelang. Panduluné kaya-kaya arep nembus lawang pener kamaré bojoné kang lagi prang sabil ngaḍepi lairé jabang bayi. Angger-angger krungu rintihan saka njero upama kuwagang karepé miyak geḍèg, kepéngin nyipati kaya ngapa kahanané sing wadon. Mula nalika weruh lawang kamar dibukak, katon mbah ḍukun jumeḍul saka njero, durung-durung wis diserbu rembug. 'Pripun, mbah? Saé?' pitakoné.

'Kowé tak-kongkon seḍéla,' mbah Setra nginggati wangsulan, 'sowan bu biḍan Darsi.'

'Napa simbah kerépotan?'

'Ora. Nanging aku butuh bantuan saka piyayi sing luwih ḍuwur pendiḍikané.'

'Kula piyambak napa Saliya?'

'Beciké kowé mangkata ḍéwé.'

Mbah Setra agahan bali mlebu kamar. Sainem nangis ngrintih. Paidi poyang-payingan karo setengah mlayu nyusul bu biḍan Darsi, liwat pinggir désa, seḍéla wis bali bebarengan bu biḍan, terus njujug kamaré bojoné. Déné Paidi bali manèh lungguh ing papané sakawit karo bola-bali unjal napas lanḍung, nyawang manḍuwur nggolèki papané kang kena disuwuni kekuwatan. Batiné ndremimil muga kabèh mlaku kanṭi slamet kalis saka goḍa bebaya. Ḍèwèké, kang sajegé ora tau kéncokan rasa wedi kang semono geḍéné iku, wektu iku kaya kena ing pasiksané kang mahakuwasa. Ajaa duwé rasa rikuh marang piyayi loro sing isih ana njeron kamar ngurusi bojoné, ḍèwèké kepéngin nyeḍaki bojoné.

'Ah, aku kudu percaya marang piyayi loro kuwi. Ḍèwèké sing pancèn nduwèni kuwajiban nunggu wong sing kerépotan arep nglairaké. Balik aku, bisaku apa ing bab iki?' atiné diyemyem ḍéwé.

Déné Saliya ḍelog-ḍelog ana tengah latar lungguhan watu geḍé sing saben soré, manawa pinuju longgar, mesṭi kanggo lungguhan. Ananging lagi ing tengah wengi iki ḍèwèké ngeḍepes ana kono. Pikir bocah mau durung patia bisa kanggo nyambut gawé mèlu-mèlu ngrampungi urusané wong-wong sing wis diwasa. Ḍèwèké isih durung kuwagang mecaki laladan kadiwasan.

Anggoné ndedonga Paidi kanḍeg nalika ḍèwèké weruh mbah Setra

metu saka kamar, terus ditatab pitakon: 'Pripun, mbah?' Durung nganti olèh wangsulan, kaselak biḍan Darsi ngawé mbah ḍukun. Sing diundang agahan njranṭal mlebu kamar manèh.

Paidi atiné tambah mawud. Ujug-ujug saka njero kamar keprungu bayi nangis cengèr ngegèt, nanging mung seḍéla, sebab wengi sepi bali manèh nyaplok kahanan. Mbah ḍukun metu manèh, kesusu. Paidi nglanggati kesusu mapag.

'Kadospundi, mbah?'

'Wis lair,' wangsulané. 'Kembar lanang kabèh,' ḍèwèké nerusaké tanpa èsem.

Paidi nggragap nanggapi: 'Èstu napa, mbah?'

Ḍukuné manṭuk.

'Gusti, matur nuwun!' tanpa krasa Paidi ngaturaké panuwun marang pangwasaning Gusti.

'Bojomu ora apa-apa, nanging . . . ,' mbah Setra kanḍeg tembungé.

Paidi kagèt.

'Nanging napa, mbah?' ḍèwèké notol kepéngin mangertèni.

'Gusti kang paring lan uga kang kuwasa munḍut bali bayèk kembar.'

'Kalih-kalihipun?'

Mbah ḍukun manṭuk. Paidi panduluné sakala kumepyur. Ḍèwèké nḍoḍok kaya patrapé pesakitan njaluk urip. Ḍèwèké nangis ngguguk nutup rai, lali marang lajeré. Mbah ḍukun ngadeg nggejejer nggémbol rasa welas, nanging ora kuwawa tumandang. Déné ing watu tengah latar Saliya ndomblong, kelap-kelop ora ngerti apa sing kudu diayahi. Malah-malah ora ana manèh sing nggubel pamikiré saliyané weḍus loro sing sésuk bakal didol kakangé menyang pasar kanggo wragad panguburan, lan ḍèwèké wurung ngumbara menyang Jakarta sadurungé olèh ijol doldolan pari panènan mangsa ngarep.

Roeswardiyatmo

(in: Panyebar Semangat no. 5, February 1974).

84
BANḌUNGAN

banḍungan . . . .
èsemmu, ah èsemmu
ngujiwat, nyasapi sadawaning laku
nganti ati lan ati paḍa kelayu
ngluru apa kang bisa didulu lan diburu
— prawan ayu sumadya katuku
— larasati, adol lipuring kalbu.

banḍungan . . . .
sumiliring angin gunung, sumringah
awèh prasapa marang kang paḍa teka
para banḍa kalungan hawa
lan penyair sangu graita.

banḍungan, ah banḍungan
lumérabing tlaga ing rawa pening
iku keḍèp pepéling,
yèn urip iki
kaya roḍa gumuling.

M. Tajib Moerjanto
(in: Jaya Baya no. 9, October 1974).

85
SENI MACA TEMBANG WIWIT NGREMBAKA

Seni Maca(pat), ya-iku maca layang babad utawa kidung sing kasanggit arupa tembang, wektu iki wis arang banget tinemu. Luwih-luwih bareng sarana komunikasi massa élèktronis kayadéné raḍio, télévisi, tape lan kasèt wis ngembrah tekan papan-papan sing nylempit, adat 'maca' sing sekawit isih urip ing lingkungan padésan lan papan-papan liya sing adoh saka kraméan isih paḍa dileluri, saiki wis arang-arang tinemu. Untungé déné R.R.I. stuḍio-stuḍio ing lingkungan Nuswantara II isih paḍa nglestarèkaké naluri mau, sanadyan mung tipis banget para sutresnané, kanyata seni maca mau ateges ora ilang babarpisan. Kamangka jaman jaya-jayané seni maca iki, ora ngemungna wong-wong sing bisa lan seneng nembang baé sing paḍa karem, sanadyan wong-wong lumrah uga paḍa seneng ngrungokaké, awit sawisé éntuk sapérangan pamacané sok tumuli diadani acara liya wujud oncèk-oncèk isi lan surasaning bab mau. Ing kéné sok dadi singgetan nggancaraké mau pérangan sing awujud: pupuh. Dadi saben maca éntuk sapupuh, upamané pupuh kinanṭi, sarampungé maca tumuli diadani oncèk-oncèk ngenani pupuh sing rampung diwaca mau. Mula ambak mung maca, ora angger wong saguh lan wani, awit kajaba kudu mumpuni ing bab seni tembangé, tugas sampirané, nggréjah isining surasa sing sinanggit ing tembang kuwi dudu tugas sing baèn-baèn. Yèn wong mau ora ambek guru tangèh bisa ngleksanani tugasé. Ateges wong sing wani tampil dadi juru maca mau kudu wong sing pancèn mumpuni, wong sing wegig temenan lan ya ngerti wéḍa utawa kawruh sing jembar. Ora ngemungna kawruh umum, kepara tekan kawruh kasepuhan, awit umumé layang-layang babad lan kidung mau sapérangan isi kawruh kasepuhan. Saora-orané, pamacané layang-layang mau kudu dijumbuhaké karo apa perluné wong sing ngajangi mau. Ing papan lenggahan bayèn, kudu dipilihaké layang sing cocog tumrap semuwan mau, upamané dipilihaké layang sing isi kawiryawan, ing pamrih ngajap marang bayi sing mentas lahir mau, supaya ing tembé bisa dadi wiryawan, dadi tetalesing bangsa sing saguh 'berjuang' ngleksanani ubayané Ibu Pertiwi utawa Tumpah Darah. Saora-orané dadi wong pinunjul sing sinung: drajat — semat — kramat — kemat, sing bisa kaabdèkaké kanggo Nusa lan Bangsané.

Tumrap semuwan njagongi wong lara uga kudu dipilihaké layang sing laras, wujud donga-donga tolak sesarik, sing nalikané diwacakaké mau dadi punjering semadi, nunggalaké karep lan budining pengangen-angen, sing kabèh ngajap lan nyenyuwun marang Gusti Allah, supaya sing lagi kaparingan lara mau énggal bisa kaparingan waras. Goḍa rencana lan sakabèhing piala sing njalari pananḍang mau énggal kaparingan birat.

Lan tumrap jagongan sepasaran mantèn uga kudu dipilihaké layang sing cocog tumrap gegebengan sing nggayuh marang karahayoning urip bebrayan sesomahan, sing kabèh mau isi pamejang tumrap mantèn anyar sing lagi disepasari, supaya éntuk sawab lan berkahing Pangéran, awit saka bisa nuhoni welingé ki pujangga lelantaran layang buwah karyané sing diwacakaké mau. Mengkono sapituruté, seni maca mau tansah dilaras karo apa kabutuhané.

Tumrap kuṭa Ngayogyakarta, bab seni tembangé kuwi ḍéwé sajak wis ora mujudaké rembug sing pokok manèh, awit saben taun pisan marengi pahargyan 17 Agustus, ing kuṭa mau tansah diadani 'Lomba Tembang Macapat' kanggo kajuwaran sakukuban Ḍaérah Istiméwa Ngayogyakarta. Sing kanggo ajang padatan Mayangtirta, balé-kambang sing tinemu ing tengah-tengahing Kebon-Raja Gembiraloka.

Déné sing padatan dadi rebutan mau tanḍa mata saka Sri Sultan, Sri Paku-Alam, saka Komanḍan Korèm 072, Ḍantarès 096 lan ana manèh liyané sawetara. Kejaba iku para pemenang mau isih éntuk bebana liyané sing pangaji lan uga layang kekancingan. Émané déné ing bab iki sing maju ing lelomban iki wongé mung ajeg waé, gèk mangka sing maju ing tataran iki umumé para waranggana lan wiraswara sing pancèn 'beroeps'. Mbok-manawa ya awit saka kalangan 'beroeps' sing paḍa maju mau, mula saka kalangan umum sing nggegebeng amatirisme paḍa ora wani ngetoni. Ing bab iki mesṭiné pihak panitiya kudu wewéka, yèn cara iki ora diowahi, wis mesṭi lèrègé lelomban iki ora bakal ngalami kamajuan sing salaras karo gegayuhan-gegayuhan sing luhur nedya ngipuk-ipuk lan mardawa seni tembang mau. Gèk bebrayan ḍéwé suwé-suwé uga bakal bosen, awit saben-saben ana lomba tembang sing menang wongé kok mung ajeg kuwi-kuwi waé. Perlu uga katur minangka cecala, bilih lomba tembang gagrag macapat sing diadani ing Gembiraloka mau, ora awujud vokal nanging nganggo diiringi gangsa, dadi carané njurèni uga mbutuhaké bab-bab pirang-pirang werna.

Béda seni maca sing diadani déning P dan K sing mapan ing Wiyatapraja Kepatihan Ngayogyakarta. Ing kéné sing ditengenaké mung babagan seni vokalé ṭok, dadi carané ngayah-ayahi mau ora diiringi gamelan.

P dan K milih layang sing bakal diwaca. Lan sing wis tau kawaca entèk layang Babad Giyanti. Wektu iki sing lagi paḍa diwaca layang Nayaka Lelana, buwah karyané swargi bapak Mr. Soesanto Tirtoprodjo. Déné sing maca digilir ing antarané para rawuh. Yèn sekawit sing paḍa rawuh mau mung kalangan kasepuhan, kanyata saiki ana S.M.P. ing kuṭa Ngayogyakarta sing wis kelakon ngirim siswané, bocah umur udakara 14 taun. Pamaca sing sepuh-sepuh ing antarané kecaṭet asmané bapak Zarkasi, jutawan kaloka ing Ngayogyakarta, bésané Sri Paku-Alam, sing yuswané wis ndungkap 70 taun. Saliyané kuwi diisi déning para sutresna saka kalangan werna-werna. Mung saka kalangan pèrs Jawa, Mekar Sari lan Djaka Loḍang, durung tau éntuk siliran, awit ana-ana waé reribed sing njalari para karyawan pèrs Jawa mau durung duwé kaloḍangan ngèstrèni semuwan sing wis lumaku mèh 6 wulan lawasé mau.

Sadurungé kuwi pangripta ḍéwé wis tau éntuk jawilan saka salah sawenèhing kanca. Nalika semana P dan K durung nduwèni ada-ada kaya mangkono. Marga éntuk dudutan saka kanca mau, sadulur J. Soemantri, guru S.M.A. 'College De Brito', pangripta terus nyoba nulis artikel ngenani bab seni maca mau ing Djaka Loḍang. Ora gantalan wektu éntuk tanggapan sing positip saka pihak P dan K, lan ing bab iki sing ada-ada sajaké Drs. Mudjanattistomo saka Sèksi Basa P dan K. Kanyata ing layang-layang ulem sing saben-saben tiba ing méjané Djaka Loḍang meṣṭi panjenengané sing napak-astani. Kaceṭa uga sawisé sumebar warata ing masarakat awit saka bantuan pekabaran ing mass-média, saiki seni maca mau dadi sangsaya jembar tebané. Ora ngemungna ing kalangan kasepuhan, nyatané tekan S.M.P. barang wis ana sing kelakon wani ngetoni.

Kalangan kasepuhan ing kampung-kampung saiki wiwit paḍa gliyak-gliyak ngadani latihan-latihan. Mung ya kuwi bocah-bocah nom isih durung minat, dadi racaké sing paḍa ngayah-ayahi mau ya mung kalangan kasepuhan. Mula enggoné ngadani latihan-latihan mau ya mung ing dina-dina sing laras kanggo kasepuhan. Lan enggoné paḍa njenengaké semuwané mau ya werna-werna. Ana wungon Anggara-Kasihan, ana lèk-lèkan Jum'at-Kliwonan, ana Soma-Manisan, ana Setu-Paingan lsp. Lan mengko tekan titi-wanciné, yèn ana mulungé pihak P dan K bakal ngadani kongkrus, meṣṭiné bakal luwih semuwa lan jembar tebané katimbang karo 'Lomba Nyekar Macapat' sing saben taun diadani ing Kebon-Raja Gembiraloka. Lan ing babagan Seni Maca iki kongkrus mau bisa diadani sacara individuil lan uga sacara klompok. Mung ya kuwi, rèhné kejaba seni macané kuwi, kaya katur ing nḍuwur, semuwan mau

gayengé ya awit dibarengi sraséhan lan oncèk-oncèk isiné wacan mau, dadi yèn mung didu ing babagan macané (nyekaré) mesṭiné ya kurang gayeng. Pancèn ngesé, luwih-luwih tumrap kalangan kasepuhan mau ya mung enggoné paḍa bawa rasa ngenani surasaning tulis mau. Ing kéné para rawuh ing semuwan maca mau paḍa ngadu kawruh tukar sesurupan, banyolan sinambi ḍahar ngunjuk ing sakadaré sacara relèks. Mula yèn dituruti mbok sawengi natas paḍa betah.

Sing perlu dadi kawigatèn déning pihak sing kawogan, ing bab iki P dan K, mung bab buku wacan. Kanyata buku-buku babad utawa kidung saiki wis nipis banget lan wis angèl golèk-golèkané. Upama ana ḍuwité sing kanggo tuku, nanging barangé sing arep dituku sing ora ana. Mula kanggo nanggapi grengseng sing wiwit mekar ngrembaka mau, mbok-manawa ana beciké, sawisé ngadani panjajagan utawa research sawetara, pihak P dan K tumuli cancut taliwanda nyiṭak buku-buku utawa layang-layang sing pantes dadi wacan, sanadyan mung wujud stènsilan. Sukur bagé déné pihak sing kawogan mau wis naliti layang apa sing sakira pantes dadi wacan mau, sing mesṭi waé uga kudu dipilihaké layang-layang sing nduwèni bobot lan nduwèni sipat nggrengsengaké, magepokan karo grengsengé pembangunan mèntal-spirituil wektu iki.

Darmoatmodjo
(in: Jaya Baya no. 12, November 1974).

86

MERDÈNI PASEMON

(kinanṭi)

Wonten saloka winuwus, wuwusing basa basuki,
winawas tan kawistara, werit arumit sayekti,
lelungidan srat Kidungan, linaras lanḍeping budi.

Mangkana ingkang tinutur, linukis ukara muni,
tapaking kuntul ngalayang, panggonané susuh angin,
iku kinèn nguladana, paran artiné kang tulis.

Déné ta tapaking kuntul, pangripta nyoba merdèni,
Manungsa ingkang utama, bèr-budi suka sumbangsih,
asih samaning tumitah, angegungken pangaksami.

Iku ta sanépanipun, makna werdining kang tulis,
Manungsa atinggal asma, kelamun praptaning janji,
tapak tilasé winaca, ala lan becik kaèksi.

Mangka ta ingkang cinatur, si gajah kelamun mati,
atetinggal gaḍingira, déné si macan yèn lalis,
walulang ingkang tininggal, sato mati awewaris.

Manungsa kang luwih unggul, pinunjul sèsining bumi,
apa ta warisanira, saliyané duniyawi,
tulis datan kasatmata, asmané ngambar awangi.

Susuh angin kang sinebut, maknané saloka nenggih,
mungguh jatining sujanma, wikan dunungé pribadi,
angin artiné Ngagesang, ngerti purwaning dumadi.

Ora gampang arsa weruh, weruh dununging ngaurip,
uripé sing mokal-mokal, kapilut gebyaring picis,
budi angkara sinuba, atinggal pakarti suci.

Tekèng kalamangsanipun, wewales gung anekani,
tan kinira twin rinasa, sangsarané tan winilis,
mengkono tuturing werdah, jantraning jagad pinasṭi.

Mas Gandes

(in: Jaka Loḍang no. 185, February 1975).

87
NINI ṬOWOK

Dinané iki wis arang-arang ana. Anané ming nèng paraban baé, adaté tumrap prawan-prawan sing réwok-réwok, ora gelem dandan nècis, njur sok diparabi kaya 'Nini Ṭowok'. Mangka sing sabeneré Nini Ṭowok iku jenengé dolanan, tur dolanan sing ora baèn-baèn, nganggo 'roh' barang, tunggalé Jaélangkung nèk jaman saiki.

Manut caṭetan-caṭetan kang ana, Nini Ṭowok kelebu dolanan sing tuwa ḍéwé sing katut diḍokumènt ing buku. Gubernur Jéndral Raffles nulis bab Nini Ṭowok ing bukuné History of Java (London, 1817). Ing kono disebutaké manawa dolanan iki kelebu dolanané putra-putra ratu utawa pangéran. Ḍèk semana nalika populèr-populèré pancèn putra putriné Paku Buwana VI banjur nggubah tembang dolanan kanggo Nini Ṭowok. Layak baé dolanan iki banjur semrambah tekan ngendi-endi, nganti nyang njabané kraton barang.

Nini Ṭowok, mauné dolanan khusus kanggo prawan-prawan (putri-putri kraton), nanging bareng wis tekan njaba kraton lan dadi tontonan rakyat si Nini Ṭowok wis dudu monopoliné kaum Hawa manèh.

Nini Ṭowok adaté dianakaké ing wayah paḍang bulan, antarané tanggal 10 nganti 15, bubar ngisa, dadi kira-kira jam sanga sepuluh bengi. Sok ngonoa persiapan dianakaké wiwit soré. Ngarepaké magrib prawan-prawan sing arep nganakaké dolanan iki wis paḍa nglumpuk, nggawa barang-barang colongan awujud piranti kanggo gawé si Nini: siwur (jébor), kukusan, ganḍik, ublik, lsp. Sing mimpin upacara adaté wong wadon sing wis umur, wis pantes diundang 'embah'.

Ḍisik ḍéwé piranti-piranti sing wis ana mau diwangun kaya wong-wongan. Baṭok siwuré diweḍaki, digincu lan diwènèhi alis barang. Yèn uwis, si Nini sing durung dadi mau diarak nyang papan sing dianggep angker, sok sumur mati, sok ngisor wit ringin sing geḍé, malah sok nèng punḍèn barang. Wong-wong tuwa mbakar menyan, banjur sing kapatah dadi pemimpin upacara maca rapal. Ḍèk jamané Sri Kanjeng Ratu Pambayun rakitané rapal mau muni: 'Kepareng ingsun lelangen Nini Ṭowok', banjur disambung mantra-mantra liya: 'Widadari, widadari, Nini Ṭowok uḍunna nyang bumi, lan lebokna ing golèkan iki . . .', lsp.

Sajroné pemimpin upacara ndonga, Nini Ṭowok isih tetep nglumpruk

ing tampah. Bola-bali prawan-prawan sing ana kono ngandeli pupuré, ngandeli gincuné, ngencengaké setagèné Nini Ṭowok, nganti ayu banget. Yèn dongané wis rampung, Nini sing isih ngantuk ditinggal ing kono.

Meṣṭi baé soré kuwi publikasi bab arep anané dolanan Nini Ṭowok wis sumebar sak-désa, isih dawa gurung tinimbang lurung, lan benginé panggonan Nini Ṭowok kebak penonton.

Nini Ṭowok tetep ana nḍuwur tampah, nggénḍong anak-anakan sing digawé saka ganḍik, mapag tekané rembulan. Ora watara suwé prawan-prawan sing mèlu dolanan Nini Ṭowok, saka ngomah wis paḍa nembang 'paḍa mbuwang bocah bajang', tembang kuna khusus kanggo dolanan kasebut. Nini Ṭowok isih tetep turu angler ing ḍuwur tampah. Sok ngonoa dongané pemimpin upacara sing nyebutaké njaluk tulung nyang widadari, lan ḍemit ḍanyang sing njaga kéblat papat, ḍanyang tuwa-tuwaning punḍèn désa, sing dijaluki tulung nekakaké 'widadari saketi kurang siji', sajaké mandi. Nalika wong-wong wis pepak lan wiwit njunjung tampah, rasané wis anteb, ana isiné.

Nini Ṭowok sabanjuré diarak nyang pelataran sing nembé disapu resik, diarak lan ditembangaké: 'Bagéa, bagéa, mbok lara lagi teka; bagéa, bagéa, mbok lara lagi teka'. Ing iring-iringan kono ana sing kapatah ngreksa anglo isi kemenyan, ana sing kapatah nggawa bokor isi kembang setaman (mawar melaṭi kanṭil lan kembang jambé), ana sing kapatah ngreksa ublik. Sawusé dipapanaké ing nḍuwur klasa sing digelar ing tengah latar, ana prawan papat sing kapatah nyekeli pucuké setagèné Nini Ṭowok papat cacahé.

Acara pokok kawiwitan. Prawan-prawan sing ana kono wiwit nembang:

Lir-ilir gumanti,
sabuk cinḍé lir gumanti,
gilang-gilang layoné,
layoné si Putra Agung,
diugung déning Déwa,
alah Déwa déning Sukma,
widadari tumuruna,
gumrubyug bareng sasanga,
suraka surak horéééé!

Tembang kasebut sipaté ngalembana banjur nyenyuwun supaya ana widadari sanga sing gelem tumurun ing bumi, mèlu ngramèkaké dolanan kuwi. Wektu kuwi pancèn dipilihaké tembang-tembang sing gembira,

sabanjuré tembang sing karepé ngundang angin:

Lir-ilir, lir-ilir,
tanduré wis sumilir,
tak-ijo royo-royo,
tak-sengguh pengantèn anyar.
Bocah angon, bocah angon,
pènèkna blimbing kuwi,
lunyu-lunyu pènèken,
kanggo masuh dodotira.
Dodotira, dodotira,
kumitir beḍah ing pinggir,
dondomana, jlumatana,
kanggo séba mengko soré.
Mumpung geḍé rembulané,
mumpung jembar kalangané,
suraka surak horéééé!

Bubar kuwi tembangé nyanḍak 'Ilir-ilir guling', sing karepé ngundang tekané widadari sanga. Prawan-prawan ing kono njur wiwit nggoḍa: 'Ngiloa, ngiloa, mbok pengantèn!' Liyané nerusaké: 'Wis ayu lho, mbok pengantèn!' Rasané tansaya abot, sajak wis mèh dadi. Banjur muni: 'Alon, alon, wong ayu, aja kesanḍung! Yèn kesanḍung wong ayu suda warnané. Wolak-walik grémbyang!' Tembang iki diterusaké sing karepé nyiyapaké tekané si widadari:

Kembang menur, widadari agèk pupur,
kembang kenanga, widadari agèk teka,
kembang melaṭi, widadari agèk sesuri,
kembang bawang, widadari agèk dandan,
kembang ceṭèṭèt, widadari paḍa njogèd.

Tembang iki laras lan ditembangaké bebarengan, sing nggambaraké widadari sing lagèk dandan. Sabanjuré prawan-prawan sing ana kono wiwit ngadeg, ganḍèngan tangan gawé kalangan, kaya lagi jamuran, sambi nembang:

Cèplak epring, mas!
Jemplang-jempling, mas!
Mas, njogèda!
Mas, ngigela!

Tembang-tembang tansaya lincah, lan kabèh mèlu ngubyungi. Mbok lara wiwit ngadeg, disangga setagèn sing digonḍèli prawan papat. Tangané Nini Ṭowok ngrangkul anak-anakan saka ganḍik sing ngamplok ing génḍongan. Banjur ana prawan sing jail wiwit nggoḍa, ngrebut anak-anakan sing ana génḍongané Nini Ṭowok karo muni: 'Mbok lara, anakmu tak-jupuk.' Ning seḍéla manèh ana sing mbalèkaké karo kanḍa: 'Gilo, anakmu tak-balèkaké. Gilo, anakmu nangis.'

Sawusé iku tembang Léla-léḍung versi kuna wiwit dikumanḍangaké, disambung tembang Linta-lintu, sing dinané iki bisa uga sing bisa mung kari siji loro:

Linta-lintu,
linta-lintu,
ora rambut ora untu,
ora maḍang ora turu,
ngentèni selaning garu,
digarua dilukua,
menṭèlèsa kaya watu,
janur kuning dudu kancing,
januré nabi Soléman.

Tembang iki awujud tembang tolak sawan, supaya jabang bayi kalis ing sambékala. Banjur prawan-prawan wiwit nggoḍa manèh: 'Mbok pengantèn kok ala, rupamu kaya siwur,' disambung tembang poyokan:

Nini Ṭowok, Nini Ṭowok,
gayur-gayur ginotong,
iderana nyang kebonan,
ramèkna bocah dolanan.

Ana bocah sing mbengok: 'Nini Ṭowok, aku oyaken!' Mbok pengantèn, sing lagi dadi nesu, njur ngoyak prawan sing jail mau. Ning bareng sing nggoḍa akèh lan kabèh mau njaluk dioyak, si Nini dadi bingung.

Banjur ana bocah takon: 'Nini Ṭowok, aku lara. Njaluk tamba. Goḍong sing tak-peṭik sing endi?' Nini Ṭowok njur milih goḍong sing diperlokaké kanggo tamba. Nèk goḍong sing dicekel sing takon mau bener lan cocog kanggo tamba, Nini manṭuk. Ana sing takon ḍuwité sing ilang, ing ngendi peneré ḍuwit mau disingidaké. Adaté si Nini ya awèh weruh. Ana sing takon sapa suk sing dadi bakal bojoné, Nini Ṭowok ya nuduhi arah utawa pener panggonan dumunungé si calon joḍo. Akèh ranḍa-

ranḍa sing sok mèlu neges bab dina mburiné, ning adaté ḍeḍemitan, ora gelem blak-blakan ing ngarepé ngakèh, njur gawé Nini Ṭowok ijèn-ijènan. Kanggo iki ḍèwèké kudu pasa tirakat telung dina.

Dolanan iki rampung jam siji tengah wengi. Piranti-pirantiné dibalèk-aké ing papan nalika ngundang roh mau, ing sumur mati utawa ing ngisor uwit sing geḍé. Manut kapercayan, mengkoné widadari-widadari sanga bakal mapag arwahé si Nini Ṭowok. Piranti-piranti iki bisa di-anggo dolanan manèh dina-dina sabanjuré, maksimal nganti ping pitu. Luwih saka kuwi kudu diruwat, nganggo slametan. Nalika arep dimain-aké urutané, Nini Ṭowok diaḍepaké nyang rembulan sing wiwit nḍaḍari, prawan papat nyekeli setagèné, ora let suwé Nini Ṭowok wis tangi obah-obah kaya wong urip kaé. Adaté piranti-piranti sing bubar dianggo dolanan Nini Ṭowok dicolong nguwong, sebab ana kapercayan yèn piranti-piranti mau nggawa berkah.

Totilawati
(in: Jaya Baya no. 27, March 1974).

KATRIWAL

wis kaḍung kadlarung
nyasak nyusup angkering urip lan panguripan
surem, nggameng
kinemulan kandeling peḍut beḍiḍing.
tansaya nglangut
playuning jangkah-jangkah kélangan angkah
anḍeng-anḍeng ṭunṭeng, mrajak ngrenggani ayu pulasan.
kabèh alok geṭing, — parandéné malah kasanḍing
kabèh paḍa nampik, — éwadéné sangsaya adreng anggoné nglirik
hem, samono gelar èsem-èsem ing satengahing marga.
lan nalika klorob ing jurang palimengan
nglumpruk koncatan daya,
nggremet, keket rinuket
kumlawé, awé-awé
luru pangentasan.
cuwa
muspra.
mripat luwé jlalatan, bali nglentrih
perih
ati ngorong ngrutug panglocita:
— kanggo apa, aku lan kowé kudu lair???
— jer mung paḍa buḍal, kanggo katriwal.
ah, nanging....
ing pantog pepesing jangka
ing ḍasar jurang palimengan iki
isih tinemu
sumilir angeting katresnan jati
kumriwik etuking karahayon langgeng
ceṭa, kumlawé astaNE
— ngentas kang lagi papa
— ngluwari pananḍang
— mbirat jejember
— mbirat jejember.
lan kang ditemu mau
aku lan sliramu
aku lan sliramu kang wis kadunungan ati pasrah.

M. Tajib Moerjanto
(in: Jaya Baya no. 5, September 1974).

89
NDANDANI URIP

Iswar Bawana metu saka kantor Fakultas, bagéyan pangajaran. Sirahé tumungkul, praupané katon kucem lan awak sakojur lungkrah. Tangané sing tengen ngrogoh sak clana, ngunus kacu, lan agahan ngulapi kringet kang dlèwèran ing baṭuk, pipi lan gulu. Sikilé jumangkah loyo, muḍun ing trap unḍak-unḍakan, ninggalaké bagéyan geḍung tingkat telu, Fakultas Ékonomi Bulaksumur.

'War! Iswar! Manḍeg ḍéla, bung!' ana suwara alok.

Priya muḍa kuwi nolèh, karo manḍeg saka lumaku. Gurawalan mbuwang èsem rikala meruhi kang alok-alok kuwi Éndra Basuki.

'Priyé kabarmu, kok ora tau kétok?' Basuki takon.

'Répot terus-terusan, Bas! Lagi saiki bisa tilik Fakultas.'

'Kekurung awak ing kamar terus ya? Apa manèh yèn ora ngarang, hayo? Crita-critamu kerep dak-prangguli anyar iki, ing koran-koran lan majalah Jakarta. Kok mbludag sajaké. Ning saba sekolahan kok prasasat ora tau. Wis niliki pratélan asiling ujian semèster pisan? Wah, wis kasèp sepuluh dina kowé. Kuliah semèster loro wis diwiwiti seminggu kepungkur. Priyé ta kowé iki, kok kesèd?'

'Lha, aku iki mau rak mentas saka bagéyan pangajaran, sowan pak Sutatwa Hadiwigena. Durung lulus, jé, kojur aku. Jatuh telung wulangan, lagi lumebu sèket persèn. Bola-bali gagal baé aku, bung!'

Kekaroné lumaku muḍun, nurut trap unḍak-unḍakan, tumuju bangunan tingkat loro, muḍun terus menyang tingkat siji, alon-alon, kambi terus omong-omongan. Priya loro kuwi mitra raket wiwit tingkat siji biyèn, Iswar lan Basuki. Wis paḍa-paḍa pitung taun ing Fakultas Ékonomi. Paḍa-paḍa kerep nunggak, ora munggah tingkat. Iswar milih jurusan ékonomi perusahaan, Basuki jurusan mligi: akuntansi. Iswar kebangkol ing tingkat papat ḍoktoral siji, Basuki tingkat lima, ḍoktoral loro. Ing Ékonomi Gajah Mada ora munggah tingkat kuwi wis lumrah.

'Aja putung ati, War. Isih tetep péngin terus kuliah ta?'

'Krentegku pancèn ngono. Nanging, aku wis wanciné kudu nyambut gawé, Bas. Bapak-ibuku wis sepuh, lan umurku wis selawé luwih, malah wis mèh ganep nem-likur. Wong tuwa bola-bali mung takon, kapan aku lulus, banjur kapan bisa cekel gawé, duwé bayar.'

'Arep metu? Éman-éman. Wong wis tingkat papat ngono kok, lho. Ibaraté wong lumaku, rak wis kari ngentèni tumekané finish.'
'Kowé bisa muni ngono, Bas, awit kowé wis ḍoktoral loro. Jurusanmu pénak, wong akuntansi kapan waé lulus sakala bakal dadi rebutan kantor endi waé. Wong tenaga-tenaga akuntan ing Indonésia isih banget langkané. Apa manèh kowé wis dikontrak Pertamina. Lha yèn aku . . .'
'Apa arep ramé-ramé mlebu Butsi?'
'Aku wis lawas diojok-ojoki bocah-bocah. Diprayogakaké jebol kuliah baé, mlebu Butsi nganggo ijasah sarjana muḍa waé. Kancaku sak-tingkat ana pitu sing ketampa Butsi taun wingi, nganggo B.Sc.-né. Aku isih durung duwé keputusan, Bas. Blaka suta baé, isih bingung.'
'Apik baé ta, mlebu Butsi. Éntuk bayar, éntuk pengalaman. Ora sabensaben kudu sinau, ngaḍepi ḍosèn-ḍosèn sing angker lan gawé sebel. Aku ḍéwé ya ngakoni, sekolah ki yèn kesuwèn-kesuwèn ya bosen. Sak-umur-umuranmu, sak-aku ngéné iki, wis wanciné golèk ḍuwit ḍéwé.'

Kekaroné wis tekan ngisor. Jumangkah ngalor, ngliwati lobby jembar, terus muḍun trap sepuluh unḍakan, mlebu palataran sisih lor, mecaki dalan aspalan kang dibangun bunder, ngubengi cagak gendéra ing satengah-tengahing palataran amba kuwi. Seḍéla baé wis tekan papan panitipan sepéḍa. Rikala kuwi kiwa tengen sepi.
'Terus bali, Bas?'
'Ngalor, yuuukk! Menyang Barèk.'
'Wuuutt! Ngapa mrana barang?'
'Lho, nglali apa pancèn lali kowé? Barèk ki rak konḍang saotoné sing énak ta, tumrap mahasiswa-mahasiswa jèmbèl kaya awaké ḍéwé iki? Ayooo, dak-traktir sawaregmu. Bali ésuk-ésuk ya arep ngapa ing ngomah. Saiki, jam sewelas baé isih kurang suwé. Ayo ta. Aku kebener ana ḍuwit. Wingi nampa honorarium, saka Pembimbing Survey.'
'O, ya. Kowé mèlu kok ya, rikala ana survey menyang Blabag lan Magelang? Lumayan, meṣṭi geḍé ki kricik-kriciké. Pirang èwu?'
'Lagi diwènèhi lima. Sing separo minggu ngarep.'

Désa Barèk dumunung ing sak-eloré Bulaksumur persis. Warung kang konḍang saotoné kuwi mung kira-kira rong atus mèter saka geḍong pusat Universitas Gajah Mada. Rikala Iswar lan Éndra Basuki mlebu warung kebener sepi. Leloroné lungguh ing pojok lor wétan. Éndra, sing dadi cukong, gurawalan aba-aba: 'Ès campur loro, saoto papat'. Karo ngentèni pesenan omong-omong lumaku terus wong sakloron.
'Ana kabar wigati sing arep dak-kanḍakaké kowé, War. Mula kowé dakglanḍang mréné golèk enggon sepi, karo ngisi weteng.'
'Wwéllaah, kok ngeḍeg-eḍegi ati ta! Kabar apa kuwi?'

'Cekaké wigati banget, kanggomu.'
'Aja saya gawé ḍeg-ḍegan ta. Mara, kanḍakna baé, bung.'
'Crita bab Arum. Dak-tanggung kowé mesṭi durung krungu.'
'Arum? Ya Allah! Arum Pujiwati?'
Éndra manṭuk, alon. Pesenan teka, diladèkaké déning cah wadon ayu umur-umuran limalas taun. Iswar sajak ora maèlu menyang saoto kebul-kebul panas kuwi, nadyan sejatiné destun karemané ḍéwé. Éndra wis nḍisiki nyruput ès lan tanpa taha-taha nyikat saotoné.
'Ayo, War. Iki dibèrèsaké ḍisik. Lagi mengko ganti crita bab Arum. Ayo, cepet! Selak saotoné aḍem, mengko munḍak ora seger manèh. Wong jaré karem saoto, kok ngaḍep mangkok kebul-kebul njenger baé. Aja sumelang, mengko mesṭi dak-critani komplit ta, wis.'

Éndra ora goroh. Iswar pancèn nampa crita bab Arum kaya kang dijanjèkaké mau. Mèh sak-jam Éndra kojah, sak-wisé kekaroné mangan saoto kuwi, disambung ing sedalan-dalan, rikala priya loro kuwi nyepéḍa mulih urut dalan Sekip, Terban, Cik di Tiro, ménggok ngétan ing Jènderal Sudirman, ngarep bioskup Rahayu ngidul, lumebu Ḍokter Wahidin, sambung Ḍokter Sutomo, Iswar mung meneng, dadi tukang ngrungokaké ṭok. Éndra sing ngecipris ora ana peḍoté.

Tekan kampung Ranadigdayan Éndra alok, karo ngerèm sepéḍa:
'Aku wis tekan ngomah ki, bung. Ayo mampir!'
'Kesuwun banget. Aku terus baé. Wis mèh jam siji, jé.'
Éndra mak gluwer ménggok nengen, saka dalan Ḍokter Sutomo ngulon mlebu lorong kampung Ranadigdayan. Iswar nggeblas ngidul terus, nuju ponḍokané, ing Margayasan, sakidulé pasar Sentul.

Mentas nyènḍèkaké sepéḍa ing témbok ngiringan kamar Iswar gita-gita mlebu kamar. Ambyuk ing ḍipan, ngaṭang-ngaṭang, mripaté keṭap-keṭip. Pikirané sumyur, mripaté peteng. Sakala gorèhing atiné marakaké donya krasa peteng. Iswar ora bisa kumecap babar pisan.

Mèh sak-jam lawasé Iswar ngaṭang-aṭang ing ambèn kamaré. Ing jaba panasé srengéngé ketiga saya sumelèt. Hawa njeron omah krasa sumuk. Grégah Iswar menyat saka paturon, nyopot klambi, sepatu lan clanané. Jenḍéla diwengakaké seṭiṭik. Rikala mripaté kanḍeg ing méja pasinaon atiné nratab dadakan. Ana layang gumléṭak.

'Kilat? Wah, gèk saka sapa ya?' ujaré trataban.
Tangané kumlawé, gurawalan nyanḍak nawala ing méja. Agahan digolèki lan diwaca sapa sing ngirim. Layang diwalik diéja: Wangsa Wijaya, ḍukuh Sélareja, kecamatan Gembong, kabupatèn Paṭi.
Blaiiik, saka ngomah! Ana apa iki, kok kilat-kilatan barang?

Tangané kiwa nyamber gunting, ing pojok méja. Grreess gres grrees,

amplop sisih tengen dipotong pinggiré. Drijiné ngunus metu kertas folio garis lempitan. Dijèrèng agé-agé kanṭi driji gemeter. Mripaté menṭeleng, maca isiné satembung mbaka satembung. Suwé pamacané, awit ana telung lembar folio, wolak-walik.

Bubar maca kabar saka bapaké Iswar ḍeleg-ḍeleg lungguh ing ambèn, suménḍé ing témbok. Tangané bola-bali ngulapi kringet ing rai. Gorèh-ing ati sakawit durung paja-paja ilang, ndilalah katambahan prekara anyar kang gawé sangsaya sumyuring pikir, ati lan batin.

Ya tallah, wala-wala kuwata! Gusti Allah ora saré. Kabèh iki tumanduk ing awakku, mesṭi mawa karep lan surasa. Mosok kok siya-siya ṭok? Gusti, kula boten keḍer, boten gigrig utawi nglokro. Sedaya punika ujian. Mugi-mugi kula kalulusna saking pacobèn awrat punika. Kula sumedya anglampahi, kanṭi prihatos. Mugi-mugi Gusti paring pepaḍang, amrih karuwetan punika sigra wuḍar. Amin!

Nganti soré Iswar mung ngebleng kekancing kamar, ora metu-metu. Benginé nganti jam siji kliwat tengah wengi mripaté durung gelem diajak merem. Bareng karo cumengklingé adan subuh Iswar lagi keturon leess, kepati tekan jam wolu ésuk. Tanginé genah yèn kerinan tenan.

Bubar adus lan sarapan Iswar lelungguhan ing ngarep omah, sengadi ngentèni tekané tukang pos. Ananging, dina iku pak pos durung teka nggawa poswèsel sing diantu-antu. Lagi rong dinané manèh kiriman saka bapaké teka tenan. Kaya kang kasebutaké ing layang kilat sadurungé, ḍuwit sing ditampa Iswar gunggung kepleng: satus sèket èwu rupiyah. Ditaker karo jatah wulanan, sing saben poswèsel mung sepuluh èwu, ḍuwit semono kuwi kelebu akèh. Apa manèh yèn diétung saka ukuran désané: saukur karo sapi telu geḍé-geḍé. Pancèn kiriman kuwi, asiling pepayon adol sapi telu, donya rajakaya darbèké pak Wangsa Wijaya kang pungkasan. Ora ana liyané!

Nanging yèn dianggo pawitan urip, apa bisa kubeng lan kobèt?
'Bingung olèhku nanjakaké!' grundelané Iswar ijèn.

Iswar ora arep protès utawa nggugat déné bapakné tanpa runḍingan luwih ḍisik, dumadakan baé, nyetop kiriman wulanan. Alesané maton banget: wong tuwa wis ngunduri uzur, wis jempo, wis ora kuwawa ngragadi anak wuragilé manèh. Trima mopo, Iswar disekarep: arep nyambut gawé lan metu sekolah, kena! Arep terus sekolah, kena, angger golèk wragad ḍéwé! Arep kawin, kena! Arep nganggur dadi panji klanṭung, terserah! Cekak cukupé: wong tuwa wis cucul tanggung jawab, awit wis ora kuwawa manèh. Ḍuwit kiriman kuwi anggonen pawitan urip. Mangsa borong kepriyé olèhmu nangkaraké, kuwi tanggung-jawabmu ḍéwé. Déné banḍa warisan kang dadi bagéyanmu lagi kena kok-tampa samang-

sa wong tuwamu sakloron wis tilar donya. Awit tegal lan sawah bagéyanmu isih dialap pametuné déning wong tuwa, kanggo cagak urip sadinadina. Omah kang dadi hakmu isih dienggoni bapa-ibu kang sajroning ngentèkaké umur tuwa isih butuh papan pangéyuban. Mula kowé kudu nyebar goḍong kara, sabar sauntara. Duwéa pangertèn, War.

Kuwi surasaning layang saka bapakné. Iswar ngerti, kuwi dudu tulisané bapaké ḍéwé, awit pak Wangsa wuta-sastra, semono uga mbok Wangsa. Saben-saben kirim layang, sing tumandang meṣṭi kamasé sing mbarep, Madisan Murijan, makili wong tuwané. Lan, Iswar pracaya, pratikel nyetop poswèsel wulanan kuwi meṣṭi éguh lan karepé kamasé, dudu mligi bapa-biyungé. Kamasé pancèn wis lawas serik, awit sekolahé Iswar macet-macet baé, bosen ngentèni lulusé saka Gajah Mada. Saupama pangrénah ngono kuwi saka krentegé bapak-ibuné ḍéwé, meṣṭi Iswar ditimbali mulih, diajak runḍingan. Mangka ing bab iki ora, kabèh sarwa dadakan. Ora taha-taha, ora aba-aba luwih ḍisik. Nanging priyé manèh? Wis sarwa kebacut, putusan wis tumiba, mokal bisané diowahi. Iswar wis trima, wis nglenggana ḍéwé.

Karepé Iswar mono sowan pak Indri sekaliyan. Tiwas dipruput, jam wolu wis tekan Mangkuyudan, ananging dalem geḍé magrong-magrong kuwi kosong. Sing nemoni ḍèwèké mung mbok Ima, babu tuwa sing grapyak-semanak lan sugih èsem guyu. Iswar mung seḍéla bisa omong-omong karo mbok Ima sing kagèt nampa tekané. Iswar nḍeḍes wong wadon tuwa kuwi bab Arum Pujiwati, ananging éman banget, mbok Ima pancèn ora ngerti apa-apa. Sajaké ceṭa prekara Arum sengaja digawé wadi, disiḍem primpen. Lan Iswar ora maido.

Priya muḍa kuwi agahan numpak bécak, menyang setanplat Sasana Suka. Munggah bis jurusan Samas, pesisir Segara Kidul ing Bantul. Jam satengah sanga luwih sepuluh menit bis mangkat lan Iswar muḍun ing Palbapang kidul Bantul jam sanga rong puluh. Jangkahé mantep tlusuban gang. Ketara banget yèn wis apal lan kulina kaé. Lakuné terus baé ménggak-ménggok, ngliwati omah siji lan sijiné. Lagi manḍeg rikala tekan ing sawijining omah joglo kang duwé plataran lan kebon jembar. Omahé geḍé, kotangan: separo témbok, separo papan. Swasana sepi banget, rada pisah adoh karo tangga-tangga.

'Kula nuwun!' Ṭok, ṭok, ṭok. 'Kula nuwun!'

Iswar ngadeg ngentèni. Ora gantalan suwé ana jangkahé sikil wanita metu. Iswar ḍeg-ḍegan, tangané bikut ngulapi kringet kang metuné gumrobyos banget ing rainé. Krasa atiné trataban tenan. Tamu ora pangling manèh karo sing teka nemoni. Semono uga kenya ayu kang jumangkah

metu nginguk lawang omah ngarep kuwi.
'Arum! Oohh, kowé, Rum!'
'Mas War! Ya Allah, mas Iswar tindak mréné?'

Gapyuk, tanpa kakèhan omong wong loro rerangkulan. Sauntara suwé mung sepi. Sepi tanpa sabawa. Nanging kesusul suwara tangis kang diampet. Sing keprungu mung lirihing kenya kamisesegen.

Suwé banget wong loro dadi reca kaku ing kori omah ngarep. Rikala tangis wis menḍa lagi Arum kèlingan ngacarani mlebu.

Iswar lungguh ing kursi tamu. Arum mlebu ganti panganggo. Éndra Basuki ora goroh. Arum pucet lan kuru. Kanḍutané wis ketara banget, sajaké wis ana telu utawa patang sasinan. Omah lan saisiné krasa sepi. Sauntara suwé Iswar kudu lungguh ijèn, kasiksa sepining swasana. Rikala Arum metu kenya kuwi wis salin panganggo. Ngladèkaké tèh rong gelas, emping mlinjo sasetoplès lan criping geḍang lan ampyang rong piring ing méja.
'Mbah putri tindak endi?' Iswar mecah kasepèn.
'Biyasa. Ésuk soré ing sawah. Aku tunggu omah ijèn.'
'Wis suwé olèhmu disingidaké ing Palbapang iki?'
'Lumaku rong sasinan luwih seṭiṭik,' kenya kuwi angluh.
'Krasan?' Pitakoné Iswar iki ngemu pangécé, sembranan.
'Kepeksa! Kabèh sarwa kepeksa, mas.' Wangsulan iki sériyus.

Meneng seḍéla. Iswar nyruput tèh panas. Ora panas banget, mung anget. Ketara banget tèh kuwi digawé Arum nganggo banyu tanḍon saka tèrmos. Mulané ora susah kesuwé-suwé Iswar ngentèni sak-umobé banyu digoḍog. Sing suwé mesṭi olèhé Arum salin panganggo, macak sawetara ing ngarep pangilon. Tangané kumlawé mbukak setoplès, tanpa nunggu diacarani ngrogoh emping mlinjo karemané.
'Mas Iswar kok priksa yèn aku singidan ing kéné?'
'Éndra Basuki sing crita. Durung suwé, lagi patang dina kepungkur, apa lima ya, aku lali. Cekaké aku babar pisan ora ngerti kahanan iki saupama Éndra ora crita. Kuwi baé ḍapur mung kebeneran. Ketemuné sarwa ora kasengaja, ing Fakultas.'
'Éndra Basuki putra wayahé mbah Demang?'
'Lha hiya, sapa manèh. Dalemé mbah Demang rak ora nganti sekilo ta saka kéné, jaréné kidul kono kuwi baé?'
'Ceḍak kok. Ora nganti sèket omah saka dalemé simbah iki.'
'Aku sengaja mréné, marga péngin ngerti kahananmu sing saknyatané. Éndra Basuki wis crita akèh-akèh, ananging aku péngin ngerti ḍoḍoksèlèhing prekara saka pangakuanmu pribadi. Wah, lah dalah iya, mèh lali aku. Iki, Rum, aku nggawa olèh-olèh. Muga-muga cocog karo apa

sing dadi panyiḍammu. Éé́é, é́é́é, wong mbobot ki jaré seneng nyiḍam woh-wohan. Nyoooh, ki, tampanana! Pepak kok, apa-apa ana. Sarwa seṭiṭik, nanging komplit, apa-apa ana lho.'

Iswar mènèhaké tas sintétis geḍé kang ḍèk mau dicangklong punḍak. Mbentoyot, isi woh-wohan olèhé tuku ing setanplat Sasana Suka. Arum nampani karo mèsem klincutan. Ora bisa kumecap apa-apa, kejaba mung:

'Matur nuwun, mas. Mas War ki kok ana-ana baé ta!'

Arum mlebu memburi. Iswar nyruput wédangé, banjur kecemal-kecemil manèh mangan criping geḍang lan emping mlinjo, genta-genti. Atiné seneng, awit Arum ngladèkaké apa-apa sing sejatiné disenengi banget. Éloké, kok ya kebener ana, kebener cepak sumimpen.

Awan kuwi, tanpa diatag manèh, Arum nyritakaké sakabèhané. Iswar saya lengkap anduwèni katrangan, lan apa kang dikojahaké Éndra Basuki ora adoh karo pangakuané Arum ḍéwé. Apa kang sakawit angèl bisané dipercaya kabuktèn jebul nyata. Apa kang sakawit gawé kagèté Iswar, jebul bab kang lumrah sawantah kanggoné Arum. Rong jam luwih Iswar ngrungokaké critané Arum, nganti tengah awan.

'Embah putri kok ora rawuh-rawuh, Rum?'

'Yèn wayah ngéné durung kondur, biyasané tekan soré. Sedina muput ing sawah. Ḍaharé jajan ing warung. Anu, iki rak usum pari kuning. Dadi kudu tunggu manuk, amrih pari ora diteba emprit. Aku arep nḍèrèk, ora diparengaké. Ora tau éntuk metu-metu omah. Wah presis kaya wong panjara, mas. Ning ya wala-wala kuwata.'

'Pak Indri piyambak kepriyé?'

'Wis ping pira baé aku arep dinikah. Nanging aku nolak. Aku mesakaké ibu, mas. Yèn aku gelem dinikah ateges ibu kudu dipegat. Banjur kaya ngapa polahé aḍi-aḍiku mengko, mangka isih cilik-cilik, tur akèh. Apa aku tegel ngurbanaké aḍi-aḍiku ḍéwé?'

'Bu Indri, kaya ngapa duka lan polahé, ya?'

'Bola-bali arep kenḍat, biyèn. Nanging gagal, lan saiki kaya wong ngengleng. Bèn baé, karebèn dirasakna pamalesku. Ana sulak-sulaké, ibu bakal saḍar lan ganti solah bawa. Ayaké wis wiwit nyaḍari yèn pranyata ḍèwèké ḍéwé kang dadi sumbering prekara iki, kang salah. Ibu krasa banget lan wis wiwit gelem mawas ḍiri pribadi.'

'Kowé téga anakmu lahir tanpa bapa, dadi bayi peteng?'

'Wis dak-antepi, mas. Aku wis ngencengi tékad. Ya iki wujudé pangurbananku tumrap kulawarga. Ya iki dalan sing dak-pilih.'

'Arum, rungokna ya? Iki ngomong sériyus, kudu kok-tanduki ati resik lan pikir wening, Rum. Ngéné, aku duwé pamrayoga.'

'Kanggo sapa? Kanggo aku?'
'Hiya, kanggo kowé. Rungokna, Rum! Kepriyéa baé aku isih tresna karo kowé, Rum. Lair terus ing batin. Kuwi kang sepisanan.'
'Tresna? Wong tresna kok téga ninggal lunga?'
'Kowé rak éling ta, Rum, aku lunga merga diusir bu Indri, lan aku pancèn kudu lunga. Aku isin, Rum. Prastawa mbiyèn kaé banget ngisin-isini kanggoku, cah ayu. Aku rumangsa wirang.'
'Nanging mas Iswar rak ora salah. Aku lan bapak wis ngerti sapa sejatiné ibu, njaba njero. Aku lan bapak satemené gela déné mas War kesusu lunga. Mangka saupama kersa nunggu rawuhé bapak malah ibu sing arep diusir bapak. Aku lan bapak malah mbéla mas War, sebab ibu ḍéwé sing dadi sumbering kadurakan ing Mangkuyudan. Ibu sing tansah gawé maksiyat, éngga bocah-bocah monḍok minggat mbaka siji. Mas Iswar ki rak mung salah sijining kurban.'
'Wis, wis, wis, ah! Kuwi prastawa lungsé. Ora susah ngrembug sega mambu, ora énak. Sing baku saiki ngrembug dina iki, lan dina ngarep. Ngrembug awakmu, dudu sapa-sapa. Prekara awaké ḍéwé.'
'Lha kersané mas War kepriyé?'
'Kita kawin baé, Rum. Aku teka mréné iki saperlu nglamar kowé. Kanḍutanmu wis geḍé, kudu cepet-cepet dislametaké. Rak wis mlaku papat ta? Patang sasi, kuwi wis kena diarani telat. Nanging kena uga diarani durung kasèp, tumraping karep lan gagasan becik. Aku teka nggawa niyat becik, Rum. Mula aja kok-tolak ya?'
'Mas, kersamu iki kok nékad banget ta? Mas Iswar ora mèlu-mèlu babar pisan ing kadurakan iki. Mas Iswar wong kang manggon ing njaban garis. Kena ngapa kok mèlu-mèlu? Aja kumawani kurban ḍiri, mas.'
'Soalé aku tresna kowé, Rum. Aku ngerti yèn kang kok-kanḍut kuwi titising kadurakanmu ḍéwé karo pak Indri. Bener, aku pancèn wong njaban pager, sebab kanḍutanmu kuwi urusaning bapa kuwalon karo anak kuwalon. Nanging, nyatané nganti patang sasi durung ana karampungan. Kowé mung disingidaké lan prekarané tetep ora ana kawusanané. Aku kepéngin amrih si jabang bayi lahir becik-becik, lahir absah, dudu bayi peteng, dudu bayi haram. Pikiren ta, Rum.'
'Panggalihmu keluhuren kanggoku, mas. Krenteg luhur kuwi kuduné aja ditujokaké menyang aku kang wis kebacut jember iki.'
'Rum, aku ora ngarani jember, lan kanggoku pak Indri ya ora jember. Sebab, aku ḍéwé wis tau kecamah jejember kuwi uga, rikala kowé nangkep basah bu Indri lan aku ing kamarku, bengi kaé. Aku jember, Rum, sebab pager ayuné bu Indri uga wis bola-bali dak-terak, sanadyan kuwi dudu karepku ḍéwé, sanadyan aku mung kena pambujuk. Nanging bayi

kanḍutanmu kuwi suci, Rum. Suci tanpa dosa. Ora ana bayi jember, ora ana bayi gluprut dosa. Sebab sing jember lan sing gluprut dosa kuwi mung bapak lan ibuné. Bayimu ora ngerti apa-apa, Rum. Ora salah, ora dosa, ora ngerti duraka. Sing duraka mung kowé, mung pak Indri, dudu bayimu. Mangka aku ḍéwé uga duraka, bebarengan karo bu Indri, Arum. Apa salah lan alané jember kawin karo jember kanṭi pamrih kanggo ndandani urip? Kita bebarengan mertobat, Rum. Bebarengan ngresiki pribadi, bebarengan reresik awak. Kowé kudu mesakaké bayi anakmu kuwi, Rum.'

Arum mung tumungkul. Rikala Iswar lungguh nyeḍaki, ing jèjèré, Arum rubuh gapyuk ing pangkoné priya kuwi. Sanalika keprungu tangisé, tangis trenyuh, kamisesegen ngremet ati lan jantung.

'Priyé, Rum?' Jawaben tegas ta! Kabèh kudu tumindak sarwa cepet, Rum, amrih ora kasèp. Éling, kanḍutanmu wis mlaku papat.'

Arum Pujiwati sangsaya banter panangisé, saya kenceng pangruketé menyang Iswar. Priya kuwi atiné saya karanta-ranta, saya rinujit-rujit. Tresna lawas kang wis lungsed tetaunan krasa kobar makantar-kantar manèh. Tresna kang diḍeḍer tetaunan ing Mangkuyudan, wiwit Iswar isih mahasiswa tingkat siji lan rikala semono Arum isih siswa klas loro S.M.P. Oncaté Iswar saka Mangkuyudan kedadéyan rikala tresna kuwi wis lumaku telung taun luwih, rikala Iswar wis lulus sarjana muḍa ékonomi, sawisé nglakoni kuliah patang taunan. Saka Mangkuyudan Iswar pinḍah Margayasan, ora tau ketemu Arum manèh awit tresnané Iswar menyang Arum diduwa lan disepatani bu Indri. Rong taunan pepisahan ketemu manèh baé kanṭi swasana lan ati trenyuh, ing Palbapang. Nanging trenyuhing ati pisan iki trenyuh kang ngilangi pepeteng, trenyuh kang nyilak menḍung angenḍanu. Iswar ngaras pipiné Arum lan cah wadon kuwi ngruket kenceng.

Suwarno Pragolapati, Titising Kadurakan,
Yogyakarta, 1975.

90
PANGGAH

ajeg andon jurit
panguripan sombyang-sombyang
kebak panantang

ing sisihé wengi-wengi kabuntel peḍut
dalané anglangut
suprandéné
embun-embun nelesi ati
dak-piyak peḍut-peḍut ésuk sumilak

ngajak lumayu
ḍenyuting jantung
ora sirna dinulu

panggah isih andon jurit
dak-pandeng
gendéra sing kumlèbèt
manṭeng

Andjrah Lelanabrata
(in: Kumanḍang no. 62, January 1975).

91
LANGITÉ ISIH BIRU

Tepungku karo ḍèwèké nalika ana malam inaugurasi. Indra sing nepungaké. Lan rikala salaman aku dadi ora gumun krungu asmané: Nyoman, Nyoman Sudipa. Wong Bali, batinku.

Tepungku ana kraméan ngono kuwi mung seḍéla waé, sebab aku terus nggabung kanca-kanca liyané. Mula kanca anyar mau wis ora kocap. Mung rikala arep mulih ndadak aku srèmpètan karo Indra ana plataran kampus.

'Sugeng konduuur!' swarané Indra nglenḍèh karo mengèngès.

'Sugeeeng! Éh, awaké gak mèlu rombongan iki, In?'

'Sorry, tamuku iki selak ngantuk. Rak wis cukup ta pengawalé?'

Bocah-bocah ngguyu bareng krungu kanḍané Indra, lan dumadakan waé mripatku nyrèmpèt bocah sisihé Indra. Ḍèwèké mèsem, aku kecipuhan.

'Sugeng dalu,' swarané kalem, 'manggaaa, Yayuk!'

Aku mèsem. 'Manggaaa!' wangsulanku. Mung iku.

Ésuké aku wis lali manèh karo ḍèwèké, Nyoman Sudipa. Ana ndalan mau bengi Abu sing ngeteraké aku takon: 'Sapa iku?' Aku mung mangsuli: 'Kancané Indra.' Ngono waé. Abu isih nerusaké: 'Simpatik ya?' Aku ora mangsuli, mung mèsem, lan ḍèwèké ora takon manèh. Aku ḍéwé uga ora ngéling-éling kancané Indra iku. Biyasa, kenalan ana kraméan, kenal mini, jaréné kanca-kanca. Sésuké wis ora kocap manèh.

Nanging telung dina canḍaké aku ketemu manèh karo bocah iku, Nyoman Sudipa. Aku lagi nyawang buku-buku ing toko 'Pertiwi', rikala ḍèwèké weruh aku.

'Meli napi rika?' panyapané ramah, 'Arep munḍut apa?' sambungé, weruh aku nyawang ora ngerti. Aku dadi mèsem.

'Nggolèkaké buku aḍik. Penjenengan tindak ngendi?' wangsulanku genti takon.

'Mlaku-mlaku. Kebeneran ketemu kanca anyar. Kok ḍèwèkan?'

'Ah, iki mau rak mung mampir.'

'Ooo, terus menyang ngendi mengko?'

'Mulih. Lha Nyoman kok ḍèwèkan? Indra ngendi?'

Ḍèwèké ngguyu renyah. Swarané ènṭèng: 'Apèl. Kersa dak-barengi

mengko?'
Aku ngguyu.
Tibané soré iku aku reruntungan karo Nyoman nlusuri dalan Imam Bonjol karo sepédah, 'Guide', kandané Nyoman karo ngguyu. Aku uga ngguyu. Bener kandané Abu wingi kaé: priya Bali simpatik banget. Panganggoné, wicarané, guyuné lan tatanan rambuté nyenengaké. Dèwèké mahasiswa tèhnik tingkat telu, dadi ana kuta kéné wis cukup suwé. Layak kok bisa basa Jawa. Malah ora mung saiki waé. Rikala ès-èm-pé lan ès-èm-a dèwèké uga wis ana Jawa iki. Aku dadi rada gumun krungu critané.

'Kok ora sekolah nèng Bali waé, cedak karo keluwarga?' pitakonku. Banjur wangsulané alon: 'Iku dawa critané, Yayuk, dawa lan nrenyuhaké.'
'Oh,' batinku nyomlo.
Dèwèké ketara sedih. Tujuné wis cedak jurusané omahku. Mula banjur dak-terusaké omongan liya: 'Kaé, ngarep kaé, ménggok ngulon setitik, tekan omahku. Mampir disik. Kersa ta?'
'Ah, matur nuwun. Suk waé. Aku janji karo Indra. Kapan nyang Dipanegara?'
'Kapan-kapan. Ora kersa mampir tenan?'
'Suk embèn waééé. Wis ta.'

Ya soré iku wiwitané aku dadi raket karo Nyoman, mahasiswa tèhnik iku. Indra sing cedak karo aku banjur duwé bahan kanggo nggoda. Aku ora ngerti, kudu srengen ta piyé? Mung sing terang, Nyoman banjur sering menyang omahku. Aku déwé rumangsa krasan banget yèn wis lelungguhan utawa mlaku-mlaku karo dèwèké. Ah, apa ngéné iki sing diarani tresna? Nyoman sing simpatik. Nyoman sing tenang. Nyoman sing sugih crita, critané pulo Bali sing éndah iku. Dina-dina krasa éndah, dina-dinaku sing dikebaki critané.

'Kowé weruh, Yayuk, banyu padusan sing bening lan édum?' pitakoné sawijining dina nalika aku bocah loro dolan menyang padusan njaban kuta. Aku ora mangsuli, mung nyawang dèwèké. Banjur sambungé:
'Ing désaku, ing Bali kana padusané bening banget. Air Sanih jenengé, pinggir segara. Ah, yèn aku kèlingan Kubu Tambahan, atiku dadi nglangut banget, aku kèlingan ibuku, mbak Madé lan adiku, Ktut.'
'Lha bapak, Nyoman?'
'Bapak?' Dèwèké nyawang aku, unjal napas. 'Bapakku wis séda, Yayuk, wis lawas banget. Aku lagi umur telung taun, ora ngerti apa-apa. Mung mbak Madé lan kak Gdé sing wis rada ngerti.'
'Oh.'

'Mula aku menyang Jawa iki, Yayuk, golèk katentreman lan kapinteran. Ah, cilikanku biyèn . . . anak sétan, kanca-kancaku yèn ngarani.'
Ḍèwèké dadi murung, aku dadi keduwung. Nanging wis kebacut. Dakrungokaké waé kanḍané saterusé.
'Yayuk, yèn aku kèlingan keluwargaku, rasa kangenku dadi kecampuran trenyuh. Nanging . . . ah, kabèh mau ana astané Gusti.'

Wening. Ḍèwèké nyawang banyu kang gumelar ana ngarepé. Aku ora takon apa-apa manèh. Nalika arep mulih, ḍèwèké wis nyoba gembira manèh, kaya-kaya kepéngin ngilangaké kenangan sing seḍih iku. Aku dadi kèlingan kanḍané Indra sawijining dina ing ruang perpustakaan yèn Nyoman iku nduwèni latar belakang kehidupan sing menarik kanggo dingertèni. Lan aku dadi kèlingan manèh kanḍané sawijining dina: 'Aku butuh mitra, Yayuk, mitra kang bisa nuduhaké aku marang alam kebeneran.'

Banjur, nalika ḍèwèké lulus BE-né, aku disalami suwé banget. Ah, mripaté. Aku kèlingan ana inaugurasi, nalika arep mulih wengi-wengi kaé, tajem-tajem. Ora lali humoré sing nyenengaké lan guyuné sing lembut.
'Pé-èf ya,' kanḍaku.
'Pandongamu ta, Yayuk. Ning aja kok èmbèl-èmbèli BE lho, jenengku. Isin. Suk yèn wis bèrès, rong taun manèh!'
Aku ngguyu.
'Ibu wis pirsa, Nyoman?'
'Uwis, berita kilat. Éman, aku ora bisa mulih.'
'Yayuk ḍéwé sinau sing bener ya,' sambungé manèh.
Aku ngguyu manèh, wangsulanku kalem: 'Nyoman genti ndongakaké ya? Akhir bulan iki yuḍisiumé.'
'Ha wis meṣṭi,' wangsulané karo mandeng.
Aku alon nginggati.

Mbok-menawa pancèn aku bocah loro wis paḍa jatuh cinta. Mbok-menawa! Sanadyan bab iku aku ora naté kewetu seṭiṭik-ṭiṭika. Mung yèn nuju sinau bareng, kala-kala ḍèwèké nyénggol bab teman hidup, yèn ḍèwèké seneng karo putri sing duwé jiwa seni. Ibuné, mbak Madé, sing ana Bali seneng karo seni. Uga mbak Luh, garwané kak Gdé, sawijining penari Bali. Dak-goḍa, ana Kubu Tambahan meṣṭi rak wis diantu-antu putri ta? Ḍèwèké gèḍèg, mèsem, wangsulané: 'Aku bébas milih, Yuk. Ora terikat marang suku lan agama. Keluwargaku uga ora gelem cara-cara paksaan, asal sesuai karo cita-cita.'

Aku dadi mèsem. Embuh atiku dadi seneng lan mulya lan . . . ah, ora nggenah yèn dipikir. Lan ana fakultas aku disalami Abu. 'Pé-èf BE-né,'

kanḍané. Aku kepeksa mèsem, iki Indra mesṭi sing gawé gara-gara. Nanging ora mung iku waé kanḍané Abu. Ḍèwèké kancaku wiwit ès-èm-pé. Kaya biyasané yèn nuju rembugan karo aku kaé, aku disawang suwé. 'Kowé wis mikiraké bab-bab liyané tentang ḍèwèké, Yuk, lingkungan hidup lan traḍisiné, termasuk keyakinan?'

Aku ora énggal mangsuli. Abu dak-sawang manèh, banjur wangsulanku jujur: 'Aku durung tau mikiraké bab iku, Bu. Isih adoh kanggoku. Ana apa ta?'

Abu ora mangsuli. Ḍèwèké mèsem, kebak pitakonan. Ananging arepa aku mangsuli mengkono, srawunganku karo Nyoman saya raket. Ana ḍiskusi-ḍiskusi, ana kraméan-kraméan, bocah loro ora tau kèri. Utawa aku diajak ngancani anggoné praktèk yèn nuju senggang, ana stuḍio raḍam ing fakultas. Banjur crita-critané sing nengsemaké, pembangunan-pembangunan ing Singaraja, taman rékréasi Sukasada sing éyub, pesisir Tamansari, pelabuhan Bulèlèng nganti Ngaben, tari kecak lan Singaraja sing ora ana bécak! Ah kabèh mau ora gampang diilangaké ngono waé.

Nganti tekan sawijining dina ing wulan Nopèmber. Sasi pasa nalika iku. Nyoman ésuk-ésuk menyang omahku. Kaya biyasané dandan nècis, hèmd dawa digulung tekan sikut, clanané klawu. Anèh, rada gupuh katoné, ngajak salaman.

'Yayuk, skripsiku lulus,' swarané groyok.

'Oh! Selamat, selamat, Nyoman,' swaraku mèlu groyok. Kudu waé atiku mbaludag amarga kebak rasa mulya. Bocah loro dadi kaya kamiteng-gengen, seneng trenyuh, dadi siji. Nganti keprungu swarané manèh:

'Aku olèh libur suwé, Yuk. Nganti pertengahan Januari mbésuk.'

'Wah, kebeneran banget ya. Banjur priyé programé? Bisa kondur Bali ta?'

'Sajané . . . ning . . . ah!'

'Apa? Surprise manèh?'

'Ḍèwèké mèsem, banjur kanḍa yèn ḍèwèké nampa tugas memperdalam stuḍiné ana Jerman Barat. Memperdalam tentang pertélékomunikasian. Aku dadi njegreg, nanging ing njero kana ana rasa mongkog. Priya sing tansah dak-dongakaké rina wengi bisa kelakon nggayuh iḍam-iḍamané kanṭi gemilang. Atiku ngonḍok-onḍok.

'Piyé, Yuk, kok njur meneng waé?' pitakoné njalari aku gragapan.

'Oh,' aku mangsuli cepet, 'aku setuju, Nyoman, aku setuju. Toh iki kanggo kebaikané awaké ḍéwé iki?'

Lebar muni 'awaké ḍéwé' iku aku dadi isin, keblanjur. Nyoman mèsem. Nétrané bening-bening nyawang aku.

'Kowé, Yayuk,' kanḍané, 'sering ngalamun. Méndah suk yèn aku ora ana.'

Aku ora mangsuli, mung nyawang kadohan. Wulan Nopèmber, langité biru dina iki. Ing gegoḍongan isih katon tipak-tipaking banyu udan mau bengi. Seger lan resep, sanadyan ana pangé sing coklèk. Nganti awan bocah loro paḍa omong-omongan. Arep lebaran iki ḍèwèké bali menyang kampungé, Kubu Tambahan. Aku trenyuh nalika disalami manèh.
'Yayuk, ngati-ati ya, ora susah seḍih. Aku nyuwun pangèstumu waé.'
'Nyoman ora bakal lali temen ya?'
'Ah, kowé! Delengen langit biru kuwi. Sanadyan ketutupan menḍung, mengko bakal sumilak bening biru manèh. Kowé rak weruh ta, Yayuk?'
Aku manṭuk. Lambéku dak-geget nahan eluh sing arep nètès.

Wenginé, ana sajadah sawisé sholat Isya', aku mbukaki buku-buku cilik isi ayat-ayat suci. Buku suci saka Abu. Dak-lagokaké lirih kaya wulangané bapak biyèn. Aku kepéngin atiku lerem, ora nglamun, kaya kanḍané Nyoman wingi. Aku pasrah wengi iki, pasrah lan sumarah ngaḍepi apa kang bakal teka. Aku ora bisa ngapusi yèn atiku tresna karo pemuḍa Bali iki, nanging aku éling lingkunganku. Ah, wulan Nopèmber wis mèh entèk, rong dina manèh lebaran. In njaba langité bening . . .

Sri Setyo Rahayu
(in: Kumpulan Cerkak Pilihan 1, 1975).

92
TAMPANANA ATI IKI

swara lirih ngedipis atis
ing sasela-selaning ati sasi agustus
kaya kanda tanpa sabawa apa
sasi agustus sasi kang mulus
sasi kebak pangarep-arep ngaléla

nimas,
tampanana ati iki
généya dadak suwala
atimu lan atiku pinda sadulur kembar
manunggal ing rupa lan panyandra
langit biru kuwi
duwèkmu lan duwèkku

yèn sliramu lagi sungkawa
coba sawangen lan arasen
osiking ati kang kebak ing pangarep-arep
kaya apa kang dumeling ing talinganmu

tampanana ati iki
sasi agustus sasi kang mulus
sasi siji ati siji
tampanana ati iki

nimas,
ing sasi kang wis dadi nyawiji iki
aku ora bisa asung punika-puniki
kajaba mung pangajab muga
tampanana ati iki

tampanana
jalaran tresnaku
tresnané jiwa kang nunggal angga

Y. A. Damayanti
(in: Dharma Kanda no. 302, August 1975).

93
ING SANGISORING LISTRIK DALAN

Menḍung ireng ngganḍul ing langit nḍuwuré, kamangka wiwit soré mau langité terang. Anginé wis krasa teles nampeki rai lan kulit. Miyem nyilakaké sinomé kang ngrempoyok ing baṭuk, karo sènḍèn cagak listrik.

Tarni, kancané sing mau ngadeg ana ngisor cagak listrik kuloné, wis ora katon. Sajaké wis digonḍol uwong numpak sepéḍah Humber sing wiwit bubar mahrib mau wira-wiri ing ngarepé.

'Durung kanggo, Yem?' dumadakan ana swara lanang nyapa. Bareng ditolèh jebul Kasdi, tukang bécak sing lagi mulih saka setoran.

'Kowé mbutuhaké, piyé?' sambungé Miyem malah mbéda tukang bécak Kasdi sing konḍang alim iku.

'Wegah, Yem. Aku selak dientèni anak bojoku kok. Tinimbang ḍuwit dak-kèkké kowé, aluwung dak-enggo ngliwet,' wangsulané Kasdi karo ngguyu.

Miyem mèsem kecut karo mbenakaké gelungané sing krasa mlorot sabab kurang kenceng. Sajané, yèn mbéda Kasdi ngono ḍèwèké kerep ketanggor, nanging généya ora kapok-kapok?

Bareng Kasdi ilang ing dalan énggok-énggokan, ana sepéḍah motor — sing numpaki bocah enom gondrong — manḍeg ing ngarepé. Miyem banjur pasang aksi karo lènggat-lènggot sajak ora weruh.

'Yu, ayo dolan karo aku!' celaṭuné bocah enom rambut gondrong mau. Nanging Miyem mung meneng baé sajak kléwa-kléwa.

'Yu, yèn kowé gelem mèlu aku mesṭi bèrès,' celaṭuné bocah enom gondrong mau manèh karo matèni mesin sepéḍah motoré.

Miyem nuli diparani. Terus dicablèk punḍaké karo celaṭu: 'Kowé kuwi buḍeg apa piyé ta, yu? Disapa kawit mau kok mung meneng baé.'

'Huh, kowé mesṭi bocah ugal-ugalan. Bubar ngajak main mesṭi mlayu ora mbayar. Kaya bocah lanang gondrong ḍèk embèn,' Miyem lagi wangsulan karo ngadoh.

'Kowé aja nggebyah uyah, yu. Apa mesṭi cah lanang gondrong kuwi ugal-ugalan?'

Bocah enom gondrong mau saya ngangseg maju nyeḍaki Miyem. Bareng krungu kanḍané bocah enom gondrong iku, Miyem dadi mikir-mikir: 'Apa bener kanḍané bocah enom gondrong iki?' Wusanané Miyem gelem

diajak lunga déning bocah enom gondrong numpak sepédah motor iku.

Miyem anggoné mboncèng ngrangkul kenceng banget, wedi yèn tiba. Bocah enom rambut gondrong iku mlayokaké sepédah motoré nuju njaban kuta, sauntara mendung ireng kang ngganḍul ing langit sumingkir mbaka satitik.

Tekan omah cilik pinggir désa, sepédah motor manḍeg. Wong sing duwé omah bareng krungu swarané sepédah motor, banjur mbukak lawang.

'Empun angsal, dèn?' pitakoné sing duwé omah.

'Empun, mbok,' wangsulané bocah enom gondrong iku karo njagragaké sepédah motoré.

'Yèn ngoten kula sumingkir riyin. Sekécakaken nggih, dèn! Kamaré empun kula resiki, kok,' celatuné sing duwé omah, wong wadon setengah tuwa mau karo jumangkah lunga.

Miyem banjur diganḍèng mlebu déning bocah enom gondrong iku. Lawang ngarep banjur ditutup rapet manèh. Wusanané wengi kang aḍem iki dadi duwèké Miyem lan bocah enom rambut gondrong mau.

Wis wiwit surup mau Miyem ngentèni Tonny, bocah enom rambut gondrong sing ngajak lunga ḍèk wingi bengi. Sanadyan lagi ketemu sepisan, nanging Miyem seneng banget karo Tonny. Tonny jebulé bocah gondrong sing ora ugal-ugalan kaya liyané. Tonny anteng lan alus, nanging nglanangi. Yèn ngangen-angen Tonny, lengganané anyar, Miyem banjur kèlingan Tarman, kekasihé biyèn nalika isih manggon ndésa kumpul karo bapa biyungé lan seduluré. Tarman uga duwé sipat-sipat kaya Tonny. Nanging émané, Tarman ora perwira. Bareng ḍèwèké meteng limang wulan, banjur ditinggal lunga. Miyem dadi seḍih banget, kang wusanané bareng bayi kang dikanḍut lair wis ora ketulungan.

'Yu, ayo mèlu aku, piyé?' Dumadakan ana wong lanang njawat. Miyem dadi gragapan anggoné ngalamun.

'Wis kanggo kok, mas,' kanḍané ampang tanpa obah saka anggoné sènḍèn cagak listrik.

'Lha endi lananganmu?' gunemé wong lanang mau manèh.

Miyem dadi mak prempeng krungu celatuné wong lanang iku.

'Ngapa kok kowé ngurus?' ujaré Miyem kumentus.

Wong lanang iku ngguyu njegigik karo nyeḍaki Miyem. Miyem banjur disikep. Miyem polah kepéngin uwal, nanging sapira banggané wong wadon.

'Kowé anggak banget, yu. Kebangeten olèhé jual mahal. Mbok rumangsanana yèn kowé kuwi wong ala!' ujaré wong lanang iku karo ngglan-

ḍang Miyem menyang petengan.

Wusanané Miyem pasrah ditinḍihi wong lanang mau. Bareng wong lanang iku wis rumangsa marem, terus nglungani tanpa pamitan karo nguncalaké ḍuwit atusan kumel rong lembar.

Sajané mboseni banget pagawéan iku, ngadeg nggejejer wiwit surup ana ngisor cagak listrik tawa awak marang wong lanang iseng sing kepéngin jajan murahan. Ing batin Miyem rumangsa nalangsa banget. Ing sangisoring ebun-ebun wengi kang kumepyur, ing sangisoring listrik ndalan kang kencar-kencar lan ing sangisoring langit kang ajeg peteng kaḍangkala ḍèwèké nangis ngguguk.

Ngéling-éling lelakoné, kèlingan bapa biyungé lan aḍik-aḍiké kang ana ndésa ngisor gunung gamping sing adoh ratu ceḍak watu.

'Mbok, aku kepéngin golèk gawéan ana kuṭa,' kanḍané ing sawijining dina nyuntak isiné atiné kang wis ngganjel suwé.

'Menyang kuṭa njur golèk gawéan apa ta, Yem?' sumelané embokné karo ngubengaké susuré.

'Golèk gawéan sakecanḍaké ta, mbok. Embuh dadi babu apa pelayan toko aku rak bisa,' wangsulané Miyem adreng.

'Sajané ana ndésa kéné ya akèh gawéan ta, Yem. Embuh dadi buruh mépé gaplèk, apa matun rak ya bisa ta kowé.'

'Bener, mbok. Nanging aku kurang marem karo gawéan kaya ngono, mbok. Sebab, sepisan: suwé-suwé njelèhi, kapinḍoné: yèn terus ana ndésa kéné aku langka bisa olèh pengalaman akèh.'

'Pengalaman? Pengalaman apa kuwi, Yem! Pengalaman urip ing kuṭa sing jaréné bubrah lan édan-édanan kuwi, ya? Yèn mung kaya ngono aku ora éklas ngeculaké kowé, nḍuk.'

Miyem unjal ambegan jero bareng krungu gunemé embokné.

'Yèn simbok lan bapak ora éklas ngeculaké, aku meksa nékad. Aku wis geḍé, mbok. Wis bisa mikir endi sing ala lan endi sing apik. Mbok kowé percaya karo aku ta, mbok.'

Saiki genti embokné sing dadi meneng. Bengi iku Miyem tansah klisikan ora bisa turu. Tékadé wis gilig lan bunder, nedya golèk pagawéan menyang kuṭa.

Mangkaté ésuk mruput, bubar jago kluruk. Ḍuwit cèlèngané sing wis nglumpuk rong èwu rupiyah digémbol ana setagèné. Bapak-embokné nguntapaké lungané karo nangis.

Wenginé saya nglangut. Nanging Miyem panggah sabar ngentèni tekané Tonny, bocah enom gondrong numpak sepéḍah motor lengganané anyar. Nanging nganti klonèng tangsi muni ping sanga, Tonny

meksa durung teka.

'Durung kanggo, Yem?' cluluké Sumi sing mboncèng sepédah wong lanang karo liwat ngarepé.

'Aku ora adol awak ing bengi iki!' wangsulané Miyem sengol.

'Hébat! Sajaké ngentèni bocah lanang rambut gondrong numpak sepédah motor kaé ya?' Sumi kober nerusaké gunemé sajak ngécé.

Miyem idu mak cuh, sabab atiné mangkel lan panas krungu ujaré Sumi sing manasaké ati iku. Laron-laron pada ngrubung urubing listrik. Miyem bola-bali namplèki laron-laron kang arep mlebu kupingé.

Bareng klonèng tangsi muni ping sepuluh, ana sepédah motor saka wétan nyedaki dèwèké. Urubé lampuné mblerengi mripaté.

'Dik Tonny?' pambengoké seneng karo kusung-kusung marani bocah enom gondrong sing isih lungguh ana nduwur sepédah motor mau.

'Wis bengi kok isih ana kéné, ta?' pitakoné Tonny.

'Dik Tonny kok suwé ora mréné ta?' Miyem malah genti takon.

'Aku répot banget kok, yu. Répot ngadepi ujian. Lha saiki ujianku wis rampung, mula aku banjur mréné.'

'O, ngono ta? Suk yèn lulus kaulé apa?'

'Kaulku kepéngin ngajak dolan menyang Tawangmangu. Kowé rak ora kabotan, ta?' celatuné Tonny karo ngliling dèwèké.

'Mesti, mesti aku gelem,' wangsulané Miyem bungah.

'Lha, olèhku ngampiri kowé ana ngendi?' pitakoné Tonny.

Bareng ditakoni ngono Miyem dadi bingung déwé, nanging wekasané banjur wangsulan: 'Aku ngentèni ana kéné baé.'

Tonny ngguyu cekakakan, nganggep lucu wangsulané Miyem iku.

Nanging omongé wong loro dadi kandeg bareng ana sepédah motor pirang-pirang marani panggonan kuwi.

'Ha, ha ha! Tonny jebulé ana kéné lagi ngenyang pelanyahan!' cluluké salah sijiné bocah-bocah gondrong sing numpak sepédah motor mau.

'Saploké Tonny broken karo Susy terus ngawud. Ora perduli pelanyahan pinggir dalan, arep!' sambungé liyané karo ngguyu lakak-lakak.

Tonny dadi mbrabak abang rainé. Dadané dadi umob gumledeg. Miyem, bareng weruh bocah-bocah gondrong mau, dadi girap-girap kamigilan. Atiné isih capet-capet kèlingan, ya bocah-bocah gondrong iku sing naté nggarap dèwèké genti-gentèn ana tengah lapangan tanpa mbayar dèk embèn.

'Ton, dak-gentènané wédokanmu iki, ya?' ujaré sing gedé duwur. Nanging durung nganti mbacutaké omongé, bogemé Tonny kumléyang. Mesti baé sabab kurang prayitna, bocah gondrong gedé duwur mau terus glayaran mundur-mundur.

Weruh Tonny wiwit ngamuk, kanca-kancané liyané nrambul ngroyok. Jalaran kalah okol suwé-suwé Tonny keḍesek mundur. Wusanané Tonny dianggo bal-balan bocah-bocah gondrong mau. Miyem bareng weruh kadadéyan iku bengok-bengok njaluk tulung.

Sawisé bocah-bocah gondrong mau marem ngajar Tonny, terus lunga mlayokaké sepéḍah motoré sajak kesusu.

Tonny kang njrebabah ora obah iku banjur ditubruk Miyem karo nangis ngguguk. Nanging bareng Miyem weruh ana tatu jero ing ḍaḍané Tonny tilas glaṭi, sakala dadi ambruk semaput.

Saya wengi, listrik ing nḍuwuré saya kencar-kencar paḍang ngundang laron-laron.

Moch. Nursjahid P.
(in: Kumpulan Cerkak Pilihan I, 1975).

94

TULISAN PUTIH

aja seḍih ati, ḍèwèké sésuk bali
wis tau janji lan kangen ing
sepining wengi

aja susah rasa, durung wayahé
urip lan kasengsaran asih
sabar ngentèni paran kang tanpa wilang watasé

o rasané mijet wohing ranti
wektu anginku sumengka
ing madyaning ratri lan pangumbaran

ora liya liriké lagu
tembang temantèn
kanggo apa mawa bingung?

Soekarman Sastrodiwiryo
(in: Dharma Kanḍa no. 287, May 1975).

95
KATRESNAN BISA SEMI ING SAḌÉNGAH PAPAN

Urip ana paran kaya déné Jakarta iki kanggoku susah. Sepisan: susah mangané. Karepku mono mangan sing murah nanging cocog. Ya merga ilatku kulina sega lemes kaya Sala, kepeksa rada njonḍil ngrasakaké sing yèn ana ngomah tampikan merga pera. Apa manèh lawuhé sarwa peḍes. Jan, nyepetaké kuru!

Mula kerep waé aku dadi kenès lan keladuk kecangkeman, yèn pinuju mangan ing warung.

Sing dadi langgananku mau: sawijining warung sing saliyané kemproh yèn nggorèng tahu ora tau mateng, mesṭi setengah mateng. Kamangka karemanku tahu garing. Ning ya kepeksa, aku ajeg ing warung mau, apesé sedina sepisan utawa kaping pinḍo yèn pinuju ora kantoran. Jer pancèn kudu diirit-irit; ḍuwit cupet.

Ora pisan ora pinḍo aku kepéngin ganti warung. Ning ya sok wegah, amerga warung liyané adoh. Karo manèh yèn pinuju mangsa renḍeng ngéné dalané sing durung aspalan iku malih kaya jenang lemu.

Sing ngéwuhaké lan ngganggu atiku satemené ora mung warung kemproh lan nggorèng setengah mateng. Ana manèh. Ya-kuwi réwangé: bocah wadon, sing yèn aku teka dadakan dadi ribut ngladèni. Kesusu nyepakaké gelas, nyepakaké ès batu; senadyan aku ora njaluk, nadyan udané deres.

Yèn ayu ngono aku ora ngrembug dawa. Ndilalah réwangé wadon mau ana sing 'ora bèrès' — miturut istilahé kancaku tunggal ponḍokan. Sing dikarepaké: pawakané sing cenḍèk lemu impeg-impeg; lan, lambéné ora persis ana ngisor irung, rada mèncèng watara seméné sènti.

Satemené aku welas. Satemené aku simpati marang cacadé. Ya merga nduwé rasa welas mau kaḍangkala aku nyawang ḍèwèké. Kanṭi ora dakrasa aku seneng nyawang saparipolahé. Iki njalari panyawangé tempuk karo panyawangku. Kerep banget. Lan ora mung saḍetik rong ḍetik: aḍakané panyawangé luwih kendel, luwih langsung.

Aku wiwit krasa yèn ana sing ora bèrès. Luwih-luwih yèn ngélingi sikepé sing malih, sing ndadra. Yèn aku mangan ḍèwèké dadi ibut ing sanḍingku. Endi sing nyrebèti gelas endi sing ngirisi brambang, utawa ngelus-elus jèngkol.

Wah terus-terang iki gawé répot.
'Apa aku kageḍèn rumangsan?' aku kepeksa nakoni mitraku saponḍokan.
'Alaaa, ora apa-apa waé, sababé ya ngono.'
'Sabené ya bikut ngono?'
'Toh sing mangan ing warung, sing lanang ora mung kowé ḍéwé.'
'Apa kowé ngerti ḍéwé ḍèwèké mung bikut ing sanḍingku?'
'Ora.'
'Lha dalah, géné ora ngerti ḍéwé.'

Aku tetep njaluk keterangané. Njaluk lan kepéngin ngertèni panyawangé mitraku iki.
'Piyé? Aku geḍèn rumangsan apa pancèn ana sing ora bèrès?'
'Répot ah!'

Saiki dak-tamataké. Tenan! Pangrasaku ora kena dak-gorohi. Ḍèwèké tetep bikut ing sanḍingku. Malah nganggo jerit barang, mbokmenawa karepé omong nganggo basa daérahé. Nanging ya-kuwi mau lambéné ora bener. Dadi rumangsaku mung njerit lan tuding-tuding.

Sawijining soré, tak-niyati tenan. Aku mangkat karo mitraku. Arep tak-buktèkaké, apa bener apa ora. Wiwit mlebu aku nyawang ḍèwèké. Lan ḍèwèké ganti nyawang aku. Aku isan-isin.

Satemené yèn ḍèwèké rumangsa dak-tamataké cacadé, harak aku disengguh ngécé. Ḍèwèké ribut lan malah saiki jèjèr. Lungguh njèjèri. Ngudubilah!
'Wah,' ngono panjerité — beneré omongané basa Indonésia sing èlèk banget pangucapé — 'apa mas Jamikun mau jadi suami saya?'
Aku kudu bisa tentrem. Ati kéné gorèh, nanging sirah ora gèsèh kalayan lambé.
'Aku wis duwé sisihan. Aku wis ora jaka.'
'Tidak apa. Saya mau dimadu.'
Nékad temenan.
'Aku wis duwé anak. Akèh anakku.'
'Tidak menjadi apa. Asal mas mau nikah dengan saya. Saya tidak minta blanja, tidak minta ḍuwit. Saya bisa bekerja.'
Omongané nrocos, tangané tekuk-tekukan ḍéwé, lan rainé dadi mbabrak abang.
'Kalau mas maunya sebentar saja, juga bolèh. Saya mau jadi isteri sebentar.'
'Absurd! Généya iki bisa kelakon?'

Apa aku bisa njlèntrèhaké marang ḍèwèké menawa aku duwé sisihan sing bekti lan nresnani aku? Sing gelem dak-tinggal kluyuran menyang Jakarta lan durung meṣṭi antuk ḍuwit? Kamangka meṣṭi opèn-opèn

anak pirang-pirang? Lan siji-sijiné males katresnané mung mangertèni kasetyan lan bektiné?

Katresnan pancèn bisa semi ing ngendi waé. Atiku kaya diḍoḍog alu gora.

Nanging mitraku njegègès waé. Nalika mulih saka warung ḍèwèké nggoḍa: 'Apa ora becik yèn jenengmu ganti Jamikun waé?'

Arswéndo Atmowiloto
(in: Kumpulan Cerkak Pilihan 1, 1975).

96
MÉNṬOG MÉNṬOG
(lagu dolanan)

ménṭog ménṭog, tak-kanḍani
mung rupamu angisin-isini
mbok ya aja ngétok
ana kanḍang baé
énak-énak ngorok
ora nyambut gawé
ménṭog ménṭog, mung lakumu
mégal-mégol gawé guyu

97
KAKOṬAK-KOṬAK

sawah jembar
laladan bawéra
kuṭa ndésa rowa nderbala

    pategalan ngenṭak-enṭak
    kuṭa ndésa tinengeran bulak

sawah jembar kakoṭak galengan sèwu
galengan sayuta
tanggul tangkis bendungan lambé-lambé lamis

    mangsa renḍeng banjir ngamuk
    bendungan jebol . . . .
    galengan sayuta sirna
    sawah musna

samodra luwih jembar
segara luwih rowa
luwih nderbala

    ombak mratah tumlawung sagunung-gunung
    prau laju karangkul ombak gumulung
    layar dak-inger nyungkemi kota pahlawan
    prauku bali mangétan
    mulih . . . .
    kumpul bojo kumpul anak
    urip iki dadiné luwih kepénak.

W. Santosa
(in: Panyebar Semangat no. 15, April 1975).

98
JAKARTA

Yèn wis ngéné iki tuwuh manèh rasa bosenku. Temenan. Bosen sing wis mucuk kaé, ora kena diluk. Apa manèh yèn udan deres ngéné iki. Genḍèng trocoh kabèh njalari jogané keblambangan banyu. Yèn dakgagas dawa, ooo keḍuwung banget olèhku ngetutaké pinḍah nyang Jakarta kéné. Ngertia ngéné ṭok pungkasané, biyèn lowung ngentèni ana nḍusun baé. Aku ora maido menawa mas Has — bapaké bocah-bocah — ulap ing pandeleng meruhi kanca-kancané paḍa urip brèwu sawisé boyong nyang kuṭa métropolitan iki. Kanggoku, ah ora gigrig babar pisan marang gebyaring banḍa.

Wis akèh tulaḍané. Tanggaku tunggal pager, mèh setaun pinḍah Jakarta, wis dadi juragan geḍé. Durung tutug gumuné wong-wong sadésa, weruh-weruh ḍèwèké wis digrudug polisi. Jebul ana Jakarta gawéné ngapusi, malah ngrampog barang. Isih ana manèh. Sawijining guru SḌ, rupané pancèn rada melèk tur isih legan. Kepéncut tembung manis lan kinṭil ngono baé bareng dipamèri urip ana Jakarta. Wiwitané pancèn gawé éwa. Saben minggu kirim ḍuwit éwon-éwon marang embokné. Durung ganep setaun ndadak ḍèwèké bali nggénḍong anak tanpa bapak. Saiki nganggur, malah dadi sanggané biyungé. Tibané ana Jakarta dadi hostess.

Kuwi mung sapérangan baé. Saka kono aku nitik, yèn urip ana Jakarta mono pancèn angèl banget. Apa manèh tumrap sing durung weruh nyatané. Mulané aku kagèt banget nalika bapaké bocah-bocah meksa ngajak pinḍah mrana.

'Panjenengan ki bingung apa piyé ta, mas? Lha sing ana kana ḍa klèlèran ngono. Kok réka-réka arep mrana ki pa nyedya dadi kéré?' ujarku protès, ora setuju marang pratikelé.

'Kuwi rak sing ra ngerti dalané ta, Nien!' kanḍané.

'Ngerti ra ngerti kuwi, sing perlu rak nyatané. Apa ta gunané pinḍah, gèk durung karuwan nyambut gawéné. Ana désa, nganggur-nganggura rak isih bisa tetandur,' wangsulanku tetep menging.

Nanging embuh, pungkasané aku sida pinḍah. Sing genah ora kok merga aku kepéncut gebyaring panguripan sing jaré luwih kepénak nyang kuṭa geḍé. Yèn aku dikon blaka, gelemku nuruti karepé kuwi rak

merga aku ngéman wutuhing bebrayanku. Wekasané, tegalan kadol, kanggo ngontrak gubug ana pinggiran. Anakku telu dak-gawa, déné sing siji diopèni embahné ana désa.

Seprêné mèh setaun aku sabrayat ngenggoni gubug cilik pinggir rèl sepur ceḍak kali. Ora ana crita seneng babar pisan. Kampungku jembreg. Sembarang sarwa larang. Banyu kudu tuku. Pakurmatan kudu tuku. Kahanan ing dalan-dalan mung nggraji ati ṭok. Sok-sok aku ngélingaké bapaké bocah-bocah, kepriyé yèn bali nyang désa baé.

'Ah, Nien, rak mung gawé isin baé no. Wis diniyati pinḍah kok bali ndésa. Iya yèn nggawa donya brana. Yèn malah luwih mlarat ngéné iki rak malah dadi keploké tangga.'

'Kanggoku luwih isin yèn jaré nyang Jakarta kok malah manggon pinggir kali. Gèk sedina mangan rong dina pasa. Luwih becik awaké ḍéwé mulih. Ora sah nggapé gunemé tangga. Panjenengan pirsani! Bayi tambah kuru, durung Titien sing pijer laranen merga hawané ora séhat. Banyu cumpèn, gubug èmpèt-èmpètan!' swaraku adreng.

Ooo wis gawang-gawang ing salumahing pangangen. Désaku kang tintrim. Banyu bening kincling-kincling ora samar kasatan. Warga kampung sing rukun. Ya kuwi kabèh kang meṣṭi dak-impèkaké ing wengi-wengi pungkasan iki.

Dak-sawang mas Has tumungkul. Aku ora bisa ngranggèh mungguh apa sing cumanṭèl ing atiné. Muga-muga baé lagi nglimbang rembugku. Aku ngerti. Ḍèwèké sawijining priya sing tegas, sanadyan kategasané sok-sok gawé mirising ati. Nanging kepriyé manèh. Aku nresnani ḍèwèké, komplit karo kekurangané dalah kaluwihané.

Sepasar suwéné aku nglentruk. Mas Has ngerti, yèn dina-dinaku sangsaya kebak peksan. Pancèn. Saben melèk, ajeg baé sing dak-rungu, dak-sawang, dak-lakoni, gemrubuging sepur nggremet, ilining kali kabotan larahan lan gubug-gubug semplah.

Sawijining soré, mas Has ngajak rembugan. Dak-tamataké, ooo, katoné cepet tuwa kepangan kahanan.

'Apa kepénaké pancèn bali nyang désa baé ya. Nanging ngentèni warasé Titien!' ujaré mantep.

Mripatku kembeng eluh. Ora muspra lèhku ndonga saben dina.

Sawisé rembug mateng, aku tata-tata arep boyongan. Kabèh wis samekta. Kari ngentèni warasé anakku ragil. Wis seminggu awaké panas. Ḍèk mau, sadurungé udan, bapaké buḍal nukokaké obat. Durung mulih. Meṣṭiné kodanan lan kebeṭeng ana dalan. Udané panggah nggrejèh. Lamat-lamat keprungu wong mlaku ing èmpèr omah ngidaki bleṭokan. Lawang diḍoḍog.

'Mas Has?' pangundangku karo menyat.
'Bukakna seḍéla!' keprungu swara nyauri, Dudu mas Has. Sawenèhing pitakon nggremeti ati.
'Nien, aku olèh welingan. Kowé dikon nyusul Has menyang apotik ceḍak kantor polisi kono!' pakoné gemrojog ing tengahing lawang. Aku njenger. Dak-sawang yu Sri, tanggaku tunggal geḍèg sing wis sumendulur. Jarité pérangan ngisor kebes.
'Lungguha sik ta, yuk. Sing ngakon sapa?' pitakonku karo ngglanḍang mlebu.
'Wis ta, susulen! Kiraku lèh nggawa ḍuwit kurang,' saurané yu Sri mrayogakaké.
Aku mikir amrih beciké.
'Ya wis, dak mrana. Entènana seḍéla! Titip Titien ya, yu. Yèn komprèsé garing, celupna manèh!' welingku karo njangkah metu.

Dalané peteng tur jemèk. Karo mlaku kuḍung plastik, aku nganyam pikir. Tumètèsé udan nggrujug sirahku. Kala-kala atiku nratab merga keplèsèt bleṭok. Urip kok kaya dongèng.

Tekan apotik sing jèjèr kantor polisi, aku manḍeg. Akèh wong rubung-rubung. Kaya-kaya dudu wong ngéyub. Karo nḍesel-nḍesel golèk dalan aku isih kober nginguk. Oh Gusti! Dak-sronḍol wong-wong kang paḍa ngrubung. Aku isih bisa ngampet sumeḍoting ati lan saḍompyokan pitakon sing nglumpruk ing ḍaḍa.
'Mas, Maaas . . . !' serak pambengokku.
Awakku sing kaḍemen nḍreḍeg nyumurupi bapaké bocah-bocah gumléṭak ing èmpèran kantor polisi. Ḍaḍané gupak bleṭok saka dlamakan-dlamakan sepatu. Rainé gubras getih. Sirahé mburi . . . oooh!

Aku njerit. Dak-rungkebi awaké sing teles. Kahanan sepi. Wong-wong njinggleng. Aku ngguguk.
'Bu, punika sinten?' dak-rungu pitakon alus.
'Punapa panjenengan garwanipun?' bacuté manèh.
Aku ndengèngèk lan manṭuk ing sela-selaning kamisesegen.
'Punika ngaten. Kala wau piyambakipun dipunwastani nyopèt arta. Déning tiyang-tiyang kaṭah lajeng dipungebugi ngantos kados ngaten. Keleresan kula sumerep, lajeng kula bekta mriki kaliyan ngrantos ambulance,' ngendikané sawijining bapak polisi njlèntrèhaké.

Mas Has nyopèt? Ah mokal! Ngayawara banget yèn ḍèwèké tumindak ala kuwi. Nyopèt? Mokal! Maling? Ngayawara! Mokal! Mokal banget! Rumangsaku wenginé tambah peteng lan sirahku abot banget. Saombyokan lintang-lintang sing soré mau ora katon, saiki ngebyuki aku. Dak-rungkebi awaké mas Has sing njejet. Saterusé aku ora éling, semaput.

Wis telung dina iki aku ana désa. Pancèn sida bali, sanadyan béda banget karo apa sing naté dak-impèkaké.

Sapérangan pancèn bener. Kaya ta banyu kincling-kincling sing agung, désaku sing tentrem lan sesawangan éndah. Saliyané kuwi wis ora ana manèh. Uripku wis diremed, dirampas lan disiya-siya kuṭa Jakarta kang jaré konḍang loma mènèhi panguripan. Kepriyé olèhku ora nggrantes, jer nyatané mas Has, bapaké anak-anakku, ya priya sing nduwèni hak marang setya lan tresnaku, wis tinggal donya amarga pandakwa sing ngayawara. Aku mung olèh ijol tembung njaluk pangapura, jer kabèh mau mung klèru alamat. Mas Has ora luput. Copèté sing temenan wis kasil kepikut. Nanging kepriyé lèhku njaluk ijol, wong sing milara mas Has sapirang-pirang.

Oh Gusti! Kuwi durung nyampurnani kabèh sangganing batinku. Anakku Titien uga kapunḍut Pangéran, bengi kuwi uga bareng karo bapaké.

Saiki aku nyoba urip ninggalaké wewayangan panguripanku biyèn nalika ana Jakarta. Uga aku nyoba ora getun, jer sadurungé tinggal donya, mas Has tansah nggèrèng-gèntèng yèn ḍèwèké kepéngin bali nyang asalé. Saiki kanyatan. Aku lila.

Astuti Wulandari S.P.
(in: Kumpulan Cerkak Pilihan 1, 1975).

99
PAHLAWAN PAPAT LIMA

getihmu wis rata
sumebar, campur krikil lan weḍi
dadi dalan kang alus lan rata

balungmu sing pengkuh
campur semèn lan beton
wis dadi geḍung-geḍung sing prakosa

dagingmu wis sumebar
kanggo mènèhi pangan
anak turunmu

suwèk-suwèkan penganggomu
sing kedlèwèran getih
wis dadi sanḍangan
sing manéka warna

génerasiku
génerasi pitu lima
sing dadi seksi
durung anané keadilan

génerasiku
génerasi pitu lima
penerusmu

berjuang demi pembangunan
ing negara ḍémokrasi iki

Kadir Wong
(in: Kumanḍang no. 17, April 1975).

100
MINGGATÉ DÈWI RASAWULAN [1]

Kepareng matur ḍumateng sedaya
kang samya mriksa [*samya mriksa*],
sadèrèngipun cinarita mangké kula waos
ingkang langkung ceṭa [*langkung ceṭa*],
mbok-bilih mangké wonten kalepatan
anggèn kawula crita [*ya lha ya*],
mbok-bilih mangké wonten lepating
tindaké kanca kula sedaya [*ya lha ya*],
kula ingkang kuwajiban nyuwunaken sih
gunging samodra pangaksama [*pangaksama*],
kula sampun nembé nampi aturipun
ingkang kagungan kersa [*kagungan kersa*],
mulai sakmangké sampèk tekané bubar wayah
jam setengah lima [*jam setengah lima*],
kadospundi sejarahé lairé Jaka Tarub
jaman ḍèk kuna [*hiyaaaa* . . . . .].

Kula niki jik laré Blitar [*laré Blitar*],
étan kulon ya lèré kiṭa [*lèré kiṭa*]
kula niki kentrung sing kanggé tulaḍan [*ya tulaḍan*],
menawi lepat nyuwun ngapura [*ngapura*].

Ora liya micara kahananing
pulo negara [*pulo negara*],

---

1 A *kentrung* story is told by a reciter seconded by one or two *panjak*. These *panjak* provide accompaniment by playing the tambourine. They also enliven the recitation by producing a sort of echo (*senggakan*) and by singing short interludes (*selingan*). Normally the *kentrung* story, which may last a whole night or even several nights, is made up of a number of *babak* or divisions. Three modes of recitation are distinguished: a) the *janturan,* which is sung; b) the *kanḍa* or narrative parts; c) the dialogues. In the following transcription the sung parts are placed in the middle of the page; the interludes are printed in italics, as also are the *senggakan,* which are given between square brackets.

sing murah sanḍang tur negara
sing murah pangan [*murah pangan*],
loh jinawé pasir wukir gemah ripah
tata raharja [*tata raharja*],
ḍasaring negara wis kenèng diarani
panjang lawan punjung [*punjung*],
panjang sing kenèng diarani dawa
punjung pancèn ḍasar wis ḍuwur [*ḍuwur*],
kaloka konḍang misuwur salumahing bumi
sakureping langit geḍéné negara
kaya-kaya bakal wis ora ènèng
sing mbanḍingi [*sing mbanḍingi*].
Ora liya micara kahanané kuṭa
negara Tuban jaman semana [*héééé* . . . . .].

Lèrèk-lèrèk janji olèh,
alon-alon kyainé ḍalang
kanḍané bèn kelakon [*kelakon*],
ya gremet-gremet
supaya bisa slamet [*slamet*],
gliyak-gliyak cara wayang
pak ḍalang sasaté ngaḍang.

Lha sinten ingkang jumeneng prabu anom
[*hé lha ya*],
ratu adil sifat langgeng tur tan kenané owah
[*tan kenané owah*],
pinter wikan putusing pambudi
sikapé weruh sadurungé barang sing teka
[*barang sing teka*],
tanduk tingkahé bèr budi bawa leksana
[*ya lha ya*],
sukak paring tetulung karo kawulané
sing nglakoni nanḍang luwih sangsara
[*pancèn nyata*],
dados pepunḍèné tiyang sakiṭa nagari Tuban
rinten ngantos dumugi penḍak ing dalu
[*ya lha ya*],
ingkang kasebat nami jejuluk sinuwun
prabu Rangga Wilatikta [*iyaaaa* . . . . .].

Cabé rawit wohé utama [*hééé lha ya*],
sanḍarané sing kayuné jati [*lha ya jati*],
ḍasar kawit ya dak-kulina [*dak-kulina*],
nyambut gawé sadina-dina [*hééé ya*].

Sinéba sekaṭahipun para prejurit
[*para prejurit*],
tri mantri lawan bupati [*bupati*],
nayaka tumenggung sampun sami ngaḍep sowan
wonten ngarsané naléndra Tuban [*Tuban*],
ananging lawasé pitung ndina pitung mbengi
sri naléndra mboten kersa paring ḍawuh [*ḍawuh*].

Ya pring enom dirujid miring,
terutusan mbèk saben désa [*lha ya*],
ya nèk pupus gantung wong paribasan [*paribasan*],
lèhé nglarak rina lan wengi.

Lha sinten ingkang prapta énggal
wonten ngarsané [*wonten ngarsané*]
naléndra Tuban semana [*ya lha ya*],
mboten sanès namung ontang-ontangé
tiyang kiṭa negari Tuban ya ḍeḍeg wengkuné
wong tanah negara Tuban [*pancèn iya*],
ingkang kasebat nami jejuluk
kyana patih Marma arané [*Marma arané*],
saplok énggal wonten ngarsané sang nata
lèh ngandika pan kadya bleḍèg sèwu
swarané patih Marma semono [*ya lha ya*],
ngandika patih Marma kagèt wong cilik-cilik,
hèh . . . . . aja kagèt
wong kaya aku sing teka [*iyaaaaa . . . . .*].

Tuku klambi aja pilih sing putih [*hé lha ya*],
lèk ditingi ya dondomana [*dondomana*],
ya lèk rabi aja milih sing sugih [*ya lha ya*],
nèk ora dadi tiwas ya diunḍamana [*iyaaaa . . . . .*].

Ngandika naléndra Tuban semana,
lho mangko-mangko kok kaya paman
patih Marma jenengsira sing sowan [*sowan*],

ora nampa tinimbalan paman patih Marma
kok sowan ing ngarsaningsun ana wigati apa
[*wigati apa*],
coba sira paman patih Marma
kowé kebat matura [*kebat matura*],
sun-miḍangetaké paman aturmu
sing luwih prasaja [*luwih prasaja*].
Kula nuwun inggih gusti,
pramila pun abdi kawula dalem
ingkang bapa patih boten nampi tinimbalan
nggih arsa sowan wonten ngarsané
nggèn gusti kula kanjeng sinuwun
[*kanjeng sinuwun*]
naléndra Tuban prabu Rangga Wilatikta,
mboten sanès ingkang kula gagas
rinten ngantos dumugi peṇḍak ing dalu
[*peṇḍak ing dalu*],
namung sanget anggèn kawula dalem mikir
tindakipun gusti kula naléndra Tuban [*Tuban*],
lha kénging menapa lawasé pitung ndina
ya pitung mbengi [*pitung mbengi*]
winancènipun siyang gusti kula
datan miyarsa ḍahar [*ḍahar*]
winancènipun dalu gusti kula
datan miyarsa saré [*saré*],
napa gusti kula mélik mboyong putri
sangking sanès negari [*sanès negari*],
napa wonten salah satunggilipun prejurit lepat
anggènipun suwita wonten ngarsané
[*wonten ngarsané*],
sumangga gusti énggal kula aturi
paring ḍawuh [*ḍawuuuuh* .....].

Ya lèk reṇḍeng akir ketiga [*ketiga*],
ya jaraké lèk nandur ning ara-ara,
napa sugeng rawuh panduka [*panduka*],
mangga pinarak ingkang sekéca.

Ngandika naléndra Tuban sinuwun
prabu Rangga Wilatikta
[*ya la ilaha rasulu'llah*]:

'Ora luput, paman patih Marma, sing kok-takokaké. Tenan-tenané sing datan tansah dadi pamikiran rina sampèk tekané penḍak wengi mèk gur banget anggonku tansah mrihatinaké minggaté putraku lanang si Jaka Said, paman.'

'O, kula nuwun inggih, gusti. Anggènipun murca bendara kula radèn mas Said wonten pundi, gusti?'

'Lha presasat weruha ora tak-pikir rina lan wengi, paman.'

'Napa wonten hal-hal ingkang mboten nocogi tumrap ḍateng badanipun radèn mas Said napa kadospundi ta, gusti, kok lajeng minggat?'

'Lho ngéné, paman patih Marma. Mèk gur seṭiṭik Jaka Said lèk nglakoni minggat, mèk gur merga tak-tari rabi.' [*Byuh!*]. Rèh déné durung tutug kekarepané bendaramu Jaka Said, mula-mulané tak-tari rabi pilih minggat timbang tak-kongkon nglakoni rabi.'

'Inggih, lajeng sakmangké kadospundi, gusti?'

'Ya wis ora dadi apa ta, paman. Déné anak minggat ya bèné. Mau Jaka Said sumbar-sumbar kenèng kanggé paribasan téga ninggal wong tuwa mbésuk ya bakal olèh wong tuwa, téga ninggal negara mbésuk ḍèwèké ya bakal nemu negara. Andèkna iki dina rayiné wadon Jaka Said ya wis geḍé, wis prawan winayah, wis kuwajiban wenang lamun ditari, paman. Lha ora liwat baé, paman patih Marma, aja wedi ngrekasa lan kangèlan, lha saiki putraku wadon waé timbalana kon sowan ing ngarsaningsun, paman.'

'Inggih, lajeng putra jengandika gusti radèn ayu sinten?'

'Putraku wadon sing tak-jenengaké kesukmaning ayu Dèwi Rasawulan, paman.'

Lha nuwun-nuwun sèwu, para rawuh, mangka kesukmaning ayu Dèwi Rasawulan niku saklumahing bumi sakkureping langit ayuné babar pisan ora ènèng sing mbanḍingi. [*Yah kok éram! Lha Nggeḍog ya pirang-pirang ngono.*] Sampun kasebat saklebeting wonten layang Ambiya ingkang amba ingkang dados gèṭèk cirining wanodya warni ingkang saé, seḍèrèk, lèk pamènipun dipuncandra jan kurang candra luwih rupa. [*Kliwat!*]

Jan wong ayu jempol kampiyun,
rambuté prenuk-prenuk ngembang bakung
[*hmmmm . . . . !*]
baṭuké nila cenḍani [*nila cenḍani*],
lèk sinomé micis kuṭah,
kupingé ngemas sinangling [*ḍuh kayaaa . . . .*],

wangi rusé nyangkal putung,
alisé nanggal sepisan,
lèk mripaté mbawang saksiyung,
lèk mripaté bojoné sing nerbang mbawang rong
mbungkul [*blalak-blalak mandar awas, kok éram!*],
lèk iḍepé mungging tawang
keḍèpé kaya dimar kanginan
[*ya la ilaha rasulu'llah*],
pipiné ndurèn sejuwing [*hmmmm . . . . . !*],
lambéné njambé selining [*biyuh!*],
waja ngrèngès ngelar kombang,
nèk ulaté segara mbalik [*biyuh! biyuh!*],
lèk gelem mèsem jik pait madu [*biyuh!*],
jangga panjang mangulan-ulan,
astané nggenḍéwa pinenṭang [*kok éram!*],
punḍaké nraju mas [*hmmmm . . . . . !*],
èpèk-èpèké ki nggagar mayang,
lèk drijiné lincip kaya pucuké eri,
nèk nggé ngasak kacang olèhé ndang okèh
[*olèh akèh nyang Bah An oké*],
dedegé ngringin sungsang,
lakuné muncang kanginan,
jan wong wédok ayu durung diséngggol cah lanang,
bangkèkané kaya tawon ḍènḍèng
[*ya la ilaha illa'llah*],
Dèwi Rasawulan jan wong ayu
[*ya la ilaha rasulu'llah*].

Kagèt tekané patih Marma sowan ḍateng raja kaputrèn. Kesukmaning Dèwi lajeng pitakèn:

'Nuwun, kok kados bendara kula kanjeng wa patih Marma ingkang rawuh ḍateng raja keputrèn, kanjeng wa.'

'Wo, inggih, radèn ayu. Pramila pun abdi kawula dalem ingkang bapa patih Marma sowan ḍateng raja keputrèn wonten ngarsanipun gusti kula radèn ayu Rasawulan ing wekdal kala sakmangké, supados gusti kula radèn ayu énggal kersaa rawuh wonten ngarsanipun gusti kula naléndra Tuban, radèn.'

'Iya ta, paman, yèn kanjeng rama kersa nimbali aku ya becik énggal tak mara, paman.' [*Tak mara, paman.*]

Lha nuwun-nuwun sèwu, seḍèrèk, kesukmaning ayu Dèwi Rasawulan dipuntimbali kanjeng rama medal sangking saklebeting raja keputrèn dipunḍèrèkaken sakaṭahipun paranyai emban lan paraméswari lir péndah mantèn binayangkaré. [*Waḍuh, kok éram, ya!*]

Seblak sinyal lémbéhané,
bar-ngabar wangi gandané,
jan wong ayu ora ènèng ciriné,
nagut-nagut gelung gonḍèlé
[*ya la ilaha rasulu'llah*],
kanjeng rama, wonten aḍawuh
[*ya la ilaha rasulu'llah*],
[*lèk njengèk-njengèk iku lho, kok éram lho!*].

'O, lha dalah, Rasawulan, Rasawulan. Mula-mulané jenengsira adoh tak-awé, ceḍak sun-raketaké, wis para wijil ing ngabyantaraningsun kéné, aja sampèk gawé kagèting jeneng para ya, Rasawulan. Sebab généya ta, Rasawulan, kowé dilamar raja sèwu negara akèh ra kok-tampa, bupati ora ènèng kok-ladèni. [*Hèh . . . . . !*] Yèn putraningsun Dèwi Rasawulan tetep ora gelem nglakoni sambut boja suwitané akrama kahanané kadipatèn Tuban kéné mbésok bakal dadi ajanging perang luwih geḍé ya, nggèr. Mangka putra nata kuwajiban menang milih. Yèn kowé gelem nglakoni rabi saiki kenèng kanggé paribasan cirak emas gaṭèng inten wong tuwamu saguh nukokaké. [*Hèh . . . . ! Manuta, nḍuk!*] Iki dina kangmasmu Jaka Said wis lunga saka tanah kadipatèn merga ora tunḍuk pimpinané wong tuwa, Rasawulan.'

'Mboten, rama! [*Mboten, rama!*] Kula yèn kèn nglampahi krama pilih mboten mawon.' [*Ya la ilaha illa'llah.*]

'Pilih mboten pilih mboten kepriyé? Kowé ki lèk ora énggal-énggal nglakoni rabi kowé wis prawan winayah kaṭik rupamu ayu. Kowé ki kapan ditakokné pemuḍa bolak-balik panggah urung saguh jé, arep nerusaké kekarepanmu. [*Hèh . . . . !*] Saben soré latarku sampèk kaya jeblog-jebloga kok, nggèr, nggèr. Bocah Ngegong ki lèk soré réné ki wis nḍak ènèk meḍoté lho, Rasawulan.' [*Yah kok éram, yuh biyuh biyuh!*] Saiki ndang lakonana tinimbang kadipatèn Tuban kisruh lho, Rasawulan.'

'Mboten, rama. [*Mboten, rama.*] Dikapak-kapakna lèk kon rabi ya panggah mboten. [*Ya la ilaha illa'llah.*] Lèk dikon rabi aku pilih lunga. [*Ya la ilaha rasulu'llah.*]

'Paman!'

'Nuwun, ḍawuh sendika, gusti.'

'Wèh, lha iki putraku wadon Dèwi Rasawulan wis tanḍa terbukti genḍu seglugu karo kangmasé Jaka Said. Buktiné tak-tari rabi pilih minggat.'

'Lha inggih kantun nyumanggakaken kersanipun gusti kula dipati Tuban. Kantun sakmangké kados . . . . .'

'Rasawulan!'

'Nuwun. Wonten ḍawuh napa kersa nimbali putra panduka kula, rama?'

'Lèk pancèn kowé ora gelem nglakoni sambut boja suwitané krama, tinimbang katon ing mripat gawé kisruhing désa kéné, kowé minggata pisan Rasawulan! [*Hèh . . . . . !*] Ayoh minggata lèk arep minggat.'

Ra seranta Rasawulan,
ḍasar bocah ayu kaṭik prawira ing jurit,
lèk wirang rasa lèk nggonḍèli,
prekara pati urip dèn-srahaké,
tunḍung minggat sampèk nḍak lunga,
sepira iba wirangé
[*ya la ilaha rasulu'llah*],
ngadeg mak nyat nḍak seranta,
Rasawulan rak minggat tenan
[*ya la ilaha rasulu'llah*],
kuḍung slénḍang bablas ngulon,
nangis turut tengahing ndalan,
Dèwi Rasawulan mlaku nangis,
mripaté pra mbrebes aé
[*ya la ilaha illa'llah*],
minggat sangka Tuban,
nututi duluré lanang
[*ya la ilaha rasulu'llah*],
mijil kang kadya ndaru,
miling lir jangkung niṣtané,
mangka minggaté Jaka Said bablas,
ngalor ngétan nglinḍung ning tengahé
alas mBintara sing luwih reja
[*ya la ilaha illa'llah*],
Dèwi Rasawulan mengulon dadi lakuné
[*ya la ilaha rasulu'llah*],
dadi séwang-séwangan karo kangmasé,

nḍak ruh jawané,
Jaka Said ngalor ngétan,
Rasawulan bablas mengulon,
[*ya la ilaha illa'llah*],
Ya la ilaha illa'llah,
ya Mokammad ya rasulu'llah.

Kentrung story *'Lairé Jaka Tarub', babak I;*
reciter: Markam (désa Jeḍing, kecamatan Sanankulon, Blitar);
performance: Geḍog (Blitar), 5 March 1977;
recording and transcription: Suripan Sadi Hutomo.

101
KAMPUNGKU

kampung kangenku
prawan sunṭi apinjung apèk banyu
bening praupan
sumeblak kaca pangangenku
yèn soré paḍang mbulan paḍa jéṭungan
nolak sarab-sawan
kang nyengkerem kapercayan
bubar panèn
yèn wengi genḍong koṭèk sesautan

kampung kangenku
gendéra musṭika
kumlébat klèbèt mitir pangrasa
prasasat kuḍupé mlaṭi
nembung tangan asih énggal bali
saka latah urbanisasi

Soekarman Sastrodiwiryo
(in: Djaka Loḍang no. 200, June 1975).

102
SRENGÉNGÉ ISIH ḌUWUR

Nalika dalané munggah, mula ḍokar ngarep kuwi dadi rinḍik. Malah kepara diarani nggramah mènèk, alon-alon. Ing kahanan ngono kuwi sepéḍaku dak-genjot dak-ceḍakaké, persis kari watara loro utawa telung mèteran.

Ḍokar kuwi ditunggangi wong lima, nem tekan kusiré. Lan sing nunggang ing sisih kiwa iki, sing bayaké enḍog asin, jarité putihan, sanḍalé putih lan slénḍangé abang lombok, kaya-kaya aku wis naté kenal.

Wong wadon kuwi isih durung mléngak. Isih répot ngeṭupyus omong karo ngarepé. Nanging, aku wis nggraita manawa wong wadon kuwi Saginah, lèḍèk Miri sing konḍang. Lan nalika dalané arep muḍun, bèl dak-unèkaké, kiraku arep nyelip; nanging Saginah ngonangi lan alok-alok:

'Mas, mas Salim! Awas ya!'

Aku kepeksa ngerim sepéḍa alon-alon. Lan nalika ing dalan kang lempar, dak-jèjèri ḍokar kuwi.

'Saka pasar pa, ḍik?'

'Allah, mbuwak tilas. Mas Salim anggep saiki, ki.'

'Lho piyé, ditakoni durung semaur kok wis nganggep-anggepna.'

'Mau, saupama ora dak-aruh-aruhi apa panjenengan kersa nyapa.'

'Aku pangling,' celaṭuku karo mèsem.

'Isih tetep.'

'Apané sing isih tetep?'

'Banyak alasan.'

Aku mèsem manèh. Aku kèlingan nalika arep uwal saka ḍèwèké, limang taun kepungkur. Lan nganti sapréné lan lagi dina iki dalan Jepon sarta désa Kemiri dak-saba manèh. Iki baé manawa ora bola-bali disurati kangmasku manawa simbokku tansah lara-laranen lan tansah nakokaké aku. Aku putra sing ruju.

'Kapan rawuhé, mas?'

'Wingi soré é, ḍik.'

'Ing endi ta saiki?'

'Ing ceḍaké ḍik Saginah ngono kok.'

Saginah gregeten, tangané kemlawé ing bangkèkanku lan aku cepet ngénḍani, minggir, nganti sepéḍaku mlebu kalèn, grobyag. Kabèh wong paḍa ngguyu ger-geran. Uga Saginah, karo bengok-bengok:
'Wong nganyelaké kok wiwit biyèn. Bèn jekenṭangan kono!'

Ora suwé sepéḍaku wis njèjèri ḍèwèké manèh.
'Piyé, mas, énak ta jekenṭangan?'
'Lha ḍik Saginah piyé? Rak ya krasa énak ta? Wong sing digolèki ya jekenṭangan kuwi kok!'
Saginah katon mendelik karo ngremes pucuké slénḍang.

Ésuk iku watara jam sanga. Srengéngé krasa semelèt, nanging nyéhataké ḍawuhé ḍokter. Dalané wis nyuwèk désa Turi, kang ing kiwatengené pageré katon putih, resik kemrisik. Maklum dina proklamasi lagi baé bubar. Sadurungé kita pisahan ing pratelon Turi Saginah takon:
'Kapan kunduré, mas?'
'Isih seminggu engkas. Simbok lara kok.'
'Mampir piyé?'
'Mas Sarkawi ing omah? Ora!'
'Ning omah ṭik ora, kan ora soal.' Saginah nyaprut lan mbacutaké:
'Kaya ora tau nglakoni, huh.' (Mèncep)

Krungu tetembungan kuwi atiku krasa keri. Tanganku ngepel lan dak-acungaké ḍèwèké. Saginah malah ngiwi-iwi karo irungé digosok bola-bali. Isin-isin.

Kita pisahan ing pratelon. Ḍokaré Saginah ngétan lan aku bablas ngulon. Tekan omah, sauwisé mènèhaké obat-obat kanggo simbok, aku lèyèh-lèyèh ing lincak ngarepan. Angin gunung, sawisé neba wiwit saka alas kidul kana, krasa sumilir, aḍem, énak. Sinambi ngrasakaké kesel lan nikmaté rokok Sukun, aku tansah mèngsam-mèngsem kélingan tetembungané Saginah 'kaya ora tau nglakoni' mau. Tetembungan iku kaya-kaya tansah ngiṭik-iṭik pikiran, lan nguḍal sakabèhing lelakon nalikané aku lan Saginah lagi paḍa senengan.

Aku wiwit ngerti Saginah nalika désa Keḍungringin, désané kancaku, ana seḍekah désa. Aku lan kanca-kanca liyané éntuk uleman. Mula dina Kemis-Legi watara jam lima aku sarombongan wis katon paḍa ngepit ḍeḍampyakan, alon-alonan sinambi geguyonan nuju ing désa Keḍungringin. Tekan gapura désa rombongan wis dipapagaké kancaku, awit lagi sapisan iki aku lan rombongan dolan mréné. Tekan ngarep carikan, rombongan diselip sepéḍa loro paḍa goncèngan lanang wadon.
'Kuwi lho, pak, lèḍèké.'

'Endi? Ngarep kuwi?'
'Ya.'
'Wah, rugi! Kok èlèk-èlèk ngono. Sapa sing golèk?'
'Ya sing njupuk kuwi. Pak Man karo pak Tra.'
'Saka endi?' Budiman nrambul takon.
'Kemiri.'
'Énak ya, wong njupuk lèḍèk kuwi. Éntuk gratisan sadurungé nggawa,' sambungé Budiman. Aku lan kanca-kanca ngguyu ger-geran.
'Yèn aku sing njupuk gratisan kuwi emoh mung sapisan, nanging pinḍo, yèn njupuk lan yèn mbalèkaké.'
'Lan nginep ya gratisan sing pungkasan.'
'Terangé lèh.'
'Kurang ajar!' Ngguyu kita tambah ramé.

Seḍekah désa mono diadani setaun sapisan, ing wulan lan dina kang paḍa. Mapag ing dina-dina iki wong-wong sadésa paḍa resik-resik jogan, pekarangan, omah lan pageré ḍéwé-ḍéwé. Sedinah rong dina sadurungé dina kang pinasṭi anané seḍekah désa, swasana désa wis katon regeng, awit saben wong ing désa kuwi paḍa gawé-gawé. Wiwit jadah, tapé, lèmpèng, krècèk, pasung, nganti tekan uduk sega lan ketan. Panganan kuwi ana sing diter-teraké ing désa sakiwa-tengené utawa ing sanak saduluré.

Ora saben désa manawa seḍekah désa lèḍèkan. Ana sing wayangan, keṭoprakan lan ana sing ora nanggap apa-apa babar pisan. Kuwi gumantung marang ḍanyangé jaréné. Ḍanyangé kuwi biyasané manggon ing senḍang utawa sumur gowak utawa liya-liyané sing dadi kapercayan wong ing désa kuwi. Lan biyasané uga ing panggonan kuwi ana kekayoné kang njalari royom lan aḍem. Ing panggonan kono diadani tayuban sadina, déné malemé ing dalemé pak lurah.

Ing latar kelurahan wis kebak wong nonton. Uga ing penḍapa kursi-kursi wis paḍa rapet dilungguhi tamu-tamu. Gamelan wis muni mau-mau. Déné aku lan kanca-kanca sarta Sardi (kancaku kuwi), aḍiké pak lurah, lungguh ing kursi nḍuwur jejagongan karo tamu-tamu saka kecamatan lan para sarékat désa. Ing méja wis kebak rerampatan.

Watara jam sepuluh tayuban kawiwitan. Pak lurah minangka sing kagungan kersa éntuk sampur kang pisanan. Genḍingé pangkur lomba, lan sing nglèrèhi para sarékat désa, sinambi keplok bebarengan. Katon regeng, gayeng.
'Pak Salim engko ngadeg lho,' celaṭuné Sardi.
'Apa? Ngadeg? Isin ah.'
'Kenapa isin?'

'Isin karo lèḍèké. Wong soré mau dak-poyoki, kok saiki aku . . .'
'Mulané. Mulané. Aja poyok-poyok, nèk nèmplok.'
'Diamput!' Kancaku dak-biṭi bauné.

Pancèn Saginah bengi kuwi katon béda karo mau soré. Embuh jalarané. Apa marga ḍaḍané kang kuning weweg iku, lan separo kabukak? Apa marga sanḍangané, utawa lampu-lampu pétromak iki? Apa ḍasar mripatku mripat lanang? Apa ḍèwèké pancèn ngecakaké sembagané, kaya crita-critané simbah biyèn? Aku ora ngerti. Sing terang acaranè pak lurah wis rampung. Lan nalika Saginah bali lungguh ing saceḍaké tukang kenḍang, mripaté kober ngrogoh atiku kang wis dak-simpen primpen ing jeron jas ireng. Aku gemes, kekelen ḍéwé.

'Piyé, pak?' celaṭuné Sardi karo nduduli bangkèkan.
'Piyé, mas?' sambungé Budiman.
'Berani berbuat harus berani tanggung jawab,' sambungé Sardi.
'Sapa sing berbuat?' pitakonku.
'Ndelengi, ḍèwèké wis siap menerkam mangsanya. Tinggal you. Okey ta?'
'Yèn okey dak-kanḍakaké mbak Mar. Terus paḍa uring-uringan. Terus mbak Mar tiba aku,' sambungé Budiman.
'Bénto kabèh!'
Kita ngguyu ger-geran.

Sabubaré gilirané pak lurah, banjur para sarékat désa, terus tamu-tamu. Lan atiku dadi ḍeg-ḍegan. Manawa njogèd aku wis bisa, awit aku lan kanca-kanca kerep latihan tetayuban ing omah. Nanging bareng tenan, kaya sing arep kelakon iki, aku lagi sapisan iki. Lan ya géné lèḍèk kuwi geḍé prabawané tumraping atiku?

Sabanjuré, aku ora bisa omong. Kringetku dlèwèran bareng pak kamituwa nibakaké sampur ing aku lan kasusul Saginah lungguh ing pangkon karo takon:
'Ngersakaken tembang napa, mas?'

Aku durung nyauri, kesaru angeting pupuné Saginah ngroyok sakabèhing rasa muḍaku. Lan kupingku nangkep swara alus ing tembang Asmaradana. Ing pungkasaning tembang iki, Saginah nanting tanganku kiwa lan takon manèh:
'Genḍing napa, mas?'

Aku durung nyauri, kesaru raméné kanca-kanca:
'Godril, godril, godril!'

Sanadyan rasané aku wis ora duwé bayu, ananging njaga jejeré kapribadèn, mula dak-kuwat-kuwataké, dak-bregas-bregasaké. Awit tumenggung Godril mono kaya-kaya wong bregas, prakasa, trengginas manawa nitik saka jogèdané.

Sampur dak-talèkaké ing bangkèkan. Aku wiwit. Sapisan, pinḍo, ping telu. Lha dalah, aku nḍepaplang ing ngarepé Saginah, tanganku kekaroné mugel sinambi pacak gulu. Rainé Saginah persis ing ngarepé raiku, watara limang sèntinan. Jogèdan saterusé iramané sangsaya rikat, lan nalika gèbès ngiwa nengen irungku kober nyamber pipiné Saginah sing tengen lan sing kiwa, gonta-ganti.

Adegan kuwi ambal-ambalan, lan nalika aku masrahaké sampur marang pak kamituwa, ambeganku ketara krenggosan.

'Wah, bakat perlu dipupuk,' celaṭuné Sardi karo ngulungaké tangané.

'Udelmu kono!' sautanku.

Watara jam telu aku lan kanca-kanca pamitan. Nanging tekan omah aku ora bisa turu. Wewayangané Saginah tansah katon wira-wiri. Sedina dak-srantèk-srantèkaké, dak-lipur-lipur, nanging ora ilang-ilang. Apa manèh kanca-kanca tansah ora kenḍat anggoné nggoḍa.

Mula ing dina Minggu dak-tlusur désa Kemiri. Dak-takok-takokaké endi omahé Saginah. Lan nalika sepéḍa ménggok régolé omah bucu, katon Saginah lagi mèpèni jarit klambi.

'Nuwun sèwu, menapa menika dalemipun mbakyu Saginah?'

'Inggih. Mangga ta pinarak.'

'Matur nuwun. Nanging rak boten klèntu ta nggih?'

'Inggih. Mangga ta pinarak.'

'Saèstu ta nggih?'

Dak-copot kacamataku, ireng, lan aku mèsem. Saginah nggabrug punḍakku sakayangé.

'Lha apa dolan ing wong èlèk?'

'Sapa kanḍa?'

'Genah awaké ngono. Biyèn, soré-soré ing Keḍungringin.'

'Biyèn rak biyèn. Ning saiki . . .'

Dak-ciwel jangguté, aku mèngsem. Samono uga Saginah. Lan . . . ing dina kuwi, soré-soré aku lagi bali. Wewayangané Saginah malah ramé ngusapi mata ing endi aku ana. Banjur aku? Malah mèlu ngrejani dalan Kemiri. Pegawéan prasasat dak-enggo sambèn. Boboté awakku malah suda. Ngerti kahanan ngéné iki, manawa baé bapak terus ngabari mas ing Jakarta. Wasanané aku diutus pinḍah baé ing Jakarta.

'Jam pira sepuré, mas?'

'Saka Cepu jam sepuluh bengi. Nanging buḍalku mengko jam papat, awit mampir ing pak-lik. Ing Saraga.'

'Ah.'

'Kena apa?'

Saginah ora mangsuli, mung ngrangkul rapet banget. Banjur paḍa

gemulung ngiwa nengen. Ranjam iki sing nepungaké sapisanan aku lan Saginah, lan uga ranjam iki kang ngrasakaké acara pisahan.
'Piyé, wis marem ta?'
'Srengéngé isih ḍuwur kok, seḍéla manèh ta, mas!'
Pipiku diambungi srikutan.
'Wis, wis ah. Mengko gedandapan lho aku.'

Saginah ora menḍa. Irungku dianggo dolanan. Dipenyèt alon-alon karo muni: 'Srengéngéné isih ḍuwur. Srengéngéné isih ḍuwur.' Lan nalika irungku krasa dipenyèt banter, tangané dak-kipataké, terus... grégah aku tangi. Astaga, Saginah wis nyengèngès ing kiwaku karo mèngsem.

'Srengéngéné isih ḍuwur, kena apa wis wungu?' pitakoné Saginah.
'Wis suwé ta, ḍik?' aku genti takon karo ucek-ucek mata.
'Uwis, mula saré manèh ta, dak-tunggoni. Srengéngéné isih ḍuwur kok.'

Aku ora mangsuli, terus mlebu omah, lan Saginah ngiṇṭil ing mburi.

Ngalimu Anna Salim
(in: Jaya Baya no. 20, January 1975).

103
MATUR NUWUN

matur nuwun priyagung
marang pawèwèhmu lan pakaryamu
supaya aku lan sumitraku
ora gorèh lan rangu-rangu
ganḍolan ana bis-bis kota
lan lèsèhan ana saraséhan-saraséhan

wis jamak lumrahé
bawoning laku iku ucapmu
yèn sliramu bisa lenggah ing sanḍingku
dak-wacakaké geguritan-geguritan biru
kang kebak pangarep-arep rakyatmu
kang paḍa lungguh siḍeku
ngantu-antu rawuhmu

matur nuwun priyagung
kang sepi ing pamrih
adoh saka sesuker lan reretu
lan bisa ngrasukaké ḍuhkitaku
ḍuhkitamu
dak-gegem kenceng tangan-tanganmu

Susilomurti
(in: Kumanḍang no. 83, June 1975).

GLOSSARY

This glossary is not intended to serve a lexicographical purpose. It is meant exclusively as an aid for the reader, who will find here those words or explanations that are not given in the Javanese dictionaries of Th. Pigeaud and E. C. Horne, or the Indonesian dictionary of J. M. Echols and H. Shadily. These words are listed here in the form in which they appear in the texts. Not given are easily recognizable loan-words, such as *sériyus* (Eng. serious), *harbort* (Eng. hardboard), *siyup* (Indon. *siap*), *sanḍaran* (Indon. *sandaran*), nor words showing such ordinary variations from the standard spelling given in the dictionaries as *sasap* (= *sasab*), *diklamuti* (= *diklamudi*), *sumpeg* (= *sumpek*), *ambegan* (= *ambekan*), *mbaludag* (= *mbludag*) or *nyrebèti* (= *nyerbèti*). Many of the words listed here are dialectical variants. In a few cases abbreviations after the words quoted refer to the specific context to which the explanation applies, namely: *Sur.* (Surabaya): pp. 311-332; *Ba.* (Banyuwangi): p. 348; *sul.* (*suluk*): pp. 217 and 225; *kent.* (*kentrung*): pp. 417-425; *poet.* (poetic language), here for modern as well as traditional poetic usage; *OJ* = Old-Javanese.

abyur: *kurang abyur* (Ba.), not very brilliant.
akor, on good terms.
aktentas, briefcase.
alus: *jan alus,* really without profit.
ambèk (Sur.) = *karo.*
amikani (poet.) = *meruhi.*
ampoh = *ampuh.*
amput: *gak amput-amputé,* very good indeed.
anggep, conceited.
angkaté (Sur.), my/your/his intention is . . .
angkring, a small primitively equipped *warung.*
anis, (see under *pawan*).
antahriksa (poet.) = *antariksa.*
apa-a (Sur.), (or) what is it?
apa-é (Sur.) = *apané.*
apé (Sur.) = *karepé.*
arcapada (poet.) = *marcapada.*
arèk (Sur.) = *bocah.*
aṭik (Sur.) = *lha kok.*
awan (sul./OJ), road.

Bah An = *babah An* (the name of a Chinese food-seller in Blitar).
bahantèn, a form of address for Chinese lower middle class men.
bakung (kent.), Crinum asiaticum L.
balap (Sur.), a kind of soup.
bana (sul.) = OJ *bāṇa, arrow* (word-value: 5).
bandar buntut, lottery agent.
banjaran sari, garland of flowers.
barèk (Sur.) = 1. *lan*; 2. *karo.*
bar-ngabar (kent.), spreading.
baṭikan, picture, image.
bebana, gift.
bebentur (Ba.) = *bintur.*
bekopon (Sur.) = *bekupon, pagupon.*
bèngsin, petrol.
beroeps, professional.
bilunglung = *bilulung.*
BKIA, Badan Kesejahteraan Ibu dan Anak.
blalak-blalak (kent.), looking about with wide open eyes.
blegdaba, sludge.
bloknot, note-pad.
blolong = *bloloken.*
bogem, fist.
brogalan, rough, uneven.
broken, broken-hearted.
brondong: *kalung brondong,* a necklace of small gold balls.
bucu: *omah bucu,* a house with a pointed roof.

bulé (Sur.) = *jebulé.*
bulus: *akal bulus* (Sur.), a cunning trick.
buntut, tail (the last digits of a lottery number).
buntutan, (playing in the) *lotré buntut.*
buta (sul.) = *buta* (N.B.: every word in this *suluk* has the value 5, a number denoting totality, supposed to ward off evil influences.
BUTSI, Badan Urusan Tenaga Kerja Sukarela Indonesia.
BUUD, Badan Usaha Unit Desa.

cacak (Sur.) = *kakang.*
cak (Sur.) = *kang.*
Cakra Kembang, Kamajaya's abode in heaven.
cekèkèr-cekèkèr, to scramble along.
celoṭèhan, prittle-prattle.
cemohé, a warm drink made of water with sugar and citronella to which are added small pieces of coconut, *tapé* and *kacang ijo.*
cenḍani: *nila cenḍani* (kent.) = *melengmeleng.*
cik (Sur.) = *saiba.*
coplok: *panggalihé coplok,* she was captivated.
cuklèk = *coklèk.*
cukong, financier (of speculative business).

dadakna (Sur.) = *(kok) ndadak.*
ḍaḍang (poet.), a nickname for girls.
dadya (poet.) = *dadi.*
dak-kèkké = *dak-wènèhaké.*
daksiya = *degsiya,* cruel.
ḍanru = *komanḍan regu.*
ḍansèk = *komanḍan sèksi.*
ḍantarès = *komanḍan pertahanan rèsor,* area defence commander.
danten = *sedaya.*
datan tansah (kent.) = *ora kenḍat tansah.*
ḍèbleng: *ḍénok-ḍèbleng,* a sweet plump girl.
ḍeg sir = *mak sir.*
delemes, (interjection expressing disapproval).
dèn ngantèn = *radèn ngantèn,* a form of address for young ladies of lower middle class.
dénya (poet.) = *olèhé.*
dèsi (poet.) = *désa.*
dicelaṭu, to be abused.
didalani = *diwènèhi dalan,* to receive guidance.
didlesepaké = *ditlesepaké.*
diéloki = *diéloni.*
dierèti = *dikerèti.*
digècèk = *digecek.*
digenju, to be punched (on the head).
diilem, to be called on.
diomat-ameti, to be rubbed repeatedly against each other (of the lips, in order to remove something).
diorat-arèt = *diorak-arik.*
diplungkeri, to be taken to bed.
dipluruti, to be rubbed.
dipreṭesi, to have it's limbs torn off.
dirjèn, director-general.
disangat = *disengiti.*
distèl, to be put on.
ditakokné = *ditakokaké.*
ditingi (kent.), to be cut out but not yet sewn (of a dress).
diujut, to be shuffled.
diwarahaké = *dicritakaké.*
dlamput = *diamput.*
Ḍoblang, a mysterious figure who in certain folk-tales rescues people in distress.
ḍongé gaé, the time when the feast is to take place.
drujug (poet.) = *dumrojog.*
ḍukurna (Sur.) = *ḍuwurna.*
dulur (sul.) = OJ *adulur,* together with.
dumadak (poet.) = *dumadakan.*
dumadya (poet.) = *dumadi.*
ḍung (Ba.) = *selaginé.*
ḍuwik (Sur.) = *ḍuwit.*

é = *waé.*
ékananda, name of a formula used to cast a spell.
èm-té-té = *maṭuk ṭok,* we are in complete agreement on that.
enat-enet, sluggish in her movements.
ènḍang-ènḍèng (Sur.) = *èmbèl-èmbèl.*
enḍog asin: *bayaké enḍog asin,* her *kebaya* was light blue (the colour of salted duck's eggs).
enggrik-enggriken, ailing.
enting-enting = *ting-ting,* a titbit made of peanuts and brown sugar.
érok-érok, a kind of fish (?).

ès-èm-a, sekolah menengah atas.
ès-èm-pé, sekolah menengah pertama.

famili, family member.
foto-toestel, camera.

G 30 S, Gerakan 30 September.
gaḍung (Ba.), a variety of turnip with a stupifying effect; its flowers are believed to be worn by nymphs who are very tempting for men.
gaé (Sur.) = 1. *gawé;* 2. *kanggo.*
gagrag, style.
gak ngono = *ora ngono,* by the way.
ga langgi = *sega langgi.*
ganḍing-ganḍing, thorough (of planning).
ganḍolan = *ganḍulan.*
garislana (poet.) = *garis lelana.*
garitan: *dalan garitan,* path.
gati (sul./OJ), state, condition; also a *Kawi* variant for *tata* (word-value: 5).
gayur, lying down in a shapeless bundle.
gazz, a large type of Landrover.
gedugaa = *upama bisa.*
geduweg, plop! bounce!
gendam genḍis (Ba.), a formula for casting a love charm.
genḍu seglugu (kent.), sharing each other's conviction.
genṭawil = *gentéyong.*
genṭéyotan = *benḍéyotan.*
gesong = *song.*
gèṭèk (kent.), criterion.
gimbluk = *gémblok, gamblok.*
gluḍag-gluḍug, beating hard, thumping.
GOLKAR, Golongan Karya.
gowak: *sumur gowak,* a well not lined with stone, wood or bamboo.
gulung (Ba.) = *lung.*

HANSIP, Pertahanan Sipil.
harya = *arya.*
HB, Hamengku Buwana.
hèmd, shirt.
hipis, hippy.
hiyoh = *iyuh.*
Hizbu'llah, God's Troops.
honda, a Honda motorcycle (prize in *lotré buntut*).
Hosokyoku, [Japanese] Broadcasting System.
ilat-ilatan, fringe hanging down in pointed 'tongues'.
ilu-ilu = *ila-ila.*
impeg-impeg, short and very fat.
indriyaksa, a contraction of *indriya* (OJ), organ of sense (word-value: 5), and *yaksa,* demon (word-value: 5).
info, information.
intèl, intelligence service.
ipyak-ipyik, to splash.
isin-isin, to make someone feel embarrassed.
isok = *bisa.*

jablas = gamblang.
Jagad Siwi = *Jagad Nata.*
jajanan, periodic repayment on debt to moneylender.
jawa, good manners.
jeg-jegan, continuous.
jèg-jègan, to behave in a wanton and disorderly way.
jekenṭangan, to fall on one's back.
Jemoh = *Jemuwah.*
jeneng para (kent.) = *jeneng sira,* you.
jreḍul = *jumeḍul.*
jumeḍor = *njeḍur.*

ka = 1. *saka*; 2. *teka*; *3. menyang*; 4. *kaya.*
kakèkan, old man (here: the boss).
kalana (poet.), a wandering knight.
kaliyan pun J.T. = *déning pun J.T.*
kalong, down (fine short hair).
kaluk (Sur.) = *yèn.*
kanḍangan, enclosed place for sitting together.
kandreman, sticking/staying on.
Kansas, (a brand of cigarettes).
kanyatan yèn = Indon. *ternyata bahwa.*
kapanggih ing ika (sul.), a corruption of OJ *kapanggih irikang tegal,* (they) met in the field.
karakterfilm, character film.
karang wit alit = *lha wong ya wiwit cilik.*
karma, effect.
kasat = *kasatmata.*
kasèt, cassette.
katemahan = *temahan.*
katyasan = *kadigdayan.*
kaya anak pira lèh, as if I had so many children (i.e. since I have only one

child).
ké = *kaé.*
-ké, variant of suffix *-aké* in Central Jav. colloquial.
keblambangan, flooded.
kecangkeman, to let angry words slip.
keblanjur, to go too far (in speaking).
kecak: *tari kecak,* the 'monkey dance'.
kejaba ring (Ba.) = *sajabaning.*
kèkèk (Sur.) = *kikik.*
kembang: *Kresna Kembang,* Kresna when he was still an attractive young man (Kresna in his 'Narayana'-years).
kembang abang (Ba.) = *kembang sepatu.*
kemloprah, posing as open-handed.
-ken (poet.), variant of suffix *-aken.*
kenceng, lying lengthwise.
kenèk: *gak kenèkan* (Sur.), saying '*ora kena*' to every proposition.
Kènpeitai, Japanese political police (during World War II).
kepanggya (poet.) = *kepanggiha.*
kepilut-pulutan, caught with bird-lime.
kersa: *ingkang kagungan kersa* (kent.) = *sing duwé kajat* (i.e. the host).
kerṭil-kerṭil, to twinkle.
kertip = *kertèp.*
kesara-sara, pursued by bad luck.
kesukmaning (kent.) = *kusumaning.*
ketampuhan = *ketampon.*
kétang: *ora kétang,* even though it is . . .
ketantingan, in a nervous hurry.
keṭayalan, taking great pains.
kiḍang, variant of *kiḍung.*
kik = *ḍisik.*
klawan: *ora klawan-klawan,* matchless.
kléṭong = *tléṭong.*
klumbruk (Sur.) = *klumpruk.*
kluncing = *ining* = *klonèng,* triangle.
kluwak-kluwuk (Sur.), to sing in an unmelodious way.
kon (Sur.) = *kowé.*
kongkirènan, competition.
kongkrus, contest.
konyar-kanyur, standing upright in an ill-mannered attitude.
korèk: *sambel korèk,* ground chili pepper with some salt.
KORÈM, komanḍan rèsor militèr, military area commander.
kosreg, in a state of nervousness.
krèmpèng, floppy.
krempyeng, without much ado.
kreteg kèwèk, the railway bridge across the Kali Coḍé near the Kota Baru church in Yogyakarta.
kundur = *kondur.*
kusem, paintless.

ladakan, liable to explode (bad temper).
lagya (poet.) = *lagi.*
lak (Sur.) = *rak.*
latah (poet.) = *tlatah.*
lèh = *lho.*
lèh: *terangé lèh* = *terangé ta.*
lèh didol = *olèh didol* (*ora mokal yèn didol*).
Lèk = *Talèḍèk.*
lèk (kent.) = *nèk.*
lempung: *sepur lempung* = *sepur ṭruṭuk* (so called because its floor was covered with mud from people's feet).
lengleng (sul.), here for OJ *lengeng,* lovely, charming.
liring wirama, the sway of the rhythm.
loléhééé, exaggerated form of *lolé* = *lho ṭolé.*
lomba = *lamba,* unadorned, ordinary.
long (poet.) = *kolong.*
LP3, Lembaga Pertanian 3.
lulut (poet.) = *tresna, asih.*
lumet, thoroughly.
lumrang = *anjrah.*

makmurna (Sur.) = *makmuraké.*
maluyèng (poet.) = *maluya ing.*
mamayu (poet.) = *agawé becik.*
manawa baé = *mbokmanawa baé.*
mangko-mangko (kent.) = *mengko-mengko.*
manti-manti, to warn repeatedly.
mardawa = *ngelus.*
markis, a marquise ring.
masé = *mas* (vocative).
mayun (Ba.), rocking, swaying.
mayur (poet.) = *mayor.*
mbèk (Sur.) = *karo.*
mbèk (kent.) = *mèh.*
mbentoyot, chockfull and heavy.
mbik = *mbèk* = *karo.*
mblakrak (Sur.), to joke.
mblesat (Sur.), dislocated.
mbuwak = *mbuwang.*
mbyantu (poet.) = *mbiyantu.*
meḍag, to be left untouched.

meḍongkrong = *meṭongkrong.*
meḍuné = *sing mbawahi.*
mèk gur (kent.) = (*ora liya*) *mung.*
meli (Balinese), to buy.
melih = *malih.*
mèn = *main.*
mencirat (Ba.) = *njiret.*
mèngsem = *mèsem.*
menir: *embokné menir,* whole (unbroken) rice.
mèn napa nḍak = *main apa ora.*
mèn rugi = *main rugi.*
menṭit, straight on.
micis kuṭah (kent.), like dimes being poured out.
miḍat-miḍut, swinging one's hips.
mini, minimal.
Miri = *Kemiri* (name of a village).
Miri Jepon, (name of a village).
mitir (poet.) = *kumitir.*
miyarsa: *datan miyarsa ḍahar* (kent.) = *datan arsa ḍahar.*
mlangkah = *nglangkahi.*
mléngak = *méngo.*
mlopog, open-handed, liberal.
mlunṭuh, intact, untouched.
MN, Mangku Negara.
mocap = *ngucap.*
monyor = *glombyor.*
mrih (poet.) = *amrih.*
mugel = *ukel-ukel,* to make symmetric coiling or curling movements with the hands in (Jav.) dancing.
murbèng (poet.) = *murba ing.*
murca (kent.) = *ilang, oncat.*
musibah = *musibat.*
mutu = *duwé putu.*
myarsa (poet.) = *miyarsa.*

-na, equivalent of suffix *-aké* in the dialect of Surabaya.
naambord, name-plate.
nagut-nagut (kent.), dangling.
nalo, (the first prize in) the National Lottery.
nḍèḍèsi (Sur.) = *nḍiḍisi.*
nḍil = *ṭil.*
nḍobrag, to rebuke.
-né, a variant of the suffix *-aké/aken* in some East Jav. dialects.
neḍa nrima = *matur nuwun.*
nèh, isn't it?
nenggih (poet.) = *ya*(*-iku*).
nèng ngapa = *kena apa.*
nentarani = *kaya tentara.*
ngaḍoptasi, to adopt.
ngalamun, day-dreaming.
nganggep-anggepna, to consider (someone) conceited.
ngaplah-aplah, lying on one's back with arms and legs apart.
ngarepaku = *ngarepku.*
ngarsu (poet.) = *ngarsa.*
ngasak (kent.), to rake (peanuts) from the earth.
Ngastina =*Hastinapura.*
ngaurip, of life, in life.
ngebakan, a flat wooden receptacle.
ngecuprus = *ngecoprès.*
ngeḍipis, huddled up because of cold.
Ngegong (kent.), name of village near Geḍog.
ngelar kombang (kent.), (black) as the wings of the bumble-bee.
ngéné ki ènèk sing nyilèhi ngono, should there this very moment be someone who could lend me money.
ngentiyog, to stride with heavy steps.
ngenyèk, sarcastic.
ngepasi = *mbeneri.*
ngeṭuprus = *ngecoprès.*
ngeṭupyus = *ngecoprès.*
ngganḍolné = *ngganḍulaké,* to give a lift on the carrier of one's bicycle.
nggarahi = *marahi.*
nggawé (Sur.) = *nganggo.*
nggel = *jempol.*
nggramah, to creep.
ngilokna (Sur.) = *ngelokaké.*
ngipuk-ipuk = *ngepuk-epuk.*
ngiṭit, to draw (a card) slowly from a heap.
ngiyup = *ngéyup.*
nglamun (Sur.), day-dreaming.
nglarak (kent.), dragging (here used to suggest *blarak*).
nglémot, plump.
nglèrèhi, to restrain, to keep under control.
ngliṭis (poet.), to have in one's grip.
ngono: *aku ngono* = *aku mono.*
ngono-ngono kuwi, such things, that kind of things.
ngramé = *ing dunya ramé.*
ngrantos, to wait for.
ngréma, solo performance by male *jogèd*

dancer preceding a *ludrug* performance (rather similar in style to *beḍaya* dance).
ngremes = *ngremed.*
ngrontak, to rebel.
nguḍamana, to reproach.
nguwasi, to stare at.
nikèng (sul.), for OJ. *niking,* of this.
nindakna = *nindakaké.*
ningkang (sul.), for OJ *nikang,* of the.
NIROM, Nederlands-Indische Radio Omroep (Dutch East Indies Broadcasting System).
niyatingsun, having the unyielding intention to . . .
njambé (kent.) = *kaya jambé.*
njejegné = *njejegaké.*
njuwer, to gape at.
nlusuri, to make one's way slowly along (a road).
nok-nik = *ḍeg-ḍegan.*
nok-nok-non = *nuwun nuwun.*
nok-non = *nuwun.*
nrumbul, to join in.
numbasné = *numbasaken.*
nyahantèn = *nyonyah-antèn,* madam.
nyangapa = *kenèng apa.*
nyaprut, to pout.
nyaut, to retort.
nyelip, to overtake.
nyèprès, slightly protruding.
nyéṭak, to shape, to mould.
nyiḍeka (Sur.) = *nyeḍaka.*
nyikat, to rake or sweep in.
nylekenṭik = *nyekenṭing.*
nyuwèk, to cut in two halves.

obyèkan, (to carry on) activities for additional income.
onḍokan, heap, pile.
oukih = *okèh.*

PA, Paku Alam.
paḍané (Sur.) = *paḍa déné.*
pakaryanirèki (poet.) = *pakaryané iki.*
pamènipun (kent.) = *upaminipun.*
panèn: *ora panèn,* not yielding a crop (for one's personal benefit).
pangijih, disgust.
Panji Klanṭung, tamatan sekolah sing ora olèh pegawéan.
papak: *aja papak* (Sur.) = *aja manèh.*
paraga, actor, performer (person giving a show).
patembangna (Sur.) = *tembangna.*
paṭet: *tanpa paṭet,* without a *suluk.*
patunggonana (Sur.) = *tunggonana.*
pawan-pawan anis, a pun suggesting: *prawan-prawan manis.*
pawèstrèn, a male actor playing a female part.
pawongan, person.
PB, Paku Buwana.
P dan K, Pendidikan dan Kebudayaan.
pé-èf, congratulations.
pena (Sur.) = *sampéyan.*
penḍit (Ba.) = *kenḍit.*
pèngetan, celebration.
penguneg-uneg, sentiment.
pening: *Rawa Pening,* name of a marsh on the plain of Ambarawa.
pepeṭok, wedge.
Pertamina, National Indonesian Oil Company.
pinangguh (poet.) = *pinanggih.*
pinḍang, a kind of salted fish.
pisan gawé, one might just as well at once . . .
pisanan: first.
plecon, silly, nonsensical.
ponḍasi, foundations.
portir, doorkeeper who checks the tickets.
prabawa / perbawa, charisma.
prakasa = Indon. *perkasa.*
praptèng (poet.) = *prapta ing.*
prayaan, celebration.
precang-precing, showing an unfriendly disposition.
prenṭel, clot.
prenuk-prenuk (kent.), wavy.
presasat (kent.), *saupamané.*
pujangkara, contraction of *puja-angkara,* whose worship is ardent.
punten, a rice dish with *santen.*

raḍam: *studio raḍam,* laboratory for practical work on telecommunications.
raksaka, acting as guardian or protector.
rantos, to wait.
rarasmara, to make love.
rasakna (Sur.), let alone.
rasikan, a sort of cake.
Réalino, name of the building in which the I.K.I.P. Sanata Darma is housed.
rèk (Sur.) = *cah* (*bocah*).
relèks, relaxed.

religie, religion.
rempela: *segara rempela,* a metaphor expressing: a sea of varying emotions.
rerambatan, seeking (the) support (of a wall).
résḍèn (poet.) = *résiḍèn.*
ringkèr, weak.
rit: *gelang rit,* a thin bracelet looking like a string of tiny balls.
rolèt, roulette.

saba (sul.) = OJ *sabhā,* hall.
sagulung (Ba.), one coiling shoot (with *gaḍung* flowers); lovers embracing each other are sometimes compared to 'entwined *lung gaḍung*'.
sah: *gak sah / ora sah* = *ora susah.*
sakayah-kayahé (Sur.) = *sakuwat-kuwaté.*
sak-bajeg = *sadabreg.*
sakelek, business-like.
sakna (Sur.) = *mesakaké.*
sak-porsi, per portion, per helping.
sak-segé, wherever and in whatever way it happens to come down.
salé = *angsalé.*
salébrang (Ba.) (falling down) with a thud.
salérégan (Ba.), with a jerk.
samadya = *setengah.*
samya (poet.) = *sami.*
sapara-para = *saparan-paran.*
saparti (sul.) = *kados.*
sara (poet.) = *sangsara.*
sasasinan, approximately one month.
satijn, satin.
saut: *nyaut,* to retort.
sautan, sharp reply.
SḌ, Sekolah Ḍasar.
sé (Sur.) = *si* (interjection).
seblak sinyal (kent.), (like) the jerking up of a railway signal.
seblang, girl dancer in trance.
seg narayanané, in his early manhood when he was still in his Narayana-years.
sejuwing (kent.) = *sejuring.*
sekawit (Sur.) = *wiwit.*
selot-seloté, eventually (as a final result, in the end).
semapta = *samapta.*
semat, money, piastres.
semaut, to answer bluntly.
sembaga = *su(m)baga,* possessing the power to allure or fascinate.
sembarangé = *samubarangé.*
senggakan, antiphon, response, echo.
sepéḍah jèngki, a bicycle with a double sloping bar.
seselana, give her (some money)!
setanplat, bus-station.
S.G.L., Sekolah Guru Laki-laki.
SH, sarjana hukum.
Si: kantor Si, Municipality.
sigar enḍog, oval.
sik (Sur.) = *isih.*
simking, brand of bicycle sold on local market.
simpen nèk simpena, let alone saving.
sindiran, feast.
si(ning) (poet.) = *isi(ning).*
sip, safe.
slordeh, sloven.
sombat-sèmbèt, to lament.
sombyang-sombyang (poet.) = *sombèng-sombèng.*
SPMA, Sekolah Pertanian Menengah Atas.
srat sret, (onomatopoeic word for) writing.
stèl, set.
sugèsti, idea, suggestion.
suk = *mbésuk.*
sumadya, to be prepared or willing to.
sumbal = *subal.*
sumendulur, being like a brother (or sister).
sumrepet, giddy.
sun-barisna (Ba.) = *dak-barisaké.*
sunduk, to string (tobacco leaves).
sungkawèng (poet.) = *sungkawa ing.*

tah (Sur.) = *ta.*
tak-akalna (Sur.), I shall find a means.
tak-carakna (Sur.), I shall find a way.
tala (sul.), a *Kawi* variant for: *tiwas, asor.*
tampuh = *tampu.*
tarapen, apply yourself to it.
tarèt = *Torèt.*
tegal (sul./OJ), field.
tekèng (sul./OJ) = *teka ing.*
telasné = *telasaké.*
tèlèk (Sur.) = *golèk.*
temlawung, gloomy.
tèmplèk: *pasar tèmplèk,* a market by the

side of the road.
teng = *ten* (*Madya* for: *wonten*).
tèngki, tank.
teras = *terus.*
terutusan (kent.), going from place to place.
tewakup = *tuwakup.*
tinerangna (poet.) = *tinerangaken.*
tingwé = *linting ḍéwé.*
tinimbalan (kent.) = *timbalan.*
tipet = *tipak.*
ṭiṭi-glaṭi! watch your step!
titi-wanci = *titi mangsa.*
tokké = *wetokaké.*
tonikem, tonic.
towak = *tuwak.*
trap, stairs, steps.
tumelung = *tumlawung / tumlawong.*
tumibèng (poet.) = *tumiba ing.*
ṭuyul = *sétan ingon-ingon.*

uceng, 1. head of a ḍukuh; 2. village official in charge of irrigation.
udayana (or: *udyana*) = *taman* (here used for the periodical).
ujar: *gak ujar gak kaul* (Sur.), in all truth (when making a vow).
umyeg = *umreg, upyek.*
uneg-uneg, what is weighing on one's mind.
ungket-ungket, to stir.
uṭes / uṭis, cigarette stub.

wajik abang, a red diamond-shaped sticker.
wanci: *kanggo wanci* (poet.), for later on.
waṭah-ṭah-ṭah (Sur.) = *waṭah-ṭiṭah.*
watas (poet.) = *wates.*
wéné = *suwéné.*
winancènipun (kent.) = *wanci(nipun).*
winayah (kent.), for whom the time (to marry) has come.
wiraswara, vocalist.
wisaya (sul.) = OJ *wiṣaya*: object of the senses (word-value: 5).
wonten ḍawuh = *wonten ḍawuh punapa,* what does Your Highness order?

ya-apa (Sur.) = *kaya apa, kepriyé.*
Yamaha bèbèk, Yamaha motor-scooter with protective shields for the legs.
yang-yangan, to behave like a pair of young lovers.
yareg, to have a birthday.
yem (poet.) = *ayem.*
yènna (poet.) = *yèn ta.*
yoh = *ayo.*
yok = *ya.*
yu (poet.) = *ayu.*
yuḍisium, result of examination.
yuk = 1. *ayo*; 2. *mbakyu.*